ШАЎДЫРБАЙ СЕЙИТОВ

# ХАЛҚАБАД

*РОМАН*

Биринши китап

*ШАР БУЗЫЎ*

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС — 1977

КК 2
С.68.

3703040100
М-357 (06) -77

Поэзиялық, прозалық шығармалары менен журтшылыққа кеңнен мәлим, талантлы жазыўшы Шаўдырбай Сейитов „Халқабад“ романының биринши китабында қарақалпақ аўылының 1928 — 30-жыллардағы уллы бурылыс дәўирине тийисли қыян-кести аўқыяларды сөз етеди. Класслық қырқыс, жекке меншиклик сана менен жәмийетлик сананың арпалысы романды драматизм, психологизмге байытып, оқыўшыны жалықтырмайды.

*На каракалпакском языке*

**Шаудырбай Сеитов**

ХАЛКАБАД

(Роман)

*Книга первая*

*Первый след*

Издательство „Каракалпакстан“
Нукус — 1977

Редактор *М. Қайпов.* Художник *Қ. Нажимов.*
Тех. редактор *Ж Досжанова.* Корректор *Д. Асқарова.*

ИБ № 243

Териўге берилген ўақыты 24/VI-1977-ж. Басыўға русхат етилген ўақыты 1/XII—1977-ж. Қағаз форматы 84×108 1/32. Көлеми 10,125 баспа табақ, 17,01 шәртли баспа табақ, 17,41 есап баспа табақ. Тиражы 7000. РК 32257. Баҳасы 1 м. 30 т.

„Қарақалпақстан“ баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Самарқанд областьлық баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының М. В. Морозов атындағы баспаханасында терилип басылды. Заказ № 4450.

© „Қарақалпақстан“ баспасы, 1977

*Талай-талай түнлерде әпсана етип өзиң айтқан әңгимелерге қосқаным да, алғаным да аз. Усы бир арзымаған мийнетим жалғызыңнан өзиңе ядыгарлық болсын, ана жан!..*

***Қулының***

## 1

Тусынан өтип баратырған ат туяғының дүрсилин еситиўин еситсе де, ериндиме, я таныды ма, ғарры көпек боян гүдиден жылысып түсе қоймады, деген менен, ийт ийтлигин етип: „ўәҳ-ўәҳ...“ деп, бир-еки үрди де тумсығын бурып екелип, тағы бүйирине тықты.

Түнги жолаўшы өзине таныс Сыдық молланың үйиниң тусынан алағадасыз өтти де, Мәдиярдикине суқланып қарады: „Өзи Шымбайда, бул ким, түн жарпында шыра жағып...“

Мәдияр менен Толыбай тасмаңлайдың жайының арасын „Туўбай жап“ бөлип тур. Қоңысы менен бажалақласа қойса Айханның ашшы даўысы Мәдиярдикине еркин жете береди. Толыбайдикине төте жол бар едидағы, оннан кеткенде атлы қашшан жететуғын да еди. Бирақ, ол соқпақ Қудайберген шундыйдың иргесин ат туяғына қарпытып өтеди. „Па-ай, яман адам-әә! „Кеңестиң ийти!“ деп сөксең де: „Ҳә, Кеңести оннан ҳәм жақсы қорыйман...“ деп мардыяды-аў! Үйиң жаңғырдың уйқысы да жоқ! Биймезгил ат туяғы дүбирлесе басқаны серлемесе де Толыбайдикине баратырғанды бир еглейди, оннан соң, жылың бузаўбас! ГПУ[1] сыз-ақ кә-

---

[1] ГПУ—Государственное политическое управление,—Мәмлекетлик сиясий басқарма.

ринди ислейди! Па-ай, ийт болғанда да ийт-ә, қорығаны—ҳүкүўмет! Бизиң көпеклер де усындай болғанда ма!...“ деди ишинен, гүрсинип.

„Әне, анаў тәрептеги—Назарбайдики. Кеңес келип, қорасында ешки қумалақлағалы буннан да уйқы қашқан. Қаншығы үрсе, тамам, „ешки кетти!“ деп, Базардың бөксесинен түртедидағы, ояныўына да қарамастан әтөшкир. я гиркирениң тартқышын суўырып алып, жалаң пут жуўырады-ә далаға! Исламның мәпине усындай етип жуўырғанда!... Буның ғой, қолынан ҳеш нәрсе келмейди, хүкүўметке де жағып жүрген жоқ, бирақ, найсаптың шаўқымы жаман, „жыңғыл“ десен, „қырғын“ дейди, қорығаны „гөне кесеги“, симсик, түфиў!...“

Тағы ким бар, бәрин биледи. Хеш қайсысы менен табақлас болмаса да, көрмесе де, ким қандай, не қыялда, кимнен қандай қатер бар, қайсы үйде қандай жаў-жарақ тур, бәри аян оған, бәрин билип алған...

„Түн жарпында ким аңлыйды, аўлағында жүрегин бир жарайын-шы!“ Қыялы—усы. Әдетине гөре атты да қулағырға байламады, есиктиң алдына қантарды да нәҳән қараман дәрўазаны ийтерди. Өзинен өзи күлди. Өзи „дүньядағы ең қорқақ адам“ деп санаған Толыбайдын дәрўазасын күнниң қызылы батар-батбастанақ тасқамал етип, тәмбилеп таслайтуғынын биле тура ийтерип көргенине күлди. „Сырттан қарағанға мәртсинип, мәрдана мардыяды-ә, маңлайыңның ..—ден сөкти ишинен Толыбайды.—Сырты жылтырап, иши қалтырап турғанын билмейди деймекен!.. “

Сонша нәрсени билген бул жолаўшы өзине усындай симилтирлер көп қайыр беретуғынын неге билмесин! „Тез-тезден сергитип турмасаң, ҳаддинен асады булар, аўып кетеди бул қыйлылары! Бәри өзиниң пайдасы екенин түсинсе, бул гешшелер!...“ деген қыял өтти.

„Мусылманлар мәмлекети... Ислам байрағына жети ықлымның кәлиймагөй бенделерин жәмлеп, умуўмый мусылманлардың балшойсыз, орыссыз ҳүкүўметин дүзиў...“ пикири тириектиң ийисиндей тырнағына шекем жайлап кеткен буның,—усы нийетине өлгейлиден садық, бул ис ушын киси түўе өзиниң өлимин де шыбын шелли көрмейтуғын Избасқанның сырт пишими мүсәпир, мөҳмин, ғәрипке усағаны менен адамға питпеген

шаққанлық, мергенлик, жаўызлығы бар, нағыз жүрек жутқан жалмаўыз еди. Жайға өрмелеў ушын оған тек мүйеш болса, болғаны, зәңгиниң ҳәжети жоқ, бул — оның өзинен басқа ҳеш ким билмейтуғын қасийети. Бөренге өрмелеп сым қырқыў дегениң усыннан келген әламат екенин қара пухара түўе ГПУдағылар ойлады ма сирә!...

Ҳәўлинин күн батар арқа мүйешине келди де пақсаны көз бенен шенеў ушын аспанға қарай бергени, симилтир бир жулдыз сызылып өтти.

„Жулдызым жоқары, жулдызым жоқары!...“ Гүңгараға алмагезек урылған сайын еки пышақтың жүзинде де толған ай сәўлеси жылтылдап, ақыры ақ пақсаға қара қус қонғандай болды. Түнниң буншелли суўық екенлигин пышақтың биреўин қонышқа, биреўин қосбаўға тығып атырып билди. Азмаз еңгигин басты, соң, паяпылдан жүргендей емес, қара жерди қайрап басқандай дийўалдың үстинен әйўанның түңлигине ийек тиреген зәңгиге қарай мардана кетти.

Мине, мынаў әйўанның қақ ортасындағы түңлик, төрт қулашлық нәҳән зәңги, уша басы жазында шық, қысында қарға көмилип, пасылдың төртеўинде тарбыйып турғаны, турған.

Избасқан урланып емес, үйдин ийесиндей пәраўан, зиңқ-зиңқ басып, төмен түсти. Әйўанға қарата қазан жай, бала-шағаның жайы, қонақ жай қусаған бир нешше қапы ашылады. Тас-түнек болмақ түўе, көзин байлап жиберсең де Толбайдың жатырған жайын табады, ол Айханның бөректей томпайып қазанхананың мүйешинде, иниси Көлибай менен баласы Елибайдың анаў жайда жататуғыны да оған мәлим, ҳәтте, жалғыз малайы Жақанды жақында бөлек шығарып жибергенин де жақсы ғана биледи.

Избасқан ешек пешти жағалап барып, қурылдының тас төбесинде зиңирейди. Бәленттеги айнадан қыя түскен ай нуры сүйеги лапсып, көрпесин серпип таслап жатырған Толыбайдың ақ көйлек-дамбалы түўе қара тақыясын да ағараңлатып көрсетти. Нийети көзиниң отын алып қойыў болған соң, шайқап оятыў ойына да келмеди. Муздай қасаң геўишли аяғын Толыбайдың жалаңаш егине қойса да, өзи ойлағандай апалақлап оянбады, жүреги де жарылмады. Дәслеп қурылдысын пысылдыға, соң пысылдысын үнсизликке айнал-

дырып, әлле бир нәрсеге тың тыңлап атырғандай тым-тырыс бола қалғанлығы соншелли, дем алып-алмай атырғанлығын билиўдиң өзи мүшкил еди, қәпелимде Избасқанның аяғын қағып жиберип өрре турды. „Өзиңди бас, өзиңди!..." Избасқан Толыбайдың орынсыз аналақлап, бала-шағаны оятып алыўынан, шаўқымнан қорқты. „Мәзи... сынап көрип атырман," деди әбден тынышландырмақ ушын.

Көкирегине түпиринип, еле өзин баса алмай атыр еди, ийегинен услап, шалыўға қолайлағандай, еңсесинен нуқып отырғызды.

Толыбайдың аман-есенлик сорасқанына „шүкир" де демеди. „Ис шығып қалды," деп, гәпин шорта бөлди. Толыбай: „не ис" деп сорамады, қалдаўрап: „шыраны жағайын," деп, өңменин көтере бергенде: „кереги жоқ,—деп, тағы еңсесинен нуқып отырғызды.—Билмеймисен соны, журтың анлығаны сениң айнаң, биймезгил шыра жанса, „ойласық баратыр." деседи журт. Қараңғыға да үйренисе бермек керек, домзак[1] буннан да қараңғы," деди гәпиниң изин лийкинлилеў етип. Еле өзине келип жалшымаған Толыбайдың бул гәптен астар излегендей шамасы жоқ еди. Хәршеңки жағдайға қолайласып, қашыўға да, қорғаныўға да бейимирек, сағырақ отырдыдағы: „неге ескертпей келди екен, сум қыял жоқ па!" деген ойы бурынғыдан да қобалжытып, үркек нәзер таслап, үрейлене қулақ түрди.

Бул, өзи, ата тегинде байлық болмаған, жигирмалаған жыл арыда наны қалыңыған таза бай еди. Хәр нәрсеге бир нәрсе себеп. Орынборға байлардың кәрўанын таргып жүргенинде өжет бир Әзербайжан менен жүз теңгеге бәсекелесипти. Әзербайжанға қызық, талапкерге теңге керек. „Кимде ким мынаў май қабақты маңлайына урып сындырса, жүз теңге алады, сындыра алмаса, бизиң жүн артқан кәрўанды Красноводскийге апарысып қайтады, қәне, ким қайыл!" депти шарапқа мәсирип отырып. Теңгени санап алдына қойған соң, бир-еки талапкер жутыныпты да тәўекел ете алматпы. „Мен сындыраман" депти биреў, Толыбай жақынлаў екен, „қалай қақшып алғанымды билмеймен, қарасам, қабақ қолымда тур, „бүйтип жүргенше я байыйын, я өлейин", деген ашыў менен маңлайыма былыш еттир-

---

[1] *Домзак*—дом заключенных—қамақхана.

геним, я қабақ жарықпеди, я қудай абырай берди ме, пашақ-пашақ болып бузылды. Әне, сол жүз манат жуқты бизге, әдеп, тери-терсек алып саттым, соң-соң бир-еки үйге жеткенде үйшиге үй соқтырып, тарттым-аў қазақ арасына! Оларда жүн болғаны менен жәнеўит жоқ. Үйлерди пуллап, Орынбордан былғары алып қайттым. Бизиң қолды ғарғаның „ҳалаллаўы“ соннан басланды, нан таппай жүргенлер „Тасмаңлай“ десе дей берсин, журт не демейди!...“

Дүньяға тойым бар ма, бирин еки, екисин үш, жылқыны үйирлемесе де берирек етип, қара мал, қой-жанлықтың санын пәленге жеткергенде Шымбайлы Балтамурат шарбақшы, Әмет шайтаншылап бир „заўыт“, „заўыт“ болғанда да былғары „заўыт“ салып алыўды әрман етип ғарежет жыйнап, оер-буерден дәреклесип, ишинен, орынын да қолайлап жүр еди. „Үйдеги саўданы базардағы нырық бузып,“ заман алай-түлей болдыдағы, Толыбайдың толысын шайқап-шайқап есабынан ғабырыстырып жиберди. Ғабырыстырғаны сол, яўмыт шапты, жаў шапқан ел оңа ма, лийкин, онда да үмит үзилмеди... „Қара орыс деген киятыр, сол қара орысты көргенде сары орысты жаным дерсең, байларды тып-тықыр етип, жарлыға жел береди, жарлылар бай, байлар жарлы бола жақ, Мақтымқулы Мағрыптың: „Аяқлар бас, баслар аяқ“ болатуғын ақыйыры жаңа келди. Малыңды, жаныңды алып қанаҳәт етиў қайда, диниңди-әм алып, бул дүньяда шырысыңды бузғаны менен турмай, ол дүньяда дозақый етип, руўхыңды геда қыла жақ! Жәмлениң исламның туўының астына мөҳмини мусылманлар, қайтарайық орысты журтына!...“ деген сүрен шықты бир күнлери. Биресе Ханмақсым, биресе атаманның нөкерлери күнде болмаған менен күн ара, „қудайымның күни көп“, екеўде не бар, үшеўде не бар, жылқыда не бар, сыйырда не бар, алып кетип турды. Көринген нөкердиң, жесе жеп, жемесе: „сояққа апарып жеймиз, бизлер ат терлетип, сизлер ушын жүрмиз, ақыры!,..“ деп, берсе қолынан, бермесе жолынан атқа өңгерип кеткенлери бул есапта жоқ. Тама берсе, теңиз де түўесиледи, Тасманлай тамызықланып тәуир-ақ опырылғанын сезди, сонда да „заўыттан“ үмити үзилмеди-аў! „Орыс елине қайтсын, заўытты „ақыртқанды“ көр!“ деп жүрген күнлериниң биринде „қайттады“ деген „болшойы“ Төрткул түўе Шымбайды алып қойып, бир албыра-

тыўға албыратты. Бирақ үмитин „заўыттан“ үздирмеди. „Бай болған бир мен емес. Мендейлер Қоңырат, Хийўа, Ташкент жақларда толып атыр. Бәри мендей ме, не бир оқымыслылары бар, солар гиллен зопарманлары шошайысқан қалың тәбиятлы турпайыларға сонша билими менен журт соратып қоя бере ме, шығар бир жағына!...“ дегенде, ҳеш ким: „аўызыңа бек бол“ демеген соң, әдеп. сыбыр-сыбыр, бара бара бақырып-ақ айтип жиберип жүрди. Лийкин, „адам тилинен байланады“ екен, соны еситкенлерден: Мәдиярға, я Сайымбет суўдырға айтып қоя ма!...“ деп елеге шекем қыпықланып жүргени.

„Ҳүкимет қулайды“ деп жүрсе Шымбайға барғанында Едил-Жайықтан келген тамыры Ефимнен: жоқары жақта „заўыт“. қалдырмай ҳүкимет алыпты дегенди еситип, „салмағаным жақсы болған екен“ деп қуўанды да ишинен. Ефим: „тамыр, зиянгер дос емес, артық-аспайыңды жоқ ет“ дегенде исенинқиремей қарап еди. Заманның рәмәуизин көп өтпеи аңлады да „заўыт бастан садаға“ деп, мал-ҳалдан сатқанын сатып, өли дүнья қылып үлгерди, үлгермегенин ағайинтуўған, жийеннен туўған жийеншар дегендейлердикине тықсымлап еки қолын жана қолтыққа суғып еди. „Жерсуў халықтики“ деген қаўли шығып, қарап тур! Бунның артық-аспай жерин алды, бирақ малы, дағысы жоқ қорасында, жалғыз Жақаннан басқа дийханы да жоқ, бай қатарынан „туқымында бай болмаған, орташа, Қунназар ақсақалға ескертилсин, булай жандырыўға болмайды, журт қол қабартса, бул маңлай сызлатып тапқан. Жақан дийханы емес!..“ деп, қалемин ысқыртып сызды да ақсақалды апалақлатып кетти окружкомнан келген биреў.

„Енди бәри питкен шығар“ деп жүрип еди, Избасқан тап болды. Журт: „илимниң ҳикметине ушыраған дуўайыбәнт, Қарақум ҳәзиреттиң шыбығын сындырған бул саўейек!..“ деп, түңилип, ҳасла адам қатарына санамай жүрген Избасқанды Толыбай сирә буныңдай деп ойлап па! Тыңлап қараса гәпинде жан бар; „Байбаай, биз тек мусылман дегенде өзбек, қазақ, бурынғы ақ патшаның сорамындағыларды түсинип жүрген екенбиз-аў, түрик, парсы, араб, ийранларын дым ойламаппыз-аў, солардың бәри жәмленсе, әри, жанағы „аңғылышанларың“ тиреп турса, орыстың пирин арқасына таңады екен...“ деп, аңқ ете қалды Толыбай.

Көзине тағы түтини буркыраған заўыт елеслеп, қыялға берилип жүргенинде, әдеп, алдап-суўлап, Аллаш деген батракты өлтиртги. Сол „ойынға" дәслеп киргени екен, соң, басын тартып алыўды ойлайман дегенинше қорқытып-үркитип-ақ бир-еки, ҳүкимет билсе атып жибергендей қылмысты ислетип таслады. Енди Толыбай Избасқанның жетегиндеги түйеси. Жетегине жүрмесе мурын менен қугыла жақ емес, гелле кете жақ, гелле!..

—Уйқың пүтин сениң, „Кеңес маған гиймейди" деп жүрген шығарсаң!—усылай табалаўдан баслады Избасқан.

— Сарсылыўдан ис питсе, уўқысыз атырған таңларымның ҳесабы жоқ..

—Сарсылсаң, малы-мүлкиңди уўайымлап сарсылдың!... Елди, мусылманшылықты уўайымлап сарсылғаның жоқ!—деп артын айттырмай таслады.—Мен соны ойлап жүргениме нан услап, қуран теўип беремен, лейкин, қураннан кетсин садаға! Сизлерге малыңыз, қара басыңыз қайғы! Нәпсиңиз ушын халықты, елди сатып кететуғын дозақыйсызлар шетиңизден!... Сизлердиң усындай симсик, майда мақсетлериңиз большойға елди берип қойды. Олар өз мүддәҳәси ушын кемпир сойыспаққа турады. Сол ушын да жеңди-и ола-арр! Аўызы би-ирр, сизлер бирикпек түўе сүйекке таласқан ийттей ырылдасып, бириңизди бириңиз көре алмайсыз, ырылдасқанда қорығаныңыз малыңыз, гешшелер, түўе! Ким ушын. не ушын қорыйсыз, соны да түсинбейтуғын гешшелерсиз, түўе! Сизлердей гешшелер менен үлкен мақсетти дийдилеп жүрген бизлер де гешшемиз, ҳаўўа-а!...

„Пышақтың қайраўын тапсаң кеспейтуғыны жоқ," деп жүрген Избасқанға әсиресе Толыбай қусаған „өтпес пышақларын" „урмасынан" бурын бир қайрап алыў бурыннан әдет, деген менен, Тасмаңлай адамды кем сынайтуғын, дурысырағы, сынай алмайтуғын адам еди. Сонда да бунның бир жумыс тапсыражағын билди. Лекин өзи көриўден көзин тайғанатып, алдында бир қысым болып жүрген Мәдиярына қарсы жумсарын сирәда қыялына келтирмегенликтен, „Мәдиярдың Шымбайға кеткенинен хабарың бар шығар..." деўден-ақ бир сумлықты аңлады, бирден қалтыратпа тутып, сандырақлады: „Аўўа...яқ...сөйтип пе!..."

— Се-ениң өзиң не бағып жүрсең! — Ғазепленди түтигип —Нөкис, Үсен жап, Халқабад, Жалпақ жап... Ауыл басына бир қызыл шәпектен қарамайды, солардың да қайда жургенин билмейсиз, ләтгепәмлер!... Бир қотыр ешкиниз жойтылса, па, излеп билер едиңиз-ау, қайда жүргенин, симсиклер!... Олар сизлердин қазаныңызда неше мәш қайнағанын биледи!...

— Олардың қулағы көп...

— Сениң қулағыңа, не-е бир, қорғасын қуйылды ма!.. Сен де көбейт қулағыңды! Жақаныңды жумса, Сыдығыңды сақ ийттей қулағын тикирейтип қоймаймысаң!... Енди шоршынбай тыңла, жүрегиң жарыла бермесин, тоқ етеринен келемен: Яшуллылар саған исенбей атыр.. Әне-әне, елден-ақ шоршый басладың... „Қорқақ, сатып қояды, арадан алыу керек“ деп, мени жиберди.. Өйтип, дөгерегиңди қарманбай-ақ қой, бақыраман деп те ҳәлекленбе, дауысыңнан бурын ийегиңнен жаныңды шығараман!—деди де наганды салмақлады:—Мынауда алты оқ бар, яқшы, бақыр, шақыр, келсин бала-шағаң. Биринши оқты анау тасманлайыңа сиңиремендағы, қалғанын иниңе, балаңа, қатыныңа жегиземен.. Сонда да еки оғым аусады... Ол, Сайымбет пенен Мәдиярға!... Неге сөйлемейсең, лал болып қалдың ба! Қалай, әжел жақсымекен,—мырсылдап күлди, тағы қатал кейипке көшти:—Өзиң өлтирген Аллаш батрақтың жанынан татлы ма жаның!

—Қулың болайын, иним, қулың болайын!..—Ауызы мүйешленди—Бир шыбын жанымнан кеш!.—деп жыланып атыр еди:—Тыныш-ш!Үниңди өшир деймен!—деди тисленип.—Ҳә,солай, сестиңе сууды қуйып отыр, шетиңизден оққа ушқыныз келмесе! Жан-жағыңа жалтақлап та ҳәлекленбе, жарағыңнан бурын алланың нәзерине жетесең!... Гәп былай; сыналатуғын уағың келди, „бир сынап көрейик“ деп, зорға тилеп алдым..

— Тәңир жарлықасын, иним, сөйтөссе-е, сөйтсе...

— Мәдияр Шымбайдан хатланатуғынлардың дизимин, жақында ислене жақ ислердиң жобасын алып қайтады. Соны лағанына қосып, бизге жеткересең, тийисли жерине өзим тапсыраман. Хатланатуғынлардын дизими...

— Жәнe хатланамызбекен! Яа, қуда-а, бул қалай-қалай болды!...

— Көрдиң бе дуньяға келгенде шоршыныўыңды-ы!.,. Аласаң соларды!..

— Қалай, бере ме маған?!..

—Өлимм, сорап алағой берсе!—деп мысқыллы күлди —Ләттепәм! Сөйлеме!... Мени танып қойған қусайды. Тазғарада бетиндеги тыртықты салған өзим, тутылдым, болды, алды менен сени тутып беремен!... Шоршыныўыңа қара, мен сендей симилтир емеспен, тилимди шайнап жиберсем де ..

Сыртқа шығып, зәңгисин басып, атына мингизгеннен соң Избасқан көкке қамшысын шошайтып, бағанағысын тәкирарлады: „Жулдыз анаў тустан ағып еди-аў, кимниң жулдызы, сеники ме, дәўдики ме, билмедим, бала не де болса, бир-еки күннен мәлим болар, шүў!...“

Суўықтан да бетер мына сөздиң астары қалтыратқан Толыбай қапысын зорға тәмбилеп, иниси Көлибай менен, соған жетеғаба баласы Елибай жатырған есикти ашты да алды менен инисин оятты; „Кккөлибай,— деди тиси сақылдап:—Елибайды әм оят, гәп бар, шырақларым. .“

## 2

Арқа менен қубланы тутастырып атырған „Орыс жол“ дың туйыққа тирелген жерин ҳеш ким көрген емес. Халқабад, Қызыл үй, қанлы жағыс, Нөкис аўылларынын үсти менен дәрьяға тирелген жерин көрип: „болғаңы шығар“ десең, дарғадан өтсең Хожели, Гөнеге қарап, тағы тартып отырады. Биреўлер: „арғы басы Ийран, Аўғанстан“ десе, Қунназардың бәшири Мурат ҳаккелек Мысырға жеткерип береди. Пүткил дуньяны тутастыратуғын кәрўан жолы өтип турғандай, усы „Орыс жолдың“ өзлериниң иргесинен өтип турғанына Халқабадлылар мақтанатуғын еди.

Ҳәр аўыл өкпе тусынан жол шығарып алған. Халқабад аўылларынан усы жолға тутасатуғын соқпақларды санамақ болсаң, қурашыңның түги жетпейди. „Орыс жол“ ортадан ҳағлаған нәўпир арнаға мегзейди де, аўылларға соқпақлар сағасын усы гүзардан алады. „Орыс жол“дан түсе бергенде арба жоллар. олардан аяқ соқпақлар, аяқ соқпақлардан қоян соқпаклар тармақланып, аўылма-аўыл,үйме-үй таралып кетеди. Базарлаўшылар соқпақлардан „Орыс жолға“ түседи, бул

енди Шымбайдың „Ленин“ көшесине ушласады да Тахтаның үсти менен „Маман жол“ға апарады, аржағы шойын жолға тутасады, шойын жолдың жетпей жақ жери бар ма, Мәскеў, Мәкария, Ленинград.. Төрт жағың қубла, кете бересең...

Мәдияр да усы „Орыс жол“ мене „Ленин“ көшесине келди де, сығасқан қара таллардың бирине атын байлап ишкериледи. Өзинен басқаның бәри бар: Нөкис, Қумшуңгул, Халкабад, Үсен жап, Буйдалы, Қызыл өзек... бәриненде беделли батрачкомлар, ячейка, ТОЗшы, елиўлик, жүзлик деғендейлери қалмай жыйналған көринеди. Мәдияр кими менен қол алысып, кими менен ийек қағысты.

— Мурат жанды жиберип едик-ғо, неге үйге келе қоймадың?—деп, шағыныўдан баслады Қунназар ақсақал.—Күте-күте ақыры кеттик. Я үйдиң ол-бул жумысы шығып қалды ма?

— Усы күнлери, аға, үйин ойлап жүрген белсенди бар ма, бәри Мурат ҳәккелектен, „ТОЗдың тухымын сөйлесейин. Көгине ТОЗшыларға бийдай сорайын“, деп, Халқабатқа кетсем, үйге айтыпты да ҳағлапты. Ярым ақшамда келсем, ҳаял: „Ҳәккелек келди, солай-солай“ дейди. Соннан, жолда бир қонып, жетип турысым, ҳа, жолының үсти, ең болмаса „Федоттың пөнкитине“ бурылып, айтып кет, ўәй, Мурат-әй!... А-ал, не гәп екен?

— Еле туйдырған жоқ. қазыўдың дағдағасы шығар. Питегене саўатың бар ғой, исленген ислерди түртинкиреп қой. Исленежағын өзим билемен. Есберген жан бийжөнлеў, „тур, ақсақал!“ десе, омыраўласарсаң,—деп, жағдайды түсиндирип атыр ақсақал.

Қунназар ақсақалдың өзи усындай, кемсаўатлылығынан қатты қыйналып жүр. „Саўатлы“ деп, Мәдиярға, Сайымбетке, суйықлаў болса да бәшири Муратқа сүйенип ис алып барады. Тил емес, қағаз сөйлейтуғын жер болса: „Айтып жиберөс, Сайымбет, сен түртип жүрип единң ғой,“ дейди. Соннан, фактин айтып жиберсе болды, шешенликти ҳеш кимнен сорамайды, былайынша сөз түўе есаплы баяннаманы да қуйылдырып салып, кемсаўатлылығын сездирмейди. Кай ширкет, неше батпан пахтаны кем тапсырды, қай ТОЗдың быйылғы шеги қандай, түн жарпында түртип оятып сорасан да қарый болып қалған. Ҳәзир де ядында писирип келип отыр,

Секретарь Сапаровтың датханасы белсендилерге уммә-дум. Ҳәмелге жақында көтерилип, райкомдағы бундай үлкен жыйынға биринши қатынасып атырғанларға хәткер Капитонованың машинкадан тауықтай тықылдатып, ҳәрип шөплегени таң. Гөрсаўат жүре-жүре ликбезден бирден көзи ашылып кеткенлер анталасып қағазға үңиле берди.

Хаткер: „Кудай ушын, арырақ турыңыз-шы, бул, оғыры қупыя!“ десе, бир елиўлик: „райкомның большевикген жасыратуғын не қупыясы бар!“ деп қызады. „Қарындасым,—деп гегирдегин созды мына жақтан Сайымбет. —Биз журтқа қойдыра алмай жүрсек, райкомда отырып, „қудайымыңыз“ не?!“

Ерегис басланажақ еди, қоңыраў сыңғырлап, ҳаял ишке сүңгиди де кайта шығып: „Ҳәммени шақыр, кирсин!“ деди тәнҳа Мәдиярға.

Мәдияр сыртқа шықтыдағы, гәпиниң аяқланбағанына өкинип, Сайымбет секретарьға кирсе исполком Есберген, РайЗО[1], союз қосшы, ГПУ начальниги Федотов та Сапаровтың қасында екен. Ҳәзир ғана бюро болса керек.

Киргенлердиң гәси қос қоллап, гәси ийек қағысып, қатара гүрсилерге ебетейсизлеў, тасыр-тусыр отырып атыр. Ең соң кирген Мәдияр ым менен сәлемлесип төрлей бергени, қапталына баўырдай жабысқан наган қап әжеплендирди ме, Федотов Сапаровтың қулағына аўызын тақап: „Бул ким, наганды қайдан алған?“ деп сыбырлады. Секретарь әлле кимге шырамытқандай, тесилип қарадыдағы: „Мәдиярсаң ғой, үшинши ротадан!—деп, даўыслап жиберди.—Командирдиң наганынан таныдым-аў! Кел, көрисейик, қанша жылла-ар... Әпиўетин, жолдаслар, ротамыздың он бес жасар қаҳарманы еди, дәўдей жигит болыпты! Төрткүл қамалындағы қаҳараманлығыңды колхоз дүзгенде де көрсетесен“— деп атыр қолын қысып.

Бас кийимниң неше түри болса, сонша түри бурыннан гүрсиге бүгилип дағдыланбаған дизелерге жалпыллап қонып атыр. Биреў пөпегин төгилдирип, ишинен патшайы тақыясын алып кийсе, биреўлер: „паҳ, негерсеңәй, бизики қонақ жерде қалып қойыпты-аў!“ деп,

---

[1] РайЗО—районлық жер бөлими.

жоқ тақыясының „аллабәрәкәллә!“ син жеткерип атырған

Сеңсеңли, қылқалы, шапанлы жаўырынлар ийин тиресип, жалтыр бас, шай бас, мелле бас, ақ баслар заманның әҳмийетли бир мәселесин мәслаҳатласып алыўға бас қосысып атырған бир пайыт еди. Ҳәр кимниң кеўил сарайы бири бирине усамайтуғын өз алдына бир сандық, сандық болғанда да гәси гөне көксиден еле бәтамам тазара қоймаған, гәси заманның ең ҳасыл дүри жыйналған сандыққа мегзер едидағы, усы ҳәр қыйлы кеўиллерди жәмлейтуғын ийгиликли бир ис бар еди...

Бойлары да, түрлери де, ойлары да ҳәр қыйлы. Тапаллар стол ағаларына ийек созады.

Секретарь Сапаров жасыл-гүрен кителиниң үстинен дуўхат шапан кийип алған, көсенамайлаў, жумалақ жүзли, сары сынлы, қайың қаптал жигит екен. Басшыға тән салтанат пенен орынынан турса да қара пуқараға тән қарапайымлық пенен ошақ басындағы әңгимедей, өлпең ғана жыйналғандағы мақсетти уқтырып өтти. Мақсет, дийханның санасына коллективизм руўхын қуйып, колхозласыўға өтип кетиў.

— Тап, анаў жаўгершилик жыллары-ақ халық шашаўлықтан жәбдилесиўдиң артық екенлигин билди. „Бөлингеңди бөри жеди“, басбашы талады, төртеў түўел болып, төбедегини түсирди, буны да көрди халық. Соны көргенликтен, жолдаслар,—деди бармағын шошайтып.—ТОЗласыўға, артельлесиўге, бирли-ярым бай, кулак терис үгит таратқаны менен, табанлы қарсы шығыўлар, пухараның арасынан шыққан жоқ... Дара хожалықтан шеп болмады, нәтийжесин тағы көрди журт. Ленинлик жаңа ықтысат саясатының артықмашлығы күн сайын, саат сайын өмир жолымызға өз изин тайдың таңбасындай анық салып баратыр. Усы артықмашылықты түсинбегенниң көзине түртип көрсете алсақ, колхозға жәбдилеспейтуғын дийхан, орташа жоқ. ТОЗ қурғандағы, артель қурғандағы тәжирийбемиз бар, қызыл Орда, Самарқанд жақларда, бизиң Қоңырат, Төрткүл тәреплеримизде колхозласқанлардың үлгиси бар, енди бизге колхозласыў қыйынға соқпаса керек,—деп жуўмақлады. Бунығ өзи, ҳеш жерде оқымаған, дурысырағы, қайда жумсалса сонда ат шаўып, бир жерде оқып келиўге қолы да тиймей, нәўбет те жетпей жүр·

ген, партиянын сиясатын көкиреги дурыс түсинетуғын ески большевиклерден еди. Орысшаны қыйдырып сала бермегени менен, орысша хатқа жақсы түсинеди. „Правда"ны дастанып оқып, сонда көрсетилген жаңа жолға көкирегин дуўрылап қойыўды, өзиниң ойындағысы менен ондағы пикирлерди салыстырып жүриўди қандай қыйын-қыстаўда да умытқан адам емес. Жоқарыдан билимдар бир ўазшы келсе, қасында бул бар, жатыптурып сөйлеседи: „Апырмай, бала, мениң оқығанымда ондай емес еди ғой, сен усыны бир жерден оқып айтып турмысаң, я өзиң таўып жүрмисең!" деп, ерегисип те сала береди. Көрген-билгенин жаздырмайтуғын қатықулақлығы тағы бар. Мәдиярщылап, муштайынан жарақ услап, жаслығының сарқытын әскерликте саўған, зийреклигиниң арқасынан әскерий хызыметти комиссарлық пенен аяқлаған, оннан соң партия аппаратында ислеп киятырған, шайыр тәбиятлы, сазенде жигиттиң Төрткүлден Шымбайға райком болып келгени де жақында. Отырғанлар бунын менен, бул отырғанлар менен еле сыр минез болып та үлгермеген. Соннлықтан шығар, Сайымбеттиң: „Тоқ етерин айта коймайсыз ба, жолдас Сапаров, аўылдан бир қонып жетип отырмыз, ертелеў еситсек, қайтар едик", дегенине ҳәмме таңланса да бул муртынан күлди де сөзин даўам ете берди:

— „Жаңа райком кеңседен шықпайтуғын қағазпараз екен", деп ойламай-ақ қойың, аўылларды бирим-бирим аралап киятырмыз. Аўыллар Төрткүл жақлардағыдан әдеўир парық қылады. Үй менен үйдиң арасы ат шаптырым. Әне, усы шашаўлық гигант колхозларды бирден дүзиўимизге салқынын салады. Аўыл менен аўылдың алшақлығы майда колхозларды келтирип шығаражақ, қалай да аўыллар бир-бирине жақынласып, аўыл сыйқына енгенше бары менен базар етиўге туўры келеди. Ҳәзирше, майда болса да бир жәбдиллесип ала берейик, соң бириктириў қыйын емес,—деп атыр еди, бағанағы Сайымбет: „Не ушын жәбдилесемиз, алды менен соны билип алайық?" деп, сөзди тағы бөлип жиберди. Исполком председагели Есберген бул сапары шыдамады:

— Айтамыз-ғо, сен, Сайымбет, неге шақыратуғын қораздай мойыныңды соза бересең!—Секретарь сыңғырлаўығын сыңғырлатса да:

— Есберген жора-а,—деди, бул, Сайымбет қайта қызынқырап:—Мениң басқыланатуғын жерим бул емес! Бәсе, не ушын жәбдилесемиз, журтты исендириў ушын алды менен өзимиз исенип алайық-дә, мениң өзим көкирегим қаўмаған нәрсеге журтты үгитлемеймен. Ал, үгитлейик, не деп үгитлеймиз?!..

— Дурыс айтасыз,—секретарь алақанын тосты.—Бирақ, сиз азырақ сабыр етиң. Гәпти бөле бериў деген қаңқызбалылыққа да, әдеплиликке де жатпайды.—Сайымбетти отырғызып алып, сөзин даўам етти:—„Не ушын" деген саўалдың қойыла бергени жөн. Қайда апаратуғынын билмеген жолға түсиўдин де кереги жоқ. „Не ушын колхозласамыз!"—деп өзине саўал берип алды да:—Социалистлик бағдардағы ири хожалықты дүзиў ушын колхозласамыз,—деди ҳәм тағы жалпақлап, колхозласыўдың зәрүрлигин келтирип отырған жағдайларды жалықпастан майдалап түсиндире баслады. Сәнелерге де зыбан енеди екен: дара хожалықтың, ТОЗдың, аргельдиң пайда-зәлеллерин тәрезиге тең тартып, сәнелер сайрап берип атыр. „Тоғыз ортақ ТОЗ„ ынын он үш билегиниң табысына тарпынып, жарма табағын созып отырған, үйлердеги тоқсан бир гегирдекте есапқа илинипти. Он үш билек тоқсан бир гегирдекти асырай ма, ҳүкүўметтен көгине алған ғалле қарыз, пул қарызын төлей ме! Дым жоқ екен, нәрсе жоқ қазынаға түсетуғын! „Қазынаның қалтасы терис аўдарылып" турса, ҳүкүўмет заўытты қайдан, салады, шойын жол, тас жолларға ғәрежет қайда, баланы қалай оқытады, бийтапты қалай емлейди... „Та-ак, трактор көбеймесе, дийханның зағарасы қалыңымайтуғыны тақыйқ. Сонда, тракторды қалай көбейтеди, бәрин-бәрин секретарь сәнелерге сайратып атыр.—Кулласы, белсенди жолдаслар, ири-ири колхозларды дүзбегенше дийхан кембағалшылықтан қутыла алмайды. Кембағалшылық бар жерде жалланыўшылық, жалланыўшылық бар жерде езиўшилик, езиўшилик бар жерде буржуазиялық интизам ҳүкимиранлық ете береди. Солардың бәрин түп тамырынан жулып таслаў ушын жәбдилесемиз, жолдаслар, маған саўал бар ма?

— Жаңағы тырақтыр дегениңе түсинбедик, күнде бир гәп шығады...

—Трактор деген—трактор,—деди ҳеш ким сөз бермесе де жақында дүзилген колхоз союздын баслығы

Өмирбай Оржанов. Секретарь зәрре ыңғайсызланды. Журттың көзинше тәртип бериў де ерсилеў, соның ушын мыйықтан күлди де;—Бул жигит жақында Саратовта болып, тракторды көрип келди. „Мың еситкеннен бир көрген абзал,“ өзи айтсын,—деди де шалғайын жыйнап отырды.

Өмирбай, өзи қара болса да көкиреги ҳақ, даўысы жуўан, өзи жиңишке, аңқылдаған ғана жигит екен: „Аппырмай, балоой, ҳарыллаған бир кәрамат!..“ деп, отырғанлардан да бетер өз сөзине өзи таңланып, көзлерин шақшыйтып-шақшыйтып, тракторды тәрийплеп шықты да „усындай мықлы көликти сатып алыў ушын қыряпыр егип колхозласыў керек“ лигине өтип кетти. Күйип сөйледи жигит, писип сөйледи жигит, көпшиликтиң көзи тәрези: „ҳақ көкиреклигиңнен сүрникпесең, қудай көкирегиңе берсе, мың жасарсаң“, деген ой кешти Қунназар ақсақалдан. Жигит еле ҳәм сөйлей бериўи мүмкин еди, Есберген бе, союз қосшы ма, биреў шалғайынан басып отырғызды.

— Әне, усы трактордан ҳәр бир колхоз сатып алыўы, керек,—деди секретарь орынынан турмастан.— Буған бир ТОЗ түўе, бир неше ТОЗдың да күши жетпейди...

— Онда мына заўыттай қымбат нәрсе болды-ғо...

— Оны сатып алыў ушын,—секретарь жудырығын түйди:—бир билекке мына бес бармақтай бириккен күшли колхоз керек. Өгиз қос пенен жерди танаплап егип, социализмге жетемиз деп ийегиңиз қышымай-ақ қойсын. „Жүз мың жақсы трактор болар ма еди, гез келген дийхан „мен коммуна жағындаман“ деп шыға келер еди“, дегенди Лениннин айтқаны қашшан. Ҳәзир ондай трактордың дәреги шығып атыр. Қай ўақ колхозға биригемиз,—секретарь орнынан турып кетти,—қай ўақ трактор сатып аламыз, танаплап емес, гектарлап жер егемиз, әне, сонда дийханның зағарасы қалыныйды, онысыз, жолдаслар, мынаў жоқ-жуқалықтан қутыла алмаймыз. Әне-е, соның ушын жәбдилесемиз колхозға, жолдас Айымбетов Сайымбет.

— Түсиндим, жолдас Сапаров!

— Усыны, енди, колхоз болатуғынларға түсиндириў керек, ағайинлер, РайОНО „саўатын аштық“ деп, мағлумат бергени менен, саўатсызлық көп еле, буны түсиндириўди аңсат деп ойламайман сонлықтан. Бирақ,

түсиндириўимиз керек. Жигирма-отыз хожалықты бириктирип, биреўди баслық-төслик ете салып, „ал, колхоз еттик“ деген менен бул еле колхоз еме-ес,—деп созды.—Ҳақыйқат колхоз етиў ушын ҳәр бир дийханның көкирегине коллективизм руўхын суўдай қуйыўымыз керек. Сонда ол өз үйиниң еме-ес, коллективтин, қара басының еме-ес, жәмийеттиң мәпин ойлайтуғын болады. Дийханды, социализмге, әне, сондай адам етип жеткериўимиз керек, колхозласыўдың саясый әҳмийети усында, ықтысатый жағын журт тез көре алады, урысқағыс болмай турса, трактордың өзи-ақ көп нәрсени көзге көрсетип таслайды. Ғайратты жаңағы жағына салыў керек, сана мәселесин айтып атырман. Не ушын гүресип атырғанын билетуғын солдат пенен женип шығыў да ансат, биз буны жақсы билемиз, солай емес пе, Мәдияр?...

— Әлбетте, енди...

— Зорлап киргизиўге болмайды, арза менен жәбдилессин...

— Арза менен кирмесе-ше! Зорлаўға болмаса...

— Большевиклик үгит-несият дегенниң күшин биз жақсы билемиз. Оннан күшли қурал бул әлемде болған емес. Соның күши менен рабочий-дийханды гүреске сайладық, аўдарыспақ жасадық, не келмейди бунын қолынан, сол қуралдан дурыс пайдалана алмаған большевик—жаман большевик. Сол қуралдын күши менен дийханды колхоздың артықмашлығына бас пүкил исендирип алың, оннан соң орталыққа бере береди...

— Ҳаў,—деди уйқыдан жаңа турғандай арттан биреў:—Нени береди?!

— Малы-мүлкиндағы!—деп жиберди колхозы жоқ колхозсоюздың баслығы Өмирбай Оржанов.—Малы-мүлкин береди...

— Әне, енди сен буздың бала, дийханға жақпайтуғын гәптиң сениң аўызыңнан шығатуғынын билип едик, буздын да тындын! Өзиңниң гәпиң төрели еди, райком жора,—деп атыр „Жалпақ жап“ тың батрачкомы тап бир, райком секретары басқа гәп айтатуғындай. Жаңағысы да аздай Өмирбай көзин шапырашлатып жиберип:—Не бузғаны бар оның, колхозда „сеники-меники“ деген гәп болмайды, ҳәммеси ортақ...

— Жеңгеңе бек бол десеңо оннанша, ўа-ҳа-ҳа...

— Ўәй, яғаў, қойып тур, ақыры, түсиндиременғо.

— Отырын, жолдас Оржанов, өзим түсиндиремен,— секретарь секилин сурландырды, Оржановты отырғызып болып, майдалап түсиндирген нен кейин: „әй, солай шығар-аў,...“ деген сыяқлы ғаўырлылар шығып атты.

Секретарьдан кейин сөзге шыққан исполком председатели Есберген, түрине қаталлық ендирип алды да: „ал, енди, белсенди жолдаслар, мәселени узақтан айналдырмай, тоқ етеринен келе қояйық,—деп, көпшиликти ғаўырлатып мақуллатты. Шынында, бул, өзи, „мәселени узақтан айналдыра алмайтуғын да“, саясатқа шала, бирақ, басшылыққа уқыбы бар, бес-алты жигиттиң басын тез қоса алатуғын, мәселени де тез шешетуғын, қызыўы да, қайтыўы да тез, „дейди-дейдиге“ де ериңкирейтуғын, ҳүкиметтин „төменнен көтериў саясагы“на бола, илгериректе қуўырдақшылықтан көтерилген, әбжиллигине бола, бурынғы заманда да көп тепки жемеген жигит еди. Буның ҳалын билип „узақтан айланбай“ жағын жана секретарь билмегени менен бурыннан ислес Федотов жақсы түсинип отыр.—Дуры-ыс, бурын үш жүз белдар көтерип турған Халмурат бай қусаған ири сүлик қуртларды женшип тасладық. Енди, сонда, жиңишкерек көрип, тиймей кеткен кулак дегенимиз, бул күнде мийнеткешлерди сорый-сорый жуўанып, бай дәрежесине, орта дегенимиз кулаққа айналып барагыр, енди, усы кулак. „орталыққа зат аламыз, колхозласамыз“ десек, сур жыландай ысқырып, жолымызға кесе тура жақ, женшип өтемиз, сапластырамыз бундайларды жат жамай иретинде!—Бир қағазды жоқары көтерип:—Мине, кешеги орташа деп тиймей кеткенлеримиз!—деди.—Бүгин бир неше қос өгизли, гирдикарлы, белдар, дийхан жумсайтуғын нағыз кулақ! Аппырмай, бала, „өлерменниң көзи жаман“ деген, бу журт сәә дүнья жыйнаўдан басқа талапты қойған ба деймен, әстоо, биз байды сапластыра алмай жүрсек, тағы көбейип кеткенин қара, Балтамурат шарбақшы, Алламурат шағалларға шекем байыпты-ә! „Алдын қырдым дегенде, арты ғаўлап толады“ дегендей...

— Буў, „тоқ етерин айтаман“ деп, алысқа кеттиң-ғо, Есберген жора-а,—деди Сайымбет күлип. Екеўиниң бурыннан ҳәзилкеш қатар екенин таза секретарь қайдан билсин, сыңғырлаўығын сыңғырлатты.

— Тоқ етери, Сайымбет жора, обылысган ўәкил келип, бизге бай пылан, кулак пылаң десек те болады,

салып кетти. Бул пыланды мен еңсеме миндирип отырмайман, сизлерге үлестирип саламан. Бирақ, жекке ызбыр менен бай болмаса да ҳуқуўқын алып, сорлатып жүрмен, сезип қойсақ, гелленңиз бенен жуўап бересиз, солай емес пе, Федотов жолдас! Ҳә-ә, бай болса, оңбасын, кәмбағал жанбасын. Ал, енди, ақсақал жолдаслар, биреў айтып еди: „Қонысбай ақсақал болып, таўықты жеп қуртқалы, сағалдан қутыла қойдық“ деп. Сол айтқандай, қоржынларыңызды қолпылдатып, ат шаўып, таўық сорпа қуўа бермей сапластырың класс иретинде ортадан асқынлаған қулақты! Хатланатуғынлардың дизимин бекитип, жеткериң бизге тез! Саўалыңыз болса, айтың, қәне?—деп, негедур, ашыўланған кейип пенен отырды. Бираз жымжыртлық шөкти Секретарь көзи менен көпшиликти тинтип шықты:

— Саўал бар ма?... Түсиникли қусайды..

— Мен бир нәрсеге түсинбей турман?..

— Қәне-е, Мәдияр, не нәрсә?—Секретарь ийегин созды. Дизесиндеги кавказы папағын қолына услады да наганын дүзестирип:

— Я-аа, исполком түсиндире алмады, я-аа, мен қате түсиндим, — деди орынынан турган жигит ири даўысы көкирегин гүрилдетип атырғандай: — „Ортадан асқынлаған кулакты класс иретинде сапластырың“ деп атыр Есберген аға. Орташанын колхозға алынатуғынын да өзиңиз айтып кеттиниз. Жаңағыдай, трактор келип, дийханның зағарасы тағы қалыңыған күнде колхозға алған орташамыз және кулакқа айланып кетпей ме?!..

— Байысын, пажалыста, ҳәр ким ислегенине қарай тислейди, бирақ, кулакка айналмайды, адам жумсамайды, қан сорымайды-ы...

— Былай ғой,—деди секретарь Есбергеннин сөзин бөлип:—Бул кәрада „орташа“, „кәмбағал дийхан“ дегенди ҳәзирги жағдай менен тәрезиге тартып, салыстырып түсиниў керек. А-ал, „ҳәзирги кулактың олжасындай келешекте орташада олжа болады“, дейик, сонда кәмбағал қарап отыра бере ме, қапылғанда бүгинги орташаның ҳалына жетеди ..

— Абзалы, жекке меншикти бас пүкил қурытып, қайтадан баслаў керек, дүнья, пул барда дүнья қумарлық жойылмайды!—деп бақырды Сайымбет.—Дурысыдағы, дүньяқумарлық барда байыў бар, байыў барда,

бай бар, бай барда теңсизлик бар, меншикти қурытыў керек...

— Ҳаў!...

— Ҳаўыңа шортан, не ҳаўы бар оның!..

Болып кетти бир бийтәртиплик, ғаўыр-ғаўыр, екеў ара ерегис. Сапаровтың сыңғырлаўығы түйениң қоңыраўындай үсти-үстине қағылса да бул журт тегинликте басыла қоймады:

— „Меншикти қурт"ы неси-әй, журт жаңа өгизли болғанда!

— Меншик қуртылмайды социализмде, тыны-ыш!— Сапаров сурланды: — Меншикти беккемлеймиз, шоршынбай-ақ қойың!...

— Мен еле саўалымды берип болған жоқпан, жолдас Сапаров!...

— Ҳаў, Мәдияр, еле түргеп турмысаң, сорай бер?...

— Класс деп, байды бапладық, кулакты сапластырайын деп атырмыз, бара-бара дийханлар класын да сапластырып жүрмеймиз бе?

— Сениң өзиң интересный жигит екенсең, Мәдияр! Дийхансыз қалай күн кешеди, мынаў контра, жолдас Федотов!—деп кийликти Есберген. Федотов, еситсе де, оған қарап күлди. Анық „контраны" көргенде Федотовтың бүйтпейгуғыны Сапаровқа жүдә ғана мәлим, сөйлегиси, түсиндиргиси келип турғанын да абайлады. Сөз берейин десе, мынаў ғаўырлы басылмай атыр: „Соған ақылы жетпеймекен!..." „Контра..," „контра емес!" „Контраның шақы бола ма!..." „Тәўир жигит еди, Сиберден тататуғын дузы бардыдә..."

Мәдиярға отырыўды ишәрат етип, Федотов шапшып турдыдағы,—тыны-ышланы-ың!—деп, столды шарп еттирди.—Келешекте дийханлар класы болмайды.

— Әне-е, контраның үлкени буяқтан шықты ы!— деп, бақырып жиберди из беттен алгыншы аўылдың тайпақ бас батрачкомы. Отырғанлар түўе, президиумдағылар да бири бирине қарасты. „Қәте" дейин десе, ГПУ начальниги Федотовтың өзи айтып тур, бундай, КУТВО[1]ны Москваның өзинде питкерип келген саўатлылар Шымбайың түўе, Төрткүлинди тындырады билимине. „Дурыс" дейин десе, дым дурыс гәпке уса-

---

[1] КУТВО-Шығыс мийнеткешлериниң коммунистлик университети.

майды, „дийхансыз қалай халықтың күни кешеди, ақыры!...“

— Дийхан не, көтере ме гиркиресин!...

— Дийхан да гиркиресин ҳеш жаққа көтермейди, рабочийға айнала-ды-ы,— даўысын екшеди Федотов. Аты орыс болғаны менен, „Иван доктордай“, киндиги Шымбайда кесилип, тандырдың нанынан тиси шыққан, ҳәзир де нанды тандырға жаўып жеп отырған, жигитлигин жәҳан урысынан соң Петроград революционерлериниң арасында баслағаны менен, балалығын қарақалпақ тентеклери менен шүллик ойнап өткергенин билетуғынлықтан ба, қарақалпақшаны мүлтиксиз сөйлегенине таңланып атырган жан жоқ, „тоғай төре, қызы Люба Капитонова қандай, ақыры, қарақалпақшаны бири биринен өткереди, соның күйеўи бола турып неге билмесин қарақалпақшаны!... Жа-ақ, онысы тан емес...“ Таң болып турған-жаңағы сөзи.—Дурыс айтады жаңағы жигит, түсинбегенди сорағанның неси контра! — Мәдиярға аяныш, хошласыў нәзери менен үмитсиз телмирип отырған Қунназар ақсақалдың бетине қан жуўырайын деп еди, Федотовқа милиция начальнигиниң гүмансырап қарағаны түртки болды ма, әлле, пәсине бирден қайтқысы келмей атыр ма, Есберген шаплықты:

— Онда, қандай класс болады, коммунизмде, гәп болғаныңа!...

— Коммунизмде класс болмайды, жолдас Досбергенов, классыз жәмийетте жасаймыз. Исши менен дийханның, аўыл менен қаланың арасында парық болмайды ..

— Әй, жүдә,—гәпти тағы алтыншы аўылдың тайпақ бас батрачкомы бөлди,—сонда исши, мықшыйып қос айдап, белдиң қулағында ырғып, қазыў қаза ма, әй, жүдә...

— Қазыўды әсбап қазады, мен „Правда“дан оқыдым, шығыпты...

— Әй, яғә,—деди бир қатын даўыс.—Дийхан болмаса, қулашлап шигитти ким себеди, исши себе ме, пахтаны ким тереди...

— Ондай әсбаплар шығады!—деди Федотов. Шапшып турып:

— Әне-е, газийттен оқып, мен усындайларды айтсам, „суўдыр“ дейди булар!—деп қызды Саиымбет.—

Патийпон дегенлерди ойлап, өлгенге қосық айттырып қойған Кеңестиң қолынан сол келмей ме, түўе!

— Па-а, мына суўдырдың жолы болып қалды-аў...

— Исенбеўге ҳаққың жоқ,—бул Федотовтың сөзи,— Москва жақларда түтинсиз шам жана баслады,—деп еди, алтыншы аўылдың тайпақ басы:—Ҳа, райком ағамыз бир қоржынын әкеп, үлестирмей ме екен?—деп, қышқырып атыр. Айтылып атырғанлардың өзи—өтирикке қусаған ырас, түсиндириўи қатты қыйын болған ҳақыйқатлықлар еди. „Сым менен әкелинеди, қоржынға салынбайды,“ десе, мына жақтан биреў: „сым менен де шам жана ма!“ деп таңланады. „Сым менен сөйлесип отырмыз-ғо, инанбасаң тут қулағыңды, мен телефонды таўлайын,“ дейди жалпақлап Федотов. „Айырпалан,“ „от арбалар“, дымы қалмай мысалға алынып, бир ўақлары халықтың дыбыслы мылтықтан қорққанлары да, ҳәзир ким болса соның аңға шыққысы келетуғыны да айтылып атыр. Федотов айтады: „Усы ерси саўалларынызға, бала-шағаларыңыз күлегуғын болады, қуры садасырай бермей, ашың саўатыңызды!..“

Бундай жыйында сөз бермесе сөйлемейтуғын Қунназар ақсақалға шекем:

— Ал, енди, шырағым,—дейди орынынан турып.— „Билимлениң. билимленин, сонда көзиңиз ашылады“, дейсиз, түўе, қәне, муғаллим! Ески мектепти жаптық, халыққа берген жаңа мектебимиз қәне! Лекпезден жаңа саўат ашқанда районбраз иним Нуратдин, сен де әлипти күнде өзгертип, бүлдирип турсаң, ҳа, халықтын жағдайына да қарасаң бойма, ақыры!—деп еди, Нуратдин деген татар жигити күлип:—Ҳәрипти жаңалаў менийң, қуўлымда емийс, әгий, юуўқ, муғаллим, юуўқ,—деп алақанын еки жаққа жаяды.

Сапаров орынынан турадыдағы: „Жақында муғаллим болады. Төрткулден муғаллим сорадық, ликбезлерди де көбейтемиз“, деп, тағы колхозласыўдың қазығын айнала береди. Оның айтыўына қарағанда, бүгинги үй менен үйди коллективлестириў, руўҳларды ортақластырыўға атланып атырған қутлы қәдем. Сананың шеңберин кеңейте-кеңейте жекке меншигин ойлаған дийхан колхоздың, соң, районның, республиканың, СССР дың, бара-бара пүткил дүньяның ғамын ойлайтуғын қусаған. Әне, соған дәслепки коммуналардан тасланған туңғыш қәдем пүткил Кеңести классыз бир жә-

мийетке апаратуғын бағдарда баратыр, бул жолда „колхозласыў Октябрь аўдарыспағынан кейинги елимиздиң өмириндеги екинши ең уллы бурылыслы аўдарыспақ“ екендағы, бунда қуралды шайқас болмағаны менен ески ҳәм жаңа сананың қырқысы кескин болажақ.

Отырғанлар узақ ўаззаҳадан соң усыны түсинисип аўыздағы хатшы—Любаның жайына шықса да ғаўқылды еле даўам етер еди: „Мадиярдың аўылынан неге баслайды екен, өзлери де, „ТОЗдан әртил қолай“ деседи, сөйтип, тағы „ТОЗдан баслайды“, десе, биреўи: „Райком танысына тартып атыр... ҳәй, еситип қояр... „Әўлие де жақынын қоллайды“, дейди тағы биреўи: „ҳәй, сен бизиң қоржынды алып баратырсаңғо, мине, гүржисинен танып турман, сеники анда паллыйып атыр, ҳаў...“ деп, қоржынның изинен жуўырып баратыр.

Сайымбет суўдыр қайда жүрсе де жыққын кеткендей қыряпыр етип, асықтырып жүретуғын адам еди. „Мәдияр, калады“,—деди ақсақалға. Райкомның: „балашаға Төрткүлде, кете алмай калсаң, үйге бар, солдатлықты еслеп, өзлеримиз аўхат асып жеймиз“ дегенин еситкен мына суўдырың,—„жүриң, қайтайық“, деп еди, „Мен Сапаровтикине бармайман,—деди Мәдияр. —Бирақ, Әмет шайтанға бел-кетпен буйыртып кетиўим керек. Бәҳәр киятыр, Шымбайға әўметинде бир келесең“—Бәрине де усы мақул түсип, Сайымбет: „пазнаны номай буйырт, кәмписленген өгизлердиң бәрин партаўға басамыз“, деди де ҳәммеси ҳәмияндағысын қағып берип, Саекең: „тамашасыз, сонша жумыс қарап тур, неге басыңызды қасый бересиз, Қунназар аға, сен де жет бала“, деп, колхозды бара салып дүзип теслайтуғындай Ақтөре екеўин қыстастырып әкетти...

## 3

Кеше қуры келген Елибай менен Көлибай бүгин де таннан урланып кетип еди, еле хабар жоқ, сырттан сыртылды шықса жүреги ҳаўлирип, Толыбай тақат таппай жүр.

Иниси Көлибай менен, баласы Елибайдың мергенлигине кеўили тоқ, гөзесе гөжекгиң көзинен өткеретуғынын биледи, деген менен, „бурын-соңлы адам атып көрмеген баллар, қолы қалтырап, „әлленеғып“ тиймей, я шала тийип қалса, қурыдық!... Ийисшил ийттей ма-

қаў адам!... Адам өлтирген, адам бойы жер қазады, қаздым ба?!..“ Избасқанның: „хатланатуғынлардың дизими келеди дизим менен лағанын жеткерин“, дегени есине түсип, ҳаўлығады: „Жылўан жақтағыны есапламағанда есиктеги бир-еки қара, онысыз қалай күн кешеди!... Ўах-ўах-ўах, сонша тис-тырнақлап жыйнаған ма-ал.,. Малдан айырып қойса да яқшы дейбе-ер, маңлайы қатты тасмаңлай, — дейди өз маңлайына өзи урып:— Үй-жайдан айырып жер аўдармаса... Онда да тири тирилигин ете берер, биз буны өлтирип усталсақ•— Арғы жағын ойлаўға да қорқады.

„Усы, түбиме Избасқан жетейин деп тур, усыны ғана өлтирип тыныш тапсам қайтеди!“ деген ой да жылт етти бүгин. Олай етейин десе, Избасқанның Ҳайтмурат деген малайын таныйды, басқаларының бир де биреўин билмейди, қайсысының не сүрейли болып келип өш алатуғынына көзи жетпейди. Өлтирмейин десе, айтқанын қылыў керек, „оның айтқанын қылсаң, сени ҳүкимет өлтиреди, айтқанын қылмасаң, оның өзи келип баўызлап кетеди, қайткенде де сум әжел аш қасқырдай анталап келген еке-енн...“

— Баллар кешиктиғо,—Толыбай селк ете қалды:— Отын усақлатайын деп едим,—қараса, ҳаялы екен:— табың жоқ па түриң бир түрли?

— Ҳә—ә, табым қашыңқырап отыр,—деп қымтанды Толыбай:—Тап қашты-ы, қатын, тап қашты-ы!—Ҳаял байының бир нәрседен азарланып отырғанын сезди, бирақ, не нәрседен азарланып отыр, соны билмейди:

— Шикәрға кеткени ырас па өзи, я сен бир жаққа жумсадың ба?

— Мен қайда жумсайын!—Толыбай ҳаялына „билип қойды ма“ деген гүман менен ҳаўлығыңқырап қарады.—Кеше „аңға барамыз“ деп отыр еди... Келер... Жақанды шақырсеш, отын керек болса...

— Жаўшы келип атырған көринеди, Гүлайшаның да қыз болғаны...

— Қойып тур, сен, не деп турсаң!! Кимге жаўшы..

— Жақанның қарындасына-дә, оннан басқа Гүлайша бар ма!

— Сонда неге ойласыққа келмей атыр, я ол да тойып секириўге қарады ма!

— Аглылардың түскени жана, мүддәҳәсин айтпай атырғандыдағы...

— Сонда сен жаўшы екенин қаяқтан билдиң..
— Созанай шешем айтты...
— Бар-әй, Созанай шешең менен қосып!...
Ҳаял есиктен шығып зытты. Күйеўи көптен бери усындай кеселге ушыраған, күйгелек, сәл нәрсеге парты шығып қалады, сәл нәрседен ҳаўлығады, сәл нәрсеге қызып ҳаялына көсеў алып жүгиреди, шыға қашып үлгерсе, үлгергени, үлгермесе, я геўиш, я кесеў, я чайнек, я насыбай тостаған изинен қуўып жетеди.
Сыдыққа китап аштырып көрип еди: „иси қайтқалы күйе-күйе Тасекең жин көзленетуғын, сондай бир кеселге ушырапты.." деди. Даўасын сораған ҳаялға: „айтпай-ақ түсинбейсең бе," дегендей бир ҳүрей менен қарады ҳәм: „ҳәргиз, кеўилине тийме, адам адамға меҳмандур"... деп, жүрегин жарып жиберди. Болмаса, Айхан да айбықәддемликке аўылда алдына адам салмайды, жаңа байын аяғанлықтан үндемей зытты.
Тасманлай ҳаялын қуўарында қуўып, енди қасына шақырып әкеле алмай отыр. Бир-еки ирет: „Айха-ан, Айха-ан!" деп бақырды, „ҳе" деместен ҳаял қазан пештиң қуўысында бөксесин диңкийтип жатыр. Усындай етип, бир майдан өкпелеп жатса байының жүни жатып, жуўасып, жиңишкерип келетуғынын биледи. Ҳәзир де сөйткени менен басына жамылған шапанның саңлағынан есикке сығалап атыр еди, айтқанындай Тасмаңлай қапыны шыйқылдатып ашып, талтаңлап босағадан атлады да:
— Хабар ал,—деди өлпең ғана.—Шынында да жаўшы ма екен? Атларының қуйрығын көр, гүзелмеген бе?—Ҳаял сирә „маған айттың ба, ийтке айттың ба" демеди, тыртым Тасмаңлай даўысын қалтыратты:—Турөссөңо, манлайы қатты-ы... Ызым-сызым бир хабар бар, дүнья-малдан наўнышан қалдыра жақ емес, турөссоноо, бир иләжын ислейик!..
Ҳаял басын жерден жулып алып апалақлады:
— Не хабар?! Дүньяда не жаман хабар болса, тап та жүр, не хабар?!
— Соң айтаман,—деди Толыбай салқын қанлылық пенен:—Сен билип қайт, ырас жаўшы болатуғын болса, қыздан қашыртыў керек, Жақанды айнытыў керек...
— Өйтип не, биреўдиң бахытын байлап. Кете берсин, қәде аламыз..
— Анаў гелленде ең болмаса таўықтың мийиндей

мий болғанда... Мениң не ойлап турғанымды билер един-ау!—Толыбай өзиниң ойын айтқысы келип те турды, тағы, исенбеди, қабатуғын қасқырдай тисленип, бақырып жиберди:—Ба-ар, хабар ал!...

Айхан бул есиктен де шығып зытты...

Сырттан ат дүбири еситилип, Көлибай менен Елибайдың даўыслары шықты Толыбайдың жүреги ҳәўлирип, сыртқа шығарын да, иште күтерин де билмеди, қабаққа түскен тышқандай жайдың ишинде өрден ыққа жуўыра берди. „Булар жайлап келди-аў!" деген ой менен өкшелесип, қуўғыншы келип қалғандай жайдан шыға қашқысы келип те турды. Соның арасынша есиктен Көлибай кирди. Толыбай бетине бақырайып, қатты да қалды. Үнсиз болса да ағасының бир нәрсе сорап турғанын абайлаған жигит „болмай қалды" дегенди анлатып, басын шайқады, соң:

— Жоқ,—деп сыбырлады:—Суўдыр өтти, ақсақалда жоқ...

## 4

Щымбайдан жаў тийгендей атланып шыққан Сайымбет Халқабадта иләжсыз қонып, азан менен тағы асығыс атланып кетти. Ендиги жағында ирикпей-ақ қояйын деди ме, үндемеди, „шамалы жумысым бар" деди де Қунназар ақсақалдың өзи қалды.

Жумысы Қум өзектеги бир бирәдарыникине пәтияға барыўдан ибәрат еди. Гәптиң шыны оған Сайымбетти ертип барыўға ғарры қорықты, „ҳүкимет" десе, жалаң аяқланып жуўыратуғын Сайымбет, сәл жерде шонтықлық етип, қол жайдырмай қысындыратуғын да әдети бар. „Өзи өлген жер, кеўли қабарып отырған адамларды саясаттан түңилдирип аламыз ба!" деп қорықты ғарры.

Бирәдарыникине барып, қол жайып, пәтия салып. кеўил айтып, жаңа алдына бир-бир чайнектен чай алған еди, оннан-буннан гәп кетип, үй ийеси:

— Кешеден бери тап усы тустан бирли-ярым посқыншы өтип тур,—дегенди айтты. „Кеңес дәўиринде журт посады" дегенди сирә қыялына келтирмеген ақсақал, әдеп исенбеди. Сон соң ҳаўлықты, ҳаўлыққаны сол, үй ийеси: „қазақ арасында колхоз дегенди қурып, халықты тымтырақай етип атырған екен", деп зәрресин ушырды. „Посқыншылар" деўге тили бармай.

— Сол көшкиншилердиң өз ауызынан еситтиң бе?!— деп сорады Қуннпазар. Үй ийеси, өз ауызынан еситкенин, олардың төменлеп кеткен аўҳалын толықтырыңқырап айтып берди. Қунназар қайдан киятырғанын, райкомнап колхозластырыў ҳаққында тапсырма алып киятырғанын сирә тилине басқан жоқ, „сол көшкиншилер айтпаса колхоз деген сөзди бул қаяқтан билип отыр"...

— Көп пе, қалай қарап жылысты?!...

— Көп еме-ес, бирли-ярым, былай қарап жылысты,—деди үй ийеси Қунназардың аўыл жағын силтеп. Енди ғаррыдан баспүкил берекет қашты. Дәстүрханның шетин қайырып, „динк" етип есик бетке атлады да: „Атты шеш!" деди. Үй ийеси аң-таң. Баласы қорадан бақыртып таўық устап киятыр еди.

— Нәсийп еткен күни барду, әжели жетпегендидағы, жиберего, балам,—деди ғарры зәңгиге аяқ салып атырып.

Түс шамаласып қалған мезгил еди, азанғы шымыр аяздың еле қәҳәри қайта қоймаған. Ақсақал аўылына төге-төге жоллар менен айдады. Жол-жөнекей шабыраўыт жыңғыл, жал-жал жәнеўит, шоқ-шоқ жийделикте шийедей сырыққан қып қызыл жигилдиклер жемес адамның аўызының суўын шубыртады. „Усыны жегенде адам аштан өлди ме!" деген ой келди, тағы ядына ақ қапшықтағы ийт өлген ашлық түсип, өзинен өзи шоршынды...

Қәпелимде әлле қайдан мурынына қуйқаның ийиси келгендей болды. Ғарры атын иркип, жән-жағына сер салды, „аншы-паңшымекен" деп еди, ондай да көринбеди: „не қылған қуйқа, ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ..."

„Билдим..." деди ғарры ҳәм „Қудайберген ҳаңқалының жайы"на қарап атын тепсинди. Буған жетиў ушын бир-еки жал жийделиктен, жәнеўитликлерден өтиў керек еди. Қарабақанаға апаратуғын жоллар қашшан батыл болып қалған. „Қудайберген ҳаңқалы" деген усы, қазақлыдан шыққан, қарақалпақта биринши болып, кемеши услап, жоқарыға айдарлы кеме тарттырып, саўда ислеген саўдагер бай, қатнағаны мудамы Ҳанқа, Ҳазарыс, Шаржаў жақлар болып, тилин бузып сөйлегенликтен „Ҳаңқалы" атанған бул қарақалпақ, саўдасы сынып, дәўлети қайтқан соң да бул жерде турмай, саўда-сатығы гүжиген өзбек қалаларының бирине Сейи-

тимбет деген баласын жетеп, усыншама ҳәўли-ҳәремди қаңыратып кеткен екен, биреўлер Хийўада, биреўлер, Қоқанда, биреўлер, Бухарда десе, биреўлер тап Мәскеўге жақынлатып қойыпты, ырас-өтиригин ҳеш ким билмейди. Бир-еки ата айналған ағайин болғанлықтан, оны еслеп жүрген де жалғыз Қунназар ақсақал шығар, қырық-отыз жылдан бери басқалардың умытатуғын ўақты болды.

Деген менен, адамның изинде қалған нусқа адамды умыттырмайды екен, „терек—бул ўатан демекдур“ деп, ақсақаллың терек еге беретуғыны да сонлықтан ғой. Тамашасы, отыз-қырық жыл өтсе де, Ҳаңқалының жайының алдында гүжим турар еди, турғанда да ийесиниң атын сақлап тур.

Ғарры жәнеўитлердиң, тораңғыллардың қыраўын саўлатып, усы гүжимниң тусына келгенде қуйқаның ийиси бурынғыдан да бетер өткирлесип, ҳәўлиниң бәлент дийўалының үстинде көкке есилип ақ түтин шықты.

Ҳәўли бурынғы саўлатынан айырылып, қарабаханаға айналғаны менен, пишими, беккемлиги, дийўалларындағы шыбықша нағыслары шебер устаның қол таңбасын еле сақлап тур. Ортадан алаң қалдырылып, Хийўа пишиминде салынған, барлық қапылар алаңға қарайдыдағы, дәл ортаға отаў тигиледи. Ал, кире беристеги дәрўазаның еки жағы болып қалатуғын еки жайда Ҳаңқалының дәрўазаманлары, сейислери жасаған деседи. Ҳәзир оның қапыларынан да, айналарынан да, нағыслы дәрўазаларынан да наўнышан жоқ. Ақшамлары жарқанатлар үнсиз ушысып, гүнгараларында байыўлылар бурынғы салтанатын жоқлағандай нала шегедидағы әтирапқа әлле қандай бир қорқыныштың, ғулғуланың салқынын салады.

„Бүлингеннен бүлдирги алма“ деген нақыл ҳәўлидеги өжирелердиң ағашларының, қымбат баҳалы нигириклериниң бас пүкил талан-тараж болып кетиўинен сақлап турғанлықтан, ойылғаны менен үсти еле ашылмаған, айна-қапы қурып, сыбастырса, зәриў адам отырғандай да өжирелери бар. Әне, усы өжирелер нешше жылдан бери былай-былай шожысып көшкен лолыларға, бас-панасыз дәриўиш, дийўаналарға, уры-ғарға мәкан жай болып тур. Жан—ғаррыға да керек, қорқыңқырап барып, даўыслады:

— Зиянымыз жо-оқ, бирадарлар, арқайын хабарласа бериң..

„.. Ымыызз жооо...“ деп саза берди гөне тамлар. Қорқынышлы бир жым-жыртлық ҳүким сүрди. Әлле ен уақыттан соң үнирейген қапы жайдан бәдбәшәр бир шобыт оралған бас көринип, ақсақалдың көзин атластырып жиберди. Үрке жазлаған ат бир қапталға қаймығып барып дүзиўленди. Көзин ашып-жумып, ашып-жумып, ақсақал шыққан адамнын ҳаял адам екенлигин сезди, ҳаял еки бүгилип, тәжим етти де:

— Елинизге есеңкиреп келген қонақбыз, қайнаға,— деди өлимсиреген, талықсыған даўыс пенен. Әжептәўир аяныш ақсақалдың жүрегин зырқылдатып, нағыслы шарқыраўығынан басқа гидираны қалмаған дәрўаза жайға атын тепсинди. Бурын отаў тигилген орталықтан төрлей берип, дийўалға қағылған гөне жыңғыл қазыққа ерден түспей турып, шылбырын қыстырдыдағы, ғаррыға тән бир итиятлық пенен атынан сыпырылды.

Қунназар ақсақал гөне тамға сәлем берип кирди. Ортада тезек аралас қақ жыңғыл лаўлап жанып, жәнеўит шартылдайды. Бир қапталда астына ажырықты қалың төсенип, гөне пәлекгей алба-далба нәрсени жамылып, биреў жатыр, ыңқылдайды. Кирлеген, бирақ, қап-қара, жуп жуўан өрилген бурым шобыттың астынан шубатылып, енди болмаса отқа тийейин-тийейин деп тур еди, жаңағы сыртта хабарласқан ҳаял бийтаптың жамылғысының арасына тықты да жүректи жибитип сала берерлик меҳрибанлық пенен елжиреп:

— Тур, қалқам, киси келди,—деди, сон тек ғана көзи жылтыраған, кишкене бир қызға сөйледи:—Қорықпа, атаң ғой...

— Кел, қызым, кел, баўырыма басып жылытайын,— деди ақсақал ҳәм қызды сеңсен постынына орап, атын сорады:—Öоой, боой, жақсы қыз екенсең ғой, атың ким...

— Ақжайқын...

— Ой, жақсы адам болдың ғой, ә!—деди ҳаял елжиреп ҳәм отта сасып атырған қуйқаны аяғы менен ысырыңқырап:—Әй, төрем. шыға ғой,—деп бақырды.— Қойдың ийеси емес Қыдыр ата келди...

Сирә, жасырынған болса керек, басқа бир өжиреден үркек нәзер таслап, сақал-шашы өскен, азғанлықтан

көзи үлкейип кеткен биреў шықты. Ғарры жүзин жибитип сәлемлести де:

— Атыңыз ким, иним?—деди.

— О-оой, атым қурысын, Шотан ғой,—деди киси.— Уруўым төрт қара... Е-ее, саған уруўымды айтып кәйтем, қалпақсың ғой өзиң... Шотан атым қурымаса, я мен қулақ болмасам, „ағайыннан қалмаймын“ деп ойға жумалаймын ба...—деп гәпти балалатып киятыр еди:

— Аўылға бул қурлым араласыпсыз, шырақларым,— деди ғарры:—Гәп-сөз болса сөйлесе берермиз, мынаў бийтабыңыз бар екен, бир жыллы жерге апарып жатқарайық, қарныңызды тойдырайық, буўынңартының, — деп атыр еди, ҳаял сөйленип жылап жиберди: —

— Айтпадым ба, төрем-аў, „Қыдыр ата“ келди деп!...

Бийтаплаңып атырған қызды, тик аяғынан тура алмаған сон, атына мингестирди де, Ақжарқынды бурынғыша, тонына орап жылаўын қаға бергенде Шотанның жалаң аяқ турғанын көрип, ети жуўў ете қалды:

— Ой, бо-оой, иним-ай, ма, геўишти кийип ал, үйге жеткенше бизге мәсси де болады..

— Типти, жақсы адам болдың ғой аў, ә!...

— Қыдыр ата десеш, „Қыдар ата-а!“—Ақсақал күлди де атын тепсинди:

— Жүрип отыр, Шотан иним, жақында колхоз боламыз, умытасыз бәрин..

— Оoой-баай, онда сендер де босасыңдар ғой!..

— О неге?!!—Ақсақал шоршынды. Шотан күйипжанып, өкинип-өртенип жол-жөнекей қалай посқанын айтып, Қунназарды қатты сасқалақлатты: көрингенге: „колхоз постырды!“ десе, оннан шатағы бар ма! Қалаберди, буларды колхозласатуғын аўылға алып баратыр. „Сайымбет бир нәрсеге жорып, терис бурып кетпеспекен!“ деп те ҳаўлықты. Бул аўылдан басқа аўылға өткерип жибериўди де ойлап көрди: „Әй, яғә, булар колхозласқанда олар колхозласпай ма, тас түссе, талайыңнан, айтайыншы:“

— Шотан-аў, келин, саған да айтарым: бүгин-ертең халыққа „колхозласың“ деймиз, усы аўылдың ҳүкиўмети мен, „колхозлассаңыз посасыз“ деп, бизге терис үгит жүргизсеңиз, басқа жаманлықтың ҳүкиўметке кереги жоқ жақсылыққа жаманлық ислеген боласыз...

— Ойбай аў, олай болса, типти, аўызымызға қум!—

десип, екеуи бирден албырасып, ант суў ишисип, нан орынына жер тебисти.

Тәуир-ақ жүргеннен кейин усындай тағы да бир хожалық жолықты. „Ўа, „Қыдыр" көрдик, Есиркеп, а, Есиркеп!" бола қалды. Ҳаялы, кишкене бир баласы бар. Шоғанлар бийгабына бола қалғандағы, булар: „қыбырлай берейик" деп жылжыған екен. Ебин тауыпты булар дорбалары урып тыққандай, жигилдик, „ой-байаў. мынаў бир нене типти тәтти екен ғой, осыны билмей неғып ашырқадық-әй Шоған, саған айтам!" деп атыр Есиркеби

Ақсақал Есиркепке де жаңағыдай ант-суў ишкизди. Қунназар ҳәршенки нәрседен антты, лебизди күшли деп билетуғын, өзи де лебизине берик, кисини де „алдайды" деп ойламайтуғын, исенгиш адам еди. Сонлықтан да мына лебизге баспүкил исенип, нәрсе алағадасыз киятыр. „Кимдикине апараман" деген ой еле басына келген жоқ.

Е-ееҳ берги шетки үй Назарбайдики Тамның басында ағаш айыр шошанлатып жүрген Назар ма, Базар ма, ақсақал қолын гөлегейлеп қарап, соны айырмақшы. Себеби, ғарры ушын буның әҳмийети бар: Назарбай— ҳаял даўыслы, қыйқым адам, қурттай нәпси ушын адам алдаўдан да танбайды, „қолы да суқлаў-аў, найсаптың!" деп қойды ақсақал. Әне, тамның басындағы Назарбай болса, онда мына мөҳминлерди жаз шыққанша оңыстырыўға көндириў қыйын, Базарды қурдаслары еркек даўыслылығына қарап: „Базарбай" деп те дегишеди. Бул күйеўиниң ҳәкис жағы, ири, анаў-мынаўға қарап турмайды, орыстай бир сөйлейди, „азамат" деп сыйлағаны болмаса Назарбайды тыңлай да бермейди, тамның басындағы Базар болса, буның менен келисиў аңсат еди, ҳәкисине Назар болып шықты.

„Ешкилерге жуўанның созылып, жиңишкениң үзилип турған қылқыймасында саларман-аў" деп қойған майда шөплерин ширип кетпеўи ушын аўдарыстырып атырған екен. Киятырған жалғыз атлыны таныўдан: „Ҳаў, мынаў Қунназар ағағо!" деп, зәнгини қармалаў менен бола берди.

Жерге түсип, қол алысты. Ешейинде, шақырғанда келмейтуғын адамы. Ғарры жигиттиң „аттан түс, аға" деп, ағын жылаўлай бермегннине ызаланып та турды. „Кеңестен зәрре алдын болып, қамшыны бир жүритип

алғанда жумалар един-аў Қунназар ақсақалға! Ҳәзирги зәкүнниң қамшыны көтермейтуғынын билип турсаң-аў симсик, дүньяпарраш! Усындай адамларға жекке меншикти умыттыр дейди-аў! ..“ деген қыяллар ғаррының кеўилинен өтти де:

— Назарба-аай, мириўбет қайда-аа! — деген даўыс толқынлары болып сыртқа шықты. Назарбай айбынды ма, қысынды ма, аттың жылаўына бир асылыўға асылды, бирақ, көзи анаў аш-арықларға түскенде „Кунназар аға ушын есикти ашып салсам, мыналар ғаўў бас салып, себетти тақырлап кетеди-аў!“ деген ойдың жылт етиўи мәтдал, дәрриў қолын жылаўдан жулып ала қойды:

— „Аттан түс, нан же“ дер едим, аға, мен мына жақта жүрсем келиниңиз қапыны қулыплап, гилтин шашбаўына байлап кетипти, — деди ҳәм өзинен-өзи күлди. Ақсақал да күлди, күлиўиниң себеби „Шашбаўда кетти“ деген гилти Назарбайдың ышқыр баўында салбырап турғанын көрген еди ғарры. „Буны бир тамаша қылайын“ деп ойлады да:

— Аттан түсир, накәс, мына адамлардың көзинше абырайымды төктиң-ғо, сен усындай қылсаң ертең мениң гәпимди ким тыңлайды, ләттепәм! — деп сыбырлады қулағына бууўрыл тартқан сақалын батырып турып.

Назарбай атты анаў жаққа байлап, қолының шаңын қағып, күлкиси келмесе де күлгендей болып, тисин көрсетип, ырсаланлап киятыр еди, ақсақал: „берирек кел“ деген ишәратты билдирдидағы, дизерлеп отырды ҳәм көзи менен Назарбайдың ышқырбаўындағы солғаңлап киятырған кисен гиллитти шөкеледи. Кеўилинде „зағараны талатпайын, себетти тықырлатпайын“ нан басқа ойы жоқ, Назарбай:

— Неўе, Қунназар аға! — деп, жақынлай бергени, ғарры кисен гилиттен шап берди. Бирден қорқып кеткен жигит өзине жылан шапшығандай кейин серпилди. Гүрмеги жаздырылып кеткен ышқыр гилит-пилти менен ақсақалдың қолында қалдыдағы, шерим етигиниң қонышын жапқан бөз дамбалы аяғына тусаў болып, Назарбай жыңғыл қорağа шапты.

„Атым Ақжайқын“ деген қыз, аттан түсирилгели әкесиниң алдында еди, ол да, жеңгесине сүйенип отырған Сулуўшаш та дүньяның ғалмағалын, өзиниң бийтап ҳалын бир аз болса да умытып, күлди. Ҳаяллар

бирине бири: „Ойба-ай!“ десип, бетлерин шымшысып, была-ай, терис қарасты.

Ақсақал гилтин шешип алып, ышқырбаўды шуўмақлап-шуўмақлап, Назарбайдың изинен;

— Мә, абырайыңды жаўып ал, уятсыз, ыштан бийт! — деп қорағa зыңды, тоңқылдады: —Ўсындай ыштан бийтлер менен социализм қура жақпызаў! Я бул пес әдетиңди қоярсандағы, я социализимнен тәмеси жоқ аўылға көшерсең! Аппырмай, адам да буныңдай қыйқым болады екен! — деп қоддаслаўы менен келип, есикти ашпақшы еди, өмиринде бундай қызып көрмеген ғаррының қолы қалтырақлап, гилит уңғысын таппай шықылдады. Соның арасынша Базар келип, кетпенин қойып, ғаррыға ийилип сәлем берди.

— Келдиң бе, азаматым, мынаў қатинегин күйдирдиғо! — деди ҳақ көкиреги менен қуўанған ғарры ҳәм мәселениң мәнжайын түсиндирип: „Ыссы жылымға шекем оңыстырып бересиз, обал-саўабы, келин, сениң мойныңа, бул үйде өзиңнен басқа азамат жоқ, ҳаўўа! Тапсырғанда да саған исенип тапсырып баратырман, болмаса мына жақта сөзимди теберик ететуғынлар көөп!... Кеўилине тийсең, дағы етсең, Назарбайың бизиң есабымызда жоқ, өзиңе кейиймиз...“ деп, әбден шегеледи. Байының пейли-ықбалына бурыннан қанық ҳаял қысынғанынан қыз болып, қашарға тесик таппай: „Усы, ақсақал атам кетсин, етиңди ғана жермен аў!...“ деп, иштен түтигип қалды.

Қунназар Шотан менен бала-шағасын ертип өтип баратырғанда, Назарбай мәширеңнен көгислеў көзлери менен жыңғыл қорадан сығалап тур еди. Әдебинде, питегене қысынғаны менен, ақсақалдың қарасы өшиўден-ақ тазкебине келип, ергенектен шықты.

Ақсақал атасының алдына Дәнияр жуўырып шықты. Шотан жылаўлап, Қунназарды аттан түсирди. Қунназар „балаға бир нәрсе берейинши,“ деп, әри-бери қалтасын тинтип еди, ишки бешбенттен бир-еки қақ ерик шықты. Биреўин Ақжарқынға, биреўин Дәниярға услатты. Бала төрт бесте дегендей емес, әкесине тартқан, боласынлы.

— Үкең ғой, Дәниржан, сениң менен ойнайды,— деди үркиңкиреп қараған балаға ҳәм Ақжарқынды көтерип, Дәниярды жетелеп ишкериледи.

Адым жерде муғаллимди өлтирип кетип атырған,

белсендини ураға көмип кетип атырған, хабарды тыңласаң гилең усындай. Мәдиярдың кешиккенине жүреги муздай суў болып отырған Айсултан ақсақалдан аманлық хабарын еситип, қуўанып қалды. Жадыраған жайсаң келиншек, Шотанға:

— Неге күтпейин, төрим сизлердики, басыма көтерип отыраман! — деди ҳәм усының өзи менен ақсақалды күтә ыразы етип таслады.

Қудайберген Шундый келди. Мәдиярды сорады. Райкомдағы мәселелерди Сайымбеттен қашшан еситкен екен:

— Мен, маңлайы қатты, Жолдас қараны колхозға кириўге көндирдим, „өгизиңди, арбаңды бересең, киресең, бунын жөни шундый болады,“ дедим... Бирақ, биринши арзаны бизден аласыз, Кунназар аға, бул аўылда сизден де, суўлырдан да, бәриңнен де бурын партия болған өзимиз, колхозға да биринши болып киремиз, бунын жөни „шундый“ болады, — деди. Ырасында да талап излеп кетип, Төрткулде орыслар менен жол хызметинде жүргенде партияға 1918-жылы өткен. Кеткенинде ондай емес еди, „шундый болады“ дегенди қоспай сөйлемейтуғын „кеселге“ шатылып келди. Үйренген өзбекшесиниң де болғаны сол екен, лақап тағыўға келин-кепшиктен шебери бар ма, „Шундый қайнаға“ деди де жиберди. Бул лақапқа өзиниң де қулағы үйренип қалған.

Исенип, бир жумыс тапсырсаң, бунда уйқы жоқ, күни-түни үйиниң пайдасына қарамай, кемпирин бажалақлатып, себил болып жүриси.

Сайымбеттен тапсырманы алып, сол Шундыйдың жүриси усы. Өзи де белсендилерди райком шақырса келемен дегенше жолға қарап, азып қалады. „Мәдияр не хабар таўып келер екен“ деп, пытырлап келип еди, келмепти.

Қунназар: „бәрәкәллә, Қудайберген иним, бизге өзиңдей теперишлер жәрдемлеспесе Толыбай тасмаңлай жәрдемлесе ме!“ деп, марапат пенен мардыйтып, қайтайын деп атыр еди. Ақсақалдың аяғына зәңгисин тығып атырып:

— Ҳаў, Қунназар аға, — деди Шундый таңланып: — Мына аяғыңыздың геўиши түсип қалыпты ғо?!

— Шотанға бердим, иним...

Адсақал атланып кетти...

## 5

... Қудайберген шундый „үгитлеймен“ деп жүрип, сол күни-ақ жигирмалаған адамға „ТОЗ болып едик, енди колхоз болайын деп атырмыз, малларды орталықтан жумсаймыз. Көликтиң жетпегенин мына Тасмаңлай қусаған қулақлардан тартып аламыз, бунын жөни шундый болады“, деп, айтып шыққан екен. Сол заматы Толыбайға: „ал, енди сондай-сондай ызым-сызым хабар еситтим, Шундый Суўдырдан еситипти, арғы жағына өзиң ой жуўырта бер, дос досқа зиянгер емес,“ деп туйдырып кетти, Сыдық.

Толыбайдың ядына тағы да Мәдияр ҳәм оның менен Шымбайдан келетуғын дизим, хатланатуғынлардың дизими-ше, сол түсти. Мәдиярдың да, дизимниң де елеге шекем жоқлығы жүйкесин қурытты. Кешеги, алдындағы күнлердегидей емес, қорқа-қорқа онша қорықпайтуғын болып, жүрегин де басып алған. Сырттағы дыбысқа да шоршынбай, тыңлап, парасатлы ойлана да алады.

„Шундый Сайымбеттен еситкен болса Сайымбет райкомнан еситкен, демек, Избасқанның берген хабары дурыс, хатланатуғын болғанымыз,“ деген ой кешти қыялынан ҳәм Избасқанның, бул хабарды кимнен, қалай күни бурын еситкенине ой жуўыртып, ақылын жеткере алмай таўланды. „Егер райком, я исполкомда биреў туйдырған болса, онда ол өзимиздиң адамымыз, анаў-мынаў емес, нәҳән адам. Тапқанымды тыққышлап, барып алдына жығылсам, бул кәмпистен де аман алып қалар еди-аў,“ дегенди пәмледи. „Лийкин, сол адам ким, Есберген қабақ емес пе екен, дүньяға бир адым жақыны сол еди. Пул берсең қатынын да сатып жибереди. Соған тасласамбекен омыраўды, соған, соған!... Бизиң адам болмай шықса-ше! Тутып берсе-ше, айдатып жиберсе-ше, жа-аақ, әмекилигин ортаға саламан, төрт атаға айналмаған ағайин екенимизди өзи де биледи, соны айтып аяғына жығыламан...“

Жақандикине жаўшы келип атырғаны да ырасқа шықты... „Төгилгеннен жалап қал,“ деген. Қай қарақалпақ маған қызын қуры пәтияға береди... Бурынғыдай, ашық шаппат урылмағаны менен ҳәзиргиниң жең ушынан кетип атырған дөңгелек қалыңы қырық туўардан қымбат... Төгилгеннен жалап қа-ал, Толы-

бай, жалап қа-ал, ҳүкимет алса Жақаннан ала қойсын ..“ Маңлайын қурақлы дастыққа берип, дүстөменине жатырған Толыбай тым-тырыс усыларды ойлап атыр,„ бира-ақ, хатланбайтуғын болып шықсам-ше, мениң бай деген туқымымда болған емес, пешанам менен қабақ жарып тапқан малымда кимниң ҳақы бар, журт қол қабартып тапса, мен маңлай сызлатып таптым. Дийхан жумсағаным жо-оқ, анаў үш шопан болса, ашлықта паналап келди, өзимниң жиенлерим, өлимнен аман алып қалдым. Кеңес келди, ҳақын алып дағысты. Жақан ба, Жақанды әкесиниң өзи өлеринде тапсырып кетти, асырадым-сақладым, адам еттим, мен оны жаллағаным жоқ. Пәкизе, бөлек шығарып, хожалық еттим, мен болмағанда тозып кететуғын еди... А-ал, сонда мени қалай бай қатарына жатқарады!... ТОЗ ға кирмедиң дей ме, дара планын ТОЗ дағылардан көп берип турман, сонда ҳүкиметке не жақбасым бар мениң! Жөнейиттиң. Ханмақсымның нөкерлерин күткеним бе, қорыққанымнан күттим, мирәт етип шақырғанымды тек Избасқан биледи, бул да мениң мойынына қоя алмайды, „қорққанымнан күттим“ деп, баяғы тергеўле-ақ айттым, не қылды, ҳеш нерсе қылған жоқ. Енди, ҳүкимет не деп мени хатлайды, ҳәйранман. Қараптан қарап турып, ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ, Жақанның алдына малымды айдап салайын деп турғаным жоқ па!.. Ойласатуғын да адам қапылды бул журттан, Избасқанға айтсаң, „қара қайғың—малың, дүньяхор, мақсети майда, симсик адамсаң, халықтың, мына умуўмый мусылманның ғамын неге ойламайсаң!“ деп, алып топылады. Мына маңлайы қатты, Айханнын да аўызы бос, панқылдап барып, Созанай шешесине айтады. Оннан соң хабарды Тентектиң аржағында көре бер. Усы, Сыдық-ше, Сыдық, жақ, дин адамлары лебизин жутқыш, тайғанақ келеди, басына ис түскенде бәри де сатып кетеди. сатыып.. Телпегиңе ойлас, Толыбай, өзиңнен жақының жоқ өзиңе, Толыбай, не де болса, тасмаңлайыннан көре бер, Толыбай!... Бәлким, хатланбассаң, ақсақтың ақыйырына, соқырдың соңына бағайын-шы...“

Усы қарарға келди ол, енди оған Шымбайдан Мәдияр әкелетуғын дизим керек болып тур, дизим. Оқып көрмекши, өзи ишинде бар ма, жоқ па, анық хатланатуғын болса, Жақанды жақсылап қолға алмақшы...

„Мейли, ҳүкимет алса, Жақаннан алсын, не деп алар екен оннан, бай дей ме, десин... Шыдайын, шыдайын, шыдай турайын-шы, жүрегим неге ҳәўлире береди! Буў, баллар неғып кетти изинде...“ Кеўилине, Мәдиярдың үй бетинен „ўай-ўай“ шығып атырғандай болды... Бир нәрсе сыртта дүсирлегендей еди, жақ... Жүрегиниң дүрсилдиси екен. Жа-ақ, жүрегиниң дүрсилдиси емес, Жақанның дүрсилдиси екен.

Толыбай көпшик пенен шығанағының арасынан тана көзлене сығалап, Жақанның бас ушына келип, саққа жүгингенин, жылыт-жылыт қарап, бир майдан отырғанын, бәрин де көрди, бирақ, дым үндемеди, үндемеген сайын Жақанның пытырлап, тақаты таўысылатуғынын, ҳаўлығатуғынын жақсы биледи. Жақан ушын бул дүньяда Толыбайдан қәдирли адам жоқ, ол тек усы адамның кеўилине тийип алыўдан қорқады. Оның бүйтиўинин де жөни бар еди.

Жақанның Мамыт деген әкеси Толыбай менен жасында талаплас болған. Толыбайдың пешанасы қабақ сындырғаннан кейин астақтадай ашылғандағы, Мамыттики қапылған күйинде қала берген.

Мамыттың ақ көкиреклилигин, дәлилигин, „мал жыйнайын“, деп талапланбайтуғынын жасынан жақсы билген Толыбай Шағал тоғайынан үйшилерге үй соқтырып, қазақ арасына кәрўан тартқан сапарларында я ертип, я үйиниң жумысларын усыған исенип тапсырып кететуғын еди. Ашлықтан қаңғалап келген Бийбайша деген шорысына үйлендирди. Оннан Жақан, үш жыл соң, Гүлайша туўылды. Дәўлет пушық пенен ызбырлы болып, белдар Толыбайға көп салынған жылы пушықтың тарпыўының күшли болғанлығы соншелли, Мамыт ғой, Мамыт, тоң жармаға өзи де бара жазлап қалды-ә! Мамыт сол жылы лепсе болып келлидағы, бәҳәрине „Ақ кесек“ әўлиеде тоң менен бирге жибип кетти. Үйлендирген сол, бала-шағалы қылған сол болғанлықтан, өлеринде: „Бул дүньяда Толыбайдың таўығына төт демеймиз,“ дегизип, Бийбайша түўе, алгыдағы Жақанына анг ишкизди, „жоралығымыздың ҳүрмети ушын бала-шағаңды қор-зар етпеймен“, деген сөзди Толыбайдан да еситип көз жумды Мамыт.

Көп узаған жоқ, ийтаяққа палаў салып, аштан буралған Жақанды шақырды ҳәм: „қоранды анаў ийтиң қурлым қорыйман, жит десең, житемен, бәс десең,

қабаман, усы антымды бузсам, дузың урсын!“ деп, әдеп, өзи айтты, соң Жақанға жети мәрте тәкирарлатып пууы бурқыраған палаўдан жеўге мүрәжат етти Сыдық та бар еди, бала ийтаяқтан тойып алған соң, қолына Мамыттың қайқы таяғын услатып: „түпәләм, орынында бар оңалар, деген, әкеңниң орынын бастың, кәсибин ийеледиң... Ә-ә, ялғанша ә, сениң үсейтип камалға келгениңди Мамыт жорам көре алмай кетти-әә!...“ десип, бала түўе анасын қамсықтырды, әкениң руўхын шад етиў ушын, таяғын көзиндей көриуди зинҳарлап. алдына 40, 30 ылақ-қозы бердидағы, кәсибине қутлы болсын айтты.

Сол „кәмалға келип“ атырғанда жетинши жасына жармасып атыр еди, усы қыстан аман шықса, быйыл жигирмасына қарайтуғыны даўсыз. Соннан бери ата ўәсияты, сол палаў жеген күнги сертине садық, Толыбайға Мамыттан да жан ашыр болып шықты. Малында бағады, егиске қарайды, арбалап отын, қабақлап суў тасып, тандыр да алыстыра береди. Толыбайдың табы қашса, бунын табы қашады, аяғын уўқалайды, басын басады. „Ҳа, айналайын, Жақашым, усыннан басқаның қолы жақпайды, Жақаннан басқаның аялаған насыбайы тутпайды,“ деп мардыйтады Токең.

Бийбайшаның да қызы Гүлайшаға байдың тартқышын берип, көзден қалғаны жақында. Гүлайша басқа жумысқа жегилер болса, Айхан еле де көзлини жетеп келип дән менен тартқышты туттырса тамам, таўыспағанша, я биреў жетеп әкетпегенше тартып турғаны турған. Тәуир-ақ болды, заманның рәмәўизинен қорыққан Толыбай: „биреў дийхан жумсадың дер“ деп бөлек шығарды, сонда да булар тартқышқа тарпына береди. Сирә, өз бетинше күнелтип көрмеген сорлылар, булар жумыс бермеген күни қапа. Усылардың пахтасына бола ТОЗ ға да кирмеди, „кир“ дегенге, дүнирейисти. Бийбайша ғой, Алламберген шундыйды урайын десе, ҳасасын таба алмай қалды: „жүўернемек, әкесиндей қып-қызыл орыс болды да турды, өзи менен турмай „кәмсамалға кир“ деўин қара, мениң балама, сөйгип, енди бай атасына қарсы қоймақшымысаң, яҳ!“ деп ҳәўлирди.

Мынаў келип отырған сол Бийбайша көзлиниң баласы — Жақан. Саққа жүгинип, әри-бери отырды. „Ата, табыңыз қашып қалды ма, аяғыңызды уўқалайын

ба?“ — Саза жоқ. Ақыры болмады, еки қолын қолтығына суғып, мазарға ҳаят оқып атырғандай көринис пенен, тыңласын, тынламасын, аўыл-елдиң хабарын айта баслады:

— Ўай, тамашаәй, Саекең Қунназар атам менен „колхоз“ дегенниң дәрегин айтып, үйме-үй кирип жүр: „Кир,“ дейди маған, „жақсы болады,“ дейди ақсақал атам. Не дейин, „атам менен ойласайын,“ дедим...

— Ол не дегениң, баламмм! — Толыбай басын дастықтан жулып алып сарсылды: — „Алмасаң қой, — гүңк етти Жақан: „Атаң менен ойлассаң алмаймыз,“ дейди, тап мен бир жуўырып баратырғандай, о несиәй, түўе!..“

— Ўай-ўай-ўай, өртедиң-аў! Енди кирмесең де меннен көреди. „киремен“ десең, „Толыбай кир деген, Жақанын ишимизге киргизип алып, иритки сала жақ,“ деп, тағы меннен көрип, сени алмайды, үҳҳ!... Ойланатуғын ўақтың болды-ғо, мени бәле көрсете бермей, аўырманлықты мойныңа алып, өзиңше неге жуўап бермедиң! Мениң менен ойласпа демеймен, ойласпасаң, өкпелейтуғыным да ырас. Жалғызым Елибайдан кем көрмейтуғын болғаннан кейин саған өкпелемей кимге өкпелеймен, ҳа, мына Құдайберген шундыйға өкпелеймен бе, шырағыммм! — деп күйинди Толыбай. Жақан: „Дурыс ғой, дурыс ғой“ деп мыңқылдады.

— Енди, сол ойласығыңды мениң душпанларыма жар сала бермей-ақ тымпылдап келип ғана ойласа бермейсең бе, ладаным-аў!

— Дурыс ғой, дурыс. Бизики қәте екен, қәте ислеппиз.

— Бул журттың көзине бизиң бәле көринип турғанымызды билмейсен бе, еле, билмейсең-аў, шырағымм. Мына шандыры шыққан қуяңқылар мениң есигимдеги, мынаў питегене бир-еки басы артық қараны күнлеп, ө-лип жүр ғой, өлип! Усылардың көзине күйик қылмай жоқ етип ғана тынар едим-аў... — Толыбай Жақанның бийпәрўа жүзине сын көз бенен қарады, „айтсамбекен, айтпасамбекен,“ деп турдыдағы, айтып салды: — Бира-ақ, Елибай ер жетти, дөңгелек қалыңның қаншаға шығып атырғанын өзиң билесең. Қалаберди, тийе берсин, Мамыт бийшараға берип қалған сөзим бар, сениң ҳәм басыңды биреўге шатып қойыў мениң парызым, ақыры! — деп еди, Жақан өзин қоярға жер

таба алмай, биресе мына аяғына, биресе мына аяғына минип комбпаңлады. Алғыслайын десе, аўызына төрели сөз де түспеди. Гәпиниң баланы лал етип таслағанын сезген Толыбай минберлетти: — Әне, сондайға тисиме урып жыйнап жүрген бир-еки қарам бар, шырағым, талампайға кетпей, иләйым, екеўиңиздиң тойыңызға бўйырса, қудайдан басқа тилегим жоқ. Бийбайшаға барып айт, өзим ҳәм айтарман, кешегидей саяқ-сандылақларды үйиңизге үйир ете бермең, қыз бала дегенниң жолы нәзик келеди, жетер-жетпеске сөз болар да кетер, келген жаўшыға, пәкизе: „қыздың басы байлы“ дең де отырың. Гулайша, баламдай болып қолымда өскен қыз еди, ел дүзелер, заман дүзелер, иншалла, еле де қолымнан шығармаспан, сен де қуры қалмассаң, бир қараң бир қараны тутар, мәселени рәсмийлестирмегенше апаңнан басқаға айтпай тур. Колхозға кир, десе, пәкизе, кире бер, оннан соңғысын өзим айтаман,— деп қайтарды

„Бай менен қуда болатуғын болдым, бай бизди өзине рәўа көрди“ деп, ушып-ушып қуўанған Жақанның аяғы жер илер емес, апасын қуўантқанша асығып үйине келсе ликбезден жаңа келген Гүлайша көрмейтуғын болса да апасының алдына дәптерин тутып: „Лекпездегилер мени „хошхатсаң“ десип, мақтасып атыр“, деп, өзи де мақтанып атырған екен.

— Гүлайша,—деди көтериңки кеўил менен Жақан.— Бар, айналайын, шешем шақырып атыр, — деп өтирик сөйледи. — Көмеклессин дейди, қыйналып атыр...

— Мен бармайман, әжаға...

— О неге, қой, бар, уят болады, ҳаў! Биринши ирет еситиўим-әй, о неге?

— Атамларды муғаллим: „бай, езип атыр“ дейди. Қызлар да „малайсыз,“ деп күлип жүр. Езип атырғаны ырас па, бармайыншы, әжаға...

— Журт сандалай береди, бар дегенде бар, усыннан бармасаң бар-ғо, усыннан сондай душпанлардың гәпине ерсең бар-ғо, ликбезге жибермеймен, билдиң бе!—деўи мәгдал, „яқшы, яқшы, бараман, әжаға“ деп, суўырылып шығыў менен болды-аў! Ол кеткен соң, Жақан апасына байдың гәпин қуўанғанынан ҳаплығып-ҳаплығып айтып берди.

— Бизиң Гүлайшаны қолынан шығара жақ емес,

бизди не үйлендире жақ! Гәп буяқта, апа, ҳимм, қудай оңласа...

— Сонда қайсысына ала жақ. инисине ме. баласына ма? ..

— Пай апа деймен-аўў, қайсысына болғанда не, алса болдыдағы! ...

— Сонда да, балам, баласы жаланқаялаў-аў, оннан иниси Көлибай тәўир, шырайға да ... Айыбымыз жарлы демесек, қызымыз бас қызлардан, қарағым, ақылы да, шырайы ла ... Пай, балам, соярын сорамапсаңдағы! „Көзиниң гүли бар" деп, үкең қалемесе не қыласаң, пай...

— Қалейди-и, өзим қалетип берейин соған әйтеўир!...

## 6

Иши-қарыны пытырлап, Сайымбет Мәдиярдың келиўин де күттирмеди. „Пирийздуўмыңды шақыр, хатланатуғынларыңды гедейлер топарына таярла..." деп зәўлим салды Қунназар ақсақалға. „Аўылдың бас көтерген жигитлериниң бири еди, қалаберди, хатлайын деп отырған Толыбайымыз Мәдиярдың аўылының адамы. Асықпайық, ғошшы-ым..." десе, „асықбасақ болмайды, кулак сезсе малын жигиреди, неге асықпайық,— деп мойынын созды. — „ТОЗ дың баслығы" демекшисең ғой, ТОЗ болғаны менен мойын ортағындағы тоғыз хожалық. Сол Мәдиярыңның бир онлық шелли де адамы жоқ, не рол ойнайды, дабай, баслаймыз, Қунназар аға", деп, қыстастырып, аўыллық кеңестиң президиумын шақыртып жибергени кеше еди. Көп даўтартыс болған жоқ, дизим президиум тәрепинен ет писирилимде тастыйықланып болындыдағы ақсақалдың орынлаўшысы Қудайберген шундыйға, онын баласы, комсомол ячейкасының секретары, әри батрачкомның бәшири — Алламберген шундыйға, ақсақалдың бәшири Мурат ҳәккелекке, кимине ешек, кимине ат берилип, гедейлер топарының барлық ағзаларын Қунназар ақсақалдикине бүгин түске-түске жыйнап болыў тапсырылған еди.

Әлбетте, әдет бойынша жыйналыс болатуғын үйге ис қағаз, есап қағазлары салынып, аўызлары пухта гүржиленген қоржынларын қолпылдатысып Сайымбет партячейка, Ақтөре батрачком жетип келди.

Ақбаслы әйтеке, туўбай, қыл мойын қазаяқлы, ешкили, саңмурын, боқлы қытай, естек, шунақ, көлли әйтеке қусаған қыслаўлардың арасының алшақлығын соннан биле бериң, өриске шыққан маллары, „аўыл арасы" деген жайлаўларға бағылған күнде де бири менен бири қосылып кетпейди. Сол аўыллардың бәри усы ақсақаллықтын сорамы болғанлықтан гедейлер топарының елиўден аслам ағзасын биримлеп шөплеў де көп ўақытты алады. Сонлықтан да еле айттырыўшы болып кеткен әкели-балалы шундыйлар менен ақсақал бәшири Мурат ҳаккелектен дәрәк жоқ еди. Биринши болып, союз қосшы Әшир қара келди, ийеги иймеклеў, ҳалына қарамай салтанатын дүзеп жүретуғын, отырғанда кейкейип отыратуғын жигирма бир, жигирма екилердеги жигит еди.

— Бир өзиң келгенше бир-еки ағза алып келсең боладығо, усы аўылдың белсендисиниң бирисең, — деп еди ақсақал;

— Белсенди деп билгениңизде ойласыққа шақырар едиңиз-аў, — деп, Әшир қара өкпесин айтып киятырғанда:

— Сен, өзи, бала, не деп турсаң! — деди ийегин сөзып Сайымбет: — Бар, мына аўылдан жыйнап қайт! — деп, бармағын Кегейли таққа шошайтып жиберди. Буның алдында, анаў-мынаў майда белсендилериң қанша ширенип келсе де түрин көриўден жуўасып, буйрығын еситиўден баладай жуўырып кете беретуғын еди. Әшир қараны зыгтырып жибергеннен соң, ишке кирип, төрлеп, Ақтөре екеўи еки жерге шапанларына ен жайдырып отырысты. Ақсақал да келип шөкти. Қатша Ерназары менен Айназарын сыртқа ойнатып жиберип, Сайымбет пенен дегишип жүрип, ала бүйрек чайниклер менен чай келтирди. Ортаға қақ ерик, жийде төгилди, ҳәр жер, ҳәр жерге бурымдай-бурымдай қаўын қақ тасланды. Бир-бир кесадан баўырларға тартылып, әңгиме-гүрриң басланды:

— Жаңағыдай жасы кишилерге, даўысты пәсейте бермей, шыйырып жибериў керек, баўырды босата берме пай, аға деймен-аў, — дегеннен шықты әңгиме:

— Ях, Сайымбет жан, — деп басын шайқады Кунназар: — Мен сизиң бул гәпиңизге қосыла бериўден қорқаман, сонлықтан ҳәм жасларды шыйыра бергим келмейди. Бизиң жасымыз еллиден өтип, алпысқа арқа

сүйели, мың айтқан менен енди кери кетсек, кетемиздағы, алға басыўымыз мүшкил. Сизге де айтарым, Сайымбет жан, қартайғанда сыйланаман десең, басым қаңғырып қалмасын десең, „мынада не бар“ деп, жас жеткиншеклердиң алдына кесе шықпа, жас көкирек умытпайды, олар биздей кери емес, алға басып баратырған адамлар, бүгин болмағаны менен ертең сени қолына қаратады... — дей бергенде сырттан Айназар жуўырып келип:

— Сайымбет ата, бир атлы келип, сизди шақырып атыр, — деди.

— Бар, айт, өзи келип хабарлассын, түўе, — деп жиберди Сайымбет. Бала жуўырып шығып кетип еди, сырттан Қатша келип сыбырланды.

— Сойдаўылдай бир жигит. Исши ме деймен, саған буғатуғын адамның түри емес, аттан түспейди...

— Әй, шақырсаң-ә жеңге, мениң мәселем соның қолында турса да! — деп қолын бир силтеп еди, Ақтөре ҳаўлықты, ақсақал да ҳаўлығып еди, бирақ, сыр бермеди.

— Ақтөре, жасың кишиғо, атын жайғастырып қайт,—деп, сыпайылап ғана Қатшаны да, өзин де, Ақтөрени де қолайсыз жағдайдан қутқара қойды.

Ақтөре сәл өтпей зәмилдей бир жигитти изине ертип келди. Аяғында ақ пушта етик, басында қырпық қара малақай, бешбентиниң сыртынан мөреси түсиңкиреген дуўхат шапан кийген, шапанның ишинен буўған енли, әскерий қамарының мыс тоғасы жылтырап турған, ашөлең, жуқа жүзли, қулласы, хат-қалемниң жигитине усады.

Онша жалбырақлаў, дағы етиў, қымсыныў жоқ, үстемлеў, кемсалыйқалаў сәлемлести, бунысын Сайымбет: „жоқарыдан келди“ ге жорыды. „Қайда көрген адамым“ деп, ақсақал да ойланып атыр, жақ, Шымбай сорамында көрмеген. Келген адам „төрле-төрле“ ге дым қулақ аспады, аяғын да шешпестең, алашаның бир мүйешин қайырды да қамшысын қапталына таслап, аманат ғана отырды:

— Сайымбет аға деген Сиз болсаңыз керек? — деди Қунназар ақсақалға. Ақсақал кирип келген ҳаялына:

— Мийманға чай келтир, — деди де партячейканы силтеди — Ол сораған яшуллыңыз бу киси болады, — деп алақанын жайды. Сайымбет, әдетине гөре ийегин

созыңқырап, өзи де алға созылыңқырап, „буйымыңызды тыңлауға қуштарман“ деген ишаратты билдириңкиреп отырды. Атлы онда да үндемеди, Сайымбетке тийе жақ қыздай сын көзи менен шола берди. Көзиң менен үсти басын тинтсең, Сайымбетти шамырқандырыўға басқа қыгықтын кереги жоқ еди, бирақ, мынаған қызбады, сынық ғана:

— Ҳәә, биз боламыз, ғошшым, — деди. — Келиўден жол болсын сорай бериў дөстүримизге жат болған соң, төрлетип болып сорармыз деп едик, сиз букәраға шөктиңиз?

— Ҳә, усы жерден қайтаман. Басқа ақсақаллықларға да барыўым керек еди. Районнан киятырман...

— Ҳә-ә, сөйтип сөйлеп отырың ғошшым, ағаңызды ынтықтыра бермей, — деди, „жыйналысқа районнан адам қатынасатуғыны жақсы болды-аў“ деген қуўаныш пенен Сайымбет тағы да омыраўын созыңқырап.

— Исполкомның жаңа шабарманыман.

— Жүдә бәрәкәллә, бурынғымыз қайда кетти?

— Қамалып кетти...

— О неге?!

— Ояғын жолдас Федотов биледи, — деп ызғарлы сөйледи мийман. Усы даўыс толқыны менен Сайымбетке: „мен саған тергеў бериўге келгеним жоқпан, тәртип бериўге келдим“ деген өктемликти де уқтырып қойды: — Тәртип мынадай, өзимиз ўәкил жиберемиз, соған шекем жыйналыс ашып, ҳеш кимниң ҳуқуқын алмайсыз...

— Ҳаў, бизлер ҳәзир гедейлер топарының мәжилисин шақырып отырмызғо! — деп шоршынды ақсақал. Ақтөрениң таңланғанынан көзлери дөңгеленип сала берди. Сайымбет муртынан күлди, күлди де:

— Онда, жүдә бәрәкәллә, өзиңиз келген екенсиз, пәкизе қатынасып кете қоясыздағы, — деди. Шабарман тикленип қарап:

— Бурынғы шабарман усындай жыйналысқа қатынасаман деп қылмыс таўып атыр — деди. — Қусхана жақтан тийисли емеслер хатланып, бул кателикти душпанлар пайдаланып кеткен...

— Биз дым қателеспейик, ғошшым, — деп жалынып киятыр еди Сайымбет, „бол-май-ды!“ деп, тоқ етерин айтты шабарман: — Маған ондай ўәкиллик берилмеген. Мен ўазыйпамды агқардым, асығыспан, — деп түргелди.

Отырғанлар бири бирине сазырайысты. Есиктен шығып баратырғанда:

— Ҳаў, қойып тур, иним, — деп ирикти Сайымбет.— Уәжлесейик, ақыры, сиз шабармансыз ба, басқасыз ба, биз еле оны да билмей атырмыз...

— Исенбесеңиз, исполкомды тыңламасаңыз аша бериң жыйлысыңызды, ала бериң ҳуқуқыңызды, мен не қылайын...

— Жа-ақ, сиз өйтип ҳәқисленбең, кеўилиңизге келмесин, иним, бизге хат жүзинде жазып жибермеди ме?!

— Бурынғы шабарманлар сөйтетуғынбеди? — деп таңланған түр билдирди шабарман.

— Ҳаққый-қаат!—деп созды ийегин Сайымбет.—Сиз, со, иним, бизди көре алмаған болып кете қойсаңыз ..

— О қалай, көрип турып?!

— Мәселен, ҳаялға айтып кеткенсиз, ол бизге айтыўды умытып кеткен, жуўабын өзимиз беремиз, жыйналыс шақырып қоя қойып едик-дә?

— Маған „барлық ақсақалларды, партячейкаларды гөрден болса да таўып алып айтыў“ тапсырылған, яшуллы. Мен, өйтип, ҳүкиметтиң тапсырмасын бурмалай алмайман, аман қалың...

— Ҳәәй, койып турың, ақыры ким айтты десе не деймиз? — деди пысығына жүрип. — Аты-жөниңизди айтып кетиң, ақыры...

— Пай, сөйтип қысындырасаңдағы, Сайымбет жан!— деди Қунназар ақсақал: — Төп-төрели жигит Шымбайдай жерден ат сабылтып, бизди алдаў ушын келип тур деймисең, Сайымбет жан деймен-аў!

— Жа-ақ, Қунназар аға, айтып кетсин. Соннан соң, иним, исполком, Есберген жорамызды айтамандағы, тиккелей тапсырманы мынаў отырған ақсақал менен мынаў батрачком Ақтөреге беретуғын, бизге оның буйрығы тиккелей жүре бермейтуғын еди. Мен жыйналысты оның бул буйрығын тыңламай ашып жибере қояр едим, себеби, өзимниң дурыслығыма исенимим кәмил, бирақ, мына батрачкомға тийисли гедейлер топары. Ал, енди, бул мениң „исполкомға бағынбайман“ дегеним емес. Таңланып отырғаным мынаў: өмирде бизге тәртип бермеген Есберген сизди неге бул сапары бизге шөкелеп жиберип отыр, ертең буның сораспағы болар, ҳаў, аты-жөниңизди айгып кетиң? —

деп созылды Сайымбет. Шабарман: „яман-ә сақ екенсиз-аў, аға,“ деп күле берди, күле берди, соң: „қағаз-қалемиңиз бар ма, тил хат-ақ жазып берейин, сизиң уйқыңыз пүтин болсын,“ деди күлип.

— Мақулы сол ғой, — деп Сайымбет қапталында гүржилеўли жатқан қоржынға қолын созды: — Сөйте қойсаңыз-да, иним-аў, кудай да тыныш, қудағай да тыныш! — деп, тебериктей етип сақлап жүрген дәптеринен бир бет жыртып созды: — Қәлем өзиңизде бардыдағы?

— Қәлемсиз де шабарман бола ма, — деп күлди жигит отырып атырып. Жилиншигин қайырып әкелип, қағазды қонышына қойды да төс қалтасынан басынан гертип, бир ушын илгегине байлап қойған қәлемин шығарды, отырғанларды саўатлылығына таң қалдырарлықтай шалтлық пенен жазды да тилхатты Сайымбетке усынып: — мине, яшуллы, — деди. — Сизики де дурыс, бул күнлери сақ болмасаң, достан душпан көп...

— Әлбетте, — деп оқып шықты Сайымбет. Соң, бәри бирден сыртқа шығып, Ақтөре зәңгисин басты. Ақсақал: „асығыс екенсиз, ғошшым, болмаса ғой, шақырғанда келмейтуғын жигитсиздағы...“ десе. Саекең: „жыйлысымызға исполкомнан соранып-ақ өзиңиз келиң, бир жан ҳақыңыз бар, питер истиң басына, жақсы келер қасына, деген,“ деп қалды.

Ишкерилеп, жайлы жайына отырысты да Сайымбет тилхатты тутып:

— Мине, Қунназар аға, бул бир, муқыят ис болды, „сақлықта қорлық жоқ, — “ деди. Ақсақал хатты көзинен алыслатып, едирейип оқыды: „Тилхат. Беремен ушбуў тилхатты Сайымбет Айымбет улына. Мен исполком шабарманы Әллекүм Нағайбыл улы Баплағанов Шымбай исполкомы атынан гедайлар топарының мәжилисин исполком президиумының мөҳирли ҳүжжетин тутып ўәкил келмегенше тоқтатып турыўға тәртип бердим. Шункий, бурунғы кәмпислерде белсенди, батраклар билә шаҳсиянлығы барлар бай болмаса-ҳәм ҳуқуўқтан айырылғанын исполком тақыйқ етти. Ушбуў мунасибәт билә шабарманнан буннан бурынғы тапсырмасын тәрк етип, пәрман ибәрди. Исполком пәрманын еткердим, дурыслығына қол қояман, ҳүкүўмет атынан Әллекүм Нағайбыл улы Баплағанов.“ Сәнеси де бар.

— Өзи орысыядта оқыған қусайды, — ақсақалдан

соң тилхатты оқыған Ақтөре таңланды: — Пәмийласы да орысша, „увы“ бар, баўрәкәлләә...

— Әне-е, Қунназар аға, — Сайымбөт шулғынды: — Үсейтпесең, шата-ақ...

## 7

... Бәҳәрде шигит, гүзде арба, түйе, ат, ешекли, арқаламай дегендей пахта қатнатқан ТОЗ шылар, ширкет, елиўлик, онлықлар, базаршылар дүканға қатнаған аяқ соқпақ аўыллар менен „Федоттың пунктин“ тутастыратуғын жолға айналған. Пахтасын пунктке тапсырып, Басар, Боқлы Қытай, Ўақым жаран, Туўбай, Қазаяқлы қышлақларының адамлары да усы жол менен қайтады. Жол пункттен шығарда кеңейип, тоғайлыққа сиңискен сайын тарая береди. Пункттен қалыңлыққа жеткенше шабыраўыт жыңғыллық, тоғайдан шыққанды да еркин көресең.

Күн шоқтай қызарып, уясына шала киргенде усы жолға түскен Мәдияр қылаң етип, тоғайдан өзине қарсы шыққан атлыны көрди. Әдебинде, „шеңгектен сорпалық алыўға киятырған биреўдидағы,“ деди де қойды. Жигиттиң дыққатын өзине тартқаны ушын-әм атлының обалы өзине. Өткерип жиберип, тәса-таса менен қапталласып шапқанда да бир жөн, жақ, лаппа бурды да жолдың шаңын аспанға бурқыратып қуйынлатты.

Буны көрип, сезиксиз де секирер, сумлықты сезгеннен соң, кейин қайтар едидағы, негедур, Мәдиярды гүрести қумартқан палўандай дирилдетпе тутып, жаздырса қәне! „Өзимди басайыншы“ деген сайын тислери дигирлейди. Урыста ҳүжимге өтип, жаўдың қарасы көрингенде усы ҳалатқа түсетуғын еди.“ Әдет қалмайды екен-аў, қашқын болса, өкшелесиңкиреп көрейинши...“ деген ой кешти де атты тепсинди.

Тоғайға кире бериcте наганды суўырды, жылаўды тартыңқырады, буяғына сақлық керек, анаў бүктен атса оқ батырды да теседи!...

Алдағы аттың тозғыған тозаңын жутып, жортып отырды. Тозаң суйықласса — қашқынның узақласқаны, атты тежемек керек! Тежеди...

Бирден тозаң тыйылып, алды тып-тынық болды да қалды, қарасы жоқ! „Буққы тасладымекен!“ Жүреги бурынғыдан да дүрсилдеди.

Өзин жолдан бир шетлеў алып, қараса, шаң тыйылған жерден таяқ таслам арылаўдан из жолдың сол жағына жалт берипти де ат керилип туяқ таслапты: „Кимнен, неге қашты, уры бүйтпейди!...“ Из кем-кемнен тоғайға сиңисти де туп-туўры қублаға тартты. Шат-шабырға тырналып, жолға түсти Мәдияр. Алдынан аңлымаса, қашқан жалғыз атлыдан қәўип жоқ... „Айналып барып, алдан аңлыса... Ҳүкиметтиң адамы мени атпайды, душпаны... деме-ек, журтқа керекпен, демек, өлмеўим керек! Төрткул қамалы, Қызыл қумдағы атыспа, Тазқара... енди, енди, әлле ким аўылда жайратса... жа-ақ-әй, ол болмайды!“ Наганды қаттырақ қысымлап, сылт еткен сеске қулақ түрип баратыр, көзи жолдың еки кенарында...

## 8

Алдан болжағанды көзи ашық, данышпан дейди. Ҳәмме алдан болжай берсе ақымақ ким бола жақ, лийкин, ақымақтың да бул дүньяда өмир сүриўге ҳақысы бар. Мәдиярдың жолына шығып кеткенлериниң не сүрейли болып келерин қайдан билсин. Толыбай да өлместиң, қор болмаслықтың иләжын ислеп атыр: „Келин жумсайтуғын сол, келин менен соның басы писпесе болмайды,“ деп, ойласыққа Айханды шақырды.

Баласына жақын күнде Гүлайшаны әпериў нийетин айтты. Айхан арысландай айға шапшыды: „Журттикиндей бес-он емес, жалғыз балаңа шоры, жетим қызды алып, зықналығына бара бересең, ий!“ деп, Толыбайға түңилип қарады. Баласы ер жеткели, ҳеш кимге қыймай, ыңғырлатып-сыңғырлатып келин түсириўди әрман етип жүргенде айтатуғынын қара! „Ендиги теңим соқыр менен Жақан самсам ба!“ деп, төркинине жиркип қарағаны менен, қыздың ақыллылығын, зийреклигин, қолы өнерли, мийнеткешлигин, бәринен де шобыттың арасынан да жарқырай беретуғын жадыраған ақ жарқын дийдарын өзгеге қыймайды: „Дәри болса иниңе...“

— Ҳаўўа, ҳаўўа, — Толыбай қуўанып кетти. — Елибай сирә ядымда жоқ!... Бар, Жақанды шақыр, тез бармасаң, балаңа әперемен! — деп қорқытты...

— Бүгиннен баслап, бой жеткен қызды лепкезге жибермейсең, — деп күлди Айхан. Лийкинге түсинген Бийбайша да күлип сөйлесе де:

— Қыздың ерки еле өзимизде, — деп. илип сөйледи: — Бағана мына Алламберген шундый аўылдың қызлары менен қуўып кетип еди, тарқамай атырғандыдағы, келген жоқ, — деди жайпаўсып. Айхан Жақанға: „атаң шақырып атыр“, деп, өкирен қақтырып, ертип кетти.

Шамалы ўақыт өтти ме, өтпеди ме, Бийбайша намазын оқып-ақ үлгерип еди, сырттан шыққан дүрсилди тысқы есикти шыйқылдатып, соң ишке кирди. Анасы еки бирдей жигербентиниң аяқ алысын көзи барда-ақ алыстан аңлайды: қызының жүриси биймәлел, ақ қуўдың жүзгениндей, пәкизе Жақанның басқан жери жаңағыдай, ойылып жүреди:

— Жақа-ан, — деди қапталынан әлле бир нәрсени сыйпаланып: — Тез қайттың ғой, қулыным, жумысын ислемей, зейинине тиймедиң бе?...

— Жинлимен бе өйтип, Тасмаңлай атамның өзи жиберди...

— Қой, өйдеме! — деди „биреў еситип қойды ма“ деп ҳаўлыққан ҳаял: — Айтсаң да атын айтып „ата“ де. Жетер-жетпестиң гәпине ере берме, қулыным, билсең — ол әкең есабы, оның жақсылығын умытсаң қудайыңды да умытқаның...

— Умытпайман, апа, умытып жинлимен бе! — деди ҳәм мыңмыңлап отырып, байдың айтқанларын айтып, „кийин“, деди. Кемпир кийинген жоқ: „Етигиңди шешип, пәкизе былай шық, „сабыр түби сары алтын, сарғайған жетер муратқа“ деген, балам. Енди, мың айтқан менен де байдың қудасысаң, есигине жуўырып, қәдириңди кетире берме, қыз айттыратуғын адамның өзи келеди,“ деп еди, „ырас-әй, өйтип не маған, өзим барып!“ деп, бала шешине баслады. Сириси қыйсайып кеткен етигин шешип, есиктиң алдына ылақтырды. Төрге шығып, жалаң аяқларының бас бармақларын тәррийтип қудаға усап отырды.

Ҳаял өзинен өзи қуўанды. Қәдимги, „көзлиге“ тән сабырлылық пенен мойынын былай-былай бурмастан:

— „Бир қара бир қараны тутады,“ десе, қудай сениң де басыңды қурайын дегени, балам, — деди ыразылықтан елжиреп: — „Өзимдей бай менен қуда боламан“ демей, бизди писент еткениниң өзи ғаниймет, шырағым...

„Шырағы“ бул ўақытта гәпин тыңлап отырған жоқ еди. Ойлары гөллесин шатынатып, көкирегине де ала-

ғада салып атыр: биресе отырады, биресе басын қасыйды. Сыдық моллалар есигинде зыр жуўырып жүрген бай менен елден-ақ зәңгилес болып қалғандай, жастықты қолтыққа қысып, бир қолды бүйирге таяп, байшылап жамбаслап көрди. Бирден: „ҳийле жоқпекен, басқаның қызы қапылды ма!“ деп ҳаўлықты. Тағы өзин басты. Енди ол: „мен кимниң қызын айттырсам екен, Мәдиярдың ҳаялындай қарыўлы нашар қайда бар екен, бала, орныма қазыўға жибери-иип, жилиншикти айқастырып жатар едим, Назарбай қатынектиң ҳаялының сорты да жаман емес, Назекең жайын салғанда пәр дийўалына, қолагирине малақайдай шынғытып ылай атты-аў, найсап, өйтип, мен аталмайман! Кимде бар екен, бала, сондай қыз. Усы Базардың, я Айсултанның сиңлиси жоқпекен, бала, сорап көрейинши,“ деп таңның атыўына асықты...

Толыбай әри-бери күтти, келетуғын қудағайдан дәрек болмады. „Бул ис, бәри бир, молласыз питпейди, қалаберди, арада адамның болғаны да жақсы, ҳәзирги күнде еки туўып, бири қалғаның болса да бадыраққа исениўге болмайды“ деген ой менен Сыдықты шақыртып, „сондай, ҳа, сондай“ деп, ойындағысының зил түби болмағаны менен, женил-желписин, журт билип қойғанда да өзине зиянлы емесин айтып шықты. „Жақанды жибергеним қашшан, керекли болып, келмей атыр,“ деди. Сыдық кеңкилдеп отырып күлди, соң: „әнгеклик етипсең,“ деп, бас шайқады: „Сениң буның қыз айттырыў емес, қудағайыңды бассыны-ыў, усының неси бар деп, хорла-аў. Ба-аай, бай, Толеке-аў, бала екенсеңғо!..“ деди жамбасына урып.

Бай да бул айтқандай сада емес еди. Қатнасықтың бурынғы сынын бузбаўы,—бай,—бай жайында, малай — малай жайында қалыўы, оның ушын, биринши ғезекте өзин қәдирли етип тута билиўи, „қуда болдық“ деп жалбырақламаўы, лийкин, өзиндеги мақсеттен келип шыққан тәкапбырлықты сездирмеўи де керек еди. Соның ушын, неге бармай отырғанлығын айтпағаны менен, не деў кереклигин айтып: „сен бир барып келши, жүдә болмаса барамыздағы,“ деп жиберди.

Оқыўдан жаңа келген Гүлайша қашшан ошаққа томар қалап, дүмшениң жамбасына от басып атыр еди. Сыдық кирип, Жақанды да, апасын да апалақлатып таслады. Шақырғанда келмейтуғын адамын отырғызар-

ға жер таба алмай: „былай шық, ҳа, былай шық,“ болып еди. „Жақ, қайтаман,“ деди геўишин шешил бир шетке дизерлеген Сыдық. Аман есенлик сорасты. Соң гәпти аннан-мыннан қашырып, ақыры тоқ етерине келди:

— Баекең жақсы нийет пенен бир ис баслаған екен, — деп басланған әңгиме, Бийбайшаға күйеў баласына қутлы болсын айтыў менен аяқланды. „Сирә, ер жеттим-аў, бул үйден кетемен-аў!“ деп, бурын-соңлы ойлап көрмеген Гүлайша жаңағы әңгимелерди шоршынып- шоршынып тыңлады, бирақ, бажылдаў, даўысын қатты шығарыў қыз баланың мәрки, сөйткенин биреў еситсе, аўызы менен қус услай қойсын, „аўызлы“ деп, қайтып ол үйге жаўшы келмейди. Анасы усыны жасынан үйретип таслаған, әри „аўызлы“ атанып отырып қалған талай ғарры қызларды күнде көрип жүрген Гүлайшаның үнсиз шоршынып атырғаны да сонлықтан еди. Қызының шоршынғанларын анасы, көзи соқыр болғанлықтан, сирә көрмеди, ағасы көрсе де: „ишинен қуўанып отыр-аў, маған билдирмеў ушын шоршыныўын қара,“ деп ойлады, Сыдық нека кесеринде бундай шоршынбақлар түўе буннан бетерлерин көрип жүргенликтен, нәрсе итибар бермеди. Ҳаял айып көрип:

— Қыз айттыратуғын адамның өзи келмей ме екен, — деп, әри-бери қыйпақлап еди, „жарлыда бизге беретуғын мал жоқ, усыннан басқа бай өзиндей байлар турғанда бизиң менен қуда болып не қылсын! Усы, апам орынсыз шалқайып, байды айнытып алайын деп тур-аў!“ деген ойы шоршытып, Жақан өрре турдыдағы „бол, ҳа, болды“ салды. Бир адамға еки ўәкил түскен соң шыдатпайды екен, Бийбайшаның әлтек-тәлтегин шығарып алып шықты..

Жақан: „есикти тәмбиле“ деўди умытып кетипти, сол айтпаса, қыздың өзи билмейтуғындай жары жолға жеткенде баратырған апасын таслап қашқан адамдай изине жуўырды. Сыдық молла кеңкилдеп келип күлип: „өзим ғана жетейин, жеңге, төлеге тартып кетеди деп қорықпасаң,“ деди де сүрлеў соқпақ пенен үлектей жетеп кетти.

Айхан Бийбайшаны, Жақанды төрлетип, хызыметти пүткиллей жүз пайыз етип таслады. Жақан, өмири

туўып, нышала дегенге биринши мәртебе усы бүгин тилин басып көрди.

Бай гәпти узаққа созбады, уйқысы келип отырса керек·

— Мен өзим барып, сениң ошағыңның басында нан сындырысыўды билмей отырған жоқпан. Биреўдиң изинде биреў, заман бурынғыдай емес, ҳүкиметтиң жини байда болып тур, ба-ай, билгенде қандай, журт дәстүрди, „кел, кетти,“ бизден үйренсин, билемен-аў, билсем қайтейин, мына тар заман табанымды тарылтып қойыпты, барғым келмей де отырған жоқ, келсе қайтейин, мына Жақан жанга бир зияным тийип кете ме деп қорқаман Биийбайша-аа, үҳҳ, мениң бүгин сизикине кирип баратырғанымды көрсе, „әне, үкитлеп шықты бай,“ деп, байдан бәле басқырлар, Жақанды меннен жеркендиреди.

— Онда қурдас, — деп гәпти бөлди ҳаўлығып Биийбайша;

— Қуда дейбе-ер, — деп, Сыдық Биийбайшаның да гәпин бөлди.

— Пай, сен де бир, молла бала, гәпти бөле бермеш, онда, қурдас, биз сизиң менен қуда болайық деп отырмыз ғой, ақыйры Жақанға жаманлық болып шөксе, онда, қалай болар екен, сөйдеп отырсызғо...

— Мәселен, қандай жаманлық?

— „Байдың баласына қарындасыңды бердиң“ демеспекен!

— Әне, түсинбей отырғаның сениң усы жер. Булардың зәкүни бар, қыз бенен бала бирин бири „қәледим“ десе тамам, араласпайды. Қуда да тыныш, қудағай да тыныш. Мениң айта жағым мәселениң басқа жағы. Бүгин-ертең колхоз деген бола жақ қусайды, арғы күни тағы бир нәрсе болады, сонда: „кеше бай үйине кирип баратыр еди, сол үгитлеп жиберип отыр“ деп, Жақанның „олла“ дегенине мына қудадан на үмитлер инана ма, инанбайды. Бунын менен қатнас тыйылады деп ойламай-ақ қойың, қатынасаман деген адамның мың да бир жолы бар, қуда көкиректен биреў биреўге мириўбет деген нәрсени айырмаса болды, — деп жуўасытты Биийбайшаны. — Жақан безбесе, мен безбеймен...

— Ўәй, яғә, ата, — деп қобалжыды Жақан. — Сен безсең де мен безбейме-ен...

— Безбеймен, деп, балам, сөз деген жаман. Бунын

бузбайжағы жо-оқ, мынаў сениң жел қолтық батырақларыңнан қорқаман, өзиң-ақ көкиреклеў жигитсең, не болса соған инана бергенди де қой. Биреў аңқылдатса сөйлей де берме, гәптиң шыны, саған сыр айтайық десек те қорқамыз, „әлле қайтип, биреўге айтып қоя ма“ деп....

— Я-ғәй, айтып не қылайын, айтпайтуғын нәрсени айтпайман-аў, өзиң дым айтпайтуғын нәрсени айтпай жүрсең. Сениң айтып жүрген нәрсеңди айта бериўге болады, оннан бәле келмейди...

Бай едирейип қарады, Жақанды бундай нәрсениң парқын айырады деп ойламайтуғын еди. „Егер усы ақыл өзиники болып, ҳақ көкиреги менен айтып отырса, онда анаў-мынаўды исенип айтыўға болады,“ деп, иши жылыңқырады: „қудаға шүкир, бас пүкил ақмақ емес екен...“

Жетим қыздың пәтиясы тез оқылып, наны да тез сындырылып болынды. Жақан менен Бийбайша „қызымның нырқы пәлен“ демеди, Толыбай: „пәлен беремен“ демеди. „Бир қара бир қараны тутады, заң қандай болады, заман қандай болады, бул күнде тамағыңнан өткени өзиндики, өтпегени гүман, бир жерди шөкеле, Бийбайша, мен де тез қутылайын, мал-ҳалдан,“ деп еди, аналы балалы екеўиниң соған-ақ етеклери көлдей болып қалысты.

Айханның да кеўили шарқы пәлек, Бийбайшаның қайтип дийдинен шығарын билмей атыр:

— Нан ушынан пәтир, үлкенин соң киесең, — деп, Бийбайшаның көзи көрмейтуғын болғаннан сон алдына еситтирип қойды: — Жағасы ашылмаған шатыраш көйлек. Айтаберейик те енди, келинимизге аштырып, пәкизе, тойларға кийе бергейсең, мынаў, Жақан, қарағым, төрт аршын қара таўар, бешбент тиктиремен деп, атаң Әмет шайтаннан бир қойға алып еди, саған несип еткен екен. Молла бала, саған таўардың ирети болмай қалды, мойыныма қарыз, мынаў қатырма тақыяны кий де мынаў шымшық көз орамал менен бетиңди сыпыр...

Аздан соң ҳаял оларды узатып салып, дәрўазаны илип қайтып, күйеўиниң төсегин салыўға қарады. Тап кеткенин көрмегендей:

— Кетти ме соқырлар! — деди өзине-өзи ырза кейипге күлип. Күйеўиниң неге күлгенин билмей-ақ, ҳаял күлди ҳәм: „жетеклесип кеттиғо,“ дегенди қосып

қойды.—Баяғыда мени де айттырып едиң-аў, усындай етип, — деди Айхан, әлле қандай ҳәўес пенен: — Бүгин арқанды қасытпайсаң ба, маған — деп, сырлы бағыш бенен есиктен атлады... „Баллар кемедиғо,“ деп, тағы кирди, үндемеди, кетти...

## 9

... Кийиздей қалын түйе сиңир қаплаған буктин астынан екинши, үшинши мәртебе оқ көширилди. Қарсы төрептен де бир нәрсе атылып, бүкти сытырлатқандай болды. Елибай әдеп ненин не екенин абайлай алмай қалды, мына панқылдап атылып атырған оқ ағасының түтесинен бе, я өзинин мылтығынан шығып атыр ма, оны да билмейди. Қәпелимде көзи түсип кеткени, қуўанғанынан өзин қоярға жер таба алмай:

— Көлибай аға, көрдиң бе Көлибай аға, ини́ңниң мергенлигин!—деп жиберди:—Ат-паты менен омақазан аттырдым-ә! Мәдияр болмақ түўе, оннан зоры болсаң да бир бапладым ба, бапладым, Көлибай аға, неге үндемейсең!—Артына қараса Көлибай шалқасына түсип атыр:—Көлибай аға ҳа Көлибай аға!—Сес жоқ, „бир нәрсе болды ма, басын сүйейин“ деп, арқалығынан қолын өткере бергени, алақаны жып-жыллы нәрсеге батып ағасының қақ жаўырынынан бир шуқырға кирип баратыр, баланың тула бойы жуўў ете қалды, қолын тартып алып қараса—қан, ағасының қаны!...

Торанғыллықтағы ғарғалар жан ийнине от түскендей ғарқылдасып, жанталасып, қаймығысып, ҳүрейленип ушады. Қорқынышлы, тоғай иши дым қорқынышлы ы! Ағасыникинен де бетер, негедур оған жолда жатқан Медиярдын өлиги ҳүрейли, ғулғулалы. Ол ең болмаса соның өлигинен алыслаў ушын еки мылтықты қоллары қалтырап, ийинине айқыра салдыдағы ағасынын өлигин кундақ көтергендей қолына алып, путадан путаға, шаттан шатқа тырналып, атлары қаңтарылған жаққа қарай кетти, ал, атлар болса бул кәрадан ярым шақырымдай арыдағы жигилдикликке қаңтарылған еди, ол кетип баратыр, дәрмансыз дизелери шалысып баратыр. Қорқынышлы-ы, тоғай иши дым қорқынышлы-ы...

* * *

... Үйинде Ерполат жыраў айттырылып атыр ма, қудай-аў, журт көп, бир әшир-нәшир болып атыр...

Я-а пәлек, өгизи жоқ, аты жоқ, нәҳан бир арба домалап киятыр. қашайын десе орынынан тура алмайды, қашпайын десе, басып кете жақ, әне, келди, әне, басты!... Тақыр-тақыр!...

Толыбай бастырыныґып, буўлыґып, шаршап. ҳалдәрманнан бәтамам айырылып қалыпты. Көкирегине түпирип, түс екенине қуўанып, жуп нан садақа айтып: „хе, құда-а...“ деп, жақсы тилеклерди жаңа тилеўге қолайласқан еди жаңағы арба тағы тақырлады, жа-ақ, түси емес, оңы қусаған. Көкиреги лүп-лүп урып, тыңтыңлады, көкирегиниң дүрис-дүрис урғанын даладағы саргылды басып кетти: „Ә, дәрўаза қағылып атыр, Избасқан емеспекен!“ деген қорқыныш пенен бир зум, демин ишине тартып жатты да: „баллар келген шығар“ деген ойдың келиўи мәтдал, көрпени серпип таслап, сыртқа жуўырды.

Ҳәўлиге шығыўдан қоразлардың ғыйғалақласып. шақырып атырғанын еситти, „соңғы шақырымы-аў“, деген ой жылт етти де, ендиги барлық дыққатын дәрўазадағы тарсылды алып кетти.

— Кимсе-ен!— деди сыбырланып. Сырттан жыланған сыңқылды еситилди. Толыбайдың еки дизесинде дәрман қалмады, өзиниң қарыўлылығынан жығылмай тур, көкиреги әлле қандай жаманлықты сезгендей...

— Қурып қалды-ық, қурып қалды-ық! Көлибай ағамды атып кетти...

— Өлим, үниңди өширр! ..

Қалған жағының бәрин ол үнсиз иследи, баласының ыңғайын абайлады. өзи сәл қамықса, баласы өкирип жибере жақ, өкирсе, ҳаял оянажақ, оған түсиндирип, жубатып отыраман дегенше журт ояныд, ҳәдийсениң анығын билип қоя жақ:

— Үниңди өшир, жүўермек!—деп тислене сыбырланды Толыбай:—Қаерде болып жүр, жуўермек!—деди әлле қашшан серрийип қалған өлиниң бас жағын көтерип, есиктен киргизе бергенде.

— „Әўлийе теректен“ өтиңкиреп... „Қудайберген ҳаңқалының“ жайына жақынласын“ деп едим, өзи қылмады...

Үнсиз жүрип, өлини оң жаққа шығарып жатқарды да үстине ақ жаўып таслады. Соң, шыраны өширип таслап, „сөйле!“ деди. Буйрық сыбырлап еситилгени менен яма-

нә қатал еди. Лийкин, әри тоңып, әри албырап қалған Елибай жөнли сөйлей алмады:

— Өшимди жиберемен бе, ат-паты менен қалпақтай ушырдым-ә!—дегеннен басқаны айте алмады. Толыбай баласын қаранғыда қармаланып тауып алып, жағасынан жулқылап өзине тартып алды:

— Өлтирдин бе, қулласы, соны айтсан-ә!..,

— Айтып отырманғо, ат-паты менен ушырдым...

— Хат қәне, хат!!

— Коржынында қалған шығар!!!

— Өлим, саған, өлимм!—Толыбай теўип жиберди:— Бунын ақмағы өлмей ақыллысынын өлиўин қарасаңә!...

Қолын артына қайырып услап, қарымдағы қасқырдай қаранғы жайдың ишинде былай-былай жортты. Ақыры баласының алдына келип тоқтады да:

— Сен, жаман, сол хат ушын жол тосып жүргениңди билемисен, билмейсең, ақымақ! Ҳәзир атынды мине шап, шап та қағазды, лағанын алып қайт. Есинде болсын, ҳеш ким оянбасынан бурын жетип кел! Даўыс шығарып кел, журттың аза бойы тик туратуғын болсын, жаман, өлим түсип атыр, жулының үзилип атыр, өзегинди ашыт, жаман! Айтынып жыла: „ағамды басбашылар өлтирип кетти“ деп жыла, „басбашынын оғынан шейит өлген жан ағам“ деп жыла, билдиң бе! Қай ўақытта атты?!!

— Ымырт түсип, жолды ай жақтыландырып тур едиғо!...

— Түс аўа бергенде деп айтасан, болмаса, ГПУ ийттей ийискелеп, таўып алады, оннан соң Көлибайдың изинен сени де жибереди, о дүньяға! „Әўлие теректи“ аўызына алма, онда ГПУ дың ийитлери соерлерди ийискелейди де, сен жаманның тамшылатқан қанының изин қуўып, үйге келеди, түсиндиң бе, „Әўлие теректи“ умыт, „Шағал жағысы“ де... Тур, шап!... Үҳҳҳ „

„Кетти... Пәмсиз перзент, Назарбайдың қаншығын шабаландырып үргизип кетиўин қара, былайлаўдан айдаса боладығо, пәмсиз перзент!..“ деп тоңқылданды инисинин өлгенин баласынан көргендей. Патырақлап барып, аттың дүбирлиси де бас пүкил семип кетти. Үйдиң ишин меңиреў, өли тынышлық қаплады. „Усы пурсатларда бийқайғы, арқайын өли төсегинде уйқылап атырған адамлардан да бахытлы инсан бармекен, мениң маңлайыма не болды!“ деп сарсылды ол өзинен өзи.

Анаў жайда ханнан хабарсыз жатырған ҳаялы Айханды да өзинен бахытлы сезди ҳәм ығбалына нарыйза, бахытының ашылмағанына налынған қатынға усап, маңлайын сүйенип отырды.

Тириге тиришилик жарасады екен, оған кереги де сол қусайды. Бул, бир, екиншиден, тириге тирилер менен жасаў жарасатуғын қусаған. Ол мынаў өлиханадан, ҳаялының үстине кеткиси келип, ҳәйўанға шығып еди, тағы, „оятып аламан ба, сездирип, жылап жиберемен бе“ деп қаўетерленип, нийетинен қайтты, лийкин, ҳәйўанда да тура алмады. Дым суўық, „түңликтен келемекен“, деп аспанға қарады, жулдызлар кемкемнен шағырайысады-ә! .. „Избасқан усыннан түскен-аў“, деп, түңликке тағы шалқая бергени, көзлери масаладай жанып, қап-қара бир нәрсе үңилип тур екен, бақырып жибере жазлап, өзин зорға тутты ҳәм өли жатырған жайға қалай урғанын сезбей қалды. Бул қәрада тағы жүреги ҳәўлирди Усы ўақытта оның ядына инисиниң атын ишке, тасаға байлаў кереклиги түсти ҳәм гөне сенсеңин жамылып, ҳаялынан урланып, сылт еттирместен сыртқа шықты. Таң жақынласып қалыпты. „Жақты түсип кетпестен бурын келе қойса болар еди“ деп ишинде гүбелек пытырлады. „Суўық па, я ишим қалтырап жүр ме!!!... Мәрт бо-ол, Толыбай, мәрт бол, бул қарағанда сен жыласаң жубататуғын адам жо-оқ сабырлылық пенен, парасатлылық пенен ис тутпағың кере-ек“, деп өзине өзи тәселле берип, жигерин жыйнады да тағы өлиниң үстине кирди.

Енди оның ҳеш ким билместен, келместен бурын бир майдан пинҳамы жылап, дебдиўин шығарып алғысы келди. „Жыламайын“ деген сайын жылағысы келе берди, қәпелимде, негедур, инисиниң бетине үңилгиси келип кетти. Қалғанын ол ғайры тәбийий бир жағдайда жүрип иследи: шүтикти жақты, инисиниң бас ушына шөкке түсти де бирден ашса жүреги жарылып кететуғындай әсте-әсте өлиниң бетин ашты. Өлимтик жақты жылысып, қабақтың тусынан төмен түсе бергенде Толыбайдың туўысқанлық жүреги де шоршынғанынан „дирр“ ете қалды. Тап, ағасын гөзеп атып жибережақ адамдай бир көзин беккем қысып, екинши көзин барлық ғәхәр-ғәзеп пенен бақырайтып ашып атыр екен. Оқ тийместен қас қағым бурын Мәдиярды услайтип шөкелегенинде қандай ғәзеп пенен қараған болса, тап

сондай ғаэеп пенен Толыбайға тесирейди. Бираз өзин басып, жумдырыўға ҳәрекетленип, уўқалап көрип еди сиресип, қатып қалған екен, бақырайды да жатты. „Большойлардан сениң өшиңди алмасам, қатын болайын“ деп, өксип-өксип жылады. Сәлден соң, ҳәрекетленген адамдай елерип, өрре турды, жалма-жан оқ дизилген қатарға, пешке сүйеўли турған мылтыққа жармасты. „Енди мен жасамай-ақ қояйын,—деп гүбирленди.—Мәдиярдын ҳаялын да, кишкене жуўернемегин де, Қунназарын да, Сайымбет суўдырын да, Қудайберген шундыйын да ҳәзир ғана қырайын, ҳәзир қырмасам, ҳеш қашан қыра алмайман, ҳәзир-ҳәзир...“ деп есикке жуўыра бергени, сырттан ўай-ўайлаған ашшы даўыс еситилип, бирден есине ендирип таслады. Мылтықты, қатарды бир шетке шынғытып жиберди де қос бүйирин таянды. Дәрўазаны әдейи ашып қойып еди, баласы кирип келгенше бүйирин таянғаны менен, даўыс шығарған жоқ. Ал, баласы келип, көрисип жылаў ушын ыйығына басын қоя бергенде, даўыс шығарыўы керек лигин де умытып, умытылғаны ядқа түскендей жуп жағадан жулқыды да: „қайда!“—деди қырылдап;—Хат қайда-а?!“.

— Мәдиярдын өлигин әкетипти биреўлер,—деп жыланып сыбырланды Елибай:—Аты жатыр теңкейип...

— „Ҳә, ҳәзир оныкине де қан қуйылады екен, қуйылғанының алды болғай!...“ Толыбай да саз даўысқа салды. Нениң не екенин түсинбеген Айхан жуўырып келип, биресе байын, биресе баласын жулқый берди;

— Қара бассынызға болғырлар, не болып қалды-ы айтөсиң!...

— Әжағамды, ўааай-ўай, басбашылар, ўааай ўай, атып кетти, ўаай-ўайй!...—усы даўыс таңғы тымықты тебирендирип, дыбыс жетер жердеги қоңысы-қобаны тик аяқтан турғызды.

Алды менен жалбырақлап, дәлдиреклеп Жақан келди. Ақ көкирек адам жыласа да ямана егитилип жылайды екен, өкирип жылады, шын жүректен жылады, „келиспеген талайым“, деп, айтынып жылады.

Жақанды жуўырта қойғанда, Сыдықты жибергенде де дым ҳеш кимди жибермегенде де болатуғын еди, олай етпеди, жалаң аяқ, жалаң бас дегендей, Мәдиярдын үйине өзи жуўырды.

Бир-еки күнликте бас паналап келген менен қаш-

шан үй адамының бири болып, сиңисип үлгергсн Шотан сыртта азанғы чайға томар айырып атыр еди. Анаў алыстан жуўырып киятырған адам жете сала гегирдегинен ала кететуғындай қорқып, ишке сүнгиди:

— Ойбай-аў,—деди хаўлығып.—Жынды ма, биреў айғайлап жүгирип келеди,—деп айтып аўыз жыйған жоқ, ентелеп Толыбай кирип келди де даўрықты:

— Кели-ин, қурып қалдым, Мәдияр қайда, Мәдиярр...

Айсултанның аяғында жан қалмады: „алла, бәрекәлла, буның бул кешигиўи тегин емес. Мәдиярға бир ис болған!“ деген ой жүрегин суўлатып: „Аманлық па, қайнаға, аманлық па!“ деп апалақлай берди.

— Бизиң Көлибайды басбашылар атып кетипти! қайда бул елдиң азаматлары! Болшой бунда қоймаса, басбашы бунда қыра берсе енди қайда күн көремен, ўай-ўай!—деп еңиреп манлайын төбелеп жылап үйдегилердиң аза-бойын тик турғызып жиберди. Кимди гүрсиндирип, кимди жылатып, есиктен шықтыдағы еси кеткен адамдай манғурланып, аңырайып, ески жолына түсти...

Оғыры бир өтлесип кеткен, атысатуғын душпаның болмаса, қарақалпақ дәстүринде лазым үстинде барлық өкпе-гийне қалады, қалаберди, аўыл белсендилериниң Толыбайға өкпе еткендей де дым дәлийли жоқ еди. Қазыўға белдар керек пе, берип атыр, пахта план ба, артығы менен тапсырылып атыр, егис-тигисте „жумысын бар ма, аға“, деп, биреў келсе, союз қосшы бар, батрачком бар, шәртнама жасасып жумсайды, қазыўда да сондай. „Толыбайда ҳақым бар еди бермей атыр“, деген арза батрачкомға да, союз қосшыға да, ҳеш кимге де түспеген. Қалаберди, жетим-жесирдиң лазымпазымы бар ма, сондайда, қарыздан болса да, аўырдың бир жағын көтерисип турған усы Толыбай. Солай болғаннан кейин, еситип отырып, жуўырып бармаўға Қунназар ақсақал дым шыдамады. Еситиўден-ақ, апалақлап келди.

— Мәдиярдикине жуўырдым, бул да жоқ,... мына басбашы деген қырып болды, бул ҳүкемет деген бар ма, жоқ па, ағажан-аў!—деп, Толыбай мойынына асылып жылап еди, кеўили бос Қунназар көзиниң жасын жумбай-жумбай жумалатып:

— Толыба-аай, шүкир ет, ғошшым,—деди.—Ҳүкимет те бар, елдиң жигитлери де бар. Муратжа-ан!

— Ләббәй,аға!

— Сайымбеттикине шап, тез кесин, „басбашы урыныпты“ де! Кешиксе, қолдан шығарып аламыз. Қорықсаң, қасыңа адам ертип кет...

— Ўәй, яғаў, аға, несине қорқаман!—деп, батырсынып, жулқынып шығып еди Мурат, ҳәккелек. Сыртқа шығып—Алламберген.—деди Қудайберген шундыйдың баласына —Сен как кәмсомол ячейкасының секретары, изиме ересең, Сайымбет ағаға тревога берип қайтамыз, давай, еки жигит тап, тутпай қоймаймыз Көлибайды өлтирген басбашыны!

Алламберген еки жигит излеген жоқ, сондай-ақ, Сайымбеттикине бир өзи кетиўге Мурат ҳәккелектиң қорқып турғанын да абайламады.

— Шубырыса берип не қыламыз! Өзим барман аға...

— Мылтығың қайда?!

— Өй, қойшы, аға, қапылтпай! Анталап турған-ды дейсең бе...

— Анталамаса мынаў аттан жығылып өлип атыр ма, апшық мылтығыңды ..

— Мылтық жоқ бизде,—деди де атына жүре берди.—Мылтық не жесин! Я мен бир, сендей орыс-герман урысында болмасам...

— Вообще, өзиң болмайтуғын баласаң, мылтықсыз да үй боламекен,—дегени менен, Мураттың өзинде де мылтық жоқ еди.

Алламбергенди изинен жорттырып, аңлыўшы болса алыстан көринеди-аў деген ашық-ашық, алаң-алаң менен атын патырақлатты.

Келсе, Сайымбет қыпшақ-қарағанды қазыўға шәйлап қайтыў ушын жаңа атланайын деп атырған екен.

— Қырып кетти,—деп қапылтты Мурат.—Қунназар аға муздай қарыў қурсанып, жетсин, тревога берип қайт деп жиберди.

Кимди, қашан, қалай қырды, Сайымбет ояғын сорамады. Ишке жуўырды да жигирма сегизинши аў берденкасын ийинине асынып, қатарын байлап шықты.

— Бул атаңның... бизге тынышлық бермей жақ қусайды!—деп сөгинди.—Колхоз бола жағымызды билип, алағада қылыў ушын әдейи ислеп атырғаны шығар;

еглей жақ шығар! Еглеп бопты-ыы!—деди атына қамшы басып —Ал, айдап отырың!...

Сайымбеттиң Қаражылдырым атанып атырған аты оғыры жүйрик еди. Еки жолдасын табанда қалдыратуғын түри болған соң, жылаўын тартыңқырап: „қапталласың, түўе!“ деп бақырды. Қапталласты.

— Берман шапқанша арман, жаўдың изинен неге қуўмадыңыз, кэмсомол, саған айтаман?!

Алламберген гэп таба алмай тубалады. Бундайда Мурат зор;

— Вообще, сөйткенде де болагуғын еди. Қунназар аға сизсиз түшкире алмайдығо...

— Сен, бала, яшуллыңды жаманлағанды қой. Маған мынаны айт: ким-кимлерди атып кетипти?

— Ўэй, бир адам аў!

— Сен бала, жүрегимди жардыңғо мениң! Қырып кеттинин не сонда! Кимди атқан?!

— Көлибайды, Тасмаңлайдың инисин...

— Ҳа!—дей қойды таңланып Сайымбет.—Оны да басбашы атамекен!

Жолдың ендиги жағы үнсиз жүрилди. Атлар пысқырынып, алға ентелеседи. Сайымбеттиң мийинде бир ойдан соң бир ой жылдырымдай атласып киятыр: „бу қалай,—дейди өзине өзи.—Баяғы қамалда аржақтан өткен Ханжөнейит нөкерлерин күтти деп гиналап жүрсек, бу қалай! Бир, қыйгырлық жоқпекен“. деген де гуманға барды.

Толыбайдың есигиниң алды қашшан ық-жық аламанға толып қалған екен. Назарбай, Жолдас қара бир танаңы жыға алмай күшмийтек болып атыр.

— Жанағы Жақан қайда-эй, неге жығыспайды мынаны!—деп қыйғырады Назарбай налынып. Биреўлер оның иште даўыс шығарып турғаны, өзлериниң еплей бериўи кереклигин айтып атыр еди, эйне усы пайытта Сайымбетлер келип аттан түсти. Көпшиликтиң көзи Сайымбетке сын нэзер менен бақты. Дэриўшана, қурбанлық қусағанның бэрине „ескиликтиң қалдығы, мен буған жол қоймайман,“ деп шыға келетуғын партячейка секретары не қылар екен, даўыс шығара ма, жоқ па, егер даўыс шығарса, онда ўайўай салыў ескилик емес,“ деген ой бар еди биразларда. Бирақ, тезлеў басбашыны тутыў, я атып қайтыўдан басқаны ойламаған Сайымбет, даўыс шығарыў ескилик пе, жоқ

па, оягын ақылына салмады. Қулағырдан аш бүйирине таянып, ўай ўайды жиберди. Жибергени қурысын, ишке барғаннан кейин буған ҳеш ким тәўелле салмады, өзине өзи салды. Өзи салғаны сол, өтирикли-ыраслы бир-еки жел даўысган соң, лаппа қойды да:

— Қәне, болды енди,—деди шынтлап жылап атырған Толыбай менен Елибайға буйыра сөйлеп:—Бизлер асығыспыз. Мың ўай-ўай бир ис питирмейди, кешиксек, жаў узап кете жақ. Қәне, бунның жөнин сөйлесип алайық-та, атланайық. Туўарың деймен!

Аўылдың бир-еки тепериши оны Сыдық молланың үйине баслады. Ол кәрада Қунназар ақсақал отыр екен.

— Бир майдан сабыр етиң, Толыбай менен Елибай келсин, айт, Муратжан,—деп мүрәжат қылды ақсақал —Келип айтсын, мынаў Сайымбет жан жөн-жосағын билип алсын..

Көп узамай жылай-жылай көзлери қызарып кеткен Толыбай менен, есенкиреп, есинен тана жазлаған Елибай, Мурат ҳәм Алламберген шундый, Қудайберген шундыйлар есиктен кирди. Елтинин қуры таза көрпешелерди силкип салғаны қалды, ҳеш ким төрлемеди. Елибай есиктиң жақлаўына сүйендидағы, қалғанлары ошақтың аллына шөкке-шөкке түсисти.

— Қудайберген аға,—деди Сайымбет.—Бул кәрада сизлик жумыс жоқ. Елдиң есин билетуғын жарақлы жигитлерин жыйна. Биз ойласып аламан дегенше мурынға суққандай болып турсын!

Шундый шығып кетти, Сайымбет сораўлы пишинде Толыбайға ийегин көтерди. Толыбай Елибайға силтеди. Елибай лық-лық атқандай солық арасында сыңқылдап турып, „күн аўа бергенде... Шағал жағысы бетте онлаған атлы...“ деп болған ҳәдийсени айтып берди. Сайымбет, басын шайқап, өзиниң бармағын өзи тиследи.

— Пай, нетерсең-әй, пах нетерсең-әй! Кеше күн аўып баратырғанда болса, бүгин ол ийтлерди қайдан табамыз!...

— Енди пайдасы болмас-аў!—деп еди Қунназар, анық жаўға жолықпасын билди ме, Мурат жер тепсип батырсынды:

— О неге пайдасы жоқ, изин кесемиз! Дым болмаса усы елде жарақлы жигитлер бар екенин, елдиң ийеси бар екенин биреў болмаса биреўден еситедиғо! Вообщем, атланыў керек...

— Атланайық, Сайымбет аға,—деп, тағы бир батрақ шулғынды —Бүгин Көлибайды өлтирген адам, ертең тағы биреўди өлтиреди.

— Жағыстағы аўылды еле уў-шуў етип атыр ма, ким билипти,—деп еди Алламберген шундый, Сайымбет сайланып орынынан түргелди:

— Ҳаўўа, ҳаўўа, бир адам менен кетпейди олар! Турдық жигитлер! Бундайда жәмәәттиң жәмлеспеги керек, барлық аўыл да кеңес ҳүкиметиники, ҳаўўа-а, оны көринген досаққа кесеклеге бериўге болмайды,— деп есиктен шығып еди, ҳәмме суўырылып-суўырылып сыртқа атлықты.

Ҳәр ким барын минди, жоғына жыназаға келип атырғанлардың аты берилди. Көлибайдың мылтығын Қудайберген шундый, Елибайдың мылтығын Алламберген шундый алды. Аттың үстине минип алғаннан соң, Сайымбет ақсақалға:

— Сиз, Қунназар аға, ГПУға адам жибериң, тексертпей, өлини жерлеўге болмайды!—деди қамшысын шошаңлатып. Сөйтти де өзинен басқа сегиз атлыны ертип, Көкамандай шемиренип, аўылдан шығып кетти. Жигитлерге арын арлап, кегин қайтарыўға атланғаны ушын ырзалық кеўилин Толыбай бозлап билдирди.

— Қой, ғошшым, есинди жый,—деп тәселле берди елжиреп Қунназар ақсақал, өзи де қамсықты:—Бенденики усындай, бир күн урысамыз, бир күн кейисемиз, ялғанышының ақыйры усы. Е-енди белиңди беккем буў, иним. Басыңды тасқа урсаң да кеткен келмейди, өзиңди алдырма.

Толыбай белбеўиниң ушы менен көзиниң жасын сүртип, Қунназардың изинше бул да ишкериледи. Негедур, мисиўбет түсип атырған шаңарағына қайтпады, Елибайды жиберди. Қунназар бағанағы елтиниң силкип салған көрпешесиниң үстине арданлап шықты да:

— Сыды-ық,—деди сақалын тутамлап.—Муратжан да жаңағылар менен кетиўге ҳәўес болған соң мен еглемедим. Енди, ғошшым, өзиңнен жеңил аяқ бала жоқ. Бизге ат-паты менен „мә саған" деген шабарман ғамластыр. ГПУ ға атландыраман..

Сыдық қағынып-силкинип турып баратыр еди, Толыбай үндемеди,. үндемегени . менен: „қойып тур" деген ишәратты үнсиз билдирди. Сыдық қайтып отырарын да, отырмасын да билмей есик бетте гүйбенди

Қунназарға таманлаў Толыбай диз бүгип атырғанда Ақтөре кирип келип, көўил айтты. Соң:

— Бул сумлар Мәдиярдың да жолын тоспаса болар еди!—деп, Қунназарды ҳаўлықтырды:—Апырмай, бала бул неге кешикти екен?!

Ҳәмме сазырайысып қалысты. „Мәдиярдың үйинен әне, даўыс шығады, мине, даўыс шығады" деп, қулақ түрип отырған Толыбай:

— Айтып болмайды-ы!—деди аўыр гүрсинип.—Белсенди, телериш болмағаннан кеген ошағымызға қан қуйып атырғаны мынаў! Булар Мәдиярдай белсендини аяр дейсең бе!

— Излегени белсенди болса ма!—деп қосты Сыдық. Қунназар ийегин көтерди:

— Сыдық, сен еле кетпей турсаң ба!

— Оны мен иркип қойыппан, Қунназар аға,—деди Толыбай. — „Өли арысланнан тири тышқан артық". Сизлер жаңағы Мәдиярдың ғамын жеп алың, оннан соң бир тилегим бар, айтаман.

— Ақтөре, ақыл жастан шығады, бизиң мийимизди елли жылдың ғалмағалы жеп қойған, бир нәрсе дейөс, иним? — деди Қунназар.

— Алдынан адам шығарсақ қәйтеди! Бес-алты батрақты жәмлеймен де, астыларына ат мингизип Халқабадқа жиберемен.

— Жүдә бәрекәлле! Жаў-жарағы жоқ болса да жәмлесип жүргенге жаў урынбайды. Ал, онда, сен сол буйымыңды питкерип қайта ғой.—Ақтөре турып кеткеннен соң:—Енди мына Сыдық инимизди де еглемейик,—деди Қунназар ақсақал. Сыдық қашшан есик беттеги пөстекке шөгип, елгиге чай демлеўди буйырып атыр еди. Толыбай қәддин тиклеп:

— Сыдық қоя турсын, Қунназар аға, — деди өтинишли бир сынық даўыс пенен. — Жаңа бир тилегим бар деп едим, соны тыңлаң.

Қунназар ақсақал „тыңлаўға қуштарман" деген кейип билдирип, сораўлы пишинде Толыбайға ийегин көтерди. Толыбай терең тың алып, аўыр гүрсинди де:

— Өлген өлип кетти, аға, енди басымызды тасқа урсақ та бизге Көлибай жоқ, қуўатымнан айрылдым,—деп қамсықты.

— Шүкир ет, иним, шүкир ет, буннан бетеринен сақлағай...

— Шүкирим көп, шүкир етпегенде не иләж қыламыз! Айта жағым мынаў, аға: Сыдықты да ҳәлеклемең, ГПУ ға да адам жумсап ҳәлекленбей-ақ қойың, мен қудайдан көрдим. Сайымбетлер өшимди алса алып келер, ала алмаса, оларға да өкпем жо-оқ, тәңир жарылқасын, ел еллигин етип, „өшиңди әперемиз“ десип, жигит атландырғанының өзине-ақ кеўилим питип қалды ..

— Бирақ, ГПУ билмесе болмайды ғой, Толыба-ай?— деп созды мойнын Қунназар.—Өлген өлип кете бере ме, ертең бир күни қанхорың тутылған зайырында тергеў-пергеў дегени болады. Соның ушын, тергеўши келе ме, басқа келе ме, оны өзлери биле берер...

— Әңгиме соясында болып тур-аў аға жа-аннн! — деп күйинди Толыбай.—Әңгиме соясында болып тур. Баяғы, мына Сүмбил аўылдағы муғаллимди өлтирип кеткенде ГПУ дағылардың қылығын көргенбиз. Бир майданда саўлап келдидағы, „әниерин көремиз, бүерин көремиз“ деп жүрип, қудайдан тапқырлар, марқумды оқтың тескени аздай, қудайдың қарғаганы аздай, олар да тап балық кеспелегендей кеспелеп таслапты. Ҳеее, қуда, сол дәртиңнен сақлай гөр!. . .

— Сүйегине енип едим, ағайин болған соң, сирә саў жерин коймапты-аў, саў жерин коймапты, — деп қапылтты Сыдық.—Зорға, қыймаслықтан жуўдық, аға. Шәрият та қоспайды өйтиўди. . .

— Енди, иним, шәрият деп, ҳәзир заң басқа, заман басқа.

— Мусылманшылық-ше! — Сыдық мойынын созып, молла тартысқа тартып баратыр: — Мусылманшылық өзгерген жоқ-го, аға, қуданың буйрығы. . .

— „Патшаның буйрығы қуданың буйрығы менен тең“ делинген қуранда. Патшаның буйрығын орынламасақ ҳәм диннен шығады екенбиз. Сыдық иним,—деди Қунназар ақсақал уян ғана, лийкин қаталлық түс алып: — Ол кәраларын меннен жақсы билесең. .

— Енди, аға, мени күйдире бермең, — Толыбай қызды: — Мени қудайдың күйдирип қойғаны аз емес!. . .

— Толыбай, мен еле гәпимди айтып түўескеним жоқ,—гәпти бөлди ақсақал: — Мынаў отырған Сыдыққа түсиндирип коймасақ, „қуданың буйрығы“ деп, басқа ислерде де ҳүкүўметке қарсы келип, шатасатуғын түри бар, — деп еди, Сыдық:

— Я-ғаў, аға, сирәдағысын айтаман, — деп қуўысланды, қыйпақлады: — Шәриятты мен де бир суўдай ишип алған емеспен, я питирген медиресемиз болмаса, мәзи бир молла атымыз кешип жүрдағы.

— Өйтип, ақланбай-ақ қой, ғошшым, ГПУ ға жиберегуғын бала тап, болмаса өзим шығаман...

— Қунназар а-ға, сиз бир, гәпиңиздиң дурыслығынан, төрелигиңиздиң барлығынан, обал-саўапты билгенлигиңизден, жарлы болыўыңызға қарамастан ҳүкүмет келместен бурын-ақ байлар жетисе алмай атырған ақсақаллықты жүриткен адамсыз. Сонда жүрт сизди „усы елдиң арын арлап, жырын жырлап, тынышлайды“ деп сайлаган еди. Алла зият етсин, сиз халықтың ойынан шықтыңыз, жаман ат алған жоқсыз, соның шарапаты шығар, ески ақсақал, болысларды жаңа ҳүкүмет келип аўдарып таслағанда да, ақ үйли еткенде де сизиң мөриңизге қол созған адам болмады. Бул да өзиңиздиң кәтқудалығыңыздың арқасынан шығар. Енди, соншa жыл жесир даўын, қун даўын, жер, суў даўын, барымта даўын бир де мәртебе шийеленистирмей шешип келген ақсақал, биз бийшаранын курттақандай ғана мүрәжатын орынламады деген гәп атыңызға нуқсан келтиредиғо аға жан-аў!—деп еди, Қунназар да босасып сала берди. Бирақ, „кел, енди, тәўекел“, деп те айта қоймады. Ақсақалдың ойланып қалғанын сезген Толыбай бурығыдан да минберлетти: — Жақ, десеңиз не иләжым бар,—деди нәйлаж, алақанларын жайып;—Жиберсениз жибересиздағы...

— Солай болсын-да, иним-аў, келгенлерге „енди тыйық тийгизе гөрмең“ деп айгармыз...

— Соған исенимли болсаңыз шақырта қойың, мен көндим!—деп силкинди Толыбай:—Бирақ, аға, еситпедим демең: гәпиңизге турмай, ГПУ дағылар келип, иниминиң өлигин кеспелейтуғын болса, өзгеге емес, өзиме ураман пышақты! Сөйтип, жалғыз емеспен ғой, қудаға шүкир, Халқабадта қырық үйлидей бессары бар, арымды арлатып, тик аяғынан турғызаман. Ойланып көриң, жумсайман десеңиз, адамды Сыдық емес, өзим таўып беремен, Жақан тап-тайын болып тур, ойланың, елдиң бирлигин бузбағаныңыз жақсы, хабарын Сыдықтан билдирерсиз,—деди де жуўап та күтпестен, сергекленип, шығып кетти.

Сыдықтың еки көзи Қунназарда. Қунназар гә сақа-

лып қайырып тислеп, гә тутамлап, аўыр ойға ошарылған: „Елдиң бирлиги... қызыў пәтте, урса пышақты ура қояр... Бессарыда не бир жел қолтықлар бар, қолпылдасып шыға келсе... Апырмай, бала айтқанымды қылып, ГПУ дан келгенлер өлини жараламай қоя қояр ма екен?! Әй, я-ға, ГПУ да тыңлай беретуғын ким болыпсаң, Қўнназа-ар...“

— Не қылайын, аға, Жақанды шақырайын ба?—деп ойын Сыдық бөлди. Қунңазар басын шайқады. Сырттан асығыс аяқлардың дүрсилдиси еситилип, алды менен албырап Ақтөре, соң, тағы бир-еки батрақ кирди:

— Қурып қалдық, Қунназар аға! — Ақтөрениң бетинде қан, жоқ: — „Әўлийе теректиң“ аржағында Мәдиярдың атын ғарға шоқып атыр“ —деди!

— Ҳәй, не деп турсаң! — Ақсақал өрре турды;—Не деп турсаң!

Қаллыжағыстан келген Атажан батрақ үнсиз ийегин екшеди. Биреў биреўге қарасты, ҳеш кимниң тилине зибан келмеди. Қунназар талықсыған адамдай жүйкеси қурып, отырып қалды. Басқалар жер шуклады. Әлленемирде:

— Өзи қайда екен! — деди „өлиги“ деўге тили бармаған Қунназар: — Сизлерге айтаман, өзи қайда-а?!

Мынаў ашшы даўыстан Халқабад жолынан қайтқанлар бир сергип түсти. Биреў ҳаплығып, ишке жуўырып кирди:

— Мәдияр аға ер-тоқымың арқалап үйине келди!

Ҳәмме өзин сыртқа урды. Иште тек сабыр сақлап бир өзи қалған Қунназар ақсақал көкирегине түпирди;

— Түп-түп, өзиң абырай бергейсең...

* * *

Сырттан еситилген ири даўысты Толыбай да, Елибай да сирә Мәдиярдың даўысы деп ҳасла ойламаган еди Улуўма, биреў тәселле берип,қойдырып, даўысты тыймағанша келгенниң бетине қаралмайды ғой. Әлле кимнин тәселлесинен соң, сыңқылдап барып тынған Толыбай: „ким екен“ деген қыял менен урланып бақса: Мәдияр қарсы алдында, Мәдияр тур! „Қашшан муқ қапты!“ деп, үй жағына қулақ түрип турған Мәдиярды! Толыбай бақырайды да қалды. Лийкин, тез есин жыйып: „Усындай болып қалдық, ғошшым“... деди.

Елибай еле еңиреп отыр еди, ол да урланып қараса, мынаў турған Мәдияр, қалай қарасаң, солай қара, Мәдияр!

— Белиңди беккем буў, Елибай иним, ағаңның өшин аламыз,—дей бергени, Елибай үндемеди, тилин жутып жиберген адамдай үнсиз жүрип келди де Мәдиярдың жуп жағасынан алды. Алды да жулқый берди, жулқый берди, жылап жүрип жулқыды, үнсиз жылап жулқыды. Басқа ҳеш ким емес, алды менен Толыбай келип баласына жабысты:

— Мынаны жин урды, ҳәй, Жақан, қайдасаң!—деп бақырды даўысының барынша. Өзи баласына бир-еки шаппатты алдырып та жиберди. Елибайға Жақан келип жабысты. Биреўлер: „бала пақыр, есинен айырылайын депти! Айыпқа санама, Мәдияр“, десип, оны сыртқа шығарып, Қунназардың үстине алып кетти.

Иште Жақан менен Елибай еле айқасып атыр еди. Толыбай Жақанды былайлаў ысырып, баласының жағасынан тартып қулағын аўызының тусына әкелди де:

— Арбаны аўдардың ғой, жуўернемек! —деди қырылдақ даўыс пенен тырнағына шекем күйинип:—Ҳәзир жин урды сени, ҳәзир „Ақ кесек“ әўлиеге апарып байлатаман, Жақа-ан. шақыр жигитлерди! — Жақан шығып кеткен соң: - Өмириң түрмеде ширийтуғын болды, жама-ан! Атып жиберсе де меннен көрме, жама-ан! — деп сыбырлады айқасып жүрген киси қусап. — Нағыз жиллиге усамасаң, өлдим дей бер, билдирип қойдың, жама-ап, ўай-ўай-ўай, келөссиң, халайық, мынаў ақылдан аздығоо!. . .

Сайланып, төрт жигит кирип келди де, әкеси менен айқасып жүрген Елибайды таласқан қумырысқадай тартысып, есиктен шығарды.

Бурыңғы жылаў жылаў ма, Толыбай Сыдықтикине киргизген Мәдияр, Қунназар, Ақтөрелердиң үстине кирип:

— Бурыңғы дәрти аздай, жалғызымды ҳәм ақылдан аздырды, көр қудай!—деп сырнығып жылады, тас маңлайына төбелеп жылады:—Қунназар а-ғаў,— деди еңиреп: — „Ақ кесекке“ апарып, байлатып берөссоңо, ағажан-аў!

— Қой, ҳеш гәп болмас,—деди Мәдияр.— Басылып кетер, тек бурын өли көрмеген бала, көзинше атылған соң есин жойтып атырған ғой!—Сырттан биреўлер ке-

лип, Елибайдың ауызын көпиртип, ўаҳаҳалап жүргенин айтты.

— Онда не қыламыз, Ақтөре?!—деди Қунназар ақсақал сораўлы пишинде. Буннан: „сөйтип қайтағой“ дегенди уққан Ақтөре орынынан турып баратырғанда: „Сыдық, сен де барып қайт“, деди Толыбай.

Оларға басқалары да ере шықты. Толыбайдың шалдийўалын айналып, гә ат болып кисинеп, гә өзинен өзи ырғып, бир-еки батраққа туттырмай жүрген Елибайды көргенде Қунназар ақсақал да, Мәдияр да Толыбайды бир нәрседей аяды.

Бириншн болып Қәллижағыстағы Атажан батрактын қолы илигип изинше басқалар келип тарпа басты. Жақан есиктиң аўызына ат арбаны кесе тартып еди. Көпшилик нени шыдатсын, баланы бекиредей буланлатып әкелип, қыл арқан менен жан ағашқа бақыртып байлады. Алтақтаға Атажан батрақ отырды. Тағы бир батрак пенен Сыдық Елибайдың еки жағына жайғасты. Аздан соң Елибайдың барқылдысына дегершиклердиң дағырлысы қосылып, арба Қунназар ақсақаллардың алдынан өтип кетти. . .

Ат сабылтып, өзлери де әбден болдырып, Сайымбетлер жүдә кеш, күнди батыра берип келди. Белсенди, теперишлер еле дағысқан жоқ, усылардың жолына қарап отырған еди. Сайымбет ингендей қайысып, таңлайын тықылдата берди:

— Әттегене-ай, әттегене-ай, кеш хабарланды,—деди өкинишли басын шайқап;—Тал түске шекем жаў тура ма! Көк өзекти жағалап, тартып отырдық, Шағал тоғайында үңилмеген путамыз қалмады,..

— Воопщем, қуры шабыспа болды, Сары атаўға шекем шаптық-ә!

— Шундый, ақсақал аға,—деди Қудайберген қоразланып: — Пәнтқумар қалдық. Ондай атлыны көрдимбилдим адам жоқ...

— Жоқ болса жоян болсын-аў!— Ақсақал ақ көкиреги менен аңқылдады —Жол-жөнекей ел-елат аманбекен, түўе?!

— Айтып отырманғо, „көрдим-билдим адам жоқ“ деп. . .

— Мәдиярды атқан екен, атына тийипти. . .

— Ҳа! — Сайымбет шоршып түсти: — Өзи қайда?!

— Шаршап, шалығып қалыпты, ҳәзир кетти...

— ГПУ ға ким кетти, Қунназар аға?

— Ҳеш кимди жиберген жоқбыз, Сайымбет жан, себебин соң түсиндиремен!

Сайымбет жамбасына урды:

— Ўахх, әнтеклик етипсиз, Қунназар аға-а!...

## 10

Бир жерде түсленип, бир жерде қонып, буйымын питкерип жүрген теперишлердиң кеңсе түўе кеңсениң болыўы кереклиги ҳаққында ой да қыялына келмеген еди. Ис қағазлар да қоржында қолпылдап жүреди. Аты „түслениў" болғаны менен, ҳаслы-мәниси мәжилисти аңлататуғын болғанлықтан, аттан түсип ишке киреpде, алды менен қанжығадағы қоржын шешиледи. Қудайберген шундыйдикине ең биринши болып, күн шыға келген Сайымбет те ишке қоржынын қолтықлай кирди. Узынлығынан созанай атанған Созанай шешей төрдеги кийиздиң үстине жаңа көрпешелерди силкип салып қалдыдағы, Алламберген шундый яшуллысының алдынан шығып, атын жылаўламағанына қысынғанынан қызарды, еле де көлигин жайғастырып келиў ушын сыртқа шығып кетти. Бул ўақытта Қудайберген шундыйдын шерим етикли аяқлары Мәдиярдың үйине баратуғын аяқ соқпақта тымпылдап баратыр еди.

Сайымбет төрге шығып шоштыйып отырдыдағы, соң Созанай менен аман-есенлик сорасты. „Қалай, жеңге, колхоз басқарғандай шамаң бар ма, сени баслық етип сайлайжақпыз", деп дегишти. „Ленин айтқан, „бүгинги ҳәр бир дийхан мәмилекет басқарыўға үйрениўи керек" деген,—деп, шынынан да келип атыр. Созанай шешей де өгирикли ыраслы күлип:

— Үйдеги мынаў еки шундый бизге қазан-табақ басқарыўдан басқа ҳемел аўыстыра ма екен,—деп атыр әбден. Сайымбет бармағын шошаңлатып;

— Колхозға биринши билек боласаң, жеңге, — деди.—Әне, саған сол ҳәмелди алып беремиз, шундыйлар саған усы ҳәмелди бермеймен десе, өзиме кел Хабарың бар ма, биз жәбдилесейин деп атырмыз...

— Мынаў еки шундый бизди буннан хабардар етпей қоя ма, шырағым-аў! Булардың ўазын алды менен биз тыңлап аламыз, мынаў шундый ағаң тынлатпай да қоймайды...

— Бизиң Қудайберген аға ояғына маладес-ғо! — Сайымбет ырза болып мардыйды. — Үгитти алды менен ошақ басынан баслайды, сол дурыс...

— Ошақ басынан басламай не қылсын, басқа жолатпаса! — деди шешей дүмшениң жамбасына от басып атырып: — Кеше үгитлеймен деп Қурбандикине барған екен, малақайын далаға зыңғытып, өзин түйип-түйип есикген ентелетип жиберипти-де тәмбисин басып қалыпты. „Орнымнан турып қарасам, малақайымды ийти алып қашып баратыр, тандыр кесеў менен қуўып, зордан алып қалдым, бизиң аўҳаллар шундый, кемпир, бул журт түсинбейди“ деп, сырныгып келди. Ағаңызға жүдә бир қолайсыз талап таўып бере қойған екенсиз, — деди Созанай ырасы менен налынып. Сайымбет жаңағы ҳәдийсеге сазырайды: „Кимде ким большевикти хорласа, ҳүкиметти хорлағаны“ деп түсинетуғын еди, ҳәзир-ақ барып, Қурбан менен геғирдеклесип қайтқысы келип турдыдағы, тағы өзин басты: „большевик деген салмақлы да болмағы кере-ек..“

Ашыўын ат жайғастырып келген Алламбергеннен алды:

— Сен өз жумысыңды, бала, ақсатып атырсаң! „Жаққанның қарындасы көптен бери оқыўға қатнамай атыр“, дейди. — Не себеп?!

— Айтпайды, сорадым. „Бармайман“ дейди, болғаны...

— Түсиндириў керек, оқыўдын әҳмийетин айтыў керек. Мынаў Жумагүллерди, Тазагүллерди мысал етиўиң керек. Сонда түсинеди.

— Түсинбедиғо...

— Болмаған гәп! Адам ғой, адам, айта-айта журт маймылды да ойнатып жүрғо! Өзиң насазсаң, билесең бе сен, комсомол ячейкасы деген мениң оң қолым болыўы керек! Ҳәзир уллы атланыс ўақты, ғошшым, бизиң ҳүкүўметтиң мәпинен басқа мәпимиз болмаўы керек. умыт басқа ғалмағал, басқа талапты! „Жаман аўылда“ порхан ойнап атырғанының үстинен шығып қалдым, байлап таслаў керек сондайларды! Биз халықтың санасын тазарта алмай жүрсек, олар патаслап кете жақ, о неси-әй!... Бир мәртебе ескертип жибердим, екинши алдымнан шықсын! — деп жудырығын түйип қойды: — Мынаны жейди!

Қунназар ақсақал менен Мурат ҳәккелек кирип,

әңгиме кесилип қалды. Көп узамай Мәдияр менен Ақтөре де келди.

Ҳәмме азаңғы чай-суўын ишип келгенге ме, дәстүрханның жайылғаны болмаса, ҳеш ким киндикли зағараға шаппады. Бирден әңгиме басланып кетти:

— Сизлер кеткеннен соң мен бел-кетпен, пазна буйыртайын деп, Әмет шайтанға бардым.—Мәдияр узақ сөйлей жағың билдиргендей тиклениңкиреп отырды. Сайымбет қуштарланып:

— Сен еле, бизден қалып не ис питиргениңди айтып берген жоқсаң, бастан айт,—деди.— Не ис питирдиң?!

— Атын өлтирип қайтты,—деп күлди Мурат ҳәккелек жорасына. Соң ийилмейтуғын аяған келсаптай етип, мына жақтан мына жаққа көширип қойды. Ҳәр қашанғыдай, хатшысына Қунназар тәргип берди:

— Гәпти бөлме-е, Мурат жа-ан,—деди мыйық тартып, тап бир баласын еркелетип атырғандай кейип пенен. Мәдияр да илип қалды:

— Бөлмей тыңласа, Қунназар аға, бул маңлайы қаттының тақымының тамыры жибисип кетедиғо, оннан соң, қазыўға айдайсыз буны. — Мурат бир нәрсе дей жақ еди. „Яқшы, гәпиңда қой, дегишсек оңашада дегишермиз, әңгиме ис жөнинде баратыр“, деп еглеп таслады да, Мәдияр гәпин даўам етти:—Сөйтип. Сайымбет аға, бардым, буыйыртпа көп екен, алмады. Бирақ, мен оны аўылға көшип келиўге шақырдым. „Колхоз болайын деп атырмыз, бар аға, колхоздан ҳақыңды беремиз, колхозшылардың бел-кетпен, орақ-порақ қусаған буйымының өзи мыйлығыңнан батырады, ҳеш қайсысына тегин ислемейсеңғо“, деп едим, „қәне, колхозыңызды қура бериң, ойланып көрейин“, деп, ыңғай билдирип қалды, жәбдилесип алсақ, келетуғын түри бар,—деп қуўанды. Буған биреў исенди, биреў исенбеди.

— Шайтанда есап бар шығар, —деди Қунназар теке сақалын тутамлап: —Алтын дүканы жабылған менен Әметтиң дәўлети қайтқан жоқ. Темиршилиги бурынғысынан да жуғымлы шықты. Жайына жай қосылып атыр. Соншa үй-жайды таслап, әй, билмедим-аў!

— Оның өзи хожа киси, —гәпке Қудайберген шундый қыстырылды.—Қалалы жерде, мың айтса да шундый ма, халық жийи. Гүзли-бәҳәр сүннеттен де көп олжа түсирип тур. Бир барғанда бес-алты баланы қа-

тара жатқарады. Бул, маңлайы қатты, адамлар, „қолы жеңил“ деп, шуннан басқаға бармайды екен, бәри де бос жибермейди. Дурыс, ақсақалдың „есап бар“ дегени;

— Не де болса аўылға уста келсе болар еди, —деди Мәдияр —Қара гүздеги тон жарманың өзи-ақ беллерди тыйпыллап кетти.

— Ояғын айта берсең, —Ақтөре төресымақланып, қәддин тиклеп сөйледи: —Бәринен де бетер, гүнде, мойынтырық, арба-парба соғатуғын уста керек. „Жаўзада жаўдай егис“ деген, оғаи да гөр қалған жоқ. Қандай назы бөлса да көтерип, Қурбан үйшини колхозға тартыў керек, —деп еди, Қудайберген шундый кеңкилдеп күлди, соң шәртимекленди

— Қурбан үйшин қурысың! Шундыйтип еңсемнен бир түйди, —деди жудырығы менен нуқып көрсетип: —Бирдейине шот урып турған соң ба, қолының қарыўлысын, заңғардың! Шундыйтип бир түйди ме де, геўиш пенен барып едим, бир геўишим иште қалдыдағы, өзим сыртқа жалп ете қалдым! Соның арасынша, малақайымды Назарбайдың қаншығы алып қашып, бай-баай!.. Қызық болғанбыз, қуўайын десем, бир геўишим иште қалды, алайын десем, тәмби басып таслапты, манлайы қатты! Сен, Ақтөре, мен де қарыўлымандағы, бирақ сен жассаң, шуның ушын-әм меннен қарыўлысаң, ол нуқыған менен, биллә, сен жығылмайсаң, оны өзиң бир үкитлеп көр, —деп атыр ҳақ көкиреги менен аңқылдап. Көпшиликтиң мырс-мырс күлгенине де түсинер емес, улуўма, Қудайберген шундый дегениң ҳәзиллесиўди, ойнап айтыўды билмейтуғын адам еди, не де болса болған исти айтады. Ақсақал күлкисин тыйып: „Яқшы, Қудайберген, оны мен мойыныма аламан,“ деди.

— Муғаллим жиберетуғын болды!— Ҳәмме Мәдиярға жалт қарасты.

— Ким жиберетуғын болды? —Қуўанған Сайымбет мойынын созыңқырап сорады: —Мен сорағанда райОНО „жоқ“ деп атыр еди-ғо?

— Бизге Сапаров ўәде берди! —Мәдияр мақтанышлы мардыйды.

— Бизден сон, сен оны тағы көрдиң бе?

— Көргенде қандай, үйине апарып, бир қондырып жиберди. —„Ҳимм, гәп сенде екен,“ деп атыр адамлар. —Әмет шайтанның дүканынан шығып киятырсам, қақ ете қалды. Теперишлер менен көше аралап жүр екен.

„Қайтпадың ба?“ „Жақ,“ деп, буйымымды айттым. „Кетпен мәселеси шатақ баяғыда Стокольмға заказ етип алдырып едик, түўесилди-аў...“

— Өйдеген қаяқ екен?! —Ақтөре таңланды: —Узақтыдағы?..

Орыс-герман урысында аяғын сәррийтип келген ҳәккелек билди

— Орынбордың оң жағында, жигирма бир шақырым жердеги аўыл ше! Паҳ, шетинен уста-аў, заңғарлардың! - деп ҳәўесленди. „Номай етип, тағы ислегкенде болмаспеди,“ деди ақсақал. Ҳәккелек сөзин жибермеди:

— Мылтығымды оқ жаңқалап еди, биреўи оң қолдай етип бере қойды, ҳимм, соған ислетке-ен! Вообшем, ҳүкүўметте мий бар, тағы ислеткенде!

— Кереги жоқ, —деди Мәдияр сөзин бөлип. —Тырақтыр келсе, кетпен керек емес. Сөйтип, Қунназар аға, қайта берейин, десем кеш болып қалды, белсендиге қәўип, деп, үйине ертип әкетти. Өзиме де қонақ жер уўайым болып тур еди... Сөйтип, бардым. Кәмбағал екен...

— Ўәй, қоя, райПОның баслығы гилемди өзи арқалап апарсын-ә!...

— Ондай секретарың енди туўылмаса, мынаўың еле үйин де көширип келмепти! „Жеңгейди Төрткүлден әкелмейсең бе, аға?“ десем, „ой-бой, иним-ай, бунық қайтып көшиўи бар ғой, биз, бир, саўатлылар жетискенше ислеп атырған адамбыз. КУТВО да, САКУ де көп жаслар оқып атыр, Шымбайдан көп кеме менен кеткенлер де питкерип ҳеш қайда кетпейди, келеди аўылларға. Райком секретары деген, марксизм-ленинизмди суўдай ишип алған болыўы керек, талпынаман, болмай атыр, ойланаман. Ақыры бул „кийимди“ өзиме кең көре беремен. Ҳәр кимниң өзи ҳалын билгени жақсы, жарамайтуғын исиңе жармаса берсең, ҳүкүўметке зиян еткен боласаң, билим жоқ, ғошшым, билим“ дейди. Тап, бала, муғаллим сорайтуғын ирети келе қойды Сорадым, „райОНО аўылларға шығып кетти, сөйлесип көремиз“ деди. „Усыннан кетсем. бала, умытылар да барар, ийип турған ўағында биротала питкерип кетейин“ деп, ертеңине де қондым Бақыйшан жақтағы он екинши аўылға кеткен екен, ертеңине де келмеди. Соңғы

САКУ—Орта Азиялық коммунистлер университети,

күни Сапаров аўылға шығып кетти!... Бир адам гүршин тапса майын, майын тапса гүршин таппай бир жыл палаў жемей жүрген екен, дегенге күлисетуғын едик. Биз де тап сондай болдық, райОНО келсе, Сапаров болмайды, Сапаров келсе, райОНО. Қулласы, бесинши күн дегенде екеўин дусластырдым-аў! „Төрткүлден Дәўеке деген муғаллим жолға шығыпты, сол жетсин, жиберемен,“ деп ўәде берип қалды...

Дәрьяда муз қатыў еди, кемели келмейтуғынын билген соң, адамлар бармақ бүгип: „Шаббазға келип, бир қонады, соннан Шораханнан өте берип...“ деп, жететуғын күнлерин санап шықты да, Сайымбет:

— Ҳоо, онда келетуғын күни болып қаптығо! —деп мойынын созды. —Бу ерге дәп қағыўға келмейди, мектеп таярлаў керек!

Анаў аннан, мынаў мыннан жай излеп атыр. Ақтөре:

— Мынаў қаңлыдағы Алламжардың жайы бос, — деп, аўылына тартып еди: —Жақ, —деди Мәдияр.— Отырған жайымды берсем де өзимиздиң аўылға түсиремен, сорап алған өзим...

— Өйтип, сен, бала, көмешиңе күл тартпа, саясий қателесейин деп отырсаң! —Сайымбет созылды: —Сениңше, бүердиң баллары оқып, Қаңлының баллары саўатсыз қалыўы керек пе! Кешеги райкомдағы гәптен хабарың бар: „ҳәмме, биреў ушын, биреў ҳәмме ушын“ демеди ме Педотов Жаўгершилик бизди, қорққанымыздан жәмлестирди, болмаса, үй менен үйдиң арасына ат терлетип жететуғын едик, пәкизе, биреў биреўге арқа сүйеп, шоқ аўыл болып едик, басбашы да сырттан айналатуғын болды. Енди, үйлердиң жәмленген есабы, енди биз ақылды жәмлеўимиз, сол жәмленген ақыл менен ғалаба ҳүкүўметтиң ғамын ойлаўымыз керек. Ой жиберип қарасақ, колхозласыў дегенимиздиң өзи де сол қусайды, қуры күш-көлик, билек бириккен менен ақыл биригип, ҳәмминиң мүддәҳәси бир жерден шықпаса, алты бөлек ақыл менен, колхоз болсақ та баяғымыз баяғы қусайды Әне, усындай биригиў мапазында алды менен өзли-өзимиз айналдырған бир муғаллимди ылақ тартқандай, аўылымызға тарта берсек, уят болады, мектебиң жоқ екен, Қаңлыда-ақ оқыта берсин...

— Мектеп бар, Сайымбет аға, —деди Алламберген шундый. —Мен таптым мектепти!

— Ҳе—хе, айт. айт?!

— Комсомолларды жыйнайман да Сыдық молланың бурынғы бала оқытқан мешитин босатып беремен!

— Мешитте оқытыўға., —Қунназар ҳаўлықты: — Боламекен?!

— Баай, жуғып қала ма бир нәрсәси! —деди Қудайберген шундый.

Негедур, Сайымбеттиң кеўилине балаларға мешиттен ескиликтиң ийиси сиңетуғындай болды да турды, үндемей отырғаны да сол. Ал, Қунназар болса „ләң болып қалады“ деп қорқады. Алламбергенге жуўапты Мәдияр берип жиберди:

— Сөйтеғой, ғошшым, бирақ, тез таярлаў керек. А—ал, Сайымбет аға, колхоз мәселесин не қыламыз? Ҳуқуқты қашан аламыз?

— Есберген: „өзлеримиз ўәкил жиберемиз, соған шекем жыйлыс та ашылмасын, ҳуқуўқ та алынбасын“ деген, ғошшым, тыңламасақ, болмайды...

— Қашан жибереди сол ўәкилин? Ҳәмме еситип қалған...

— Вообщем, аўылда денгене де көбейип кетти, базарға да тартып агыр. Кеше Халқабадтың базарында шақы уўықтай өгизлер ийт муты болды...

—Жер сыйпап қалмайық, Сайымбет иним?—Ақсақал бәширин мақуллады: —Ертең „колхозласамыз“ десек, көтере батрақ, беретуғын қотыр туўшасы жоқ, „биз киремиз колхозға“ деп шыға келеди, түўе! Соларға кәмпистин ҳесабынан беремиз көликти, болмаса, болмайды...

— Ўай-бой, Қунназар аға деймен-аў, усыған мени түсинбейди деп айтып отырмыса-аң! Түсинсем қәйтейин, исполком иләжымды қурытып тур!...

— Қайдан шықса, соннан шықсын, баслап жиберейик, ҳуқуўқ алыспақты;

— Жуўабың сен беремисең!

— Мен де беремен, менде де бар партбилет, —деди Мәдияр. —Бундайда тәўекелге бармасақ болмайды. Мына бағаналы қыпшақларға да сөйдеп кеткен екен, олар тәўекелге барайын деп атыр...

— Барса, барсын, мен тил хатыма берикпен.

— Ис өтип кеткеннен соң, тил хаттың не пайдасы бар? Тилхаттан колхоз болмайды, Сапаров: „колхозды сизлер баслайсыз“ деди ме, деди, —Мәдиярға өзиниң

бетиндеги тыртығы тырысып баратырғандай сезилди, ашыўы киятырғанын ол мудамы өзиндеги усы ҳалаттан сезетуғын еди, өзин басып, даўысын уяңлатты: —Колхозласайық-та, аға, жуўабын өзим-ақ берейин, ең болмаса, ҳуқуқ алайық, байлар малын ысырап етип баратыр.

— Ғошшы-ым, —деп созды Сайымбет. —Жуўапты сеннен сорамайды ҳүкүўмет, мынаў отырған Қунназар аға менен мына меннен, —деп көкирегине дүрс еткизди:—сорайды, аз ғана сабыр етейик, „сабыр түби сары алтын..." Қәне, қазыўдан сөзди басла, Қунназар аға, әнжамын қандай?

Қунназар Қудайбергенге қарады. Қудайберген:

— Дизими Аллабергенде, —деди. Алламберген ушып турып, текшедеги, әлле қандай бир қыссаның ишинен жазылған қағаз тапты да:

— Үй басына бир адамнан, —деп, Сайымбетке қарады: —Ал, енди, мынаў бай белдар салынатуғын хожалықлар: Алламурат шағал—отыз белдар, мынаў Қәлли жағыстағы Избасқан деген, мен танымайман, дийханларының ҳесап-китабын ислеп, сыптай болып отырған екен, оған жигирма белдар салдық, билмедим өзиниң бай сыйқы қалмапты, саламыз десеңиз, салың.

„Ол ким, ол ким?!" десип, биреў биреўге қарасты. Қунназар таныды:

— Өлген Қайрулла аўхынның баласы-ше! —деди Сайымбетке, „соны да танымайсаң ба" дегендей етип,

— Қай баласы? —деди Сайымбет есине түсириўге галапланған адамдай қыялға кетип.—Булар алды даңғаралы, арты суйылған әўлад еди, бирақ, баласының нешеў екенин билмеймен. Қарақум ийшанға әкеси мүрийт етип берип, шыбыққа шыдамай диннен безип қайтқан биреўи бар еди, сол емеспекен?

— Өзи, жалғыз бала ғой,—деди Ақтөре:—Илимниң ҳикметине ушыраған...

— Әлип қонбаған десе, —деп күлди Қунназар. Мурат қыстырылды:

— Өзиниң, вообщем басқа талабы жоқ па, деймен, қашан көрсең, қолпылдатып ат шаўып жүргени...

— Ҳайтмурат деген, әкесинен қалған, жекке баслы, қуўса да кетпейтуғын бир ғана дийханы бар екен, —деди Алламберген үзилген әңгимесин жалғап: —Ғарғасаңыз, салағойың, жарылқасаңыз, мынаў Ҳайтмурат

ағадан басқа адамым жоқ“, деди маған. „Бурын бай болғаным ырас, ҳәзир өзим кимге дийхан жүреримди билмеймен“ деп жиберди.

— Салынсын! —деди Мәдияр.—Жүдә болмай баратырса, анық жарлы болса, қыстамаспыз...

— Салынсын ба онда!!

— Салынсын, изин оқы?

— Толыбай тасмаңлай—отыз белдар...

— Ал, енди, буныңыз болмайды, баллар,—Қунназар бирден шоршынды: —Күни кеше инисин басбашы атып кетти, жағыз баласы болса, ауызынан ақ көбик шашып, „Ақ кесек“ те байланып атыр...

— Өйтип ирейимсизлик ете берсек, журтты өзимизден шийткитип алармыз,—деп еди Ақтөре, Сайымбет те ийе қойды:

— Қояйық соны, ийтке де уят керек, былтырдан бери шаўып атырмыз. Ең болмаса, быйылша турсын...

— Ең қурғанда бес белдар салынсын, —деди Мәдияр. —Сизлер дым босасып баратырсыз ғо...

— Яқшы,—деди Қунназар.—Бес белдар саламыз.

— Вообщем, ол хатланатуғынлардың дизиминде де барғо, —деп алақанын жайды Мурат: —Соны да биротала шешип кетиңдағы...

— Ояғы тағы бар, —деди Ақтөре. Қунназар, айтпағаны менен, отырғанларға жалынышлы жалтаңлап: „қояғойың,“ деген өтиништи көзинен аңлатып отыр. Сайымбет те ойланып қалды, әллен ўақыттан соң: „обал саўапты районнан келген ўәкилге жүклеймиз“ деди. Көпшиликке бул да мақул болды...

— Баслайықдә аға, хатлаўды, —деп, Мәдияр тағы бир қапталдан урды. „Тилхат бар, сол бизге жазба буйрық“ деп, Сайымбет тағы бас шайқады. Мәдияр ашыўланды:

— Со, аға, тил хатыңнан қай ўақ бир ўақ тис жемесең, маған кел...

## 11

.. Айхан адымын атқан сайын, бети бүлк-бүлк етип жүретуғын бөтекедей ғана ҳаял еди, жасына қарағанда шырайының да қызылы кетпеген. Сол ҳаял, қәйнисинен де бетер, жалғызынын күйигине шыдамай, соңғы күнлери бирден жапырақтай солып қалды.

Азанда, пийшемби болғанлықтан, ауылдың ҳаяллары

менен „Ақ кесекке“ жерленген қәйинисиниң басына шығып кетип еди, түс аўа бергенде, талықсыған ҳаялды арбакеш қудасы Жақан сүйемеллеп, зорға арбадан түсирди.

Айхан үйге келип те өзин-өзи баса алмады, еки бетин жулып жылады. Жалғызының анандай аўҳалға шатылғанына сырнықты:

— Шырағым, шырағым... Тула бойы өрим-өрим, бақанға байлаўлы тур ғой, халқым-аў, қудайға буншелли не жазып едим! —деп, өзи де жыланды, ерип барған ҳаялларды да еңиретти.

Мың без бүйрек болса да, перзенттиң аты перзент ғой, буны үнсиз тыңлап, бүккесине түсип атырған Толыбай түргелип отырды да, ҳаялына ҳүрейленип қарады: „Егер ис усылай бара берсе, мынаның жинли болатуғын түри бар... Апырмай, бала, не қылсам екен, айтсам, бунда болмаса, айтпасам, бунда болмаса ..“ деп, ишинен сарсылды, лийкин, ҳеш кимге сыр бермеди. Айхан да жубана қоймады:

— Жараған түйедей аўызынан ақ көбик шашып тур-аў, шырағымм! —деп басы меншилген жыландай таўланып жылай берди. „Ақ көбиги неси, ақ көбик?! Ол қалай ағады, жинли болмаса, аға ма?!“ Толыбай силкинип орынынан турды да:

—Жақа-ан!—деп бақырды. — Атты ертле! Сыдыққа да бир ат...

Аздан соң, Сыдық екеўи аўылдан атланып кетти. Толыбайдың жүреги муздай суў: „шынында да жинли болса, болған шығар... Қурыдық онда, Толыбай, дүньядан намуў нышан қалдырмай өтетуғын болдың“ дейди өзине өзи.

Келсе, ырасында да бала сондай, аўызынан ақ көбик шашып, ҳаял айтқандай, бақанға емес, қара талға байлаўлы тур. Сыдық барып:

— Қалайсаң, шырағым, Елибай? —деп еди, бала әдеп, маңғурланды. Соң теўип жиберди, босанса, Сыдықты шайнап таслайтуғын адамдай, жулқынды. Толыбай жүдә болдырған, шаршаған кейип пенен Сыдыққа муңлы бақты да:

— Оңбай қалдымғо, Сыдық-аў! —деди. —Сен мешитке бара бер, кеўил билдиргениң ушын, алла зият етсин. Бул маңлайы қара менен мен бахыты қараны қалдыр. .

Сыдық кетти. Толыбай, сораўға тили бармай, баласының жин көзленген көзлерине телмирди. Баланың кирпиклерине жас анталап киятыр. „А, қудай, ондай емес екен!“ деп, әкесиниң питегене иши жылынайын деп еди, баланың ләплери мүйешленип сала берди:

— Мени не қылып қойдың, аға-а, —деди әсте сыбырланып. —Қудайға не жазығым бар еди! —деп, еңиреп қоя берди. Толыбай: „биреў сезип қоя ма!“ деп, шоршып кетти. Бирден қатал түске енип:

— Жазығың сол, жүўернемек,—деди тислене сыбырланып: —Мәдиярдың жағасына жабысып не қылайын деп едиң! Тас болмаса, бәримизди байлап бере жазладың ғо, жаман-аў! Үсейтпегенде, өлигин түрмеде ширийтуғын еди, домзақта...

— Буннан домзақ жақсы едиғо, маған, аға-а,—даўысы аянышлы шықты.

— Өшир үниңди! Домзақ саған мут аўхат берип, қоя бере ме, Сиберге жибередидағы, я атып жибереди, ақымақ! Жаңағы кейпинди бузба, сыр алдырма, сыр алдырдың, қурыдық. Мен кеттим...

Инисиниң басына қуран оқып, мешитке келсе, иште бәледей болып, Избасқан отыр. Толыбайдың жүреги суўў ете қалды. Қамшысын биресе қонышына тықты, биресе, суўырып алды, албырады. Буның неге есиктиң алдында зеңирейип қалғаны Сыдыққа да, шайыққа да намәлим, билсе, тек Избасқан биледи:

— Мешитке келген адам, отағасы, —деди бужыр бетин сурландырып. —Диз бүгип, қуран оқытар болар...

Есине енген Толыбай төрледи, қуран оқытты, шайыққа, нәзирин берди. Ортаға дәстүрхан жайылып, ала бүйрек чайнеклер менен чай келтирилди. Гәп балалады. Тап бир, еситпеген, бийғаныс адамға айтқандай, буннан жигирмалаған күн илгериде инисин басбашылар атып кеткенин, бурын өли көрмеген жалғыз баласының соның дәртине шыдамай усы аўҳалға түскенин, жүдә, әтирин келтирип айтып берди. Избасқан да, шайық та қайта-қайта таңлайларын тықылдатып, басларын шайқасып, аяныш билдирип тыңлады. Избасқан кесасындағы чайды чайқап отырып:

— Мен, бағана баланың бетине үңилип қарап едим,—деди ҳәм „жинли емес екенин билемен“ деген кейип билдирип, дуп-дуўры Толыбайдың көзине тигилди, Тасмаңлай: „айтып қоя ма“ деген қәуип пенен көзин қы-

пылықлатты, Избасқаннын сөзи аўызында: —Баланың буйтип обалына қалмаңыз, отағасы Не қыласыз, булманда қыйнап, Қарақум ҳәзиретке тартың, бир ҳәптеде қулындағы қәддине келтирип береди...

— О садағаң кетейинлердиң, — гәпке Сыдық қыстырылды: —дәргайына бир жетсең, „суп“ дегени қабылғо! Қол беретуғын жылымда есигинде алты ай жүрип, арқалап отынын тасыдым. Бул ғой, бул, буннан зорларының тәуир болып кеткенин көрген мына еки көзим...

— Сиз де сол садағаң кетейинге қол берип пе едиңиз? —деди Избасқан қызығып: —мен де отынын арқалап тасығанның биримен...

— Онда... Сиз де соның супысысыз ба?

— Болғанымыз ба-ар... Соңлаў, шыбығын сындырып, зейинине тийиңкиреп алдық, —деп еди, Сыдық Избасқанға түңилип қарады Избасқан: —Мына яшуллыны да ғәрежетиңиз бенен қосып жиберсеңиз, жүдә бәрәкәллә!—деди Толыбайға қарап: —Себеп пенен, әри, пийриниң қолынан алып қайтады...

— Пах, жақсы болар еди-аў онда! —деп шулғынды Сыдық. —Садаған кетейинди көрмегениме де көп жылдың жүзи толды...

— Ертеңнен баслап, жолға таярлан онда, Сыдық,— Толыбай Избасқанның ыңғайын абайлады да бирден көнди:—Жалғызымыздын жанына жалбызба болса, қудайдан аярым жоқ мениң. Тақсыйыр, сизиң хабарыңыз бардур, ол кисиге малдан да пул абзалырақ шығар...

— Ол сизден ҳеш нәрсе тәме етпейди ғой, деген менен қуры қол бара аласыз ба, мынаў тонаўшылар ийттей анталасып турған заманда ол кәраға мал жеткериў де қыйын. Пул болса, пәкизе, қонышта кете береди, пулға да зәриў емес-аў, сонда да...

— Сонда да қуры қол бармайсаң ғой, енди! —деп қомпаңлады Толыбай. —Пул көплик ете ме!

— Бирақ. мал да ҳәзир ийт муты-аў! —Избасқан гәпти басқа муқамға дөндирди: —Жақында хатланатуғын болғаннан кейин, ҳәзир ортадәрмияннан байығынлар ири шақлысын пул қылып басып атыр. Ақылы бар адам, сөйтедидағы, „қашан қолымнан алады“ деп отыра ма! —Толыбайға лийкинли бақты: —Бул журттан тәсил қутылмайды екен, —деп шайыққа мақуллатты:—Жақында ҳәмме жерде колхоз бола жақ қусайды. Орталыққа өгиз, сыйыр, ат алынады екен, енди журт

не қылып атыр, ирисин усақлап атыр, жанлық, әсиресе, ешки есапқа кирмейтуғын көринеди,—деди де тағы Толыбайға лийкинли қарады. Кем-кемнен берекети қашып, бозара баслаған Толыбай, үндемесе де „уқтым" дегенди көзи менен аңлатты. Соның арасынша, сыртта атлар кисинесип, пышық быгырласқандай бола қалды. Шайық „ат таласты!" деп, есиктен атлықты. Изинше, геўишин оңлы-шепли кийип, Сыдық шығып кетти. Ҳәўиттей мешитте екеўден екеўи қалды.

Избасқан кеўил-пеўил де айтпады, улыўма, қолына жарақ тутқалы, өлгенге қыйналмайтуғын, туўғанға қуўанбайтуғын болып қалған еди. „Кеткенлер келип қала ма" деген қәўип пенен ойындағысын айтқанша асықты:

— Баланы көрдим, жинли емес, жинлини мен көзинен таныйман,—деп сыбырланды Толыбайдың бетине де қарамастан дуп-дуўры есикке тигилген қәддинде — Бирақ, мийиң ислепти, жақсы иләжды ойлап таўыпсаң. Деген менен бүйтип узағына қоя алмайсаң, „Ақ кесек" мың айтқан менен, аўыл арасы, биреў болмаса, биреў билип қалады. Бул, бир, гәпимди бөлмей тыңлап отыр. Екинши, жалғыз балаңды дүзге байлап қойып, өзин де үйиңде тыныш отыра алмайсаң, соның ушын, Қарақум ийшанға апарып, саўалтқан бол да, бир-еки айдан алып қайт, буның бизге пайдасы көп, себеп пенен, ийшанымыздың усы қарағанда абырайы бурынғыдан да артады, „Толыбайдың жинли баласын демде саўалтып жиберди" деп, журт ғаўқылдасады. қалаберди, себеп пенен, өзиң де ийшанға барып, бизиң не ушын ат сабылтып жүргенимизди жақсы уғасаң да, бурын өтпес қанжар болсаң, енди қыйғыр қылыш болып келесең... Нәзирге жаў-жарық тапқаның абзал...

Сырттан жуўырып қиятырған аяқ тапылдысы еситилип, гәп үзилип қалды. Ишке шайық ҳаплығып келди:

—Атлар шайнасып-шайнасып, ақыры үзип кетти!— „Өрре-өрре турады да жуўырады", деген адамлары өзине түксийисип қарап, сазырайысты да отырды. Шайық көзлерин үнсиз биринщисинен екиншисине, екиншисинен биринщисине аўыстырды. Ҳеш қайсысында үн жоқ. „Өзин еплемейсең бе, биз енди ат қуўалайық па!" дегенди көзлеринен оқыған шайық: „ҳе-е, булар ел үстинде жүрген баярлар қусайды-аў!" деген пәм менен:

— Әпиў етиң, бизики әнтеклик болыпты,—деп, бәсип шығып кетти. Далада әлле қандай бир зияратшыларды:

„анаў атты тутысың, журттан шығып кетпесин, келиң, жигитлер!“ деп, шақырып атырғаны еситилген ўақытта, Избасқан сурланып, гәпиниң үзигин жалғады:

—Кетериңде, әлбетте, мына қасыңдағы дүмше молланды ертип кетесен...

— Әй, буның өзи бузылып баратыр...

— Апара бер, пийри оқтай етип жибереди. Соердеги аўхунлардың биреўлери менен келисип, „сатсам, қуран урсын, дин ислам ушын өлсем шейитпен“, дегизип, қуран услатып, нан тепкизип қайт, еситтиң бе?!

Толыбай ийегин кепшиктей екшеди. Избасқанның бетиниң шешек дағындағы шуқырлар кем-кемнен тереңлесип баратырғандай:

— Жақында гедейлер топарының жыйналысын аштырып, ҳуқуўқыңды алайын деп атыр еди, буннан хабарың бар ма?!

Толыбай басын шайқады. Избасқан Толыбайдың шағыл тастай жалтыраған маңлайына түңилиўшилик пенен қарап, қәҳәр менен:

— Көрпеңиз өртенип атырғанда ийиси мурныңызға бармайтуғын мақлуқларсыз, түўе, сизлер менен „ҳуқуўметти қулатаман“ деп жүрген мына мен де, —өзин өзи туртти:—ақмақпан! Иргеңниң түбинде болып атырған ҳәдийсени билмейсең! Не бағып жүрсең өзиң!—Тап бир баласына кейип атырғандай сыбырланып жекиринди. Толыбай кемкемнен киширейип, бир қысым болып баратыр. Аз ғана үнсизликтен соң: — Адам жиберип, жыйналысын болдырмай тасладым, әшипкили нәрсең болса, житир! Колхозды байытпақшымысаң, артық-асбай мал-ҳалыңды сатынып-сууўынып, бизиң де алақанға сал бир нәрсе! Қызылдағы қазақ арасынан жаў-жарақ алыўға пул таппай атырмыз...

Ең соңғы кеңесим: сезилип қалмаң, „колхозға аламыз“ десе, кире бериң, өзлериңизше ҳәрекет етпең. Ашық-айдын көтерилетуғын ўағыңызда, хабар өзимнен болады. Жаў-жарақ алыў ушын, ҳәзиретке де пул керек, оған мениң атымды айтып барасаң...

Негедур, Толыбай өмирде етпеген әдетин етип, ыйығын селкилдетип, күлди. Избасқан, әдеп, ҳәйран қалды, сон, әжепленди. Жылан көзи жылтылдап, басын көтерип еди, тап бир, басын қақайтқан көзилдирикли жыланға меңзеп кетти „Мениң айтқаным буған күлкили қусайды-аў, тап, отырған жеринде буўып ғана өл-

тирсем бе екен!“ деп, тисленип турдыдағы, тағы, „шәйтанға ҳай берди„. Избасқанның ғәзебин көзинен оқыған Толыбай да жағын жайлаўынан жыйнап алды. Лийкин, усынша әўерешиликтиң күйинишинен шыққан батырлық, „усының қолынан өлсем өлип-ақ кетейин, Көлибайдан нем артық! Усы болмағанда, малы-мүлкимди берип, отыра қойғанымда ҳүкиўмет маған бәле де қылмайтуғын еди! Садаған кетейин, ел, мендейлерге отыз белдар салғанда, мени аяп, бес белдар салып атыр, не кемиси бар, кимге өкпем бар! Мени қурытқанда, усы жылан көз қурытты! Енди мени бул күниме де қоймай, ҳүкиўметке айдап салып, қарап ете жақ!...“ деген ашыў, сөйлеўге тәўекел еттирмей де қоймады:

— Егер жаңағы айтқанларыңның бәрин Сайымбетке, я Мәдиярға айтып берсем, ҳүкимет мени кеширеди. Сизлер жеңе алмайсыз, булар күшейип кетти...

— Сеннен усы сөздиң шығатуғынын билип едим, пәдериңе мың нәлет!—Избасқан түтигип сала берди.— Айтқан жағдайыңда, билесең бе! Мәдиярдың оғы ининиң өлиги менен қосыла көмилди! ГПУға тилдей қағаз жиберсем, ашады да оқты таўып алады! Әптертәптериңди шығарып, алды менен өзиңди тутады! Тергеў бересең домзақта жатып...

— Яқшы, тергеў-ақ берейин...

— Жа-ақ, —Избасқан тап ҳәзир-ақ мыжымырлап таслайтуғын адамдай қолларын жайып, бармақларын тәррийтти: —Сени мына қолларым менен өзим өлтиремен! Бул дүньяда саған тергеў бергизбеймен, тергеўди о дүньяда, отлы ғүрсиниң астында сүйеклериң аттың туяғынан сытылған батбақтай шашырап кетпестен сәл бурын мәңкир-мүңкирге бересең, уқтың ба, ақмақ!...

Гөне мешитте еки байыўлы былдыўласып атырғандай еди.

— Ассалаўма әлейкүм, зорға туттық ғо, бала! —деп, есиктен кирген зиyaратшы кисилер әңгимени бөлип, шатақтың алдын алып таслады. Ендиги жағында Избасқан Толыбайды, ата-баба, заў-затын қалдырмай, үнсиз, көзи менен сөгип отырды...

## 12

Мешит пенен Сыдықтың үйиниң арасы, Мәдиярдай қарыўлы жигитлер зыңғыта қойса, кесек жеткендей жер еди. Сыдықтың жайына қарағанда гөне де емес.

Қамалдан алдын. Қум өзек ийшанлары гүрлеп турған күнлери Сыдық Қара қум ийшанға қол берип қайтқан жазда аўылдың адамларына басшылық етип, көмек пенен өзи салдырған еди. Тырнағына неше арба шеңгел кеткенин устасы билетуғын шығар, төрт пақса ылай мингеннен келген, еле де шеңгелинин қалыңлығы кере қарыс пенен еки қарыстай бар. Сирә, басқа жайды ызғар алса да, буған бинәй өмирде кәр ететуғын түри жоқ, қашан көрсең. кесеклери әжжедей ағарып турғаны-турған.

Мешит, молланын үйине бола емес, молланың үйи мешитке бола усы жерге таяў, мешиттен соңлаў салынған еди. Сыдықтың бул еңбеги күймеди, мешит салынған жыллары-ақ қайтты. Жақынға шекем бунда Сыдық аўылдың нәрестелерин оқытып келди. Жаман болған жоқ, күни журтқа қарағаны менен, өзи усы қараганнын мектеп молласы болған соң, үсир-кеўсен, тери-терсек, неке-пекеден түскен тыйын-тебен, балалардан түсетуғын ол-булдың арқасынан тәўир-ақ нәрсе қомлап еди. Ҳүкимет келгеннен соң да биразға шекем сол өмир, селтеңсиз өмир бир ағыўға өз аңғарынан ылаймай ақты. Оның аңғарын бурып әкеткен мына Сайымбет пенен „шундыйлап өлгир Қудайберген шундыйдың баласы Алламберген шундый“ болды. Бала оқытып атыр еди. Алламбергенди ертип келди де:

— Балларды ҳәзирден баслап, дағытасаң, Сыдық,— деди нәрсе ашыўланбастан: —Мешитти мектептен айырыў ҳаққында зәкүн шықты.

Сыдық әри-бери тарбаяқлап бағып еди. Сайымбет, түрин сурландырып: „Алламберген,—деди балаға,—Изиңе бир-еки комсомолды ерт те, Сыдықты байлап, ГПУ-ға апарып тапсыр, ..“

Сыдыққа бул сонда да ойындай туйылып еди, қараса, жаңа ғана желкилдеп кеткен Алламберген, комсомолды емес, әкеси Қудайберген шундыйды, тағы еки батракты билегин сыбандырып, ертип әкелип тур. Қудайберген шундый, басқа жипти үзип кететуғындай, сыйырының бас жиби ме, қыл арқан алып келипти. Тағы биреў анаў жақтан арба тақырлатып киятыр. Булардың анық шынлай жағын сезген Сыдық, балаларды дағытып, „қудайдан табың“ деди де, мешитке қулып урып, гилтин қалтасына салып кетти.

Соннан бери: „мусылман мусылманшылығын қоя ма, ҳүкимет өзгерген менен мусылманшылық өзгермес, мектеп ашылар“ деп, әри үмиг етеди бери үмит етеди, еле ашылатуғын мектеп жоқ. Бирақ, ҳайт, ораза күнлери ауылдың ғаррылары жыйналып, еле де мешитте тараба оқып туратуғын еди, гилттиң қалтасында жүргени де сонлықтан. Мектеп жабылған менен, бала оқытылмаған менен мешит Сыдықтың бир үйиндей болып қалған, кеўилине жақын, көзине ысық, қар жаўған күнлери: „ҳә, садағаң кетейин, хор болдың-аў, орыс елине қайтар, сениң де бир күниң келер“ деп, қарын артып жүргени.

Сөйтип жүрген күнлериниң биринде, мал-ҳалын сатып, пирдиң зияратына таярланып атыр еди, изинде сақал-мурттан жұрдай ири, шойын қара биреў. Алламберген шундый менен Қурбан үйшиниң баласы Исимет комсомол кирип келди. Келди де мешиттиң гилтин сорады. Сыдық аңырайды.

— Оны... не қыла жақсыз?!...

— Мектеп ашамыз, отағасы...

— Ҳә-ә, сөйтер-аў, сөйтер-аў!—Сыдық қуўанғанынан ушып-қонып, сабаққа барды да ишиндеги гөнексини сыртқа зыңғыта берди:— Кемпири түспегирге „жасырып қой, ақыры мектеп ашылады“ деп едим... Ақыры, ғошшыларым, мектепсиз қалай болады! Бир келата елат...

— Бирақ биз,—буны айтып турған Қурбан үйшиниң Исимети:—Орысша оқытамыз...

— Ҳа-аа! —Сыдық сабақтан қолын тартып алып, артына жалт қарады: —Орысша оқытқаны қалай! Мешитте орысша оқытып бола ма! Онда гилитти бермеймен, ел шешсин оны, халық шешсин...

— Дабай, ғарры, гилитти әкел,—шойын қара алақанын созды: —Қалай, қайсы тилде оқытамыз, бул бизиң жумысымыз.

— Бул киси, Дәўеке аға деген муғаллим, —деп таныстырды Алламберген шундый. —Мешитте сизиң ҳақыныз жоқ, баяғыда да усейтип бүлдирип едиңиз, енди шатқаяқласаңыз, шатақ болады, Сыдық аға!

— Усы, жағаңызға жабысыыйп,—деп созды тырнағына шекем күйип кеткен Сыдық:—Өле қойсам, қәйтер екен!

— Жағамызға жабысып көр,—деди тек турмай Қурбанның Исимети: —Өлиўиң қыйын емес! Жүр, Алламберген, өзим балталап бузып беремен, жүре бе-ер, соң өзим дүзетемен ғой! Бул ҳүкиметке қарсы адам...

— Усы гәпти,—Сыдық қызынып, бармағын шошайтты: —Сен айтып турмысаң, маған! Алды менен әкенди дүзе, әкең қарсы ҳүкиметке! Мынаў турған Алламберген шундыйдың әкесиниң еңсесинен түйип, малақайын Назарбайдың қаншығына ылақтырғанын көрген мына шығып қалғыр еки көзим, ҳаўўа! Ол ҳүкүўметке қарсы емес, мен қарсыман, ҳәә!—деп, басын қыйқаңлатты; Соң ашыў менен кисен гилитти есикке зыңғытты: —Мә, ишиңизге урың, жигит жүўернемегиңизден кеткирлер! —Дәўекеге бармағын шошайтты: —Ал, анаў гилит, саған ардана бола қойсын, маған қайыр бермеген мешит саған қайыр берер дейсең бе! Ҳа-а, көремиз еле!

— Журтқа қайыр береди, отағасы, өйтип, қалтырапқақсап қыза бермең, дабай, кеттик, жигитлер. Булар бир, күни питкен адамлар, жан айбат пенен сандырақлай береди...

Олар кеткеннен соң, Сыдық шекпенин жамылып, бүкке түсип, жатып қалды. Узақ жата алмай, иши пытырлап, сыртқа шықты. Мешитке жаңағылар кирип-шығып жүрипти. Тағы ишке кирди, тағы жатты. Шыдамады, пытырлап, тағы сыртқа шықты. „Бул ғана жүўернемектин тәмбисин Қурбанның өзи берсин!“ деген ашыў оны соқпаққа салып жиберди.

Тусынан өтип баратырып, мешитке қанша қарамайын дегени менен, шыдамады. Ишинде ғаңғыр-гүңгир сөйлесип атыр:

— Айнасын бузыў керек, қараңғы!—Сыдық қулағын тастай басып, өтип кетти. Даўыс еле шығып атыр:— Айнаны қайдан табамыз?

— Қаладағыдай айна ма,—деди Исимет усталығын көрсетип қойғысы келгендей мақтаныш пенен: —Өзим соғып беремен! Алты көз болса, болмай ма?

— Қатып кетеди!—деди Дәўеке.—Усташылығыңның бары тәўир екен!

— Булар шынжырма-шынжыр үйши, —деп атыр еди Алламберген, сыртта аяқ томпылдап, Қудайберген шундый кирип келди. Қолында, қәдимги, ҳәмийше таслamай жүретуғын нышлы бели.

— Киристинлер ме, ҳа-а, шундыйтип баслап жибермек керек.

Сөйтти де еденди бир шеттен тутып қыршый берди:

— Маңлайы қатты, Сыдықтың ийиси сиңип қалған буған, өзим шундыйтип қыршып шығаман да, айман-дай етип беремен!...

Шундыйдың минезинен бийхабар муғаллим, таңланып, күлди, күлди де:

— Доска керек,—деди үлкен шундыйға:—Енди бизге доска...

— Өйдеген не?...

— Бала керек.

— Онын табылады, —деп шулғынды жер қыршып атырып Қудайберген: —Әлбетте, бала керек, болмаса, тамды оқытамысаң, ақыры! Мине, мына баллар сытырлатып хатлап қайтады—қайсы үйде неше бала бар...

## 13

— Ел-халыққа жәрия етип, бир жан сойып, пәтиясын алып кетейин деп едим, Назарбай ғошшым,—деди Жақаннан шақыртқан Назарбайына Толыбай төрге шығармастан есикте отырғызып қойып:—Өзиңниң хабарың бар, бизде майда малдың ирети жоқ. Өгиз сойсаң, бул журт тағы гәп етеди. Болмаса, жалғызымның жолына аяр жаным жоқ. Сенде ешки бар деп еситемен. Қыямет күни қоңысыдан, соған бир ешкиңди бер, базар нырқынан пулынды аларсаң,—деп еди, Назарбай бирден шапшыды:

— Жақ, аға! Маған пулдың кереги жоқ. „Есиң кетсе ешки жый“ деген менен, өткен жылы қайырға қаўын егип, жазлай ҳәр кимниң үйине арқалап тасып, гүзде бир-бир ылақтан алғаным бар. Сол күнлери-ақ қашып кетип еди, жасырарлығы жоқ, ҳәзир „қашан туўар екен“ деп, қуйрығына алақанымды тутып отырман, басқадан еплей ғой, маған тийме,—деп турып баратыр еди, „қойып тур“, деп тағы отырғызды.

— Ири малға алмастырып бер, ең болмаса? Басқадан ирети болса сени қыйнап не қыламан? —деп еди, Назарбай аңырайып қалды.

Онда да есап бар еди: быйыл ҳәр туўшасы жалқыдан туўғанның өзинде баҳәрге салым, алты туўшасы он еки бола жақ. Назекең Базар менен алдымыздағы гүзге таман ысқырып апарып, сата жақ. Он еки ешки-

нин пулына ең болмаса, тақ өгиз, кәмбил өгиз болмағаны менен, тәнекей өгиз берелиғо, тәнекейдиң кәмбил болмағы қыйын ба! Әне, оннан соң Назекең сондай тақ өгизли биреў менен сериклесип еге жақ дийханшылықты, сата жақ қаўынды, ала жақ ешкини, еки бастан, жаңа ҳүкүмет жарлыға жерди қанша егемен десе, сонша берип атыр, таршылық егип атырған жоқ. Әне, сөйте жақ еди Назекең. Енди, мынаў Толыбай „ири малға алмастырып бер,“ деп тур. „Керек теректи жығады“. Зәрүўдидағы шалқая берсе, анаў тарғыл өгизин бермеспекен! „Бирден йошпа, Назарбай“, деп ескерпти ишинен өзине-өзи, соң:

— Бир ниетим бар еди, аға, өгиз аларман деген,— деп түринен, қыймаслық, қыйналғанлық нышанларын көрсетти. Толыбай дым қыйналмастан:

— Өгиз алсаң, өгиз-ақ ал, мен не бир, таппай отырман ба!—деди. Назарбайдың тили таңлайына, өкпеси аўызына тығылды. Сазырайды да қалды. Бирақ, мақаў қатинек бул, өзинен өзи тисленди, Толыбайға сыр бермеди. „Көне жақ емес“ деп ойлаған Толыбай:

— Неше жанлық дедиң? —деп сорады. Өзине көп болса да:

—Ўәй, гөр емес, алтаў-аў!—деп гүрисинди Назарбай.

— Бир өгиз берсем бола ма?

Назарбайдың иши жылып-ақ тур, лийкин өзин зорлап бас шайқады.

— Туўшаларым буўаз, аға, бир айдан қапылғанда он еки болады. Қудай берсе, ешки деген екеўден, үшеўден де туўа береди. Ешки менен ийтте ар жоқ.,.

— Мениң зәриў екенимди билип турсаң-аў, Назарбай. Бир өгиздиң үстине қанша тәме етесен, соны айт, ең болмаса?

— Әй, аға, со, өгизиң өзиңе қайыр берсин, мени қозғама, маған пулдың кереги жоқ,—деп турып кете жақ еди, тағы, „изимнен шақырмай пәнт берип жүрер“ деп тыбжылмады. Бай да жаман көзи менен мылтықсыз атқылады да:

— Ҳәй, заман-ә, заман-ә! —деди өкинишли бас шайқап:— Еки өгиз берсем сенде ҳақым кетеди-аў, мениң! Ешкиңе қосып беретуғын пулың бар ма?!

„Мынаў Толыбай сада екен-аў, буны бир баплайын“ деген ой менен, Назарбайдың алқымы оқпандай ашылып кеткен еди.

— Бизде пул көп, аға, —деди бир тыйыны болмаса да байсынып.—Бирақ, мен сениң еки өгизиңе бир қора малымды бере қояман ба, әдеп соны сора. Өгиз дегениң кеше мынаў турған Халқабадта ийт муты болды. Бес-алты қараны өзиң де апардың ғой, көрген шығарсаң аў...

— Қәне, майдалама, Назарбай! —Толыбай ашыўланды:—Геллем бир ғуўлап кеттидағы, бар, бердим еки өгизди!

Назарбай. қыйналған түр билдирип, тағы бас шайқап еди, енди Толыбай қанасына сыймады, „со, колхозға-ақ кетсин, бул да бир батып өлген малым!" деген ойдың ашыўы менен Назарбайға есикти силтеп бақырды:

— Бермесең, беккем бол, қәне, үйди босат, Назарбай!

— Босатсақ, босата қоямыздағы!—деп шығып кетти жигит. „Шақырармекен" деп, дәрўазаға шекем артына қулақ түрип, әсте жүрди, ҳеш ким шақырмады, иши уўдай ашып, дәрўазадан шықты.

„Еле де шақырар-аў" деп, артына қарай-қарай, үйине шекем де әсте жүрди. Жақ, шақырмады. Есиркеп есиктиң аўызында томар майдалап атыр екен, ашыўын соннан алды:

— Сен, бир, бурын-сонлы отын айырып көриппедиң, өзиң!

—Неғылған, Назеке-аў, биз қырда тезек жағатынбыз.

— Ўәәй, теззек жақпай кет, мынаўың ошаққа сыймайды?,..

— Ойбай-аў, әли майдалаймын ғой...

— Қатыныӊ қайда, неге ешкилерге қарамай жата береди?!

— Ойбай-аў, Назеке, қәзир шөп салып, қудыққа суўға кетти.

Назарбай өзинен де айбынып, өзине де бағынатуғын ең болмаса бир адамның бул дүньяда бар екенлигине шүкир етип, ишке кирди. Себеби, буған ҳаялы Базар да бағынбайтуғын еди. Ҳәзир, негедур, соның бағынбайтуғыны да, туўмайтуғыны да есине түсип атыр, есине түскен сайын жинин тырыстырып, ашыўын келтирип атыр. Ол аўылдың еркеклери менен Туўбайдың тоң жармасында, болмаса, оның менен де урыса жақ. „Қалай да бүгин оны өзиме бағындырмасам, еркек атым қурысын!" деп пәтленди, пәтленген менен Базар жоқ

болған соң, онын менен болагуғын урысты несиеге қалдырып, шалқасына жатып еди, көзине, қәпелимде Толыбайдикинен берман киятырған Жақан елеслеп кетти. „Сезимим алдамайды, әне киреди, мине, киреди“ деп, қулақ түрип жатты. Ырасында да биреў кирди ҳәйўанға:

— Жақа-ан!

— Ойбай, менмин ғой, Назеке-аў!

— Хәә, сен болмай кет!

— Ой-бай-аў, немене, типти, Назеке-аў! — деди ҳәйран қалған Есиркеп ошақтың қасына отынды тастай берип:—Чай ишемисиң?

Назарбай үндемеди. Орынынан өрре турды да сыртқа шығып, Толыбайдың үйине тымпылдап тартып отырды. Келди де:

— Әй, аға, зәриў екенсең, кел, енди, ала ғой,—деди. Толыбай жигиттиң жүрегин лүпилдетип, бираз отырды. Соң: „ойланың-қырап турман“ деп, жүрегин суўлатты, тағы: „намәртлик сеннен кешсе де бизден кешпесин, үйиңдеги қазағың менен әкелип қама да қос өгизиңди әкете ғой“ деди. Жигит жаңа түскен келиндей бир өкшеден айналып, шығып кетти.

Есиркеп ишке кирмеге айбынып, есиктиң алдында гүйбенип жүрген екен. Кела қушақлап, шыр гүбелек айнадыра берди. Нениң не екенин түсинбей, ҳаўлыққан Есиркеп, „гүдиниң басына зынғытады“ деди ме:

— Ой-бай-аў, қой-шы, Назеке! — деп жалынды. —Осы саған бир ис болдаў-әй, я!...

— Ешкилерди шығар, исти көресең!

Тап бир, мың қой айдап киятырғандай айналдырған алты ешкисиниң екеўи еки жағынан шығып, ысқырысып, айдап келсе, Толыбайдың есигиниң алдына төрт ат байланып қалыпты. Тасманлайдың өзи сыртқа шығып, Айханын айбарақлатып, тарғыл өгиз бенен шайбас өгиздиң бас жибин Назарбай менен Есиркептин қолына услатты. Қутлы болсын айтты: „бар, қайырын көр, ирәтиңе жумса“ деп, қайырласты. Соң: „үйиңе байла да, мына қазағыңды ертип, тез кел, Жақан мал шала алмайды. Ҳәр қайсысы бир жанлық қонақ келип қалды,“ деди. „Себеп пенен таза сорпа ишип, қол үзлик аларсаң“, дегенди де қосып қойды.

Жолда кетип баратырып: „пах, қонақ келерин билмедимғо, билгенимде, үйде табан тиреп отырғанымда,

гөр болып келип, үш өгизге өзиң алып кетеди екенсең-аў!“ деп, өз аяғынан келгенине өкинди.

„Тасмаңлайды байладым“ деп мақтанбақшы еди, Базар еле қазыўдан қайтпапты, өгиздиң қуўанышы бар, Базар менен урысыўы, сөйтип, оны бағындырыў нийетин де ойынан шығарып таслады. Изине епелеклеп ерип жүрген Есиркепке:

— Ун алып шық!—деди, қәдимги қатын даўысы менен шәңкилдеп.—Неге изимнен қалмайсаң, қалтамандай!—деп, еки өгиздиң өзине-ақ бай тутымын тута баслады.

Шанаштан унды Есиркептиң келиншеги Орынша алып шықты.

— Маған бер, өз қолым менен жағаман,—деп, алақанын тутты Назарбай. „Байдын дәўлети маған, тап, усы ундай болып жуққай“ деп, өгизлердиң маңлайларына жағып шықты. Есиркеп пенен қыряпыр етип, астыларын артып, шөп төсеп, тазадан қазық қағып, соннан соң барып, өгизлерди әкелип байлады. От салды. Зәңгиниң биринши тисине шөгип, өгизли болғанына өзи әбден исенип алайын деген адамдай, бир майдан машқы етип, қарап отырды. Аздан соң, Толыбайдың үйине тағы кетти.

Есиркепти ертип келсе, қайдан келгеңин ким билсин, Қудайберген шундый да усында келип, қазыўдың мәселесин ортаға таслап атырған екен. Қонақлар төрги жайда, булар қазан жайда, оңаша сөйлесип отырғанының үстинен шықты. Толыбай:

— Ҳәзир-ҳәзир, Қудайберген аға, мен мыналардың малын берип алайын, қайтып келип сөйлесемиз, белдарды азайтып, бизди аяғаныңыз ушын тәңир жарылқасын,—деп, сыртқа шықты.

— Туўшаларыңнын семиз-семиз екеўин пуштарлай ғой, Назарбай ғошшым, —деди қолына пышақ, қайрақ берип: —Айханның Гөнедеги ағалары еди. Өмирде есигимизди ашпаған. Анаў күни, муздан өте алмай қайтып кеткен екен. Сәти түсип, пәтияға бүгин келипти. Қой болғанда ғой, жақсы болатуғын еди. Кел, енди, ешкиден екеўин-ақ соярмыз, биреўин азанда чай ҳалқас етер,—деп, сейисхананың қуўысынан жай көрсетти. —Анаў жерге шала қойың. Мени жоқламайсыз, ҳәр не буйымыңыз болса, Айханнан питеди. Мен жаңағы, қонақлардың қасында боламан, Қудайберген аға менен де гәпим бар, —деп кетти Назарбай Толыбайдың неге

бүгин бунша сөйлемшек бола қойғанына түсинбей, таңланды.

Ымырт түсип кеткенликтен, сейисхананың иши гастай қараңғы еди. Есиркепке ешки услаўды буйырып, өзи Айханнан шүтик шыра әкелип жақты. Есиркепке жықтырып, аяғын буўғызды. Пышағын қайрап, алқымға таяғаны менен, ылағынан қолда өскен ғой, шалыўға қарағанда қолы қалт-қалт етти. Ешкиниң мөлдиреген көзинде шүтик шыраның сәўлеси жылтырайды.

— Шала алмайман, Есиркеп, —деп турып кетти:— Сен шал,—деди пышақты созып. Есиркеп бәледен қашқандай шегиншекледи:

— Ой-бай-аў, Назеке, алда-жалда, қазақ баласы болғаным мен, түк мал баўыздап көргеним жоқ!..

— Қудайберген ағаны шақырсам, шалар еди-аў!— деди еситтирип.—„Онда қол үзликтен қағыламыздағы“, —дегенди ишинен айтып, қайтадан еңкейди де: „обалың пышаққа, жәниўар!“ деп, ишинен жылап, көзин тарса жумып, теке сақалынан бир қолы менен услап, екинши қолы менен пышақты тартып жиберди. Туўша әлле неткен бир бәдәйбат даўыс пенен „мә!“ деп, соңғы мәрте бақырды да тымтырыс болды. Оннан соңғы ис жүрисип кетти. Шалыўын билмеген менен Есиркеп пуштарлаўға бенде емес екен, керсенге мүшеме-мүше торс-торс таслай берди.

Ал, енди, Назарбай пушта, көк ет қусаған, мүше бузылмайтуғын жерлерден билдирмей урлаўға алдына адам салмайтуғын еди. Жапырақ-жапырақ етип кесип алып:

— Мә, мынаны билдирмей ғана белиңе буў,—деди Есиркепке созып. Есиркептиң „алда-жалдасы“ тилиниң ушына тирелип турған екен, басын шайқап: „Ой-бай-аў, уят болады, Назеке, мен ол жолға бармаймын!“ деп ҳаўлықты. Көп саўдаласып турыўға ўақыт жоқ, сыртта биреўлер дүсирлесип жүр еди „Ўәй, сен-әм бир, асып берсем жер едиң-аў!“ деп, гүңк етти де бир асымдай гөшти ақырдағы боян шөкирдиң арасына тығып жиберди. Соң, „сен анаўсын жыға бер,“ деп' өзи керсендеги гөшти алып, зиңкилдеп кетип еди, Айхан менен айтысып-шертисип, қол үзликке тағы да бир асымдай гөш алып келди.

— Мә, мынаны сорап алдым, енди қорқпай-ақ ғой, —деди гөшти Есиркепке берип атырып: —Жаңағы гөш-

ти-әм ал, териге ора да ишек-қарынына қосып, үйге тас-лап, шаққан кел, —деп зинҳарлап, қаны-жини менен қоса арқалатып жибердидағы, өзи аяғы бууылған екинши туўшасына айналысты. Бул, әлепкисиндей қыйнамады. Бирақ, негедур, Есиркеп кешикти. Өзи пуштарлап, тағы бағанағыдай етти. Лийкин, ақырдағы боян шөкирдиң астына тасламады. Белбеўин шешип алдыдағы, бир асымдай гөшти салып, бешбенттиң ишинен, көйлектиң сыртынан белине бууды. Сегиз көзине тары булаў салғандай ып-ыссы бола қойды. „Жағыўын қара, ҳай-ҳай!“ деди ишинен. Сөйтип атырса, бир бүйрек, майдың арасына тығылып тур. Аўызынан сууы шубырып, тап, шийкилей жегиси келип кетти. Анаў жақтан:

— Назарбай, болдың ба? —деп даўыслады Айхан, белбеўди шешип салыўға да, ойланыўға да ўақыт керек. Сытып алды да етегин көтерип, шемберге шыйырып қоя салды.

Керсенди көтерип. есиктен шығып баратырғанда Есиркеп пенен есиктиң алдында бетлесип қалды. Оқыйып сорады:

— Жоян болдың ғой, әбден!

— Қарынды жуўыстым...

Екинши ешкиниң пытты-сыттысын да арқалатып, „тез кел, тамақ тойдырсақ та пайда“,—деп қалды. Белиндеги гөшти бермекти умытып кеткенлиги Есиркеп дәрўазадан шыққаннан соң барып есине түсти. Шақырайын деп еди, қолайсыз, биреў билип қалыўы мумкин, әри, „Базекеңе өз қолымнан берип. мардыяйын,“ деген де ойға кетти.

Қудайберген шундыйдың, ойық көпирдиң тесигин көмбей өте алмайтуғынындай, қазан асыў десе де аспай кете алмайтуғын „тутанағы“ бар, буған да Төрткүлде, жол хызыметинде жүргенде үйренген. Қазанды сол асып атырған екендағы, Айхан от жағар болып қалыпты, чайды Жақан қатынатып тур.

— Шаршаған шығарсаң —деп, Айхан Назарбайды қазан ошақтың қуўысына шығарды. Биреў ийек қақса елпилдеп кетиўге бейимленип, Есиркеп есикке таман отырды. Жақан дәстүрхан жайып, зағара таслап, алдыларына бир-бир чайнекген чай қойды. Ырасында да Назарбай әбден шаршаған ба, я чай қонып атыр ма, шып-шып терге түсип отыр, чайды ишкен сайын ишкиси келеди, шөллеп қалыпты. Гүўлеген томар, нәҳән,

он еки қарыслық қазаннан бурқылдаған пуў да жайдың ишин дозаққа айналдырып жиберди. Назекең малақайы менен, биресе, тақыя менен желпинип атыр, тер деген болар емес.

— Бешбентиңди шешип отыр,—десе де бул Назарбай шешпейди.

— Яқ, ҳәз етип отырман,—дейди де тынысы тарылып баратырғандай: „үхҳ!“ деп, суўық демин ала береди.

— Ең болмаса, маңлайы қатты, белбеўиңди шешип, жайылып отыр,—деп атыр Шундый, сонда да қылмайды:

— Жақ, ҳәз етип отырман, үхҳ...

Аўхат аўыр жатарда салыстырыла баслады. Айхан дәстүрхан жыйнаўға, Жақан суў алыўға кеттидағы, табақ тартыў жағы Назарбай менен Есиркепке қалды.

Анаў жайға сорпа алып кеткен Есиркеп, ҳәйўанға шықса, қолында пуўы бурқыраған бир табақ гөш, Назарбай бақырайып тур, я ары кетпейди, я бери жүрмейди. Әўели елестирген жоқ еди, тусына келип, сер салса, Назекеси, көзи ақшаңлап, „қуданың нәзирине“ кетип баратыр. Есиркеп қазан жайға тура шапты да:

— Ой-бай, Назекең кетип барады!—деп бақырды. Дым түсинбеген Шундый:—Аўхат жеп кетсин —деп атыр еди:—Ой-бай аў, Шундый аға, о дүниеге кетип барады!—деди ҳаўлығып. Қудайберген сорпа қуйып атырған шөмишин қоя жуўырды. Соның арасынша, Жақан келип, Назарбайдың қолындағы табақты алып кетти, ол буның жағдайына сер салған да, ойлаған да жоқ. Назекең алқымында қоңыз турып қалған таўықтай мойынын созып, жүресине отырып атыр еди. Шундый бетине бир үңилди де еңсесинен теўип жиберди. Теўгени де сол, қаралтымы сақадай баўыр, анадай жерге „торс“ ете қойды.

— Буның жөни шундый болады, ғошшым Есиркеп,—деп қойды мақтанышлы түрде.—Тур, маңлайы қатты, биреў билип қоймасын, ҳәр қашан сен маңлайы қатты, тамағыңнан өлесең!—деди де қазан жайға кирип кетти. Сирә, ҳеш жерде ҳеш нәрсе болмағандай, Назарбай да жаўқылдап келип, қазан-табаққа араласты. Айхан келип:

— Көзиңнен жас шығып отырғо,—деп еди.—Мынаў Қудайберген аға күлдирип, ишек-силемди қатырды,—деди кеңкилдеп күлип Назарбай.

Сарқытқа әбден ширенип тойып, үйлерине келсе, бала-шаға қашшан жатып қалған екен. Базар шыра жағып, тәмбини ашты. Есиркеп анаў жайдағы бала-шағасының үстине кеттидағы, Назарбай өзиниң жайына кирип гөши менен белбеўди берди:

— Қатын,—деди бүгин биринши мәртебе еркек қусап:—Тасмаңлайды сойып салдық! Өгизлерди көрдиң бе, бапладық, жигигиңниң быйыл бәҳәрде қос өгиз қосып, дәшиўин көр!—деп атыр мақтанып.

Базар еле ҳәйран: „Неге Тасмаңлай өйте қойды!“...

„От салдым“ десе де исенбей, қараңғыда қармаланып барып, Назарбайдың өзи от салып қайтып, өли төсегине кирди.

Соннан, ярым ақшамға шекем бе, қанша уйқылағанын өзи де билмейди, өлген анасы: „басыма бир уўыс тилла теңгени дастаныңн, жолыңа күнде қарап атырман, қайда жүрсең, жүўернемек, түс бери!“ деп, гөрине шақырып атыр. Бул гөрдиң жийегинен үңилип турған екен, ойығындағы өрмекшиниң аўына шекем, оңындағыдай. „Ырас-ақ, апам ба?“ деп қарайды, жақ, усамайды, түспейин десе, тилла қала жақ, түсейин десе, ҳүрейли! Сөйтип еки ойлы болып турғанында аўызлары, мурынлары, көзлериниң уңғылары қазықтың орынындай үңирейген бир қуў сүйек гөрден буўынларын сықырлатып, қолларын созды да жуп жағасына жабысып, тас қараңғы иләгке тартып атыр екен, шалқасына таслап, жан айбат пенен келип бақырады!... Түс деген де бунының дай ғәлетий болады екен, Шундый ма, қудай-аў, Мәдияр ма, ийт қуйрық ойнай жақтай, бирине бири шынжырдай биригип, бунық белине қатты жабысқан, кери қарап тартады, жибермей жақ иләтке! Өлилер гөрге тартса, тирилер сыртқа тартып, жулыны үзилип баратыр екен... Қыйғырып оянды! Бели еле сиресип атыр, жайдың иши гөрден де қараңғы екен, „ҳә, оңым қусайды, ырас-ақ тирилей гөрге түскен қусайман-аў!“ деген ҳүрейли ой басынан қас қағымда жылт етип өтә шықты, бир секундтың оннан бир бөлегинде келген ой еди усы. Қасында биреў пысылдай ма, қудай-аў!... „Апам ба!“ жақ, Базар екен! узақ күнге тоң теўип, белдиң қулағында ойнап, әбден шаршаған ҳаялдың силеси қатып атыр еди. Нуқып оятыў ушын қыймылдай бергени белине ис қадалды ма, ашшы даўыс пенен шыңғырып жиберди! Буған Базар ғой, Базар, анаў,

ҳәйўанның екинши жағындағы Есиркеп те оянып дамбалшаң ентелеп келип қалды:

— Ой-бай-аў, Назеке, бир қорқынышты дыбыс еситтим бе!..

— Кеттим ғой, Есирке-ееп, кеттим ғо-ой!—деп созды аянышлы даўысын бийтап. Өмирде ең болмаса тымаўратып көрмеген Назекеңе: „адам усейтип өледи екен-аў!" дегеннен басқа ой келген жоқ. Базар ҳаўлыққанынан көйлеген терис кийип, шүтик шыраны жылтыратты.

— Не болды, шабазым, не болды?—деп, шыраны бетине тутса, өлимтик сәўле Назарбайдың мәш ирең көзлериндеги лыққа толған жасқа шағылысады. Сонша жыл қослас болып, бинәй өмиринде қостарын бул ҳалатта көрмеген Базар да ҳаўлықты. Соның арасынша: „немене, типти!" деп, Орынша жетип келди. Бийтаптың я бүккесине түспей, я қырынламай, сол шалқасына жатысы; ағаштай сиресип, жылап атырғанын көрген ҳаял: „Алдай, алдай, қадамымыз қайырлы болғай дә!" деп атыр.

— Айтөссе, не қылайын мен, айтөссе! — Назарбай сам-саз. —Айтөссе!...

— База-арр,—өлпең даўыс жыланып шықты. Соңғы сөзин еситип қалғысы келгендей, ҳәмме анталасты. үзик-үзик: —Ти-римде не қылмадым... мен... Созанай шешемниң сүзбесин де урладым, жийдесин, үҳҳ... Арқан-тусаў ур-ладым... Гүнам көп... молла шақыр... Базардың жылаўға муйешленген аўызы ырбыйып жайылдыдағы, Орынша Базарды, Есиркеп Назарды:

— Өй, қой-шы, Назеке, тым да қылмайды, таң атсыншы, шөпшек терип кетесиң,—деп жубатбақшы, еди, Назарбай күйинип, азарланып: „А-аҳ, ўай-ўай-ўай, таңның атыўына қарата ма сум әжел, а-аҳҳ..." деди айтынып жылап:—Бийперзент кеттим-аўўў, тас туўғырр База-арр, аҳҳ, ўаҳҳ..."

Аза бойы тик турған Базар Сыдықтикине зытқанын билмей-ақ қалды. Тек моллашылықтың емес, мусылманшылықтың шәрти: „кетип баратыр" десе, өлимлик иси болса да тура шаппағы керек. Тасманлайдикинен жаңарақта келип, елтиниң бөкесесин қасып атырған Сыдық та көрпени серпип таслап жуўырды.

Сыдық, талып илим болғаны менен тамырды таны-майды, лийкин, услап көриў, үмит болса үйирмеў шәрт,

соған бола услады. Ҳәмме көз Сыдыққа үмит пенен, соның бири бийтап та демин ишине тартып, телмирди. Сыдық, басын шайқап, алды менен Назарбайдын, соң басқалардын жүрегин дағлады. „Белиңди беккем буў" демесе де усыны Базарға шымшық көзи менен уқтырып, қыраҳәтке салып жиберди.

Үмит жиби үзилип, жаны шығып баратыр ма, әлле, ийманын ийримдей үйирген мына саз даўыс жақты ма, Назарбай көзлерин жумып, тым-тырыс...

Әлле ен ўақытта ийман үйирилип, қыраҳәт сәл тынып еди, мелле кирпиклэр „лып" етип, мәш ирең көзлер пәтикке мөлийди де, жалынды:

— Оқыйүўес,... Сыдық а-гааўў...—Тағы да қыраҳәт, тағы да көз жумыў, тағы мөлийиў, тағы жыланып жалыныў:—Оқыйүсс, ага, оқыйүүсс...

„Я-а, пәлек, адам да бундай ийт жанлы болады екен! Ҳа, қуда, усындайыңнан сақлап, бир демде алагөр!" Қайта-қайта бетине үңилспек, өлмеди де, қоймады да! „Үзиле қойса, қайтар едим," деп, үмитленип келип үңиледи, жақ, еле тири! Ақыры тақаты таўысылып, уян ғана:

— Келин-аў,—деди.—Таңнан Токеңнин жалына асылып, пирдиң зиялратына кетпекши едим. Таң да ағарып қалды. Мызғымасам, мыламажарман...

Бийтаптың жанын етегине ертип кететуғындай, ҳәмме бирден жатып жалынды. Азғана сабыр етти, лийкин, ийман үйирмеди. Сыдық шығып еди, Назарбай, жаны бирге шығып баратырғандай өкшесине телмирди. Ере шыққан Базар:

— Не қылсам екен,—деп жыланды.—Жақын-жуўықта ағайини де жоқ, төркиниме хабар берейин бе, айтөссе, молла қайнағаў, не қылайын?...

— Әй, ҳеш гәп болмас,—дегени менен,—Кетпесек, мерекенин ишинде болармыз,—деп, биротала өртеп кеткен соң, Базар сабыр-тақаттан бас пүкил айырылып, ишке кирди, сыртқа шықты; ишке, сыртқа... Қапелимде Құдайбергенниң шала тәўиплиги есине түсип: „Шундый атаны шақырайын ба, қолы еплилеў еди?—десе, Назарбай көзин адырайтты, соң муңлы мөлийип, басын шайқады:—Не қылайын, онда, айтөссе!"—деп күйинди ҳаял.

— Қәйтесин, алда деп отырасындағы!—Есиркеп тынышландырмақшы.

„Мертиктин, сынықтың пири—Шундый! Аўыл түўе басқа жақлардан келип көринеди...“—Сып етип сыртлады да Шундыйдикине тартты.

Күн желемик, суўық самал тула-беденин жайлап, түршиктирип сала берди. Албырап жүрип, көйлекшең шыққанын жары жолда абайлады.

Ҳаўлығып келсе, ол да қарқ емес, күни бойы аўылдың уйықлап қалған қудығын жаңартып, түни менен Толыбайдың зинкилдиси силесин қатырған Шундый атасы, мийнетли аяқ-қолын тартып урып, сүйеги лапсып, Созанайға уўқалатса да сызлаўы күш бермей, „аллҳүй“ ди салып, болып өтип атырған екен. Назарбайдың „алланың алдына атлана жақ“ қыялын еситиўден, бәрин умытып, қоңылтаяқ етигин суға бергенде: „Ҳимм, келин, сөйтөссе, мен де бир тыныш табайын,“ деди Созанай. Шундый кемпирин қорқыта алатуғындай оқыйып қарап турдыдағы, есиктен шығып, Базардың изине томпылдап ериў менен бола берди.

Таң қараңғысы кемкемнен серпилип, Халқабад жақ қулан ийек болып, ағарып киятыр. Базар жол-жөнекей Тасмаңлайдың еки өгизин Назекеңниң алты ешкиге алғанын, ҳәр не бәлени „сол ширкиннин мерекесинен таўып“ келгенин қарғаныл-силенип, жыланып-безилдеп айтты. „Шатақ болған екен,—деп қыйналды ишинен Шундый.—Өгизлерин колхозға кәмпислермиз деп едик, енди Назарбайдан алыў қайда-а!..“

„Осындай күйге түсип қалдық, аяғымыз қутты болармекен Шундый аға!“ деген Есиркепке де, басқаның налыныў, жалыныўларына да итибар бермеди, Қудайбергенниң барлық дыққаты Назарбайда: „Не болып қалды, маңлайы қатты?...“ Назарбай жумып атырған көзлерин адырайтып:

— Илая аяғың гөрге тығылғы-ыр,—деп азарланды.— Бағана бел теўип, үҳ, шынықкан сыйрағың менен, аҳ... жулынымды үзип, қастың бармеди-и!..

Шундыйдың жан ҳалаттағы адамның үстинде кетигин үнирейтип күлгенин жақтырмай, терис қарасып-ақ атыр, сонда да күле береди.

— Ҳимм, —деди бийтапқа тәўир-ақ үнсиз үңилгеннен кейин.—Шатақ!—Малақайдың қулағы жалпылдап жан ашырлардың жүрегин бир суўлатып алды:—Келиин,—деди күлип.—Бул маңлайы қатты белине жыллы

нәрсе... мәселемкиден, гөш-пөш тартып келмеди ме-е?—Арбаны аўдара жазлап:

— Я-аақ, қайнаға..—деди зарға өзин тутқан Базар.

Енди Шундый ҳеш кимнен ҳеш нәрсе сорамады. Назарбайды торайдай шыңғыртып, бүккесине аўдарып таслады, тағы былай, тағы былай... Шыңғырыққа шыдамаған Орынша қулағын басып шыға қашғыдағы, „Ойбай-аў, Шундый аға..“ деп жабысқан Есиркептиң қолын қағып жиберип, жеңин түрди. „Бул жерде Базардан басқанын реҳими түспейди“ десе керек: „База-ар, ҳа қудайдан тапқыр Базар!—деп даўыслады бийтап — Жулынымды үзип еди бул Шундый, енди: „өз қолынан өлтирип кетсин“ дедиң бе, қудайдан тапқыр Базаа...

„Шүтикти әкел, келин,“ деген соң, шүтик келтирилди „Бул Шундый қоя ма, жоқ па, усыннан турсам, ондырмайман-ғо!“... деп, бийтап еле айбарақты салып атыр. „Ал, қойдым“ дейди де Шундый қолын тағы сегиз көзге жуўырта береди. Көйлектеги кеўип кеткен қанды көрип, күлди. Базар еринин тиследи, „Яқшы, қойдым,“ деп турып, бийтаптың ашшы даўысына тағы бир мәртебе қуйқаларды жуўлатып, қыршылатуғын балықтай шалқасына аўдарып таслады. Енди шыдамаған Базар екпинине шүтиктиң жалынын шалқытып, өрре турды:

— Өйп-пей, қайна-ғаў, бунша не қастың бар еди, бул жазғанда!

— Үндеме, келин, маған машайт етпе бай керек болса!—деп, оқыйып қарады Шундый.—Кеселин көрмей, Шымбайдағы Ийбан дуқтыр да ем буйырмайды. Шундый-әм бола ма екен, түўе!—деди азарланып.— Шыраны тут!

Шыра тутылды. Шундыйдың қолы қан менен жарғақтай болып, ғағырлап қатып қалған шемберге, оның ишиндеги қатты затқа тийди. Назарбай ынырсып қолын жуўыртып еди, Қудайберген қағып жиберди де жабысып қалған қатламды пытырлатып жаздыра берди. Қол шемберликке барғаннан-ақ, ҳаяллар түўе Есиркеп те уялғанынан терис қарасып, бетлерин тасалаған еди, баланың жудырығындай еки нәрсени Шундыйдың қалай сытып алғанын көрмей қалғаны да сонлықтан. Шундый алған нәрсесин устап отырып, алтын тапқандай, шадыман болып күлди, Соң, шыраға тутып:

— Бул маңлайы қаттының еки бөтекеси бирден шы-

ғып кетипти, кели-ин!—деп еди, ҳәмме жалт-жалт қарасты. Ырасында да — бөтеке!

Ҳаяллар ҳаўлықтыдағы, Есиркеп бир нәрсе аңлағандай, жымыйды.

Шундый гәпти енди узаққа созбады:

— Буны ирәзаңки булаўға салып, жумалақ бергенде, еплеп саўалтыўға болар едидағы, оған ғәрежет қайда!—деди өкинишли кейип пенен. Ҳаялы безилдеди:

— Ғәрежеттиң иләжы болар еди-аў, бир шыбын жанына себебин салса, болды ғой, қайна-ғаўў!

— Тарысы ғой, табылар едидағы, буның жумалағы менен ирәзәңкиси қымбат-дә! Шундыйда қаўмашалап келип, қол-қабыс етип, адам қуны болса да керегиңди әперетуғын, қәне, ағайин!

— Дым қымбат па?!

— Дым қымбат, кеселине бола дәриси боладыдағы! Сен, маңлайы қатты, Назарбай, бул кесел менен ойнама, қудай ашынбай, аянбай, бере қойыпты, манлайы қатты! Ғәрежеттен нең бар?

Назарбай басын шайқады. Күйип кеткен Базар жер тепседи:

— Анаў ийесине қайыр бермеген шақы қағылғырларды, неге айтпайсаң!—деп,қораға бармағын шошайтып, пәтленди:—Ғәрип жаныңнан артық па сениң, олар!

— Өлсең қара асыңа да кетеди-ғо солар!...

— О-о-о-о-о, шабазым аў! — деп күйинди Назарбай:—Қос өгизди-иии, жумалақ пенен ирәзәңки булаўға берсем, тағы бул кеселде-еен, тәуир болмай қалсам, ақылы келте наша-арр, кара асыма соятуғын да таба алмайсаң-аўўў, үҳ сокәраларын неге түсинбейсен, наша-арр!

— Сен шундый гәпти қой, маңлайы қатты, билдиң бе!—деп, бармағын шошаңлатты Шундый. — Мен қудай менен шәртнама дүзип, ол союзқосшы емес. Әй, өзиң бир, болмайтуғын адам екенсең!—деди де өрре турып, есиктен шығып кетти.

Есиркеп тәуеллениң зоры менең жары жолдан қайтарып әкелди. Базар жаўлығын бетине басып, пештиң қуўысында жылап отыр екен. „усы ширкинниң ыштан бийтлигинен-ақ өлетуғын болды-ым, шыбын жанынан дунья аяйтуғын да адам болады екен!“ деп, сыңқылдайды. Басқалар да қабақларын тастай түйисип алған.

Назарбайға ашыў етисип атыр. Ғарры ҳеш кимге де тәселле бермеди. Есиктен кире сала бул да ашыў менен:

— Қәне, не дейсизлер,неге қайтардыңыз мени! —деп жекиринди. Назарбайдың есикке телмирип атырған мәширең көзлери жалынышлы, аянышлы жылтырады — Шундыйтип, кирпигиңнен асылып, жата бер, маңлайы қатты, енди қәйтесең, жаныңнан бунда кешкиң келмесе, өгизден бунда кешкиң келмесе, жата бер, ҳаўўа, жата бер...

— Ҳа-аа, қудайдан тапқыр,—дей жақ еди, өйдемеди: — Белимди үзген шундый а-ғаў, саўап ушын даўалағанда не қылады, мен сорлыны-ы, қыямет күни қоңысыда-ан...

— Ананқара, — Шундый төсектиң шегинде аманат ғана отырды. — Маңлайы қаттынын айтатуғын гәпин қараң! Мен даўаламайын деп отырман ба! Жумалағың менен ирәзәңкиңди әкел, ем ислегеним ушын, соқыр тийин дәме етсем, Созанай шешеңниң ғаррысы болмай кетейин!

— Оны мен қайдан табаман, аға жан-аў...

— Өй, өзиңиз тапсаңыз шы, Шундый аға!

— Бир жерде бар, өткен ҳәпте анаў аўылдағы Атамурат баққалға қос өгизге бергенин билемен..,

— Ой-бай-аў, қос өгиз деген арам қатқыр тур ғой мынаў қорада! Мал дегениң басқа жыйналады, тири қалса Назекең көре бередидағы.

Назарбай басын шайқады:

— Алты ешки бунда кетсе, қос өгиз бунда кетсе... Жа-ақ, Есиркеп, мени есиркемей-ақ қой. Мен өлип-ақ қалайын...

— Әне, көрдиңиз-го! —Шундый турыўға қолайласты: — Маған өкпелеме, келин. Жақын-жуўығы болса, шақырта бер...

Әдеп-икрамды да умытып, еки ҳаял бирден Шундыйға жабыстыдағы, Есиркеп есиктиң алдында қулашын жайды:

— Ой бай-аў, Шундый аға, келиссең-ши, мусылмансыз ғой...

— Келиссем, не қылайын, өзимде гәрежет жоқ...

— Отыр-ыыыр, Шундый аға, отыр! — деп жыланды Назарбай. — Тақ өгизге бермеймекен, қудайдан тапқыр шершин! Набада ем қонбай өлип кетсем, қалған биреўи қара асыма жарар еди, Шундый а-ғаў...

Өгиздин атын еситкен Шундый, бирден отыра қоймаганы менен, наз етиңкиреп, ақыры диз бүкти.

— Тақ өгиз дейсең, я! — деп ойланды. — Тақ өгизге де бериўге болады-аў, кеселине қарай дәрисидағы, кеселиңди әнәйы билме, маңлайы қатты! — деди қапылтып. —Келискендей болса, жаныма саўапты, алып қайтаман, келиспестей болса, қаладыдағы...

— Иләйым, жалғызынның ирәтин көр, қайнаға,— деп жалынды Базар. Орынша да жалбырақлап атыр. Сазырайып атырған тек бийтап.

— Үхх,— деп суўық демин алды жигит.— Соннан дәриси даўа болмаса, өлип кетсем әрманда, үхх, өгиздиң кетип отырысы-дә...

— Әне-е,— Шундый бөлди гәпти.— Маңлайы қатты, турып кеткениңше мен-ақ байлап қояйын қорама! Жаман айтпай жақсы жоқ,... болмас ис болса шерши мени писирип жесин, байлайман әкеп қорана маңлайы... қатты!..

— Ҳәлекленип жүргенше, иҳмм, белим, белим... қазығында-ақ турсыншы, аманат жан аман балса, иҳм, өзим-ақ шершиге апарып, сени ҳәлеклемей...

— Өл, маңлайы қатты, өлсең, бир симсик кем!— Есиркеп Шундыйдың жалбырақлап алдын тосты, Базар барып қолтығына жабысты, „Аҳ" тартып, „үҳ" тартып: „қудадан тап, көндим" деп жыланды Назарбай. Шундый шәртин қойды: „усламайман ҳөккизиңди, Есиркебиң апарып байлайды, өз қолымнан бир баў боян таслайман алдына, оған шелли жаның шығып кетпесе,— деп күлди,— шуннан соң атланаман шершиге!" Оннан соң да: „шерши де қаңғымай, маңлайы қатты, таптырса болар еди-аў, берсе болар еди-аў..." деп, сәлкемсоқланып, тәуеллени керегинше салдырып кетти.

— Қазақ баласысаң ғой, үхх,—деди Шундый шығыўдан бийтап.—Адамды танымасаң да малды таныйсаң . Тисин көрип, ғаррылаўын, кишилеўин, арықлаўын апарып байла, агландсын жаңағы қырсық!— деўи мәтдал. Есиркеп ҳаялы менен қосақласа есиктен шықты. „Бас ушымда өлмесимнен бурын жылап неғып отырсан!—деп олыйды Базарға.—Бар, тәўирин әкетер! Биреўге биреўдиң не жаны ашыйды!..."—Базар байынан түңилип шықты...

Тәўирақтан соң, үшеўи бирден тиртеклесип келип „Атланды!" дести.

Лийкин, ол шершиникине емес, мыналарға көзабаға шершиге атланған балып, Сайымбеттикине атланды. Шершиникинде не жесин, он еки жылдан бери өзин он сегиз ирет тутқанын биледи, аржағында есаптан ғабырысқан ғарры басқасын шамаласа да бул кеселге өзинен тәуип жоқ, әне тутады, мине тутады менен керек-жарағын тақластырып, мудамы тайын жүреди, керек-жарағының бәри өзинде бар:қырық қызыл бурыштан қайнатылған суў, шамалы мумыя менен ат қулақ аралас жумалақ, „ирәзәңки шекийне"... бәри де тайын. Енди Сайымбеттен сорамақшы: „мен сөйтип, Назарбайдың өгизин алып, колхозға беремен, сөйтпесем, қатинек бермей жақ, усыным большевикликке жата ма, жоқ па?..." Соны билмекши еди, лийкин оны Сайымбет те билмейди екен, түстен соң тәўекел, киристи...

## 14

Дәўеке „Тоғыз ортақ" ты түўесип, „Ешкили" ден бала излеп кеткен. Ал, Алламберген шундый „Педоттың пөнкитинде әжже бар" деген соң, таңнан қуршаңқысын ғорқылдатып атланды Мешиттеги тек Исимет.

Әкеси Қурбанның пейилин жақсы билген бала пышқы, шот, мүсирендесин урлап әкетип, Шундыйлардикинде бир әйнекти ҳәлеклегени қашшан. Бурын соғып көрмеген заты, әлбетте, қыйын, деген менен, соқты.

Дәўеке азанда дийўалды сызып: „мына жерден қурасаң," деп кеткен. Енди, төменлеў түсирип, мешиттин гөне, тар айнасының орнына алгы көзли нәҳән айна қурыўы, жайдағы ымыртты серпип таслаўы керек Шарқыраўықты қайта қоймаса болмады. „Ешектиң" үстине шықты да ыс басқан суўық дийўалға тисленип урды балтаны...

Қурбан да үйинде күйип-писип атыр. Усы бир үйдин сүйегин айналдырғаны қашшан, питпеди де, қоймады да! Базар жақынлап қалды, жақында тоқсан шыққан соң үйдиң басында шыра жанады, әйне, шарўаның жайлаўға көшетуғын мәҳәли, апара қойса, қардары үстинде, ғарежет бола жақ. „Соны мына доңыз түсинбейди! Шундыйдың баласының ғулғуласына түсип жүр! Ергенше, „а, қудай тоба!" де! Олар бир, ғарғыс атқан биййдәўлетлер. Биййдәўлет болмаса, Мәдиярдың паң-пашына қолпылдап, күни-туни әкели-балалы екеўи басына пайдасы жоқ иске ат шаўып жүре ме! Журт қалхоз

болғанда оларға соқыр тыйын пайдасы бар ма! Сениң балаңды да өзлериндей қып-қызыл орыс етти, айтсаң, ақыллы, дейди-аў, орысты! Үй-жайын таслап, урысады да жүреди, сол ма орыстың ақылы!... Еситип атырман, анаў ғырыс шошқаң, қудайдан безип, кәмсомолға да кирипти, орыс болмаған неси қалды! Бара-бара мешитке шаптыратуғын болады, ҳимм, көресең еле!" деп, ашыўын Гүлзийрадан алып атыр еди. Сыдықтың елтиси, түринде қан-қоқ жоқ, кела сала:

— Өйппей, үйши бала! Еситкен жерден аўлақ-әй! Балаң мешитти балталап атыр!—деп жылап жиберди. „Әне, айтпадым ба!"— деп бақырды Қурбан қурастырып атырған шаңарағын таслай берип. Елти қалай келген болса, солай бозарып былай шығыўдан Қурбан дүз екен де демеди, кереге көклеп отырған ҳаялын кийиз басқандай өрден-ыққа жумалатып тепти ме де! Ҳаял аўнап-аўнап, жырылып өрре турды да:

— Өл ширкин!—деди қашқалақлап.— „Қоңысысына күши жетпеген баласын, баласына күши жетпеген қатынын сабайды!" Жалғыз балаңа күшиң жетпесе, өл, ширкин, өл!— Қурбан балтаны алып, тура умтылды, лийкин, ҳаял оғыры жел аяқ еди, үйге қашса мына ашыў менен балталайтуғынын билди де балағын жалпылдатып Жақандикине жанталасты. „Енди жеттим" дегенде жүўери домбыққа сүринип писи қурыған үйши ушып кеткен балтасын алды да: „қашқан жаўға қатын зор," деп кери қайтты

— Мен усы заққымды жегирлерди сақлайман деп... қарра қанды же-гирлерр! Мә, саған!—Питиўге қараған шаңарағын балталап-балталап, тас-талқанын шығарды да балтаны қатты қысып, мешитке жуўырды.

Бинәй өмиринде мешитти балталағанды көрмек түўе еситпеген үйши, мынаны көрип бас пүкил ақылдан адасты да қуйқасы жуўлап, буўырқанып-буўсанып: „Ҳа, жүўернемек, қан қусқырр!..." деп, қақсап-қалтырап үстиндеги бала-саласы менен „ешекти" жулқылады. Паяпылдай қалтылдап зорға турған Исимет мына жаққа уштыдағы, „ешеги" жығылып, басына тахта түскен Қурбанның „ўах-ўах"ы мешиттиң даңырлаған жайынан жаңғырып қайтып турды. Ушып турған бала әкесине қараса, балтасы анадайда, өзи мына жақта басын қысымлап таўланып атыр. „Аға, аға, балтаң тийди ме?" деп, қол-

тығынан сүйей бергени, Қурбан диййуалдан ушқан тәрнектей қақ кесекти услай түргелген екен. Танымай қалғандай баласының бетине аңырайып қарады да екинши қолы менен жуп жағадан беккем ғана бүрип алып, анаў қолындағы қақ кесек пенен маңлайының ғана жигине таслап-таслап жиберди. Баланың кесек езген пешанасы ун сүртилгендей, ақ таңлақ балып турды да бирден бурқ етип, қып-қызыл қан сызатланды. Баланың көзи дым қорқынышлы бадырайды. Көргени: әкесинин тақыясы тайғанаған тақыр басындағы мәйектей исик, соң, дөнип киятырған жудырық, қулағында „Кәмсамал болатуғын сен бе! Мешит балталайтуғын сен бе!“ ... деген қарлықпа даўыс, басқасын билмейди, буўынсыз, сүйексиз, мысалы, ылайдай, жерге шөгип барып, сылқ ете қалды.

Соннан неше күн жатқанын билмейди, көзин бир ашса, суўдан булдырағандай анасы, Қудайберген шундыйдың қайырқом диидары одағайлады. Соң-соң көз алды айдынласты. Пәтик өзиникине усамайды. Созанай шешеси, Алламберген де усында екен. „Қалай?“ деп, ақсақал менен Мәдиярдың кирип келгенин де сезди. „Шүкир, көзин буғурлым ашты!“ деп атыр, ҳаяллар. „Мынаў Сайымбетиң даўысы ғой, бул неғып жүр?..“:

— ГПУ көзин уясына салады оның! Муғаллим келмегенде тас өлтирген екен-дә! ... Аппырмай, өзи дым қарыўлы екен-аў, Дәўекениң де қулағын жулып ала жаздапты-ғо! Уәй, Дәўеке-әй, ырас соған күшиң жетпеди ме?!

— Биз хат пенен қалемниң адамымыз,— деп атыр Дәўеке.—Ол өмиринше балта, шот урып, жоңғы тартып, тиркисленип қалған-дә! Мен түўе, үш жигит зорға байлап апарды ГПУ ға, өзиңиз қашып жүрип, сөйлейсиз-аў, Саеке!

— Қашпайман-аў, жете алмай қалдым. А-ал, Қудайберген аға, жөнетемиз бе, Ийбан дуқтырға, я өзиң әмеллеймисең?!...

— Әмеллемей не! Қанын тыйсам, ҳуўшына келтирсем. әмеллемей не! Бир шекийне атқулағым бар, ырас, кеппе қылып қойыппан, шу...

— Бәле деймен, Шундый ағаң!

— Енди баллар,—деп атыр Қунназар.—„Бақыраўық түйениң бары жақсы“.

## 15

...Майданға кирип, шыққандай болса да я анасы, я өзи: „үйге барайық," демеди. Есигине еле кисен қулып урылғаны урылған. Күйеўине ашыў еткени менен, манлай терине жыйналған малы, аштан өлтире ала ма, Гүлзийра от-сууына қарап, саўынын саўып қайтып турды.

Арадан бес кунди өткере берип, белсендилерди жыйнады да, „биреудиң үйи бузылады" десе уйқысы қашатуғын Қунназар: „Мыналар „үйиңизге барың," десем де қайтпай атыр, әкеси тирсек болғаны менен есаптағы комсомолымыздың пәдарыдур, қайтарайық, Қурбанды, шанарағы дал-дал болмасын," — десе, белсендилердиң биреўи былай, биреўи былай қарасады. Ҳәккелек бара жақ „Қатереңе нан жоқ," дейди Мәдияр. Сайымбет: „күни ертең қазыўшы қалмай жолға шығып, тепериш деген ниң бәри қазыўға жөнейди" ни сылтаўлап, өзи түўе, Мәдияр, Ақтөре, ҳәтте, союз қосшы Әшир қараға да жам жуўытпады Буннан: „кетсең өзиң кет, душпанның изинен бармаймыз" дегенди уққан ақсақал барлық исин Мурат пенен, орынлаўшысы Қудайбергенге:

— Толыбайдын бес белдары тайын, - деп тапсыра баслады:—Союз қосшы менен шәртнамаға қол қойысып кеткен. „Өзи жоқ" демең, ҳаялы азығын түйип отыр. Алламурат шағал да сондай, отыз бес белдар, Избасқан деген менен де шәртнама бар, Қаллыжағыстан, алың бәрин...

Анық атланарын билген соң „қудайдың" көп тапсырмасын берип, „иәимизден жетесиз, белдары кем болса бай пландағылардың өзлерин басамыз, мураб бизден санап алады." деп қалды Сайымбет.

Ашыў менен атланған ақсақал жолда бир қонып, Шымбайға жеткен соң дәслепки келгени исполкомның кеңсеси болды. Орысша кийинген, галстук таққан бир жигит, сыпайы болған менен ызғар келтирип:

—Өзиңиз ақсақалсыз,—деди.—Неге сорап турсыз, қазыў кампаниясының ўағында баслық тура ма кеңседе!... А-ал. өзиңиз неғып жүрсиз мобилийзацияның мапазында, ақсақалсыз... Ну, что-ж, бир бандит кулак қамалған екен, сиз не, адвокатсыз ба! ... „Ўәкилдиң барыўын күтиң" деп, хат жазған болса, ну, что-ж, исполком— ҳүкүўмет, күтиң, ну, что-ж,..—Ақсақал зорға: „ҳәзир

барыўдан қазыўға кетемен, бизики қате екен, әпиў ет, балам," деп сытылып шыққан менен, Халқабадқа табаны тартпады.

Әмет шайтанға келип, ўәдесин уқтырып өтти. Ойланады: „Мақаў, Мәдияр менен Сайымбет жаңағы сөздиң боларын билип қашқан-аў, мениң қашан аўызым писеди!. . . Усыннан қайтсам..." Райкомда да шошайып Капитонова отыр. Сапаровты сорағанына бул да таңланды. Лийкин: „Қунназар ақсақал ўәкил сорайды, биреў колхозласыўды иркип кеткен," дегенди көзинше жазды да: „енди, келиўден айтаман" деп, жайтаңлап узатты.

Буннан иси питкен ақсақалдың исполкомнан қайтқан көкиреги көтерилейин деген еди. „ГПУ ға бармасам, неге келдим Шымбайға!"...

Ыңғай бир аўса, келиў қыйын емес, албыраса да ГПУ ға келди.

Федотов та бир жаққа атланайын деп атырған екен. Гүрсиге отырғызып, түрине қараўдан ақ ақсақалдың ыңғайсыз ис пенен келгенин билип қойды. Қунназар қысынып: „Мен дым қолайсыз жумыс пенен келдим,"... деп баслаған арзын узақ тыңлатты. Жалынды: „гүлдей хожалығы ешейин жерде тас-талқан болып бузылмайақ қойсын. Ашыў менен бир билмеслик ислеген, екинши ислесе өз обалы өзине, бир сапарға кешире ғойың. Ертең, колхоз бола қойған заманында аўыз ашып отырған устамыз да усы" деп жалынды. „Яқшы, бир, келген екенсең, ақсақал. Бирақ, бас пүкил босаттық демеймиз, кепилге алып кетесең. Қашса, өзиңди тутамыз," деди Федотов. Ғарры буған да көнди.

Аздан соң, бес күнниң ишинде бети андыздай солыған, түйектен шыққан дуўбақтай жуўасып қалған Қурбанды атына мингестирип, еглеңсе Федотов айнып, тағы аттан түсирип алып қалатуғындай артына қарай-қарай атын тежестире берди.

„Изимнен жет," деген Сайымбеттиң гәпи, исполком менен райкомдағылардың қалада пил көргендей қыртақырт қазыў мапазында өзин бул кәрада көрип, таңланыўлары, сонша сегбир шегип, шаршағанына қарамастан ақсақалды Шымбайдан шығарып жиберди.

Жол-жөнекей тапқан ақылын айтты. Артындағы масылы үнсиз тыңлар еди. Лийкин, аўылдағы жалғыз жан ашыры, домзактан қутқарыўшысы, төрелиси тек ғана

усы Қунназар болып көринип киятыр. Ҳәзир не десе де көпгендей түри бар:

—Заманның аңқысын аңламасаң, иним, болмайды, заманыңа қайшы келип қаласаң, қайшы келип, тирсеклик ете берсең, бара жақ жериңди көрдиң ғой,—деди ғарры уяң сөйлеп:—Ҳүкиўмет деген үлкен бир доңғалақ, бир-еки Қурбан менен Сыдықлар жолына кесе турып, тарбаяқлап баққаны менен, егленбейди, женшип өте шығады. Сыдыққа еремисең, ол да бир суўға кеткен адам, билсең, усы ақырғы талқармаўлары еди, қолына сен илине қойыпсаңдағы! Биреў бөз береди, бөзи көйлек болады, биреў сөз береди, сөзи еңбек болады. Жетер-жетпестиң сөзине ерип, гүлдей баланның жүзина дақ сала қойдың-аў, ҳеш бир жара тыртықсыз питпейди, иним. Тән жарасы да ҳеш гәп, бир питсе болды, дақ қалғаны менен де аўыртпайды, әттең, жүрек жарасы жама-ан, баланың жүрегин жаралап алдың ба деп қорқаман, Қурба-аан!—Қурбан үнсиз гүрсинди. Тыңлайтуғын қулақ болса, Кунназар ақыл айтыўға жалықпас еди:—Кәмсомолға кирген болса, жүдә бәрәкәлла, оның неси ерси! Кәмсомолға алынбақ түўе, ҳуқуўқынан айырылып жүрген сениң баланның жасындағылар аз ба? Ҳүкүўмет, итибарға алып, кәмсомолға өткизген екен, буған қуўанбайсаң ба, сөйте-сөйте партыяға да алынады. Ҳүкүўмет өз адамын қорламайды, қара, не дәрдесерлерге түсип киятырсаң, еле де аман қутылыўың гүман. Сен „өз балам, өлтирсем де ерким бар“ деп қарайсаң, ал, ол ҳүкүўметтиң үлкен бир адамы, кәмсомол. Ертең көр, ҳүкуўметтиң өзи оқытып-шоқытып, ҳәким етип қояды. Ертеңги Қунназарың да, Сайымбетиң де усы баллар, булар кете береди, Есбергенниң, Сапаровтың, оннан нәҳәнлериниң де орынын басса, таажуб емес. Мың айтсақ та сизиң менен биз енди кери кетсек кетемиздағы, алға басыўымыз гүман, булар болса, аты шыға шапқан адамлар, буларға қарсы турсаң, қартайғанда сыйланбай қаласаң. Қартайған адамға сыйланбаўдан жаман өлим жоқ. Сояқларын ойла, иним, колхозға киргиң келмесе, кирмей-ақ ғой, сени алмай-ақ қояйық...

— Яқ, киремен аға, бизики қәте екен,үҳҳ!

— Ояғын өзиң билесең. Таң алдында сонша қораз қыйғалақлап, шақырып атырғанда бир қораз буйығып, шақырмай да қалатуғын шығар. Сонда да таң атып, күн шығып, әлем рәўшан бола береди. Лийкин, ўақтын-

да шақырған жақсы, биймезгил шақырғаның менен, сеники ерси болады. Мениң мына гәпим қулағыңа алтын сырға: түбинде, душпан болмаса, колхозға кирмеген дийхан қалмайды, ўақытша кирмей, шошайып ҳәм отырарсаң, ақыры жебдилескенлердиң күниниң өзиндикинен артық екенин көрип, мүсәпирсип ҳәм келерсең, сонда сениң қәдириң бола ма! Бул ҳүкүўмет басқа, шақырғанда биринши болып „мен барман" демесең, сениң назыңа қарап отырмайды. Мынаў Қудайберген он сегизинши жылдан партия. Төрткүлде өткен екен. Енди райкомласып-ақ көре ғой, Сайымбеттен, бизлерден сол абырайлы. Биз, шақырған ўақытта түсинбей, кирмегенбиз партияға. Ол ең қыйын күнлеринде қол-қабыс еткен ҳүкүўметке, „шап" деген жерине шапқан. Партияның саясатын, ҳалының келгенинше журт арасына жайған. Оның үгити—ҳүкүўметтиң саясаты, саясат дегениң бул ҳүкүўметтиң тутқан жолы. Шундый үгитлегенде де усыны үгитлейди. Оған қарсы болсаң, ҳүкүўметтиң тутқан жолына қарсы боласаң, қарсы адам, ҳүкүўметке душпан, душпанды биз оңдырмаймыз, қаматып та, аттырып та жибере аламыз, сен болсаң, шундыйды сабап жиберипсең ҳүкиметтиң саясатын үгитлеп барғанында!...

— Бизден бир билмеслик кешкен екен, аға!

— Шуў!... „Буннан бир билмеслик кетти, бул бир жақсы адам еди" деп, мен кеширген менен, билип қой, екинши аўылдың ҳүкүўмети мен боламан, ҳүкүўмет мени кеширмейди. Сонлықтан, иним, Ҳәмиўдәрьяның суўы жақпай жүрген болмаса, колхозға кирмесең иләйым, терис ки-ир,—деп қызды ақсақал.—Қутырған ийттей, көрингенге урңыға бермей тегиңе жүр!...

— Яқшы, аға, айттым-ғо, бизден билмеслик кетти деп...

— „Билмеслик кетти" деп, иним, усы „билмеслигиң" шатақ болды! Еле де алдыңда ақ түйе менен қара түйе шөгип атыр.

— Енди аўызымыз пискен шығар-аў!

— Солай шығар. Бирақ, айтпай киятырман...

— Айтса, аға!

— Айтайын. Педотов, маған: „хожалығы бузылмасын деген соң, жиберип атырман, себеби, биз Кеңес ҳүкүўметиндеги ҳәр бир хожалықтың беккемлениўиниң жағындамыз. Мәгар, бала-шағасы менен жараспаса, я, бала-шағасы „ондай әкемиз жоқ, енди бирге

жасамаймыз“ десе де хабар өзиңнен болады. Онда биз қамаўға мәжбүрмиз, сизди сыйлап, менк еширген менен закон кеширмейди. Қазақстан қылмыс заңының пәлен статыясы менен қылмысы мойынында тур,“ деп жиберди...

— Бала-шаға бизиң менен жараспай, қайда барады, аға!

—Әңгиме сояғында болып тур, шүў! Бала-шаған Шундыйдикинде отыр. Әри-бери тәўелле салып едик, үйине изеп баспайды. „Қойдық, бармаймыз да, оның менен енди қайтып табақлас болмаймыз да“ деп айтқанды қылар емес.

— Онда бизиң үй еле қулып урыўлы тур ма!—деп ҳаўлықты Қурбан.

— Турмай не қылады! Гилтиңди өзиң ышқырыңа байлап кетипсең.

— Онда бизиң мал-ҳал аштан өлди десеңиз-ғо!

— Оянын билмеймен. Саған ҳәзир: „байтал түўе бас қайғы“ болыўы керек еди, сен болсаң, малыңды уўайымлап киятырсаң. Сирә, басыңа еле тиймеди ме деймен-аў!

— Тийсе не қылайын, аға, обалы бар ғой! Бул ғана шашы узын, ақылы келте нашар, зулыпты суўырып-ақ кийрсе бой ма!

— Биз де өйтиўди билдик. Зулыпты суўырмақ түўе, өзиң ашып, қол былғағанында барса дей бер. Келип аяғын Қудайбергенниң әташтанына қатты тиреп отыр. Балаң оннан да бетер!

Қунназар ақсақал ҳеш қашан жасы киши менен ҳәзиллеспейтуғын еди. Гәпине толық исенген сайын ҳаўлықты Қурбан. Ҳаялына ишинен: „бурынғы заман болғанда, бурымыңды билегиме орап, Шундыйдың үйинен үйге шекем қызыл шеңгелдиң үстинен сүйреп барар едимдағы, атаңа ғана нәлет, заманың келип тилиңди узайтып жиберди-аў!“ деп, сарсылды. „Өзимниң мына шатаққа шатылып турғаным да аяққа шырмаў, келисписем, қамап жиберсе, болмаса ғой, үш үй соғып сатсам, ғарры қыз болмағаны менен қайтпа аламан-аў, сөйтип бир, ҳаққыңнан шығар ма еди сениң!...“

Баданадай-баданадай жулдызлар шақмақланып бәлент көктен түнги жолаўшыларға телмирисер еди. Алдыларынан шайхананың ақ кесеги ағараңлап, шейитликтеги шоқ қамыс әлле қандай муң шақырып, ызылдайды.

— Қурба-ан, қуран оқып кетейик, ғошшым, Тазқараға да келдик.

Қурбан. негедур, қоймгершилик көрсе, түн түўе, күндиз тусынан жалғыз өтиўге қорқатуғын еди. Шоқ қамыстың тусында. нәйлаж аттан сықпанады да, Қунназардың түсиўине жәрдемлести. Екиўи қатара шөкке түскен соң, „сен оқый ғой“ деген ишәрат билдирди ақсақал.

Жалғыз түп торанғылдың бүртик жарыўға бейимлескен шақаларының сытырлысы, шоқ қамыстың ызылдысынан басқа әтирапта сылт еткен дыбыс жоқ дерлик еди. Ызылдыға Қурбанның қыраҳәти қосылып, шейитликти бурынғыдан да мунлы етип жиберди.

— Мәдияр мың жасар, — деди ақсақалдың зәңгисин басып атырып: — Усыншама атысган аман қалып жүргени, бала!

— Булар ҳәм мың жасайды, ғошшым, — деди ақсақал Қурбанға қол созып атырып: — Ҳәзир-ақ зияратханаға айналып баратыр. Халық ушын өлсең де халық қәдиринди биледи...

Нәўбәҳәр самаллары сақалларын қақ айырып, олар ендиги жағында атын үнсиз еспелетип отырды. Аспаннан: „ғағыл-ғағыл-ғағыл-ғығал“ деген жағымталлы сес келеди.

— Қурбан, еситтиң бе, ғазлар қайтып киятыр...

— Еситтим, аға, еситтим...

— Наҳаткий, адамлар ғаздан ҳәм ақымақ болса, әттең, әттең, ғаз қурақым киндик қаны тамған бул әзийз топырақтың қәдирине жетпесе, шүў!...

— Неге өйдейсиз, Қунназар аға!

— Ҳей, иним-ай, қартайғанда түрли нәрсе есиңе түсе береди екен. Бир туўысқан жийеним бар еди. АўғанысТанға қашып кетти. Тәңирдиң зарын еттим, „өлсең де өз топырағың жақсы, жат журтта тентене боласаң“, дедим, „қамалып-ақ кет, өлмесен, келерсең, өлсең, қәбиринди таўып алармыз“, дедим, қылмады. Атаманға қосылып, жаңағы қызылларға оқ атқан екен. „Қамайды“ деп, қашып кетип, Жөнейитке қосылды, қылмады айтқанымды. Айтқанымды қылғанда, көптиң қатарында буған да ҳүкүмет кеширим берип жиберетуғын еди, көп адамға кеширим берди-ғо! Бул ҳүкүметтей кең ҳүкүўмет, иним, аспанның астында болған емес, түсинбегенлерди де кеширип атыр...

— Еле де келип, кеширим сораса...

— Енди ояқ жибере ме! Шегара деген бар, адам буяғына қарағанда ғазлардан әззи ғой, ғошшым-аў! Әйне кус кеткенде кетип еди, оннан берли қанша ғазлар қайтты, жийеннен еле дәрәк жоқ. Ақыры ас-абатын да берип жибердик...

— Өлип пе өйтип?!... — „Ҳә, — деди ақсақал, — тири болса да ол да бир өлген ағайындағы, өли-тирине қатынаспаса, сен жан ашытқан иске жан ашытпақ түўе, алдыңнан жарақ алып шықса... Әй, ояғын сорап не қыласаң! Ат, шүў, ат болдырды, ғошшым. Халқабадта қонармыз деймен..

Келеси сәскеде, аўылына бурылатуғын соқпақтың айрығында: „А-ал, ендиги жағына тымпылдап кеге бер Бала-шағаң менен жарас, ғошшым, пәкизе ғана адам бол. Мен бир майдан дем аламан да Сайымбет жанлардың изинен кетемен. Қудайберген аўылда шығар, айт соған, аўыл-елге ийелик етип турың, бийжөн ҳерекет болмасын, бала-шағаңды баслап, үйиңе апарсын,..“ деп, нәсиятлап кетип еди. Лийкин, Қурбан олай ислемеди. Мал-ҳалына қарап, өзи бузған шаңарақты қыйынлық пенен қурастырыўға киристи, негедур, Шундыйдың да түрин көргиси келмеди. Бала-шағасына барайын десе, еркеклик намыс бар, олар да өзлигинен келе қоймады, келсе „кетиң“, дей жақ емес еди-аў, Шундыйдикине қарай береди, сағынған.

## 16

Сол күпи еди. Саңмурын жақтан салт атлы келе берди. Аўыл арасы жаў шаўып кеткендей, жым-жырт, хабарласқандай адамның да иретин таппады. Жақанның жайының айнасына келди де: „хабарласқандай ким ба-ар?!“ деп, терезени қамшы менен дүкилдетти. Соқырдың көзи соқыр болса да сезими сергек келеди. Бийбайша бул жолаўшының ҳоктем даўыс ырғағынан әнейи ҳәким емеслигин де аңлады. Дым көрмегени менен, қуяшлы күни айна қөзиниң алдында басқа жаққа қарағанда ағарыңқырап туратуғын еди. Соны бағдарлап, терезеге таяў келди де:

— Қай баласаң, өзи, аманлық болғай-дә?! — деди ҳәўлигиңкиреп. Жолаўшы айнаға ат үстинен таўланып қарап, өзине бақырайған шанақтай ала көзлерди көр-

ди де, жүзин жылытып: „Өмирбайман ғой, кише, — деди, — колхозсоюз...“ „Өй деген не?“... „Паштый, исполком!“ деди жигит.

Ҳаял „исполком“ дегенге орысша болса да жақсы ғана түсинетуғын еди. Жигиттиң буйымын тыңлауға қайымласып, жаулығын қулақтың тусынан ысырыңқырап, жағдайластыра баслады: „Жақан үлкен қазыўда... Гүлайша мешитте оқып атыр. Үйде бир өзимнен басқа жан жоқ...“

„Химм“.—деди басқа пәмге кеткен Өмирбай,„бақырайып қарайды да турады, бул жеңгейдиң қыялында бөтен әндийше бар екен...“ Сөйтти де сулуўланыўға тырысып, шашын көрсетип өрледи, шәпегин қыйсайта кийип:

— Та-ак, жеңге, — деди күлип. — Онда не қылайын, қасыңа барайын ба, қорқып отырған шығарсаң, я шығып жол силтеймисең, ҳе-ҳе-ҳе...

— Бай-бууў, қайним, ықыласыңнан айналайын!—деп бетин сызды ҳаял. — Мениң силтеўиме ерсең үйириңди таппайсаң, бай-бууў, сулыў соқырманғо!.

Қысынған жигит аржағын тыңламай атқа қамшы басты. Назарбайдың қаншығын шабаландырып, былай бурылғаны, бир жайдан ыпыр-шыпыр балалар гүў етип шыға қойды. Сыланып-сыйпанып бой жеткенлер де шығып атыр. Өмирбай шуўаққа шыққан еки қызға қарай ат тепсинди:

— Кеңсе қайда, пәрийлер? — Кеңсениң ҳәм үстинен қарайтуғын ҳәким екенин, мине, мынандай шаш қойған исши екенин аңлатып, шәпегин алып тағы шашын өрледи, билеғин көзиниң алдына әкелип, саатына да қарады.—Та-ак, кеңсе қайдаа?...—Сулуўшаш ҳәзилкеш емес, Гүлайша сыншыллаў, ишинен „қопал“ деди де нәрсе еситпеген, буны итибарға алмағансып, сыбырласып тура берип еди. Бул кербазлықты күтпеген Өмирбай:

— Кеңсе қайда деймен, қызлар! — деди пәтленип. Сулуўшаш селк етти:

— Мынаў киси бир нәрсе сорап тур ғой, Гүлайша, қараш!...

— Ҳе-е, мына киси ме сорап турған? — деди қыз аңқаўсырап. — Неўе, ақсақал, ийт те үре берди усы ўақытта, еситпей қаппан, ақсақал...

— Кеңсе қайда деймен, кеңсе-е! — „Ақсақал" дегенге ашыўланды ол.

— Ҳимм, кеңсе ме! Кеңсе белсендилердиң қоржыны менен қазыўға кетип қалды,— деди қыз мүләйим ғана. — Өзиңиз елиўге барған адамсыз,—деп, жигирма бестеги жигиттиң жақсыланып турғанын бир пул етти. — Әдеп „аманбысаң" айтар болар,—деди де бурымын қағып салып класына кирип кетти, изинен Сулуўшаш асықты. Күйинип кеткен жигит басқа бир баланы муғаллимге жумсап шақыртып „ҳәммени жыйнап бересең, мен колхозсоюз Өмирбайман" деп еди, муғаллим сабақты бүгин баслағанын сылтаўлады да кеширим сорап, бағанарақта Қурбанның үйине кирип баратырғанын көрип еди, соникин силтеди:

— Анаў жайдың ийеси үйинде. Ҳәзир казыўшылардың изинен кетиўге сылтаў таппай атырған шығар. Айттың, болды, алдына түседи де жортады. Инанбасаң, барып көр,—деди. Айтқанын қылмағаны ушын Өмирбай Дәўекени жаман көзи менен атып кетти

Ырасында да ат ҳүкимине түскендей, Қурбан төбел торының алдында жортып отырды. Бирақ, аўылдан шыға берип: „қайсы туста екен?" деп, Өмирбайдың өзинен сорады. Өмирбай ғарқылдап күлди.

Бул қарағанда Қурбанның қазыўына қатынаспаған жап-салмасы жоқ. Тоң жармада қай жаптың шала қалғанын да биледи.

— Қысынба иним, — деди — Олар Туўбайдың Көк өзектен саға алған жағына тартқан..,

— Сен, өзиң, яшуллы, аўылыңның азанда қайда кеткенин билмейсең. Бир жақтан келдиң бе?!

— ГПУ дан келдим, иним, сәскеде...

„Ҳимм, ушырасқан екенбиз", деди де жолаўшы арғы жағына үнсиз жортып отырды. Қурым шәпеклини көриўден: „аллабәрәкәлла, Педотов айныған екен, изимнен қуўғыншыны жиберген екен", деп, жан ийманы қалмаған Қурбанның ондай емеслигин анық билген соң, дизине димәр енейин деген еди, аттан ҳәм бетер жортады-ә!

Атызлықларға қысы менен жайылған намбарлар жибисип билинер-билинбес пуў шығарады: „Қысы менен уқшатып ислеген екен!" деди Өмирбай;

— Бул аўылдың Шундый дегени бар, — деди Қур-

бан ентиге жортып киятырып.—Мәдияр соны жумсайды, ол ислемей жағыңа қоймайды!

— Мәдиярдың жери ме? — деди оны „бай ғой, Шундый дегени дийханы шығар“ деген пәмге кеткен Өмирбай.

— Өй, неғыған! — деди. — ТОЗ дың жери.

— Мен келмесем, ТОЗ-ТОЗ болып отыра бере жақсызғо! Бүгиннен баслап, колхозсыз...

Жақпаған гәпине үндемейтуғын еди, Қурбан дым үндеместен жорта берди. Бирақ, геллесинде: „апырмай, бала, кирсем бе екен, кирмесем бе екен, кирмесем күним қалай болады“ деген ойлар пышықтай бағырласып баратыр.

Бир жал тоғайдан өткен соң, алды менен қазыўшылардың ат, ешек дегендей көликлери, көкке есилип атырған түтинлери көринди.

Қатынап қазатуғын болғанлықтан, қос дегендей қос та, белгили-баслы мурап та жоқ екен. „Қудайберген шундый деген қаздырып атыр. Бирақ, ол кисинин өзинин де шеги бар, ҳәзир анаў туста шегин алып атыр“, дести адамлар. „Шақыр“, деген соң, Қурбанда жан бар ма, солай қарай солқылдап жуўырып кетти.

— Мынаў қырсық қашан келген...

— Бул жүдә жеңил аяқланып кетипти-ғо!

— Изиңе милийса ерип жүрсе, өзиң де жеңил аяқланарсаң! — деп атыр биреўлер, Өмирбайды милицияға жорып. — Милийса атын бәлентке тартты-ғо! Ҳәммени шолып тура жақ-аў, ә!

— Қурбан баласы менен қалай көрисер екен, соны көриў...

Лийкин, баласы Қурбан менен көрискен жоқ, ҳаялының да иси болмады, мырқымбайы шығып кеткен ылайды тақыядай дөңгелендирип, шыңғытып тура берди. Гүлзийраның, баласы Исиметтиң шеги бир тутас еди. Алламберген үлкен қазыўға кегип, ҳалына бола, Исимет киши қазыўға келген еди. Қурбан бала-шағасына жалтақ-жалтақ қарап өтип кетти де, даўрықты:

— Қудайберген аға, ҳа Қудайберген аға! Колхозластыратуғын ўәкил ертип әкелдим!... — Ҳәмме оған лып-лып қарaслы. Тез бармаса, ўәкил кетип қалатуғындай асығып, Қудайберген:

— Қолымнан тарт, маңлайы қатты! — деп бақырды Қурбанға. Қурбан да Шундыйдың қолынан калай ала-

рын билмей киятыр еди, „ассалаўма әлейкүм, қәне, теберик қолларыңызды созың Қудайберген аға“, деп, шырп ете қалды. Баласы тикленди де әкесине сурланып, бийгана көз бенен қарады. „Сөгип тур, жууўернемек, көзи менен үнсиз сөгип тур“, деп кетти Қурбан ишинен.

Өмирбай турған төбеге келсе, жигит өзин қашшан таныстырып, тәртип берип атырған екен:

— Исполкомның қағаз-пағазын билмеймен. Колхозсоюздың баслығы мен боламан. Қәте болса, өзим геллем менен жуўап беремен. Адамларды ҳәзир бир жерге жыясаң, колхозластырып кетемен, — деўи мәтдал, артық қарсыласпады. Қашаннан усы хабарды көзи төрт болып күтип жүрген шундый Қурбанды сағаға жибериди де өзи жол-жөнекей: — Жыйлыс болажақ, беллериңизди шаншыңдағы, ўәкилдиң қасына жыйылың, — деп, көкиреги сырылдап, аяқтағы қазыўшыларға жуўырды.

Қас пенен көздиң арасында төрт көз түўелленип, дегендей, салманың ырашында жыйналыс басланды да кетти. Өмирбай колхоздың әҳмийетин, трактор ҳаққында қызынып-қызынып сөйледи. Соң:

— Биз зорламаймыз, киретуғынлар болса, қол көтерсин,—деди де турғанларды шолыды. Гилең қатынқалаш, кемпир-ғарры. Бир ғарры:

— Күйеўлери қонада жатып, Қаттыағарды сөтип атыр. Солар менен ойласпай мына қатынлар қалай колхозға киреди?— деп еди: — Сен, ғарры, ҳаяллардың ҳуқуқын кемитип атырсаң, педал екенсең, ата! Бизлер педаллар менен қатты гүресемиз, буннан былай ҳаялды хорлайтуғын педал болса, оңдырмаймыз,—деп еди, еки тепкиси есине түскен Қурбанның дәрети сынып кете жазлады. — Ҳәзир,ҳаял-паял делинбейди, кирди ме, хожалық есабына есаплай беремиз, үйдиң еркегин жоқламаймыз. Қәне, ким бар, ҳаял жолдаслар! Сизлердиң ҳәм гәпиңизди пәгиўаға алғанымызға қуўаның, ақыры! — деп, тағы көпшиликти шолып еди, шошайған қол болмады, ҳәмме сам-саз. Қапталына қараса, жоқ столдың ағалығына сайланған Қудайберген шундый менен Исимет комсомол әкесиниң жети жинин тырыстырып, қолын шошайтып отыр екен. Өмирбай күлди де:

— Еки адамнан колхоз түўе, ТОЗ да болмайды, тағы ким бар?! —деп даўаслады. Тағы сам-саз. — Жол-

дас Қудайберген шундый,— деди қасындағыға қарап. — Бул, бизиң қарекене жыллы сөйлесең, болмайды. Маған бес қулаштай арқан тауып әкелип бер, көремиз колхозласпағанын!—деп, Қудайбергенди турғызып жиберди.

Ол да барып, арқанлаулы еки ешекти шидерледи де кендир жибин алып келе қойды. „Бул не қыла жақ“ деп, адамлар ҳәйран. Өмирбай еки жипти қурастырды да бәленттен пәске түсти.

Тақырлау жерге шығып, есик пенен төрдей жерге еки белди шанышты да араларына арқан керип, ушларын беллердиң дәстелерине байлады. Соң еки стол ағасын еки қапталына шақырып тикейтти де:

— Колхоз деген бул ҳүкүметтиң саясаты, усыған ким қарсы болмаса, анау ала жиптен атласын! — деп, түрин сурландырып турды.

Ең әдеп, түри бузылып, домзакта тезге түсип келген Қурбан атлады. Мәжилистиң хатшысы Исимет еди, Өмирбай:

— Мына кисини таныймысаң, пәмийласын жазып қал,—деди. — Қәне, яшуллы, қуры табаққа пәтия жоқ, неңиз бар колхозға беретуғын?

— Бир арба соғып беремен, — деп киятыр еди. — Айтпақшы,—деп Өмирбай иркип таслады: — Сен домзақта неғып жүрсең?!

Қурбан тубалады да қалды.

— Бар, алынбайсаң!—деп жолды силтеди уәкил. — Әдеп, шатағыңды шешип ал, тағы ким бар?!

Исимет ҳәзир ғана жазған әкесинин атын сызып таслады.

— Мен барман, қәйиним, анау баланың анасыман,— деди ортаға шыққан Гүлзийра баласына ийегин шошайтып. — Колхозға тапсақ бере-беремиз, арбаны бизиң бала да жаман соқпайды.

— Маладес, женге! Айтпадым ба ҳәзир ҳаял зор деп! — деди Өмирбай қуўанышын жасыра алмай.—Жазып қой, тағы ким бар?

— Мени „атлады“ деп есаплайсыз ба, я атлап келейин бе?—деди Шундый.— Сен жазып қоя бер, атлап-ақ келейин, —деп кетти. Атлап келип: — Бир ат, еки ҳөккиз, бир гүнде, пазнасы менен, мойынтырық,— деди. — Жазып қой, бала. Үш билек беремен, өзим, балам, кемпирим ҳәм еле хо-от!

— Маладе-ес, Қудайберген аға Шундый улы!—деди „шундыйдың“ лақабы екенлигинен бийхабар Өмирбай. — Тағы ким бар?!

— Мен барман, қәйиним.— деп, бүйректей бүлкилдеп Айхан шықты. — Беретуғынымды соң айтаман, кисимиз бир жаққа кетип еди...

Қәйиниси өлип, жалғыз баласы жинли болып, өзиниң бүгин қазыўға шыққаны ҳаяллларда тәўир-ақ аяныш туўдырған еди. Ғарры бийшаралардың кеўили олардикинен де бос. Исимет комсомол айтайын десе, өзиниң „батпаны“ бар. Шундый да, адамның көбейгенин тәўир көрди ме, гипиртиклеп қалды. Өмирбай Исиметтиң дәптерине қолы н шошайтып:

— Жазып қо-ой, — деп буйырды. — Бир, жасында қыз болган жеңгей екен. Несийесине де турайық. Пәмийлаңды айт?

— Өзимдикин айта аламан-аў,—деп аўызын шыйырып, ғарры қатынның еркелигин көрсетти Айхан.—Ағасының пәмийласы дедиңиз бе, сонысын Исиметтиң өзи биледи ..

— Тағы ким бар?—Ҳеш ким мынқ етпеди.—Сизлер не, колхозға қарсымысыз!—Тағы тым-тырыс. — Онда, тазадан бет аш та атламағанлардың пәмийлаларын жазып бер, жолдас Қурбанов, ГПУ ға тапсыраман...

— Ҳәй, балам,—деди бир ғарры жөги күлип.—Ала жиптен атламайық деп турған жоқпыз, ойланыңқырайық, ақыры, биссиммилла,—деп, алды менен өзи аглады. Изи шубырып кетти.

— Ең соңында атларман деп едим, — деди бир қарапәрең ғарры ойланыңқырап. Бул Жолдас қара еди. —Анаў отырған Шундый менен Мәдияр бизге: „арза жазасыз, еркиңиз бенен киресиз“ деп ели. Сайымбет те соны айгты. Кеўилиңизге келмесин, Сайымбет сизден саўатлылаў. Сиз ала жипти керип қойып, зорлап атлатып атырсыз. Мен ғой, ҳүкүўметке қарсы емеспен. Бирақ, атламайман. Кирсем де ойланып киремен. ГПУ ға жазсаң жаза ғой, оерде де бир сөйлетер, ақыры,— деп еди, Өмирбайдың өзи қолп ете қалды. Лийкин, енди қарарын өзгертсе еки ойлылардың бири кери атлайжағын билди де:

— Яқшы, онда, ГПУ ға бармай-ақ қой, өзиң бир тирсек екенсең-дә!— деди нарыйза кейипте ынжылып. — Бирақ, тамы-тасыңның орыны колхоздың ишинде

қалды, көшпесең болмайды!—десе, „Көшсек, көшемиздағы“, деди.

— Бирақ, билип қой-ой, — бармағын шошаңлатты: — Усы район сорамы болса оерге де бараман! Оннан соң қайда көшер екенсең?!

Енди, баслық сайлаймыз, жолдаслар Соның менен ис питти, ғарры... Та-ак, усы мына Қудайбергенов Шундый ағаны қалай көресиз, өзи. 19-жылдан партыяда?

— Жүдә бәрәкәллә! Бирақ, түни менен уйқылатпас, соны ескертиң..

— Ҳа, бул елдиң Мәдияры қайда, қашаннан ТОЗ дың баслығы, сол не?!

— Ҳа, ақсақал, ячейкалар менен ойласпайсызлар ма, түўе?!...

— Қәне, шаўқымды қойың. Жумыс бәрине де табылады. Баслық болмаса, орынбасар, — деди жайпарахат. — Мәдиярды мен танымайман опшым, сонда да пыраблениеге киргиземиз, қалеўиңиз бойынша. Ҳәзир даўысқа қояман, — деп, Шундыйды, Мәдиярды даўысқа қойған болды. — Исимет Қурбановқа қарсы бар ма, көтериң қәне!.. Жо-оқ, бийтәре-еп?.. Жо-оқ, онда бәриңиз „за“ сыз. А-ал, Қудайбергенов Шундый жолдас, әмелиңиз қутлы болсын, салың ғайратты Кеңес ушын. Та-ак, жолдас колхозшылар, колхозыңыз сизлерге де қутлы болсын! Атын „Жақсылық“ қоя қояйық, жақсылықтан басқаны көрмең, — деп еди, „Әўмийин, айтқаның келсин!“ деген сес гүў ете қалды. — Әне, Шундый аға, халық деген—қой, басшы—шопаны, қалай айдасаң, солай жүреди, воопшым, белсендилериңиз оңбаған. қәне, колхозласпағаны! — деп, журт тарқасар-тарқаспастан Өмирбай қалай келген болса солай, асығыс атланды да кетти...

## 17

Үш мезгил бурышлы суў жағыў, жумалақ, ирәзәңки булаў, тары булаў... Базардан ҳәм бетер өгиз алған Қудайбергенди сүрниктирип өлтире жазлады. Қалай да тәўиптиң еңбеги еш болмады. Таяғына шекем Шундыйға жондырып алып, Незекең дәретин сыртқа таслайтуғын ҳалға келип еди...

„Колхоз болады, ирини алады, ешки есапта жоқ“ деген хабарды еситип урды жамбасына Назекең, урды

келип! Шайнап таслай жақ, Толыбай жоқ, Қарақум ийшанларына жинли баласын түнетиуге алып кеткен, жоқ, жоқ!

Түрли бәлени қазыўдан Базар таўып келеди: „Хатланатуғын дизимде Тасмаңлай бар екен. Биринши нәўбетте өгиз керек колхозға, „төгилгеннен жалап қал“ ыпты, ешки болса да келим-кетимин атқарып тур. Баплапты бизди!“.. деп келгели сыртқа шығып Толыбайдың жолына жин көзленип қарап жүрсе, ертенине: „Шундый да баплапты, мыналарды шершиден емес, өзинен әкепти, өгиз қасына...“ деп, жигиттиң пүткил уйқысын қашырды.

„Бүгин колхоз болдық— деп келди Базар. — Тәўип сеннен алған өгизинәм өзиникине қосып, хатлатып жиберди, қәне, шершиден алғаны!...

— Ўай-ўәй, асылып ғана өлсембекен арғытқа!—деп, айтып аўыз жыйған жоқ, ҳаялы: — Ҳәмме тапқанын жаздырып атыр, қалай сени қуралпадан қуры қалдырайын. өгизиңди мен де хатлатып агладым жиптен! Журттан басыласаң ба!— деўи мәтдал, бақырайды да қалды, аўызына сөз түссе қәне!

Урайын десе, шамасы мынаў, аўырыўы түўе саўында башартты ма Базар! „Былғап ураман“ деп, белин гилт еттирсе, тағы жумалаққа өгиз қайда, өгиззз!...

— Өлимм! Колхоз не теңиң, өгиз бермекти ким қойды, өлимм!..

— Өзиңдей Шундыйлар екеўин берди, байталын тағы берди, мен бир...

— Өлим, өлим саған! — Басқа сөз түспей атыр аўзына. — Есиң болса, Шундыйға еремисең! Шундый дегениң ҳәмме затын, керек десе кемпири менен баласын да колхозға берип, сыптай болып кәмуўнәзим деген жаққа кетемен деп жүр дейди Сыдық! Ҳа, сен, қаласаң-ғо, кәмуўнәзимде қудайдың мәргүмишин жеймисең, ақымақ, ийт, қаншық, саллақы!...

— Назарбай деймен, қыздырма мени! — Ҳаял дүрс еттирип жер тепти, жулқынды өзинен өзи. — Қыздырма деймен, Назарба-ай, қанымды қыздырма!...

Енди тал шайнаса болажағы көзине көринип, төрге өтти де аўхатқа өкпелеген баладай бүккесине түсип, жатып қалды.

Сөгип атыр, ҳаялын ишинен сөгип атыр. Өзинен қарыўлы ҳаялға дус еткен тағдырына нәлет айтады.

Тағы түргелип отырды. „Ҳә, ашылмаған маңлайым-ә!“ — Сести шықты — Ҳалымды неге билмедим, — деп жыланды:—Мен ғана маңлайы қара-а!“ деп, былш еттирди өз маңлайына. „Аярмекен“ деп қараса, ҳаялының буның өлгени менен де дым иси жоқтай. Есиркеп кирип келип:

— Назеке-аў,—деди табаққа қуйылып атырған мәшабаға жуганып: — Толыбай ағай шақырғалы жатыр ғой...

— Ҳаҳ!... Келип пе екен ол атаңа мың нәлеттиң Тасмаңлайы!

— Өй, жанлық баўыздап берсин дей ме, түге! — деўи мәтдал: „Яқшы, яқшы-ы, ҳәззир баўызлаймыз“ — деп түргелди де белин бууынып атырып:

— Өгизди алып шық! — деп ҳәмир етти Есиркепке. —Жутына берме-е, бол!

Хеш кимниң тәуеллеси тыңланбады: „Усыннан пәнт жесем, өлген екенмен! Колхозға өгиз керек болса, Базардың өзи таўып бере қойсын! Шундыйдағы өгиздиәм аламан, ҳоо, ойнаған екен!“ деп тоңқылданыўы менен, бели ийреңлегенине қарамастан Есиркепке жететип, өзи шыбық пенен айдап, өлдим азарда жетти де ғәзеби қыстап лақабы менен шақырды:

— Тасмаңла-ай, ҳә, жигинен ғана қақ жарылғыр Тасмаңлай! Шық бери!.

— Өйппей, шығөс, молла бала! — деп келди Айхан ҳаўлығып:—Пәти жаман, көкиреғинди қудай басқыр, атын айтып шақырғанда не қылады екен!..

— Гәпти қо-ой, өзин шақыр! — Толыбай сурланды: —Көринген саяққа жалаң аяқ жуўыра берип...—Хаял шығып кетти.— Әне-е. — деди Избасқанға. — Булар шетинен усындай, ҳәр қайсысында бир қап шамал! Үрлеўши бар!...

— Үрлей берсин,— Избасқанның жылан көзи жылтырады — Үрленген местиң ҳақы бир тикен, солай емес пе?—Сыдық ийегин екшеди.

Назарбай сыртта әри-бери бақырды, жер тепсинип бақырды, тынып-тынып бақырды, сирә буған „неғып турсаң“, дейтуғын да адам болмады. Хорланып, ханасына сыймағанлығы соншелли, дәрўазадан кирип те бақырды, жуўап жоқ, қайта, иштен буған қасақана ислегендей ўаҳаҳалар шығып турды. „Өли шыққанына жүзи толған жоқ, маған күлмей, кимге!...“ деген

ашыў менен төрги жайдың зулпын шаңғырлатып жулқыды

Сыртта қалған Есиркеп сырттан терис ҳәйўандағы ашшы даўысын еситип: „Қап, Назекең таяқ жей жақаў!“ деп қобалжып еди, сес тына қалғанда, жан-иймасы қалмады: „қап, осы сорлыны шегирдектен буўып тастады-аў!...“ деп, бас жипти таслай сала ишке ентеледи.

Аманлық екен. Буның: „Ассалама әлейкүум“ дегенине де ҳеш ким итибар бермеди. Ортада Назарбай суқ бармағын Толыбайды „Тасмаңлай“ атандырған жылтыр пешанаға шошайтып:

— Маңлайыңның жигин ғана, асқабақ бөлгендей былш еттирип, балта бөлгей сениң! — деп пәтленип атыр. Толыбай да, қасындағы шешек дағлы бужыр киси де, ашыўланыў қайда, жылмайысып, күлип отыр. Қобалжып атырғаны тек Сыдық. Назарбай олар күлискен сайын алампурхан болады: — Гөрине күлесең бе, қулақ! Колхоз хатлай жағын билийип, маған ҳарам қатқырларыңды ысырған екенсең-ә, сумырай! Мынаў ҳарам қатқырыңды алып, ешкимди қайтып бермесең, ГПУ дан шақыртып, тоз тозыңды шығармасам ба...

— Қойып тур, Назарбай иним,—Толыбай да, бужыр бет те жақларын шаққыдай жыйнап алды.— Сен, әлеп бир, аман-есенлик сорасып ал. Бир-еки ҳәпте сеғбир шегип, алыс жолдан келип атырмыз. „Аман келдиң бе“, деп сора, арбаға байлап әкеткенимизди өзиң көрип қалып едиң, бул қалай болды екен, инийңниң жағдайын сора. Мал болса, табылады. Хатланаман ба, жоқ па, оянғын не қыласаң, сениң ҳаялың кирген колхозға, мына бизиң де ҳаял кирип келипти. Журт тақ өгиз берсе, мен қос өгиз беремен, гүл мыйықлы арба беремен, маңлайы қара!—Толыбай кем кемнен даўысын көтерди: — Қос өгиз, гүнде беремен, маңлайы қара! Көмешлерин өткен жылы мына Қурбанға қос ешки берип, оңлатып алған шығырым бар, буны беремен, манлайы қара! Хатласын, хатламасын, беремен мен бәрин! Қәне. ГПУ лессең, ГПУ лес, „гүлшели бала сүймеге жақсы“, ҳүкимет сениң сөзинди сөйлермекен, мениң сөзимди сөйлермекен!—деп еди, Назарбай пыссыйды да қалды. Бужыр қонақ, шатаққа түсинбеген адам қусап, мәселениң анығын сорап билип алғаннан кейин, Толыбайға бул да бармағын шошайтып:

— Ининниң өлими сени де ҳесаптан алжастырған екен Толыбай аға-а! — деди күйинип. — Алты ешкиге атаңдай еки өгизди де бермек болып па!...

— Ешки қусаған ешки емес, туўша-аў!— деп гәпке суғылысты Сыдық.

— Сениң өгизлериңди билемен, айдаған жағыңа жүретуғын, „гәл“ десең, табаннан айналатуғын кәмбил өгизлер. Мына кисиден,—деп Назарбайды ҳаўлықтырды Избасқан; — Қос өгизиңди ғана алып қал, биллә, өзим ҳәр қайсысына он оннан жигирма ешки беремен!...

— Сен өйтпе, ғошшым,—деди Толыбай қонағына.— „Өгизин бермеди“ деп өкпелеме. Бизде де тапсырғандай басқа көликтиң ирети болмай атыр, колхоз болған соң, әлбетте, сонша қаллаш, батырақ, колхозға киреди, қуры қол. Оларға, ысқырып айдайтуғын көлик керек. Биз өгиз тапсырсақ абырай алатуғын қусаймыз. Соның ушын мен буларды колхозға тапсырайын, Сен, майда жанлығыңнан бизге қарызға бер. Мен бул кисиден қутылайын, аяғымнан шырмап жүргизбес сирә!— деген сайын Назекеңниң қуты қаша берди. — Бул кисиниң бир-еки жанлығы қонақ-қопсыға саўылып кетип еди...

— Мен де тақ өгизиңди әкелип отырман, биреўи жумалаққа кетти.

— Жумалағы не!

Назарбай өзиниң аўырып қалғанын, бир өгизин жумалақ, ем-деми ушын Шундыйға берип қойғанын, оның да колхозға өтип кеткенин сарсыла қыйналып отырып, айтып берди. Толыбай да: „жекке жигит едиң, жапсаққа шатылғаның қыйын болыпты“, дей келип, әңгимениң түйесин өгиздиң отлағына шөгире берди:

— Мына кисиде,—деди бужырды ийеги менен нусқап:—жанлықтың дәреги шығып отырғанын еситтиң. Намәртлик сеннен кешсе де, меннен кешпесин, иним, „өгизди түўеллеп әкел“, демей-ақ қояйын, колхозға кетти не, бизди болды не! Егер, Шундый сени баплап алған өгизин қорасында пысқыртып қалдырғанда ма, „түўеллеп әкел“ деп айтар едим, кел, енди, ол да колхозға берген екен, түбинде, ҳалық жумсайды ғо, ағаңның тапқаны халықтың ийгилигине жумсалса, ғошшым, болды бизге, усы халықтан аярым жоқ мениң. Ешкиң, өзиң билесең, қонақ-қопсыға кетти, пуштар-

лаған өзиң, биреўин бүгин сойып бер. Қалған үшеўин, пәкизә, өгизди қазығына байладағы, алып кете бер. Жүдә бәрәкәллә, керегинде буйымымызды питкердиң, тәңир жарылқасыным көп саған. Бирақ, жаңағыдай, тепсеп келип, адамға азап берме, дүнья табылар, көўил табылмас!..

— Әй, аға, бизики нәмәртлик екен, оҳо-ҳо! — деп, арсызлық пенен күлип түргелди Назарбай.—Ешкиң де қала берсин, өзиңе...

— Тоқта бала! — деп ирикти шығып баратырған Назарбайды. — Болмайды, өгизди таслап кетт! Бир шаймаладың ба, тамам! Мен саған көринген жерде жағамнан буўдырып жүрмеймен, әкет ешкинди!

— Қойса, аға, енди, бир билмеслик кете қойған екен...

— Жа-ақ деймен, анаў ешкинди-әм қалдырмай-ақ ғой, алып кет! Қонақларыма таўық сойып-ақ беремен,— деп турмаға қайымласты Толыбай. Шықса, Толыбайдың да бирге шығатуғынын билген Назарбай „Сен бара бер. Есиркеп, ўайппай, белим-ай“, деп, диз бүкти. Шығып баратырған Есиркепке: „өгизди алып кет“, демесе де көз қарасынан аңлатып қойды. Бужыр қонақ Толыбайдың да пешинен басып қалған еди. Назарбай тислерин көрсетип, бир майдан Толыбайдың бетине қарап отырды, гәпти неден басларын билмей:

— Қалай, инишек питегене шүкир ме?— деди, усы сөздиң дым ирети болмаса да. Толыбай ийегин былай таўлап отырды. Бужыр:

— Сен де қызасаң-аў, Толеке, сонда еки ешкиге бермекшисең-аў, жумалақтың өгизин! — деди. Толыбай таўын жаздырмай:

— Ол да бир батып өлген малдағы!— деп мәртсинди. — Ийт пенен қусқа жем болып-әм өлетуғын болдық. Сениң ешкилериң өристемеди?

— Пай, аға деймен-аў!—Назарбай бул кәрадан қашқанша асықты. — Мен қайтаман...

— Ҳай, бала деймен!...

Назарбай шақырса да артына қараған жоқ. Босағадан шыға сала жаўырынын қайқаңлатып дәрўазаға жорғалады. Сыртқа шықса, Есиркеп жоқ. Өгиз бенен қаншығы ийискелесип тур. „Жақсы болғанда елине сыймай ма, ымға түсинбеген дымға түсинбейди, ақымақ!“ деп келип, өгизди шешти де соқпақ пенен асы-

ғыс тартып отырды. Кеўилине Толыбай жетип, бас жипти жулып алатуғындай артына қарай-қарай кеттиаў! „Енди анаў өгизди...“

## 18

... Аўылдағы қазыўшылардың арасы гүмпилдеген әңгиме, тонқылды: „Иләйым, бул шундыйлап өлгир, узағына баслық болмағай! Бурынғы қыраў жибимей шығарғаны да тәўир екен, бүгин биреў тан қараңғысында қапыны мушлайды, апалақлап шықсақ — Шундый: „Турсаңлардағы, ақыры, шундый-әм болмақ болып па, колхоз ортақ табыс ортақ, ислеңдағы ақыры, сизлерден басқа қашшан бир шек алды!“.. дегенге, қараңғыда қармаланып келсек...“

„Ҳимм, еле берин көресең, Назарбайдың жүрегин жарғанын еситгин бе? Қаншығы уриўден: „өгиз кетти, қатын“ деп, шыға жуўырса, Шундый. „Маңлайы қагты, бизиң еңбекти еш етип, тағы аўырып қаласаң-ғо, желен шығып!“ десе, „Аўырсақ, сениң қолың бәлент, мынаў өгизди де аласаңдағы!“ деген екең Назарбай мысқыллап „Енди аўырсаң, өлмектен басқа иләжың жоқ, қораңдағы ҳөккиз сеники емес, колхозға берди Базар. Ашырқагып, бәҳәрги жазлық егиске жарамсыз етсең геллең менен жуўап бересең, шуның ушын, отын сал да қазыўға шық жаның барда!“ деп, Жолдасқа келипти. Көрип турсаң ғой, Жолдас жумыста жоқ. „Шықпайман, кешеги ўәкил „көшесең“ деди. Мәдияр келиўден шыптаны шыйыраман“... „Көше бер,—депти Шундый.—Жайыңды кеңсе етемиз. Колхоз баслық Мәдияр емес, мен, бар, меннен урықсат, көш!“... Сөйтип, Қурбанға барыпты: „Неге шықпайсаң қазыўға!“... Олар урыслы ғой, „бала-шаға қазып атыр-ғо“, деген екен, „сенде бала-шаға жоқ, олар өзлериниң шегин алып атыр“, деп, белин қолына услатып, соншелли қырсық Қурбанды жолға салып кетипти, соннан гежир емес ҳеш ким...“ деген гәплер Шундыйдың өзине еситилип те, еситилмей де айгылып турды. Еситилиўиниң себеби, Шундый: „колхозда ҳәмме гүллан иске ортақ“ деп, диңк етип, журттан бурын ултанға түсип, өзи өрнек көрсетип, иргеме-ирге шек алып атыр еди.

Сәскеге таман ҳармасынға келген Дәўеке муғаллим: „баслық та қазыў қаза ма“ деп, күле берди, көп күл-

ди. „Я-ақ, сеники қәте. — деди Шундый, — урыста ең әдеп кәмәндир „урра“ лап шығадығо, ақыры,—„маңлайы... катты“ дей жазлап қалды. Дәўеке майдалап түсиндирген соң, „ҳә-ҳә, дурыс, әдеп, мәкемениң кеңсеси ашылады, шундый, Төрткүлде көргенмен талай... Ҳа, кеңсе жоқ-ғо, ақыры, бәҳәр шықсын, салып аламыз көмек пенен... Ҳаўўа, ҳаўа, „бир қызыл шүберекти қыстырып“ дейсең, я „луўбой үйди кенсе деп қойғанда“. дейсең бе, бирақ, лүўбой үй дегениң қандай үй, лүўбойына түсинбей турман...“

Дәўеке „любойды“ түсиндирип кеткен соң Шундыйдың ишине бир „гүбелек“ кирип еди, шықса қәне! „Таптым!“ деди бирден баладай қуўанып. Соң адамларға түрин суўытайын десе де күлдирип, тәртипти беребере үйге келди де жүклерди зыңғытып қаршынды ақтарды, көп ақтарды. Кемпириниң келиншек күнинен қалып, енди баласына нийетлеп жүрген суўдай төгилген жипек түрмеси суўсылдап қаршыннан суўырылды. Қақ ортасынан ғыртылдатып қырыққанын абырай, Созанай көрмей қалды, жылап жиберер еди көргенде!

Зәңгисин тиреп, байрақты қадап атырғанда Дәўеке келди: „Жартысын маған бер аға, жәлки ме саған, мен де мектепке қағайын...“ „Маған жәлки емес, кемпирге жәлки, бирақ, байрақсыз мектеп бола ма!“ деп, оны да берип атырып: „Бир жасарып қалдым, Дәўеке, — деди. — Өмир қайтып келмейди деген бийкар...“

Дәўеке: „неге“ деп сорамады, Шундый 18-жылдың декабринде ТурКП(б) Төрткүл горкомы ашылып, өзиниң байрақ қадағанын, соны еслеп жасарғанын айтпады...

* *
*

Өткен ақшам бай белдар, тағы „байға жалпылдақ емес“ дегенлерден басқаның бәрине жазлық егип қайтыўға урықсат болды. Усыны айтып келген район ўәкили—заготзерно баслығы ақсақал, партячейка, ширкет қусаған аўыл белсендилеринен: „келеси сәрсембиге кеткенлерди түўел жеткиземиз“ деген тилхат алған соң, ўақыт ғаниймет, қонған— қонды, қонбаған—түни менен ығысты. Булардың белдарының басында батрач-

ком Ақтөре, союзқосшы Әшир қара, Алламберген комсомол қалды.

Сайымбет барлық басшылықты, „комсомол" деп, Алламбергенге берип, таң ала геўгимде „жазлықшыларды" жолға шығарып еди. Сарыатаўдың үсти менен Шағал жағысына тәуир-ақ қалғанда бир шарўаның үйине қос басты. Үй ийеси аңқылдаған адам екен, бир серкени кеңеспестен жайратты да тaслады. Көптен „қызыл көрмеген" қазыўшылар ыңғай билдире берген соң, асығып, қанша пытырлағанына қарамастан Сайымбет те ишинен күйинип, ақыры көпшикти омыраўына тартты. Гәптен гәп шықты: „Жаўгершиликтен бери, журт күн сайын жәмленип атыр. Енди колхоз болып, оннан да ет пенен тырнақ бола жақбыз. Усындай, биреў арқаў биреў, ерис болып, биреўге биреў арқа сүйеп агырған заманда үйректиң палапанындай бир өзиң бир қумның арасында шетлеп, неғып жүрген адамсаң, я, ақ үйли етилген баймысаң?" деген гүдигин де айтты.

Бай емес, Қаллы жағыстағы Избасқан деген дайысының көп жылдан бери қоныс жаңалатып қой бақтырып қойғанын, усыннан басқасының бәрин сатып-суўып ғәрежет еткенин, жер-суўын ҳүкиметтиң заңы шықпастан бурын-ақ дийханларына дағытып берген дәли жигит екенлигин айтып мақтады. „Избасқанның кимлиги билинип киятыр" дегендей Қунназар менен Сайымбет бири бирине лийкинли қарасып алды: „Атың ким, иним?..."

— Иним дейсиз,—деп күлди Хайтмурат. — Мынаў ийек желиндей жүнсиз болғаны менен көптен бар ийек. Жылыңыз не? — Сорасып қараса, Сайымбеттен сегиз жас үлкен! „Хаял не қылды, жары жолда..." дегенди де сорай бергени: „Қолайлы биреў жоқ па?" деп Сайымбетке жалынды Ҳайтмурат.

— Хайрулла дайым әкемизди еллиге шыққанда есигине түнеп саўалған бир әўмесерге үйлендирген екен. Соннан мен туўылыппан. Енди бизге әўмесер келмей атыр. Избасқан Қарақум ҳәзиреттиң шыбығын сындырып, бәддуўаға ушырағалы туқымымыздан әрўақ қашып, адам түнегенди де қойды. Биз болсақ, қартайып баратырмыз, айтсам, „ойымда бар, ғамындаман" дейди. Ҳаялға ҳәўес кемигели ҳаўлығамыз да...—деп муңайды.

— Ә-әй, сизге Бухар, Хийўа байларының хийлесин

ислеп жүрген-ғоо! „Әне-мине үйлендиремен“ деп, алдап жумсай бередидағы, белден тозып, гүдерди үзгеннен соң, қара басың қайда барасаң, қуўса да кетпейсең. Есиң барда етегиңди жаппасаң шатақ! — Пыязға ашшылағандай басын силкинди Сайымбет. — Заманың келип тур, қосыл бизге, қосы-ыл есиң барда...

— Әй, яқ, иним, мен бир, өзимше күнелтип көрсем екен, ақыры, әкем күнелткен емес мен түўе! Оның үстине ийшан атама берген антым бар. „Мынаў жалғыз бала пийирине қарсы шаўып, дуўайыбәнг болды, усының жеккелигин билдирсең, дузым урсын“... деп кетти өлеринде. Өзим оңған нәрсе емес едим, тағы оның қарғысына ушырасам... Әй, я-ғәә!...

Сайымбет әри-бери омыраўлап көрди. „Бизди азғырма, иним, барлық дийханын дағытып мынаў Избасқаны урықсат бергенинде де кеткеним жоқ“, деп, кес геллем, көнбеген соң: „Бира-ақ, басыңа бир қулпет туўады, қаңғалап қалған ўағында да жирикпейик, тикке келе бер, сен душпан адам емессең, соқыр адамсаң, ҳә, билесең еле!...“ деп, кейинип-кейинип, өкпели атланды Сайымбет адамлары менен.

Шағал жағысынан өткеннен соң; „бир-биреўди ҳәлек етпей сәрсембиде қазыўда табысқайлы“ болды да аўылыникинен басқаларды бас-басына жиберип, өзли-өзи тартты.

Батыўға мейилленген қуяш қос тораңғылдын уша басында дөңгелегенде ел шетине келгенлерди меншик жай басындағы байрақ танландырып: „бул не, ҳа. бул не! Шундыйдын жайында неғып тур!“ бола қалды...

Есик алдында ат дүбирлегенде жеңил аяқлығына барып, Шундый жылаўлаўға турып баратыр еди, Дәўеке: „баслық ат жылаўлай ма, иси болса, келип хабарлассын“, деген соң, елши қабыллай жақ хандай төрде жалаң аяқларын тәррийтип шоштыйғаны қурысын, есиктен Қунназар қөрингенде бузаўбас шаққандай өрре турып орынына қараса, жоқ!

— Тап, шукәрада Шундый отырып еди, жоқ-ғо, — деп күлди Шундый. — Шундый иниң өзин таба алмай атыр, Қунназар аға, мына муғаллим, „баслыққа усап отыр“, деп еди, келистире алмай қалдым. Өзимниң Шундыйлығым жарасады маған, баслықлық жараспайды! — деген соң: „О не баслық!“ демей ме?

Аманласып терлегенлердиң: „колхоз болдық“ де-

генде: „егистен бурын жәбдилескенимиз жақсы болған екен!“ десип, қуўанбағаны жоқ.

Мәселе бастан айтыла баслаўдан-ақ сазырайған Сайымбет жиптен атлаўға келгенде: „Қәте-е, бәри қәте!“ деп, бақырып жиберди: „Райкомдағы сана мәселеси қайда, ықтыярлылық дегени қайда! Дурыс айтқан Жолдас қара, зорлап киргизиўге де, көшесең деўге де ҳеш кимниң ҳаққысы жоқ! Ҳәр қандай Айхан-пайхан кирип кете беретуғын бул Қудайберген ҳаңқалының гөне тамы еме-ес! Дағыйды колхозың, сен де баслық емессең, Қудайберген аға-а! Дағытқаным ушын өзим жуўапкермен!...“

„Дүзилген жайында қала берсин, Сайымбет жан, питкенди бузыў—баланың иси!“ деген ақсақалды: „Түк түсинбейсең, Қунназар аға!“ деп қайтарып таслады. Мәдияр менен дәўеке де Сайымбетти дурыслады.

— Дағыта қойың, —деди Қунназар.— Пәлен жылда сананы өсирип дүзерсиз!

— Дағытамыз. Пәлен жылдан емес, тап усы мәўсимде дүземиз! Саған большевиклик тапсырма, Қудайберген аға, таңнан Сапаровқа шап! Ол да усы дүзилгенин мақулласа, оның менен де жатып айтысаман, жаты-ып!...

Адамлар бир-бирине өкпелидей үнсиз атланып атырғанда:

— Қойыптур, Сайымбет, —деп егледи Шундый. — Колхоз жоқго, байрақты...

— Жықпайсаң байрақты, колхоз жоқ болса, байрағы бар, жәмленемиз усының астына! Билип қо-ой, ким де ким жықса саясый қәте, домзақта жуўап береди-и, ГПУ да а!... — деп, пәт пенен атланып кеткен соң:

— Ал, Дәўеке, — деди Шундый. — Енди жеңил аяқлана берейик, баслықтың мөрин көрмей-ақ түсгик, ол да нийшәўа, колхозды бузғаны шата-ақ!..

„Өй, яқшы-дә“, деп, Дәўеке кеткен соң Шундыйдың көзине қазыў жақтан Созанай менен келетуғын үлкен шатақ елеслеп, сыртқа шықты. Зәңгини боян шөкирдиң астына тығып таслады, соң, тақан урлап жеп, аўызын сыйпаған баладай тымпыйып жүр еди. Шатақ—Созанай болып келди үйге.

Еңкейип түскели „Созанай-Созанай“, атын ҳеш ким айтпаған соң, Урқыя исмин умытып баратырған кейўаны бийпәрўа келип еди, есиктиң алдында Шундыйы

сүйкимли болыуға бар күшин салып, еркелеген күшиктей жымпаңлап жүрипти. Дүмшени де өзи қойып, „шаршадың, дем ал“, деп, көрпешени де қағып салып атыр. Пейилине қанық ҳаял гүдикленди:

— Айта бер, — деди күлип: — Жымпыңлауың жаман-ғо, не гүна қылдың, айт?

— Гүнасы шудур, Саекең бизди түсирип таслады, колхоз тарқатылды...

— Жүдә мақул, мал-ҳал қасымызға қалды. Оған жымпыңламайсаң, айта бер?

— Тағы колхоз боламыз. Оған мына жайды да беретуғын болдым...

— Әне, жаңа сениң гәпиңе усады! Буған басым айналмайды, тағы диңкилдеп, ылай басқылап, жай салатуғын өзиң. Тағы бир бәле қылдың сен?

„Там басына жалаў қыстырдық“, деп еди, нәрсе бийхабар кейўаны:

— Жалаў қыстырып, бул бир, сақана ма! Ҳәзир алып тасла, басқа лақабымыз да аз емес! — дегенде: „Жа-ақ, сақанаға ақ жалаў қыстырылады, биз, жалаў қыстырдық, қызылынан... Көрмепсен-аў, ақ ем-ес, жа-ақ,—деп малақайының қулағын жалпылдатты:—Жалаў жыққан жуўапқа тартылады, ҳаўўа!“...

— Ата, пылақ қыстырыпсыз,—Исимет келди, изинде Гүлзийра. — Әне, жаңа колхозға усады! — деп еди, ингендей қайысып, изин анасы алды:

— Ҳүкүметте көптидағы! Журт пулына таппай жүрген түрмени қақ бөлипти-аў, шеше, көрсең ишиң жаныпсала береди! — Созанай шабазына қараса, көзи жән-жаққа дөңгеленип, сирә тик бақбайды. Ҳаял өрре турып, жүклерди аўдарып таслап, қаршынды ғурық таўықтай пешелей берди. Шундыйдың бүрге „бүркип“ кеткен бөз дамбаллары, дөңгелек жаға көйлеклери изли-изинен пәтиктен қайтып, гәси дәстүрханға, гәси Шундыйдың басына жалпылдап түсип, истиң насырға шаба жағын сезген Гүлзийра: „отын пуштарлайыншы“, деп, үйди тәрк еттидағы, негедур, Исиметтиң муғаллимлик жумысы тап усы мәҳәли шығып, кетти. Шундый, айыплыдай;

— Бир бийәрман келиншексеңдағы, Созанай жолдас,—деди уяң.—Сениң түрмене шекем туў болып тигилип атыр! „Хожа хорлығын“ тезирек көрсетсең, жумысыма кете қояр едим,— деўи мәтдал, жуп жағасын

жуплаған қол тықыр геллесиндеги өзине кең гөне малақайды тайғанатып жулқыды. Шундый ҳаялының қолын қағып жиберип, жағасын дүзестирип, пысынады:

— Маңлайы қатты, қой дегенде, шундыйтип, қой, ақыры! Билдик, қолың қарыўлы екен. Бул қазыў жеңил, Қаттыағардың қазыўына жибериў керек, — деди сурланып:—Сени жигитлер тек мениң кеўилиме қарап қойыпты-аў, Сибирге жиберетуғын еди сендей душпанды. Сен дүньяхор, „тек өзим болсам“, деп ҳүкиметтики болса да үйиңе тартатуғын душпансаң! Шу пейилиң болса, журт кәммуназимге кеткенде, журтта қаласаң! Журт таслдмаса да, олла, өзим таслап кетемен, ҳаўўа!

— Ўай-ўай-ўай, — деп тисленип, бир жудырығына бир жудырығын урды Созанай: — Я сен саў емессең, я сен жинли емессен, ислеп жүргениң мудамы журттың пайдасы...

— Хүкүметтиң пайдасы де, маңлайы қатты!

— Масылдай егип, Қурбанның да бала-шағасын әкелип отырғаның мынаў! Ол да аздай муғаллимди тағы әкелип қойыпсаң. Мен жүремен түни менен, кепшигим қолымда! Сен жүресең журттың уйықлаған қудығы бар ма, жолдың гедир-будыры бар ма, көзиң тинтинип! Журттың отын көмегине кетип берагырған ким, Шундый. Дүзде туўып қалған биреўдиң бузаўын үйине апараман деп, шуўға былғанып келип жүрген ким, Шундый. Биреўдиң жүўери орағында көмекте жүрген ким, Шундый! Сирә сениң мына,—басын түртти:—басыңдағы мий ме, я быламық па! Соннан саған түсетуғын бир тыйын пайда бар ма! Өзиңдей журтлар келип жумсап, ақлық сүйип отыр. Сениң жалғыз балаң жүр, путын қамшылап! Сирә, бир намысың келмей ме! Журт қатары қалтаңа түсетуғын талапты ислеп, питегене былай бир нәрсе аўыстырар десем, қайта үйдегини, мениң мына тисиме урып,— өзиниң аўызына өзи былш еттирди:—жыйнап жүргенимди ҳарамға шығарып отырғаның болса, мынаў! Сирә, усы жүристен өлип кетсең, кепинлик те нәрсең жоқ-ғо! Үйдеги шыт-шыбыр дегеннен бир ғана ийге тартар нәрсең—жалғыз түрме еди... Ўай-ўай-ўаййй... Бар, алып кел, бөлинсе, бириктирип тигип қояман!...

— Әй, яқ, қатын, мен қорқаман ҳүкүметтиң байрағын жығыўға.

— Саған ҳүкүўмет байрақ тигегөр деп пе! Баслықлығыңнан да шығарып таслапты, өйтип, сен кимсең! Байрақ тиккендей?!

— Ҳүкүметпен. Сонлықтан ҳәм өзим тиктим, маңлайы қатты-ы!

— Өзиң тиксең, өзиң алып кел, тур де-ймен саған!

— Мынаў абайды сирә пышықтың абайы шелли көрер емес, Шундый белбеўлерин шешип, ен жайыңқырап отырды. Кейўаны әри-бери тепсеп, „алмасаң, терис ал, өзим аламан, мешиттегини де жулып аламан!“ деп ийнинен биреў тартын атырғандай жулқынып сыртқа шығып кетти.

Шундыйдын кеўили тоқ еди, зәңгини быйыллыққа таба алмайтуғын етип тыққандағы, ақыры! „Көзине көринсем бул маңлайы қатты, қыза береди. Өзи-ақ басылар!“ деп, иште саққа жүгинип отырды.

Егерде зәңги табылғандай болса, қарсы алдындағы дийўал тақырлаўы, тамның басы дүсирлеўи керек. Қулақ түрип, сабыр әйледи. Лийкин, Шундый сүйеги жеңил, қарап отыра алмайтуғын, бийсабыр адам еди. Бир қараса, есиктиң аўызына барып қалған екен, өзин зорға тоқтатып алды. Әйне усы мәҳәлде төртинши пақсаның тусы дигирлеп, зәңгиниң сүйелип атырғаны билинип қалды. „Бул, маңлайы қатты, зәңгини тез таптығо!“ деп сыртқа жуўырды. Басқа зәңги екен. Мәдияр дәў өзиниң тайлақтын аяғындай үзын сатанларына шақлап соқтырған нәҳән лаңғар зәңги демниң арасында алып келинип, дийўалға „ийегин“ сүйеп үлгерипти. Көтерип келгенине ҳәйран қалды Шундый. Зәңгинин сүйеги аўыр, өреси узын болғаны менен, тис пенен тистиң арасы қулашқа шамалас, кең, буннан Созанай түўе, аўылдын басқа адамлары да өрмелей алмас еди. „Мал ашыўы, жан ашыўы“ менен тырбаңлап атыр кейўаны. Екинши тисине минипти, бул, төрт пақсалы бәлент жайдың жары ортасы демекдур, лийкин, үшинши тиске көтера жақ аяқлары қалт-қалт егеди. Буны көрген Шундый ғайрытәбийий ҳалда зәңгиге бир жабысыўға жабысты, лийкин, „душпаны“ болса ҳәм, қостарын жақсы көретуғын еди, қолын тартып алып:

— „Түс, маңлайы қатты! Усыннан жығылсаң батбақтай шашырайсаң-ғо, түссең бойма!“—Жар басында ойнақлаған ылағының жығылыўынан қаўетерленген ешки

усындай налынышлы, жалынышлы сес пенен маңырайтуғын еди.

Лийкин, кейўаны өршеленип, ырғыўын даўам етсе де керилген аяғын үшинши тиске жеткизе алмас, қасаң геўиш те түсип қалған, тиске бас бармақ иледи де қайта береди. Етеги желқомдай қомланған. Өлсе де алып түсе жақ, батырлар туў тигиўге үсейтип талпынар болар.

— Мейлиң,—деди кемпириниң анық алалмасын билген соң.—Алсаң, қамаласаң, ҳа-а, Сайымбет шундый деди!—Сөйтти де изине қарап-қарап Мәдиярдикине кетип қалды.

Мектептен қайтқан Исимет үйге жақынлағанда: „Ҳә, Шундый атың қалғырр, қайда кеттин, өлдим-ғо, ҳүйй“... деген әжеп тәўир шыңғырықты еситти. Келсе, биреў дарға асып кеткендей, еле жаны шықпай атырғандай аяқлары гә салбырап, гә баўырына тартылып, болып-өтип атыр. Дененеси де, кир-кир тақыясы да басынан түсип, шашлары дуўдарланған. Бала келиниң үстине минип, өлдим азарда көтерип алды да: „Пай, шешеай, Мәдияр ағаның бийиклигине шығыў ушын сеникиндей кең алым қайда! — деди. — Ақсақал ағам да, Саекең де буннан көтериле алмайды, өссек, өзимиз ,.“

## 19

Кешки жарманың үстинде кемпириниң бетин берман қаратқан Шундый:

— Уйқым жәлки ме саған, таңнан оят! Райкомға, ГПУ ға кетемен!—деди.

— Яқшы, қазыўына бар, мен бармайман! ГПУ да писирип қойып па!. . .

— ГПУға бараман да милийсе әкелип қаматаман сени! Назарбайды да қаматаман! Ҳүкүўметтиң туўын жыға жақсаң-ә, шуныңды жасырсам, қылмыс шерик боламан саған, маңлайы қатты, ҳә, шундый!—Исиметтиң де, Гүлзийраның да бүйреклерин бүлкилдетип күлдирди, ҳаялы еринин „пылт“ егтирип турди.—Көресең-го, қаматпағанды!—Өзим жоқта байрақты жыға ма, деген гүман менен нықлады шундый. Исимет қарап отырмай, тырнап сорады:

— Назекенди неге қамайды, қазыўын Базекең қазып жүр дүрсилдегип?

— Неге машайт етеди! Маңлайы қатты, Жолдасқа жел берип жүрген де сол.—деди шыны менен-ақ болжаўын айтып. Соң: „ерте турамыз, жатың“ деп, зобаланды салып, Созанай менен Гүлзийра қазан табағын зорға жууўып қалды.

Еки кейўаны төсегинде кәлийма қайтарып, гүбирленип атырғанда бул да ишинен ертең Сапаровқа сайрайжақларын сайбағыслап атыр еди.

Күни менен мықшыйып бел тепкенлердиң қурылдысы ошақ басын ләрзеге келтирип атырса да бунық кирпиги айқаспады. Сондай бир уйқыны ҳәўес еткен сайын уйқысы ашылып, сырттағы қара таллардын самал менен шайқалған сытырлысы да, пәтиктеги тышқанның тықырлысы да „машайт“ етти.

Көзи илинди ме, анық билмейди, кеўилине әлем рәўшан болып кеткендей өрре турды да ҳәз етип уйқылап атырғанларды оятыўға көзи қыймады ма, қарапқарап, тысқа шықты. Таўықлар ҳәйўандағы дар ағаштан томпа түсип, былай-былай шекелесип қарасып, өрип баратырған екен. Әлем рәўшан болмағаны менен ала көлеңке болыпты. „Бүгин қосты баслайтуғын шығар, өгизди тойдырып қояйын“, деген ой кешти де кешеги зәңгисин қойған жеринен алып, тамға сүйеди. Тып-тып басып төбеге шығып еди, салқын леп жыллы көрпеден шыққан денесин сыйырдай жалап, бойын бурынғыдан да сергитип жиберди. Кеўили толған исине машқы етиў—үйленбесинен бурынғы әдети. Таң самаллары менен сууўсылдаған жипек байраққа дүгисе жақ қошқардай шегинип барып, ўәкилдей бүйирин таянды да қызыға қарап, селдир сақалын сыйпады. Сөйтип, ғыррықланған боян гүдиге жаңа еңкейе бергени, қолының астынан „бығыйық!“.,. деген сес шығып, түршиктиргени соншелли, музлы суў серпкендей ентигип, түги қалмай шаншылды. Анадайда зытып баратырған еки пышықтың изинен қарап, кеш болса да: „өлим-әй, шундый-әм қорқыта ма!“. . . деп қалды.

Боянын таслап, „зиңк-зиңк“ зәңгиден түсип киятырғанда Шундыйдың кеўили шарқыпәлек еди: „Яр кетемен дийдиңәй, Кетесиңе коймыйман-әй!“. . . деген қосығын қайта-қайта ыңылдаўына себеп: артын билмейди. Зоводтың усыны айтып ойнайтуғын рабочийин басбашы атып, қосықтың изин үйрене алмай қалды. Негедур, есине сол жорасы, Төрткул түсти.

Еки қолтығында боян, кеўилинде қосық, пәл-пәллеп қораға кирсе. . . „Ҳаҳ! — Аңырайды да қалды. — Өгиз жоқ-ғо! Назарбайдан алған өгиз... Пах-пах, ҳарам қатпағыр, босанып кеткен-аў! — Артына қарады. — Адамдай, ергенекти ашыўын қара, ҳа!. . .“

Бар өгизге от салды, „гөрге кете ме, жүрген шығар“, деп, оның ақырына да боян таслады. Соң, пуўы шығып атырған жапаға қараса, еле қағанағы да жарылмапты. „Шуннан зәрре бурын кеткен, қосқа қосылғыр!“ деп, жуўырып сыртқа шықты. Бели умытылып қалыпты, ҳәйўанның мүйешинен сүйрей шықты. Төрткүлден берги Созанайдан соңғы жолдасы — усы бел. Бир орысқа шыңлатып, намбар бел етип соқтырған бели бул әтирапта тиймеген жол, соқпаған көпир, қазбаған қазыў қалдырмай, егеле-егеле енди кепше белге айналса да ийесине жүдә қәдирли. Түнемелигине ийтген, күндизине ирәҳәттен қорғайды. Ирәҳәттен қорғаганы сол — гедир-будыр жол, ойық көпир көрсе Шундыйдың тутанағы бар, оңламай өтпейди.

Ийттен өлердей қорқатуғын Шундыйды тамаша ушын-ақ ийти ең көп аўылға жумсар болса белин басып алып, таяқ услатады. Өйтпесе, Шундый айтқан аўыл өли шыққан соң пәтияға келе береди.

Бул күнде ислер көп, басҳа-бас, бузық жерди көрсе де, оңлайын десе, асығыс, оңламайын десе, ески жол хызметиниң ислиси, көзи қыймайды. Шом буўып кетеди. „Айланып келип ислермен“ дейди, оның менен қолы тийип атыр ма, жол-соқпақтың бойлары қустың уясындай шомға да толып кетипти. Ҳәзир де шом буўып баратыр, из қуўып баратыр. Из туўры күн шығарға тартты, „Тасмаңлайдикине қашқан“ деген үмити де пуш шықты.

Тәўир-ақ жүрген соң из дым жаман жолға түсти. Әри-бери шом буўып ушлығына шыға алмаған ол: „Бизиң минезди ҳөккизге шелли билгенине ҳайранман, оңлар, ҳаўўа!. . .“ деп, шомын да буўмасган асықты.

Тутанақлы кесел „оңлар, ҳаўўа“ нды не қылсын! Туўбайдың көпиринде тутты да қалды. Өгиз ойылған тақыядай тесик барлық ғалмағалды умыттырып, Шундыйды әтирапында ийримдей айналдырды-ә! „Набада дегершик түссе арба аўдарлады-аў, көпирдиң ширик жерин түртип көрсеткенин қара, жәниўар!“ деп жүрип, бир пәттеден ғаўлаў шеңгел әкелип басты.

Қулыперени шығып, қара ширик араласқан тынбаның саз ылайын томп-томп шыңғыта берди.

„Әй, енди болар-аў, буннан көби аўырлық етер", деп, тырбанып сыртқа шықты. Ылайды жайғанда да муқыятлап жайды Соң зикир салған порхандай, ойыққа басылған ылайдың үстинде ырғый берди. Бунын өзи, малақайының бир қулағы қамыстың сынған жапырағындай майысып, бир қулағы тикирейип туратуғын адам еди. Селкилдиге шыдамай, малақайдың тикирейип туратуғын қулағы да жалпылдап, Шундыйдың басында жапалақ қанат қағып атырғанға усады. „Күн не ўақлар болды екен?" деп, шығысқа қарады. Қараса, анаў шығып киятырған қуяштың шуғласына шоласып, тап бир, жалынды жарып шыққандай еки атлы шығып киятыр. „Тамаша!" деп таңланды Шундый. — Тап бир, қуяшты енсесине қондырып, аўылға әкиятырғандай екен!.." Сулуўлыққа буншелли сүйсиниў сезими жасында бола берегуғын едидағы, қырықтан асқан соң қалып еди. „Апырмай, көзиме ме!" деп, қолын көлегейлеп қараса, алдында биреў қара мал жетеп қиятырғандай ма, қалай-қалай! Сонда барып, өзиниң өгиз қуўып жүргени есине түсти, деген менен, бир жумысқа асығып, екинши жумысты шала қалдырып кетиў Шундыйдың тәбиятына жат. Солай да болса, шерим етиктиң өкшеси бурынғыға қарағанда гә ылайға, гә тирсекке жылдам-жылдам тийип турды.

Соның арасынша ара қуўырылып, қара жақынлады. Еки етиги тепкен жеринде турып қалдыдағы, еки көзи бирден өгиз жетелеген Назарбайға шүңирейди. Тисиниң кетигин үңирейтип, күлди, соң, жойтылған ойыншығын тапқан баладай қуўанып:

— Ҳә, шундыйтип бир пайдалы ис ет, ақыры! — деди ыразы кейипте. — Мудамы тышқандай иниңе тарта бересең, үйиңе дегеним-ғо, маңлайы қатты, ашыўланып жүрме тағы! Шундыйтип, жойтылған өгизин тутып, колхоздың өзине де тартып тур, ахыры! Алдыңнан шыға қойыпсаңдағы!

Назарбай изиндегилерге өзиниң усы дәлийлли таўып айта алмағанына тырнағына шекем күйинди. „Сөйткенимде ғой, бәле жоқ еди ә!"

Еки атлы Шундыйдың гәпине мыйық тартып күлисти. Атлының орысы:

— Ассалаўма әлейкүм, атай, өгиз излеп шығыппеди-

ңиз, я жол жөнлеўге шықтыңыз ба? — деп еди, көсенамай, сарысынлысы:—Бул яшуллы екеўинәм бежериўғе шыққан-ғо,—деди. Қудайберген ийегин шошайтып:

— Мына бала дурыс айтты, — деп мақуллады. — Екеўин де бежеремиз. Ал, сизлер өтип кете бериң, — деди ҳәм көпирден тайсалыңқырап, жол берди.

— Жүре берин, биз де сол аўылға барамыз. Бирақ, өкшелесип жүремиз. . .

— Ҳәә, жүре қойың,—деп шулғынлы Шундый ҳәм жетектеги өгиздиң изинен „шүў-шүў“ леди:—Ултанына кийиз шандып, бу не, маңлайы қатты-аў!

— Ултаны түсип қалды, Шундый ага,—дейди, муңлы, уяң. Орыс жигит:

— „Изим билинбесин“ деген, опытный,—деп атыр. Сонда да түсинбей:

— Ҳаў,—деди Шундый.—Кеше еди-ғо мыйық қағып бергеним! Өзиң де болдырып қапсаң, маңлайы қатты,—деп аяды.—Бүйтип пияда жүргенше мыналардың биреўине неге мингеспедиң, сөйтип, бул қашағанды солқылдатып неге куўмадың! Шуған да ақылың жетиспеди ме, мингес еле де!. . .

— Пай-пай, аға деймен-аў!—Күйди Назарбай. Бир нәрсе жаңа есине түскендей, Қудайберген белди Назарбайға услатты да ҳәммени еглеп:

— Алла, бәрәкәллә!—деди.—Мениң Шымбайға тартыўым керек. Халқабадтың жары жолынан кейин қайтпай-ақ қояйын, Назарбай, сен ҳөккизди орнына байла, бүгин ТОЗ шылар жазлық егеди, қосқа қосар. Ал, жигитлер,—деп, көсенамайға қарады:—Қашып кетти, демец, үй шул аўылда. Ертип апар, Назеке, түсленип өтер. Сайымбетлер райкомға жумсады, бармасам, шатақ..

— Мына киси райкомнан, айта бериң,—деди орыс бир көзин қысып қойып.

— Сен, бала, маған өйтип, көз қысып, қыйтырланба!—Шундый шаплықты.—„Райкомнан“ „Исполкомнанман“ деп силени қатырып атыр-ғо!. . .

— Қайтип қатырады!—Орыс ықласланды.—Қатырғаны қалай, қайтип?!

— Қайтип қатырсын! Бир колхозласайын деп атырғанымызда исполкомнан шабарман келип, хатлаўды иркип кетти, манлайы қатты! Кеше биреў: „колхозсоюзбан“ деп келип, атлатты ала жипген, дүзди кол-

хозды, маңлайы қатты, қәге дүзипти! Сайымбет бузып, таслап: „Сапаровтан сорап қайт“ деген соң, бүгин кетпекши едим, мынаў ҳөккиздиң ҳәлекшилиги! . .

— Сапаровлық исиңиз ҳәм питер бул кисиден, айта, бериң. . .

— Әй, яқ, иним, бизиң аўыз пискен. Со, Сапаровтың өзине жолығаман. Пияда деп аямай-ақ қойы-ың Халқабадтан түсленемендағы, атыңнан тез жетемен Шымбай не, мынаў тур! Төрткүлден тартқан Шундый бул, пияда, ал, яқшы,—деп жолға түсе бергенде: „Тоқтан, Шундый аға,—деп егледи.—Сапаров мен боламан. . . А-а мынаў—жолдас Федотов, райГПУ, ыра-ас...“

— Эй, яғә!—Кетигин үңирейтип күлди Шундый.— Әй, яғә, ойнамаң өйтип!. . .

— Төрткүлдеги 18-жылдың 24-декабри есиңизде шығар, ҳә!. .

— Атымды умытсам да оны умытаман ба! Горком ашылды. Байрақ тиктик өзимиз! Сонда сен қайда един, Сапаруп! — „Солдат едим, — деди жигит.—Муздай мыйықларды ерининизге қымып, зәңгиден өрмелеп баратырғаныныз еле көзимниң алдында-а, Шундый аға!“. . . „Ха, зийрек екенсең“, деди Шундый.

— Сонда „Қудайберген“ деп еди-ғо атыңды,—деди бирден сенсиреп. —Я қылмыс жасап, қашып жүрмисең, неге „Шундый“ ға өзгерттиң, а?. . .

— Ҳеш ким айтпаса мен не қылайын, ә, бизге болабереди-әм, „Шундыйы“ не, „Бундыйы“ не! Тарт, Назарбай, салдаўды!. . .—Жолаўшылар мыйық тартысып ерди. Назекеңде күлгендей ҳал жоқ: „кеше әкетсем боладығо, тап усылар келетуғын күни алдына—„Орыс жол“ ға қарап қашарман ба!. . . Райком менен ГПУ ға ғана туғыларман ба, сирә, домзақтан тататуғын дуз бар шығар, еми жоқ бунын, еми жо-оқ!...“ Сарсылыўын Шундый бөлди:

— Сен, усы, маңлайы қатты, етиктиң сыртынан кийиз орап.., Аптаста деймен, уятын билсең бойма, маңлайы қытты!... —Назарбайдың: „сөйтейин бе“ дегендей сораўлы, жанылышлы нәзерин тиккен орысы қатал буйырды:

— Жү-үр, жүрр! Артыңа қараўға ҳаққын жоқ, таўланып қарайсан-ә!...

— Ҳә-ҳә,—сезикленди Шундый:— Бу не гәп! Қәне, маңлайы қатты, тик қара бери! Тик қара дейме-ен!...

Неге көзиң уры ийттиң көзиндей дөңгелейди жән-жаққа!.. Ақымақ, шу бел билен шеккеңе алдырып жиберейин бе!—Қолынан бас жипти жулып алды:—Бер бери, қолыңның суғы жуғады! Айттым саған—ҳәр қашан қулқыныңнан өлесең! Баўырға түйилдиң, бунда гөр аўызынан қайтардым, гөш урлап гөрге түсип баратырғанында тағы тартып қалдым, ҳа, бул колхоздикиғо енди, ақыры!—Жүрип сөйлеп баратыр. Енди ҳеш ким менен иси болған жоқ, урыға ашыўлы, белин қағып салып, өгизин жетеп, көпшиликтиң алдында томпылдап тартып отырды. Соннан, қорасының түбинде тилге келди:

— Түсе бериң, жигитлер, бизиң үй усы.

— О-ҳо, басында байрағы да бар екен,—деп аттан түсти секретарь.—Кимниң тапқаны бул!?

— Сайымбеттин-дә,—деди Шундый, соң тағы жини Назарбайға түсти:—Адам болармекен деп едим, яқ,—басын шайқады:—Мен сеннен түңилдим, Назарбай!—Назарбай биледи, жаны кимниң қолында турғанын, секретарьға жуўырмаса да Федотовтын атын жылаўлап еди:

— Сен тек уры емес екенсең, подхалим де екенсең, жағымпаз дегениң ғой, кет ары, өзим байлайман!—деп жиберди, соң жаў-жарағын сатыр-сутыр еттирип, аттан түсти:—Биринши гезекте, Қудайберген жолдас, урыны қамағандай, жай таярлайсаң. Аўызында қулпы болсын.

— Әжеп-әжеп. Бирақ, аз ғана еглене турың, мен бир, үйди тәртипке келтирип алайын, — деп ишке жуўырды.

Үйдиң иши жақында жағылған самтықтың қыйқымынан жайрап атыр.

Қонақ келсе „кеткенше қабақ шытпасын“ деп, ҳаялына жағымпазлық ететуғын әдети бар:

— Кемпир,—деди хошмәмиле ғана жайпаўсып:—Бул не түтин?—Күлип турғанын көрсетиў ушын думанның арасынан сығалағандай етип, ҳаялына сығаланды. Кейуаны жеделленип жуўап берди:

—Ийеси бийдәўлет үйдиң түтини усы!—Қолында қасық, алдында керсен, жулқынып торақ езиў менен бола берди:—Күнде биреўдиң пешин салып жүрсең де өзиңниң пешиңди салыўға ўақтың жоқ сен бийдәўлеттиң! Тағы маған: „бул не түтин!“ деўин қара, тап усы

үйдиң қабырғасы қайысқан ийесиндей, түүе! — Мына гәплер Қудайберген шундыйдың қулағының қалқанын жалап өткени менен, уңғысына кирип атырған жоқ, көзин шыптаның үстине шекем шашылған самтыққа жуўыртты да:

— Сен бул талабыңды қой, — деп буйырды қостарына.—Түрге, қаладан адамлар келди. Төриңди төсестир. Айттымғо, саған, „ГПУ дан милийса әкелип, қаматаман“ деп. Ҳәзир Назарбайды қамайды, соң, сени...

Кейўаны еринин „пылт“ еттирип түрди де жумысын даўам ете берди. Ашыў менен:

— Журттың азанғы жармасын да ишкизбестен сүзип кире беретуғын не қылған сайгелдилер ол! — дегенди қаттылаў айтып жибергени, „еситип қоймады ма“ деп, жаны қалмаған Шундый:

— Болсаң-ә! — деди күйинип. — Төриңди төсестир деймен. . .

— Төриң бармеди, өзи! . .

— Неге мәшшийип қарай бересең, бол деймен! — деди кемпирин қорқыта алатуғын адамдай. Соң, түтинге туншығып жүрип, пештиң басынан қарманып, дәнхананың гилтин алды да бир атлап, ҳәйўанға шықты.

Дәнхана атанғаны менен, гөне шарық, айран атлаў, аўысық сандық-пандық, қабақ-пабақ, тағы сондай патты-сатты тасланып, тышқан тиймеўи ушын жипке дизилип, пәтигине туқымлық бой жүўериниң баслары қыстырылған өжирениң қулыпына гилитти суғып атырып:

— Тап бир, ат басындай алтыны бардай, кулып урып қояды-ә! — деп гүбирленди Шундый. Ашыўлы кемпир, „түтин шықсын“ деп, есигине гөне геўишин тиреп қойған қапыны сарт еттирип жаўып таслады. Сөйтпегенде, кисисиниң Назарбайды қалай айдап әкелип қамағанын, кулыпты урып болып, тартып-тартып көрип атырғанын қайнақай көрип қалатуғын еди. Шундый диңкилдеп келип:

— Кеше „ГПУ ды шақыртаман“ десем, ерниңди пылтыйтып едиң, қәне әкелмегеним! — деди ҳәм изиндеги Федотовқа көзин қысып: — Мине, сол айтқан душпан. Ҳүкүўметтиң туўын жыға жақ болып жүр...

— Та-ак, Қудайберген жолдас! — деген сеске сипсени басып-басып шаңғытып атырған Созанай басын

көтерип қараса, муздай қарыў қурсанған, шәпегинен баслап, түжүрке, шалбар, етик, қулласы аяғына шекем қара курымнан кийип алып, қайыс пенен омыраўын аршынлап таслаған, көзи дуздай орыс тур қарсы алдында! Арғы жағынан да биреў мойынын созып киятыр. Кемпирдиң дизелери уйып баратырғандай сезилди.—Та-ак,—деди орыс тағы.—„Жолдас“ деўге болмайды-аў, усы гражданка екен ғой, айтып жүргениң, та-ак, иләжын табамыз...—Созанай шешей төрин өрлиғурлы жайғастырып жүрип сөйледи:

— Өйппей, шырағым, бул ойнап айта береди...

— Мен саясат пенен ойнамайман,—деди Шундый.— Ол ойыншық емес!

— Аўызыңа қарап сөйлесең-ә, алжыған!—деп бақырды шешей даўысы тарғылланып.—Журт исенип жүрер...

— Та-ак, сиз еле бизиң большевиклеримизди „алжыған адамлар“ деп жүрген екенсиз ғой, бул гәпиңиз де есапта болады...

— Сиз оны айтасыз, кеше бууўып өлтире жазлады...

— Большевиклерди бууўып өлтирмекши болғанларды биз аттырамыз,—деди орыстың артындағы көсенамай.

— Ал, төрлей қойың, шырақларым, бул бир, өтирикши адам.

— Большевикти „өтирикши“ дегенге биз исенбеймиз...

— Ҳүкиметтиң туўын жықпақшы болды дегени, өтирик пе?

— Өтирик емей не! — деди Созанай албырап.—Келиниме нийетлеп қойған түрмемди өз қолымнан бердим, ҳаў, айтөссе, мусылман-аў!

— Жақ,—Шундый басын шайқады.—Мен большевикпен, өтирикти мусылманың айта қойсын, — деди де диңк етип, төрге өтип, ақшам жуўылғаннан соң, жипке керилип, еле пөпекли ышқыры салбырап турған дамбалын жулып кемпирдиң алына шуўмақлап зыңғытты.—Ал, төрлең, яшуллылар...

Қонақлар қостаңласып, төрге өтти. Созанай бул жерден ебин таўып, тайсалғанша асығып, көзин жыпылықлатып, ғаррысына:

— Мен қазыўға барып, Гүлзийра келинди жибере

қояйын, питегене, маған қарағанда устап-тутқаны да таза,—деп еди, ғарры бийпәруа:

— Мен билмеймен, ендиги еркиң бул кисилерде,— деди орысқа ийеги менен ишарат етип. Жамбасындағы бауырдай наганын дүзестирип...

— Жақ,—деди ол да.—Бул қашып кетеди. Оннан соң, из қууатуғын қасқыр ийт алдырыу керек. Шымбайдан. Атыңыз ким еди?... Созанай! Та-ак, Мәдияр қайда?

— Күн шыға үйдеги өгизди алып кетти. . . —деди шешей бөлип-бөлип:—Мынаны сорады. „Райкомға кетти ме" деп еди, „жоқ-ғо, кеткен шығар", дедик. Гүнде-мойынтырықларды ҳәм алып кетти... „Уақым жерге" жазлық екпекши екен...

— Сен соны мында алып кел, Қудайберген аға,— деди Сапаров.— Ақсақал, партячейка, бәрин шақыртсын . .

— Әжеп,—деп аржағын айттырмай, орынынан турып атыр еди, шешей:

— Сен онда бир жанлық та тауып кел, гилең төредей жигитлер екен—ғо!—деп еди, Федотов:

— Сен, Созанай шеше, ондай подхалимлигиңди қой...

— Өйдеген не, шырағым-ау, . .

— Жағымпазлығыңды деп атырман, қой, ондайды, давай, анау жарманнан қуй! Торақты ашшы сал. . .

— „Енди орысшасыз болмайсаң, — деп қойды шығып баратырып Қудайберген шундый:—Бүгин де бир орысша үйрендик, „падхалиймлик" деген—„жағымпазлық" деген екен. Жол-жөнекей „уақым жерге" зинкилдеп баратырып, үйренген орысшаларын бармақ бүгип санай баслады: „Пажалыста, шортсным, так, . . . тағы не еди, падхалимлик, дабай, сатсализим, кәммунәзим, бул енди. қарақалпақша болып кетти, есап емес, тырақтыр, калхоз, бул да сондай .. Бес орысша үйрениппендағы, тағы он бесин үйренип қалсам, мыналар кеткенше. . ."

Арадан көп уақыт өткен жоқ, тағы босағадан атлады.

— Ҳау, тез келдиң-ғо,—деди Сапаров. — Жақынбеди?

— Жақ,—деди ғарры.—Белим умытылып қалыпты. „Белин алып кететуғын шығар" десе, жайласып отырып атырыпты.

— Хаў, шақырып келмейсең бе?

— Мәдияр ҳәзир келеди. Қунназар ақсақал менен Сайымбетке адам жибериўге қалды...

Арадан бир чайнек чай ишим ўақыт өтер-өтпестен Мәдияр келди де „Ўақым жерге“ қос салғанын айтып-ақ үлгерди, соң, „қудайдың“ көп тапсырмасын алып, бир өкшеден айналып, шығып кетти.

Ҳәмме пир тутып жүрген, ҳәтте „Дәў баланы“ бир өкшеден айналдырған нәҳәнлерге жанлықтың болмағанына қысынып, Созанай шешейдиң берекети қашып: „тапсаң бойма, қонақ деген айта береди“, деди тағы Шундыйға. Шундый бул гәпти Сапаровқа жеткерип еди:

— Басшының пухарасынан артық „отлаўға“ ҳақысы жоқ, оннан артық ләззетте жасаўға да ҳақысы жоқ,— деп қайтарып таслады. Гәпиниң қаттыға кеткенин сезип, изин жумсартты:— Ҳәзир, аға, пухара мезгилине мал жейгуғын ҳалға жеткен жоқ. Жақ, сондай ҳалға жеткен болсаңыз соя қойың. Пәкизе, қалай күнелтип атырсыз, не ишип-жеп жүрсиз, биз де соны көрип кетейик. Ел аралағандағы мақсетимиз — пухараның аўҳалын көрип билмек. Аш болса да мал сойып, „биз усылай жасап атырмыз“, деген адам, бизди алдаған болады. Бунының сол жағы жаман,—десе де тыңламай, Шундый даладан таўық қуўалап кетти.

Созанай таўықты жулқынып жулып атырғанда атлылар келип қалды.

— Бай-бай, келин, — деди сыбырланып Қунназар ақсақал.—Буныңыз болмайдығо, Сапароп та келипти...

— Малға урықсатты өзиң алып бер, қайнаға, қонақлар қылмай атыр,—деп жалынды ақ көкирек, сада ҳаял. Өзиниң де үстинен ис қозғайжағын айтып шағынайын, жалынайын деп турдыдағы, тағы: ис оншелли насырға шаппас-аў, өйтип баратырса айтпай-ақ биледиғо ақсақал қайнаға“, деп айтпай қалды. Мәдияры, Сайымбети, ҳәккелеги, шундыйы, келгенлер менен төрт көз түўелленип, аман-есенлик сорасылып, ҳәр ким жасына, дәрежесине қарай орынлы-орынына жайғасқаннан кейин: „Бир мал ҳақыңыз бар, Қудайберген жанды қысындырмасақ, қайтеди“, деп еди ақсақал, Сапаров бағанағы гәпти айтты да: „ел ағасысыз, мен ҳәзир қой жеп кетсем, сизлер ерген түйе жейсиз“ дегенди айтпаса да айтылғанлардың даўыс толқыны, сөз ырғақла-

рынан, көз қарасларынан аңлатып: „Жанлық көп пе?— деди тәмбилеп: — Шымбайға тартың, жегимлер үйин аша жақпыз!...“ Ақсақал түсиникли етип, күлди.

Дәстүрханға барын төгип болып, гилитти сорады Созанай. Алды.

Кеўили май сөк, қақ ийжан ислеў ойы менен бәнт, дәнхананың есигин ашып жиберсе ишинде „қырманның Қызырындай“ одағайлап биреў жүр, тилине зибан да келмей жақлаўға сүйенип, қақшыйды да қалды. Көз алдына булдырап-булдырап Назарбайдың келбети келатыр: „Өйппей, жин-жыпырдың қатинек бала болып турғанын қара!..“ Ойы усы. Сабағынан алжасып-алжасып гүбирлене бергени, қораздай ғоқғоқлап күлгенинде урының аўызындағы шала шайналған гешир сап-сары болып, көринип турды.

Көкирегине түпирип, өзине келе баслаған кейўаны: „к-ким қаматты?!“ —деп, даўысын тарғыллады. Кисисинин кешеги: „ГПУ дан адам әкелип, әдеп Назарбайды, соң сени қаматаман“ дегени санасына жазылып қалған екен, патефон болып шертилди де босасып сала берди.

— Ким қаматсын,—уры жағын жайылымынан жыйып алды.—Сениң ийманы ийт сийгектей болғырың-дә! Ҳүкимет десе, әкесин қаматады бу, ҳимм...

— Ҳимм, түсиндим,—кейўаны да мурынынан ҳимилдеди. Көкиреги алағада болып: „түркпен арасына қашсамбекен“ деп те турды. „Жақ, домзақған дуз тартса, қашып болмайды!“—Шата-ақ, қатинек қәйиним, шатақ!...

Қалдаўрап барып, қақпағы сынық сабаяқтың алдына шөкке түсти де гөне шанаштағы: „оразада жермен“ деп нийетлеген сөгин алды. Соң, бөзге орап, тышқан тиймеслик ушын бәленттеги қақ жыңғыл қазыққа қыстырып қойған қағына созылды Созанай. Назарбай қуры геширди жамбасқа сүртип „ура“ бергенше усыны көрмеген сәтсиз уры екенлигине өкинди. Созанай муңласы Назарбайдың мәшireң көзлерине аяныш пенен телмирди де қақтың билектей өриминен бир талын жаздырып зыңғытты. Қараса, уры, ийттей қақшып алып-ғабыр-ғубыр аўызына басып атыр.

„Усындайыннан сақла!...“ Қара бастың гүдиги, сөкти қалай уўғанын да билмейди. Әллен уақытта бир керсен май сөкти, алдына қояйын деп келсе, мәслаҳат қызып атырған екен. Шундый бирден;

— Илдиң бе қапыны?! — деди шонтаң етип. — Назарбай қашса. жақты дүнья жоқ саған! Қашыр шуннан... — Созанай ҳаўлығып есиктен жулқынғанда гилт таққан жемелиги де жулқынып шықты. „Назарбайы не, қашқаны қалай!“ деп, едирейип сорады Қунназар ақсақал.

„Қашшан қашқан шығыр!“ — гүманы етин түршиктирип, есикти ашса, Назарбай сабаяқтағы шобытларды сары қораздай қайтадан пешелеп атыр.

Созанай созылып қарады да ҳеш нәрсе деместен шыйқылдатып қапыны жапты, қулыпты урып, гилитти жемелигине беккемирек байлады да түсип қалатуғындай, тартып-тартып көрди. Соң қаўын қаққа сөк араластырып, дүңк-дүңк кели түйгенде шекерлер сынғыр-сыңғыр-сыңғыр етип турды. Ал, қаўын қақтың ийжанын қойып атырғанда: „Билесең, маңлайы қатты, — деп күлди ғаррысы. — Мени бир шундыйтип күтпедиң-ғо; Булардың мал соимай-ақ кәрин ислеймиз, бар, гүнжи ийжанды әкел, көп сал гүнжини!“ деп қалды, гүнжиси тирелип турғандай. Таптырмайтуғын нәрсени буйырмақшы еди.

Тағы да ҳәйўанда кели дүрсилдегенде: „гүнжини қайдан тапты, маңлайы қатты!“ деп таңланды Шундый, өмиринше гүнжи ексе, сирә!

Үйинде жоқ нәрсениң өзи жоқ екенинен үйине өзи қонақ болып жүрген Шундыйдың нәрсе хабары жоқ. Өз әдетин өзи билсе екен; биреўдиң егини орылмай атырса, я ийеси аўырып атырса белине орағын қыстырып, белин ийнине қағып салып, шығып кетеди: „егинлерине доңыз аўнатып шу күнлери де аўыра ма адам!“ деп, сол тоңқылданып кетистен, бир күнлери, қырманын қызыллап, үйине келеди де миллетин кемпирине урып, аяғын уўқалатып, болып-өтип атырғаны. Журт аўырса буны шақырса шақырсын, шақырмаса да барып емлейди, бул аўырса буны емлейтуғын тәўип жоқ. Бирақ, аўырып атырғанын қырман ийелери биледи, кеўил сорап келеди, қуры келмейди, бир нәрсе бергиси келеди, берсе; „мен дийўанаман ба, енди түриңди көрмеймен“, деп бетине шашады. Бир күнлери сол адамды „тағы аўырыпты, гешири тоңлап атыр“ десе, түстен соң „түриңди көрмеймен“ дегениниң атызында бунын белиниң жарқылдысын көресең. Журт та ебин тапты. Дақылын жыйнатқан үйдиң ҳаялы Созанайға келеди де: „берекет тап, шеше, мынаў бир кепшик

гүнжини ал, атама айтайық десек қорқтық“ дейди. Созанай да бунлайда артықмаш назды жақтырмайды. „Мени алды деп тисиңизден шығара гөрмең, онда өлтиреди“ дейди ғаррысына бас бермейтуғынын билсе де жөгисиреп. Соннан, гөне қабақ бар ма, гөне шанаш бар ма, салып, тыққышлап жүргени. Набада көрип қойса: „сениң көмеклесип жүрген адамларыңнан мына Тыштанай шешем әм тәўир, берекет тапқыр, „жаңалық етиң“ деп, енапаттай әкелип бере қойды“, дейди де адамлардың пейлиниң жақсыланып киятырғанына ғаррысын бир ирәҳәтлендирип таслайды. Журттың екпейтуғын нәрсеси жоқ ғой, суў қабақтан дасмал қабаққа, гешир-пияздан гүнжиге шекем егеди, сондай ақ, Шундыйдың да көмеклесип жүрип, қолы тиймейтуғын дақылы жоқ, сонлықтан ҳәм Созанайдың бир кенебиниң өзи үш-төрт бууынтық, қабағынаң да қыйлы-қыйлы затлар шыға береди. Ғаррысы мәсисин тигип берип, ҳақысын алмай кеткен үйлерден, қапылғанда бир қабақ майек келеди. „Таўықлар яман-ә туўғыш болып кетти, ғарры“, деп алдайды ондайда Созанай, „билип қала ма“, деп те қуўысланады, лийкин, оны-буны ойланыўға Шундыйдың журттың хызыметинен қолы тиймейди. Ҳаялы гүнжи ийжанды бир табақ емес, тап, үш табақ етип әкелип қойғанда да мийи колхоз мәселелери менен бәнт, қулағы Сапаровта, еки көзи Сайымбетте еди.

Сайымбет: „тилиме тийек етип, сүйенетуғын документим бар“ деген кейипте мардыйып отыр. Ақсақал да, Мәдияр да Сайымбетти сөйлесин дейди. Шымбай-лы шабарманның айтқанына бола, дуйым-журтты атланшап етип, болайын деп атырған гедейлер топарының мәжилисин ириккен де өзи ғой!. Бататуғын болса, Сапаров тәрепинен жигитке бататуғын гәп айтылып атыр, сонда неге бул Сайымбет үндемейди! Яқшы, кешеги колхоздың надурыс дүзилгенин, Өмирбайдың түсинбеслик етип, натуўры қылғанын, ҳәтте, онын жазаланатуғынын да секретарь да, Федотов та, мақуллап, айтып өтти. Лийкин таяқтың ушы оннан емес, неге гедейлер топарының мәжилисиниң усы ўақытқа шекем өткерилип, кулаклардың хатланбағаны, олардың мал-ҳалларын жасырып, сарыплап үлгериўине пурсат бергенлиги себепли тийип отыр. Қолында қағазы бар, неге көрсетпейди Сайымбет! Шундый да усыған ҳәйран. Сайымбеттиң де өз есабы бар. Сапаровқа кейитип ке-

йитип, сол кейингени ушын пушайман жегизе жақ. Сөйтип: „басшы да мэзи азап бермей өлшеп сөйлеўи керек екен“, дегизип, өкиндире жақ. Әне, онын да ирети келди:

— Аўызы ашық болмасаң, шабарман деген заңғардан исполкомның пәрманын сорамаймысаң, тилдей қағаз алмаймысаң!—деп күйинди Сапаров. Ҳәмме „сөйлейтуғын пурсатың келди“ дегендей Сайымбәтке мәшшийиссе, ол пайытты бермеў ушын Сапаровқа ашыў менен тикленип: „Ондай қағаз бизде ба-ар, сиз сөйлеп болдыңыз ба!—деп мойынын созды.—Бар, жолдас Сапаров. Мен сиз айтқандай аңқаў да, аўызына көк шыбын кирип шығатуғын аўызы ашық та емеспен, билдиниз бе!“ —Малақайынын жыртығына шыйырып тығылған, тер сиңе-сиңе қалеминиң сыясы жайылып кеткен сарғыш қағазды шыйырымын жаздырмастан Сапаровтың алдына таслады. Секретарьдың еле сол сурланыўы, тер ийиси мүңкиген қағазды оқып мырс етти де Федотовқа усынды. Бурынғыдан да бетер түтигип, көпшикти былай ысырып:

— Бундай қағазларға сиздей аўызы ашықлар исенеди-и!—деп уяң ныклады да бақырып жиберди:—Қайда-а, қырағылық, Айымбетов, қайда-а!...

— Неге қышқырасыз маған!—деп қызып атыр дымнан бийхабар Сайымбет те, ҳәмме демин ишинен алса да ол қояр емес. Федотовтағы қағазға қолын шошайтып бақырады:—Анаў қағазда қырағылық! Оязсыз ба, неге бақырасыз! „Қойшың көп болса, қой ҳарам өледи!“ Биреўиңиз бүйтип жазасыз, биреўиңиз бүйтип гегирдек созасыз, биреўиңиз былай дүзесиз, биреўиңиз былай бузасыз колхозды! Не-е, былғалақты сала беретуғын ҳүкимет тары қазан ба сизлерге, яҳ! Мени ғой күйдирдиңиз сира!...

Сапаров сабырлылық сақлап Саекенди сабасына салып алған соң:

— Бул бурын жүрип көрмеген жаңа жо-ол, жора-а,—деди уян ғана.—Алжасық болыўы мүмки-ин, бирақ биз барынша алжаспаўымыз керек еди-и. Бизди душпан алдайды. Төрткүлден келгенимде, айтқаныма инанбай: „қарарды көрсетин, документиңиз бар ма?“ деп, мына Федотовтағы Люба келин кеңсеге киргизген жоқ. Күнге тутып, қарардағы подписьлерди бурыннан бар подписьлер менен урыстырып, кабинеттиң гилтин бер-

ди. Эне-е, жолдас Айымбето-ов, сизге де сол қырағылық керек еди-дә!...

— Сонда мынаў жалған ба!—Саекең шоршынды.— Жалған ба мынаў!...

— Жоқ бундай шабарман,—деди Федотов. Сайымбет „қолп“ етти.—Болған емес бундай адам!—Сайымбет сазырайды да бақырайды: —Күнде биреўи аўмасады,—деди ақыры, жаңағы созылыўлар қайда, мойын ишке кирип баратыр: „Үҳҳ, мен қайдан билдим буны!. . “

Қағаз қолдан қолға өтип атыр, Федотов тилди жақсы билгени менен қарақалпақта ондай аттың болмайтуғынын билмейтуғын еди. Мурат ҳәккелек Сайымбетке ҳүрейленип қарады, Мәдияр басын шайқады. Мурат ҳәккелек Сайымбетти қорлағандай кеңкилдеп, күле берди, күле берди. Шыдамаған Сайымбет: „—Сен, бала, неге күле бересең, маймыл ойнап атыр ма!—деп ызғарланды.—Я „суўдыр“ деген-әм көп болып, масқарапазға айналдым ба саған, нәге кеңкилдейсең!...“

— Масқарапаздан да бетер қызық берип атырсы-ыз, Айымбетов,—бүлкилдеп күлди Сапаров:—Баплағанов бәриңизди бир жерге жыйнап баплапты-ә!...

Отырғанлар бири бирине қарасып, суўық демин алысса, Сайымбетке суў қуйылды да қалды. „Қағазды биз де, Ақтөре де оқыды,—деди ақсақал сақалын жалмап.—Түсинбей қаппыз жүўернемектиң баплағанын!“. .

— Ҳа, мына айтып қойыпты-ғо, аты-ақ айтып тур. пәмийласы да...

— Қойсаң-ә, Мурат,—деди де, Шундый:—Шунша күннен бери мәптен ирикken сен екенсең!—деп Саекеңе қолын шошайтты.—Кулакта мал қалды ма!...

— Енди, сен сөйлемей-ақ қой, Мәдияр,—деди сынық даўыс пенен Саекең созылмастан:—Бул бизге көп кейимеўиңиз ушын керек: Мынаў Көлибайдың садақасына арқадан үш ғарры келди. Биз қусаған аңқаўлаўы ешегин арқанлапты-дә, анаў екеўи әри арқанлап, әри шидерлепти. Мереке дағып, қайтайын десе, арқанланған ешек жоқ. Ешек жойтқанға шидерлеген еки ғарры: „мине, мынандай шидерлеп кетиў керек еди“, десе, ешек жойтқанның: „қойсаңыз-дә, ешек жойтпағанның бәри ақыллы!“ дегенин өз қулағым менен еситип бир күлип едим. Енди сол биз болып турмыз.

Айыбым бар, ақланбайман, мойынымды балтаға ҳәм усынаман, қаным менен...

— Мойыныңды қатыныңа усына ғой, соған керек,— деди Сапаров.—Айыбыңды қаның менен емес, манлай терин менен жуўасаң...

— Әлбетте, жуўаман!—Әне, Сайымбеттиң мойыны созылды:—Өле өлгенимше сол Баплағановты излегеним излеген, таўаман, таўаман, таўаман!...

— Бәлким, биз табармыз,—Федотов тилхатты төс қалтасына салды..

## 20

Жақында ғана шырт уйқыда жатырғандай жым-жырт аўыл арасы қатты даўыл уйытқытқан көк шалғындай шалқып сала берди.

Тепериш-тепериш дегенниң тақымында бир-бирден ат, биреў анаў қышлаққа шаўып баратырса, биреў мына жақтағы қышлаққа шаўып баратырған:

— Еситпедим демең, аламан! Мәдиярдың терис ҳәйўанында журт жапырылған жығын бола жақ. Райкомның өзи бар, ГПУ дың нашәлниги де бар, еситпедим демең, аламан, аўылымызда үлкен жығын, жығын үлке-ен!

Қашшан хабар жетип, „Ўақым жерден“ өгизлерин солқылдатып қуўып киятырған қосшыларға да, Халқабадтағы устаға бел-кетпенлерин саўыртпақлатып, оңлатып қайтыў ушын ешекли баратырған жолаўшыға да айтылып баратырған усы гәп. Еситкен адам ежелеп сорап үлгермейди, шабарман тусынан „зуў“ етип өтә шығады да, жолаўшы гәпиниң ақырын алыстан тыңлап қалады.

— Мына биреў не деп баратыр!—деди ҳапалақлап киятырған Сыдыққа есикте кепленип қалған Толыбай,—ГПУы неси!

— Ары кире бер, айтаман!—Толыбай басына биреў балта силтей жақтай тартып ала қойды. Еситкенше қарары жоқ:—Айтсеш, не гәп?!

Сыдық ҳәйўанның ишинде қасаң геўишин салпылдатып баратырып сөйледи: „Райком да, ГПУ дын анаўмынаўы емес, нәшәлник орысының өзи келипти...“

Қарақум ийшандағы пирдиң алдында қуран қушақлап, ант берип қайтқалы Сыдыққа исенетуғын болған.

— Нәшәлни-ик! Ҳә, не қылады, мени...

Екеўи бирден төрги жайға сүрмелеклесип кирди. Кирди де қапыны сарта жаўып, бири-бирине ҳүрейленисип қарасты. Биреўи айтыўға, биреўи тыңлаўға қорықты.

— Назарбайлы қамапты дейди ..

— Ҳее!!

— Өгиз-пөгизи менен районнан айдап келипти...

— Ҳаў, кеше Шундый суўғарып жүр еди-ғо ..

— Шундыйдың да аўҳалы патырат қусайды ғо, кемпирин терғеп, қамаў терин алып атырған қусайды

— Кимнен еситтиң?!

— Кемпир Қурбанға сырныгыпты, Қурбан маған айтты ..

— Не жайлы екен, сорамадың ба?!

— Қулақ малын житирип атыр, дегенди еситипти ғой, өгиз жайлы шығар. Болмаса не деп един, —Сыдық ийнин қысып, алақанын жайды. —Шундый, қәтинек, өгиз, бәрин түўеллеп атырса керек. Ғамыңды же, ҳәзир сени де алдырса... Соны айтайын деп келгеним...

— Қойып тур, маған ес болып тур, — бир өзи қалса қорқатуғындай кетиўге қолайласқан Сыдықтың ийнинен тартты. —Қойып тур. Жүрегим ҳәўлирип баратыр... Я-а, бир жаққа бой тасалап турсамбекен...

— Онда мени де алып кет!—Сыдық ентикти. —Алмасықтын арасында да, қуран шықпада да мен бар едим-ғо! Өгизге қатынасы барларды шақырып агырса... Мени де алып кет, атты ертлейин...

— Қойып тур, сен неден қорқасаң...

— Қулаққа қатынасы барларды қамап атырса...

— Мен,—Толыбайдың өкпеси аўызына тығылды: — Қулақпан ба!

—„Қулақтың малын тықсырмалаўына жәрдемлести“ деген шығар, болмаса неге қамайды Назарбайды?!

— Жақ, сен қаласаң!—Ҳүкимдей еситилди: — Ҳәзирет көзиңше: „Мынаў Толыбай жит десе, житесең, бәс десе, тислейсең“, деп, қуран услатқаны қайда; Қуйрығыңды қыс та, қулағыңды сылт еткен дыбысқа түрип, аўылда жүр. Қайтып келген соң, биреўин де қалдырмай, маған айтасаң!...

Айқасқаға ер басып, Толыбай таса-таса менен тартып отырды. Лийкии, қайда баратырғанын өзи ҳәм билмейтуғын еди.

Былайлаў шыққаннан соң алдынан өзи шала таныйтуғын бир шабарман патырақлап шығып:

— Ҳа, Толыбай аға,— деди „еситпеди ме" деген пәм менен атының басын иркип:—Ҳәмме сизиң аўылға асығып атырса, тазыдан қашқан түлкидей сен қайда жымпыйып баратырсаң! Қыр көрсеткенлерди қамап атыр, Назарбайды қамапты-ы...

— Бул не жыйын екен, бала, шала-пала еситкендей болып едим. Бир бирадарымыздың баласын ат теўип өлтирипти, соған асығып...

— Калхозласыўдағы, калхозласыў, ба-ай, ба-ай, соны да билмейди екенсен-аў..,

— Паҳ, баратуғын жыйнақ екендағы!—деди Толыбай атын кекшийте тартып ақ көкиреги менен.—Мына лазымның шығып қалғаны...

— Бара бе-ер, сени алмайды, сен қулақсаң!—деп, атына қамшы басты шабарман. Усы сөз бенен өңменинен түйреп кетти Толыбайдың.

Толыбай алға жүрерин де, изге қайтарын да билмей анырайды.

„Колхозласыў болса, қашпайтуғын едим". Атын лаппа изге бурып, адымба-адым жиберди. Қыстамады. Ойланып алыўға пурсат керек еди: „Сонда ГПУ дың начальниги неғып жүр?! Колхозын қурып, Назарбайды жәрия сот ететуғын шығар! Ол өзи менен кете ме! „Жаманның аяғы сегиз, бири болмаса бири тийеди, қаш-жаманнан, қаш!" Аттың саўырысына шырп еттирди де, аўылға емес, майда тораңғыллықтың арасы менен дуппа-дуўры Қаллы жағысқа тартты: „үйинде болғайдағы!..."

## 21

Белсендилер тумлы-тустан жыйналып, жарма-жаўған ишип, мәслеҳатласып аламан дегенше ўақыт та биразға барған екен.

Батып баратырған қуяштың әлқызыл шуғласы жийектеги ала-шубар булытларды қызыл баўыр етип атырған бир мәҳәл еди. Аўыл арасы тақыр-тақыр арбалыға толып кетти. Бар тапқанын үстине қыстырып, арбаларының көкиреклерине өзлери минип, алтақталарына бир-бирден есер таўып мингизген қызлар шың қобызларын ғә қумыры сестине салса, гә қайтқан ғаздай ғаңқылдатып ўақым жаран, Ешкили, Толыс, Сүмбил

аўылларынан жетемен дегенше түрли муқамға дөндирер едидағы. алтақтадағы есерлер айдай қызларды аппақ шаңға көмгенине қарамастан: „бурын барсаң, орын бар“, десип, шүйлерди шүйлерге қағыстырып қыйқыўласа жарысады. Қызлардын көзинше бул да бир мәрглик!

Мәдиярдың есигиниң алдына әткөншек қурылып, шүлен асылмады демесен, салланысқан нәўжаўан, қыйқыйысқан қызлар, „соларға жағынсам“ деп түйе тауықтай шыррыйысқан жигит-желенңлер наўрыздың бул кешесин әжайып бир сейилге айналдырып жиберген. Еки жүз адам еркин етек жайып бақсы айттырып жүрген Мәдиярдың нәҳән терис ҳәйўаны сабан төселип сазланып атыр. Төрдеги жалғыз стол төрт аяғын тең басып, сабанға отлап атырған басбаққа усайды. Көз әйнегине кендир жип тағып қулағына қыстырған Мәшеке машыншы буқарағӑнда тек өзиникинен табылғанына мардыйып гүрси әкиятыр. „Шақырық жазамыз“ деп, бир балаға Қурбан үйшиден лил, соратып жиберген Дәўеке муғаллим, биреў менен: „не, бир шөткилик алдық, сонын менен атыңның қуйрығы...“ деп тоңқылдасып, былай жүрсе былай, былай жүрсе, былай шөжедей ереди балалар...

Пахсаға патлыйып-патлыйып латын әлиплери түскенде ликбезде саўатын латыншадан ашқанлар жүриттидағы, әрепшеден ашқанлардын күни оқыўшыларға қарады. Муғаллим зәнгисин көтерип баратыр еди.

— Не деп жазды, қызым-аў, айтөссе?—деди Қурбан Гүлайшаға. Ол да:

— „Әртил болып жәбдиллесиң, жолдаслар!“ Аббаз шайыр“ деп жазды, ата,—дейди оған.—Дийўалға да жазыўға болады екен-аў, лил бересиз бе, мен де жайынызға жазып беремен...—Қурбан лийкинлилеў күлди:

— Лил берейин, Толыбайдикине жаза ғой, мен жазбай-ақ жәбдилесемен, ол жәбдилеспейди... — Қыз қысынғанынан қырмызы дөнип кетти...

— Ал, кире бериң;—Журт тығыны алынған тоғыртқадай ишке қуйылды.—Иште өйтип лампасый берип атыр ма, қапыны сындырар-аў! Әсте—е...

— Әсте дейсең, колхоз толып қалса не қыламыз!— Батраклар басты.

„Басқа аўылдың қызларынан қалыспайық, таўыстай таранып, пәкизе ғана болып жүриң“, деп, қызлар топарын айна-тароққа еглеп қалған Базар Шундыйдики-

нен салдаўшыдай дизилисип шыққанларды көрди де: „Аппақ, аяғынды бас... Қундыз, қыймылдөйс, кәтқудалардан бурын жетпесек, қадемимизди шенеп қояды, еркектин көзи шен“, деди сыбырланып ҳәм өзи етекжеңин дүзәстирип, ғазлардың сәресиндей ғаз-ғаз, назназ жүрди.

Жеңгеси: „Айқыз“ деген қылый қыз, „Аппақ“, деген қара қыз, „Қундыз“ деген бужыр қыз өңир-моншақларын ханның түйесиндей ғаңғырлатып-жуңғырлатып киргенде тамашасына ертип-ертип журтты аштан қыратуғын „Тәжжал“ есиктен атлағанлай болды. Сөзге де, күшке де анаў-мынаў жигитиңди жыпырып жиберетуғын болғанлықтан „мықлы қараўыл“ дей ме, журт қызын усы Базарға ертеди. Булардың келе сала алдыларына қыйқыйысқаны тилин қышытқан Жаран жақтың жеңгеси: „ҳәй, нашар!—деди арқасы қышығандай қыйқаңлап.—Ҳәммеде де тана бар, өгиз болар ма деген тәме бар, ел сеники болғаны менен төр меники емес пе?! Көргенли журттын нашары туў алысын сыйлар болар көргенсиз жердиң нашары соны билмей қыйнар болар“, деп жулқынып, алға шығып дизилисип еди. Аўылдың жигитлери: „Өл, Базар!“ деп бақырысыўы мәтдал, ҳаял силкинип орынынан турды да: „Есиктен келип, төр меники деп, несиәй, түўе! Жасанған жаудан қайтпаған жүрегим, жудырықтай майдан қайта ма, турын, қызлар!“ деди де тағы алға өтги. Жаранлы жеңгей тура бергенде кәтқудалар кирип, писин қурытып таслады.

Ғаўырлы басылған менен: „жаңаның нышаны“ деп түсинип, үйренбеген темекисине шақалып атырғаң, сөйтсе де: „пах буның нәшеси бар-аў!“ десип, гәси мурынынан түтинди қызларға көрсетип шығарып атырғанлар баршылық еди. Мәжилистеги орынына қарап, ҳәмелин билетуғынларға Сайымбеттиң Сапаровтан төрге шыққаны, Қунназардың сабанға шөккени де гәп.

Журтты таңландырып, ҳәстелердеги онланшы шыраға шылт жаңа моржа салып атырға Мәдиярға; „гүрси жетпейди, кели тап, ҳәзир президиум сайлаймыз!“ деп бақырды Сайымбет. „Шуерге де бир шыра келтирейин“, деп, Шундый былай баратыр.

Аламанды тынышлап алып, Сайымбет: „ал, енди, жолдаслар, тынышланып болсақ,—деди салмақлап.—

Колхозласыў жөниндеги жыйылысымызды ашық деп есаплаймыз, ҳа-аўў, тыны-ышш! .. А-ал, аштық..,"
— Ҳаў!—Биреў биреўге қарсаты.—Ала жипген атласып кеше ғана...
— Ала жибиң қурысын, билдиң бе, дало-ой!—Сайымбет кейинди:—Дағыттық биз оныңды! Себе-епп, онда кооперативлестириўдиң Ленинлик планы бузылға-ан! Биз ҳә-ззир бузылмайтуғын колхозды дүземиз!—деп еди, Ҳәккелек шаппатын парт-парт урып, артына қараса, ҳәмме мелшийисип отыр. „Сени жин урды ма!" деди Жолдас. „Қой, өйдеме, көргени бардур," деп қайтарды сақалы кепшедей ғарры. Сайымбет Шундыйдикинде Сапаров берген тәртип бойынша мүдирмей баратыр: — Та-ак, жолдаслар, президиум сайлаймыз, кимде усыныс бар?... Жа-ақ, Қудайберген аға, былай шығасаң...
Шундый „мен әнейи емеспен" дегендей артына қарай-қарай шықты да:
—Ленинниң ҳаят ўағында,—деди малақайын қолына алып.—Большевик болған адам сыпатында шуны айтаманки, бизди шундый бир яқшы күнлерге жеткизген Большевиклер Партиясының Саясый Бюросы Халқабад тарийхында жазылып қала жоқ болып турған колхозласыў мәжлисимиздиң руўхый басшылығына сайлансын!—деп еди, Сайымбет Ҳәккелекке: „Енди неге урмайсаң шаппатты, урар жериңди билмейсең-ә!" деп созылды да көпшиликке турыўды ишарат етип, шаппатты дөндирди. Ҳәйўанның ишинде мыңсаң еки кептер патырлағандай болып, аламан бир көтерилип басылған соң бес адамнан рабочий президиўм сайлаўға, ҳәр кимниң бир ғана адамнан көрсетиўге ҳақысы барлығын уқтырса да, буның мәжилис тарқағанша ғана күши барлығын уқпағанлар, ҳәмел санап, бирин бири рәўа көрмей отырды. „Шундыйды көрсетсем, ҳәким болып кетип, елди бүлдиреди-аў, бир күн баслық боламан деп-ғо, түни менен қазыўға қуўып, таяқ шақылдатып, пәтеңге келтирди,.." деп отырған Қурбанның ойын тағы орынынан турған Шундый бөлип жиберди: „манлайы қатты Қурбан, қанша арысқа тепсе ҳәм айналып усы колхоздың шығырын соғады, яман адам емесдағы, әй, тирсек-аў, зәлели жо-оқ, қыйсая берсе тирсегин өзим бууып беремен, сайлансын шу маңлайы қатты!" деп, шулғынып отырды.

„Усы жыйлыстан соң айдап кетпесе“ деп қуўысланып отыр еди Қурбан, Федотов та: „Дурыс айтады, Шундый аға!“ деп даўыслады. Усы бир исенимниң өз өмир жолына пүткиллей бурылыс жасағанын сасқалақлағанынан сол ўақытта сезбесе де соң Курбан уйши әле өлгениние айта жүрди...

Шотан Мәдиярды көрсетип, қол көтериспеде ол да тастыйық болды.

Избасқаннан әкесинен жемеген тепкини жеп, ҳәзир келсе де: „Сыдық Қурбандай комсомолды сабаған жоқ-ғо,“ дегенди ойлап үлгерген Толыбай, тәртипли ғана қолын көтерип, Саекең ийегин шошайтқан соң, уяң:

— Бизиң гәп пәтиуаға алынса, бирадарлар,—деди сынық сөйлеп:—Сыдықты қалай көресиз, колхозға саўатлы да керек,—деп отырды. Өрре турып:

— Әпиў етиң,—деди Дәўеке.—Урықсатсыз сөйлеппен-аў! Саўатлының кереги керек. Бирақ, бизге саўатлы молланың түкке кереги жоқ. Лениинниң „Дин—Мәмилекет—Партия“ дегенин жақсы билесиз, Сапаров жолдас, оқығансыз... Аўылдан мектепти ашты адамлар, енди, мектеп адамлардың саўатын ашады, көп геме менен Алматаға кеткенлер де питкерип, бир жаққа кетпейди, колхозларға келеди... Сыдық президиум түўе, қуўылсын буннан!..

— Ҳаў,—анаў отырмастан-ақ Жолдас түргелди;—Бизикине барып: „Балаңызды бере қойың, Деўекеге, шебине оқытып берсин, оннан соң Хажыға барасан-ҳәм көрейин гүнанның төгилгенин!“ деп қорқытып жүр, ҳаў!...

— Ойнап айтсаң да ойлап айт, Жолдас!—Сыдық шапшыды:—Қашан айттым!

— Мениң хожалығымды бузғаның өтирик пе, қуда бузғыр!—Курбан қызды —Шықсы-ын Сыдық жыйналыстан!—„Шықсы-ын!... деп жаңғырды из бет.

— Шықсын, дегенлер қол көтерсин;—Сайымбет мойынын жағасынан қарыс шығарды: — Хәй, бала-а, сен еки қолынды бирден көтерип бир: „бағындым“ деп атырмысаң! Сөйтип, бир қолыңды көтер, ақыры, адамды ғабырыстырасаң, ҳаў!... Бир, еки, үш... Ҳе, сен де көтердиң ғой, Толыбай, өзиң „кирсин“ дейсең, тағы „шықсын“ға да көтересең!

— Ондайын билмеппен! Журт не десе, бизики солдағы, шықсы-ын!...

— Онла „шықсын“ дегенлер жүз пырасент...

— Ҳәй, Сайымбет,—деди биреў алақанын салдамлап:—Жалаң усындай журт түсинбейтуғын сөзди қайдан табасаң-әй! Ҳа, пырасентиң не!...

—„Ғамзым“ дегеним ғо, соны да түсинбей! Енди пырасентсиз болмайсаң, пәкизе, усы бастан қулағыңды үйрете бер... А-ал, Сыдық,—деп орынына қараса, қашшан шығып кетипти.

„Ҳаял сөйлесе бола ма? Колхоз сөзин Шундый қайнағадан еситтик, балта сыртта қалмасын отын шапқан...“ деп усыныс көрсетти Базар. Санап-санап Сайымбет: „жүз пырасент“ деди.

Бул да, Сайымбет пенен Мурат ҳәккелек те есаптан өтип, сайланғанлар стол басынан орын алып атыр. Қурбанды Федотов жалғызындай, оң қанатының астына алды. Шундый „көрдиң бе, бизди, райкомлар ыстолға шақырып алды.“ дегендей, кемпирине жылт-жылт қарап, қуўжыңлап киятыр. Он аяғы мудамы мылтықтай гөзелип туратуғын Мурат аяғының ийилмейтуғын жағдайына бола ең шетки келиге шоштыйыўдан, гөжектиң сүўрети бар қара тары сиялы шыны дәўет, бес-алты бет арба жол дәптер, соның алдына ысырылды да протокол жазып отырыў Сайымбет тәрепинен қатаң тапсырылды.

Партячейка секретары столды шертип, тынышлық қа шақырып алды да:

— Биз бул жыйынға жақын-жуўық аўыллардан да шақырып отырмыз,—деди олпең сөйлеп. Ол усындай, өлпеңнен басласа, көп сөйлейтуғын еди:—Себеби, „усы бастан көре берсин, биле берсин, бүгин болмаған менен, ертең ғалаба колхозласамыз ғой,“ дедик. Соның ушын, жолдаслар, бүгинги колхозға сыймай қалғанларыңыз өкпелемең,—деп, еле қурылмаған колхоздын абырайын арттырып жиберди:—Өкпелемең, сизлердиң аўылларыңызда да колхоз болады. Бирақ, жолдаслар, бул: „кимниң аты озар екен“, ямаса, „ким бурын болғайлы“ деп, жарыспаққа исленетуғын нәрсе емес. Партиямыз бенен ҳүкиметимиз таярлығына қарай Кеңестиң барлық сорамын „бириншиде—мынаў, екиншиде—мынаў, үшиншиде—мынаў колхозласады“ деп, үш топарға бөлип қойыпты. Бизиң обылысымыз да соның бир топарында. Ал, енди, биз де аўлларды, жағдайына, шараятына бола иретлестирип қойыппыз. Бизге

қолай, басқаларына қараганда таяр көринген усы аўыл. Басқа аўыллардың да тез, я кеш колхозласыўы бул сол аўыл мийнеткешлериниң ырайына пайлы. Бундағы баслы мәселе, дийханның тек өз ықтыярына байланыслы. Соның ушын, кешегидей жип-пиптен атлаў, қорқытыў, үркитиў жолы менен жәбдилестириў дегениң бизиң саясатымызға жат. Ҳәммемиз де келешекке асығамыз, себеп, кешегиден бүгингимиз жақсы, бүгингиден ертеңимиз ағла бола жақ, адамға, өзи, берилетуғын бир адамның өмири, оның да көбисин, жаўға таландық, ханға таландық, дегендей, жағалас пенен өткен заманда қалдырдық, қалай айтаман, Қунназар аға!... Ҳә-ә, бәрәкәллә, сөйтип, мақуллап отырың, ақыры!... Енди-и, келешегимиз жарқын екен, келешекке неге биз асықпаймыз, асығамыз, әлбетте, сол бир өмирдиң ишинде бунын социализми бар ма, коммунизми бар ма, көрип кеткимиз келеди. Қәне, коммунизм бүгин бола қалса! „Давай, бүгин қурамыз коммунизмди" десин партия, алды менен өзим жалаңбасланып шығаман. Билемен, бир Өмирбай емес, кешеги жиптен атлатқан жигитти айтып отырман, сорай жағың сол ғой, отыра бер, ҳаўўа, ҳәммемиз де асығып жүрмиз, бирақ, Өмирбайдики оғыры бола қойған екен! Бәринин де ўақты-сәәти бар, жолдаслар. Оны жақынлатыў, тез болдырыў сизиң менен бизиң исимиздур. „Атаңнан не қалды?" деп сорадым мен түнәў күни колхозды түсиндирип жүрип бес-алты батрактан. Биреўи: „жыртық шапан, қайқы таяқ, бел-кетпен қалды", десе, екинши биреўи: „жаў шаўып, үстинен ел серпилген гөне журтлар, батыл болған салмалар қалды, „тағы биреўи: „айта берейин бе, атамнан бәри қалды, тикленбеген отаў, алынбаған өш, заманына қайралған тис қалды," дейди. Булардың бәри де дурыс. Ҳеш қайсысы дүкилдеген заўыт, мийидей мингескен жайлар, санааты миллионнан айналған капитализм қалды деген жоққо! Биз социализмге сондай пәт пенен ырғып атырмыз, жолдаслар, капитализм дегениң путтың арасында қалып қоя жақ!...

— Каммунәзмге неге ырғымаймыз бирден!...

— Сениң усы ойының ба, я шының ба? Ҳә-ә, шының ба, басыңды ийзейсен-ғо! Былай ғой, Базарбай ғошшым, сен „туўыла салып, жигит болмай, бирдең неге қырықтағы қыйғыр қыран болмаймыз" деп турып-

сан. Өйтиўге, о-о, болмайды, Социализм дегениң Коммунизмниң әнжамы, билесең бе сен, әнжамы-ы! Соның ушын биз алды менен Социализмди қурып алыўымыз керек, ал, оған бирден бир апаратуғын төте жол майда өндирислерди ирилендириў, жекке хожалықларды колхозластырыў, әне, ғошшым Базарбай, түсиндиң бе бүгин неге жыйналып отырғанымызға! Ямана қыйтыр баласаң сен, түсинип отырып-ақ сорай бересең!—деп бармағын шошаңлатып қойды Сайымбет. Усының менен: „булардың бәрине түсиндиргенбиз, тек садасырап отырдағы," демекши район басшыларына. Буны олар уқты ма, уқпады ма, қайдем, Сайымбет еле сайрап тур:—Буның ишинде „буржуазия" дегенди билмейтуғыныңыз жоқ, қулағыңызға қайта-қайта қуйған-быз, пытыраңқы майда хожалық, жолдаслар, өзимиз сапластыра алмай бүлип жүргенде, буржуазияның қайта өрбиўине, көпшиликти азшылықтың езиўине тағы қолайлы шәраят туўғызып береди. Соның ушын да жәбдилесиўимиз шәрт, жолдаслар. Әнгиме, бул кәрада жиптен атлай салып, қалай болса солай жәбдилесиўде еме-ес, руўхый жақтан жәбдилесиўде, саналы түрде көкирегимизге, руўхымызға, ақылымызға-ойымызға, үмит-әрманларымызға, қулласы, бәрине коллективизм руўхын сиңдирип коллективлесиўде. Әне, сонда биз Лениnниң ойындағыдай колхоз бола аламыз, әне сонда мен ҳемминиң ғамын, ҳамме мениң ғамымды олайтуғын болады. Сонда бизиң жықпайтуғын таўымыз, жеңбейтуғын жаўымыз жоқ. „Төртеў түўел болса, төбедегини түсиреди, алтаў ала болса, аўыздағыны алдырады" деген сол. Кешеги урыс бизди буғурлым Халқабад әгирапына жәмлеп кетти. Болмаса, бир-биреўге арқа сүйеў дегенди, урыў-урыў болып отырыўдан армаған түсинбегенбиз ғой, онда да қарқ болдық па! Урыў менен урыў бири-бириниң малларын барымталап, болып, жүрди ғой, ғыйқта-бас! Әне, усы ала аўызлық керек еди-дә езиўшилерге! Бири менен бири алакөзленип отырған урыўларды мына жақтан басбашы келип. үйлерине от берип еди, ба-ай, „ийттиң аўызы ала болса да қасқырды көргенде бирикти-ә" түўе! Саналы рәўиште емес, душпаннан қорққанымыздан Халқабадқа келип, жәмлесип едик, жаўды тырағайлатып дәрьядан өткерип салдық па, салды-ық! Күш бириктирип қызыл әскердиң жәрдеми менен Шымбайдан, Хожели-

ден. Зайырдан, Нөкистен қуўып салдық па, ўәәй, салғанда қандай!...

— Пай, суўдыр дегенинше бар-аў жора...

— Яқшы ы, сен, жора, Еримбет, суўдыр десең, суўдыр дей бер. Сен өзиң „Еркин, қарақалпақ"ты оқырмедин, оқысаң буны айтпас едиң. Әне, соның төбесинде „Пүткил дүнья пролетарлары, бирлесиңлер!" деген шақырық бар. Буны Лениннин устазы Маркс жазған, соннан биле бер әнейи шақырық емес екенлигин. Әлемнин барлық пролетарлары бирлесип болған ўақытта, әне, сол сүрен жазылмайды! Әне, сол күни бар ғой, Еримбет, алдыма жайып, газеттин сокарасын көрсетип отырып сөйлесемен сениң менен! Сонда билесең, Сайымбет суўдыр ма, суўдыр емес пе!...

— Сен, колхоздан келсенә, жора, маған созыла бергенше!

— Колхоз, деген, жора, ынтымақласыўдан басланады. Жанағы мен айтқанның бәрине, Жолдас аға, исши менен дийхан, әскер менен пухараны ынтымақластырып еристик, түсиндиң бе соған! Ленинлик жаңа ықтысат саясаты жар салғанда биз нешше бүлгиншиликке ушырап, душпаннын ат туяғы ийлеп таслаған топырағымызга туқым салдық па, келеге келтирип салдық, әлбетте! „Биз болмасақ аштан өлип, көштен қалады", десип, түўе, бурынғы арық ақсақаллар, бай, болыслар батыл етип таслаған арналарды жәбдилесип қазып суўды ҳарлаттық па, ҳарлатқанда қанда-ай! Көрдиңиз бе жәбдилесиўдиң күшин! ТОЗларыңыз қалай, жекке хожалықтан жаман ба, үндемейсиз, ишлериңиз биледи-ә! „Әртиллесиң" дегенде Бағаналылар әрре-тәрре болып, басларын қасый-қасый көнип еди, енди көрин, солардан ход адам жоқ, кооператив дүкан ашты, быйыл иши түўе, сыртын да ҳәклетип алды. Сизлер тыштабаныңызды таслай алмай жүрсиз еле, олардың келиншеклери қашшан басларына қыйқыйтып, айдынлы орап, шыны былғарыдан мәси, ирәзәңки геўиш кийип пысқырынып шықты. Пысқырынбай не қылсын, ҳүкүўмет жаныңа не керек, бәрин үйип таслады. Бир килә пахтасы—бир қадақ, қустың төсиндей ақ бийдай, бул, алғанларынан тысқары-ы! Қалай, жаманбекен колхозласқан!...

— Сен бизге кейип атырсаң ба, я...

— Түсиндирип атырман, әй сен-әм бир...

— Сен түсиндирмей-ақ ғой бизге, „сүўдыр“ деген сайын сенәм.

— Дурыс, жолдаслар, „сүўдыр“ деген сайын мен де яманә қаттыға қашып баратыр екенмен. Қызыў-қызыў менен бизиң кириспе көпке сөзылып кетипти...

— Сен үгитти қой, биз үгитиңсиз-ақ киремиз ..

— Әне, айтпадым ба, жолдас Сапаров, уйысып отыр деймен, бизиң аўыл! Мала-де-ес, бирадарлар, сизлер ғой, мен мың қақсаған менен „сүўдырдың гәпи қурысын“ дей бересиз. Ал онда, биз қойдық, райкомның өзин-ақ тыңлаң. Ҳәй, бала, Айсултан келинге шыраларын жаққыз. Оннан соң, жолдаслар, келди-келмеди, шылымды бурқыратып ура бермең, астыңыздағы салы саба-ан!... Ҳәй, Исимет, көрмеймисен. Мураттың көзи пыртаколды илмей атыр, бир шыраны соның маңлайына жақ... Ҳә, солай болсын, ғошшым А-ал, жолдас Сапаров?..

Столға қойылған шыраның қызғыш сары нурлары президимдағыларды қоладан қуйылған мүсинге мегзетип жиберди. Төрт ҳәстедеги төрт шыра ҳәйўанның ымыртын серпип, отырған аламанның төбелерин жақтыландырды. Усы ўақытқа шекем „райком баланы“ көрмегенлер көп екен. Гәси мойынын созып, гәси бириниң тасасынан бири сығалап атыр. Ҳаяллардын ишинен еринин сылп еттирип: „Сапаруп, Сапаруп дегенге қандай екен десек, қатын жүзли пәжмүрде бир сары көсе екенғо, еркек дегеннин мурыны созыңқылаў келмеген соң... бахыт деген де пишимине қарамай қона береди екен-аў!“ деп атырғанлары да баршылық.

— Бу, жолдас Айымбетов бүгиңги жыйлысты бир өзи атқаратуғын шығар деп қорқып едим. Буқурлым сөз тийисти,—деди күлип.—Бул жерде минбер де, трибуна да жоқ, клуб та жоқ...

— Қулып табылады-ғо, неге жоқ қулып! Ат түўе ешекти кисенлеп қулып салады буқараған...

— Биз кисен қулыпты жақында атқа да салдырмайтуғын боламыз. Адамға салынатуғын кисенди Октябрь аўдарыспағы жеңген күннен баслап-ақ топ қылып қуйып, АНГАНТАның үстине атып жибергенбиз. Мениң айтып отырғаным ол қулып емес, мереке-мажилислер өткеретуғын үлкен жай. Сизлер бир, колхозласып ала бериң, клуб та салынады, зербабы қәндиллерге түгинсиз шамлар да қойылады...

— Сиз, райком бала, бизиң суўдыр мырзағаны мына жерде қалдырдыңыз,—деп күлди бир ҳаял.—Түтинсиз де шам боламекен, өзлери от жағып көрмеген соң билмейди-аў, от түтинсиз болар ма!...

— Әдеп-әде-еп, —мойынын созды Сайымбет.—Әдеп қайда-а!...

— Түтинсиз шам болғанда қандай!—Секретарьдың шығып сөйлеўи өз-ара маслаҳатласыўға усап баратыр.—Буннан онлаған жыл илгери „қобдый қосық айтады“ деген адамды жинлиге шығарар едиңиз. Енди ҳәзир, шамаңыз жетсе, патефон алыўға ҳаммеңиз қуштарсыз. Әттең, шамаңыз жетпейди. „Жарлылығын жасырған байымас“ деген, жолдаслар. Жарлысыз. Мәңгилик езиў сизлерди жоқшылықтың сондай терен шыңыраўына таслаған, ол шыныраўдан енди сизлерди өгиз бенен тартып шығарыў мүмкин емес..

— Не қыламыз, онда, өлип кете беремиз бе жоқшылықтың шыңыраўында! Өгиздиң күши жетпесе...

— Трактор менен тартып шығарамыз, жолдаслар, трактор сатып алың...

— Әдеп, көйлек-дамбалды пүтинлеп алайы-ық!—деп қыйғырды Базарбай қылый.—Я оны ылақ-пылаққа бере ме?!

— Оны сатып алыў ушын бир ТОЗ түўе, бир нешше ТОЗын бириккенде шамасы жетсе де болар. Так, что, сен ылағыңның қулағын шыңлатпай-ақ қой... Қәсийети ме? Қәсийети, өгизсиз жер сүреди, от жемейди, суў ишпейди. Сонда да ҳәр күни жиғирма өгиздиң сүргенин пәраўан сүре береди. Буған исенбек керек, быйыл болмағаны менен тракторды жарын көре баслайсылар, дийханның тар жерде тырбанып, „гәл“ деп өгиз қосты айналдыратуғын күни қала жақ...

— Қоссыз қалай күн болады,—деди қолын созып сақалы тоғанақтай айырылған ғарры:—Дийхан қос айдағанды қоя ма?!. .

— Қояды, яшуллы, қостың ирәтин сизлер көрдиңиз. Енди жерди трактор сүреди. Ешектиң көзин байлап, шығыр да айдамайсыз...

— Ҳәмме аяқтан ба, я шығырға да трактор қоса ма? Гәп болды-аў!

— Трактор қосамыз, насос деген бар, аяқ салмадан емес, тиккелей Көк өзек, я Кегейлиден сорып тартады, ийирими қазандай...

— Бай ба-ай, тек қазыў десеш онда; Айтқаны келеди кеңестиң.

— Урыс-қағыстан аман болсақ, арғы басы он жыл, қазыўды да қазатуғын әсбап шығады. „Правда“дан оқыдым, бәри халық ушын, жана Айымбегов „жалпақлап түсиндирдим“ деп еди, мен оннан да жалпақлайын,— деди де отырғанларды ҳайран қалдырып келешекте болатуғын радиолы, электрли, қазыўсыз, өгиз қоссыз колхозларды елеслете сөйлеп, ғаррылардың өтип кеткен өмирлерин жоқлатса, „әттегене-ай“ дегизсе егеделердиң елден-ақ аўызынын суўын қурытып таслады.—Жыллар Ленинсиз өткен менен,—деп даўысын уяңлатты:—оның руўҳысыз өткен жоқ. Ленинлик Ықтысат Саясатты басшылыққа алып, Кеңестиң душпан салған жарасын емледик. Меншивизм, троцкизм, партияға қарсы ыңғай билдириўшилер менен гүресте большевиклик—ленинлик идеологиямызды беккемлеп алдық. Биз Ленин сызып берген жол менен киятырмыз. Бул жолда қарсы турыўшылар болса, билип қойсын, революцияның жалаңашланған семсери еле қынабына салынған жо-оқ! Биз Ленинлик план менен колхозласамыз, социализм дүземиз, аўыл менен қаланың, дийхан менен исшиниң турмысындағы, санасындағы шегараны өшрип, классыз жәмийет қурамыз, Ленинлик план менен Коммунизмди дүземиз, басқа планның бизде болыўы мүмкин емес!—деп отырды.

— Сораў бар шығар, жолдас Айымбегов, сорасын...

— Ҳә-ҳә, солай екен-аў, еле!—деп Сайымбет ыңғайласып еди, қақ ортадан бир дийхан:—Солай шығараў,—деди.—Бул ағайдың түсиндиргени бир жө-өн! Кешеги жигиттики нырыққа сыймайды-аў!

— Нырыққа сыймаған соң тарқатып жәбдилесейин деп отырмыз-ғо тағы-ы,—деди Сайымбет —Секретарь жолдас жүдә жақсылап түсиндирип берди, билмедимаў, саўал бола қоймас...

— Неге болмасын, колхоз көрпе жөнинде айтпадығо?

— Ол жат жамайлардың таратып жүрген ғаўасатыәй, сен-әм бир, соны да түсинбей бала бол ә! Соған да исене бере ме екен, адам!

— Ойбай-аў. Саеке!—Ҳеш ким сөз бермесе де, Шотан шыдамай ырғып түргелди.—Сене ме, дейсиң! Өзимиз типги, соған сенип жаўрадық ғой! Ғапыў етиң,

Қундазар аға, „айтпаймын“ деп ант ишкеним ырас, айтпасам, осы, ишим жарылып кете жақ! Айтайын ба, Сәке?!

„Кулак шығар“ деп гүманланып, сорайын десе, тартыныщқарап жүрген Сайымбетке оң түскени менен. ақсақалқобалжыйын деди, Сайымбет Сапаровқа ийилип, аўызын қулағына таманлаў апарды да;

— Қыста посып келип еди. Сорайық десек, уялдық. Баплағановтай бир бәле емеспекен?—деди сыбырлысын Феотовка да еситтирип.—Хатланған кулак па деген де гүманым ба-ар. Ақсақалға айтқан қусайды, ақсақал неге анық кулак болса бизге бир аўыз айтпайды?! Ақсақалдан сорап билемиз бе, я өз аўызынан еситиейик пе жыйналысқа зияны тийип кетпес пе екен?

— Пайдасы тийиўи де итималғо,—деди Сапаровтан да бурын Федотов.—Законда сөз еркинлиги деген бар. Айтсын, мейли.

— Бирақ, қысқа сөйле, Шотан, еле айтылатуғын гәплер де, исленетуғын ислер де көөп...

— Ойбай-аў, көп сөйлеп кәйтемин, болғанды айтамын да қоямын. Ал, енди, Қундазар аға, ғапыў етерсиз, мениң бул жеген пәнтим бүгин айтпағаным мен ертең ишимди жарып шыға жақ. Мен де бир өмирден опық жеп, елден айрылған сорлымын. Осы кезге шекем сендерге неге көшкенимди айтпай келдим, халайық...

— Азан айттырып айтасаң ба, болсеш!—деп жиберди қызыў қанлы бир батрак. Сайымбет үнсиз аларып қарады да қәлем менен столды тықылдатып, тәргипке шақырды. Шотан, тап ҳәзир қумының өркеши көзине көринип турғандай, қолын шошайтып:

— Ана-ааў қумдақ бар ғой,—деди,—Ой менен қырдың шегарасындағы, Қызыл Ордадан көп күндик бериденги самалы жупар аңқыған аса қымбатты қумдақ-ше, соны айтып турмын. Сол қум арасын жайлап отырған он-он бес шаңарақ қазақтың қара қойлысы едик, бәримиз де бир руўданбыз, типти. Қызды да қуда түсип, басқа шәрўалардан алып қайтамыз. Руўымыздың басшысы, көктемегир, көктемей қалған шығар-аў. абақтыға қамаймыз, деп еди ғой, Қазанқап деген еди. Соның қойын бағамыз бәримиз кеп, шарўасына қараймыз. Типти биз, сендер нанасыңдар ма, Қызыл Орда дегенниң барын еситкенмен, қала дегенди көргенимиз осы

Шымбай. Туз керек пе, оттық, мата керек пе, Қызыл Ордадан жаңағы көктемегирдиң өзи, бир туўма малайы мен кетип әкеледи де бизге қойға, түйеге айырбастайды. Қой, түйе деген, типти, өзимизде де бар. Ие, керек болса, алмай қайтесиң, немесе, жал ақымызға жатқарып берип жатады, типти, есептескен биз болмадық. Ал, енди, сендерге тағы бир өтирик айтайын, биз типти, шуқырға жумалағанша қызылды да, ақты да, көкти де еситкен жоқпыз...

— Әне, қызы-ық!

— Ойбай, қалқам, бөле бермей тур-шы! Балаларымызды молда да осы ойдан қырға өрмелеп барып оқытып қайтып турды. Енди-айта жағым мынаў-аў! О-ой, көктемегир, көктемегир!—Басын шайқады, өкинишли.— Сол көктемегир қалаға бир кеткенинде, „қара орыс деген басып келе жаттыр, оны көргенде сары орысты жаным дейсиң! Өзин билген қазақтар Аўғанстан деген жаққа аўғалы жатыр“ деп, зәрремизди ушырып келди. „Жә, қара орыс келсе келедидағы, бизди таба алар дейсиң бе!“ деп, өзимизди тыныштадық та қумның түпкирине тамандаў, ел билмейтин, қулақ еситпейтин, көз көрмейтин бир қуўысқа қонысланып алдық та „алла“ деп отыра бердик. „Көшелик—деди,—Аўғанстанға. Ести қазақтар көшип болды“. „Жа-ақ,—дедик биздер.—Көшсең өзиң көше бер. Айтып отырсың ғой, өзиң, ол жақта көшелери тар қала бар деп. Тар жерде биз түйелеримиз бен айнала алмай қаламыз,“ деймиз-әй кеп!

Көктемегир, Қызыл Ордаға жийи-жийи барып туратын. Бир күни, қыстың күни еди-аў, ай Есиркеп? Ия, күн өте-мөте суўық еди. Қызыл Орда жақтан қуйындата шаўып келип: „Үйиңе от түсти, қазақ!“ деп айғайлады-аў кеп, көктемегирр! Жан иймынымыз қалмады, өзимиз күнде бир хабардан қорқып, үрейленип отырған надандармыз, типти. „Ўа, немене!“ деймиз ғой енди. „Ойбай, мына жақта колхоз етип, келини менен қайын атасын, енеси менен күйеў баласын, қызы менен ағасын, ойбаай, адам айтыўға уялады-аў, ә, кеңдиги үзиктен де үлкен, узындығы шыңыраўдың арқанындай нән көрпеге бығырлатып, тыққалы жатыр...“

— „Ойба-ай, қәйинимиз бенен бығырластырса да қыдықтап қашырар едик...“

— Өйппей, мынаў ырас па!—Келиншеклер аўызларын басысып, ийықларын селкилдетисип күлисти. Шо-

танның дым итибар беретуғын түри жоқ. Соқтырып тур:

— „Бетим-аў, қайын атамыз бенен бығырластырса өте жаман болған екен“, деп, жаңағы көктемегирдиң тоқалы алды менен шаңарағын жықты. Соң, басқалардың жан-ийнине от түсти, шонжарымыз көшип бара жатса, бизге не турыс! Қатындар үй жығып, нар шөктирип қала бердидағы кисилер қой жайып кеткендердин, түйекештердиң изинен шабыстық.

Көргенимиз сол болды, қонысымызда жанған отымыз пысқып қала бердидағы, көшип өтә кеттик. „Қайда барамыз!“ „Мусылман елине барамыз, мешити бар, медиресеси бар. Бурынғыдан да жақсы жасаймыз, бизиң Қызыл Ордадағы нағашымыздың көшкени қашшан! Бундағыдан да байып кетипти, „алма, жүзим деген жеримизде сырығып тур“ депти хатында, дейди аўызымыздың сүўың шубыртып. Осы Қазанқаптың айтқанын етип, төнәў жылғы шилденин ишинде көшпегенимизге өкинисип, биримиз бен биримиз кейисип келемиз. Жатып,турып, бир жума жүрдик-аў деймин. Аты көш болған соң, жол өне ме, түстенесиң, мал жаясың, қыстың иши, жас балалар бар, бир түнесең де қонған жериңде үй тикпеске иләжың жоқ. Осы, қазақтың жери-ақ кең екен-гой!

Шала өкпе болды ма, ала өкпе болды ма, жолда қойларымыз да қырылып, шөлден-ақ өлип жатты-аў деймин. Бир күни, таң сәрде атғанайық деп, үй жыққалы жатыр едик. Бес-алты мылтықты адам, агандарымыздың тәўир-тәўирин, сонша күн айдап келген қойларымыздан бир-еки үйирин ысқыртып айдады да кетти. Қарсыласатын түги жоқ, атып тастайды: „Атаманнан буйрық бар,“ деп, қазақша сөйлейди, типти, шетинен сақалды орыс. Қазанқабымыздың да көп олжасы сонда кетти, ойба-ай, дым билмеппиз-аў үзикке орап, ол көктемегирдиң бир сандық мылтық алып келе жатқанын да сонда көрип жүрмиз-аў! „Қара орыс деген осы“ деди бизге. Биз буннан мал менен аман қутылғанымызға қуўанып тағы көштик. Енди ойланып бақсам „ақтар“ деген солар екен-аў! Екинши күни тағы бир басына шөгирме кийгендер, ондаған бар-аў, ә? Изимизден қуўып жетти де мылтықтарын шатырлатты. Буларға кереги ат пен қыз, түйе екен, майда малға қарамады. Сулуўшаштың апасы бар еди, қулдығым,

биреўинин алдында шырқырап кете барды. „Көке“ деген даўысы әли қулағымда, үҳ, ҳалайық, нени көрмеди бул бас! „Басбашы, қашып жүрген басбашы“ дегени осы екен. Тап сол күни кеште, изинде үш жарақты адам, еки қазақ қуўып жетти. Келди де:

— Қазанқап деген қайсың?! — деди амандық есендик те сорастастан. „Мен,“ деп жатыр жаңағы көктемегир. „Қызыл Ордадан алған сексен бес атарды қәзир санап алдыма қоясың,“ деди жарақтысының биреўи лағанын салмақтап: „Қарсылассаң, атып тастаймын сен көпекти“. Бәримиз типти, шуў ете қалдық! Әри тинтти, бери тинтти,таба алмады. „Қара орыс алып кетти“ деп, биз де айтпадық, оның қулақ екенин қайдан билиппиз, түби ағайын ғой ..

Отырғанлар қызық бир ертек тыңлағандай силтидей тынды. Қапталында егитилип жылап отырғаң ҳаялына:

— Әў, қойсаңшы, жындымысың өзиң! — деп, бир оқыйды да сөзин даўам етти. — Ағайын болмаға жетпесин, қонышынан лаған таўып алды тинткен адам. Сатырсутыр қыл арқан мен байлады да тастады. Анаў жарақтысын айтып турғаным жоқ, қасындағы қарапайым шалы, сирә орта жүзден шығар деймин-ау, Қундазар ағайлардай бир ийман жүзди адам екен.

— Мен аўылнаймын, мынаў отырған жәшейка,— бул сөздерге түк түсинсек екен-аў: — Мынаўлар Қазанқапты издеп жүрген ГПУдың мелийсалары. Бир қулаққа ерип, қайда босып шықтыңдар, ессиздер-аў, көрингенге таланып, тек шықпаған жаныңыз қалыпты ғой; Өкимет сендердики, сендер мен түк исимиз жоқ. Кереги, мынаў Дутовты олжа мен қамтамасыз етип турған Қазанқап деген қулақ. Туўылған жерге жетпейди, қайтыңдар, — деп тәңирдиң зарын етти-аў, — деди өкинишли түрде басын шайқап. — Я осы жерде қоның да ел болып қалың, — деп атыр жашейка. „Енди хабар алып турамыз“ деп атыр. „Жақсы“ деп, көнген болдық. Қулақты, малай туўмасын, типти жақыны-аў, байлап алды, малдарын алдына салды. Бала-шағасына тийген жоқ, қоя берди, деген мен, үй ийесин әкетип бара жатырса, қатын-қалашқа не турыс, атлылардың изинен биздер мен жыласып-сықтасып, хоштасып, олар да ығысты.

Енди таланғандай мал да қалмаған, үш түнедик, шөлге қар да жаўа қоймады, қудық жоқ. „Тағы биреў

тонап кете ме, өлтирип кете ме, не де болса, бир ел тауып араласалық," десип, тағы көштик. Басыңызды ауыртып не қылайын, шуқырға өлип-талып, зорға жумаладық ғой! Шымбайда бизге қолай өнер болмады, мал бағыудан басқаны билемиз бе биз! Осы жақтан қой сатыуға барған бир қазақ: „Мына жақта Халқабад деген жер бар, халқы да абад, адамдары да жақсы. Толыс ауылдан ары қарап кетсең, тап өзиңниң қазақстаныңдай, бир жағы қум. Қайтадан қой өршитсең де болады, соған шекем журттың малын бақсаң да өлмейсин" деген соң, осылай ығысып едик. Қудайым, берекет тапқыр, Қундазар аға, буны мынау отырған қатын „Қыдыр ата" дейди, тап бола қойды. Рахымет, ағайындар, қалдаурап келгенде қол жаптыңыздар. Осы күнде Мәкеңниң үйиниң төри биздики. Ендиги бир тилегим, мына халайықтан, өкиметтиң айтқанынан басқаға исенбеңдер. Қарандар сендер, жанағы бир көрпе деген көк тигилгирге сенемиз деп, сонша атаннан, атандай қарындастан айырылып, осы жерге әрең жетип отырмыз, Қулактардың биздей азғырғандары аз ба! Қәзир еситип атырмыз, типти! Қазақстан қашшан колхоздасып, қулақтарын қамап, қамамағанын осы жаққа жер аударып жиберипти. Сол кулақтар есикпе-есик қайыр сурап жүрсе де: „неге бостыңыз" десе, шыным, көрпени айтады. А-ал, енди мына стол ағаларынан бир тилегим,—деп бармағын бүкти.—Биздерге қалтықсыз сенийиңизди өтинемин, екинши тилегим,—бизди де жатырқамай колхозға алың. Егин салыуды үйренемин дегенше мал баға турармыз, колхоз болса, малсыз болмас, мал бағыу жөнинен, типти, қам жемең. А-ал, мен сөзимди тауыстым, отырыуға улықсат па, Саеке?

— Отыра бер, Шотан, қызық әңгиме бердиң...

— Ой-бай-ау, неси қызық бунын, биз жылайын деп отырсақ,—деди Есиркеп.—Қайта-қайга сураса да Назекеңе айтпай жүр едим, қайда кетти-әй. пай, өзи болып еситкенде...

Сайымбет Федотовқа еңкейип:

— Сиз сөйлейсиз бе?—деди. Федотов, жаңағы Шотанның сөзлеринен мына жыйналыста пайдаланып қалғанынша асығып, қызып отыр еди.

Әскерий жүрис пенен шақ-шуқ ортаға шығып кетти. Маңлайында жулдызы бар қурым шәпегин, негедур столда турған жеринен қолына жымырықлап услап

шықты. Омыраўларын аршынлаған қайысларын ыйығына ысырып, салы сабанның талындай сарығыш шашларын өрлеп-өрлеп:

— Воот, жолдаслар,—деди гәпин уяң баслап.—Душпан не қылмайды бизге! Наданлық не апатқа ушыратпайды бизди, бир мысалын жаңағы жолдас айтып берди өзлериңизге, бундай бүлингенлер аз емес,—деп, бир-еки жерден мысал келтирди. Халық аралық жағдай, социализмниң душпанлары ҳаққында айта келип:—Еле де арамызда жат элементлер табылады,—деди.—Қазақстанда сондай элементлер, байға салған салықты жарлыға да салып, елди бүлдирип алған жағдайлар бар. Аўыл белсендилериниң дыққатына, биз бул мәселеде қатты сақ болмасақ, болмайды. Бай, кулак турғанда адамның адамды езиўи сапластырылмайды, жарымшылық, күнликшилик бола береди. Биз соны болдырмаў ушын байларды конфискацияладық, қулаққа бай план салып, қысып шығарыў иләжларын көрдик. Мине, усы салық натуўры салынып кетсе, дым шатақ болады,—деп, басын шайқады.—Ҳәзир Казақстан Обкомы айырым жерлерде жиберилген қателиклерди дүзетиў ушын, бар ғайратын салып атыр. Биз қателик жибермеўимиз ушын, жиберилген ҳәр бир қәтеликтен сабақ алып барыўымыз керек. Бирақ, бул, „кулаклар жасай берсин“, дегенди аңлатпайды. Кулактың күн көрис қуралы не—жер, мал, дүнья, усы турғанда олар адам жумсағанын, адамды езгенин, буржуазиялық, капиталистлик қатынасықларын қоймайды. Усы ўақытқа шекем үстеме план салыў менен шекленип келген болсақ, енди оларды капиталистлик қуралы болған барлық нәрседен сыптай етип...

— Хатлаймыз ба?!...

— Хатлаймыз. Оларды сапластырмасақ, буржуазиялық қатынас сапластырылмайды. Сақ болың дегеним, буны орташа менен алжастырып алмаў керек. Орташаны жалпыламай колхозға тартамыз, кулаққа, мине,—деди еки билегин атанақлап.—Енди, кулаклар, жалпылдақ қуйрықлары колхозды „убыжық“ етиў ушын „колхоз көрпе“, ортақ қазан ҳаққында өсек-өтириклерин тарата береди. Дийханды партияның саясатына қарсы айдаў ушын жанын аямайды. Әне, сондайда саналы болмақ керек адам. Оқыў керек, оқыў керек,

еӊ болмаса, оқығанның бәрин „суўдыр“ дей бермей, оқығаннаӊ сорап билиўге талпының.

Сонда наданлықтан қутыласыз. Ертеӊ трактор келгенде „үркитемиз“ деп, астында қалып жүрмеӊ. Үркпейди ол, бир наданлар Қызыл Орда жақта мектеп молласының үгити менен: „көлигин үркитип, Обкомды машинадан жығып өлтиремиз“ деп, астында қалған жағдайлар да бар. Мектеп ашылды, балаларыңызды оқытың, өзлериңиз оқың, билим деген өмириңизше түўесилмейтуғын азық. Наданлық бизиң Социализмге жетиўимизди кешиктиреди. Соның ушын да ағартыў исине атланысты жылдан жылға күшейтип атырмыз. Себеби, мәдений аўдарыспақты иске асырмай, кооперативлестириўди толық иске асырыў қыйы-ын. РайОНО: „пален мийнеткеш ликбезден саўат ашты“ деп, мағлумат берип қойыпты, сол ашқан саўтыңыз мынаў: „колхоз көрпе, шүлен қазан“ қусаған саўалларыңыздан көринбей атыр...

— Колхозда мөлдек бола ма, жоқ па, колхоздан келиң яшуллы!.

— Мөлдек те, бәри де болады. Бурын қалай жасаңыз, солай жасай бересиз, бириккенде ақыл-ой, күш көлик, ири мал, қурал-сайман биригеди, билек биригеди, бириккен билектиң билесизғо, ҳоо!. Ислегениңизге қарап, еӊбек күн, тапсырған пахтаңызға қарап, ақша аласыз. Колхозыңыз тоқ болса, тоқ боласыз, аш болса аш боласыз. Колхозшылар салықтан азат етиледи...

— Ҳо-о, сояғын айтса, аға, гилеӊ алынатуғынды айта бергенше...

— Кириў жөни қалай болады екен, ҳәзир алынамыз ба?...

— Ҳәзир болмай, қайта-қайта жыйлыс ашып отырамыз ба, арза жазасыз жыйналыстын атына. Бай, кулак, улама алынбайды, батрак, дийхан, кәмбағал, орташаға жол ашық. Сораў болса, пожалиуста?...

— Мен батракпан, беретуғыным жоқ, берип кирген күн бере ме?

— Сиздейлер бизиң тирегимиз, ҳеш ким „тәк“ дей алмайды. Кулактан түскен малды сизлер жумсамай, ким жумсайды?...

— Онда тап ҳәзир алың мени! — дегенлер көбейип кетти.

— Ҳе-е, тоқта, ақыры, шундый-әм боламекен!— Шундый орынынан ырғып турды:—Сайымбегке арзаны жазып, берип қойыппыз, әне, қолында!

— Тынышланың!—Сайымбет столды шаппатлады.— Талас бола жақ...

Колхозға қабыл етиўди баслаймыз. Биринши арза келип түсти...

— Кимнен-әй!

— Қудрайберген ағадан...

— Қашан көрсең, сол-ақ шулғынады да жүреди. Мен берермен деп едим,—деди орынынан турып Қурбан.—Қағаз таба алмай қалдым.

— Қағазды беремиз өзимиз. Мурат, сорағанларға бир-бир барақтан берип отыр. Көп берме, өзим дәптерди зордан таўып әкелдим,—деп қапылгты Сайымбет. Адамлар орынларынан турысып, Муратқа қолын созысып: „маған бер, ҳа, маған бер" басланды ма де! Сайымбет қалды бир жақта.—Ҳәй, бала,—деп бақырды столды тақылдатып Сайымбет.—Сен протоколыңнан қалып қояды екенсең. Бай-баай, қой, буны Исиме-ет, сен үлестир!—деди Исиметке ийегин қағып —Жаза алмайтуғынларына жазып бер...

— Сен жаңағы арзаны оқы, үйренип алайық...

— Ал, онда көпирдиң астындағы тынбадай тына қойың, оқыйман: „Жақсылық" колхозын уйымластырыўшы жыйналысқа...

— Тыны-ыш, жолдаслар, даўамын оқыйман;—деди шыраға қыярақ тутып: „Лениинниң тирисинде партияға өткен большевик Тәңирберген улы Қудайберген Шундыйдан...—Пай аға деймен-аў, Шундыйыңды айтып не қылайын деп едиң!... „Арза" дегенниң асты сызылған, жолдаслар. Изин тыңлаң:... Усы арзам арқалы мәлим етип соранаманкий, ол да болса колхозға алыўыңызды. Орталыққа уратуғын еки ҳөккиз, бир байталым бар, ол ҳәм кетсин, шортысним..."—Пай. аға деймен-аў, „шортыснымди" не қылайын деп едиң!...

— Енди орысшасыз болмайсан, ақыры! Шуны ҳәм түсинбейсең бе?!

— Сонда „шортысным" деймекен...

Федотов күлкиден өзин тутып тура алмады. Шундый буған әжепленип қарады да бирден ҳаўлықты: „Не, уят гәп пе, шолақ орысша қун тарттырып жүрмесин, янатағы!" „Яқ, уят емес," деп басын шайқады

Федотов: „Зәлели жо-оқ. жолдас Айымбетов, Қудайберген аға ҳақ көкирегин жазыпты...“

— Сонда да, жолдаслар, сизлер „шортсным“ демей-ақ қойың. Қудайберген аға, неше билек беретуғыныңды жазбапсаңғо?

— Билмеймисең, ақыры! Өзим, Созанай жеңген, Алламберген...

— Ал, енди, қалғанларыңыз билеклериңизди көрсетип жазың...

Топты айырып, Толыбай столдың қасына келди Қолында қағаз-пағазы да жоқ, Сапаров та, Федотов та буны танымайтуғын еди. Сайымбет пәсте отырған Қунназар ақсақалға қарады. Қунназар ақсақал Мәдиярды ымлады.

— Неўе, Толыбай аға?—деп мойынын созды Сайымбет.—Бир нәрсе дей жақпысаң? Түриң қашып кетипти...

— Тек шықпаған жаным тур, инимм,—деп, көзинен жас айналып сала берди Толыбайдын.—Билип турман, мени тағы қатардан қалдырайын деп турсаң, инимм!—Көзинен жас ағып кетти, сыпырмайды.—Я атпайсыз, я қамамайсыз, я қатарға қоспайсыз...

— Неўе, пеўе, не гәп, ақсақал, айгын?—Сапаровтың усынысын еситиўи мәтдал, Сайымбет Қунназар менен Мәдиярды қасына шақырды.

— Иним, Сапаров, Федотов иним, сен де тынлап отыр, мен бир жарыла жақпан! Мен бай да емеспен, мен жарлы да емеспен...

— Онда кулак шығарсыз!

— Кулак болсам, кулак деп қурытын биротала, Сибирге жиберин, бу жүргенимнен өлгеним абзал. Жалғыз инимди де басбашылар өлтирип кеттиғо оннан артықпан ба! Соның салдарынан жалғыз балам жинли болып, әўлиеде қол-аяғы байланып топ болып жатыр. Баяғы алағат заманда басбашыны бир күн күткен екенмен, сирә бармаған есигим, кирмеген тесигим қалмады ғо! Домзақта да жатып, ақланып келип ағырман, сонда да мына Сайымбет инимиз бир аяп, халық қатарына қоспады-ғоо бизди, сирә, бизге гүманланып қарағанын қоймады-ғо! „Кулак қатарында хатлаймыз“ деп жүрген қусайды... Хатлап не қыласыз, қағазды заялап не қыласыз, алын ҳәзир колхозға, иреўине „ўах“ десем, Толыбай атым қурысын. Бирақ мына

журт халық қатары сыйлайтуғын болсындағы адамды, ҳаў, буншелли де өртей бермек болып па!

„Не деп тур бул“ дегендей, тағы белсендилер бири бирине қарасты. Ақсақал аяныштан гүрсинди. Мәдияр да жумсарайын деди. Сурланып турған тек Сайымбет, „Баплағановтай етип, баплап кете ме“, деп турған тек Сайымбет.

— Бурын бай болғанбысыз?

— Сапаров иним, бир ийманы жүзли жигит екенсең, саған ырасын айтайын. Ҳукимет келместен онлаған жыл бурын усы аўылдың малын баққан шопаныман...

— Сонда не деп турсыз?

— Мениң Тасмаңлай деген лақабым бар. Бир байбәтше менен жүз тилләға бәсекелескенмен. Ол: „аўыз қабақты маңлайына урып сындырсаң жүз тилл әаласаң“ деди. Мен: „бүйтип көрингенге қул болып жүргенше я өлейин, я қалайын, қулласы, жоқшылықтан қутылайын“ деп, шәртлесип алып урдық мына маңлайға!— деп, өз маңлайына өзи былш еткизди.—Я, сынық қабақ па, билмедим, я қудай абырай берди ме. қабақ тасталқан болдыдағы, байбәтше бир әзербайжан жигит екен, мәрг екен, заңғар, жүз тилланы сол заматы санап берди...

— Сөйтип не қылдың?

— Ақ қапшықта мутқа қатын алдым. Тери-терсек пенен саўда жүргиздим, соң, усы шағал тоғайындағы үйшилерден үй соқтырып алып, Қазақ арасына кәрўан тарттым, буяққа былғары әкелип саттым. Соңнан питегене хожалық болып едим. Жаўгершилик басланып кетип, қубладан өткен он алты нөкер, қондырмай да көр, үйиме кирип жатып алды. Сойды келип қойларымды, мен не қылайын, үйге кирген жыланның басына қатық қуйып шығардым..

— Ҳәй, Сайымбет, мынаў арзаны кимге беремиз?

— Маған бер де орынына барып отыр. Бир мәслаҳат болып атыр.

— Пәкизе, сыйлап, ертенине атландырып жибердим. Соннан: „бай, басбашы менен қатынасы бар адам“ болдық та кеттик. Көринген батрак доҳ урады. Гөрелик етеди деген Сайымбетимиз бенен ақсақалымыз, бунда терис қарайды..

— ГПУ неге қамады?

— Сол баяғы басбашының қонғанын сорай береди! Қызылларды күтпедим бе мен, жа-ақ, оны сирә сорамайды!

— Басбашы неге инишизди атып кетти?

— Қайдан билейин! Өлген өлип кетти-аў, баламды айтсаң-ә!

— Не болған оған?

— Соның көзинше атып кеткен ғой, нәлетийлер!— Гәпке Қунназар араласты.—Жас бала, бурын өлим көрмеген, ақылдан зайыл болғандағы!

— Сонда да бул белсенди яшуллыларымыз, Сайымбет иним, Мәдияр ғошшым, саған да өкпем бар, бизди басбашыға шатып, жеккелете берди. Ҳәзир көрер ме едим сол басбашыны!—деп тислерин сықырлатып бармақларын тәррийтти:—Мына қолларым менен бууўып ғана өлтирип, жалғыз инимниң кегин алар едим-аў, алар едим-аўў!..

— Енди не дей жақсыз?

— Қалдырмаң, дей жақпан халық қатарынан! Мен бурын жалаң аяқ жүрген адамман, сондағы ишкеним ҳәзиргиден жуғымлы еди, ҳәзир жутқаным зәҳәр, ел үстиндеги инилеримизден, ағаларымыздан көргеним ғәзе-еп! Мени жалаң аяқ ҳалыма түсирин! Алың мына мендеги буйырмағырларды, ҳалымның келгениние ислейин колхозыңызда! „Байман" деп отырған жоқпан, ҳәзир де ҳаялым қазыўда жүр. Пахтаны журттан кем берип жүрген болсам, айтсын мына Мәдияр!

— Туқымында бай болмаса...

— Ўәй, неғыған-ә!—деп Сапаровтың гәпин бөлди.

— Инисин басбашылар атып кеткен болса, ГПУ да тергеў берген болса, ақланып қайтқан болса, сонда не гүман, алындағы колхозға! Шийкилиги сезилсе, ықтыяр өзлериңизде емес пе, солай ма, жолдас Федотов?— Федотов Толыбайға еле сын нәзери менен тигилип отыр еди. Ақсақал: „Сөйтеғойың, ғошшыларым" деди өтинишли даўыс пенен. „Билмедим,—бас шайқады Саекең:—Биз бапланған адамбыз, үрлеп ишпекшимен".

— Үрлеп деп,—деди Федотов:—Дым исенбесең де адам бузылады. Айтың, ақыры, гүманыңыз бар ма, дәлийлиңиз бар ма, бәлким ҳақ шығар?..

— Билмедим, Федотов, дәлийлим жоқ, негедур, ишим жылымайды, билмедим!..

Избасқанның айтып турып жаздырған арзасын Толыбай Федотовтың алдына қойды. Көз жуўырытқан Федотов:„... Лениинниң ўәсияты менен бинә болып атырған колхозға...“ деген сыяқлы лапызы бәлент гәплерге ме, я дым қатесиз жазылғанына ма, „саўатлы екенсиз, оҳо!...“ деп таңланып, Сайымбетке ысырды да: „Даўысқа қойың, журт алмаса, не иләж!“ деди.

— Отыр барып, не бир сен!..—деп, негедур, ызалы буйырды Сайымбет ҳәм арзаны кемсалыйқа қолына алып, журтты берилетуғын затлардың көплигине таңландырып, „ҳаў-ҳаўы“ басылған соң, даўысқа қойып жиберди.

Толыбайды аяғанлар, нешше жыл мүтәжинде қарыз алып қулланғанлар, майына өгиз алып қосқанлар, қазан-табақ қатынастырған қоңысылар тымтырыс. Ҳәр қашан бети-жүзине қарамайгуғын-батрак, онда да бағанағы Сапаровқа „трактор“ десе, „әдеп көйлек-дамбал жаңалайық“ деген Базарбай қылый турмастан бақырды;

— „Кулақты алмаймыз... Малын алып батраққа жектиремиз“ дегниниз қәне, ақыры! Ол кулағыңыз қай қулак Тасмаңлай аға болмаса, ҳаўў!...

— Сен бала, бир энтересный жигит екенсең!—Гапи жақса да бас шайқады Саймбет:—Аяғыңа қоз басқандай келип бақырасаң, бағана да сөйттиң. Кәне, тур орыныңнан үйелип қалсаң да, айг айтатуғыныңды?!

— Айтатуғынымды айтып болдым, енди несине тураман!

— Жа-ақ, сениң Голыбайды „кулак“ деўге аснабанияң бар ма?!...

— Жалаң усындай гәп сеники! Аснабания деген не бәле?!!..

— „Дәлеийил“ деп атырма-ан, ҳа-аў, мусырма-ан, күйдирмесең ә ..

— Ҳә, сөйдесе!—деп болып, Базарбай орынынан турды:—Менде ол айтқан аснабанияң жоқ. Бирақ, кулак! Ал, яқшы, айта қойың: былтыр отыз бес белдарының бири болып, өзим бардым. Қәне, қайсыңыздың отыз бес белдар жумсаўға күшиңиз жетеди; Союзқошы Әшир қара айта берсин, отыз бесимизге отыз бес қара малын көзин мәшшийгип әперген өзи. Қәне, қайсысыңыздан шығады отыз бес мал, онда мына аўылдағы Алламурат шағалды ҳәм аласызлар ма, алың, яқшы, ала қойың!..

— Яқшы-аў, жағамызды жибер, сенәм бир! Не қыламыз, призидум, қәне?

— Быйыл қанша белдар салынды, ақсақал, бул кисиге?...

— Жағдайына бола, бес белдар салдық, жолдас Сапаруп,—деди ақсақал, ирейимшилликке салып, даўысы жалынышлылаў: —Енди, иним, биреўдиң маңлайын тып-тықыр ете берсек те... Өткен жылғы отыз бести айтты жаңа. Бесеўи быйыл да мойынында. Тағы отыз бести салыўды билдик, енди, иним, адам баласы ғо, аза түсип атыр, реҳимиң келеди.—Толыбай аўызын мүйешлеп көз жасын көрсеткен сайын Қунназар елжиреди: —Жалғыз баласының аўҳалын да айтты өзи. Ҳәзир „кулак“ деп хатлағанда да жаңағы өзи бергеннен артықтың барын, әй, билмедим-аў! Басқа жақта қосқаны болып жүрмесе... Мен билмеймен, ғощшыларым, айтарым—елдиң бирлиги. Тағы бир нәрсе шықса „Қунназардан болды“ болып жүрмесин, „хатлаң“ десениз, хатлап беремен, „бирימиз етейик, жаманлығын көрген жоқ едик“, десе, журттың ықтыярыдағы... —Шундый алыныўдың тәрепдары емесдағы:

— Алынсын,—деди орынынан турып, колхозға бережақ заты абзал оған: —„Толыбай“, —деп жаз, Мурат, ҳәрип урыстырып оқып шықтым: еки мойынтырық, бес кисен, кисени өзине, ҳимм, еки қос ҳөккиз, билип қой, төртеў болады! Еки гүнде, төрт пазна, бир ат арба-а, қателеспе, аты менен. Шундый ма Толыбай?! Ҳа-а, ат болмаса арбанның өзи жүрип, ол бир, тырақтыр ма! —деп бийлеп-төслеп кетти. Сайымбет зорға отырғызып, жыйлысын өзи алды...

— Қурбан улы Исимет арзасында: „Колхозға беретуғын затымыз жоқ, бәри ғаррыда қалды, анамыз бенен билек етиң, колхозға уста боламан“ депти. —дей бергенде, Қурбан ушып турып: —Айта береди, жазып қой. Мурат, бир ат арба, гүнде-мойынтырықты жазбай-ақ қой, керегинше соғып беремен, тоғайда не көп, жәнеўит көп, баламыз бенен шығыр соғармыз, колхозға қазыўдан сонымыз абзал, бирақ, өгиз жоқ, Педотов иним, —деди күлип, уятлыдай: —Биз, өнерментпиз, егистен бетер соннан күнелтип отырмыз. Баланың жетегине бизди де тиркей ғойың... Арба, әлбетте, аты менен...

— А-ал, тирке десең тиркедик. Шотан, Есиркеп, сизлерди де, ғошшыларым, арзаңызға бола алдық, ендиги жағы өзлериңизге пайлы...

Арзалар үсти-үстине жалпылдап, дизимлер узайған сайын Сайымбет әдебинде оқыса да соңын шаққанластырып, дауысқа қойып атыр еди. „Жанлық жазылмасын,“ деп ескертиў жасады Федотов. Бир ҳаял шоршыды:

Ҳаў, бизлер тауықты да жазып едик-ғо. бай-бууў!...

— Ешки жазылмағанда тауығың не! Ким қууып жүреди „төте“ леп!...

— Ҳәр ким барын жаздырадыдағы „төтелеме“, услап беремен кетектен.

— Тағы, кетектен басың шықпай қалып жүрмесин, жеңге! —деп уаҳаҳалады арттан биреў. Сайымбеттиң топыр қалеминиң дүкилдисин де тыңлар қулақ болмай, жыйналыстан тәртип қашты. „Айналайын, Ҳәккелек, жазып бере ғой, ағаң жоқта қуймақ қуйып беремен, иләйым, тартылған шандырың жибисип кеткей, жаза ғой,“ деген бир келиншекке керекли болып атырған Муратқа: „Ха, Мурат,—деп созылды Сайымбет. —Аяғыңды пойыз жолдағы ала таяқтай былай-былай көшире бермей жазып бер де қутылсаң-ә анадан, назың болса соң ислерсең, пыртакол қалдығо!“...

—Сен өйтпе!—Шалғайынан басып отырғызды Сапаров. Ыразы.—Журтты сондай ҳеўликтиретуғын пайыт болады, дурыс пайдаланыў керек. Сондайда: „бас“ десең, тауды төңкерип таслайды журт! Аўдарыспақта сөйткенбиз. Бул да бир, сондай мәўирит-дә! —деп еди, Сайымбет шақырып алып: „Гүлайша қызым, сени хошхат дейди-ғо, анаў жеңгелериңе көмеклес, Муратты албыратып атыр-ғо!...“ деп жиберди. Қапталға ийилип:

— Әне, усы қызды да, ағасы Жақанды да өмириншe езеди Толыбай, жолдас Федотов, —деди өкинишли. —Оны колхозға алып жибердик, Толыбайды-ә!

— Толыбай жөнинде айрықша миссиям бар, —сыбырлады Федотов —Оны айтпайман... Өзин көрмеген менен фамилиясын күнде көрип жүрмен. Жақанды берман қаратың,—деп еди, „Қарамайды-ғо, жигин ашайық деген сайын жупласады!“ деди сарсылып Сайымбет. Федотов тағы сыбырлады:

— Толыбайға толық еркинлик берип қоясыз, гүман туўдырсаңыз, бизин аяқтан шалғаныңыз. Та-ак, Әмет

шайтан көшип келеди, бақлап жүриўиңиз керек. —Усы гәп Мәдиярға да айтылған соң: —паш болса, сизлерден басқаға айтқаным жоқ, —деди гүмансырағандай. Сайымбет сазырайды:

— Баплағановтан бир бапланды деп, енди сөйте бересиздағы бизге!...

Соның арасынша басқа мәселелер араласты: „малларды ертең аламыз, сонда көкке жетискенше от қайда, қалай бағамыз, соның ушын ийелери бағып берсин, қосқа жарамсыз етип тасласа, геллеси менен жуўап береди, бул қалай?“ ... „Ертеңнен баслап, өгизлердиң бәрин қосқа қосамыз, биз, жазлық егиў ушын мәўлет алып келген адамбыз, —деди ақсақал.—Шундый инимиз: „маллы колхозға усап, басқаның көзин қыздырайық, Шоган менен Есиркеп бағады“, деп, дурыс айттыаў, бирақ, өристен тутылған өгиз қосқа жарай ма, соны ойлаң, Сайымбежан айдың жақтысы менен айдаўды да тапсырып атыр...“ деп еди:—Әмели ансат,—деди Шундый. —Мал берген маңлайы қатты жүз баў боян ҳәм берсиндағы, жәлки ме!.. “

— Дурыс, —деди Сапаров.—Тәртипте ондай емес, бирақ, боладығо енди!.

— Инилерим —Толыбай басын қысып тур екен — Шаўқымға ма, сақыйнам тутып, жығылып қалайын деп турман. Чай-суў ишсеңиз пахыр шатпа бар?

— Жақ, биз жыйлыс тарқаўдан атланамыз, —деди Сапаров. —Жумыс сондай, ат үстинде қалғып бара беремиз. Барың да дем алың...

— Қойып турың, Токе,—Сайымбет ирикти —Азанда жүз баў бояныңыз бенен арзадағыларыңызды Қудайберген ағаға тапсырасыз ал, урықсат!

Сын көзи менен қарап қалған Федотов, Толыбайды бир ҳаялдың иркип: „бизиң үйдегини көрмедиң бе, қайнаға?“ деп сорағанын, Толыбайдың стол ағаларын ымлап атырғанын көрип отыр еди. Ҳаял жулқынып бери жүрди: „Суўдыр қайнаға...“ деп арзасын көрсетти. Соң таңнан бери ериниң ушты-күйди жоқ болып кеткенин, ойласа қояйын десе, таппай жүргенин айтты „Назарбайдың зайыбы,“ деп таныстырды Федотов пенен. Федотовтан истиң мәнжайын еситкен Базар арзасын жымырықлаўы менен бетине басып, есиктен жылап шығып кетти.

Сапаров мектептин аўҳалын сор п, қызлардың аз келип атырғанлығын, бойрада оқып атырғаилығын, Қурбанов деген комсомол устаға доска соқтырғанын, енди, көрип соғыў ушын бир парта менен тахтадан басқа тәмесиниң жоқлығын айтып атыр Дәўеке.

— Оны ислеўге болады, жазып алың, жолдас Федотов?

Ҳәриплердиң өзгере бериўине қара, жаңа әлип танығанлар тағы саўатсыз қалып атыр. Буяғын еске алдыңыз ба?

— Жақында жақсы оқыйтуғынларды ликбезге бөлдик, үйме-үй шығара баслаймыз, жолдас Сапаров...

— Отыз арзадан аржағы қабыл етилмейди,—деген даўыс Сапаровты жалт қаратты. Қараса, Мурат айтып болып, аўызын сыйпап атыр.

— Онда толып қалды-ғо! Қалғаны басқа колхозға көше ме?!..:

— Көшеди!—Мураттың секретарь қарап турғанынан хабары жоқ.

— Сиз, өйтип, терис үгит таратпаң, жолдас! Так не пойдет!

— Яқ, көшпейсиз-аў, ойнап айтып атырман,—деп, тағы аўызын сыйпалап атырған ҳәккелектиң бир ҳаял, сәррийген аяғына сүрнигип жығылып: „қыршын, қашан көрсең, аяғыңды мылтықтай гөзейсең де отырасаң!“ деп, желкесине түйип кетти.

Әллен ўақытта арзаның изи сәйгеленип, Сайымбет дизимди сыпыртып оқып шықты. Кимниң не бергенлиги айтылды, аз бергенге аз, көп бергенге көп шаппат урылдыдағы, „ертең усы затлар жүз баў бояны менен усықәраға әкелинсин,“ деген тапсырма болды.

Ендиги мәселе правление, баслық сайлаў еди Базарбай қылый:

— Колхозға алмаң десем де алдыңыз, бирлигине—Толыбай,—деп еди, Сайымбет: „Биринши гезекте большевиклерден көрсетилсин, сен отыра бер, Базарбай,“ деп жол тапса да бир шекелеп қарап:

— Неге отыраман, —деди. —Болшойбектен көрсете алмайды деп турмысаң! Мәдияр қайсыңнан кем болшойбек! Бурынғы елиўлик, ТОЗ дың ҳәзирги баслығы, я партизанлығы кем бе!

— Әне, буның болады... Енди отыра қойса, шырағым-ау...

— Әў, қазақтан да биреўи болсын, жазыңдар биздиң Шотанды!...

— Сениң Шотаның, өйтип бир, болшойбек пе!

— Отыр деймен, енди, Базарбай!—деп столды шаппатлады Сайымбет. —Биз ҳәммеңизге де тендей қараймыз, интернационализм дегенди умытпаң!—деп еди, Сайымбетти Федотов хошлады. Қурбан турды:

— Жоралар, мен Сыдықтың геўкеўи менен баламды өлтирип қоя жазладым. „Колхозлас" дегенде Шундый ағаның малақайын Назарбайдың қаншығының алдына зыңғытып едим, бизики қәте екен. Ҳәр аўылдың дәлкекке қолай бир адамы болады. Оның төрели гәпи де пәтиўаға алынбай қала береди. Биз сөйдеп жүрсек, бул Шундый аға дурыс-ақ жолға силтеп, шыр-пыры шығып жүр екен ғой, мен Шундыйды көрсетемен, пәндиў-нәсиятым. исениң буған, Саекеңе.

—Жа-ақ, Қурбан,—басын шайқады Сайымбет.—Сен еле де маған исенбейсең. „Нөкисте жайдың үстине жай мингеседи" десем, „үйиңде шығар" дейсең, маған!—Базарбай қылый бақырды:

— Сен „музда жүзетуғын геме" дейсең-аў, сөйтип өртейсең! ..

— Оқысаң-ә „Еркин қарақалпақты"! Не бақырасаң!...

— Онда бәримиз суўдыр боламызғо!...

— Әне, жолдас Федотов, „газет оқып айтып бериң" дейсиз. Газет оқымастан бурын, мениң атым Сайымбет еди, ҳәзир суўдырман!...

— Қораз шақырып атыр...

— Шақырғанда сени шақырып атырған жоқ, тыныш отыр!—Сайымбет столын шаппатлап, бузылып баратырған тәртипти зорға дүзетип: —Сайлаў даўам етеди.—деди. Сурланған. „Колхоздың ҳесап-китабына байланыслы" деп, Алламберген шундыйды көрсетип еди ақсақал, „онда кишемди де сайлаң, шетинен ҳәмелдар болсын," деп биреў шебине таўлады, деген менен, ол да даўыстан өтип кетти.

Белгиленген бес адамнан қалған бир ғана орынға: „мен өзимди көрсетемен," деп, Дәўеке муғаллим отырғанларды әжеплендирди.

Сайымбет созылды: „Ҳә, сиз колхозшылардың дизиминде жоқсызғо!" „Сиз саўатлы адамсыз, буны халық сайлайдығо, сиз неге өзиңизди өзиңиз көрсетип турсыз?" деп таңланды Федотов. „Оған түсинемен,—деди Дәўе-

ке қас қақпастан.—Медений-ағартыў исине басшылық етиў большевиклик те, муғаллимлик те ўазыйпам. Правлениеде болсақ, мәселени тиккелей қойыўға жақсы. Ҳәзир алың, қолхозға, үйленгеннен соң, билек беремен.
— Президиумдағылар ойланаман дегенше: „Маладе-ес, жолдас муғаллим“, деп үлгерди Сапаров: „Бизге, әне, усындай, өзи тилеп ислейтуғын адамлар керек...“

Баслықлыққа Мәдияр тастыйық етилген соң: „Колхоздың атын „Жақсылық“ деп қалдыра беремиз бе?“ деди Сайымбет. Ҳеммеге ғаўыр-ғаўыр мақуллатып алды да:

— Онда мәжилисимиз жабық,—деди.—Жақсылықта көрискеймиз.

— Әўмийин...—Сыртқа шыққанлар аяқ-қолларының қурысқанларын жазып, ғаўқылдасты: „Ҳай-ҳай, сәўирдиң самалы-ай, садағаң кетейин, колхоз бәҳәри, анаңқара, Қудайберген аға, жаңа күн көк жийекти алтынға сайқаллап туўа жақ“, дести биреўлер,

Ҳәммеден соң шыққан белсендилер аяқ соқпақ пенен Шундыйдикине ардаңласты. Тапсырма жол-жөнекей берилип киятыр. Гедейлер топарының бәри қазыўда: „басына барып додалаң, онысыз кулакты хатлаўға болмайди, колхозға кире алмай қалғанларды соярқта-ақ алып жибере бериң, зәлели жоқ, сандығы дүзиў болса, болды“ деп баратыр ең алда Сапаров. Федотовтың Мәдиярға өзиниң тапсырмасы бар: „Толыбайды үркитип алман, Жақан арқалы әшкара...“

Созанайды көпшиликтиң „тәўеллеси“, Шундыйдын қәтереси менен ғаррысының қасында қалдырдыдағы, Назарбайға қатере тыңланбады. Тағы да толып атырған көп тапсырмаларды берип, атлылар алдына салып атырғанда: „Есиркеп, өгизге от салып тур!“ деп бақырыўы менен кетти Назарбай.

Атланатуғынлар атланып, ат туяғы семген соң, Кунназар:

— Үйиңе барып, от жақ, чай-суў ишейик, —деди Гүлзийраға. —Исимет балам, сен де бар, апаңа отын айырыс... Ыссы писирт, Қурбан, ҳәмелди сизикинде бөлистирермиз...

22

Сол күни түске шекем-ақ Қурбандикиндеги рәсмийсиз мәжилисте „өндирис“ ҳәмелин алған Шундый „мә-

мент“ турып кетип, дәслепки жумысын мал өндириўден баслады. Кешеги ет қызыспада геллелери ғуўласып, „пелен беремен“, деп, жазып салғаны менен, азанда көптен қайыр көрген, я жақында өгизли болып, дым қайырын көрмегенлердиң ишинен бас жипти жылап турып тапсырып атырғанлар да шығып қалды. Малларды хатлап-қалемлеп турған Исиметке Шундый: „қыйналса, арзасын қайтып бер,“ дегени менен ондай адам шыға қоймады. Шундыйда аяқ тапылдатқанды қойып: „Лебизинен тайған қарақалпақты бул әлемнен таба алмайсаң, егер ол ўәдесинен тайса, қарақалпақ емес шығар“, деп, гүйбенип жүрди.

Шундый қойсын ба, сәскеге шекем-ақ өндирип болды да, сәскеден соң, жарамлы өгизлерди, қос-посы менен Исиметке, тағы бир-еки адамға айдатып, Ўақым жердеги жазлық егиспеге жөнетти. Ал, қалған-қутқан, қосқа жарамсыз, баспақ, тана, сыйыр-пыйыр, ат-патларын сол „мәментинде“ Шотанның алдына салды. Ол да бағана „ферма баслық“ деген ҳәмелге илинген. Қайтадан алдына мал түскенине қуўанып, өзи ғой, өзи, Балқуйғанын да, Орынша менен Есиркебин де ертип, тоғайға мал жайып кетти.

Ҳаяллар аўыл-елдиң қазыўында, еркеклер, еки бастан—қосшы. Аўылға түс аўа тағы өли тынышлық енип, үй араларында ақсақаллар қостаңласты. Қунназар Мәдиярға: „Өндирис боянын өндирип гүдилей берсин, Исиметти қазыўдағы ҳаяллардың басына жибер, билесең-ғо, ҳаял халқын, бир отырса астынан ызғар өтип кетер, қостың басында өзиң бол,“ деп атыр еди, Сайымбет:

— Айта береди, Қунназар аға бурынғы дағды бойынша тәртип берип атыр, колхоз баслық өзиңсең, биз тек талап етиўди билемиз,—деди өзиниң үстемлигин уқтырғандай.—Бирақ, билип қой, үш-төрт күнниң ишинде жазлық егисти тамамлап, белдарларды алдымызға саласаң. Мен де Қунназар ағаникинде мызғыйман, бир гәп болса, соникине шап. Оннан соң, бизге Толыбайдың жүрмелин бере тур, атым айыққанша мине турайын. Жем түскен бе, аяғын баса алмайды. Тағы не умытылды, адамлар бүгин кеште дем алса, ертең айдың жарығы менен сүриўге жарайды. Бурынғылай емессең қосың да көп, не еккениң мәпийт, райЗОдан әнжирал келип, жүз гектар жер белгилеп береди, жақ-

сы жерден ал, —деп қанша қыстағаны менен де ис ол айтқандай шарга-шурт болмады.

Асығыс атланып баратырған Сайымбет шалдыўарда буғып отырған Толыбайдың үстине ат айдап: „Неге қазыўға кетпедин?! Айхан-пайханыңды билмеймен, оның өзи бир билек! Сенин пайыңды алып агырған жоқ, хәзир қазыўға сыз! "деп,„ өзиң жалынып киресең, тағы, қазыўдан қашасаң!" дегенди де айтып қоймады, ишке кирип, сырнығып жылаўына да пурсат бермей, жолға шығарып болып, ишин оггай күйдирип, жүрмелинде ырғалғалы да бир еки күн өтти.

Соның арасынша Толыбай Мәдиярға „хаяллар масқаралап атыр, телпек кийгенниң ары бир-ғо, ғошшым" деп, қосшыларға тиленип қосылып еди, бул кәрадағы жумыс өгиз өлтиреди екен. „Не еккениң ғаниймет, қапта қалғаны а тапта қалсын, жер таптан шықса, ырысқал қаптан шығады", деп ғаўқылдасқан дийханлар мезгил менен есапласып атырған жоқ, таң азаннан, айдың жарығы... Түслик те басында. Қыйпақлаўға ҳақың жоқ, „мийнет ортақ, табыс ортақ, абырай ортақ", деп қақыллап, колхоз баслығы Мәдиярдың өзи өгизлерди ысқыртып жүр.

Сайымбет те ўақты-ўақты жүрмелинде шайқалып келип, зәресин үйирип кетип тур еди. Кеше: „қалғанын өзлериңиз еплерсиз, ҳүкуўметке кереги пахта, пахтаң болса, ғалле береди. Пахтаны қар ызғардан еге алмайсан, оған суў ушын қазыў керек", деп, ўаз оқып, белдарларын алып кеткели Толыбай „арқайынласармыз ба" десе, жақ, баяғысы, қалған ғарры-куртаңлар қаралай өшип атыр; „өлиңң, атаңа мың нәлетлер! Ийтлерр..." деп тапқа түпиринип тисленгени менен тына алмайды, таўықтың әдепки шақырымында үйине келип ғылжыяды да „үҳ" тартады Токең.

Сөйтип жүргенинде қос басына сақалын самал тоғанақлап: „Сүйинши, улың келди, төредей жигит болыпты! Ҳәзиреттиң кәраматы қоя ма!..." деп, Сыдық жуўырып келди. Сыдықтың изинен ушып баратыр еди, Мәдияр иркип, көз айдын айтты да: „кеште барарсаң, аға, өзиң көрип турсаңғо"... деп, биймәлел сөйлесе де ууызыйын қурытып, тағы қосқа салды Токеңди.

Күн батыўға мейиллескенде: „ертелеў кетип бир жан садақа тарқатайын" десе де жибермей: „оны кимге

тарқатасаң, ҳәмме исге, ертең усы манға әкел, түски аўхат болсын," деп, тағы гүндени силтеди.

Ертеңине Толыбай, қасында баласы, „түпәләм, келе болып қалыпты", жанлығын арбасына тийеп, қазанын төңкерип, чай-пай, ерик-жийде дегендей, ғарежети менен келди. Пышаққа еплилер де табылды. Қазанды атландырыўға келгенде Шундыйдын орыны олқы шықты. Баланы бүгин қонақтай сыйлап, ҳеш ким: „қос айдасын" дей қойған жоқ, өзи де, пәкизе, параўызлы жипек шапанларын кийип, азада болып жүр еди. „Сен Шундый атанды жибере ғой, бүгин дем ал, қосты ертең айдарсаң," деп жиберди әкеси.

Бала келсе Шундый өз жайындағы байрақты Мәдиярдикине көширип қағып: „Енди кеңсе шу болмағы керек" деп түсип киятыр екен. Арзын тыңлап: „яқшы, бараман, сен оқысаң бой ма! Еситтиң бе, Дәўеке оқытып атыр. Саўат ашасан, жург сорайсаң. Баллардың бәри жақсы, Гүлайша деген атлешный..." деп үгитлеп, қысқа кепкир, узын кепкир, сүзеки, қабат-қабат, демлегенде таўатуғын дәстүрхан алып келсе, сорпа! „Әй, сизлер-әм бир, шорпаға Шундыйдың не кереги бар!" дегени менен, пешқабын аллына байлап, иске киристи. „Буяғын кеште қатын жолласлар жесин, қарын-ишегин ким артып жүреди, бул да кетсин, шортсным!" деп, жартысын териге орап, Толыбайға берди де жартысын атландырып жиберди. „Шундый Төрткүлде төрт қазанды да писирген, қазанды айналасаңә найсап, қайқай исине"! деп, от жағары Базарбай қылыйды да айдап салды.

Қосшылар бир шақырымға шамалас арыда „уйым" болып сүрип атыр. „Уйым" демек, қостан қос үш адым кейинде, келеси тапты өкшелесип алып келе береди. Түйектей он қос бирден айналып, он таптан бирден пуў шығады. Бир қос тоқтаса, бәри бирден тоқтайды, соның ушын ҳәм ҳеш ким былай-былай бултармас. Ең изде диңгекке минген мешелдей бир ғарры: „ба-ай, усыны неге бурын билмедик, бирикkенге не жетсин, үсейтип ҳәмме ислесе, көрейин елдиң ашырқағанын!" деп, „әй, бәўрәкәллә!" син берип, мала менен жымпыйтып басып киятыр, сәл кешиксе соңғы қосшының өкшесин мала шаба жақ. Ең алда қулашлап туқым сепкен Жолдас қараның нәшеси өз алдына!...

Шундый қамырды шымшып, қазанға жиберип атырғанда Қурбанды алдына салып келгенниң "әнжирал" екенлигин ала таяғынан таныды. Бир гүртикти шолп еттирип: „ат кимдики, Қурбан, гүзелген ат миниўди ким қойды саған, кимдики-и?" деди Шундый. „Сени тағы баслық ете жақ, Өмирбай минип келди, баслық боламыса-аң?" „Манлайы қатты, өзин неге шақырмадың, ыссы аўхат жер еди, саған айтаман, Қурбан?" Әнжирал күлип, Толыбай менен аманласты да: „Өмекеңниң дәртин сорама, ашық!" деди. „Ўәррәә, шундый де-е! Кимнин қызына, Қурба-ан?" Қурбан көп сөйлеп кетти!

— Қызық жигит екен! „Қызлардың ықтыяры өзинде! Какой жеңге! Мәмент сөйлесемен", деп, шашын өрлеп, тикке Жақандикине тартып баратыр.—Толыбайдың иши „ғым" ете қойды.—Базардикине зорға жибердим, қыз жеңгеси Назарбайына өкпелеп, жатырғо, ақыры, үйинде! Қазыўға шыққанды да қойды. „Бетим жоқ" депти, билмеймен, қазыўды бет пенен қаза ма!...

Төрт көз түўелленип аўхат тартылды. Журттың „әнжиралды" да биринши көриўи екен. „Гектарды" да түсинбей атыр. Аўхат үстинде буған да түсиник берилген болды. Қай жер қунарлы, қай жердиң өңлеўи қыйын, соннан қашпақ кереклиги де айтылып, жумыс та үлестирилип атыр:

— Қурбан аға, сиз бизиң қосты ийелейсиз,—дейди Мәдияр сәлден соң ертлеген аттай сайланып шығып:—Кудайберген аға, әнжиралдың алдында ала таяқты алып, томпылдап отырасыз. Бунның бир, шөкелеўлери болады, Турксибте көргенбиз...Ат миниң, томпылда дегенге, томпылдап баратырғаны неси, жүз гектар аз жерден шыға ма, яшуллы-аў!... Сөйтип, Турксибте болдым дейсиз, мен де басланбастан алдың алты ай таяғын көтердим. Жетинши айда тик жардан тайып, мозготресение болдым, қайттым сөйтип...

Толыбайға күн батпады, жесирин „талтайған исши" алып кеткендей...

## 23

Оғыры ақ көкиреклиги пәмине салқынын салған жигит екенлигин байы жоқ қатынның үйине сүзип келип, шалқасына таслай сала шылым бурқыратқанында да сезбеди, үсейтип тарбаяқлап ағырып, „ашықпан, жең-

ге“ дегенде сезди. „Не қылғаны, аўылды бассынғаны ма!“ деди әдебинде.

— Ўах, шохла көзлер жүрегимди өртеп кетти, жеңгежа-ан, ишим түтин!...

— Өртегени ырас қусайды, әйтеўир, аўызыңнан түтин бурқырай береди-аў,—деп, бир қыяланқырап күлип қойды Базар да. Жигит:

— Ўәй, я-ғә, папыростың түтини-ғо! — деп атыр оған да. —Ашықлық оты деген, бул, түтинсиз жанатуғын от, жеңге-е!

— Кеше райком: „түтинсиз шам жанады“ деп еди, онда, сол шамнан биреўин жутып келгеннен аманбысаң? —деп, тағы күлди келиншек қасын керип қойып. Жана түйдей жигирмасына шықса да, төрт жылдың қарасын көрген, сары қурсақ ҳаял Назарбайды әтирапында гүбелектей пытырлатқан қыз күниндеги назлы қылықларын да умытпаған екен.

Өмирбай қыялап қарап атыр еди, келиншектин еки бети гүл-гүл жанып, бир гөззал көринди ме дейсен! Орынынан өрре турып, шашларын өрлеп, пасомланып отырыўға өзин ненин мәжбүрлегенин де абайламай қалды. Буның өзгерисин, талай қыз айттырған жигитти алдынан өткерген Базар да мулт жибермей илип алды:

— Әне-е, қыз айттырған жигит, үсейтип, тикейип отырар болар,—деди енди дурысынан келип.—Сен деп сөйлей берейин, енди, солай баслаған өзиң-ғо...

— Пажалыста, жеңге! Оны мен дым кеўилиме аўыр алмайман, сөз еркинлиги деген зәкүнде бар...

— Ҳаўўа, сизлер зәкүнди билесизлер тек. Бирақ, ашықлық дегениң, зәкүнге бағынбайды, қәйиним. Мениң айта жағым, ол да емес, бизиң сени усы екинши көриўимиз. „Адам аласы ишинде“ деген, сениң усы ашық екенинди қайдан билемен мен, „қызды ким айтпайды, қымызды ким ишпейди“, көптиң биримисеқ әлле, шыны ашықпысаң, соядларын билмей турып, араңызға қалай түсемен мен? Ашық екениңе қалай исендире аласаң мени? Мени исендирсең, мен қызды исендирермен-аў!

— Олла ашықпан,—деди көзине жас айландырып. —Нан теп десең, нан тебейин!

— Наннан кетсин садағам, таппай жүргенимиз—нан. Қыз табылар, өйтип жел қолтықлана берме, қәйиним Аз-маз жаслаў көринесен-аў, бала!

— Енди, жеңге, жигирма бес деген, аз жас па!

— Гей биреўлердиң ақылы отызда-ақ толыса қояды. Гей биреўлердики ертелеў. Ленин деген атамыз жигирма бесинде ақ жер титиреткен дабарасына деп еситемиз. Қызымыз, бирақ, ақыллы. Не деген менен, нашар бала-дә, он бес жасар нашарда жигирма бестеги жигиттиң ақылы болады деген де гәп бар. „Баламды бийлеп кетеди" деп, бурынғылардың келинди баласынан он жас кишиден түсиретуғыны сонлықтан болса керек деймен-аў! Қызымыз он алтыға шығады, сен жиғирма бесте екенсең, қызымызды сеннен ғаррылаў көрип отырман, гәптиң лийкинине түсинип отырмысаң, я туртсе де билмейтуғын қыйлынанбысаң?

— Тап, со қыйлынанман, жеңге, жүрегим жарылып кетсе де тоқ етерин айт!

— Мен енди, нашарға тән нәзиклик пенен сөйлесе қояйын деп едим, кел, енди болмады, „тилегенниң қарынына", қатынға тән ғайбарлыққа салып түсиндире қояйын: жеңиллеў екенсең, қарағым, қызымыз сени етегиниң епкини менен үйирип кетеди...

— Үйирсе үйирсин, изинде үпилдирик болып неге жүрмеймен!

— Әне, усы изимдеги үпилдирик жандырып отырған нашарман мен! Ҳәр нәрсениң салмағына бола қәсийети болады, қәйиним. Нашарға үпилдирик емес, бай қусаған бай керек, дәртин, ҳәсиретин бөлисетуғын яр керек Етекке ерип жүрген үпилдирик, нашардың ойының зил түбинде жатырған ақылға жете алмай уўызыйын қуртады. Ақырында нашар байы болса да „байым жоқ" деп, оңашада маңлайына урып, пинҳамы жылайды. Қызымызды мен усыған қыймай отырман, ал, енди, түсиндиң бе гәпке!

Жигиттиң үскини қуйылды да қалды, я әри демеди, я бери демеди. Алдына қойған чайдан да жөнлеп ишпеди Көкиреги бәс пүкил, өшип қалды. Әбигерленгенлиги соншелли, Базардың кем-кемнен реййми де келе баслады. „Адамлар келместен бурын кете қойса" деп те тиледи, жақ, мойыны салбырап, еле отыр. „Бул, дым нашарға бетлесип көрмеген адам қусайды-аў, ҳәммениң тили шаққыдай болып келе бере ме" дегенди ойлаған сайын: „қаттылаў келе қойдым-аў, обал болды аў!" деген аяныш кеўилин табыўдың иләжын излете берди:

— Жатып қалғанша. атып қал деген, бир аўыз айттырып көремен десең, өзиң бил. Ол жағдайда бул аўылда ақсақал атам менен суўдыр қайнағанын сөзин қыйып кететуғын адам жоқ.

— Жақ, жеңге, мен оларға айтпайман, ұхх. Олардан райком еситеди. Анаў күни колхоз қурып, жиптен атлатамыз деп, бир кейис еситтик. Енди, қыз айттырсақ, тағы бәле табармыз. Усы үйдеги яшуллы келсин, соның менен үйине барып кемпириниң алдынан бир өтемен, бирақ, үндемеймен, мейли, қызы да көрсин мени. Мен қалеген менен, мени ол қалемесе, не пайдасы бар?

— Ҳаўўадағы. Бирақ, бул үйдеги ағаң домзақта жатыр, оны „күт" деп айта алмайман, қашан жибереди оны.

— Не қылған, жарасы аўыр ма?

„Бир шарапаты тие кеге ме," деген үмит пенен, күйеўиниң аўырғанын, жумалақты, өгиз қашқанын, жениллетинкиреп айтып берди.

— Ҳеш гәп болмайды,—деп тынышландырды Өмирбай.—Районға бир барайын, Федотовтың тамырын өзим таўаман.

—Сөйтсе, қәйиним,— деп жибисти Базар да —Ал, енди, көзли шешеме мен ағаңнан абырайлыман. Өзим ертип барсам қайтеди, сөзин сынса, өкпелемейсең...

— Онда тек өзиме өкпелеймен, саған не деп өкпелеймен, сөйтсе, жеңге, ағай мәселесин, әйтеўир, сол районның колхоз союзының баслығы болып туратуғын болсам, өзим биймәлел шешип берейин.

— Қәнекей онда, биз де қарыўыңды қайтарармыз, қолдан келгенинше тырысамыз ғой. Айтып бола ма, мен гезбеймен. несийбем гезеди" деген, дуз-несийп қосып турса.. —деп, қомпанлатып, үмитлендирип ертип келди Жақандикине.

Иште Елибай Бийбайша шешейдиң қолынан алып кетейин деп келип, чай ишип отырған екен. Оқыў тарқаған, бактына. қыз да үйинде.

Бой жеткен қыздың үйидағы жоқ-жуқа болса да, барын жылтыратып, ошақ басларын минтәздай етип қойыпты. Елибайды танымаған Өмирбай, „қыз ағасы Жақан, жанымыз усының қолында екен" деген пәм менен, бир қоллап көрисиў әдети болса да, еки қоллап көристи.

— Базар келинбисең, аяғыңның дүрсиллисинен таныйман сени, пай басқан жериңди жеңшип жүересеңаў! — деп атыр Бийбайша көзин айнадан түсип турған ақ таңлақтан айырмай. — Мынаў қай бала, алақаны быпбылқылдақ екен, бизиң аўылдың бел услаған балларына усамайды ғой.

— Бул, түнәў күни алдыңғы колхозды дүзип кеткен бала ғо, шеше, — деди иси түсип турған адамның бағыныққылаў даўысы менен. — Бир, чай-суў ишпекши. Колхозға әнжирал менен жер өлшеп бериўге келген екен, — деп, арзын айтпай-ақ түсиндирип таслады. Буған Гүлайша да, Елибай да түсинди. „Қызы бар үйден, чай-суў ишиў, демек, болғаны. Талтайған исши, керек десе, ақсақал, суўдырлардики қой сойып берсин-ә!„ деген қыял, Өмирбайдың өзинен басқа ҳәммениң кеўилинен кешкен шығар. Гүлайша қырғый қабақлана қарап алып, Өмирбайды қабақ тәрезисиниң бир пәллесине салып таслады да дым көрмегендей, сезбегендей, жумаланып жумысы менен бола бердидағы:

– Ҳә-ә, қәйиним, аўылға да аман-есен қуўыстың?.. Аўырып турдың не, аўнап турдың не! — деп жағдай сорастыра баслады Базар Елибайдан. Үндемегенде де болатуғын еди:

– Балныйсада жатып шықтын ба, Жақан аға? — деп сорап, өзи қысынбаса да Базарды қысындырды Өмирбай.

— Ол қәйинимиз Көк өзектиң ен сөтиспесинде, — деди Базар сөйлей бериўиниң алдын алып ҳәм көздиң тасасынан: „үнсиз отыр“ деген ишәратты да билдирип таслады. — Бул қайинимиз, мына мандағы Тасмаңлай деген қайин ағамыздың жалғызы. Ағасын басбашы атып кетип, соннан шоршынған ба... Сәл аўырынқырап еди. Садаған кетейин, Қарақумдағы пийрлердиң нәпесинен, шүкир, буғырлым шыпа таўыпты...

Пийрдиң атын еситкен соң, енди Өмирбай қанша тыныш отырайын десе де отыра алмай қалды. Оның ҳүкиўметке душпан екенин, қазақ арасындағы мүрийдлериниң түйели жарақ әкиятырғанында усланғанын, ҳәзир де ҳүкүметтиң бақлаўы астындағы адам екенин айта берди.

— Вообшем, вредный адам, өзим өлип кетсем де есигине түнемес едим. Сени, жора, Шымбайдағы Ийбан дуқтыр да жаза алатуғын еди, — деп, қара-ап тур.

Базар отыр қысынғанынан шығып қашыўға тесик таппай. Бийбайша: „ҳимм, шырағым, солай де-е“ деди ҳәм усының менен „ертип келген адамыңның сыйқын көрдик“ дегенди Базарға түйдырып та қойды.

„Пис қазаным бес ай, отырайын, он ай“ дегениндей Алдар көсениң, Елибай да: „қәне, мен де отыра берейин, не дер екен“ деген пикирге бекисти де ен жайыңқырап, дым асықпайтуғынын сездириңкиреп отырды.

Базар да бунын көзинше, тис жарып ҳеш нәрсе демеди, чай да ишилип болынды. Әңгиме биресе кодиреқ, биресе саясатқа дөнип отырдыдағы, Өмекең ҳәзирги қызлардың бас пүкил еркин екенин, қалың малға сатқанлардың да, алғанлардың да қамалатуғынын айтып, Бийбайша шешейдиң таңланғанларынын өзине:

— Соны еле билмейсиз бе, ўай. шеше-әй! Ҳәзир қызлардың қолы бәлент, ашықлар бир бирине еркин қосылады, соны-әм билмейсиз бе, қайда бул аўылдын ячейкалары! Түсиндирмепти аў! – деп, өзи де таңланып отыр. „Гүлайша ғошшым, неше менен оқыйсаң?“ дегенди де сорап таслады. Қыз үндемегени менен, женгеси соңғы колхозға арза жазыспақта тап усы қыздың арзасының тас кескенлигин кәмине келтирип айтып өтти. Өмекең оннан сайын:

— Дурыс, ғошшым, жақсы оқыў керек. Сен билесең бе? – деп агыр.—Қазақтың Алма Оразбаевасы 1924-жылы ҳаяллардың тап Берлиндеги Халық аралық конференциясына қатынасып қайтты. Ҳаў, өзимиздиң мынаў Жумагүл апа не, алдына мине деген исшилериң жалаңбасланып киреди. Соның бәри, оқыўдын арқасында, оқымағанлар, еле Шымбайды да барып көрген жоқ. „Оқыған озар деген“, өзим үйленсем. әйтеўир, келиншегимди оқытаман, қазан-табақ тықырлатып қоймайман,— деп, ойына алып жүрген планын да айтып таслады ҳәм „бул гәпим қалай“ дегендей, Гүлайшаға сынай алмаса да сын нәзерин жиберип қойды. Жигиттиң бет-ажырын дым унатпағаны менен, жаңағы гәплер қызды бийпәрўа да қалдыра алған жоқ. „Әттең, жеңилтеклеў екен, жеңил адам, қашармандағы топтай қолдан қолға қақшылып жүре береди-аў, ессиз! Бирақ, нийети жақсы екен...“ деген пикирди түйып қойды көкирегине. Оқыў мәселесиндеги айтқанлары, муғаллимниң айтқанларына усайды...

Өмирбай Базардың Елибай себепли ашылыса алмай отырғанын билген сайын кете қоймағаны ушын жининен кем көрип отырмады, „аға өлсе, женге мийрас“ деген ой әлле қашаннан-ақ басына ғарғадай уялап, ишинен Гүлайшаны меншиклеп жүрген Елибай да Өмирбайды Базары менен қоса жети атасынан бермаған айналдырып сөгип отыр ишинен. Бир қыйын болып турған жери — мынаў отырған белсендиге жинлишиликке салып бир нәрсе дейин десе, қыз: „еле бул жазылмапты, мен жинлиге тиймеймен“ дей жақ, а-ал, төрели әңгиме айтайын десе, мынаў белсенди: „жин урғанның жуллығы кетпейтуғын еди-ғо, бул жигит өмирде де жинли болған емес шығар“, деп, гүманланып кете жақ. Тап усы ойынын үстинен түскендей:

— Ерунда, ийшан дегениң! Мен ийшанда кәрамат бар дегенге өмирде исенбеймен, — деди қолын былай сермеп.—Ким сени Қарақумға апарса да қәте ислепти, жора-а,—деп, бир сергитип алды.— Сен жинли болмағансаң, басқа кесел менен аўырғансаң, жинли болғанында ийшан жаза алмайды, ийшаның ерунда! — деп, Бийбайшаны өзинен түңилдиргени менен, Елибайды да үйден түңилдирди. Елибай ҳәўлекиленип есиктен шығып кетти. „Ал, яқшы“ да демеди. „Бул еле жининен айықпапты“ деген пикирде қалды қыз. Бийбайша ашыўын:

— Уят болды-аў, ҳәр сөздиң бир орыны бар едиаў, көзинше пийрине тил тийгенге жини тағы атланбаса болар еди, — деген сөз бенен аңлатты. „Ҳаўўа, шеше, ҳеш гәп болмас, бул бала да билгенин ишинде сақлай алмайтуғын, бир, ақ көкирек, қызыў қанлы жигит екен,—деп жуўып-шайып атыр Базар.—Ҳәзирги район басшыларының бәри де қызыў қанлы ғой, оның айыбы жоқ. Район түўе, сорамындағы тылақтай аўыл, мына суўдыр қайнағанын өзиниң демине зағара писеди. Сонда аты Шымбайды сораған төрт шәриярдың бири болған соң бул қызыў қанлық етип атырғандыдағы“.

— Базар келин, сен бул жигитти мақтадың ғой, бала, бизге? — деп күлди Бийбайша. — Бирақ, сен, қызларға женге күнимде өзиме таныс жол менен киятырсаң...

— Енди не қылайын, шеше? Жаңағының ашыўланып кеткенин кеўилиңе мәлел келтирип атырсаң. Ашыў-

лансa ашыўланадыдағы, Тасманлай менен бир, қуда боларман дейсең бе?

— Болсақ, болған шығармыз, Базар. Отыз еки тистен шыққан отыз уруўға жайылады. Гүлайша-а?

— Қабағын алып шығып еди, суўға кеткен шығар, шеше.

— Онда, жүдә жақсы болыпты, мен де „суўға барып қайт" дей жақ едим...

Өмекең екеўиниң бетине жалтақ-жалтақ қарап алып бул да сыртқа суўырылып шығып кетти. Қандай да бир қызғаныш бар еди жигитте. „Суўды бәнелеп, жаңағының изинен кеткен жоқпекен" деген гүман, ҳаўлықтырып шыққаны ғой, сыртқа. Лийкин, Елибай көз ушында қайқаңлап кетип баратыр. Қыз ҳәш жерде көринбейди. Жайдың дөгерегинде шашын өрлеп тарап, пардозланып жүре турды.

— Айта бер, шеше, екеўимиз қалдық...

— Билемен ғой, екеўимизлиң қалғанымызды. Несин айтайын, өзиң де ызым-сызым еситип атырған шығарсаң...

— Еситсем, буйырмасын шеше...

— Өзиңниң ҳабарың бар, бай қурдас кемли күнимизде кисиге қол жайдырмады, әйтеўир. Муштайынан әкеден қалған еки жетимди адам етти, түўе. „Қолымда өскен қыз еди, жақсыны жатқа жибермеймен, қалаберди, бир баламдай болып қолда өскенликтен бе, Гүлайша жат журтқа кетсе, бир жағым олқы түсетуғындай болады да турады, бер усы қызыңды" деген сон, „яқ" дей алмадым, шырағым. Қудайдан жасырмағанымды бендеден неғып жасырайын? Сөйтип, нан сындырысып едик, бендениң айтқаны болып атыр ма, сол нан сындырысқан күнниң өзинде-ақ, күйеў деген баламыздың өлиги келди. Ар жағын айттырып не қыласаң, қыз еле ашым-айрық болған жоқ. Ата-бабадан киятырған дәстүрди өзиң билесең, „аға өлсе, жеңге мийрас" дей ме, я, урықсатымызды бере ме, ояғы еле беймәлим. Жаңағы Елибайдың ашыўланғаны да шылғый қуры емес. Бирақ, обалы неге керек, есигимиз ашылған жоқ, алыс-берис те болған жоқ, тек нан сындырысқанымыз болмаса, ол аз ба, наннан уллы не бар. Баланды бир дәлийил таўып, қайтара тур, мен ҳәзир пәлен дей алмайман, келин,—деп ғана, жыллы сөз бенен қайтарды Базарды. Базар елеге шекем усы хабар-

ларды дым еситпегенине таңланып сыртқа шықса, Өмирбай шылымды үсти-үстине сорып, үмидиўар көзлери менен қарады. Келиншек нәрсе үндеген жоқ, соқпақ пенен кете берди...

## 24

Толыбайдың кештеги садақасы, садақаға усаған жоқ, есигинде бақыртылып сойылмаған соң, атыз басында шалынған Назарбайдың бир ешкисиниң жарпысын өзи де садақа демеди. „Көз айдынға келген қатын-қалаштың қонақ асысы" деди де қойды. Үйме-үй жиберилип, адам да шақырылмады.

Араласып-қораласып жүре берсең, бир өзиң бир шетке тартпай, журт күлгенде күлип, журт жылағанда жылап турсаң, журт та сени айырып таслай бермейди екен. Бурыннан да аўыл-елдиң қатынларына онша жаманлығы жоқ Айхан, бираздан қазыў басланып, бел көтерип шыққалы, бурын күн тиймеген ақ қатынның сыныўларын, бәринен де бетер адам сарсыларлық ҳәсиретин көрип, аўыл ҳаяллары кеўилин көтериўге урына-урына, бара-бара: „өзимиздиң биримиз" десип кеткен. Түсликте бирге дүмше қойысып, шайды бирге ишиседи. Оннан соңғы сәл-пәл тыныспада желке қасысқан машадай шуўақламаларда бири-бириниң сиркелерин сығысып отыратуғын болып қалып еди. Кеткен олжаға қайысқаны менен, күйеўин журттың бурынғыдай шетлетпей, колхозға алғанына да, шаршағанына қарамастан, өзиниң усы жүрислерине де ыразы еди. Тек, жалғыз қапалығы,—қәйинисиниң өлтирилгени, бәринен де бетер, жалғызының жаңағыдай болғаны. Буңдайда „бәри умыт болады, өлген қайтып келмейди, журттың арасында болғаның жақсы, болмаса, жай адамды жеп қояды бундай ҳәсиретте. Ақылыңа ис буйырып, араласқаның дым ғана жақсы болды-аў, бала жан! Қатын дегенлердиң арасы ўақты хошлық, биреўдиң басын айтады, биреўдиң дағысын айтады, дәртиңди умытасаң, жумыстан адам өлмейди, баслықтың ҳаялындай бир ярым шек алмағаның менен бир шек аларсаң, қалып баратырсаң, қолымыздың ушынберермиз, түўе", десип, кеўилин бир көтерип таслайды. Әне, усындай күнлердиң биринде елтиниң жаўлығын желпилдетип: „балаң келди, саўалыпты" деўи, аяп жүр-

генлерди де анасынан кем қуўандырған жоқ. Сол күни ақ үйи жақынлары „қутлы болсын“ ға келип, пийрдиң кəраматына „əлҳаббиз“ десип кетти. „Баламыз супы болып келипти, қустың келиўи менен қайтыўында бир жума түнеп қайтпаса болмайтуғын қусайды ғой“ деген де сөзлер еситилип қалды.

Келеси күнги жанлықтың жартысына аўылдың қатынлары тегис жыйналды. Өзлери писиристи, өзлери қойысты. Гəптен гəп, ошақ басларында шығып турды: „аға өлсе, жеңге мийрас, қəйиниңниң жылы өтер, келиниңди де қолына түсирерсең“, деген гəплерди де Бийбайша жаўлығының қулағының тусындағы кəрасын түрип отырып, усы кəрада тыңлады. Кирип-шығып жүрип, Гүлайшаның да қулағы шалып кетип турды, негедур, еситкен сайын ҳаўлыға береди. Кимнен еситкенлигин билмеген соң айтып бола ма, анаў күнги ҳаяллардың етеклерин түргизип, оттан атлатқандай жиптен атлатып кеткен Өмирбай деген белсендиниң усы бүгин Бийбайшаның үйине түсленгени гəп болып, Айханның жүзиниң сурланғанына қарамастан, гəси ериниң сылпылдатса: „не деп кетти, қатын“, десип атыртап өзлериниң бир тулымшағы қуйылып отырғандай Бийбайшаны ортаға алып. „Бул гəп усы жерде қалсын“ деген Базардың сөзи бар, ол да барынша сыр сақлап бақты.

Жасында ислегени болмаса, соң қара жумыс ислеп көрмеген Толыбай өзиниң жайында Сыдыққа аяғын ўуқалатып, „ҳай-ҳайын“ жеткерип, сыбыр-сыбыр сөйлесиў менен еди. Баласына: „Қатынлардан соң, қудағайды алып қалсын, апаңа аўлағында айтып қой, балам“ деп ескертти. Көк чай изли-изинен кетип атыр, сирə, қанатуғын түри жоқ. „Азанлы берли, қостың изинде урған адымымды урғанда Шымбайға пияда барып қайтатуғын едим, үҳ“ деп атыр желпинип.

— А-ал, сениң ҳалың нешик болар екен? — деди сын нəзери менен Сыдыққа.—Колхозға алмады, мектеп жабылды, қазыўға белдар бермедиң, Шундый „суў бермеймен“ деп жүр, дақылды, сирə еге алмайсаң. Үсир-кеўсенди Сайымбет бергизбейди, жайың, жериң жоқ енди, əнжирал арқан урып, колхоздың ишинде қалдырып кетти. Дара хожалық болатуғын болсаң, колхоздың жеринен шығып кетип егесең. Оған да көнер едиң-аў, Шундый суў бермейди, ал, берди дейик,

жүз гектар деген, пəлен, шақырым екен. Соған бир өзиң сағадан суў берген күнде де салма тартып апара аламысаң? — деп, аспанды төрт ели əкелип таслады. — Бирақ. егин салмадың деп, сени дара хожалықтың планынан қутқармайды, бундағы күниң қалай бола жақ, ҳəзиретке барып, суў қабағын арқалап, томарын геўлемектен басқа илажың жоқ, болмаса, порсып өлесең. Сол жөнлерин барып, қотыр менен ойласып қайт, бизиң жағдайды түсиндир. Елди жатқара берип атлан...

— Баланды ертпейсең бе, түн иши, жыс тоғай, қорқаман-аў бир өзим!..

— Балам бармайды, тутсаң, ақылым сол, тутпасаң, өзиң бил, көтер өкшенди, үйиме жолата бериўге енди сеннен мен де қорқаман. Маған да бас керек. Қəне, бол тез, мен қудағай менен сөйлесип ала жақпан...

Сыдық., əўели, „ойын шығар“ деп еди, жақ, шыны екен.

— Сизлер мени жолдан тайдырдыңыз, əнейдей отырған адам едим. Сениң баланды апарысып не қыламан-аў, қуран услап, ант ишип не қыламан-аў! — деп, тоңқылданып шығып кетти.

Ҳаяллар бирим-бирим кетип болғаннан соң, алдына шақыртып алған қудағайы менен Толыбайдың гəпи қысқа болды.

— Жесир меники. „Жыланды қырық кессең де гесирткедей ҳалы бар“. Тап балаңа биреўди. Мендеги аласысын алып, қутылсын, ояқлар да колхозласса, мениң де маңлайым тақырланажақ, бол қудағай, бол! Заман қандай, заң, қандай. Үйимнен алшаңлағып, ҳеш нəрсе бере алмайман, барын колхозға берип болдым, бүгинги келген белсендиңниң ҳəм пейли-ықпалын билемен. Араға Сайымбетти салса, сен оннан қалың сорап көр, балаң қайтып Ҳəмиўдиң суўын татар ма екен! Күшлиниң самалы дийирман тартып атырған заман бул. Базардай бес-алты əзəзилди изине салса, қызыңның айныўы да қыйын емес, нашар дегенде ес бола ма, ҳəзиргиниң нашарлары жигитине емес, ҳəмелине тийеди. Балаға тезирек есик аштырмасақ болмайды, қудағай, болмайды, ар жағын, қыз болып көрген нашарсаң ғой, өзиң билесең.

— Биз бир соқыр адамбыз. Ким қайда жетесе, кете беремиз. Бүгинги келген бала „қалыңды алған да,

берген де „қамалады“ деп кетти ғой, қыздың ерки өзинде“ деп кетти. Тағы айтаман; биз бир соқыр адамбыз, ким жетесе, соның жетегинде кете беремиз. Қайсысыңыздики дурыс, қайсысыңыздикине ерсек сүринбеймиз, қайсысыңыз дурыс жолға жетейсиз биз соқырды! Малыңызды алып, улымыз ырымға, қызымыз қырымға кетсе, сени де аман қутқармаса, бизиң нийетлеп мал берген қудамыз, бунда кетсе басқа дәрьялардың суўын ишип, болмаспекен бир қыян-кести! Со жөнлерин бир ойланып көрдиң бе, қуда-аў, бахты қара жесирдиң сеники екенин билип отырман ғой!

— Ояғын қамырдан қыл суўырғандай етемен! Тегинликте мен де кисиге жан берейин деп жүрген адам емеспен. Мен саған қалыңды бергеним жоқ, сен алғаның жоқсаң. Баллар бирин бири қәлести де қашып кетти, ашыҡлық деген жаман екен, ағасының жылына да қаратпады. Қәне, қашқанларды ҳүкүўмет қуўдалап көрсин!

Ҳаял тәуир-ақ ҳаўаланып қалды. Өжиреде басқа жан жоқ еди.

— Мениң менен сен, сениң менен мен сөйлескеним жоқпан. Бүгин усы кәрада боласаң, бала есик ашады, —деп еди, ҳаял, тас төбесинен музлы суў қуйғандай, шоршып түсти. Басын шайқады, сурланды:

— Сен бирден жорттыра қалдың-ғо, қуда, — деди кетпеге ҳасасын излеп,— Жақан қазыўдан келсин, соның менен бир аўыз ойласпай, адымымды қыя баса алмайман. Жақ, оған турмайман десең, нан сындырылса сындырылыпты дә, қудай буннан да бетер қарғайман десе, инсап өзинде, мен ўәдемди жутаман да қояман, қатынның ўәдеден тайып атырғаны жаңа емес, —деп турмаға қолайласып еди, жан иймани қалмаған Толыбай: „мейли, солай-ақ болсын, Жақан да келсин“, деп, шалғайын басып отырғызды:

— Сен өйтип, бирден ҳәўликпе, қудагай, ҳаў! Мен сирәдағысын айтып атырман, бирақ, асықпасақ болмайды, ақылға ис буйырып ислеў керек, не қылсақ та. Жанағы гәплер тисиннен шығып кетсе, алды менен өзиңе зиян. Мен иним өлгенде де көнген адамман, маған да оннан қыямети бола қоймас. Сен болмасаң, басқаның қызы. Бирақ, билип қой, — деп тағы даўысын көтерди. — Өмирбайда самал бар, ҳүкимет те қоллапқуўатлайды. Ол берсең қолыңнан, бермесең, жолыңнан,

сениң қызыңды қалыңсыз ала алады, беретуғын зымбықылы да жоқ, лийкин, сениң балаңа, көшедеги бир саллақыны болмаса, тәўир жердиң қызын қалыңсыз әпере алмайды. Ҳә дегеннен „кетемен“ деп, өкпенди қолыңа алып, таяғыңды излей бергенше, көрпеңе қарай аяқ узатып, сояқларын да ойланып көр... Гүлайша, келдиң, бе, қызым, мынаў апаңнын қайтқысы келип отыр. Пәкизе, гөне соқпақ пенен үйиңе апара ғой, қойып тур,—деп турып барып, жүктиң арасына қолларын тығып-тығып: — Мә, мынаны басыңа сал, — деди бир қоса жупқаны усынып.— Ала бер, ала бер, Қарақум ийшаннан теберик...

Қыз тартыныңқырап алды да, анасын жетеп, үйден шығып кетти...

## 25

... Жазлық бийдайды бир шамаға келтирип, алтыншы күни таңнан жолға шыққан жолаўшылар Көк өзекти жағалай жүрип отырды да, қараңғыны түсире берип, қазыўдың ең алдыңғы шегине әбден шаршап. болдырып, шөлден таңлайлары кеўип жетисти. Усы алдыңғы шек, Мәдияр аўылының шеги еди. Қазыўдан қалғанлар аўылдан жазлық егип келгенлер менен ғаўқылдасып сорасып, усы күнлердиң ишинде „Тоғыз ортақ“ та бир емес, еки мәртебе колхозласып үлгергенин еситип, ҳәйран қалысты. Көбиси, ишинде өзлери болмағанына өкинисип атыр. Көбиси, өзлерисиз-ақ ҳаялларының колхозға кире қойғанына қуўанып атыр. Елшилик: „ол өйтип бир. менсиз қоралы малды айдап берип, колхозға кирип ким!“ дегенлер де табылып қалды. Ондайларға: „зорламаймыз, барасаң да малыңды алып, колхоздан шыға қоясаң!“ деп, даўысын көтеринкиреўди Сайымбет ҳеш кимнен үйренбейди.

Бала-шағаларынан хабар, тақан, сөк, дегендей азықаўхатлар келген. Екеў ара, үшеў ара қос басқанлардың бәри де кеўилли еди. Алламурат байдың отыз бес белдарына сорпалыққа берилген ғарры өгизи өз алдына бир жақта балталанып атыр. Толыбайдың бес белдары, бул да өз алдына бир қос. Қәлли жағыстағы Избасқаннан бай белдарларына жиберилген тана, бүгин кеш болғанлықтан, ертеңге қалдырылған.

Ақсақал, батрачком, партячейка, Мурат ҳәккелеклерге бурынғы қосын босатып берип, батраклар әдеп-

ки жайларына кетисти. Белсендилердиң қосын „үлкен қос“ деп атайтуғын еди. Отжағары, бурыннан, Алламберген, бул да комсомол ячейкасының секретары болған соң, „Үлкен қостың“ бир жағында жүретуғын, әне, сол:

— Еки күннен бери арық ақсақал Қунназар атамды сағаға шақырып, бүлдирип атыр, „белдарлардың үш күнде келгени қайда“ деп, айтпағаны жоқ, — дегенди айтып еди, жаңа таңлайы жибий баслаған Қунназар ақсақал, чайнегин ысырыў менен бола берди.

— Ҳе-ҳе, Қунназар аға,—деди әжепленип.—Сизики не қозғалыс?

— Әй, иним-ай, хабар алып қайтайын, ханнан буйрық болса, қарашаға не турыс!

— Оныңызды хан заманында айтарсыз. Нәҳән бир аўыллық кеңестиң ҳүкиметисиз. „Төте-төте“ дегенге, таўықтай жеңил аяқланып жуўыра бермең, бир өзиңиз барсаңыз, ийттей талайды. Отырың, пәкизе, гедейлер топарының жыйлысын өткерип алайық, таңнан бара қоямыз, — деп, ғаррыны орнына қайта шөктирди де: — Ҳәй, бала,—деди Алламберген шундыйға. — Отжағарлыққа Жақанды жибердағы, қоспа-қос хабарлап шық. Ким де ким гедейләр топарының, әлбетте, өзимиздиң ақсақаллықты айтып отырман, ағзасы болса, усы кәраға жыйналсын, мәжилис болады.

Алламберген шундый бәржай етиўге әкесинен батпан артық туўған, қай жағынан да шундыйдын нағыз бел перзенти еди. Жақанды ошақтың басына ошарылдырып, өзи қоспа-қос елпилдеп жүрип отырды.

Толған ай сүттей жарық еди, қөбладан қоңыр салқын самал еседи Бүртик жара баслаған Сары атаў тораңғылларының ийиси танаўға урады. Қазыў басы сирә дүз дегендей емес, арбаларға, көликлерге ерешыққан ийтлер ешеклер аңқырысса қосыла үрип, әтирапқа лолы көшип келгендей болып атыр. Ҳай-ҳай, бәҳәр-ай!...

Әдепки келген батракларға бес-алты жәрге шом буўғызып жақтырды Сайымбет. Ортадағы гүўлеген қаңыратпаның жалыны, қайсысы ғарқ, от дөгерeклеген алба-дулба қазыўшыларды алыс қослардағыларға от айналып ырғысқан жабайыдай етип көрсетип атыр, одағайласып жүрген биреў. Әне, усы одағайласқанлардан Есбергенниң сағада өз алдына отаў тигип атыр-

ғанын еситкен ақсақал, келиўден кете бермегенине өкинди де: „Бизге гәп келтирейин деп турсаң, Сайымбет, шақыртылсын солар мәжилиске!“ деп жалына берди. „Яқшы, сен онда тың атлардан бирин мин де шап,—деди тағы да Алламбергенге.— Исполкомға айт, келсин. Колхозға да аламыз, гедейлер топарының мәжилисин де өткеремиз. Ишинде болсын. Сен партияның он қанатысаң, қыйпақламай сөйлеп үйрен, қыпығың болмаса! Барыўыңнан қайтыўың тез болсын“, деп жиберди.

Тез болыўын „тез болды“, тез болмай қайтсин, Есберген отаўға киргизбей, сөйлеспей жиберген соң! Арық ақсақал шығыпты да: „былай деп атыр,“ депти.

— „Қунназар қораздың алдынғы шақырымында усы манда болсын, Сайымбет пенен райкомда сөйлесежақ, Есекең...“ „Яқшы-ы“, — деди де қойды Сайымбет. Ақсақал ҳәўлире берди...

Сонша дәбдебе менен шақырылған мәжилисти дым созыўға болмай қалды. Қазыўшылар шаршаған, болдырған. Мың ўарра-ўаррадан бир майдан ғана уйқы абзал, бүлбүлдин сести де жақпас еди.

Жақан, Мәдияр аўлының тағы бир-еки батраги колхозға киргенсоң, хатлаў мәселеси қамшыдай шырпылдады. „Бай ма, бай, кәмписленсин бе, кәмписленсин“, деп, өтә шықты. Ҳукимет келгели бундай додалаўдың талайын өткерип, адамлар да кәмбил бәлып қалған, оның үстине, қалып жалшыған бай да жоқ еди-дә!

Есбергенниң ерегиске өте жағын билген Сайымбет рәсмийлестириўге пухта: „Протоколды дурыслап жаз“ дейди Муратқа. Ал, сөйлеген батракларға: „тап усы гәпиңнен танбайсаң ғой, я?“ деген саўалды ежелеп берип қалып атыр. „Ызғар деген жаман, қуяң болып қалмаң, ажырықты қалыңнан төсеп. урың қурылдыны, ерте турасызлар! Иләйым, түслериңизде ҳүрдиң қызын қушып шыққайсызлар, ғошшыларым, ғайратты сала қойың,“.. деп дағытты жийналысты.

Қоразы қосқа баратырғанда есине түсти-аў: „бизиң қораз аман ба, шағал алып кеткен жоқ па?“ „Шағал алмас аў, биреў буўып өлтире ме деп қорқаман. Дым ерте шақырып, белдарларға жақпай жүр“...

Өткен жылдың қазыўына таман Шымбайдағы қоразпурышлардан жеңилип, пышаққа илинейин деп

атырған жеринен ийт муты алынғалы қазыў болса қораз бар, Сайымбет бас ушына байлап жатады. Алламберген; „бүгин өзиң бас ушыңа байлап жат, аға, таңнан мийди тесип бүлдирди“, деп еди. Сайымбет күлип: „Жақ, Қунназар аға байлайды бүгин, бул таңда қораз бәримизден де бетер усы кисиге керек“, деди.

„Есберген қуўырып жесин қоразыңды, өйте берме, бала“, десе де, қораздың шақырыўын күтти де жатты Қунназар. Сирә, уйқы келер емес. Көзи илинген бе, қалай-аў!... Жаслығында әрман болып қалған Жаманшалы хош қылықлы дилбар, мәстанға ма, порханға ма, айналған, таўланып наз ететуғын шығар десе: „тур, пәлекет, тур, көш!“ деп, сеңсеңниң үстинен қырық өримли қамшы жүритип атыр... Бақырып оянды: „жуп пан садақа-а!...“ Қур-қур, пыс-псс... Буннан уйқы бәдәр қашты. Шақырмады да, „со, шақырып кеткен шығар, гәплет, бизди басқандур!...“ Өзинен өзи шоршынып, ерин қолтықлап сыртқа шықты“. „еглеп қалар, жыр табар“ деп, Сайымбетти де оятпады, Алламбергенге сыбырлап: „Аўылда да бир ақшам уйқы болмады, жатсын баллар, өзиң шайыңа қарай бер“, деди де атланды.

Жақ, қораз шақырмаған екен, қораз оның изинен шақырды, жыйналыста қатты ғәҳәри келген Сайымбеттей, аяқ ушына минип, мойынын созып қыйғарақлады.

Бул маннан сағаға шекем, кеминде бес шақырымдай жер бар еди. Айдап отырған адам демде-ақ жетеди. Өз шегиниң ең соңғы қосына жақынлай бергенде, таң намазының ғамын жеп қолына қуман услағанлардан бирли-ярымы: „Қунназар ағаның тап, өзи киятыр, шығың!“ деп ишке сүңгиди. Гедейлер топарының ағзаларынан бул қоста бармеди, я жоқпеди, қостағылар жуўыра-жуўыра шығып, ақсақал менен ат үстинде-ақ қол алысты. Колхоз болғанлығын дым еситпепти оларды айтты. „Бизлер алынбадық па?“ „Бизлерди қазыўға жибере берип, өзлериниң тымпыйысып, колхозласып келип отырғанын қара!“... „Бизиң ҳаял питегене жазлық сала алды ма, жерин өзим гүзде кетпенлеп таслап едим...“ дегендей саўаллар буршақ болып жаўды. Әлбетте, булардың бәрине жууап бериў, жуўап берейин десе, күн шықпай Есберген отаўына жетиўи керек еди, деген менен, „Есберген шақырып атыр,

асығып баратырман", дейин десе, өзин соншелли пир тутатуғын пухарасының алдында абырайын төменлететуғындай, айтпадыдағы, ҳәр қайсысына бир түсиник бериўге қарады. Сөзиниң ақырында:

— Ал, енди, жигитлер, аўҳалларыңыз қалай, сөйтип? — деп еди, тоңқылды бурынғыдан да күшейип кетти:

— Кеңестиң адам урмағаны қайда!— деди бир орта жастағы, қыстырғыш дегелейли биреў.—Есберген қабақ келип, кеше анаў қостағы биреўди қамшылап, қулынындағы даўысын шығарды!

— Сандалама, — деди ақсақал.— Журт „бадырақққа ҳүкимет исенеди" деген сайын, ўәй, сен-әм бир...

—Яқ, ырас, Қунназар аға! —деди биреў.—Елиў белдар салынған Шынықул байдың өзи белдарларының басында тур екен. Бир белдары аўырып қалғаны ушын, болыстың өзин ултанға басып қойыпты!...

„Инсап, инсаап,.." деп, арғы жағын айта алмай: „ал, яқшы, жигитлер, ғайратты сала бериң. Есберген жанға өзим кейирмен", деп жолға түсти. Жары ортаға барғанда: „бир белдары аўырып қалғаны ушын, болысты ултанға басып қойыпты..." деген кисиниң даўысы қулағында саза болып жаңғырды да: „бизиң белдар түўелмекен, соны неге сорамадым" деген ойы өзин шоршытып жиберди. „Жа-ақ, еле де сорап қайтайын! „Неше белдарың кем" десе, не деймен..." Атын лаппа бурды.

Шыққан күнниң нуры менен бирге, ултанға қазыўшылар да түсип үлгерген мәҳәл еди. „Ҳарман!" „Бар бол"... „Ўай, бәрәкәллә, шерлерим, ғайратты сала қойың!" менен жармысты жағалап киятыр.

— А-ал, Қунназар аға, колхоз деген қандай болады екен, гедейлер „колхоз болыппыз" деп келди-ғо, сол ырас па?

— Ыра-ас, ғошшым, ыра-ас?!

— Бизлер жалланып келип едик, ҳақымызды ким төлейди онда, шәртнама күшинде ме!

— Күшинде-е, ғам жеме-ең! Кеңес ҳақыңды күйдирмейди...

Гилең усындай сөз бенен аўызы-жағы тынбағаны қурысын, ақсақалдың жүриси өнбей киятыр. Адамлар ултанда турып қышқырысады.

— Сизлердиң адамыңыз түўел ме?!

— Ўақым жаранның Аллабайы ақшам қашып кетипти.

— Есберген еситти ме, ўай, оңбаған-ай, қашып гөрге барма ма, еситти ме Есберген?!

— Я-ақ, ол саңмурынның үш адамын еситти. Пай, баплады-аў, Ақтөрени қара төре етип жиберди-ә! —Ақсақалдың ети жуў ете қалды.

Өзиниң ҳәм қосына жақынласып қалған еди, „енди усыннан барсам, Сайымбет те ере шығады. Бул Есбергеннен де қан қызбалы, екеўин жағаластырып алып, көпшиликтиң көзинше „ақ байтал“ атансақ, сонша жыл „Қунназар ақсақал“ атанғанымыз қайда! Қой, не зәҳәри болса, өзим жутайын,“ деп, атын тағы сағаға бурды.

Сағаға жақынласқан сайын буның менен сорасқан ийт болмады, лийкин, „ҳармасынына“ жуўап берип, тап бир гүцелектей, былай-былай қараў да жоқ, өз жумысы менен бола береди.

— Бул қарағанды қаздырып атырған ким, ҳәй, иним?

— Ҳооо, әне, қаздырып атырған, — деп қолын шошайтты белдар. Ақсакал бармақтың ушына қараса бәлент дөңниң басында Алпамыстың Байшубарындай Есбергенниң ала аты қаңқайып турған екен. „Саясат басқа нәрсеге жарасса да қазыўға жарамайды, буған қаталлық керек, Кунназар ақсақал. қаталлы-ық, адамларыңызды бос тутып атырсыз! Күни-түни басында шүдигардың ала ғарғасындай қостаңлап жүрсеңиз де бизиң ала ат қурақым абайыңыз жоқ“ деп еди гүзги қазыўда. Ядына сол түсти.

Бул ўақытлары, отаўға от жақтырып, дүмше қойдырып, текийментлерди де қат-қабаттан төсеттирип, „чай қайнағанша жақын-жуўықты аралай турайыншы“ деп ыраш жағалап киятыр еди. Қараса, көз ушында ыраштың басына қондырылған атлы қаҳарманның мүсининдей биреў, қамшысын әбден силтеп, пәстеги белдарлар менен бир нәрселерди сөйлесип тур. Есбергенниң кеўилине тағы бир исполкомның председатели шығып, ҳуқуқына қол суғып атырғандай, қызғанды. Атлының өзин жүдә еркин сезиниўинен, „обылыстан келген биреў емеспекен!“ деп, бир қолп етиўге қолп етти, қолын гөлегейлеп қараса, жақ, басында шөгирме, ояқтың ҳәкимлери бундай кийип келмейди,: „Ҳимм, Қунназар екен-ғо, Қунназар! Мөриң аўырлық етип жүр-

ген шығар сениң! Шақыр, ананы!“ деди арық ақсақалға. Арық аксақал, бул да өмиринше қазыў қаздырып киятырған, билгишлиги жағынан, тап, анаў-мынаў „әнжиралдан“ қалыспайтуғын Юсип арық ақсақал деген, Кунназардай халық бир қәдирлейтуғын адам еди. Исполкомның минезин биледи, „Қунназар аға-ғо, өзи киятыр, келер“, деп айта алмады, ырашгың басы менен сүрнигип-қамығып, қаңғалай жөнелди.

— Ал, аға,— деди сәлемин берип. — Тилин тауып сөйлесе гөр. Қабағын ҳәзир жарылып кетейин деп, шыртылдап тур,—деди де аттың алдында жортыў менен болды. Қунназар ақсақалдың басынан: „кейирмен, өкпемди айтарман“, деген қыял пуў болып ушып кетти-ә!

Отаўға елиў адымдай қалғанда қалай да, сыйлап үйренип қалған Юсип арық ақсақал, Қуннaзардың аттан түсиўине көмеклесип, еситпейин деди ме, шылбырын алды да: „өзим байлайман, аға,“ деп, былай жетеп барып, бир жыңғылдың түбирине байлады да, қазыўшыларды аралаған болып, отаўдан алыслағанша асықты.

Есберген отаўдың алдында бир билегинен сырты торлы қамшысын салбыратып, еки қолын бирден қумның қулағындай етип, аш бүйирин таянып тур еди. Соны көриўден, өзине қарсы жүрмегенинен-ақ ақсақал: „жасы киши ғой, баламыздай адам“ деген үмитинен де журдай болды „Зәлели жоқ, жолы уллы, сонда да, қартайған сайын, жасы кишиниң сәлемине зәриў бола береди аў, адам!“ деген гийнелилеў көкирек пенен, көп компек тамырлары билеўленген қолын созды:

— Ассалаўма әлейкум, Есберген жа-ан..

Есбергенниң қағып жибергенлиги соншелли, ақсақалдың созылған қолы өзиниң көкирегине барып, „сарт“ ете қойды.

— Сәлемиңе сәлле ал-ә! Жети қазыўшы қайда!..

— Қазыўшылар келди, Есберген жа-ан...

— Кашқанларын айтып турман саға ан!... Үш күнге урыхсат алып, сонша қазыўшыны ертип кетип, алты күннен бери қайда жүрсең деймен мен саға ан...

„Патша қәҳәрленсе, оннан қашпақ керек. Қәҳәрленгенге қәҳерленсен, қанын қайната бересен,“ деген әлмисақтан қалған уғымы бар, Қунназар ақсақал өзин зорлап, „жибитейин“ деген үмит пенен, мыйық тарты-

ып, күлди. Буны „мысқыллап тур“ ға жорыған Есберген:

— Бойрада күлгирр! — дегенин биледи, ғаррының жуқа дуўхат шапанының ыйықлығын қамшы тилип-тилип өтти:

— Мөрди әкел деймен, нәлетий, мөрди әке-ел!

— Есиңди жый, Есберген жан, есиңди жый. Мөр де табылар!...

Қалта менен, зәмбер менен сыртқа ылай шығарып атырғанлар, ақыра қайырып атырғанлардың, мынаны көргеннен соң, зәрреси қалмай, бурынғы шырпылдасыў — шырпылдасыў ма, ўа-ай...

— Әкел мөрди деймен, ултанға басылмасыңнан бурын!...

Қунназар ақсақалдың мақбал бүрме ҳәмияндағы мөрди тутқан қолы қалт-қалт етип турды да:

— Мә, шырағым, мөриң. Енди бизге мөрдиң кереги жоқ, абырай қалмады бизде. Бирақ, бүйтип азап бере бермесеңо журтқа, өсип-өнериңе жақсы...

Ҳәмиянды қақшып алып: „бар, баратуғын жериңе, ертең партбилетти де қоясан столға! Тур, жоқ бол!“ деди де отаўға сүнгиди.

Кеңес түўе, патша заманында қамшы жеп көрмеген ақсақал, мурынын иштен шыққан кәбаптың ийиси қымыршытып зеңирейип әри турды, бери турды. Өлдим азарда өзине келип, есин жыйды да атына минди. Ҳеш ким зәңгисин де баспады, қолайласқаны менен Юсип арық ақсақал да батына алмады, кеўилине, Есберген шийден сығалап турғандай туйыла берди. „Бул күнлери ҳүкимет шеп көрген адамға жақсылық етсең, соның қуйрығы болып, урылып кетесең,“ деген уғым бар он да да.

Еңсеси түскен, атын да тежемейди, бул дүньяда өзиниң бары-жоғынан да бийхабар адамдай аңырайып кетип баратыр ғарры. Ҳеш кимниң бунын менен иси жоқтай, бунын ҳеш ким менен иси жоқтай қараса жаңағы тутымнан көзи қорқып қалған аламан төмен буғыўы менен улыпысылды болып атыр. Арқаламай зәмбершиге, зәмберши ақыра қайгарғанларға, олар ултандағыларға сыбырлап, аңғардың ишине хабар қашшан самалдай қуйылып, сағадан аяққа бөгети алынғандай шапшып ақпақта еди. Қунназар ақсақал соны сезди, усы аламан, өзин масқаралап, күлип турғандай

сезилди кеўилине. Ең болмаса, Есбергенге бир аўыз да қатты сөз айтпай кеткенине, ҳуқуқын болмағаны менен, өзиниң адам екенлигин, таяқ жеп үнсиз кете беретуғын ҳайўан емес, сонша жылдың машқаласы ағартқан сақалының абырайын қорғамағаны ушын өкинди. Өкинди де атын отаўға қайта бурды. Журт буны да көзиниң қыйығы менен көрип қалып турды. „Бара айқасармекен, өлермекен қолында, сөйте қойса исполком сақтынан сынар еди-аў!" деп, өзиниң қолынан келмейтуғын мәртликти Юсип ақсақал да Қунназардан үмит етип қалды.

Есберген сүттей гүўлеп тез тасығаны менен, бир сапырса қайта қоятуғын, қайтымы тез адам. Өзиниң әнтеклик ислегенин отаўға сүңгиген бойы-ақ сезип, ҳәзир ақсақал келип, аяғына жығыла қойса, мөрин берип жибериўге де қайыл болып отырған еди. Отжағар: „Қунназар ақсақал киятырғо қайтып!" дегенде, „мөр керек болса, келмей де көрсин, жаны мөрде булардың!"—деп, еситтирип айтқаны менен, ишинен: „қандай жыллы гәп тапсам еке-ен?" дегенди ойлай баслаған еди. Кем-кемнен аттың дүрсилдиси жақынлап келе берди. Туяқ дыбысы жетер жер түўе, елиў адымнан бермағанына ҳайўанның изи түспеген отаўға ақсақалдың атлы киятырғанын сезип, мөр бериўден тағы айный баслаған еди. Түриўли турған жез ший есиктен әдеп, аттың туяғы, Қунназардың геўиш-мәсили аяғы, шапанының шалғайы, оннан соң барып, көп еңкейгенликтен, аттан жалына тийе жазлаған сақалы көринди.

— Есберген жа-ан, — деди ғаррының даўысы дирилдеп. — Бул не қылғаның шырағым? Иләйым, бала-шағаңнан аўлақ, туқым-теберигиңнен аўлақ, хеш қашан адам қарғап көрген жоқ едим. Иләйым, мөриң маңлайына басылып, мениң сақалымның ағына жетпей, жигит жүўернемегиңнен кеткейсең, шырағым, басқа айтар гәпим жоқ, — деди де атына қамшы басты . . .

Ҳәммени шекли-шегине салып болып, „ үлкен қос" тағылар чай-пайына жаңа жайпарахат отырған еди. Сырттағы дүрсилдини еситип:

— Әне, келди Қунназар атам, — деп, Алламберген сыртқа жуўырды. Кела атын жылаўлағанға ма, я „мениң де қәдиримди белетуғын, еле сыйлайтуғын баллар бар екен-ғо," деп, елжиреди ме, ғарры өзин тутып тура алмады. Кунназардың сақалынан жумалап киятырған

жасқа көзи түсиўи мәтдал, атты жылаўлаған күйи, Алламбрген бақырып жиберди:

— Сайымбет аға, бери шық! Бир гәп болғанға қусайды . . .

Жаўгершилик жыллардан сүйегине сиңген әдет, Сайымбет ҳәршеңки жағдайда шыға шабыўға таяр отырады. Ҳәзир ғой, жаўгершилик жоқ, лийкин, қазыў мапазында „мен көп алдым, сен аз алдын“ деп, телпек дирилдеспектиң артынан бел алысып жууырысыўлар, жаз айларында жар қулап кетип, я „шомыламан“ деп жүрип, сууға кетип өлиўшиликлер болып туратуғын жағдай. Сондай ма деп, Сайымбет дәстүрханның үстинен сыртқа атлықгы: „Неўе, Қунназар аға, өлимжитимнен аман ба?!“.

Қунназарда үн жоқ, қосқа баратыр, даўыс шығармағаны менен бержағы. Сайымбеттиң оннан сайын иши пытырлап, қосқа жеткенше де шыдар емес:

— Ким өлди-и, Қунназар аға, айтсаңа, ким өлди-и! ... —Қостағылар үрпейисип-үрпейисип, жамбасын шаян шаққандай өрре-өрре турысты.

— Қунназа-ар! . . . — Ғарры тарғылланған даўысын қамсыға созды: — Қунназа-ар өлди, Сайымбет жа-ан, ҳәә . . — Ғарры маңлайын сүйенип отырып та солығын баса алмады. Бир нәрсе уққан Сайымбет: „Сен неғып турсаң! — деп бақырып жиберди Алламбергенге — Атты ерле-е! . . .“ Алламберген Сайымбеттиң ерин қолтықлап шығып кетти. Әтирапында өрмекшидей айланып, ақыры: „Айтсаң-ә, Қунназар аға, ҳаў, айтсаңә, берекет тап! — деп, еки алақанын еки жаққа силкинип турып жайды Сайымбет: — Айтсаңә, аға, айт!“

— Ҳәәй, инам-ай, айтарлығы жоқ буның, отаўға киргизип сабағанда ма, тикленип қарасам, еки көзим парта шықсын еди, аржағы Буйдалы, бержағы Бақыйшанның аралығындағы қазыўшылар еситти-аў, сонда Қунназар өлмей ким өлди! Сонша жыл „халық-халық“ деп, ат шаўып, сақалды ағартқандағы, „Кеңес келди, ҳүррият болды“деп, көкирегимиз қарыс айырылғандағы, сө-өйтип, күндиз тынбай, түнде жатпай жалпылдап, бес ўақ намазды тәрк еткендеги жей жағымыз Неколайдың тусында жемеген қамшымыз екендағы! . . .

— Не қылды, Қунназар аға, айтса, тоқ етерин . . .

— Не қылғанын еситепй атырмысаң, Есберген сабап-сабап мөрин алды . . .

— Ҳа-а! — Көзин шатынатты Сайымбет: — Неге бересең! Есбергенниң әкесиниң мөри ме?! . . . — Буннан артыққа шыдамады, сорамады да, сөйлемеди де, қостан суўырыла шығып, атына минди. Ере шыққанларға: „усы жерде қалың, басшылық егин қазыўшыларға! Айтың түсиндирип, қашпасын. биз Есберген ушын емес, өзимиз ушын, бала-шағаның қулқыны, халықтың ғамы ушын қазып атырмыз қазыўды! “деп буйырды. Партячейка секретарының пәтин жаман көрип, „бир бәлеге жолығып қалар“ деп қорққан Қунназар билдирип қойғанына өкинип, ағының жылаўына бара жабысты:

— Бир ашыўыңды бер, Сайымбет жан, айып өзимде, өзиңди бас, Сайы . . .

— Қаш деймен жолдан, Қунназар аға! Ол ғана әкеңниң аўызының контры . . .

— Ҳәй, бәдбақ, аўыз сөкпе деймен . . .

— Сәктим бе мен! Қаш жолдан, Қунназар аға! Ол большевик еме-есс, контр, усы партияда сол туратуғын болса, онда мен шығаман! Турмайман оның менен бир партияда, турмайма-ан! Кеңес ҳүкиметине қарсы көтерилис тайынлап атыр ол, билесен бе сен соны, Қунназар аға-а! Кимлерди сабағанын еситтим Алламберген нен, ҳаа-а, жүре бериң сиз көринген контрдан таяқ жеп пырқылдап жылап келип! . . , — Атты тепсинди де өтә кетти.

Атының туяғы ылайды омбалап, жол-жөнекей бақырып баратыр:

— Ҳармаң, арысланларым! . . . Ҳеш ким зейниңизге тийип, шыбық силтеген жоқ па, әйтеўир, қорқытқан-үркиткен жоқ па? . . .

— Билмей сорап турмысаң, я билсең де масқаралап турмысаң, үҳҳ . . .

— Аўызыңа бек бо-ол, Есберген түбине дуз қуяр! Қунназардан қалайсаң! . . .

— Сөйлесеми-из! — дейди шәртимекленип: — Қазыўды қорққаныңыздан қазбаң, бала-шаға, умуўмый халық ушын жан ашытып, саналы түрде, коллективлик руўҳта қазың, Есберген ушын қазбайсыз, ҳаўўа! Партияның „Жасасын, еркин мийнет!“ деген сүрени бар. Соған ғылап ислегенди көре-ем-из еле сөйлесип! Жан ашытып ислең, Кеңеске гидирандай гийне қылмаң, ҳаўўа, Кеңес: „адам саба“ деп, ҳеш кимге пыраба берген

емес! Жазып қойың ким урған болса, бира-ақ, бир аўызы да өтирик болмасын...

Сорап қараса, кешеги өзлери жоқта қашқан жети белдар, кими өкпелеп, кими таяқ жеп зытыпты. Елшилик, обком түўе, Сталинниң атына жәмлесип жазып қойғанлары да табылып қалды. Қолға нақ түскен төрт арзаны ат үстинде оқып шығып, бурынғыдан да бетер ҳаўлықты Сайымбет: „Әстаў... тас болмаса, көтерилис шыға жазлаған екенғо, исиңнин аты жоқ, Есберген қабақ, Толыбайдын қабағындай пыт-шыт болмасаң, суўдыр атым қурысын!...“

Ендиги жағында ҳәйле-пәйлеге қараған жоқ, ҳеш жерде егленбеди де. Намазға айтып баратырғандай атты бар шабысына қуйылдырып отырдыдағы, отаўдың дәл тусына келип, езиўи жыртылғанша кекшийтип, көзин оқыйтты да атты тикке шаншылдырды. Отаўдың артын түрип атырған Юсип арық ақсақалға: „Бул қай көргенсиз, шақыр мунда!“ —дегенинше болмады, Сайымбет дарағашқа қонған қораздай ердиң үстинен, атын қоя берип, лақабы менен шақырды:

— Қабақ, ҳа Қабақ, маңлайына мыйық қағылғыр қабақ! . . . Шық бери, шық! . . .

Қыранның шаңқылдысындай мына сестиң алысқа кеткенлиги соншелли, анаў ултандағыларға шекем бир зум демлерин иштеп алысты. „Ис бунша асқынлайды,“ демеген, Есберген де албырады.

Сайымбет оған мәлим. Район жыйлысларында: „Самокритика дүзетеди бизди“ деп, Ленин айтқанғо,“ дейди де бети-жүзине қарамай райондағылар түўе областьтағыларды сойып салып отыра береди. „Сонша қазыўшының көзинше ис арттыра ма!“ деген қаўип бар, шықпайын десе, „ең болмаса, Қабақ демей үнин өширсе еди-аў!“ . . . „Отаўына от қояман, контра, шықпасаң!“ —усыны еситиўи мәтдал: „байлатып ғана таслайын, контрасы неси!“ деген пәт пенен атылып шықты да қамшысын билегинде салбыратып, қумның қулағындай қос бийирин таянды: „Әдеп қайда деймен мен саған, ҳә, атаңа нәлет! . . .“

— Әдеп урғай сени! — Қамшысын шошайтты: — Әкел мөрди, ҳә, әдеп урғырр! – деп үстине ат тепсине бергени, Есберген ишке қалай суңгигенин билсе! Қалдаўрап келип қалған Юсип ғарры: „Өзиңди бас, Сайым-

бет жан, мөр де табылар, ишкерилеп кәбап же "... дей жақ еди, аржағын айттырмады.

— Кәбап жейди-ә, ҳә, күшала жегир! Журт жармаға шалшымай, күни менен ултанда жүрип, түни менен сабанда жатады, бул үстине „сақана“ салдырып отырады! . . . Қәне, Қабақ, қабағыңды шертесең де мөрди маған берип, ақсақалдан кеширим сорайсаң, сөйтпесен, „уштым“ дей бер, контра!

— Усы жалаң ушын райкомда жуўап бересең, мятежник, жит енди! . . .

— Мәрт болсаң, кетекте жатып үрме, шық бери! . . . Яқшы-ы, көзинди бақырайтып, мөрди бюрода аламан! — Сайымбет атты бурды да қамшысын шырпылдатты! — „Көзинди уясына салама-аң!“ — деген қыйғырығын аттың екпининен сытылган самал Есбергенниң қулағына „лып-лып“ жеткерип өтти.

Түстен кейин Есберген: „контра деди, ә! Бул сарпайды ҳеш қашан маған жаўа алмайды, усы, жаласы ушын, көре қал, суўдыр ҳә-ззир пәсине қайтып келип, аяғыма жығылады,“ деген үмит пенен қарсы сыртқа шығып қарап, қарсы ишке сүңгип, бийтақатланды. Бир дүрсилди киятыр еди: „әне, айтпадым ба, келди суўдыр, кеширим бермей бир ийт азабын көрсетейин,“ деген ой менен, жүзине де қаталлықты ендириңкиреп‘ шапанды да желбегей салып, көпшикти ысырып таслады да тикейип отырды. Ишке бессарыдағы алыслаў аталас бир белдар келди де:

— Суўдырдың пәти жаман, таяқ жегенлерден арза жыйнап кетти. Әмеки болғаныңыз ушын айтып атырман-аў, ойлап көр, шатақ шыққандай болса, алдын аларсаң. . .

— Кимлерден жыйнады?!—Есбергенниң ети жуў ете қалды.

— Жараннан, Толыстан, Бексыйықтан, Өрдек аўылдан . . .

— Бессарыдан-ше, бессарыдан?!

— Бессарының жигитлери әмекисиниң абырайын төгип, жини бар ма! Оннан урмаған да екенсиз . . .

— Онда „ҳеш кимди урған жоқ, Сайымбет келип, абырайын төгип кетти“ деп, бессарының жигитлерине қол қойдырып алып кел. Тез бол, Юсип ақсақалға айт, атты ертлесин, мен қалаға атланаман . . . А-ал, жеткер жаңағыны . . .

Сайымбет қара қуптанда келип, қостағыларды өрре турғыздыдағы Қунназарға „атланамыз, қабақ қарап жатпайды" деди. Ақсақал бас шайқап: „Сабыр ет, Сайымбет жан. Сабыр ет, елдиң бирлиги бузылмасын. Есберген жан таң атқанша ойланар, қабақ деген менен, қабақ та бос емес шығар, ойланар бир нәрсени, кеширим сорар келип. Келмесе, усы ўақытқа шекем, ақсақал болғанымда шақ шықты ма маған, енди жаслар ислей берсин, мен мөр даўласып райкомға бармайман, бул мениң өмирде ислеп көрмеген кәрим, Сайымбет жан. Арымды арлап,ат терлетип қайтқаның ушын алла зият етсин сени!" деп, кес геллем көнбеди. „Сен, Қунназар аға, бунның саясый жағын көрмей отырсаң, —деп күйинди Сайымбет.—Бул адамларды ҳүкүўметтен жеркендирип атыр, мынаў не деген арза, қара, усы тутым тағы бес ай даўам етсин, бир ыңқа-ыңқ бас көтериспени көр, ешекке де қынаны көп бассаң сәдде урады! Сен ески кәтқудалығың менен ҳүкиўметке зиян келтирейин деп турсаң, ҳаўўа! „Елдиң бирлиги" деп, елди бузайын деп турсаң! . . ." Сайымбет саясатқа бир қашқанда ақсақалды жым етти-ә! Ойлап қараса, дурыстай: „Яқшы, таң атқанша күтейик, келмесе, кетермиз. Жолы уллы ғой, өзлеримиз-ақ барайық . . ."

— Усы . . . не деп турсаң, Қунназар аға ! . . — Қунназар мөлийди:

— Ең болмаса, таңға шекем күтейик те! — Жалынды ақсақал —Яқ деме?! . . .

— Яқшы, мен көндим. Егер Қабақ бурын жетсе, биз топаланыпмыз . . . Сөйдеп жеткереди басшыларға. Кәпе, жат, аға, таңнан турғызаман . . .

Бас ушындағы коразы ярым ақшамда шақырғандаақ ақсақал менен Алламбергенге зобалаң салды. Қашшан атларды да ертлеген. „Басшылык сенде, — деди Алламбергенге. — Адамларға ким абай етсе, маған айт! Аўырыўлар қалдырылсын қазыўдан ! . . . Айтпақшы, Жақанды кемпири сорап атыр. „Гүзлигимиз жоқ, жазлық та екпесе қазыўда неси бар," дейди Дурыс, жеңгейдики. Қазыў да напақа ушын. Бес күн болар, я, яшуллы?"

— Мен билмеймен, Сайымбет жан, мениң мөрим жоқ. Қорқаман да! . . .

— Жуўабын өзим беремен. Жигитлери шегин бөлип алып турсын. Ол келген соң, жағдайы барлардан тағы биреўи қайтар, өзи келиседи, . . .

Қыряпыр атланғанда таң да еле атпаған еди. Падалылары қорсылдасқан Сары атаў түнде жүдә қорқынышлы. Сағаллар түбинде шуўласып, әлле қайда қасқырлар бирин бири шақырысады. Булардан да түнги жолаўшыға қорқынышлысы: қашып-пушқан нөкер, кәмписленип, жер аўдарылып, нанын таппай, ақыры қарақшыға айналғанлар. Сылт еткен сесген сәтем алып, еки жолаўшы суўыт жүрип отырды: „Айда Қунназар аға, „Орыс жол“ ға бир түсип алайық, оннан соң адастырмайды бизди. Айда! . . .“

## 26

Қысы менен төгилген төгинлер тоны жибиместен ақ жайылып, марттың соңғы күнлериниң жайма шуўағында атызда ерип кеткен еди.

Колхоз болып, жери кеңейиўине байланыслы, бул күндеги жумыстың ең баслысы—партаўдан жер ашыў. Шаңғытып атырған бозлақ көп, бирақ, суўдан жырақ. Соянғын ойламасаң ол кәралардың жерлери де таза, тазалығы соншелли, балалар кесегин кемире береди, ашылыўы да аңсат, томар-помар да аз. Пайдасы не, суўы жаңағыдай. Ояқларға енди быйыл салма жараман дегенше егис өтип кетеди. Аўылдың адамлары түўел болса, бәрине болмаған менен жақын-жақынына апарыўға да болар еди-аў, еркеклердиң бәри үлкен қазыўда, қатынлардың да жартысы еле аўыл-елдиң жап-салмалары менен ҳәлек. Солай да болса жартысы жер ашыўға бөлинип алынды. Правление ағзаларының аўылда қалған төртеўи ойласып алып, суўдың келиўине жерди мәйек жумалататуғындай етип, тегислеп шығыўға қарар қабыл алған.

Шотан менен Есиркептиң бала-шағалары болса, қәдимги, мал-ҳал менен ҳәлек. Дәўеке күндиз бала оқытса, түстен кейин көкшинин бояўы менен, қайда ақ пақса болса:

„Жигит болсаң арыслаңдай туўылған,
Хызымет исле удайына халық ушын!

Бердақ шайыр.“ —деп, сүрен жазыў менен аўара. Буны адамлар оқып жүр ме, оқымай атыр ма, оянғын анық билмейди. Ал, кеш қурын, сыйыр-пыйырларын саўып болған соң, ҳаялларды мектепке сүйреп әкелген-

дей етип, ликбезде оқытады. „Еркин қарақалпақ“ газетасынан қызықлы қызықлы хабарлар тауып оқып береди.

Өмирдиң өзи сондай, хыялың жетиспеген жаңалықлардың бәри жалғандай туйыла береди:

— Өйппей, сөйте-сөйте сен де суўдыр болып кетпе, қәйиним, суўдыр қайнаға неғып суўдыр болып кетти деп жүрсек, усы ғазийт бузып жүр екен ғой Сауатсыз уағында тәп-тәуир-ақ, салдамлы адам еди. Енди өтириктиң бәрин жыйнап, сол суўдыратып жүр, сен де соның изинен кетесең ғой, — дейди ҳәзил-шыны аралас. Кимиси емизиўли баласы менен келип, қайтқысы келгенде шымшып жылагып, шырысты бузып, муғаллимнен де бетер Шундыйдың қанын қайнатып атырғаны...

Бул уақытта Шундыйдың қаны қайнап атырған жоқ, еле күн бата қойған жоқ, оқыў болса, кешки жармажауғаннан кейин басланады, ҳәзирги бас мәселе,—Туўбайдың батысындағы үш-төрт гектардай тоғайлықтың егиске жол бермейтуғын ғарры торaңғылларын, жыңғыл томарларын ғопарып таслап, жер ашыў болғанлықтан, қазыўдағы қатынлардан басқа журттың бәри соякта. Қазыўдағылар болса: „ояқтағылар еки пайдасын бирге питкерип атыр, қысы менен томар жағып, оңып қалатуғын болды“ десип, тоңқылдасып та алады. Буяққа қазыўдағылардың куштар екенлигин билгеннен соң: „Шундыйтип, жалқаўлық ете берсеңиз, қазыўдағылар менен алмастырамыз,“ деп, ҳаяларға абай етеди. Ким қанша жер ашты, таяқты урып өлшейди де Исимет мийнет күн жазып қояды. Ашқан жериниң отыны өзиники. Бирақ торaңғыл, жигилдикке келгенде бәжбанның: „мынаў жас нартлардың жетилиўине зиян“ деп, балта урып, белгилеп бергенлерин ғана шабасаң.

Ғаррысын, қыйсық-қыңырын қоя берип, ақ теректей сыйдам торaңғылларды қыйрата баслағаны ушын, Толыбай бәжбәннан да бетер Мәдиярдан сөгисти еситип, сол күни қабағы ашылмай жүрди. Бул оның „өзимнен төмен“ деп санап жүрген қан аласынан еситкен дәслепки ақырети еди.

„Жаслары көликке ауыр, суў келемен дегенше қаңыратпа болып қалады,“ десип, шабылғаны шабылғандай көлемлерден сыртқары шығарылып, ҳәр ким меншиклеп меншиклеп үйдидағы, бүгин де куўрақ, арбаға

жеңиллерин тийеп, күн бата бергенде арбалар жолға түсти де ҳәр ким үйли-үйиниң тусында қайырылып қала берди.

Бул күнлери ҳәмме дүзде болғанлықтан, мектептеги ғаўыр-ғаўырды, арба, шығыр, гүнде, мойынтырық оңлап отыратуғын Қурбанның балта,шотының тоқылдысын, Бийбайша „көзлини" есапламасақ күндизлери аўылда өли тынышлық ҳүким сүрип, жаў шаўып кетсе де билерлик дәрәжеде емес еди. Сонлықтан, күнди аўдыра берип, Жақанның қазыўдан қайтып келгенин ҳәм ҳеш ким көрген жоқ.

Кешке қарай аўылдын иши азан-ғазан бола қалды. Пададан әдеп аўыл шопаны келсе, соң колхоз малларын айдап, Есиркеп пенен Шотанлар, Орынша менен Балқуйғанлар келди. Уры-ғар деген көп болғанлықтан, атыўды билмесе де, Шотан менен Есиркеп арқасына бир-бирден берзенка асынып алған.

Булар менен қосыла шыйқылдасып, гәсине жыңғыл, гәсине томар тийелген өгиз арба, ат арбалар да аўылға кирди. Бүгин түстен соң томаршыларға Исиметти жиберип, қазыўдың барысын тежестириңкиреў ушын Туўбайдың сағасына кеткен Мәдияр да көтере ҳаяллардың басқысының астында қыран күлки болып, үйине қуўысты. Жақанның келгенинен буның да хабары жоқ еди.

Оның келгенин биринши билген—анасы болды. Бала урықсат бергени ушын аўылдын жасы уллыларына, шегин бөлисип алып қалғаны ушын аўыллас жигитлерине күтә ыразы болып келген. Жас жан, чай ишип, бир майдан тер басқан соң-ақ шаршаған денеси жеңилленип:

— Мен ҳәзирден баслап, жер аўдарыўға кирисе берейин, апа, ўақыт қыстаў, алтыншы күни қазыўда болыўым керек,—деп, орынынан турыўға қолайласып еди, „ойласық бар, отыр, Гүлайша келип қалмастан бурын айтып қалайын." деди де баланы қайтадан шөктирди ҳәм Өмирбайдың айттыра жақ болып келгенин, бирақ, бере жақ қотыр ешкисиниң жоқлығын, оған кетсе, өзиниң, яғный, Жақанның басы қуралмай қала жағын, мына қызы түспегирдиң Өмирбайды исши билип, питегене ыңғай билдирип турғанын айтып, баласының мазасын қашырып, зәрресин ушырып жиберди. Толы-

бай менен болған әнгимени, Жақанды шақыртыў жолын соның үйреткенине шекем айта келип:

— Бир қара бир қараны тутар деп, исенип жүргениң усы қарындасың, ол Өмирбайға кеткендеги күниң қалай бола жақ? Бирақ, ақсақал қайнағаны, тап, анаў күнги райкомнын өзин арағa салса да, „аламан“ десе, қара бақырсыз-ақ соқыр көзимизди бақырайтып, ала алатуғын түри бар қусайды, жанағы жетпегирдиң! Сол арағa кәтқуда салмасынан бурын, тезирек бир мәслаҳаттың басына жип тағып тасламасақ, болмайтуғын қусайды, буны мени айтты деме, бай қурдас „тисиңнен шығарма“ деп еди, басқа талапты қой, сен бар да өзине ойлас, қарындасыңды, еки бастан, гәпиңе турғыза аласаң, бар, балам. Ақылыңа буйыртып, ис исле. Қызба, әкең жоқта тентене қылып жибермей, буғурлым келе қылып еди, ирети болса, кеўилин хабартпа, өзиңе де зияны тийип кетпесин, ояқларын да ойлан, бар енди, Гүлайшаның келетуғын ўақыты болды, — деп, ар-сары етип, ҳаўлықтырып шығарып жиберди баласын ҳәм ишинен гүбирленип: „усынымның бир басы қуралғанын көрсем, еки көзим бирден ашылып кеткендей болар еди-аў, алла жаным, оңына баслап, бай қурдас пенен сындырысқан нанымыз нан болғайдағы,“ деп, тилек тилеп отырды.

Арбасын зорға туўарыўға ғана шамасы жетип, сүре жығылған Толыбай, чайын ишиўге де ҳалы жоқ, көзи илинип кеткен екен.

— Усы, Жақан келсе, оңып қаламыз, нәресте, — деген Айханнын даўысынан оянып кетти. — Арбадағы отынды түсирип, бир майданда тақлады да таслады...

— Ҳа-а, Жақан дейсең бе, Жақан келди ме? — Бай өрре турып отырды. — Не қылып атыр?

— Қазанханада Елибай менен чай ишип отыр.

— Елибай қалсындағы, Жақанды бери жибер. Үстиме адам жиберме, билдиң бе, чайды мениң менен ишеди, келсин...

Толыбай анаў нан сындырысатуғын күнгисиндей жайпаўсымады.

Төрден де орын көрсетпеди. „Өзи ушын береди, Өмирбайға тегин бергени, өмиринше сөйтип, сырдан қақайы шығып жүргени мақул ма, мениң балама бергени мақул ма, өзи, жалынып берсин ә!“ деген тәкаббырлық бар еди. Толыбайдың бунысынан: „мениң енди бурынғыдай жалынышым жоқ, қарындасыңды шаш қой-

ған исшиге бер де қызығына қарап жүре бер, дөңгелек қалыңға мал тапқан ўағында үйленерсендағы“ дегенди пәмлеген Жақан, бурынғы малай ўағында отыратуғын орынына шөкти. Бул үйде ўаҳаҳалап күлиў еле қадаған еди, азалы ғой. Айханның чайды үнсиз әкелип қойғанын да: „Төкен айныды“ ға жорып ҳаўлыққан жигит, ийилген дизеси сырқырап баратырғандай, бир аяқтан бир аяққа қона берди.

Гәпти Толыбай да тегинликте басламай, кесадағы чайын шайқап ишип, уўызыйын қурытты. „Қазыўдағы аўҳаллар қалай“ деп те сорамады. Жас кишинин жасы үлкенге „аўҳалың қалай“ деўи де дәстүрге жат. Ақыры шыдамады, еки қолын қолтығына өткерип жиберип, Толыбайға да қарамай, былай-былай да қарамай, жерге тигилди де қазыў басындағы ақсақалдың таяқ жегенин, сабап-сабап, Есбергеннің мөрди алып қойғанын, Сайымбетти де қуўып жибергенин, ақсақал менен ячейка секретарының даў қуўалап Шымбайға атланғанын, тыңласын, тыңламасын, сыпыртып айтып шықты.

Бирақ, мына хабарды Толыбайдың қулағы дыбыспадыбыс жутып отыр еди, деген менен, қуанышты сыртқа шығарыўға болмайды, мынаў ладан. „Паҳ, ҳаққынан бир шыққан екендағы, енди аларсаң мөрди! Есберген жан саў болса, көрсетемен еле көресинди сизлерге! Мәдиярдан Көлибайдың қанын алмасам, онда мен де өлген екенмен, ағайиннен тикленген туўым едиң, мәртебең бәлент болғай, Есберген жан, әўмийн!“ дегенди ишинен айтса да, Жақанға көрсетип бетин сыйпағанын билмей қалды. Жалт қараса, Жақан да қарап отырған екен, „сезип қалмады ма“ деген үмит пенен:

—Сен бузбай ише бер, Жақан, мен чайға пәтия етип атырман, бурыннан ишип отыр едим, — деди. — Онда Есекең қатты қызған екен . . .

— Қызғанда яман-ә кетипти, ақсақал жылап келипти . . .

— Жыламай, мөрден айырылған соң, ол да өзиндей адамдағы! Бурынғыдай ҳеш кимниң ҳуқуҳын алалмаса . . . Қартайғанда қыйын болған екен, Қунназар ағаға, бир, тәуир яшуллы еди. Бәри Сайымбеттен . . .

— Ҳаўўа, соннан! Берген ғыжақты! Әй, райком Саекеңди де оңдырмас, ол да Есбергенге тил тийгизиптиғо. Оның үстине, Баплағанып деген нен бапланып, колхозластырыўды кешиктиргени ушын, анаў келгенинде Са-

парыптын өзи ата-бабасынан қайтарып сөгис жәриялап кеткен екен-ғо, енди оңдырмас...

— Әй, балам ай, биз қайдан билейик, биз бир қойдан жуўас болып қалған адамбыз. А-ал, кемпириң менен сөйлестиң бе, нәҳәнлер нәҳәнлигин етежақ дей ме, ҳаўлығып жүр ғой, айтты ма, биз өзимизди биле берейикдағы, „өзин билген бай болар" деген, журтты не қыламыз, маған десе неге өзли-өзи қырылысып өлмейди, қәне, өз пухарашылығымызды сәйлесейик.

— Ҳаўўа, аға, соннан бар пайда...

Толыбай гәптиң ендиги жағын узаққа созбады. Анасына айтқаннан бес бетерирек етип, саўдыратып шықты да баланың жүрегин суўлатып, „қарындасты ал, бизиң басты қура" деп жалындырмағаңы менен бер жағы етип, тағы бир мәртебе нан сындырысты. Жақан жалғыз-ақ шәрт қойды: „қарындасты турғызыў өзим менен, бирақ, үйимде есик аштырмайман, узатылыўын тезлет десең, гәп басқа. Бизиң үйлениўимизге не керек болса, бәрин өзиңиз көтересиз." Бул шәртке Толыбай толғанбай көнди: „Қосып қойған жерлеримди өзиңнен басқа билмейди, тисиңнен шығарсаң, өз несийбеннен өзинниң айырылғаның. Ҳәзир әкелип, есигиңе байлатар едим, „буны қайдан таптың" деп, ҳүкүмет әнтек-тәнтегиңди шығарады. Бул бир, екиншиден, қалыңға қыз сатқаның билинип қалса, маллар колхозға өтедидағы екеўимиз де домзақта шириймиз. Соның ушын, сен биреўди қолайлағанша дөңгелек қалың, жыллы жеринде тура берсин. Ямаса, қазыўдан келген сон биреў-екеўлеп, өзиң алып кетип, Шымбайдың я Халқабадтың базарына саласаңдағы, пулын гөне қабаққа салып, көме бересең, қалың орынына қалыңлығыңа пул өткере қоясаң, шатақтан қутылыўдың бул да бир жолы," деп еди;

— Ўай-ўай, ата, өзиңизде ел басқарғандай-ақ гелле бар аў, ақсақалдың мөрин өзиңиз ала алмайсыз ба?! — деп, шыны менен-ақ аңқылдады. Толыбайдың ойына: „Есбергенди тап соған көндиргенде қайтер еди, еки бастан, Сайымбеттиң де ушатуғын түри бар-ғо," деген пикир келип қалды. Соның арасынша Айхан кирип: „мынаны қайтар," дегендей ым қақты. „Бир гәп болып қалды ма" деп гүманланған Толыбай: „ўәде сол, ҳәр ким антты бузса, ант урғай" дегизип, Жақанға нан услатты да есиктен шығарып жиберди. Ол шыққан соң Айхан: „Қәлли жағыстағы қотыр келди, үстиңдегисин

жиберсин, гәпим бар деген соң ымлағаным ғой, аманлық-аў," деп, пәрўайы пәнсери, шығып кетти. Усының атын еситиўден, дизесинен дәрман қурып сала береди, Толыбай гә отырды, гә турды, көрпешени дүзестирген болды. Түри ысқырған қара жыландай суп-сууық болып, Избасқан кирип келди. Толыбай түршигип сала берди. Түнги қонақтың қолы түринен де сууық екен, төрлемеди де, есик беттеги көрпешеге дизерлеп, өзи үйдиң ийесине: „отыр!" деп ишарат етти. Отырды.

— Ўақыт тар, аўыл-елдеги жаңалықты көпирмей, тез-тез айтып шық. Балаңның келгенин билемен, ийшанға мүриид болып, ҳәршеңки хызыметине тайяр екенин де билемен. Сыдыққа көшиўди өзим буйырдым. Басқасын айт, — деди. Толыбай жаңағы Жақаннан еситкен үлкен қазыўдағы жәнжелин айтып берди.

— Басыңның . . . Қабағы! — деп сөгинди Избасқан. — Айранды төккен екен, мөрин не қылады оның, алдың-алдың, Сайымбет барғанда берип жиберсеш, өзин әшкара қылып алайын деп жүр-аў, усы қабақ! Сүрткен ақыл болмаса түрткен ақыл ақыл болмайды, ҳаслында қабақлығына барды, ҳа, айттым ғой, ақыры, беделли белсендиниң жоғында қысымды жасап, көтер халықты деп! . . . — Тислери сықыр-сықыр етти. Толыбай бунын ҳәтте Есбергенниң де үстинен қарайтуғын адам екенлигин сезип, бурынғыдан да мына адам айбатлы көринди. — Гәп мынадай, жақында Шымбайды, Тахтаны, Халқабадты аламыз. Нөкисте де ҳәрекет бар. Буны саған айтып отырман, биреў билип қойса, сеннен басқадан көрмеймен. Өлсек шәҳит, тири қалсақ, ғазый боламыз. Исламның туўын қайтадан тиклеп, кәпирсиз, түриги, аўғаны әзербайжаны, дағыстаны, ийраны, қазағы, өзбеги, түркпени, татары, башқуры, бәрин жәмлеп, мына жағы Орынбор, анаў жағы Әреб сахралары, бир мусылман мәмилекетин дүзе жақныз, былай-былай ҳаўаланбай-ақ ғой, мәслаҳатгөйлеримиз, арқа сүйеримиз орыстан ҳәм зор. Буны өзиңнен басқаға айтқан күниңде дуппа-дуўры алланың нәзирине жөнетилесең, диннен шығасаң. Себепки, сен динге, бизиң ислам ушынғы атланысымызға қыянат қылған боласаң . . .

— Әжеп, әжеп . . .

— Буны, баяғы, Убайхан мақсымлардың, атаманлардың ҳәрекетиндей қопал ҳәрекет деп, билмей-ақ ғой.

Саналы қозғалаң бола жақ. Кәпир елине тегинликте қайтпайды. Буны қайтарыў ушын не керек...

— Бас керек...

— Әне, жаңа ақылыңа енип киятырсаң, тағы не керек...

— Күш керек.

— Қайда сол күш, ол сениң менен мен, бурынғы абырайдан журдай болып, тентене болып, есикпе-есик жүргенлер. Ҳүкиметтиң жаңа тутымына шыдамай қайысқанлар, дийхан өзлигинен қайыспайды, оны Есбергендей гүдиреклемей, епшиллик пенен қарсы қоя билиў керек. Бас соның ушын керек бизге. Жүз жылды алдан көрип ислемесек, Хан мақсымлардикиндей қопаллық болады дағы, өз қолларымызды өзлеримиз байлап беремиз. Сөзди көп созып отырмайман, мен нөкер сорап келдим. Ҳәзирден баслап, қумның арасында машқы өткериўи керек. Ким бар?

Толыбай аңырайып қалды.

— Неге аңыраясаң, еки нөкер салынды саған...

— Менде нөкер жоқ, ғарежеттен жәрдем етейин, мал-ҳал бар.

— Мал-ҳалың қара асыңа сойылсын сениң, сууатақ! — Сыбырласа да жети жүйресинен өткерип жиберди: — Малыңның не кереги бар, еки қазағын гүм етип, колхозыңның барлық малын айдап кетиў бир өзимниң қолымнан келип отыр, керек десем. Нөкерден сөйле бизге!

— Сыдық бармаспекен?

— Ол пийриниң нөкери, балаң да пийрдиң нөкери! Неғе шоршыйсаң, күни келип, „атлан-атлан“ дегенде сениң менен ең әдеп, биз шығамыз. Бул исти әнейи деме, өлсек өлип-ақ кетейик, мусылманлар ҳүкимети бир орнап алса, Кеңес деп өлген Тазғарадағы қызыл көпеклердей басымызға шеңгел көмип қоймайды. Ҳәр биримизди Султанбабадай зиятханаға айналдырады, атымыз мәңгибақый қалады. Қәнекей, өлип кете қойсақ, тириден абырайсыз болмайсаң...

— Гәп мынандай, Избасқан иним, жақында әмелин тауып, саған Жақанды жумсайман, әмеллеп, өзиң қум арасына жөнелтерсең... Тағы биреуине, не қылайын, жоқ болып тур ғой, жаңағыдай уақытта, не қыламыз, атланамыздағы! Бирақ, қандарым усы ауылда мениң! Көлибайдың кекчын алмасам, бул дүньяда көзим ашық

кетеди! Оған да жумсаған өзиң един, я соны тапсырып, бизди алысқа атландырмай-ақ қоямысаң?!

— Ис анық пискенше Мәдиярға тийсең, ГПУ ийттей ийискелеп, бәримизди тутып алады да биреў болмаса биреў сырды ашып қояды. Оны жайратыўды қашшан-ақ билип едим, сояқларын ойлап сабыр етип жүрмен. Қалаберди, Тазғарада мени көргени менен, аңбай да қалған қусайды-аў, сонша дусласып қалып жүрмен. Сә. гүманланып қарағанын сезбедим. Буны мәселе пискен күни өзим-ақ . . .

— Жа-ақ, — Толыбай жин көзленип, басын шайқады. — Бул ийттиң баласын өз қолым менен атпасам, әрман жүрегимди жарып жибере жақ, жары-ып! — деп тисленди Толыбай. — Бүгинги сөгислерин айтпайсаң ба, лағанын қапталында баўырдай етип алып, „сен жас тоғайдың душпанысаң!“ деп, айтпағаны жо-ғаў!

— Сен қара басыңның кегин ойлама, мейли, қарашай ма, мейли, қазақ па, қарақалпақ, қырғыз ба, умуўмый мусылманның кегин ойла. Онда былай келисемиз Арғы басы бир айға жетпей Жақаныңды, шайқастырып көрип, маған жибересең, жибергениңди, қайда жумсағаныңды, ҳәтте, балаңа да айтпайсаң. Арғы жағын өзим билемен. Көгерилис басланған күни бир ақшамда, қасыңа еки жигит беремен, Мәдиярыңнан баслап Шундыйыңа шекем большой, комсомол қалдырмай, өзиң қырып бересең, соған шекем, сыр бермейсен, жумаланып, колхозда өзиңди көрсетип жүре бересең. Оннан соң, бугинертең Әмет шәйтан көшип келеди. Ҳәр басқан адымын аңлып жүресең, аўытқығандай болса, хабар өзиңнен, Усы гәплердин ҳәммесин тек саған еситтиргенимди жигитлериме айтаман. Зәрре, билдирип, я бүлдирип қойсаң, бәримиз тутылғанша изиңде ийис шығаратуғын адам қалдырмай, о дүньяда руўҳыңды гәда қылып, туқымтеберик еткенимиз абзал, — деп, өзи аўыз тийген нанды Толыбайдың қолына услатып, орынынан өрре турды . . .

## 27

... Райком бюросында гегирдеклеспе қызғын баратыр еди. Бюро ағзаларының көбиси бир тоқтамға келип қалған. Райком секретары Сапаров: „жазлық бийдайды егип болғанша керекли-керекли адамларды алдырыў керек деген қарарды өзлеримиз шығарып бердик. Би-

рақ, қазыўдан еки күн кешиккени кешиктирилмейди, қатты сөгис пенен қалдырылсын," десе. Федотов:

— Биз асықпайық, шақырып алып сөйлесейик, не себеп кешикти екен? Колхозласыўға, шөлкемлестириў мәселесине байланыслы бир күн кешиктирилиўи де мүмкин ғой,—деп еди, Есберген орынынан өрре турып:

— Мен бюроның бир ағзасыман, жолдаслар, мениң абырайымның төгилгени, бюроның абырайының төгилгени. Анаў он алты адам қол қойған акт не деп турыпты? Хә, бизиң абырайымызды Сайымбеттиң төккенин айтып турыпты, хә! Сайымбет пенен, Қунназар партиядан өширилмесе, онда бизиң исполком председатели болып ислеўимиздиң түкке кереги жоқ, районға абырайың болмаса, исполком бола аласаң ба! Шықсын партиядан. Жекке ызбырым жоқ, мен партияның абырайын кирсиз сақлаўдың тәрепдарыман,—деп еди, Совнаркомнан келген ўәкил де, Обкомнан келген ўәкил де: „Ояғы дурыс", десип, басларын ырғасты. Әйне усы мәҳәлде, хатшы-секретарь Капитонова басын суғып:

— Екинши аўылдың ақсақалы менен партячейка секретары келип, „киремиз", деп бүлдирип атыр. Дым тыңлай жақ түри жоқ, — деди. Отырғанлар бир-бирине қарасты. Федотов:

— Әне, жақсы болды! —деп жиберди қуўанғанынан.—Кирсин!

— Қойып турың,— деди Сапаров қолын гөлегейлеп: —Азмаз еглене турсын, айтып барың, Люба.—Ҳаял басын тартып алып, есикти жапты. Сапаровтың сөзи аўызында:—Бизиң, бәри бир, сыртынан мәселе қараўға ҳамыз жоқ еди, келгени жақсы болыпты. Жолдас Есберген Досбергенов, биз өзимиз бир тоқтамға келместен бурын анығын билип алармыз, сөйтип, қылмыслы екенике әбден көзимиз жеткеннен кейин, шақыртармыз деп едик. Енди булардың өзлери келип қалыпты, себепсиз келмегендур. Қалаберди, бул бюро олардың жекке исин қараўға шақырылып отырған жоқ еди, сиз шағынып келген екенсиз, бюро ағзалары күн тәртибинде болмаса да тыңлап өтиўге мәжбүр болып қалды. Оны өзиңиз де сезип отырған шығарсыз. Енди сизге, биз бир қарарға келместен алдыңғы бир сораў: усы гәпиңизге толық исенемиз бе?

— Ол не дегениңиз, жолдас Сапаров! Мен де бюро ағзасыман...

— Әңгиме ояғында емес, сиз маған түсинип алың. Дәлийллериңиз анық болса, биз усы бюрода бул мәселени де биротала шешип өтпекшимиз, қалай айтаман жолдаслар, ўақыт қыстаў?

— Күнде бюро шақырып отырамыз ба?

— Онда қаралсын ба?

— Қаралсын. Ким жазықлы болса, аяў болмасын, —деди Федотов. —Нағыз большевикти жоғалтыў аңсат, табыў қыйын. Деген менен, партияның саясатын ҳәзирги мәҳәлде зәрре бурмалаўшылар болса, онда да билқастан бурмаласа, сонда да оны аясақ, онда бизики партиялық иске қыянат болады. Маған партячейка секретары бағдарды түсинген, саясый подкованный адам көринип еди. Бирақ, ким билипти, саясатты суўдыратып, ишинде иллет жатқанларды да көрип жүрмиз Анық сондай болса, оны жазаламасақ, жолдас Есберген Досбергеновтың авторитети тикленбейди. Мен айтып болдым.

— Сабырлы болың, жолдас Досбергенов,—деп сыңғырлаўығын сыңғырлатты Сапаров; есиктен тағы Люба басын сұқты: —Шақыра бериң.

Төрдегилерден Есбергенди көрген Сайымбет: „Айтпадым ба, Қунназар аға, сен қонып жата бермекши единң!“ деген лийкин менен қарап қойды да отырғанлар менен, қол алыспастан сәлемлесип, жинаятшының гүрсисинде отырған адамдай, екеўи есик беттеги еки гүрсиде аманат ғана отырды, ақсақал шөгирмесинен таза патшайы тақыясын алып кийдидағы, Сайымбет пәки менен қырылған басын айнадан қыя түсип турған қуяш нурларына жалтыратып сыйпады.

Сапаров та, бюро ағзалары да екеўин бирден шолып шықты, ақсақалдың руўҳы еңсесиндей болып түсип кеткен, Сайымбет урысатуғын қораздай кейип берип отыр. Жин көзленип, Есбергенге тигилип алған. Кире сала, әўелги пәтте, сөйлей бере жақ та түри бар еди, енди ол пикиринен қайтып: „өзлери буйым сорасын“, деп отыр. Буйым да соралды:

— Ҳаўўа, жолдас Айымбетов, асығыс келе қалыпсыз, қазыў менен егис мапазы, бәрин таслап келиўге не мәжбүр етти сизлерди? Бизлер аўыл теперишлериңен ҳеш кимди шақырған жоқпыз?

— Сөйлей берсек бола ма?—деп орынынан турды Сайымбет.

— Әлбетте, сөйлеў ушын келген шығарсыз?

— Бизди бул кәраға, бир түсиниксиз саўал алып келди. Районлық партия комитетинен басқа жүгинисеримиз де, сорармыз да болмаған соң, орынымызға өзлеримизден ҳәм қоразлаў теперишлерди қойып, тек бир күн ғана мәўлетке келдик. Сол сораўымызға жуўап берсеңиз ҳәзир қайтамыз ..

— Сораң енди, ақыры, гәпти айландыра бермей...

— Сиз, жолдас Досбергенов, өйтип мени ҳаўлықтырып таслаўға талапланып, аўызымды қақпаламаң. Мениң бюро ағзаларынан сорайын дегеним мынаў: анаў отырған исполкомның председателин халық өзлерине ақсақал етип сайлаған жоқ еди, жолдас бюро ағзалары, сизлер оны қашаннан берли бизиң аўылымызға ақсақал етип жиберип едиңиз?

— Ашығын айта бериң, ашығын,—Сапаров Сайымбеттиң қыза жағын билип, алдын ала баслады: —Ҳаўлықпан, асықпаң, ашаўланбаң, ашыўлансаңыз айта жағыңыздың бәрин умытып кетесиз.

— Бул, умытылмайтуғын ҳәдийсе, жолдас Сапаров. Мына кисини,—деп Қунназар ақсақалдың еңсесинен түртти:—Ақсақаллықтан түсирмеген болсаңыз, анаў кисини.—Есбергенге бармағын шошайтты: —Буның орынынан ақсақал етип жибермеген болсаңыз, не ушын буның қолынан сонша қазыўшының көзинше өлгенше сабап-сабап мөрин басып алып қалады. Дурыс, биз колхозласыўға байланыслы, оны шөлкемлестириў мәселесине байланыслы еки күн кешиктик. Қазыўдан қашқан жети қазыўшыны неге мына отырған ақсақалдан сорайды?

— Бәри соның ақсақаллығынан болса, енди кимнен сорайман, ҳәәй?!

— Ҳәй, деп қатыныңа айтарсаң, Досбергенов! Жаранлы Аллабай, қандекке басып сабағаның ушын сол ақшам қашып кеткен! Ким берди сизге урыўға ҳуқуқты, сизлер бердиңиз бе бюро ағзасы болған жолдаслар, қалған алтаўы да, сорап қарасақ, усыннан таяқ жеп қашып кеткен...

— Жала-а,—бақырып жиберди Есберген.—Дәлийлиң бар ма сениң?!

— Тыны-ыш, жолдаслар! —десе де Есберген тынышлана қоймады:

— Ақсақалдың абырайы қурлым мениң абырайым жоқ па?! Неге мени қосымның алдына барып...

— Отаў деп сөйлең, отаў де-еп, өйтип, сиз бюроны алдамаң. Ақ отаўды гүмбирлетип тигип, бир белдардың шөгирмесин селкилдетип, кабап желпитип қойыпсыз, ултандағылар жармаға жалшымай агыр. Мәрт болсаңыз, ырасынан қелиң, ырасынан,—деди тисиниң арасынан ызылдап:—Дурыс, мен отаўыңыздың алдына барып, „қабақ, контра" деп бақырдым, сизиң абырайыңызды төкпесем, сиз Кеңес ҳүкиметиниң абырайын төге бере жақ единиз. Жарылып кетсеңиз де „контра" деген сөзимде еле турман...

— Жолдас Айымбетов, бизде сизиң үстиңизден дүзилген акт бар,—деди Федотов, бюро ағзаларына бирим-бирим қарап алып.—Оқып беремен: „Биз Бессары аўылынан келген отыз белдар дүземиз актти сол ушын, екинши аўылдың партячейка секретары Айымбетов келип, исполком председатели Досбергеновқа: „контрасаң, байсаң" деп, сөгип, абырайын ашыған айрандай төгип кетти. Жолдас Досбергеновтан усы ўақытқа шекем, биз бир аўыз жаман сөз еситпедик" деп, бессарының отыз белдары қол қойыпты, бул бизге основание, сизиң основанниеңиз бар ма, қәне?!

— Ҳимм,—деп басын шайқады Сайымбет.—Мен контра деп жүрсем, миллетшилди не дейтуғын еди, еле, ҳә, шовонист, ҳаўўа, бул барып турған шовонист те екен-аў! Дурыс, сағадағы жигитлердиң бәри бессарының жигитлери, олардың бир аўыз жаман сөз еситпегени де дурыс шығар. Ал, Есбергенниң де сол аўылдың жигити, урыўының да бессары екенлигин умытпаң, жолдаслар. Инанбасаңыз, анаў қол қойған белдарларды биримлеп сорап биле қойың, бәри бессары болмаса, онда мениң суўдыр болғаным өтирик! Онда бунын шовонист болғаны да өтирик...

— Не ушын контра дедиң, сен соны айт?!

— Себеби, белдарларды урып-қырып-жойып, қашырып, „кеңестиң де тәртиби усы екен" деген уғымға әкелип, ҳүкиметтен жеркендирип атыр.

— Дәлийл, дәлийл керек!...

— Сөзге исенетуғын болсаңыз, қазыўшылардан биримлеп сорап шығың, жақ, қағазға исенеди екенсиз, мине онда!—Сайымбет қойнынан қопыратып шығарды да Федотовтың алдына бир дәсте қағазды жалп еткизди:

—Райком туўе Есбергенниң үстинен Сталинге жазылғанлары бар. Еринбей оқып шығыўыңызды ҳәм усы арзанын ийлерине бирим-бирим жуўап бериўиңизди, жала жапқан болса шетинен жуўапқа тартыўыңызды өтинемен. Есберген сол тутымын тағы он бес күн тутқанында, үлкен бир қозғалаң болатуғын еди, абырай бар екен!

Арзалар бирим-бирим қоллардан қолларға өтип атты. Бир заманға шекем, бул кабинетте Сайымбеттин, Қунназардың бары-жоғы да умытылып кетти. Өзиниң барлығын хабарлағысы келди ме, жерге сиңип баратырған Есбергенге тағы бир жин көзленип қарап алды да:

— Егер, арзалардағы тастыйықланса, онда анаў отырған Есбергенди, жолдас демеймен, әпиў етерсиз,— деп, бир қолы менен көкирегин басты: —Онда сол қазыўшылардын алдында жәрия сот етиўинизди өтинемен, пухара сонда бизге исенеди, өзлеринин еркин өмирге шыққанлығын сезинеди...

Мәжилис пүткиллей басқа бағдар ала жақлығын билди ме:

— Менде бир усыныс бар, жолдаслар,—деди Сапаров сурланып:—Қунназар ақсақалды тыңлап алайық та қалған жағын өзли өзимиз кеңесейик, қәне, ақсақал жолдас, сиз не дейсиз?

— Не дейин мен, шырақларым,—деди ғарры босасып.—Бир билмеслик болған шығар. Абырайдың төгилгени ырас, таяқ жегенимиз ырас, отаўға сүйреп кирип, тепсе де қайыл едим, сыртта ғана сабап күйдирди-аў, бул ғана Есберген жа-ан! Сонша қазыўшыны қайтерсең, патшанын ўағында жемеген таяғымды солардың көзинше ғана жермен бе! Әкең менен жаслас адам едим, Есберген жа-ан, урмай-ақ, бир аўыз сөзиңниң өзи бизге қамшы емеспеди, бүйтип азап бергениң не қылғаның, шырағымм, өнип-өсермен деген нийтиң бар шығар. Халық „оңбағыр" дегенди жақсы адамға айтпайды-ғо, журт, ҳәмийше жаманнан қашады, жақсының тилегинде болады. Ендиги жағында төрели бол, шырағым, ал, енди, жолыңыз уллы болғаны менен, бирәдарлар, мениң, жасым бәриңизден де үлкен. Тилегим сол, пәкизе, бирлигиңиз бузылмасын, қәтелық бизде болса, бизди кеширин, Есберген жанда болса, оны кеширин. „Өсетуғын елдиң баллары бирин бири батыр дейди, өспейтуғын елдиң баллары бирин бири қатын дейди". Қойың

усы жақ жарыспаны, келмей-ақ қояйын десем. Сайымбет жан да тез пейиллик етти. Биздей бир аяғы жерде, бир аяғы гөрде турған кем саўат, ладан ғаррыдан усыдан басқа не мәслаҳат болсын шырақларым. Енди мен қойдым ақсақаллықты, ол ҳәмел маған аўырлық етеди, ел арасында абырай да қаламады-ы,—деп, қамсығып отырды ақсақал.

— Абырайыңызды тиклеп беремиз, яшуллы,—деди Сапаров.—Дым қапа болмаң, қәтеликтиң бәрин жөнлеймиз. Яқшы, сизлер боссыз. бүгин кетпейсиз, азанда хабар алып кетесиз...

— Бюро жумысын даўам етеди,—деди олар шығып кеткеннен соң Сапаров.—Досымбетовтың жекке исин мәселе етип, усы бюрода шешиўди усыныс етемен. Жиберилген қәтеликти дүзетиўдиң барлық иләжи ҳәзирден баслап көрилмесе, шатақ аўҳал...

— Бул исти мен мәмилекетлик Сиясый Басқарманың қараўына бериўиңизди өтинемен,—деди Федотов салдамлы. Есбергенге өли шырай урып сала берди,— Чем то пахнет,—деп, орысшалап та қойды ГПУдың начальниги...

* * *

...„Хабар алып кетесиз“ дегенге ерте келсе, қашшан жал-қуйрығы гүзелген еки ат қаңтарылып қалыпты. „Қашшан күтип отырғаны!“ деди Люба буларды көриўден. „Усы манда қонғаннан аман ба?“ деп күлди Сайымбет.

— Әңгиме былай,—деп мөрди тақ еткизди Сапаров, асығыс.—Мөриңизди алың да қазыўға басшылық етиң, Қунназар аға, Есберген бармайды. Отаў-потаў, палтайшалтай болмасын, барың да қос тигип алың, жығың отаўды! Бул, бир. Екиншиден, бир адамға өкпелеп, халық, партия тапсырған истен бас тартыўға ҳақыңыз жо-оқ, билдиңиз бе! Большевиксиз бе, ғаррымысыз, жаспысыз, партияның солдатысыз! „Ақсақаллықты қойдым“, дейсиз! Алмастырылмайтуғын кадр жоқ, сиз қойған менен басқа ислейди, қатырып ислейди-ә! Халықтың сизди сыйлайтуғынын, халықты перзентиңиздей көретуғыныңызды билемиз, халық та соның ушын сайлаған, ақыры. Биз-халықтың ҳүкиметимиз, сонын ушын сизди алмастырмаймыз! Болды-ы, Кеңес ҳүкүметиниң абырайының төгилиўине енди қайтып жол қойылмасын,

бул сизге де тийисли, Айымбетов! Партиялық тәртипти бузды ма район түүе қайдан келсе соннен келсин, сол ўақыттың өзинде соққы бериў, хабарлаў барлық большевиктиң ўазыйпасы. Алтыншы аўылдан „қараңғы қонақ“ сораған дардай бир хызыметкерди партиядан айдадық кеше, билип қойың, аямаймыз! „Айтқанымыз бола береди“ деп. жалған мағлумат, группировка дүзиўшилер болса, оған да иләж бар! Айтың мынаў арзаны жазғанларға, Есберген жумыстан шетлетилди, арзаларына жуўап сол. Хатлаў қалай?...

Ҳәмийше, тайын жүретуғын Қунназар дизимди усынып еди, тек Алламурат шағал! „Бир адамнан дизим болмайды“ деди ме, күлди де Сапаров қағазды Федотовқа созды. „Екеўин анаў гәп бойынша тиркемедик!“ деп қыстырды Сайымбет, „тиркеў керек еди“ дегенди ырайынан аңлатып. „Екеўи ким?“—Қунназар ҳәйран, буған айтылмаған. Сапаров, лийкинлилеў: „Тағы буларды кеширктирип алмаң, жолдас Федотов,“ деп еди, Федотов ойланып: „Бул мәселе кулактың малынан әҳмийетли, қоразы бир шақырады. Шағалды да қозғамаң,“ деди де қағазды қайтып берди.

— Соңғы мәселе, —деди саатына қарап Сапаров:— Кеше жолдас Федотов: „трактордын гүрилдиси еситилсе, социализм киятыр“ деп биле берин, деген еди. Дым үнап қалды бул гәп, айта жағым: күни бурын соны айдайтуғын адам таярлаў мәселеси. Шораханданғы шапанпурыштың жайынан үш айлық тракторшылар курсы ашылыпты. Соған бала таярлайсыз, биреў. Муғаллимлик курске еки қыз бересиз. Арғы басы бир ай. Мына хатта: „барлығы жергиликли миллеттен болсын“.. делинген. Өзлериңизге де жақсы, сол аўылдың түпкиликли маманы болады, әлбетте, буны колхоз баслығыңызға тапсырың да өзлериңиз тийкарғы исиниз бенен болың. Колхоз көбейип атыр, кеше бер жағыңыздан „Жаңа талап“ ты ашып қайттық, ҳәзир майда, зәлели жоқ-оқ, соң ирилей бересиз. Оннан да хабар алып турың, сиз, Айымбетов, бир колхозды гүбелектей айналып қалдыңыз. Сизиң не гәпиңиз бар, Федотов?—ГПУ начальниги әлле қандай қағазларды тақлап:

— Айтпай-ақ биледи ғой,—деди, былай қойып:—Ҳәр бир большевик партияның саясатын сақлаўшы қалғымайтуғын қыран, несин айтайын! Партияға тартыў, агитпропаганда мәселелерине муғаллимнен жүз процент

мен айтпасам да пайдаланасыз, саўатланыў жағы өзлерине мәлим...

— Онда ,урықсат, оқыўшыларды тезлетиң, қорқытсаңыз,—шатақ, ерки менен...

Сол күни кеште-ақ Мәдиярға тәртип берип, үйлеринде бир түнеди де Сайымбет пенен ақсақал таннан турып, қазыў басына атланып кетти...

## 28

Уста жонған кегейине усталық нәзер менен қарады да Мәдиярға:

— Ҳеш хабар, тапсырма болған жоқдағы, баслық иним,—деди. —Назарбай келди. Азған-тозған, ГПУ ақлап жиберипти. „Тиймеймиз, өгизиңниң кереги жоқ,“ десек те қылмады, тәўеллеге де турмады, келиўден көшип кетти. Қайда кеткенин де айтпады. Енди, Сыдық бууынып отыр, алдыңыздан өтип, көшпекши, бул, қалай болды, иним? —деп еди: „Ҳеш қалайы жоқ, Назарбай колхоздан қашып, ғөрге бармайды. Пахырдики қуры бүлиниў. Ақымақ! „Колхозсыз аўылға бараман“ деп жүрген шығар. Енди колхозсыз аўыл болмайды. Мен билген Базар болса, Назарбайды басқа аўылда жасатып қоймайды, —деди Мәдияр ҳеш танланбастан. —Ийттен хор болып, қайтып келеди. Сыдықтикин түсинбестей неси бар, бул аўылдан енди оған таматуғын түк жоқ. Бирақ, дара планнан қутыла алмайды, колхозға болса, сирә алынбайды. Бул кәрада журттың көзине шыққан шүйелдей болып отырғанша, бир әўлиеге барып шыйықшы болғаны абзал, соның парқын билмей ол бир, жинли ме,—деди де кетти.

Ол үйине айдаған жоқ, атты мектепке бурды. Балалар қашшан тарқап кеткен. Гөне мешиттиң бир жайынтар өжиресин өзине жатақ жай етип алған Дәўеке жумыстан жырылған ўағында сонда болады.

Жайдың иши жай қусап қалған, ҳәкленген, пәтиклери қурымланған. Мүйештеги бир столда бес-алты китап, жыйналыс күнги гөжек сүўретли шыны дәўет турдағы, Исиметке соқтырып алған гүрсиде муғаллим әлле бир нәрселерди жазып отыр екен.

— РайОНОдан парта соқтырыўға қаржы сорап атырман,— деди Дәўеке Мәдиярға шыптаның үстине төселген жалғыз ақ кийизди нусқай берип. Баслық отырмады:

— Сен ғам жеме, —деди.—Қаржыны өзим тайып беремен. Правлениениң қарарын шығартамыздағы, қосқа жарамайтуғын бир-еки өгизди сатып, партаға жумсаймыз

— Сорай берейик, өгиздиң де мектепке кереги бар, —деди Дәўеке басын көтерместен.—Колхоздың күши менен баслаўыш мектеп саламыз. Жарыннан баслап, быйылғылар екинши класста оқыйды, екинши класстағылар қайда оқыйды? Мен ҳәзирдиң өзинде жети баланы екиншиниң. үш баланы үшиншиниң, еки қызды төртиншиниң программасы менен оқытып атырман. Жай керек жора, жай. Баллардың зейини дым жақсы, аңқасы кепкен адамдай, оқытқаныңды оқытқандай симирип келип атыр! — деди өзине күтә ыразы болып.—Мектептиң қасынан жер бересең, туқым бересең, балалар менен пухамласып, жүўери егемиз. Оннан соң оқыўшыларға бир мезгил ыссы жарма да болып турады Коллективизм руўхын сиңдириўдиң бул да бир усылы. Усы бастан бир қазаннан жарма ишип, табақлас бола бергени жақсы..

— Қолдан келгенинше жәрдем етемиз ғой. Мен кешеги мәселе бойынша, қызлар мәселесидағы, соған келип едим. Жол-жөнекей сөйлесе берермиз, сен изиме ер, Жақаплникине барайық.

— Жаңағы, төртиншиниң программасын алып атырған қызлар қатып кетеди, мен мынаны питирип алайын, қойып тур, —деди муғаллим хаттан қолын үзбестен.— Сөйлестим. Екеўи де қайыл, тек үйлери жиберсе, болғаны. Бирақ, Гүлайша, сабақты отлично билгени менен, турмысқа пассивлеў, неге олай, билмедим. Өз тағдийирине бипарықлаў қарай ма деп ойлап қалдым... Әне-е, жора, буны да жазып болдық,—деди қалтасына бүклеп салып атырып.—Қәне, жүр, барсақ, барайық.

Ат сол мектептиң алдындағы қазығында қалып, екеўи қапталласа, пияда аяңласты. Гүрриң даўам етип баратыр:

— Оның пассивлигин мен түсинемен, Дәўеке, жетим қыз, езилип қалған „Мен кетсем, кемпиримди ким жетейли“ деп ойлайды. Мен „муғаллимиңиздиң сөзине бола, районға билдирип, атыңызды жазып бердим“, деп айтаман. Сен өтиригимди шығарып жүрме тағы, өтирик сөйлесек, өзиниң пайдасы ушын сөйлеп атырмыз...

Жақан да, Гүлайша да үйинде екен. Белсендилерди отырғызарға жер таппай, Жақан жалбырақлап, Гүлайша муғаллиминиң астына төсеўге төрели көрпеше таппай албырақлап атыр. Муғаллим менен Мәдиярдың даўысын еситиўден: „Алла бәрәкәллә, Өмирбай жаўшы жиберген екен, қыз қалеймен деп турса жер сыйпап қалдық-аў, мынаў Жақанның сирә бир басы қуралмайтуғын болды-аў“ дегеннен басқа ой келсе, соқыр көзи ашылып кетсин! Оның үстине Мәдияр да әңгимени:

— Бир қызыңды тилеп келдик, жеңге,—деп баслап, жүрегин суўлатып таслады.—Муғаллимшилик оқыўға Төрткүлден еки қыз сорапты. Соған Гүлайшадан зейини илгирин таппай турмыз,—деегннен соң барып, ийегине тақалып қалған жаны қайтадан орнына жылысып түсе баслады.

Оның оқыўдан озықлығын, оқып келсе, анаў Жумагүл менен Мырзагүл апайлардай аты әлемге жайыла жағын әбден кәмине келтирип, „Қа-айдан билейин, шырақларым, бул жаман сондай бола қойса болар еди-аў!“ дегизип, Бийбайшаның ҳәўесин де келтире баслады Дәўеке.

Анасының жибип киятырғанына, бар үмитин қарындасына, оннан алынатуғын дөңгелек қалыңға жүклеп отырған Жақан ҳаўлыққаны менен, қыздың кеўили тәўир-ақ жибисип еди, ҳаялдын ядына қәпелимде баласының сырдан қақайлығы түсти де:

— Жақ, оныңыз болмас, шырақларым,— деди басын шайқап.—Сүйенетуғын таяғым да, көрер көзим де усы жалғыз қыз. Бул кетсе, мен дәретимди де сыртқа шығарып қайта алмайман, уят та болса айтайын. Мынаў Жақан бир басын қурап алса еди, Гүлайшаны Сиберге жиберсеңиз де яқ десем, онда өкпелең. Журттың бесеў-алтаўы турып, мениң жалғыз шамшырағыма жабыспай-ақ қойың, шырақларым.

Келгенлер бири-бирине қарасып, сазырайысып қалысты. Жақан жақтырмағанын түнерген қабағынан-ақ аңлатып қойды. Гүлайша жер шуқылап, жақ, жер емес, кийиздин түгин шуқылап төмен қарап отыр.

— Уай-уаай, жеңге, шатақ еттиң,—деди Мәдияр бас шайқап.—Қарындас муғаллимине қайылшылық берген екен. Мен соған бола, районға атын жазып жиберип едим. Бир өзи кетпейди, қасына тағы биреўди қосамыз. Бизди шерменде етпең енди, жаман да болсақ, усы

аўылдың басшысымыз. Ҳеш нәрсе тапсырмаса да Жақанды да колхозға алып қойыппыз Журт қатары, пәкизе, гүзекте тапсырған пахтасына қарай патшайы ма, былғары ма, ақ бийдай ма, өлшеп ала береди. Ендиги жағындағы күниң жаман болмайды,—деп еди, Жақан аўмақайланайын деди:

— Неше күнлик екен?

— Уәй. гөр емес-аў, үш ай!..

— Уай-бэой, бир өмирлик-ғо, шырағым, үш айға шекем мен қалай күнимди көремен, ким маған быламық былғап береди! Қойың, басымды аўыртпаң!

— Үш ай деген демде өтип кетеди, соған шекем, олла, тап, өзим үйиме әкетип асыраймаң. Оған көнбесең балам Дәниярды, я Шотанның қызы Ақжарқынды ақ қолыңа берип қояйын, „яқ“ деме, жеңге, онда аўылға бизиң абырай қалмайды! „Яқ“ деме, жеңге...

— Усыннан басқа қапылды ма шырағым-аў;

— Қапылды!—деди муғаллим —Усыннан басқаның билими жетпейди. Үш айдан кейин, пәкизе, бизлердей муғаллим болып келеди, Журттың қатынларындай қазыўға түспейди, таўыстай таранып, таза турып, таза жүреди! Үш айдың ишинде қызың өмир бойы қара мийнеттен қутылса, „яшасын!“ демеймисең, қалай-қалай ҳаялсаң өзиң!

— Тап, Жақанға тағы бес күн урықсат әперип, еки есе жер де екгирип беремен, өгиз қос та берейин, „яқ“ деме, жеңге, муғаллимниң қызғанын кешир!

— Яқшы, барады бизиң қарынлас ..

— Өлим, қыршын, жағдайыңа қарасоңо!..

— Апам айта береди, маған усы қыз өмир бойы қара мийнеттен қутылса болды, апама соң өзим түсиндиремен, әкел қолды, Мәдияр аға!

— Әне, азамат!—Шаппатлар шарп етисе қалды. Гүлайшаның жүреги шәўкилдеп сала берди.—Онда келистик,—десип, муғаллим менен баслық арданласып шығып кеткеннен соң:

— Әй, апа, түсинбейсең аў,— деди Гүлайшаны сыртқа жумсап жиберип Жақан.—Қызың үш айдын ишинде өмир бойы қара мийнеттен қутылып келсе, жаман ба!

— Манлайы қара балам-аў, мен сениң тезирек басыңның қуралғанын тилеймен, болмаса, қызымның бахытының ашыла жағын билип отырман. Сениң сырдан қақайың шығып, жүре бересеңдағы!...

— Пай, апа, түсинбейсең-аў, үш айдан кейин-ақ узатасаң-дә!

— Бай-баай, сөйтсек те болады екен-аў, ояғы нәрсе есимде жоқ. Бирақ, балам, бай атаң менен бир аўыз ойлас, мың айтқан менен де жесир соники, бир емес, бир-еки мәрте сындырысқан нан деген бар. Сөз шаймалана берсе, келешекте қатынасатуғын адамың, соған қәдириң кетеди. Мениң айтқанымды қылсаң, соның алдынан бир өт, ол не дейди, мен бир соқыр адамман, ким қайда жетесе, сонда кете беремен, сен ақыл-если бол, балам.

— Айныса не қыламан, бай ағам?

— Айныса, әдиран қала қойсын, түбинде, қамамақ түўе, Сиберине айдаса да Гүлайшаны бир қараның қалыңсыз бермеймен!

— Онда мени асықтырма, апа, мен бир, жазлықты молдан салып алайын. Мына колхоз дегени де яман-ә хотқа кететуғын түри бар,—деп қуўанып қалып еди, ертеңине таннан Мәдиярдың өзи шақырып алып:

— Мине, өгиз, мине, қос, гүндеси, бәри таяр, керегиңше еге бер. Тағы бес күн урықсат, жуўабын өзим беремен,—дегенинде ыразы болғанлығы соншелли, жүреги тарса айырыла жазлап, қуўаныштан жылап жибериўге сәл қалды.— Ҳәр қашан, биз ўәдеден шығамыз, ғошшым, еле өзиңди де оқытып аламыз, сен де қара мийнеттен қутылатуғын боласаң. Бирақ, усы бастан табанлы бол, кимниң дос, кимниң душпан екенин билип жүр.

— Ўай, аға, билемен ғой, колхоздың иси десе, әйтеўир, жумалатқан жағыңызға жумалайын. Қарындас қай күни әкететуғын болсаңыз, сол күни таяр,—деп те кетти. Изинше сабағынан шақырып:

— Ендигиси ким?—деди муғаллимге баслық.—Тағы жарамлы ким бар?

— Сулуўшаш, басқасы курске жарамайды, өзлеримиз оқып көрдик ғо!

— Жақ, оның келиспейди, жора, мына қағазда „жергиликли миллеттен“ деген жазыў тайдың туяғындай мөр менен келип тур. Миллети қарақалпақ болмағы керек!

„Тойынып болып, журтына көшип кете ме, оқытқанымыз бир пул бола ма,“ деген пикирин айтыўдан бас тартып тур Мәдияр. „Муғаллимиң де яман саясатшыл адам, миллетшил екенсең десе не деймен. Бирақ, мына

қағазда жазып қойыпты ғой, „жергиликли миллеттең болсын“ деп! Жақ, жора, оның болмайды.

— Онда басқасының дым ирети жоқ. Өзиндеги қурдас ликбездегилердиң алдыңғысы,—деп күлди.—Соны жибере ғой, өзи де дым зийрек...

— Уәй, қойсаң ә жора, ойынды. Мына қағазда „туўылған жеринен. справка, өмирбаяны керек“ деп қойыпты. Болған күнде де қазақстаннан ким справка соратып жүреди!

— Оның әмели ансат, Қунназар ағадан өзим алып қайтаман справканы,—деди муғаллим шыны менен.— Оярына сен жуўап бермей-ақ ғой, ақсақал екеўимиз беремиз жуўапты.

— Шап онда бүгин!

— Қойып тур, оқыў тарқасын, түстен кейин кетип, азанға шекем жетип келемен...

Азанға шекем емес, түсти аўдыра берип, Дәўеке томар геўлетип атырған жерине барып: „Мине саған справка керек болса,—деди, бир жапырақ қағазды созды.—Өмирбаянды Сулуўшаштың өзине жаздыраман ..“

Мәдияр қағазға көз жуўыртты: „Бериледи ушбуў справка Шотан қызы Сулуўшашқа...

— Ҳаў, ол Шотанның қызы емес, қарындасы-ғо!

— Уәй, пәмийласын билмей қалдық, соннан дәў ура ма, қарындасы болмаса, қызы! Оқый бер.

— ... Себеби Шотан қызы Сулуўшаш Қаңлы қышлағында 1912 сәнеде дүньяға келди. Миллети қарақалпақ, уруўы қаңлы. Ушбуў справкамның дурыслығына имза шекип. мөҳир басаман. 1929-сәнениң март айының 13 и күни язылды,—деп әлепше өз қолы менен жазыпты шала саўатлығына қарамастан Қунназар ақсақал. Мәдияр ҳәйран:

— Қунназар ағаны неғып, бүйтип алдастырып ала қойдың?!

— Ол Сайымбет аға емес, баладай адам-ғо,— деди көзин қысып.—„Қарақалпақ қызларын не қыласаң, ысырайық-дә оқыўға бир қазақты“ деп едим, билип турман, бирден аңқылдай қоймағаны менен, „бир гәп болса обалым саған“ деп жазды да берди, гәп жақты, ақыры. Биз миллетине қарамаўымыз керек, жора, ким болса сол болсын, мийнеткеш халықтан, кеңестиң граждань бол-

са, ўәссалам! Мине, мынаў Гүлайшанын справкасы, мине, мынаў тракторшылыққа кететуғын Исиметтики.

— Бай-баай, сен бәрин бес етип келипсең-ғо!

— Төрт деген ди оқығанда алып көрген емеспен!...

Туў ана жақта тораңғылға тесигинен қыстырылған шойын қазан жаң-жүң етип қағылды.

— Жүр, түсленемиз, Қудайберген аға түски жармаға шақырып атыр...

## 29

— Ал, аға, биз егип болдық,—деди Жақан арадан бәс алты күн өткеннен кейин өгиз қосты тапсырып атырып.—Тәңир жарылқасын, аға, бир қарастың. Енди, бүгин, ертең азық таярлатып, арғы күни атланаман, я томар геўлесиўге қала берейин бе?

— Енди, қазыўдың басындағы Қунназар аға, бизиң жағдайды да биледи, сөйтсен де болар еди, бирақ, тәртип сақламақ керек. Жигитлериң иренжип жүрер. Бара бер, иним. Ал, қаладан арба, я хат-хабар келген күни қарындасты атландыра беремиз ғо? Атланды, сени шақыртармыз, соған шекем жеңгеме бизиң үй қарасады..

— Ҳаўўадағы,—деп кетти Жақан.—Атландырмай не қыласаң!

Күн батып кеткен еди. Үйине келсе, тас түнек жайға інүтик шыраны жылтыратып жағып, Гүлайша апасының астын қайта төсестирип, төрге шығарып отырғызып атырған екен. Бала келе сала саўдырады:

— Апа, өгизлерин тапсырдым. Бүгин, ертең азық таярлаў керек, мен оған шекем, жайдың дөгереклерине шүлликлеп терек егип таслайман. Гүлайша атланар болса ақ пәтиянды берип қала бер. Саған Мәдияр ағаның үйи қарасып туратуғын болды. Гүлайша атланды болды, сениң жағдайыңа бола бизди қазыўдан шақыртып алдырады. Сөйдеди Мәдияр аға...

— Хаў, маңлайы қара балам-аў, қойып тур, бай атанның алдынан өттиң бе?!

— Өткенде не дейди, „бара берсин“ дейдидағы,—Гүлайшаның қысынатуғынын да ойламады.—Келининиң атқа минер болғаны оған жаман ба, ҳаў, ҳәзир-ақ алдынан өтип келемен,—деп, бир өкшеден бурылып, шығып кетти.

Толыбайдың мазасы қатты қашып атыр еди. Оның мазасын қашырған аўыр мийнет емес. Буған қашшан-ақ

көнлигип кеткен „Есберген орынынан түсипти“ деген-ди мышмыш деп жүрсе, ҳәтте, қамалып қалғанынын да ырасқа шығып атырғаны еди. Оның үстине, Избасқан-ға „бир әмелин тауып, жиберермен“ деген Жақанының Мәдияр менен ауыз жаласып қойғандай, қос өгизин алып, журт колхоз жумысынан жырыла алмай жүрген-ле панқыйып, меншик жерин егип жүргени „сенсиз ҳәм күним өтеди!“ деп, қыр көрсетип жүргендей, сол қыр үш қырлы егеудин қырындай жанын егеулеп, жыландай тауланып атыр еди:

– Ассалауам әлейкүүм,—деп, Жақан кирип келди. Толыбай өрре турып отырғаны менен, сын нәзерин жаз-дырмастан

— Аппырмай, бала, ҳәзир ғана ойлап отыр едим, ақыйрдың уағында кимди ойласаң сол келеди деген, сә ақыйыр жақынлап қалған шығар, —деп еди, бурын-лары бир майдан отырып болып, сөйлеуге жүрексине-туғын дийханы, тартыныу жоқ, дағы жоқ:

— Қой, ата, ол не дегениң!—деди. Мәдияр берген кеңшиликлерден кеуили шад едидағы, ақыры:—Ақый-ырды айтпа, ата, ақыйыр бурынғы заман болып, бай-лардың басына түстидағы, жарлыға жаңа дәуир қара-ды! - деп, Толыбайға тикленсе, бай атасының түри сур-ланып, қырғый қабақланып қала қойыпты. Жигит енди не дерин билмей албырақлады, сонда да бурынғыдай емес:—Бир көп жазлық егип едим, өгизин де Мәдияр аға берди, туқымынан да питегене қарасты, соның қу-анышы менен соның сөзи го, мениң айтып жүргеним!

– Ҳаууа, соның сөзин сөйлемей не қыласаң, енди, тарысы писип атыр, тауығы бол да шөплей бер, бизиң тарымызды шөплеп болдың,—бай былай қарап гийне-син билдирди.

— „Байдың ақыр заманы тууды“ деген ге сен өкпе-леме, ата, сен ҳеш қашан бай болған да емессең, ҳау, —деди Жақан, ақланажақ:—Бай болғанында колхозға алмақ түүе, кәмпис етип жиберетуғын еди. Ҳәзир не, абырайын, қудаға шүкир, бурынғыдан мың есе жақсы, —деп еди, „абырайымнын жақсылығы—қара жумысқа шыққаным ба“ деген ашыу менен теуип жиберейин десе, бурынғы пәт жоқ: „әттең, заман-ә, заман-ә, уу-ыстан шығып кетип баратырсаң-ау, мына Жақандай болып;“ деп тисленди, бирақ, буны билетуғын Жақан жоқ, сөйлей бере жақ еди:

— А-ал, не ойласық пенен келдиң? —деди.—Бирақ, бүкпей айт, ойласыққа келген болсаң. Хәр қашан, ойласыққа келген адамға дурыс ақыл бермек дәркар. Сыр бүксең, онда бизди алжастырасан. Айтпақшы, сизлерге ақыл гөй көп-аў, сонша жыл „Сыдық, Сыдық“ деп, шалғай жапқан Сыдығымыз да бизге бир аўыз айтпай, Мәдиярдың алдынан өтти ғой, ақыл сорамақ болсаң, бул заманда хәмме ақыллы болып кетти, сен де алды менен соған ойлас, оннан соң барып: „ол солай дейди, сөйтсем дурыс болармекен“, деп маған кел.

— Мен оған ақыл сорап барғаным жоқ, муғаллим менен өзи келди,—деп сол күнги әңгименин усақ-түсигине шекем қалдырмай айтып берди.

— Енди, ата, үш ай деген үш күншелли болмайды, өтип кегеди. Келиниңиз атқа минер болса, сизлерге де шеп емес. Елибайдың тойы үш айдан соң, қарындас оқыўын питкерип келгеннен кейин-ақ болар, „асыққан қыз байға тийип жалшымас,“ деген, ертеңнен арғы күни қазыўға кетемен. Ал, яқшы, онда, мен соны айтып, қуўандырып кетиўге келип едим, Гүлайшаны „мине“ деген исши етип беремен қолыңа,—деп, жуўабын да тыңламастан турып баратыр еди:

— Тоқта-а, ессиз перзентим,—деди, уяң ғана сарсылып, Толыбай.—Тоқта, ақыры! Қыз он жети жыл сениң үйиңде болса, қалған жағында мениң үйимде болады-ғо, өмиринше-е, ҳа, сен меннен бир пикир сорамайсаң ба, ақыры?! Бой жеткен қызды үш ай түўе, үш күн Төрткүл түўе мынаў гурған Халқабадта қондырыўға бола ма, ақыры!—Жақанның аўызы ашылып, тағы отырды. Қолын бетиниң алдынан былай-былай сермеп:

— Қарындастан ғам жемең, аға, ояғына писикпен, дым қорқпан,—деди мурынынан мынқылдап.—Дым алып қашпайы жоқ, ол меннен сабырлы.

— А-ал, ол сабырлы бола қойсын, бир гүдибузар аттың алдына бөктереди де кетеди, онда қайтесең! Ол да бир пискен алма, ким үзсе соның қолында кетеди...

— Үзип бир көрсин, ҳүкүўмет пирин арқасына таңып берсин гүди бузар түўе, шақы менеп дийўал тесетуғын өгиз болса да!—Жақанның шыны да сол. Толыбай мырс-мырс күлип, басын шайқады:

— А-ал, гүдибузардан өшин алып, қаматып-ақ жиберди дейик, соның менен бахыты қара болған нашардың абырайы тиклене ме, кимге дәри оннан соң ол!

Төрткүлге барып көрмегеннен соң, айта бересең, Қара таудын Уры сайында не бир гəззаплар жүр гезенип! Нашар ғой, нашар, атлы əскерлер менен атысып, жаўжарақларын басып алып, көшкен адамлардың көшин талап, қызларын əкелериниң көзинше зорлаған жағдайлар аз болды ма!—Жақанның түклери тебендей шаншылып сала берди.-Яқшы, жибере ғой, —деди Толыбай Жақанның ҳаўлыққанын сезип.—Аман-есен жетип, питкерип келсе, келинимиз болмағаны менен де, қолымызда өскен қыз ғой, ең болмаса, исши болған күнинде шалғайын бизлерге де жаба жүрер...

„Келинимиз болмағаны менен," дейди, я, химм, бул, биз оқытып келгирсек, бизиң менен қудалықты қоя жақ екен. Қойса қоя қойсын, қайткенде де бир қыз бир қызды тутады..." Тап, Жақанның усы ой менен турып кете жағын билгендей:

— Оқып келген қыз, исши болған қыз өзин малға да саттырмайтуғын болып келеди,—деп, тағы Жақанды турып кетиў нийетинен қайтарып таслады.—Исши болған ҳаял,-көрдиңиз бе, „қыз" демейди: —өзин малға саттырып көрсин, ҳүкүўметтен не жақсылық күтер екен, алды менен берген ҳүжжетлерин қолынан жулып алып, ҳаялдың өзин Сибирге айдасын ə! Оның үстине, бурымларын қырықтырып, тоқалақ ешкидей болып, орысша порымға көшпесе, оқығаны бир пул, ҳүжжет те, ҳəмел де бермейтуғын қусайды-ғо! Арақ дегени тағы бар...

— Арағы не, ата, оның оқыўға не қатысы бар!

— Сен еле билмеймисен, оқыўды питкерген адамларды ҳəмел бермесинен бурын, партияға алады. Əне, сол мəжилисте ыстолдың үстинде бир шийше арақ турады Сен көрмегенсең, ол бир суўдай ақ, зəҳəрдей ашшы зат болады ..

— Сен ишип көрдиң бе, өйтип бир!

— Ба-ай, бул Тасмаңлай не зəҳəрлерди жутпаған! Ҳүкимет келмесинен бурын жигирма үйдиң сүйегин тийеп, тийе берсин, əкең бийшара менен Орынборға кəрўан тартып кеткенбиз. Үйлерди жолда-ақ пулладық. Енди, былғары алыў ушын барғанымаз ғой. Былғарры заўытлы бир бай орысым бар еди, мудамы сонникинен алып туратуғынман. Апаңнан сора. еле есиңде шығар. Тийе, берсин, Мамыт бийшара менен сол заўытшы орыстың үйине барсақ, „қызымның туўылған

күни“ дей ме, қулласы, тойдың үстинен шықтық. Бизлер Мамыт екеўимизди де ыстолды дөгереклетип отырғызды....

— Бизиң ағам да көп жерди көрген екен-ғо, бала.

— Тамашасы кейининде еле, сен бөлмей тыңлай бер. Олардың ыстақан дегени болады Өзи де дигилдик кесадай бир кесадан арақ алады екен. Соннан ҳәммеге толтырып қуйып: „ким ишпесе, бизиң қызымыздың ден саўлығына қарсы болғаны“ деп, дүгистирди келип бизлер менен, дүгистирди...

— Жаңағы ыстакан дегенди ме, сынбаймекен?!..

— Ҳаўўа деймен. Мамытқа: „жарып шықпас, жора, кел, енди, қалдырмай ишип жиберейик, ишпесек..“ деп атыр едим, тап соны түсинип қойды ма, өзи, қазақша билетуғын, оралски болып кеткен орыс еди:

— Бир тамшы қалса бир қарыс былғары жоқ,—демесин бе, сонша жерден барғаннан соң буйым питпей қайтса қалай болады, бир күнлик жол емес, нешше қонып барғанбыз, ақыры: „Мамыт жора-а,—деп сыбырладым әкең марҳумға:—Маңлайға урып, қабақ сындырғаннан жаман болмас, бир тамшы қалдыра көрме мийнетти күйдире көрме, жора жа-ан,“ дедим. Қарасақ, бизлерден басқалар қашшан саңқ қойып, бизлерге бақырайысып тур. „Ҳаў, мыналар ишкени менен өлмей турғо, еркеги түўе қатынлары менен қызлары да ишип қойған-ғо, тарт Мамыт!“ дедим де көзди жумып симирдиң бе де! Мамытты ғой, билмедим, саған өтирик, маған ырас, өзимниң өнешимди өртеп, ишек-шабағымның қай кәраларында кетип баратырғанын билип турдымдағы, геллем бирден „ғуўў“ ете қойды. Соннан не ишип, не қойғанымды билмеймен. Мамыг күлип мени қушақлай береди. Мениң болса, көзимнин алды думанланып баратыр, Мамыт Мамыт емес, бир ерип баратырған елес. Қалтамда сонша пул бар. Сол ядыма түскенде уйқыдан турғандай көзим шайдай ашылып, есиме ене қойдым балам! „Анаңқара, анаңқара!“ дейди Мамыт жулқылап. Қарасам, қызы әкеси менен, баласы анасы менен қушақласып ырғысып жүр...

— Ўааай-ўай. уягын-а!...

— Сорама, уўдай мәс! Биреўдиң қатынын биреў қушақлап ырғысып жүрген, шурпа-шурп сүйиспе-е!... Соннан„бир, майданлап қайтайық“ деп шығып едик, қәнекей, есикти таба алсақ! Азанда оянсақ, бир нәрсе

„қурқ-қурқ“ етеди, көзимизди ашып қарасақ, көтере ақ шошқаның ортасында жатырмыз! Мамытты оятпастан бурын дәрриў қалтамды сыйпадым, қудаға шүкир, пулым аман екендағы, геўишимниң биреўи жоқ. „Үйи“ деп, шошқаханасында уйқылап қалыппыз, еле де жаз айлары болғанын айта бер, қыс болғанда қатып өлип қалатуғынбыз ғо! Келип бир жан садақа бердим, соннан қайтып: „көрмегеним Орынбор болсын“ дедим. Усы айтқанларым өтирик болса, апаңнан сорай бер. Мамыт бәрин айтып келген шығар. .

— Ўай, арағың жаман екен-аў онда! Оны бизиң қарындасқа қалай ишкизеди, айтамыз ишпе деп!

— Мынаңқара, сада балам-аў, жаңағы партияға алатуғын мәжилисте саған: „қудай бар ма, жоқ па“ деп саўал береди. „Бар“ десең, алмайды, онда сонша ай оқығаның бир пул, ҳәмел де жоқ, ҳүжжет те жоқ. Бурымды болса, қырықтырдың, басың турыпты сөк түйген келсаптай туқылланып! Иләжың қанша, „жоқ“ дейсең, тилиңниң ушы менен болса да „Жоқлығына ант ишесең бе?“ дейди. „Ишемен“ дейсең. „Мә, онда, иш мынаны“ дейди Сайымбет қусаған биреў ыстақанды созып. Оннан сон қарындасыңнын кимниң мойынынан қушақлап ойнап кететуғынын қудай билсин. Соярына көнсең, жибере ғой, бир адам болып келиўге келердағы, бирақ, онда мен балам, басқа жақтан ғамланаман ..

— Ўай-ўай, ата, онда шатақ болды-ғо! Мен ўәде берип, ҳүжжетлери Шымбайға да кетип қалып еди. Жаңағыдай шашын кестирип, журттың мойынынан қушақлап, ҳәмелдар болғаннан өлген абзал. Өзи менен турмай мени өлтиреди-аў онда, шатақ болды ғо, ата, онда не қыламыз! Қутқарыўдың иләжы жоқ па буннан, айтөссе, а-таў?!

— Мениң басым аўырып, кетти, дағдағанды қой, бала, жата жақпан!

— Кет дегенин ғой енди бул маған, — деп қамсықты Жақан. — Қарындас бир қара тутар деп жүр едим, буннан бунда айырылсам, абырайдан бунда айырылсам, өлгеним жақсы мениң бүйтип жүргеннен!

— Енди, не қыл дейсең, шырағым-аў, „жиберемен“ деп қойғансаң, бир аўыз ойласпасаң өзиң! Ҳүжжет райкомға кеткен болса, қыздың өзи оқыўға қайылшылық берген болса, не дейсең енди маған?!

— Жибермесем-ше?!

— Қызлардың ықтыяры ҳәзир өзинде, жибермесең қамалып кетесең! Не, саған ҳүкүмет ойыншық па, жибере бердағы, ол да бир өлген туўысқаның! Жибере бер, бар, кемпириң менен ойлас, мен жата жақпан...

Жақан еңкилдеп жылап шығып кетти. Гүлайшанын да, Бийбайшаның да жан ийманы қалмады:

— Не болды, жүўернемек-аў, айтөссе?!..

— Ағам... қурыдық, апа... ағамның Орынборға кәрўан тартып барып келгени ырас па?!... Арақ ишкендеги көрген тамашаларын айтқаны ырас па?!...

— Ырас, ҳауўа, ырас. Оиың не шатағы бар бунын оқыўына?!...

Адамнын сезими деген ҳәр қыйлы-аў, биреўди елжиреткен, жылатқан сөз, биреўге дым тәсир етпейди. Биреўге дым тәсир етпеген сөзге әлле кимлердиң жағын керип, күлип атырғанын көресен. Бунын ҳәммеси айланып келгенде „ҳәр гелледе бир хыял“ деганнен келип шығатуғын ҳәр қыйлылықлар. Ал, ҳәмме гелледе бир қыял, бир мәп болған ўақытта, ҳәмменин санасы бирдей болған жағдайда жаңағыдай ҳәр қыйлылықтың болмайтуғынлығына муўалифиңиз кепил. Сондай-ақ, айтылған сөз адамға қаншелли тәсийир етсе, оны сол еситкен адам тап өзиндеги тәсийрдей етип, тағы биреўге, онда да өзи менен мәплес, бир қыяллас, санасы да сондай адамға жеткизе алса жүдә бәрәкәлла ғана болады екен.

Жақан өзинен өзи ҳүрейленип, өзинен өзи түршигип Қара таўдын Уры сайындағы бас кесерлер, уятты ҳәм қоя берип, әкесинин көзинше зорланған қызлар ҳаққында айтыўдан-ақ тула бойы жуўлай баслаған кемпирдиң талықсый жазлағанын айтпай-ақ қояйық, „қашан үлкен шәҳәрге жетер екенбиз,“ деп, жүреги шеўкилдеп, күн санап жүрген Гүлайша, тап бир, онлаған бәдбәшәр қарақшы ҳәзирден баслап-ақ бармақларын таррашлап, бас салайын деп киятырғандай, қорққанлығы соншелли, қараңғы мүйешке тығыла берди, тығыла берди.

— Ҳеш ким жоқ-ғо, қорқпа қарағым, тас болмаса сени өз қолымыздан әжелге айдап атырған екенбиз! — деп, таўын жаздырмастан, арақ мәселесине, бурым кестирип, геллени геллеклетиў тәртиплерине өтип кетти „Соқыр таўыққа бәри тары,“ шоқый береди, сезими соқыр адамға бәри ырас, исене береди. Үш соқыр

үш жерде солқылдасып жыласты, қой дейтуғын адам жоқ, буйымы түсип те ҳеш ким келе қоймады.

Енди Гүлайшаны „журттан шығып кетип“ оқып қайтыўға ҳеш бир үгит-нәсийҳаттың көндире алыўы мүмкин емес еди Бирақ, өзи өмирбаян, арза жазып берип қойған ғой, ким айнытты десе, дослығын айтып, өзин „апаттан“ қутқарған Толыбайды тутып бере ме, я жалғыз ағасы Жақанға жабыса ма, не қылады?!

„Ҳәр гелледе бир қыял“ енди басланды. Жақан не қылса екен, қарындасын апаттан қутқарып, өзи қамалып ғана кете қойыўға қайыл-аў, бирақ, сол күнде ҳүкүўмет Гүлайшаны оқыўға жибермей қоя қояр ма! „Өз қолынан, бул ғана гешше нашар, арза жазған ғой, ақыры! ..“ Ўақ, үйленермен, мынаў соқыр анама келин жумсатаман, деген ессиз әрман!“

„Мынаў Толыбайдың ҳәм шалқайып турғанын айтсаң-ә! Бир қара бир қараны тутар деген үмит, бунда үзилип баратыр. Қызды жиберсек, әри қыздан, әри қалыңнан айырылғанымыз бенен турмай, жалғыз Жақанды тирилей өлтирсек, бул жүрсе Төрткүлде шашын қырықтырып!... Жибермесек, бул ғана бахыты қараның арзасы бар-аў!...“

— Үҳҳ... Қудай, усы ғаўғалы заманда қыз бергениң ушын еки қолым жағанда, көр қудай! — деп жер тоқпақлады ҳаял — Ҳа, сен ғана бахты қара, журттан озаман деп, өлемнен қарата келип оқый берип, бассыңа бәле бармеди, қаты-ын! Журт қатары барып-келип жүре берсен, болмай ма, қаты-ын! Өз басыңа өзиң жеттиң-ғо, қатынн! — Жақанға алып топылды: — Айттым мен сен жүўернемекке, ҳа, алдында бай атаң менен ойлас дедим, қылмадың айтқанды! Өзиң менен турмай, жалғыз қарындасыңды бунда қурыттың, жүре бер жүўернемек енди, аларсаң енди, қатынды анаў „Ақ кесектеги“ таза қойылғаннан! — Бир майдан жым-жыртлық болып қалды. Ҳаял жән-жағын қармаланып:

— Ҳәй, бахыты қара, туўмай туўа шөккир! — деп бақырды Гүлайшаға. — Әпер ҳасамды. Қой геўишти! Тур, жүўермек, сен де ошарылып отыра бермей; Жете мени бай қурдастикине! Еле де жолымды сол таўып береди маған! Жетер-жетпестиң сөзине ерип, әнейдей әкеси жоқта әке болған адамнан, қара, айырылып жүргенин! Жете деймен саған, қайда отыр мынаў, алдырайын таяқ пенен, жүўернемек ғана!...

Ел жатып қалған. Мәдиярдың ғана шырасы жылтырайды

— Апа, Мәдияр аға менен бир аўыз ойласып көрмеймиз бе?

— Өлимм, қыршын, өлим, арғысында жоқ қыршынн!

Ай сүттей жарық болса да Бийбайшаның соқыр көзлеринин алды тастай қаранғы еди, қорқысқан-үркискен, көзи бар Жақан менен Гүлайша да жап-жақты соқпақта-ақ сүрнигип-қамығып киятыр.

Булардың тап үсейтетуғынын билген Толыбай да „күтип отырғанға усамайын" деген тыйтал менен шырасын сөндирип, сылт еткен сеске Назарбайдың сары қаншығындай қулақ түрип, демин ишинен алып агыр еди. Дәрўаза тықырлады. „Әне, келди, соқырлар!" деп, асықбастан, албырамастан, кербазланып орынынан түргелди. Шыраны да жақпады. Айдың нуры үшинши пақсадан қойылған айнадан қыя түсип, жайдың ишин алакөлеңке етип турып еди, қармаланып, қасаң геўишин таўып илдирди де салпылдатып барып, дәрўазаны ашып: „ҳе, бул не сүргин, биймезгил!" деди. „Мен биймезгил үйиме адам жыйнап, мәслаҳатласыўға қорқаман. Мен бир, жаман аты кешкен адамман, көрмейсиз бе анаў Мәдиярдың айнасының жақтысын, ким билсин, мени кимге аңлытып қойғанын!" деп, дәрўазаны жабыўға қолайласа бергени:

— Сен өйтпе, бай қурдас, — деп ары ийтерди Бийбайша. — Биз бир аўыз сөз сорап келдик, бөз сорап келген жоқпыз, қудай хорлаған бендени өйтип хорлама сен!

— Әй, сизлер-әм бир, басым бәлеге қала қалды-ғо, жаўып келиң онда дәрўазаны, — деп, арман қарай назырқанып кетти Толыбай. — Тәмбини беккем бастың ба?! — деп сорады сүрмелеклесип ишке киргеннен соң Жақаннан. Онның ийегин екшегенин де, Гүлайшаның көзиндеги жасты да қаранғыда көрген жоқ.

— А-ал, не гәп?!

— Бир, бүлгиншиликке ушырай қалдық, — деп гәпти кемпир баслады. — Бир күн белсендиси айттырып келеди, бир күн оқыўға сорап келеди. Бизден мына жесириңди ал, ямаса бир ақыл таўып бер?

— Мен ҳүкиўметтиң оқыўға шақлап қойған адамын жолдан қойып, басым алтаў емес, усы дағдағаны азайтқаныңыз маған дым мақул көринип тур!

— Есигиңе бас урып келгенге шалқай-ә әблен! Сен, қурдас, мени өйтип қыздырма, Жақан илайым, үйленбесе, терис үйленсин! Жаңағы айтып турғаның шын гәпиң болатуғын болса, Өмирбай дегенди шақыртып алдыраман да ҳәзир атына мингестирип жибере қояман. Оннан соң оқыта ма, шоқыта ма, ояғы менен исим жоқ! Мен анаў келгенинде де келисип қалатуғын едим, тек арада сен болған соң, үндемей қалдым. Сындырысқан нан себеп болып қалды, соннан қорықтым, қудайдан қорықтым! Болмаса, сениң балаңнан өлсе өлимтиги де артық екенин көрмесем де кеўилим сезди. Қопалдың бәри ақымақ бола бермейди, шалқаясаң-ә келип! Жүр. Жақан, тарт ҳәзир Шымбайға пияда!

— Барың, сөйте қойың, — деп, Толыбай ашыў менен дәрўазаны тәмбилеп қалса да, иши уўдай ашыды. „Тағы жалыныңқырар" деп еди. Өзиниң гәпти натуўры баслағанын сезди. Әйне, усы ўақытта, қыздан да бетер нөкерге қолайлап жүрген Жақанынан айырылып қалғаны есине түсип, дәрўазаға жуўырды. Тағы ишке кирди. Керегинде геллеси саатттай сыртылдап, тез ислеп кететуғын адам еди. Барып, әсте ақырын баласын оятты да ишки, өзиниң өжиресине киргизди.

— Айнаға көрпеше бастырып тасла, паўан! — деп жекиринди. Өзи шыраны жаға баслады. — Бол тез!

Айнаға да көрпеше бастырылып, тасқамал етилди. „Бир бет қағаз, қәлем тап, неге аңыраясаң!" деп буйырды. Демниң арасында ол да тайын болды.

— Шыраны мунда әкел! — Ол да исленди. — Жаз!

— Не деп!

— Басла! — Сөзбе сөз айтып турды, ескише мектеп көрген жигиттиң қолы оңынан шебине қарай қалемди жорғалата берди. — Енди қол қой, сәнесин жаз, — бул да жыр емес екен. Оқып көрди де ҳәмияндағы пулының арасына салып қойды. — Ҳәзир олар қайыл болса, дуппа-дуўры қызды мингестиресең де Избасқандикине тартасаң. Қайда жоллайтуғынын өзи биледи! — Баланың көз алдына Гүлайшаның қумар ала көзлери, алмалығындағы қызылы, өкшесине түскен сүмбил шашлары елеслеп. ушып-ушып қуўанып тур. Әкеси буйрықты үсти-үстине дөндирип атыр: — Мына пулды бир жериңе беккем сал Еки мың мана-ат, гешше, әнейи пул емес. Кийимлериңниң барлығын қоржынның басына тығып,

жийрен қасқаны ертле де анаў қос торанғылға барып тур. Апанды оятып алма, тири жан көрсе, қапылып қалғаны онда. тағы баяғыдай аўызың гешшийип келип отырма. жама-ан! — деди де өзи жеңил-желпи кийинип, дәрўазадан шығып кетти

Келсе, Жақан да Шымбайға атланыў ушын қойынына зағара тығып атырған екен. Толыбайды көрип, қуўанғанынан жайтаңлап сала берди.

— Апа, бай атам келди!

— Ҳә, сөйтер деп едим-аў! — деди қуўанышын жасыра алмай. — Усындайда сен ақыл бермесең, ким ақыл береди?!

— Ўай-ўай, айта бересең-аў, қурдас, заман көтермейди-аў, заман! Қәне, бурынғы күним болып, ыңғырлатып-сыңғырлатып, отаў тиктирип, ат шаптырып түсиргенимде Гүлайшаны! Өйтиў түўе, екеў ара сыбырлының өзи есапта, биреўдиң изинде биреў, ортада мурын болмаса, бир көзиңди бир көзиң жеп қояйын деп тур! Заманың тарылса, табаның тарылады, аяғыңды көрпең үлкен болса да еркин көсиле алмайсаң. Сизлер соны түсинбейсиз де меникине шаўа бересиз...

— Не қыламыз енди, қысынып, өлип барагырмыз!

— Жақаннан бойымды аўлақ салып жүргеним-әм сол, усыған не ис болса, ҳүкүўмет бизден көреди.

— Биз қайдан билейик, қурдас-аў, үйренип қалған аяқ, ақыл таппай бас шатынағанда, сеникине қарай томпылдай береди. Ал, не ақыл таптың, жолы бар ма буның?!

— Мыныў келинимиз, — Гүлайшанын жүреги дирр ете қалды. — Бир жапырақ хат жазып, Жақанға таслап кетсе, мен ҳәзир балама мингестирип жибериўге қайылман. Ўәдем де ўәде, бере жағымнан да танбайман. Әйтеўир. Жақанның ғәрежетин төлеў мойныма, тапсын биреўди...

— Сонда бул қыз не деп хат жазыўы керек?

— Ҳүкүўмет өз ықтыяры менен қашқан қызды қуўдалағанды жуўапқа тартады. „Өз ықтыярым менен ашығыма қосылып кеттим“ дейди, сол қағаз қолда болсын оннан соң қуўдалаған адамды мен көрейин! Қудай да тыныш, қудағай да тыныш. Әбзелинде, „сеннен болды, меннен болды“ демең, жибергиңиз келсе, оқыўға жибере қойың...

— Әне, тағы шаймалап киятырсаң, қуда!

— Жақ, оған көнбейди екенсиз, жаңа мениң баламнан Өмирбайды артық дедиң-ғо, артықмашылығы —исшилиги. Қыз соны қәлеп турған болса, „қызымды ал" деп барған уят болады" демесеңиз, Жақан да жолынан қалмасын. Менин басқа айта жағым жоқ.

— Хат пенен ис питетуғын болса, Гүлайша жазараў!

— Қағаз тап, қарағым, Гүлайша, — деди Жақан елден ақ елжиреп. — Қарындас бизиң айтқаннан шығып, қайда барады! Бизге, Өмирбайыңнан сол Елибайымыз абзал, пәкизе, ата сораспайсаң, ене сораспайсан...

Екеўин де абзал көрмейтуғын қызға тек ғана жаңағы әжағасы айтып келген масқарашылықтан қутқарғандай болса, тап усы мәҳәлде ким болса сол абзал еди. Ҳеш ойланбастан көзиниң ағыў-қарасындай көрип жүрген бир тутам қалемин, жазылып-жазылып, соңғы бети қалған жалғыз дәптерин сабаяқтан кемсалыйқалаў, тосаңлаў шығарды.

— Мына айнаға көрпеше бастыр, Жақан, биреў болмаса биреў жақты шығып турғанын көрсе: „бул не биймезгил жақты" деп, келип жүрер, даланы да бир қарап қайт. „Үй меники демегил, ший сыртында киси бар" деген...

— Ҳаўўа, балам, — деп хошлады ҳаял. — Исенип бола ма бул журтқа!

Бәри Толыбайдың айтқанындай болған соң, бирден иске өтилди.

— Қәне, жаз келин! — Келини не деп жазарын билмейтуғын еди, атасының бетине: „өзиңиз айтың," дегендей бир қыялаңқырап, уялып бақты.

— „Әдиўли әжағам, ақ сүт берген ғарийп анам, — деп жаз Жаздың ба, ой, боой, өзи, журттың „саўатлы" деп жүргенинше бар екен ғой, түпәләм! Ал, енди, соның астына жаза бер. — ...Мен Кеңес ҳүкүўметиниң қызларға берген еркинлигиниң арқасында өз ашығым Елибайға қосылып кеттим, — болдың ба, буны шыйырдың, келин, енди не десек екен:—Сизлерге айтып кетейин десем, жибермей қала ма деп қорқтым. Дурыс, оқыўға бараман деп, арза берген едим. Бирақ, ашықлық дегениң бәринен күшли екен, — уялма келин, жаза бер, басқа иләжы жоқ...

— Ҳәй, бай қурдас, сен оң жағымда отырған қызыма келин дегениңди қой, берекет тап! Жақан, сен

сыртқа шығып тур, уялады үкең, соған да пәмиң алыспайлы-аў, балам!

Жақан шығып кетти. Толыбай баянлаўын даўам етти:

— ...Күшли екен дедиң бе, ҳә, бәрәкәллә! Енди былай деп жаз: — Усыннан қуўғыншы жиберип, мени излететуғын болсаңыз, қайын атамнын үйин пәтеңге келтиретуғын болсаңыз, ол дүнья, бул дүнья еки қолым жуп жағаңызда! — Әне, енди болды. — Сәнесин жаз да қолыңды қой. Баўрекелла, буны да шыйырдың. Ал, енди, қудағай, Гүлайша керек-жарақларын түйип, қос торанғылға қарап шыға берсин, мен де баланы солай қарап шығараман.

— Бул жетим байғуста не керек-жарақ болсын, бойын бир жаза алмады, — ҳаялдың даўысы дирилдеди. — Жаңа бой жазғанында мына бир бәлелер тап болд-ы. — Қыз сыңқылдап, жылап тур. Толыбай еле ҳаялды шегелеп атыр:

— Ал, қудағай, ҳеш қайсысымыз ҳәш нәрсе билмеймиз, „ақ түйени көрдиң бе?! Көргеним жоқ,“ басқа гәп болмасын, азанда даўыс шығарып жылап отырасаң, қудайым жылатпағай-аў, бирақ, соған усатасаң. Жақан менен азанда биз Мәдиярдикинде дусласамыз...

Сыртқа шығып, „қарындасыңды қос торанғылға апара бер,“ деди де асығыс үйине тартты Жигит ишке кирсе, қарындасы менен апасы қушақласып жыласып атырған екен:

— Қудай мени нашар етип жаратар ма, ана жанаў...

— Шүкир ет, балам, шүкир ет, қудай сени сөйтип ғарғаса мен не қылайын! Бәримиз де узатыларда нашар болғанымызға пушайман жедик, — деп, анасы байғус бозлайды, қалтырақлаған қоллары менен, ақырғы мәртебе хошласып атырғандай бетлерин аймалап, пешаналарынан сүйип-сүйип бозлайды. „Беккем бол Жақан, сен қамсықсаң, булар өкиреди, биреў еситип қойса, пал бузылады“, деп, жигит өзин-өзи сергеклендирди де қарындасын ажыратып алып шығып, қос торанғылға қарай жүрип отырды.

Келсе, қашшан Толыбай қостаңлап, жолына қарап турған екен. „Ал, ағаң менен хошлас, шырағым,“ деди де баласы жаққа кетип, бир нәрселерди үйретип атты.

Муңлы басын ағасының аяныштан езилип турған көкирегине басып:

— Жалғыз қалдың ғой, әжағаў, жалғызыңнан айрылдың ғой, ағажан-аў, кеттим ғой әрманлы... — деп ақ қуў сыңсыр еди, ҳа-а, тодасынан айырылып, дузаққа илинген тақ қуў усылай сыңсыр болар, тодадан, жипек жиптей есилип, алыслап баратырған аппақ айдай тодасының изинен телмирип, ақ қуў, ақ қуў болғанда да бул әлемде жападан жалғыз қалып баратырған тақ қуў усылай сыңсыр болар еди. Кеўилине нәресте көринип жүрген туўысқанының жүрегинде усыншама адамды езип жибererлик муң шемиршекленип қатып атырғанын Жақан тап усы бир ғана мәўритте сезип тур, сезсе қайтсин: „қой, шырағым, бирге туўмақ бар, бирге жасамақ жоқ, ҳаслың нашар...“

— Ҳаў, сизлер жинлимисизлер, қойың, биреў еситип қояр! — Толыбай келинин жетеп әкетти де Жақан турған жеринде бутпаразлардың тас мүсининдей қақшыйып, аңырайыўы менен қала берди. Ат туяғының дүбирлиси қулаққа шалынғанда барып, есине ендидағы, өз ықтыярынан бийғарез бир ғалетий ҳалатта жан ушыра изинен жуўырғаны соншелли, қарсы киятырған Толыбайды қағып кете жазлады Бир нәрсе айтып қала жақтай, бир нәрсени айтпақты умытып қалғандай, лийкин, сол айта жағы не, оны өзи де түсинбес еди. „Ҳәй, бала!“ деген сес есине ендирип, егленди, қараса, Толыбай да мешиттеги көлеңкедей одағайлап, изинен жуўырып киятыр екен:

— Есиңди жый, балам, есинди жый, сөйлесип алатуғын гәп бар. Мә, мына хатты қойныңа тық та күн шыға Мәдиярдикине бар. Мен де бараман баламды жоқлап. Ашыўланған адамдай, жағамнан жулқыла, мен кеширемен жағама жабысқаныңды! Қәйткен күнде де исендирмесек, аўҳал шатақ, сен де қурыйсаң, мен де қурыйман, билдиң бе?! Азанда анаң айбарақ салып шықсын, тағы уйқылап қалма, кешиксең олар тың ашыўға кетип қалады, билдиң бе, жый есиңди, ал, енди бара бер, — деп зинҳарлады да өзиниң ески жолына түсти ..

Жақан хатты аларын алды, қалтасына саларын да салды. Бирақ жаңағы сөз қулағына кирди ме, кирмеди ме, өзи де билмейди. Әйтеўир, гөне қудықтан ба, гөристанннан ба, гүңгирлеп бир сес шыққандай болып

еди. Пәт пенен келип, есикти тартып урғаны, жайды жылтыратып турған жалғыз шүтик те „лып“ етип, өшип қалды. Баласының пәт пенен келгенинен ырайын абайлаған анасы ешкиниң манрағанына усаған өлпең дауыс пенен:

— Жақа-ан, — деди. — Көзимниң алдындағы ақ таңлақ ғайып болды ғой, шыра өшти ме?

— Соқырға шыраның не кереги ба-ар! — деп бақырып жиберди баласы, өмиринде бундай қатты-қайырым сөз еситип көрмеп еди. Ана байғус. ашыўын жутып жиберди: — Көздиң соқырлығы ҳеш гә-әп, балам, кеўилдиң соқырлығы тас болмаса апатқа ушырата жазлады-ғо, балам. Ендиги жағында кеўилиң сергек болсын, аңлы бол, бай қурдас болмағанда жаңа ким таўып берер еди бул ақылды! Жақа-ан, жылап атырмысаң...

— Жылап кетти ғой, апа-аў, жылап кетти ғой, езип кетти ғой баўырымды мениң! — Бала өрден ыққа аўнап, жылай берди, жылай берди. — Мына үй мени енди жеп қояды ғой, қысып баратыр ғой, ҳәзирден-ақ! Қула дүзде қулазып, жалғыз өзим қалып қойғандай болып баратырман ғой, апа-аў, оны оқыўға да бермей, Елибайға да бермей, мен неге Сибирге кетпедим бүйтип жалғыз туўысқанымның жанына жәбир ислегенше-е!...

— Шүкир ет, балам, шүкир е-ет, нашардики сол, мен де әкеңди қәлеп тийген жоқпан. Саған да ҳеш ким қалеп тиймейди. Ҳә, қойсаңә сыңқылдыңды, мен де шыдап, өлмей отырман-ғо, меннен қалайсаң!...

## 30

... Уйқылады ма, уйқыламады ма, оны өзи билмейди. Гүбир-гүбир сестен көзин ашып, қараса, жайдың иши еле тастай қараңғы екен: „Қарар ғана көзимаў, усындай ўақытта қуманды услата қоятуғын еди, қарағым...“ деген сөзлердиң даўыс толқынынан, анасының қуманды таба алмай, қармаланып, жылап жүргенин абайлады да:

— Жатсоңо, апа, еле таң атқан жоқ, тас қараңғы-ғо, — деди.

— Таң атты, балам, соқыр болсам да әлемниң жақтырғанын кәуилим сезине жақ... — Баланың ядына ақшамғы көрпеше тутқаны түсти де ырғып турып, байдың жақтыны тосғырыў ушын гуттырғанын жулып

алып, есик бетке зыңғытты, әлем, ҳақыйқатында да жақтыланыпты, анасының көзлериниң ағындағы қызарып кеткен қызыл тамырларға шекем көрди, қуяш нуры түспесе де таң шуғыласы ақ үйди рәўшан етип таслаған екен. Бала анасының қолына суў қуйып, қуманды услатты, услатты да, қалтасын сыйпап, қағаздың „шытыр“ етиўи мәгдал, өзин сыртқа атты. „Толыбай .. Меннен бурын барып... кешигип қалдым ба!“ деп. ҳаўлыққан еди, яқ, еле кешикпеген екен. Ҳаяллардың бирли-ярым азанғы ғалмағалы басланған қусаған, бирақ, еле ала геугим...

Мәдияр менен қатнасық басланғалы түсейин деген жаңа соқпаққа түсти де жүрип отырды. Байдың айтқанларынан жуллық-жуллық сөзлер есинде қалған екен, сол жуллықларды гөне үзиктей жамастырып, бир мазмунға әкелип, ядына жәмлестирип баратыр. Әтирапган аңқыған көк ийисин де, сәўирдиң самалын да, анаў аўыз қабағын қолына алып, қораға сүңгип баратырған келиншекти де итибарынан ысырып таслап, тек ғана бузып алмаўдың машғулатына, Сайымбет айтқандай өзин „жүз пырасент“ берип ентеледи. Байдың үйиниң тусынан өте берип, аңқайып атырған дәрўазасына жин көзлене қаранып, ишинен мың нәлет айтып баратырғанлықтан, қуманын қолына алып, жыңғыл қорадан қарап қалған Толыбайды да ескермеди.

„Усының оқыўы бизди майырды-ғо!“ деген ашыў менен, теўип жиберсе, „тәмбили шығар“ деген ҳәйўанның есиги тәмбисиз болып шығып тепкен аяқ пәт пенен ишке кеттидағы, тирелген аяқ сыртқа керилип, қырлы босағаға қуйымшағы динк ете қалды.

Қараса, қасындағылары муштай, өзи диңдей болып, Шотаннын, өзиниң бала-шағалары менен Мәдияр дәў төрде чай ишип отыр. Буның тегин келмегенин есиктиң тебилгенинен аңлаған дәў қолын Шотанлар отырған өжиресине сермеп:

— Биреўиң қалмай мына жайға кириң, — деди.

— Кирип кәйтемиз, кетемиз биз, тур-әй, Балқуйған, жандығыңа бар. Биз де малды айдалық, — деп шығып кетти. — Ишер шәйди иштик.

Жақыннан бери-ақ үйиндегилер түўе, колхозшыларға да Мәдиярдың айтқаны орынланыўы лазым нызам болып қалғанлықтан: „булар оңаша сөйлесетуғын шығар,“ деп, Айсултан да ишкери сүңгиди.

Ақшам усы жерде Дәнияр менен ойнап-ойнап уйқылап қалған Ақжарқынның таралмаған шашлары жастықсыз жерде шашырап атыр екен. Қымтастырыңқырап жатқарып, сыртқа шықты да:

— Чай демлеп берейин, бала, — деди Мәдиярдың қапталына шөкке түсип, жылап отырған Жақанға. Келиншектиң жүреги суўлап;

— Аманлық па? — деп атыр еди. — Кет бар, жумысыңа! — деп, Мәдияр есикти силтеди: — Алды менен сен шықпасаң, ким шығады! Бизлердиң оңаша гәпимиз бар, кирме енди ишке, — деген соң: „мына бала жылап отыр-ғо, қысындырма“ дегени шығар,“ деп, белин алып, түслигин қойынына тығып, есиктен шығып кетти ҳаялы.

— Сен еңкилдеме, ғошшым, еркек жыласа, қатын не қылмайды. Мынаў қағаз турғанда, оны қуўыўға ҳақымыз жоқ, ғошшым. Ҳәр кимниң ықтыяры өзинде. Булай болыўы мүмкин емес еди, ким де болса қызды биреў азғырды. Айхан емеспекен?

— Билмедим, аға, билмедим...

— Ҳәзир садаларды азғырыў аңсат, „Уры сайда қырып кетеди Сәдулла бала,“ десе де жан ийманы қалмайды. Оның усланғаны қашшан! „Оқығанлар шашын қырықтырады“ десе де исене береди, Жумагул апа дегенлер жүрипти-ғо шашын өкшесине түсирип. Алдына биз түўе, кешеги Сапаровларын мектептиң баласындай жаланбасланып киреди. „Сондай болар ма“ деген үмит пенен, аўылдан бир нәҳән қыз шығып, журт сораса, ең болмаса: „қай аўылдың қызы“ десе, аўылымыздың аты шығып турар, колхозымызға қолқабысы тийер деген ой менен, әри, қартайғанда Бийбайша кишем де бир жетимлериниң атқа минип, журт сорағанын көрип, ҳүкүўметке ыразы болсын, ғәрипшилигин умытсын дегеннен басқа жаманлығымыз жоқ еди, — деп еди, жигит еңкилдини қоя берип, өзиниң маңлайына өзи урып өкирди. Мәдияр да дым тәуелле салмады, бул иллеттиң Толыбайдан келип отырғанын да, мынаўдың өкинип өкирип отырғанын да билгенликтен: „Жылай ғой, ғошшым, пәкизе, ишиңниң ҳәўири шығады,“ деп атыр еди, түрине өли шырай урып кеткен Толыбай босағадан атлады да сәлемлесип болып:

— Ҳа-а, Жақан, аманлық па? — деди дым билмегендей. Жақанның жайылып кеткен жағы сөйлеў ушын ийкемге келмегенликтен, Мәдияр:

— Жақан жалғыз қарындасынан айырылып, жер сыйпап қалғаннан соң, келип отыр, — деди Толыбайға сын нәзерин таслап. „Ҳәзир бир пышық басты болыўы керек, анық Толыбайдан келген бәле болса, буған гүман жоқ, арашаламайын, әбден, бири бирине қараспастай ашым-айрық болсын,“ деген ой менен сәл нәрсени сылтаўлап, чайнек-кесаны жыйнастыра баслап еди. Қоллары қалт-қалт етип, қағазды созды да:

— Бул қарындастан айырылыса, биз де жалғызымызды дәреклесип келип отырмыз, — деди. Мәдияр отыра қалып, қағазға көз жуўыртты: „Мени әпиў ет, аға! Мен балалықтан бирге ойнап-өскен ашығыма қосылып баратырман. Айтайын десем, „дайыңның қызына үйлендиремен“ деп жүрген соң, қорқтым. Кеңес ҳүкүметиниң ашықларға берген еркинлиги яшасын! Мени излемең, тири болсам, бир жерден шығаман. Баратуғын жерим, ҳәзирше, тек өзиме мәлим. Даўласып келсе, сүт ҳақысын берип, Бийбайша шешемди ыразы етиң. Сизлерден басқа тилегим жоқ, сизлерге қудай, бизге Кеңес ҳүкүмети яр болғай.

Дийдар нәсип еткенше хош, апама айт, жыламасын. Өлмесем айланып келемен...“

— Бай-баай, биз билмей жүр екенбиз, — деди таңланған түр билдирип Мәдияр. — Мынаў гәплери менен Елибайды комсомолға алыўға болатуғын еди-ғо...

— Сең, баслық иним, ондай гәпиңди қой, маған! Мен оны дайысының қызына үйлендирермен деп жүр едим, мынаның саллақысы азғырған мийи дүзлеспей жүрген баланы, оқыўдан қалыў ушын ислеп отырған мәккаршылығы...

— Онда неге мына хатты жазады қыз? — деп Гүлайшаның хатын созды да: „ҳәзир шылпәрше боллады“ деген ой менен, чайнек-кесаны жыйыстырып, ишке алып кетти, ол-булға гүйбенген киси қусап, сыртқа тың тыңлады:

— Сениң қаншығың азғырмаса ким азғырады оны! — деп, пәтленип шыққан Толыбайдың даўысы, есикке жүрип киятырған биреўдиң дүрсилдиси еситилгени де сол, Мәдиярдың шығыўға қолайласа берген қапысының зулпын шыңғырлатып, дүрсилдеп келген аяқтың ийеси илди де кетти. Енди ол дүрсилдинин ҳәйўанның қапысына кегип баратырғанын, қапыны тарса жаўып,

тәмбини ме, келсапты ма, тақырлатып басып атырғаны сезилди, Жақанның даўысы еситилди:

— Қәне, жаңағы гәпиңди қайтадан айт, әкенниң аўызын...

— „Сөге ғой, балам, сөге ғой, қудай кеширсин,“..— деди жуп жағасынан тутып, өзине тартқан Жақанның қулағына таман ентиге сыбырлап Толыбай. Соң даўысының барынша бақырды: — Сенин саллақың емей, ким жолдан азғырған, ҳа! Өмирбайға тийе алмай қалғаннан соң сениң қаншығың...

— Мине, саған қаншық! — Жақанның шоқпардай мушы Толыбайдың көзиниң алдынан ушқын шашыратып жиберди: — Сениң қабақ жара алмаған манлайыңды өзим ғана жарайын: Мине, саған қаншық!...

Кешеги „жабыс, жеңил-желпи ур“ деген гәпим бойынша ислеп атырған шығар“ деп еди әдепки жудырықта. Соңғы жудырық бул ойды байдын басынан байыўлыдай үркитип жиберди де жан сақлаўдың ҳәрекетине киристи. „Ўай-ўай, қайдасан, Мәдияр, өлтирди ғой мына өгиз!“ деп геўдесин көтере берип, Мәдияр бекленген есикке жуўырмақшы еди, қақ жаўырынынан ат тепкендей жалп ете қалдыдағы, аўзынан қара қан „лоқ“ ете қойды „Көтерилмес көтерилсе, көтерип бир урады“ деген усыдағы, әбден қаны қызған Жақан тап бир, кийиз басқандай, ҳәйўанның ол шекесинен бул шекесине жумалатып, ыңқылдатып тебиў менен бола берди. Есиктин зулпы сыңғырлап, иштен „аш, ҳа, аш!“ ты салған Мәдиярдын да даўысын еситпеп еди. „Қарс, қарс“ атылған наганның даўысы есине ендирип, шалқасына жатырған Толыбайдын бетине қараса, аўызынан қан ағып, көзи бақырайып атыр. „Ҳимм, муқ қаптың ба! Енди ГПУға өзим бараман!“ деп гүбирленди де ҳәйўанның тәмбисин тайдырып, туппа-туўры қораға кирдидағы, ашайын десе, „атын бермес“ деп қорқты ма, я есине түспеди ме, Мәдиярды да қамақта қалдырып, ерсиз, дағысыз, жаланаш атты мине сала, қамшы жоқ еди, үсти-үстине шыбық шырпылдатып, Шымбайға тартып отырды...

Тебе қойса Мәдиярдың да тепкиси темир үзгендей. Ақыры болмаған соң, гелле таслай жақ қошқардай шегинип барып, теўип жибергенде, зилдей дизбе қапының зулпы „шынғырр“ етип қарсы тәрепиндеги дийўалға урылды. Қараса, нанлар езилген, көрпеше, дәс-

турханлар жыйрықланған, мүйешке қурылған дийирманның түбинде, мойыны қыйсайып Толыбай сулап атыр. Бет-аўызы алқара қан. Жигиттин ети түршигип кетти. Усы мәҳәлде көзине Жақан көринсе бүрип таслай жақ болып, сыртқа жуўырды. Ҳеш жерде аты-заты жоқ, бәҳәрдиң бул азанында арбаларын қосып, шыйқылдасып жолға түскен партаў ашыўшылар да қызықтырған жоқ. Тек, Жақан керек оған, Жақан! Епелеклеп, Қудайберген шундый келип қалды:

— Адамлар кетип шамаласты, Қудайберген ҳаңқалының гөне тамының жанындағы партаўға жибердим,— деди ханнан хабарсыз. — Шукәраларға әне, шу быйыл пахта ексек, жулдызға шапшыйды. Неге үндемейсең! — Баслық ҳүрейленген адамдай, үнсиз ишкерини нусқады. Сонда барып оның нусқаған қолындағы наганның үңирейген аўызын көрип, шундый ҳаўлықты. — Әйтеўир де жаңа бир нәрсе „тарс-тарс“ еткендей болып еди, дым итибар беремедим, — деп, гүбирлениўи менен ишке кирген Шундыйдың, төрде сулап атырған Толыбайды көргенинде түклери тебендей шаншылып, екеўи бирден кел-а көкирегине қулақларын басты...

Кешке таман аўылдың арасы болды бир үлкен әшир-нәшир! Районнан еки милиционер, арбалы тағы бир милиционер келип, атлысы атыз басынан Мәдиярды айдап қайттыдағы, аўылға келгеннен соң алды менен баслықтың белиндеги наганын алды: „Зәрре қарсылассаң, атаман, өзиң зәкүнди билетуғын жигит көринесең,“ деди үки көзли, зоң мурынлы, мурты аттын тағасындай ийилген биреўи. Екиншиси; „Толыбайдың өлиги қайда, арбаға тийеймиз. Буйрық солай,“ деди, қатал.

— Толыбай өлген жоқ, тири, — деди Мәдияр өзиниң үйине баслап. Келсе Қудайберген шундый билген емин ислеп, жараларына ат қулақ унтап сеўип, арқасына бир-еки ала жастықты бүклеп қойып, Толыбайға шай берип атырған екен. Муздай қарыў қурсанған еки милиционерди көриўден, тана көзленип, жан ийманы қалмағаны соншелли, сонша жеген таяғы есинде жоқ, шыға қашыўға талапланып, үриккен үкидей бир көтерилип басылды. „Алла, бәрәкелле. Избасқанлар тутылған екен,“ дегеннен басқа ой келген жоқ оған.

— Жақан деген сизди „өлтирдим“ деп барып еди, тирисизғо, яшуллы-аў! — дегенде барып, тарса жарыла

жазлаған жүреги қанасына түсти де есиниң барында бағана Гүлайшаның хатын баласының хатына қосып, қалтасына салғанына қуўанды.

Қашшан боян төселип, сазланып, төрт дегершикли телеген арба есик аўызына кесе тартылған екен. Буны Толыбай еки милиционер еки жағынан сүйеп әкелип отырғызарда көрди. Бирақ, негедур, баслықтын қолын байлап арбаға мингизди.

— Ал, аға, жумысларға өзиң басшылық ете бер, — деди арба жылысқанда Мәдияр даўыслап. — Мен көп кешикпей, келемен...

— „Кешикпессең, ҳаўўа, — деди Толыбай ҳәммеге еситтирип. — Бадырағына қаматып сабатып... Сталинге шекем айтысып бараман, Төрткүлиңғо, Төрткүл...“

Кеште қазыўдан келип, болған ҳәдийсениң бәрин билип алған Айхан Бийбайшаның қундақтағы даўысын шығарып, жүндей сабап атырған жеринен аўылдың ҳаяллары арашалап алып, Айсултан үйине жегеп кетти; „Жүр, шеше, бул сени түнде келип, өлтирип қояр, пәти жаман екен, ширкинниң...“

Арадан еки күнди өткерип, жайдақ атын минип, Мәдияр келди.

Шыпаханада бир ҳәпте жатып, Толыбай да аўылға қуўысты, лийкин, Бийбиайшаның жалғыз Жақанынан дәрек жоқ. Мәдияр да нәрсе көрмепти. Толыбай болса, сорап барған құдағайына: „Жақаның ғой, Жақан, Мәдиярынды да қаматпасам, әкемниң төли емеспен! „Арық малды сақласаң, аўызы-басынды май етер, арық адамды сақласаң, аўызы-басыңды қан етер,“ деген усы, ықласымның урғанының алды болғай сизлерди! Тур. жоқ бол!“ деўи мәтдал, Дәниярдың жетегинде Бийбайша өз маңлайына өзи тоқпақлап, жылаўы менен Мәдиярдикине келип отырды. Басқа үйде бунын жағдайына қарасқандай адамның да ирети жоқ еди, баласы кешиккен сайын, жүреги муздай суў...

Толыбай да, Айхан да жумысқа шықпай жатып алғаны менен өмир ҳалласлап алға шабар еди, жумыслар жедел. Журт енди тек ғана, суўды күтип отыр...

## 31

„...Улымнан хабар алып келейин-ши,“ деген ой менен елди жатыра берип шыққан Толыбай „Қанлы

жағыс“ тағы Избасқанның үйине жақынлаған сайын, дизесиниң димәры қурый берди.

Избасқан да сол күни үйде бар еди. Ғаз мойын, жипек минезли, нашарға тән нәзикликтиң барлық қасийетлери табылатуғын ақ келиншегиниң, сақал батып атырған аппақ буғағынан басын жулып алды да, тың тынлады. Пәт пенен урылмады дәрўаза. ГПУден келгенде бүйтпес еди, деген менен, сақлықта хорлық жоқ. „Өзимиздиң адам болмаса, ашпа,“ деди де атаманнан байраққа алған алты атарын жастығының астына қолайланқырап қойып, шапшый жақ жолбарыстай бүкшийип, төсегинде дамбалшаң отырды.

Дәрўазаның сынғырлап ашылғанын еситпегени менен дүрсилдеп, ишке жетекленип кийатырған ат дүбирин еситти. „Ҳимм, өзимиздики екен,“ деген хыял менен бирге есиктен жеңил пәрўаз бенен, үсти желең, келиншеги керилип кирди: „Тасмаңлай ғой,“ деди еринин зорға қыбырлатып: „Үстиңе әкиятырман, анаў жайға барсаңыз көп отырып қаласыз...“

Булардың айнасы жүдә бәлентте еди, зәнги қойып өрмелемесе, ҳеш кимниң көре алыўы мүмкин емес, сонда да: „қала дәстүри“ деп, қалың таўардан перде тутып қояды Избасқан жас келиншегин жалаңаш керилдирип қойып, машқы етип қарап, көз тойдырыў ушын-ақ базда шырасын усындай мәҳәллерде де жақтырытып қояды. Қызыл қум арасынан көп күннен бери жаңа оралып, бүгин бир аймалап, уйпаласпақшы, маўқын басбақшы еди. „Тасмаңлай“ деўден, „нөкер алып келди“ деп қуўанғанлықтан жадырап сала берди:

— Кел, Толеке, төрле, — дегени менен, төсегинде қол алысқанынан-ақ: „тез сөйлеп, тез жөнел“ дегенди уққан Толыбай төрлеместен, есиктиң аўызындағы кишкене қара терликке шөкти де, аман-есенликтен соң, баласын сорады. Сол келген күни-ақ, келини менен Қоңыраттағы Шалтай ханның қарамағына өткерип жибергенин айтып:

— Оянғынан ғам жеме, қәне, Жақаның қайда?! — деп бирден сурланды гелле кесер. — Саған айтаман, неге аңыраясаң!

— Қамалды, ол енди, келе алмайтуғын болды, соны айгайын деп келип едим, — деди де ўақыяны бастанаяғына шекем айтып берди. — Жақында Мәдиярды да қаматаман. Арзам Төрткүлден келмей атыр...

Избасқан жуўап орынына еки бармағынын ортасына бас бармағын тығып көрсетти. Сон, ысқырған қара жыландай сурланып:

— Қаматып болыпсаң! — деди. — Қысқыға шыламай, бәрин Жақанын да айтып қояды еле! Сен бизиң исимизге кесент келтирип атырсаң, — деп, жән-жағына қаранып алды. Елти халқы еркектин үстинде отыра бермейди, анаў жайға кетип еди. — Ҳаўўа, кесент келтирип атырсаң жатқан жыланның қуйрығын басып! Мәдиярдың үстинен шағынып не қылайын деп един! Басында ең болмаса, таўықтың мийиндей мийиң болғанда, „бала менен бала қосылған екен, ашыў менен қудамыз ура қойған екен, кеширин, жигиглер. Бул, бир күнлик саўда емес, келинимиз бенен баламыз бири бирине бизлер себепли дықлы болып, хожалығы бузылмасын“ дегениңде Жақанды қутқарып, бизге жеткерген болар един, биз бир нөкер арттырған болар едик. Гөрден тапсаң да, жерден тапсаң да бир нөкер табасаң, бул бир, екиншиден, бүгиннен баслап, Мәдир менен жарасыўдың жолын излейсен. Колхоздан шығарып тасласа, исиң пагырат, бизге оннан соң түкке керегиң жоқ. Егер усы сөзиме турмасаң, еки бастан, билип отырман, былай қарап шыққаныңды ийт те көрген жоқ, — алты атарды жастықтың астынан суўырып, маңлайына шөкеледи. — Орыс жолдан өткеремен де анаў пешананңның жигине атып таслайман. Өлимтигинди азанға шекем аш қасқырлар кемирип кетеди...

— Мен енди, бир қулынызбан ғой, — Толыбайдың маңлайы қурт ойнағандай жыбырлап, тап ҳәзир атып таслайтуғындай, қолын қалқанлады: — Тартын мына бәлеңизди, айтқанынызды қылмай не қыламан! Кете берейин бе? — деди бул жерден қашып шыққанша асығып. Избасқан сол қәддин бузбастан: — Егер, ярым айдың ояқ-буяғында бир жағынан келип қалмаса онда Жақаныңның шатылғаны! Кеткенине неше күн болды?! — деди.

— Бир айға шамаласты...

— Енди көп болса ярым ай-ақ сақлар, айтаман ғо, ҳүкүўмет тегин аўхат берип, узақ бақпайды. Я босатадыдағы, я бир жағына шыгарады. Тағы ярым ай күтемен, соның ишинде Жақан да келмесе, басқа да нөкер бермесең, гәпим басқаша, бар қайқай! — деп, өкшесине қарап қалды. Нөкердиң буған тап усы ўа-

қытта, ҳәтте ярым айдан соң да кереги щамалы, көтерилисти шөлкемлестириў иси питпей атыр еди, егер тап ҳәзир керек болғанда Тасмаңлайдың өзин алдына салып айдап кетиўге қудирети жетеди. Бирақ, усы бастан қараны көбейтип, әри көзге тез түсетуғын етип, әри, тамақтың жаўы етип не қылады! Көтерилиске бес күн қалғанда жыйнаса, машқыға, үйрениўге сол бес күн-ақ жетип атыр. Лийкин, усы бастан писирип қоя бериўи керек, Толыбайдай неше адамды зирилдетип, нөкер жибериўге таярлап қойғанын бир өзи биледи. Сыдық болса, еки бастан, барып қосылды Қарақумға, енди ҳеш гөрге қашпайды, Сары агаўдағы Толыс аўылға жақын жердеги қой бақтырып қойған жалғыз дийханы — Ҳайтмуратты ертең қара үйи, қой-пойы менен „Жети асырым" қумынан күн шығарырақтағы, жолдан жырақ қызылға көширип қонысландырады да арғы күни тағы тартып отырады саҳраның сыртланы!...

## 32

... Толыбай күннен күнге басынан ықтыяры кетип, күннен күнге Избасқанның саясына айналып баратырғанын, жекке мәпи ушын, өзинше бир ис ислеўден қашшан-ақ қала баслағанын жаңа сезинген еди. Сезинген менен пайдасы не, ҳүкиметке тырнағын бир емес, бир нешше ирет батырғаннан соң шарасы қурып, ертеңине ҳаялын таңнан оятты да: „бар, жумысыңа, мен де бараман!" деп буйырды. „Душпаңнан жығылып, елдиң бетине қалай қарайман," деген бажалақлардың биреўи де тыңланбады. „Колхоздың жеринде отырсаң, шашы узын, ақылы келте, ақымақ, дара план салады, оны егип берер жериң жоқ, саллақы, салынған планды төлемесең қылмыс заңының мен билмейтуғын ыстатыяларының тармақларының бири менен қамалып кетесең, қаншық! Колхоз көширип, ҳуқуўқыңды алып, елден айдамасынан бурын анаў май бөксеңди қақпандай қыс та жөнел ҳәзир!" деп пәтленип еди, баласының қай гөрге кеткенин уўайымлаў да қалды, есиктен шығып, зытыў менен бола берди.

Ҳаялларларға „бийтке өкпелеп, тоныңды отқа салма деген. Сол Жақан ширкинге өкпелеп, неге мен истен қалады екенмен!" деп, жулқынып барып қосылып еди. Гүлзийра:

— Сен өйтип, қаттыға кегпе, келиншек,—деп төрелик етти.— Ийт те болса бири қудағайың, бири қуда балаң. Шығарып алың ебин тауып „дауагер кеширсе ҳүкүүмет кешireди“ дегенди еситип атырмыз. Соған шекем, пәкизе, қудағайыңды үйиңе апар, кеширим сора.

— Ҳәлегим,—деп, былай қараганы менен, Айхан кеште күйеуине де мына ақыл күтә ғана мақул түскеннен соң түнлетип, Мәдиярдикине барды да: „урыссақ та, кейиссек те өз бармағымызды өзимиз кесе алмаймыз, бизики бир ашыу үстинде болған ис. Ағасына да айттым, „бар районға, кеширим берин қутқарып ал баланы“ дедим, жүр қудағай, дәу мырзаға да жат емесдағы, бирақ, колхозға баслық болғаны менен топлым колхозды асырасын деген емес, бер бир ашыуыңды“ деп еди. Мәдияр Бийбайшаның өз ықтыярына салды. Бийбайша, баласына кеширим береди дегеннен соң, Айсултанға қайта-қайта тәңиржарылқасынын жаудырып, үйреншикли әдетине гөре: „еркеклер урысады, жәбирин, биз, сорлы нашарлар тартамыз, урысты да табатуғын усылар, жаугершилик те усылардан келип шығады. Күйигин бизлер тарта беремиз, ҳаууа, мынау Жақанның қылып жүргени ғо мине! Мен қурлым күйип жатырған жоқ, сол төбелес оның не теңи еди, ҳа, жүре бер: „ғәрип жолы қайсысаң“ деп! Қарындасың баяғы жаугершиликте кемалға келип, бир басбашы яумыт алып кеткенде не қылар едиң!. Ал, дәу бала, тәңир жарылқасын шырағым, биз бир соқыр адамбыз, жетегенниң жетегинде кете беремиз!“ деди де босағадан атлады.

Жап-салмаларды болып, атызларды қашшан егиске таярлап, Шундый менен Мәдияр „тап усы жерге суу шықпайды-ау“ деген шамаларына тоғыртқа қурғызып, Қудайберген ҳаңқалының партауына жақынлау түстан жүз адымдай жерге терең етип, шығыр тартпа қаздырып атыр еди. Толыбай сурланып келип, аманласып шықты да дым үндеместен белин жалақлатып, ултанға түсе берди. Ҳеш ким „шық“ та демеди, „қаз“ да демеди. Түски жарманың үстинде Толекең тилге желпичип отырып келди:

— Бир қазаннан, мине, көптен бери, түсте болса да, ас ишип жүрмиз, бир қазаннан ас ишкеннен кейин, бир адамның баласындай болыуымыз керек еди, үйиңде бадырағыңа малдай өкиртип сабатқаның батып кетти-ау,

ниим!—деп шағынды Мәдиярға.—Ашыў менен айтылар сөз айтылып, кетер қағаз кетип қалды, кел енди, жараса қояйық,—деди қолын созып. Мәдияр да қолын қысып:

— Мен, жарасып бир, сизиң менен урысыппан ба! —деди ири даўысы гүрилдеп.—Көрдиңиз го, өзиңиз: сыртымнан илип таслады, наган атқаннан соң да ашпаганнан кейин, ақыры қапымды бузып шықтым-ғо, райпркурор менен ГПУға усыларды айтпағаныңыз ушын мен де өкпелеп жүрим едим. Кел, енди, қояйық, бәрин. Бирақ, бир ай жумысқа шықпадыныз, мийнет күн жазылмайды, жеңгейге де сондай...

— Әлбетте, енди, ислемегеннен кейин, солай болады-дә, қалай ислемеген нәрсеңе шерик боласаң,—деп, Толыбай да ың-жыңсыз көнди.—Бирақ, мени районға қашан жибересиз, „даўагер кеширим берсе, ҳүкүўмет кеширеди“ деседи-ғо?

Мәдияр бирден жуўап бермеди, кетеринде: „Сен сөгис аласаң, шамасы, болмаса, душпанлар: „ҳүкүўмет адам сабатады, жақтырмағанларын жел қолтық батракты үгитлеп, сабаттырыўдың жолын табады“ деген үгитти таратып жибереди. Бирақ, тисиңнен шығармайсаң, бул большевиклердиң де ҳәммесине, ҳәтте, жолдас Айымбетовқа да айтылмайтуғын қупыя сыр, айтсаң, операцияны бүлдиресең, саған тек, қызыл әскерде болғаның ушын айтып атырман, Жақан Мамутов бир ярым айдан пүткиллей басқа адам болып барады, буны, ҳәтте, анасына да айтпайсаң, соның ушын „босат“ деген өтинишиңди орынлай алмайман. Толыбай менен жақсы мәмиледе бол, гүман менен қарама“, деп, Федотовтың шегелеп жибергени бар. Жақанның қамалған күнин есаплап шықты да:

— Мениң айтқанымды қылсаңыз, бала есине ениңкиресин,—деди. Толыбайға бул да мақул түсти...

## 33

... Жән-жақтың шатағы, жән-жақтын ғалмағалы менен Гүлайшаның орынына қыз табыў мәселеси ядтан да шығып баратырған күнлердиң бир таң сәҳstationинде Мәдиярды есиктиң алдына тақырлап келген арбаның сести оягып жиберди. Келген адам қапыны қақпадағы:

— Баслы-ық, шық бери!—деп ҳөктем даўыс пенен даўыслады. Бундай ҳөктемлик бир де районнан келген келте пәмлеў ҳәкимлерде, бир де кел-а айқаса кететуғын душпанда болатуғын еди. Нагандағы алты оқтан еки оқтың қалғанын жақсы биледи, баслық. Ҳаялын оятты да наганды қабынан суўырып алып, артына жасырып барып, шеп қолы менен тәмбини тайдырды. Май айының жанға жағымлы самғлы жалаңаш етине „лып“ етип тийип, бойын бурынғыдан да шыйрақластырып, қараса, баяғы өзин алып кеткен еки милиционер менен арбакеш,—бул да милиционер.

Жигиттиң артынан түсирген қолындағы наганды көрип, олар да ҳаўлығысып қалысты, ҳәтте, биреўи наган қапқа қолын жантастырып та қалған еди:

— Ҳаўлықпаң, жигитлер, —деди баслық. —Сизлер екениңизди билмей қалдым. Аманлық па, азан менен келе қалыпсызлар?

— Аманлық.—деди баяғы мурты аттың тағасындай ийилген үки көзли милиционер. Соң хатқа үңилип:— Қурбан улы Исиметти, Мамыг қызы Гүлайшаны, Шотан қызи Сулуўшашты ҳәзир арбаға саласыз...

— Сонда милиция жибере ме екен,—деп күлди мәселениң қайда жатырғанын түсинген баслық.—Өзлеримиз де жеткерип беремиз ғой.

— Бегжаптағы қырғыннан кейин, ҳүкүўметтиң аўызы писken, —деди екиншиси.—Бир чай бер жора, түни менен жол жүрип, өлетуғын болдық.

—Келгенлер ишке киргизилип, алдына чай қойылды, дәстүрхан жайылды. Шотан Исиметтикине хабарлаў ушын жуўырдыдағы, Балқуйған усы бастан бийкешин, еле кетпеген бийкешин сағынып қалғандай, отырса да, турса да изине ерип жүр аўыштай. „Бир өзим бармаймын, жындымын ба! Ойба-ай, Күләш барады деген соң жазып едим арзаны...“ деп, Сулуўшаш та кертартпалық етип, Мәдиярдың жығырданын қайнатып атыр.

Сәскеге жақын еркеклер жумысына кетип болдыдағы, ҳаяллардың ҳәммеси дерлик Мәдиярдын есигиниң алдына жуўырысып, кететуғын қыз бенен хошласыўға жуғырласып жыйналысты:

— Көрисемиз бе, шырағым, көриспеймиз бе, бой жеткен қыз деген писип турған алма, хошласып кетиўге келдик...

Мынандай гәплер Сулуўшаштан да бетер Балқуйғанның буўынын босастырып, Мәдиярды жин көзлендире берер еди. „Тарқасың“ десе, тарқаспайды, илме қармақ сөз айтып, тап усы ўақытта қобы келип турғандай, жуўап урып бүлдире бергеннен соң, иштен тартқышты суўырып киятыр еди. Мектеп жақтан нәўбәҳәр тырналарындай сап дүзеп, қосық айттырып киятырған Дәўеке Мәдиярдың тартқыш алып есиктен шығыўын көриўи мәтдал, жан ушыра жуўырды, көлде жүзип жүргенде тоданы баслаўшы ата ғаз суўдан көтерилиўден, басқалары да қанатлары менен айдынды шаппатласып ушар болар еди. Муғаллими дизбекти таслап жуўырған соң, оқыўшылары да изинше қанатлап ушып, айтып киятырған қосықларынан жаңылысып қалды.

— Тасла тартқышты!—деп бақырды жақынлап қалған Дәўеке ҳаялларды дүркиретип қуўыўға пәтленген Мәдиярға.—Партизанлықтың да өз орыны бар, иретсиз жумсалған таяқ, айланып өзиңниң басыңа тийеди!—Тартқышты жулып алып, тамның басына зыңғытып жиберди.—Келиң, жолдас ҳаяллар, оқыўшыларды салтанат пенен узатып саламыз, буның үлкен саясий әҳмийети бар,—деди тап солар усы ўақытта әҳмийетин ойлап турғандай.

— Хе-е, еркеклердиң шетинен жинли емес, усындай еслилери де бар-аў, —десип, ҳаяллар ҳалқасы жайды қайтадан орай баслады.

Негедур, Қурбан епелеклеп, Дәўекениң изинен қалмай жүр еди:

— Қоясаң ба енди, жоқ па, Қурбан аға!—деп бақырып жиберген соң барып, бир қырынлап баласына жақынлады да ақыл үйрете баслады: қалай жүриў керек, қалай турыў керек, кимлер менен бас қоспаў керек, соны айтып: „мине, мынаў пул, параланып қайтсаң да тез қайт, үш ай деген не бәле!“ деди бир түйиншикти услатып ҳәм ҳеш нәрсе билмегендей, былай кетти.

Қызыл таўар жоқ еди, еки-үш аршындай ақ бөзге қызыл жыңғылдың бояўы менен „Оқы, оқы, және оқы! Ленин“ деп жаздырып, еки таяқ пенен арбаның басына кердирип қақтырды Дәўеке.

— Бизлер „Жаңа талап“ колхозына баратуғын едик, азанда геме менен жөнеп кетиўи керек булардың, болмадыңыз-ғо жоралар!—деп бүлдирип баратыр мурты

аттың тағасындай ийилген үки көзли қус мурын. „Болдық,—деди Мәдияр.—Мингиз де әкете бер!“

— Мамыт қызы қайда? Болды дейсең!

— Оның дағдағасы Төрткүлден былай айланып атыр, райондағылар да биледи, болғаны сол—бир бала, бир қыз, тарта бересең, жора,—деп еди, ол да бир дымға түсинбейтуғын өжет екен:

— Мен палтай-шалтайды билмеймен, баслық жолдас,—деди қағазды түртип үки көз.—Мынада көрсетилгени еки қыз, бир бала. Түўеллеп арбаға саласаң, маған басы түўел болса болды, ҳүжжети сон дуўрылана береди. Кем болса мени қайтарып жибереди, ақыры...

— Ха, жоқты қайдан таўаман, бир, тамаша адам екенсен!

— Таппасаң, қатыныңды жибер! —деп қышқырып жиберди үки көз.—Неге даўысынды көтересең маған! —Усы жәнжелдиң бәри өзинин қызы себепли болып атырғанын еситкен сайын Бийбайша қысынғанынан қыз болып баратыр.

— Онда қайтемиз, Дәўеке! Қылмайды-ғо, мынаў!

— Айсултаннан қолайы жоқ деймен!

— Ҳәй, муғаллим қурдас, журттың хожалығын бузғың келмесе, тегине турсаң-ә!—деп бақырды Айсултан. Бийбайша бетин шымшыды.

— А-ал, мин арбаға, Сулуўшаш!

— Мине ғой, шырақ, мине ғой, бир өзиңди бөри жемес,—деп атыр Шотан да. „Қап, алдай, түк әлип танымаймын-аў, болмаса, Ақ еркемнин қасында өзим ғана кетер едим, кел, хоштасалық, Ақ еркем,“ деп, жеңгесиниң жайған қушағынан жырылып қашып жылады Сулуўшаш!

— Қалпақтар қазақтың қызы жоғалсын деп жатыр, ған ғой, әйтпесе неге мениң бир өзимди жибереди! Өлтирсеңдер де бармаймын!...

— Усы, усы... не дейди!—Мәдияр тисленип, тисленип өзин ишке урды да Исиметке ала қаптың аўызын аштырып, Айсултанның қазықлардағы көзине түскен кийимлерин жулып-жулып алып тығып атыр. Ҳәйўанда қыстырыўлы турған бир себет зағара бар еди, оны да әкелип ақтарды да аўызын кендир шызым менен шандытып, арбаның көкирегине дүрс етгирип таслады. Сыртқа шықса Балқуйған бийкешин баўырына басып:

„Шашбаулым, шашбаулы-ым, шыбыным-шыбыным. шыбыным,. . .“деген намаға зарланып, жыйналғанлардың гәсин қамсықтырып, гәсин еңиретип атырған екен. Мәдияр даўысының барынша бақырды:

— Шота-ан, қойдырсаң-ә, анаўларыңды!... Мин Исмет, арбаға!

— Өш-әй, ақымақ, өлимге кетип бара ма!—деп, ҳаялын былай зыңғытқан Шотан қарындасын арбаға өзи сүйеп мингизди. Артына бир қараса, әбден ашыўға минген Мәдияр қораздың мәкиенин қуўғанындай Айсултанды тамды айналдырып қуўып жүрген екен. Журттың гәси жыласа, гәси Айсултанға: „былай қаш, былай қаш,“ деп жол берип, қыран күлки болып атыр. Әллен ўақытта „арбаға қосылған қудадай“ аяғын сәрреңлетип әкелип, арысқа дүрс еткизди де: „Қашса, атып тасла бизиң ҳаялды! Жуўабын өзим беремен, айда-а!“ деп қышқырды милиционерге. Атларға қамшы шырпылдап, Сулуўшаштың сыңсыўы, „Бәри бир, қашып келемен, иләя оңбағайсаң, муғаллим қурдас!“ деген Айсултанның барқылдысы, изинде қатынларды шуўлатып қалдырып, аўылдан алыслап-алыслап, еситилмей қалды.

— Қәне, жолдас қатынлар, шуўласқанды қойың,— деди жыйналыс аша жақтай Дәўеке қолын былай-былай сермеи.—Бизлер де әдебинде үсейтип, жылап кетип едик. Көрип турсыз-ғо, қайсысыңыздан кем адам болып келдик. Ақсақалыңыздан кеммен бе, баслығыңыздан кеммен бе, питкерип келсин, көресиз оннан соң тамашаны! Сизлердиң бәриңизден де зият болып келеди. „Жолда өлтиреди“, дегенге исенип жүрген шығарсызлар, Бегжап қырғыны қорқытып таслаған сизлерди. Ҳәзир ҳүкүмет нығайды, ҳеш бәле де болмайды, қала берди, буларды солдат пенен жибереди!— Бийбайшаның ансары аўа баслағанын билди ме, дәл мәҳәлинде: —Солар питкерип келсин, оннан соң Бийбайша жеңгем менен Гүлайшаның бир өкиниўин көр! Жаңа Қурбан аға мениң изимнен қалмайды, ҳаў, „жалғыз балам еди, алып қал, бир сыйыр парам бар“ дейди. Били-ип қой, Қурбан аға,—деп бармағын солтаңлатты:—Буннан былай параны аўызыңа алсаң, қылмыс заңына илинесең. Еле сондай күнлер келеди, балаңды қалдырыў ғой, қалдырыў, оқыўға киргизиў ушын бес сыйырды параға шығарсаң-әм киргизе алмайтуғын боласаң. Ол күнде оқыўға аўылма аўыл, ҳәзиригидей, план салынбай-

ды. Талабан болып, балалардың өзлери қәлеп барады, сонда да „геллесинде бир нәрсе бар ма, жоқ па,“ шертип көрип, мыннан бирин сайлап алады...

— Әдира қалдық, өйтип бала оқытпағанда не қылады.,.

— Ал, енди, жумыслы-жумысларыңызға тарқасың. Дәўеке жора, сен де ертип қайқай шөжелеринди!!...

Дәўәке қалай келген болса, солай сап дүзеп, балаларға бағана үзилген қосықты қайтадан айттырып мектепке тартты. Еле сабақ тамамланбаған еди. Шотан да кетти малына. Есиркеп хошласыўға келе алмай қалған екен, Балкуйғанның да орынына Орынша бағып қалған. Лийкин, еле ол иште, жаўлығы менен бетин басып, жылап отыр. Жана жубанайын дегенде тағы бир ҳаял өлгенге кеўил айтқандай етип, еңиретип кете береди. „Тарқасасыз ба, жоқ па!...“ „Хаў, көрип шығайықдә!“

Ақыры болмады, өңменлеп-өңменлеп далаға шығаррып, қапыны басып еди, „Балқуйған, қызды да узатың, шырағым!“ деп, тағы биреўлери сүўменлеп киятыр. Әбден қаны қызған жигит мүйештен белди ала шыққаны, ҳаяллар ортасына кесек түскен ҳәккедей үркисип жәнжаққа шашырап қашты. Қашып баратырып та аўызлары тыйылар емес:

— Бул урыста қан қызба болған, Түркисипте тасдан қулап мийи аўылжыған. Айсултаннан еситтик, урса ура қояр, қашың қатынлар!—деп барып, зыңғытса кесек жетпестей жерде тағы шоғырланды:

— Ҳәй, дәў қәйним, бизиң гәўиштиң биреўи түсип қалыпты. Қайтадан сир салып бергиң келмесе, зыңғыт берман. Өйтип пәтлене берме, бәримиз жабылсақ, түйе басты қылып, тақым бураў саламыз, ҳоо, ойнама көптиң күши деген менен,—деп суўырылып шығып киятыр еди бир ҳаял, зыңғытылған геўиш қулағының тусынан өтип кетти.

Жигит ишке кирип, тәмбини сарта басты:

— Бизиң нанлар арбада кетти, чай қайнат, Балқуйған, қойсаңә енди жылай бермей!...

Сыртта қатынлар даўысының барынша тоңқылдасып баратыр:

— Бизлерди бунша қуўа берип не қылады, қатынын бизлер жибердик пе, о неси-әй, түўе!...

— Белин шошаңлатып, абай етеди-аў, сениң қан қызбадлығыңды, урыста басыңды жарғызғаныңды не қылайық, урып көрсин, со...

— Әй, басыңызға түспегенен соң билмейсиз-аў,қатынлар, жигит оңашада жылап, бир мауқын басып ала жақ, тәмбини не ушын басты болмаса.,.

## 34

„Қазыўшылардан бурын суўы келеди“ деген гәп бийкарға айтылмаған. Тарнаў ашылмай, қазыўшы қайтпайды, тарнаў болса, қазыў бастан-аяқ қазылып, „болды, болды“ сы жетпегенше, „бас әнжирал Асан мурап“ сағадан аяққа шекем ат шаўып жүрип, көрип шықпағанша ашылмайды Тарнаў ашылып, қазыўшылардың кими ҳарлаған суўға бети-қолын жуўып, кими шомылып, „ҳай-ҳай, суў деген жарқылық-ай,“ десип, көп айлық мийнетиниң нәтийжесин көзи менен көрмегенше „пәтия“ берилмейди. Сөйтип, қазыўшыдан бурын аўылларға арнасын қуўалап, суў жолға түседи. Сонша күн ҳарып-шаршаған, болдырған қазыўшы атланарында жаўға шапқандай атланшап болған болса, енди жаўдан қайтқандай асықбай, албырамай, бир жерде түсленип, бир жерде қонып келе береди. Ҳеш ким қыстамайды да, мурап та, ўәкил де жоқ...

* *
*

Жер тегисленип, шығырлар қурылып, бәри дуўтардың қулағындай сазланып, аўыл арасында да арқайынлық ҳүким сүре баслаған бир сәҳәрде, баяғы өгиз аяғын тығатуғын көпирдиң сол тесиги тағы ойылып, кеше шөкелеп кеткен. Шундый жазлық аралас себилген жап-жасыл жоңышқалықтын иши менен киятыр еди, аспанда шарқ урып, бир-еки шағала гә пәтпелектей желбирейды, гә төмен сырғыйды. Туўбайдын үстинде жылқышылар да жәўлан ура қалыпты жүдә! Ғарры көзин көлегейлеп қарап турдыдағы, бирден Туўбайға жуўырды. Келсе, суў қашшан ҳарлап ағыпты, жарқылық!

Сақалын самал тоғанақ етип айырып, аўылға қарай жуўырды Өзи сүйеги жеңил, қаңғалақ адам, қаңбақтай ушып, ҳәр үйге бир соқлығысып:„Суў келди, ҳа,

суў келди!“ менен Мәдиярдың үйине жетемен дегенше бақыра-бақыра даўысы қарлығып, өкпеси өшип қалды.

Еситкенлер сирә бурын суўдың атын еситпегендей, жуўырыса-жуўырыса шығып атыр. „Ағаларымыз келетуғын болды, яшасын!“ деп ырғысады салмаға жуўырысқан балалар. Ҳәмиўдиң әкелген бул қуўанышында шек жоқ, халық: „ырысқалымыз, анамыз Ҳәмиў“ деп, биййкарға айта ма! Ҳәмиў аңғарын өзгертип, қайдан аўнап ақса да қарақалпақ анасының етегине жабысып ерген баладай сонда аўады. Ҳәмиўден айрылса, бул халық анадан, ырысқалдан айырылған жетимдур. Ал, анасыз, ырысқалсыз жетимнин күни қалай кешетуғынын жетимнен жетилген Қудайберген шундый ҳәммеден жақсы биледи,билгенде қандай!

Азанғы чай ҳалқас та, сәскелик жарма да турған-турған жеринде қалыстыдағы ҳәмме бир-бир белден жарқылдатысып, дигилдиктей суў жағаласып кетисти. Ким қулақ ашып атырған, ким „кериз толып, гүмп ете қалмасын“ десип, тоңыртқаларын беккемлеп атырса, әлле кимлер көлигине көзлик байлап, шығыр қосып ағырған. Мәдияр өрден-ыққа ат шаўып, алды менен қаерлерди суўғарыў кереклиги ҳаққында қамшысын шошаңлатып, тәртип берип жүр.

Жанадан ашылған партаўлар сирә быйыллыққа қанар емес. Ең соңғы ашылған Қудайберген ҳаңқалының гөне партаўына суў аяқтан ақ киййп баратыр.

„Жаңа талаптың“ баслығы қолпылдатып ат шаўып келип, Мәдиярға: „жора, бирли-ярым қулағынды байла, аяқтағы уў ишеди дегендей болмасын, бүйте берсеңиз бизге суў жетиспейди, қырық гектар тахталық сизде болса, бизде де бар,“ деп, өкпесин айтып, бирли-ярым сағаны беклетип кетти. Кеткени қурысын, ҳәр ким өз колхозының абырайына тартып, соң Қудайберген: „шундый-ҳәм бола ма, бизден соң колхоз болды, бизден соң-ақ ишедидағы,“ деп, ашып қайтқаны да сол, „Жаңа талап“ лылар бес-алты колхозшысы менен төбелеске шайланып келип, енди жаға жыртыспаға өтейин деп турғанда, тап усындай жәнжелдиң болатуғынын билип басқалардан зәрре бурын қайтқан Сайымбет келип қалып, алақаны қышығанларды пәтқумар қалдырды:

— Байла, Қудайберген аға,—деп өзине байлатты ашқан сағаларын Сайымбет.—Басқа колхоз болғаны

менен бәри Кенестиң колхозы. Буған да шүкир, коллективизмниң санаға сиңиўи деген сол, баслық жора, — деп созылды „Жаңа талаптың“ баслығына. — Кеше Бүдийхан жекке меншигиниң мәпине тартатуғын еди. Бүгин пүтин бир колхоздың арына тартып атырсыз. Ертең районның, соң обылыстың, СССРдың, бара-бара пүткил дүнья адамзатының мәпине тартылады. Коммунизм деген со-ол, баслық жолдаслар, оқып турың, газетти. Суўдыр болсаңыз суўдыр болың, бирақ саўатыңызды ашың. Тамам, суўға таласып, жерге таласып, ҳәр ким тек өз колхозының абырайын ойлай берсе, өрисиңиз кеңеймейди, санаңыз жаңармайды, жекке меншиклик сананың тек ириленген қыйлы болады да қалады. Олай болмайды-ы, ондайға биз партиялық шара көремиз, Мәдияр, баслық жора сен де, атың ким еди, Бабаниязбели, сен де сөйтесең. Кунназар аға да кешке шекем жетер. Алдағы ислерди бир ойласып алайық. Мына жақтан „Гүлистан“ деген де колхоз уйысыпты ғой, мен соны көрип барайыншы, ислери қалай екен, — деп кетти. Еки колхоздың аламлары ол кеткеннен соң да ала көзленинкиреп дағысты.

Адамлардың түсликке келгени келди, келмегени ерте қайтып, күни мененги диңкилдиден табанларынан от шығып, ерте ғылжыйысты. . .

* * *

„Орыс жол“ менен емес, таса-таса менен Шымбайдан шығып, таса-таса менен аўылға араласқан жақан Қудайберген ҳаңқалының жайына ат шаптырым қалдыаў дегенде жерге түсип, көлигин ГПУдың аттан түспей турған хызыметкериниң жететине берди де: „Рахымет, достым, ендиги жағында өзим бара аламан. Жолдас Федотовқа сәлем айт, барлығы ойдағыдай болады,“ деп қалды.

Сийрек торыңғыллы жалғыз аяқ соқпақ ажырық, боянлықларды қақ бөлип, аяғына төселген ақ паяндоздай ағаранлап алға созылып-созылып баратыр. Торанғылдың астынан өткенде толған ай нурын емген жасыл жапырақлар ақ соқпақтың үстин қапланның терисиндей теңбиллейди де түнги жолаўшының изинен әлле не деп сыбырласып қалып атырғанға меңзейди. Бир ярым айдан асламырақ ўақыт ГПУдың камерасында пинҳамы

тәлим алған Жақанға мынаў бәҳәр де, мынаў мурынға гүп-гүп урған көк ийиси де бир әжайып сезим бағышлар еди. Анадан туўып, бурын-соңлы сирә бәҳер дегенди сезбегендей: ҳай-ҳай-ҳай, жанға жағымлысын-ай, жарқылықтың! Әлўан қыяллардың қушағында өзинен өзи йошып киятырса, ҳаў!... Алдында көк-ала шалқар айдын ба, не жатырған!.. „Көл, ҳаў, бул кәрада көл жоқ еди-ғо! Әй, көзиме шығар, көл емес шығар, жа-ақ, көл, көл болғанда да көлемли көл! Ананқарай ғой, ай нуры кус жолындай узын соқпақ салып. . . әй, усы, жаңағы ақ соқпақтың даўамы шығар-аў, сонла неге жулдызлар дирилдеседи,“ суў шырпылдап урған шелге келгенде барып, бунын суў алма да, ҳеш нәрсе де емес, аўылласлары тәрепинен ашылған үлкен-үлкен аңызлықлар екенин, өзиниң де адаспағанын абайлады. „Ҳе, атамзаманлары әлиран қалған Қудайберген ҳанқалының жери жаңа ҳүкүўметке әрўана болып ийейин деген екен. . .“

Талай-талай батбақларға жығыла жазлап, талай-талай паяпыллардан қылтыллап өтип, үйине барса, есигинде кисен қулып тур. „Есигиңе қулып урылып қалғыр, шеңгел көмилгир!“ деп қарғайтуғыны усы екен-аў, кеше ғана еки баласын қаршығадай салып, соқырлығын умытып отырған анасы да жоқ бүгин! Ҳалласлап келген жүреги әлле неге силкинип кеткендей болды. „Бир өзи қалай күнелтсин, биреўди паналап отырған шығар, улын ырымға, қызын қырымға жиберген соң, әкеңнин Тасмаңлайы!“ . . .деп сөгинди ишинен. Сөгинди де: „дәрегин соннан билермен“ дәп, Толыбайдикине тартып еди. Бул кәралардың да гөне жол-соқпақларын суў менен шайған ба-аў, сүрип шайған ба, әйтеўир, Толыбай менен үйин тутастырған соқпақтың орынында суў жатыр. Жолсыз келип, Толыбайдың дәрўазасын қақты.

Есикти ашып, босағадан атлаўдан Толыбай Жақанның даўысын таныды. „Тап, усы Избасқан ўәлий-аў!“ деп ойлап қойды ишинен.

— Жақанбысаң? —деди гүдикленген адамдай дәрўазаны ашпай турып.—Не қиял менен келип турсаң...

— Биллә, көкирегимде зәрре қыйлы ҳал болса, қудай урсын, аш ата, маған тилдей кеширим хатың керек болып қалды!

Толыбай назырқанып ашарын ашса да Жақанның қос қоллап созған қолын қағып жиберип, үйге қарай жүре

берди. Барып, шыраны жақты. Қараса, Жақан есикте еле силейип тур екен. Кел-а аяғына бойын таслап, жылай баслады:

— Кешир мени, ата жа-ан, мен Мәдиярдын гепине ерип, ийт болып қаўдым сени, кеши-ир, ҳе-ҳее. . .

Толыбай қырғый көзленип, қарап турды да: „буны ҳәзир ғана тири жанға көрсетпей, Избасқандикине жеткериў керек, даўысын еситсе, анасы жылап шығар. . . . Келгенин ол еситсе, ертең журттың бәри биледи де,соң ҳүкүмет те, халық та бул жаманның дәрегин меннен сорайды. . . “ деген ойы туршиктирип, Жақанның аўызын лаппа алақаны менен баса қойды: „тыны-ыш, анаў жайда апаң бар, еситсе, үйди басына көтерип жылайды, соннан соң журт жыйылады, жақсы бола ма, еле садалығың қалмапты!“ деп, урысып-кейип, есикте отырғызды да өзи төрге шығып шоштыйып, тағы Жақанға қырғый көзленди.

— Түрме жағады екен-аў, шырайың шығып қалыпты-ғо...

— Жылан түссин оған, ата, жылан! Күн көрмегеннен кейин күн сибер болып ағарғанымды айтып отырмысаң! Кешир, ата, мени. „кеширдим“ деп, бир аўыз қағаз жазып бер. Ертең түске шекем, мәўлет берди. Түске жетпесем, түстен соң изимнен атлы жибереди, „оннан соң, қылмысың үш мәрте аўырлайды“ деди. Бермейтуғын болсаң, маңлайға жазылғаны солдыдағы, үш мәрте аўырлатпай жазамды өтеп келгеним жақсы. Аты түрме демесең, үш мезгил шала қурсақ етсе де жутым берип турады, мыналардың қазыўынан тәўир, әйтеўир. Апам қайда, мен көремен де қайтаман онда! —деп, асығыс түргеле бергени:

— Отырр, бийақыл перзентимм, —деп күйинген кейип пенен отырғызды Жақанды. —Саған кеширим беремен! Кудағайды да „жаттың қолында қоймайын, жат жатлығын етер, жаман болса баласы жаманлық етипти, бул көзли бийшарада не гүна бар“ деп, Мәдиярдикинде хор болып, түрткисин жеп отырған жеринен өзим алдырдым. „Ал, енди, балаға барып кеширим берип, шығарып алып қайта қояйын“ десем, „жата берсин“деп, мына қудайдан тапқыр Мәдияр тыңламады! Яқшы, мен саған ҳәзир кеширим беремен, жақында ашыў менен бизиң келинниң орынына ҳүкүўмет өзиниң қатынын оқыўға алып кеткен соң, кимге урнығарын билмей жүр баслық!

Ҳәзир балларды елге дарытыўдың ирети болмай атыр. Мен бир жерге жиберип қойып едим, силтесем, өзиң билесең, ҳәзир меннен кеширим хатынды алып, соникине бар да қарындасынди көрип қал...

— Уай-уай, ата, онда ертең түстен кешигип, хат апарғанымның пайдасы болмай қалады-ғо, өзим пиядаман...

— Астыңа ат беремен, көресең де гартасаң дуўры Шымбайға. Бүгиннен қалсаң, баллар ертең дәрьяның аржағындағы бир ағайиндикине қоныс өзгертеди. Көрип қал, — деди сия дәўет, қағаз-пағаз ғамластырып жүрип. — Жақсылығымды билсең, билерсең, билмесең, қуда билер...

— Өле өлгенимше бетиңе тикленип қарасам, қуда урсын, ата...

— „Бериледи ушбуў кеширим хат...“ деп, оңынан шебине қарап жазды да қолына услатты: — Минекей, балам...

— Апамды көрмей-ақ қояйын ба, яманә сағындым!

— Сыбырлап сөйлесе, ўадырлай бермей, еле садалығың қалмапты-аў! Мына хат барса, қуда қәлесе, бүгин болмаған менен ертең жибереди ғой, биротала келип-ақ көресеңдағы. Баллар да „таңнан турып, күн қызбастан бурын„ Жети асырым“ қумы менен „Арық балық“ тың от ескен саҳарасынан өтип қаламыз“, деп еди, асық жылдам! Анаў ерди ала шық, мен саған аз ғана пул ғамлап шығайын, үстинди жаңалап қайтарсаң, деп, ышқыр баўындағы сандықтың гилтине қолын апарып қалды.

Геўишин кийип, пулын бир шалғышқа түйип, сыртқа шықса, бала қашшан атты ерглеп, сеңктей болып турған екен. Зәңгисин өзи басып, „егер баллар атланып кеткен болса егленбей Шымбайыңа тарга бер, қутылып келген соң екеўимиз бирге барып қайтармыз,“ деп зинҳарлап, „ақ пәйясын“ берип қалды.

Толыбайдың ендиги тилеги „Я-а, алла, ол сумырай үйинде бола қойса, нөкер бәлесинен қутқара қойса-а...“ болды.

* * *

„Қайда жумсаса да бара бер, адамларын билип бер, бирақ, басқа районға жумсаса бизге соғып кет“ дегени бар Федотовтың. Бунық мынаў турған жерге

жумсаған қуўанышына бир ярым ай он бес жылдай созылып, сағындырған жалғыз қарындасын көрип қалыў қуўанышы қосылып, тартып отырды жигитиң. „Қанлы жағыс“ деген не, көптен бери минилмей, тың турған мынандай жүйрикке мынаў турған жер.

Қәдимги, таныс үйи, дәрўазаны емес, тап усы туста жатырғанын билгендей, аттың үстинде керилип турып, бәленттеги айнаны қамшының ушы менен шертти.

— Кимсең?! — деген ер адамның ҳөктем даўысы шықты.

— Мен ғой, Толыбай атамның Жақаныман. Баллар кетти ме, Избасқан аға?..

— Былай, дәрўазаның алдына келе бер, өзим шығаман, — деди Избасқан етигин қоныштаяқ кийип атырып. Геўиш кийгенде де болатуғын еди. Онда атаманның алты атарын тығатуғын қоныш жоқдағы, биймезгил адам келсе соны тығып шығыў қашшаннан пешеге айналған.

Гүманлылаў, дерўазаны ашып, атлыны ишкери киргизди де атынан түсирместен буйымын сорады. Бала Шымбайдан қашан шыққанын, кеширим хат алғанын, қарындасын көрип кетиўге келгенин, қудасының „бүгиннен қалсаң көре алмай каласаң,“ дегенин аўызы-аўызына жуқпай, саўдырап айтып шықты. Әңгимениң лийкинине, Толыбайдың не тыйтал менен жибергенине түсинген Избасқан: „Алла, бәрәкелла, сениң келетуғыныңды билмеппиз, биз күнниң батўына-ақ жағыстан өткерип атландырып жиберип едик!“ деп өкинди. „Ҳәзирден баслап, қуўа берсең, Қоңыртқа шекем бир жетер едиң, қой, енди болмас, дийдар нәсип етпегендидағы! Аттан түс, күтә асығыс болмасаң, аўхат астырайын...“

— Дым асығыспан, аға, ертең түске шекем жетпесем, қылмысым аўырлайды екен, мына тергеўшилериң адам еиес, шошқа, урған жеринен жарып шығып тур булар! „Қағазды әкеп берсең, босатамыз, әкелмесең, аўылына жаў жарақлы милийса жиберемен“ деп қалды. „Жиберемен“ десе жибереди. Жырыла алсам,келер едим, сиз үйде боласыз ба?

— Мениң не керегим бар?!

— Силтеўин алып, биротала көрип қайтар едимдағы! Колхоздың жумысына бир илинсек, не деп жуўап сораймыз?

Избасқанға да кереги усы еди.

— Ертеңнен арғы ақшамы, усы мәҳәллери хабар ал, өзим жағыстан өткерип саламан. Биреўлерге берип жиберекатуғын аманатым да бар, аманат болғанда не, бир ат, барғанша минип барасандағы, барғаннан соң тапсыра қоясаң...

Жақан сәскеде Федотовтың алдына кирип, барлық болған жағдайларды түсиндирип айтып еди. „Онда сени я Шалтай ханға, я Мәдияр қарақшыға жумсайды. Ол кәрада бизиң адамымыз бар, соның менен операцияға қатынасасаң, бул сениң биринши үлкен жумысың,“ деп, узақ ўақыт түсиник берди. „Сен жетемен дегенше Қоңырат ГПУының начальнигине өзим хабар беремен. Жолығатуғын адамыңның сүўретин көрсетип, паролиңди сол айтады. Әне, сол жумысты питкерип келсең, биз сени Тешкентке оқыўға жиберемиз. Бизден де үлкен начальник болып келесең, ...“ деп, марапатлап та қойды Қолына ақланыў қағазын берип, түсген кейин аглаңдырып жиберди.

Өмири туўып, усы биринши мертебе екинши ақшамы уйқыламаўы еди. Ат үстинде қалғып, таўықтың биринши шақырымында келә Толыбайдин қазанханасындағы анасынын қапталына бойын таслады.

Ертеңине сәскеге таман: „Жақан келипти, Жақан келипти!“ деген хабар шыққаны менен көрген адам болған жоқ. Бала кешке шекем уйқыладыдағы, кеште үйдегилер менен табақлас болып аўхатланды.

Азанда қараса, орынында Жақан жоқ, қазанханада, анасының қапталында жатырып еди.

— Жақан қайда?—деди Толыбай биле тура ҳаялына.

— Сыртқа шыққан шығар, —деди көзли ҳаял ханнан хабарсыз. —Азан менен қайда кетеди?!

— Сен атыңды көр! —деди Айхан ҳаўлығып. — Тағы бир жаққа шығынған болмасын!

— Ат та орынында, Мәдиярдикине кетти ме екен?

Жақ, оникине де бармаған, сол кетисген Жақан ушты-күйди жоқ болды. Ҳәр ким ҳәр нәрсеге жорыды:

— Қарындасын излеп кеткен-го, өжет еди өзи, я бир жерге барып асылып өлди ме екен!...

Толыбай, Бийбайшаның байбайына шыдамай ГПУ-ға да, раймилицияға да хабарлады. Ояққа да бармаған. Жоқ.

Ақыры, Сайымбеттиң өзи атланды: „Кемпири қоймай атыр, не қылсын, ас абатын бере берсин бе?“ „Биз пәлен дей алмаймыз, сүўретин жән-жаққа жиберип, излеў салдық. Я өлиги, я тириси жоқ,“ деди раймилициядағылар. Не шара, усы хабар айтылып келинди.

Бийбайшаның еле маңлайына урып жылаўы: „ғайыптан кеткен шырақларым-ау!“ деп зарланғанын еситкенлердиң сай сүйеги сырқырасады, сырқырасса не қылсын, Жақаннан дәрек жоқ...

## 35

Буннан онлаған күн бурын, журт шигит егисин тамамлап, жаңа „бир қара көрсеттик-аў“ дегенде аўылға дүкан-дәскеси менен Әмет шайтан көшип келди. Назарбайдың бос жайына орналасып, ҳәйўанына темир дүканын да қурып, жумысты да баслап жиберген еди. Рәмет, Сәдет деген еки баласы бири-биринен уста, темирди саққыздай созып береди. Әмет онша айналыса бермейди қара жумысқа. Қашшан пәтиясын берип жиберсе де жағдайы келмей өз алдына дүкан аша алмай жүрген Сайыпназар сары деген шәкирти бар, барлық жумысты сол апарады. Еки балаға басшылық етеди, гөне қуман, жампыйған дүн, әйтеўир, дәртке асқандай мыс буйымлар болса, жыйнап, ел арасынан сатып алып, арбалы келтиреди.

Баққал дүканы жабылып, алтын ҳүкимет мүлки есапланғалы зергерликтиң түсиримсиз екенин билген Әмет шайтан еки баласын бирден темиршиликке үйретип жиберген еди. Ал, мынаў жигирмаларға келип қалған Сайыпназары, әребек, сырға, жүзик, билезик қусағанларды-ақ соғып үйренип үлгерип қалды. Алтын қәҳет, оның үстине бурынғыдай буйыртыўшылар да жоқ болған соң, бул да ири талапқа көшти. Деген менен, қай жерде алтын сырға, әребек, тағы сол қусаған сатылатуғын зер туқымы болса, хабарын Әметке жеткерип келетуғын сол Сайыпназар. Саўдаласып алыў жағына қарағанда қасына ҳеш кимди ертпей, Әметтиң бир өзи кетеди. Алды ма, алмады ма, оны да сораўға ҳеш кимниң ҳақы жоқ.

Жүдә азадалығынан, пәкизелигинен, тәнининиң тыптынықлығынан, жасы қырыққа келсе де еле „Шийше

қыз“ атанған ҳаялы арбадан түскенде-ақ көтере алтын сырға, өңир моншақ, алтын әребек, тағы не, қудай-ау, аты бул заманда умытылып баратырған алпыншақ-салпыншақларды жалт-жулт еттирип, гүмис тақса ҳәм бир жасаған бул ауылдың ҳаялларын ҳәйран қалдырды.

Бул ҳаял да, Әметтиң өзи де билекликке берилмеди. Қалғанларының бәри де ислегенине қарай, мийнет күн алып туратуғын болды.

Буған Мәдияр да, басқа правление ағзалары да дыррықшылық еткен жоқ, несине етеди, ким қоразын, ким маегин алып, ким теңгесин санап, журт сәл нәрсе ушын жумысты таслап. Халқабадтағы темиршилерге қатынағаннан қутылды. Мыс қуман, дүңлер дәнекерленип, журттың буйымының түбинен питкени былай турсин, керегинше пазна, бел, кетпен, орақ қусаған затларды керегинен де зият соқтырып, колхоз оңып қалды. Шаршының да кереги жоқ, өзлери шарлап та береди.

„Бул ,өзлери не сүрейли адамлар екен, бәри қатарың ғой,“ деп, Алламберген шундайды айланшықлатып көрип еди. „Хеш кимнен сорамайды да, ҳеш кимге бермейди де, қатты-қайырым да сөзи жоқ, бир сыпайы адамлар. Чай ишкенин бир көрсең еди, дәстурханында ақ набаттан балға, кишмиш, ғозаға шекем үйиули турады. Сирә, ҳеш қайсысында қабақ шытыу деген жоқ, бир жайтанлаған жанлар. Түсинбедим, Мәдияр, аға. Үш баласынын бәри бирден: „сиз ячейка екенсиз, бизлерди комсомолға ал.“ десип атыр, „Ҳезиршеауыл таный берсин, билисейик, қандай балларсыз, өзлери ңиз, комсомолға өтиу аңсаг емес“, деп кеттим, басқа не дейин,“ деп келди.

— Толыбай менен қатынасы қалай екен?

— Нәрсе оны ол үйде, буны бул үйде көргеним жоқ. Бирақ, ҳәммеси де, ҳаялына шекем сауаты бар адамлар көринеди. Қысса ма, бир нәрселерди оқып отырғанын көре беремен. Жеңгей: „мынау „Юсип Зилийха“ деп көрсетти бир китапты. Енди оқыуға план келсе, биреуин оқытып алсақ, шеп болмас. Бәринин де Назарбайдан өлсе өлимтиги артық, — дей бергенде, жердиң жарығынан шыққандай есиктен Назарбай зоңқ етип кирип келди. Изинде Қудайберген бар.

— Мына маңлайы қатты, Әметтиң дуканын бузып, далаға шығарып таслады! Базары көрпе-жастығын сырт-

қа зыңғытып атыр-ғо, бир биймәлел адамлар екен, я жағасына жабыспайды, қара-ап турыпты! Мынаўысын сүйреп зордан әкелдим, буны шундыйтип қоя беремиз бе, я заң бойынша жууапқа тарттырамыз ба?!

— Заңды қойып тур, Қудайберген аға, мына Жақанның даўынан еле қутыла алмай жүрмиз. Шатақтың бәри усы колхоздан шыға бермесин, та-ак, сен, Назарбай, не өкпе менен көштиң, қәне?

— Кеңестиң гражданыман, ҳақым бар қайда жасасам да! Мениң жайыма өзим жоқта қулпымды буздырып, адам киргизиўге сизлердиң не ҳақыңыз бар еди?!

— Егер, шу заң қуўыссақ бар ғой, Назарбай, — Қудайберген шундый қызды. — Күниң қарап, көре қал!

— Қапылта-ғой, Шундый аға, маған түсетуғын қуяшты етегиң менен жаўа алсан, қапылт! — деп бақырып қалды изинен Назарбай. Шундый пәт пенен шығып кетти.

Әллен ўақытта Назарбайдың ҳаплығыўын жыллы сөз бенен басып сыртқа шықса, Шундый Әметтиң жүгин үш-төрт адамға Сыдықтың жайына қарап тасытып атырған екен. Назарбай бухгалтер Алламбергенди, баслықты ертип келиўден, Қудайберген шундый тағы Назарбайға пәтленди

— Сендей он пайдакүнемнен, урыдан, буның колхозға соғып берген бир пазнасы артық, билдин бе-е!

Базар келип Мәдияр. Алламберген менен қысынып, қос қоллап қол алысты:

— Мынаның себебинен елден шығысып едик, дәў қурдас, тағы сүйреп әкелдим, енди, қатарға қосыў өзлериңиздин жумысыныз, — деп салмақты салып киятыр еди:

— Шу маңлайы қаттының бурынғы пейили болса, өмирде де қатарға қосылмайди, журтлар журттың ғамын ойлайды, буның ойлағаны тек қара басы-ы, ҳаўўа..

— Әпиў етерсиз, Әмет аға, баратырған жайыңыз буникинен де жақсы. Бирақ, айнасын кеңейтип, ишин жақтыландырып аларсыз...

— Зәлели жоқ, баслық иним, бежеремизғо, „ийесине керек болса, қоңысысы өкпелемес," деген. .

Көп қол қоя ма, жыртық, сыбаўына Шундыйдың өзи де жәрдемлести. Арғы басы үш күнге бармай шайганның жумысы жене жүристи...

. . .Жазлық бийдайлар сары тал бола баслағанда ғаўашаның кетпенлеў, отаў, бирлеў қусаған жумыслары да гүжип кеткен еди. Жақаннын сонша еккен жазлығына қарайтуғын адам болмағанлықтан, „Маңлайы қатты, тири болса бир жерден шығар, өлсе ас-абаты елдиң мойынына-ғо“, деп, Шундый қарасып жүр еди. Оқыў тарқап, правление мәжилисинде; „сентябрьге шекем баслаўыш класстың мектебин дуўтардың қулағындай сазлап қойыў керек, бул иске муғаллим Дәўлетназар Ерназаров пенен, өндирис Қудайберген Тәңирбергенов жуўапкер,“ деп қарар шығарылғалы Жақанның жазлығына да айдың жарығында, түс-пүсте дегендей ўақытлары суў-пуў ашқаны болмаса, бир ели қолы босамай қалды.

Тырнаққа басылатуғын он бес арба шеңгелди, муғаллим менен өндирис қазығын қағып, жайын пишип, астын тегислеймен деғенше-ақ колхоз демде питкерип берди.

Жумыс алҳа-ал менен тез басланды. Шеңгел шабылып, тырнаққа төселип болыўдан, муғаллим балаларға жалпыламай ылай басқылатып қойды да, Мәдиярды шақыртып:

— „Бир күнше қоян шарығы“, деген, жора. Бир күнше ҳеш гәп болмас, адамлар мектеп басында-ақ чайға шықсын. Салтанат пенен тырнағын баслаймыз, адам жыйып бер, коллективизим рууҳында тәрбиялаўдың бул да бир жолы, — деди сәскеде. Сол ўақыт тағы ақ Созанай шешей менен Гүлзийра қуўдырылып алдырылып, Сыдықтан қалған садақа қазанға жарма асыў тапсырылды.

Биреў дузын, биреў жармасын, биреў суўын дегендей, бул да елден жыйналып, қазан да асылып жиберилди. Қазанға айналысқан еки ҳаялдың екеўи де әнейи қағынлар емес еди. Ҳеш ким шақырмаса да епелеклеп келип, отты ысыра берген Базарға Гүлзийра түсин суўытып:

— Колхоз жәмлесип, мектеп салып, бала оқыта жоқ. „Я санда жоқсаң, я сапада . . .“ дегендей, я колхозда жоқсаң, — деди де қолын Назарбайдикине қарап шошайтты: — Бар, үйиңе, сенсиз ҳәм атқан таңымыз! . . .

Назарбайды сол тулланып келиўден, бир жулыўға жулатуғын еди, абырай, үйинде жоқ, сыңар өгизин

жетеп, жылғама-жылға бағып кеткен екен. „Бийперзенг болған соң, хорлады,“ деди ме, ҳаял түс ауғанша зар еңирип, жер бауырлап жатты да түстен кейин түйиншиклерин түйистирип, мынау турған Жаман ауылдағы төркинине қарап, ҳайт қойды.

Адамлардың түсликке жыйналғанын ол көрген жоқ, көргенде бурынғыдан бес бетер еңиреп, „өзин қара жерге тирилей көмип қойғаны“ ушын, Назарбайдың өгиз жайып кеткен қулағырына-ақ излеп кетип, „бүйтип күнде өлип жүргенше“ қолында ғана бир мәртебе өлетуғын еди, абырай, көрмей кетти адамлардың жыйналғанын! . . .

Қызық-қызық пенен Әметтиң устаханасындағы тоқылды тынып, үш уста бала да, муртын ҳәррийтип, Әметтиң өзи де жетип келди.

Аламан сапқа дизилиу дегенди билмейтуғын едидағы, балаларды сапқа дизип, дауыс қостырып:

„Ленин бизиң атамыз,
Саясында жатамыз,
Қарсы келген душпанды,
Тақылдатып атамыз! . . .“—
деген қосықларды айттырып:

— Отря-яд, смирно, вольно! — деди Дәуеке. Мынау буйрық Мәдиярдын ядына жауынгерлик жаслығын еслетип жиберген еди. — Баслық жолдас, берман шық,— деп шақырды муғаллим. Соң аламанға қарата: — РайОНОға усы колхоздан төрт жыллық мектеп аштырып алыуға қарар шығартып алыдық . . .

— Муғаллим қайда, бир өзиң оқыта беремисең?

— Сентябрьге шекем Айсултан келеди. Әне, сол, бирлигине өзимиз, муғаллим. Айсултан менен Сулуушаш сәлем айтып атыр, жолдас ҳаяллар!

— Аман-сау барып па әйтеуир, ҳа?!

— Ҳә, бармай не, бөри талай ма! — деп бақырды Шундый. „Ҳәә, ғайып болған шырақларым-ә!“ деген Бийбайшаның аҳ урғаны еситилди ҳаяллардың арасынан. „Жүр, қудағай, көр, бир тамаша бола жақ,“ деп, әкелгенине Айхан өкине баслағанда муғаллим сөзин уластырды:

— Сизлер олар кеткенде аясып қалып единиз, көресиз еле! Сулуушаш күгә айрықша баҳалар менен оқып атырған екен. Партияға кандидатлыққа алыпты. Сол оқыуын питкерсе „Совпартшколаға аламыз“ деп атырғанын жазыпты . . .

— Оны питкерсе қайда ислейди?
— Қайда ислейтуғын еди, райкомдадағы!
— Ўай, боой, еле сол хотқа кетер . . .
— Енди, ўағырлыны қойып турың, жолдаслар. Алда еле ўақыт көп. Бул мектепти биз төрт жыллық та етип қоймаймыз, жети жыллық етемиз. Сол нийет пенен тырнағын коридорынан басқа он қатқа пиштик, тыныш жолдаслар . . . Сизлер бизлерди саўатлы деп жүрсизлер. Жақ, саўатымыз кем еле, жети жыллыққа айналған күнде қолына глобусын қолтықлап келип . . .
— Пай, сен де суўдырдай түсинбейтуғын сөзди термелей береди екенсең, глабысың не, түсиндирип айтса, әй, қәйиним . . .
— Глобус деген жер шарының сүўрети бар, жумалақ. Әне, сол жер шарын қолтықлап келип түсиндиретуғын, инистотты питкерген муғаллимлер оқытады. Әне, усы жайдан билим алып балаларыңыз Төрткүлде егленбестен-ақ, Ташкент, Алмата, Мәскеўге оқыўға тартады. Мектептиң дәслепки тырнақ алды ылайын ески большевик Қудайберген ағаның басып бериўин қалай көресиз?..
— Баслық бассын!
— Баслы-ық, . . .
— Шундыйсыз ис питпей ме!
— Кел, онда баслық жолдас! — деп, белди қолына бергеннен соң, Мәдияр жаңа еңкейип атыр еди, Кудайберген шундый диңкилдеп келип, ийтерип жиберди;
— Шундый ҳәм бола ма, бар сен колхозыңа кеңсе саларда тырнағын басарсаң! — деп, қолынан белди жулып алды. Журт: „өзи басыўға таласып атыр-аў, ҳәмелпараз Шундый!“ деген пәмге кетип, ғаўырласа баслағанда, күлип-күлип, Мәдияр да былай шығып үлгерип еди: — Сизлерде гелле жоқ, — деп бармағына ҳаўаны „шоқытты“ Шундый. — Аўылда бурын жаңа жолға оқытатуғын мектеп бармеди, жоқ еди, ҳаўўа-а. Ким келип ашты, Дәўеке-е, атының Дәўлетназар екенин анаў күнги пырабление мәжилисинде билип жүрмен-аў, — деп те ескертип қойды өзиниң правление ағзасы екенин. — Әне, енди, жаңа мектебиниң тырнағын да өзи бассын, — деди де белди шаншып кетти. Күнде болмағаны менен күн ара болып турған жыйналыслар адамларды қол шаппатлаўға да үйретип таслаған еди. Гүўилдеген шапалақтың сести қулағын гүўлетип, Дәўеке дәслепки ылайды басты да бир бел қолдан-қолға

өтип турды. Басқа бел услаўға урықсат жоқ. Үш темирши баладан соң нәўбет жеткен Әмет шәйтан, бир қолы менен белди услап, кир қолы менен қалтасынан қысымлап теңге шығарды да:

—Нәрестелердиң усы мектептен алған билимләри әлемге мына тәңгедей қәдирли болып шашыла берсин, әўмийин! — деп, ҳаяллардың үстине шашып жиберди. Ҳаяллар, балалар теңгеге таласып атырғанда:

— Тукым шашқанында болатуғын еди, — деп басын шайқады Шундый. — Биз журтың санасынан теңгени шығарып таслаймыз, еле, — деди баяғы Федотов келгенде еситкенин айтып.

Ылай түўесилгеннен соң, түслик жармаға урықсат етилди.

— Үй басына бир ағаш, өзлериңиз қыршып, әкелип бересиз. Усы бастан кеўип турмаса, бел береди, — деп ескертип атыр Шундый. Ҳаяллар: „неге үш ағаш алмайсыз, елде не көп, терек көп,“ деп атыр еди: — Үй басына бир-бир шийден тоқып бересиз, жолдас қатынлар, шийлеўи бизиң менен, ал, аз болса! — деди тағы да Шундый. Ҳаяллар буған да жабырласып атыр: „қайсы үйде ший жоқ дейсең! . . .“

— Әне, бәри питти-ғо, — деди Мәдияр. — Правлениеде қаралған брак өгизлердиң есабынан кирген ғәрежетти қаяққа жумсайсыз? . . .

— Орыны көп еле, тахта аламыз, поллатамыз, „бояўшылық ансат емес, ҳәк керек те зәк керек“ деген. Қуры тикленген менен мектеп бола бермейди, қурдас келемен дегенше, настаяшшый мектеп етемиз . . .

Тап бир, торқалы тойға келгендей үлпилдеп, гилең әлҳасылға малынып-салынып, дәстүрхан көтерип, қатынлардың таңлайларын тақылдатып, биреўлерин үнилдирип, биреўлерин түңилдирип Шийше қыз келди де ҳәр дәстүрханға қос уўыстан: „аўызыңыздың дәмин алың“ деп, лампасый, набат, ший баўырсақ, кишмиш, нуқыли ерик дегендейлерди үйип шықты.

— Мынаў не, Созанай шеше-аў! — деди Гүлзийра жемеге қорққандай жалпақ бир нәрсени көзине тутып.

— Билмеймен, — деп атыр еди Созанай, иргелес отырған Шундый: „бассыңа бәле, неге билмейсен, пәшийне деген ол! Баяғыда Ийбандикинең келгенде әкеп бергеним қайда! „Жегенин билмейди, Шылманнның апасы“ деген шудағы!“ . . .

. . .„Күлме қоңысыңа, түсер басыңа“ деген нақылды қарақалпақ бийкар айтпаған. Бунығ дурыслығын Назарбай күни Есиркептиң ҳаялы Орыншаға қарап қалған күни-ақ сезди. Күйеўи мал баққаннан сон, асқатық, сүзбе дегениң ийт ырқын. Көшкендеги ашлықтан көзи қорқып қалған Орынша түни менен жатпайды, горақайнатып шығады, бир тулып толса, тағы . . .

Ағарған мәселесин Назарбай сорап, дағы етип жатпайды, ала береди. Нан мәселеси қыйын. Ҳүкиметтин қарыз есабына берген ғаллесин үнемлеп отырған ҳал бар еди Есиркепте. Деген менен, „ашлықта жеген қуйқаның тоқлықта мазасы кетпей“, ашлықта берген наны бул күнлери өзине қайтып келип турды Назекеңниң. Жеккелигин ол бунда да сезген жоқ.

„Мийнет күн есабынан, планнан зиятын белистирип береди,“ десип, ғаўқылдасып, пахта кетпенлеўден шаршап қайтқан колхозшылар, жарма жаўғанын ишип, бир майдан тер басады да бийдай орaққа кетип баратырғаны Бундайда қурт қайнатпаған күни Есиркеп түўе Орынша да қалмайды. Баласы Тутқышпайды да: „егин егиўди үйрене бер, қазақ егин сала алмайды дейтиндер болса көремиз әли: Жүр, астықтың ийиси деген мурыныңды жарып барады!“ деп ертип кетеди де үйде Назекеңниң бир өзи қалады.

Усындай еки-үш күн қос бағыспадан соң: „булар қотыр ылақ бермеген батракты алады, мени неге алмайды,“ деп, баслыққа пәтлениң барып еди, қасында Шундый отырған екен: „Өгизди әкелдиң бе, маңлайы қатты, Таңмаңлайдың маңлайын қатты, деп жүрсек, сениң маңлайың оннан да қатты шықты-ғо, маңлайы қатты,“ деди тисиниң кетигин көрсете күлип.

— Бир ылақ бермеген, аўып келген Есиркеп пенен Шотанды аласыз, сонша батракты аласыз, не, мениң путағым бар ма! — деп, ҳаял даўысын шәңкилдетип еди, баслықтың жуўабы тилиниң ушына тирелип-ақ турған екен:

— Бар, путағың, — деди салдамлы әри әндамлы ғана. — Бириншиден, олар жоқ болғаннан соң бермеди, сендей өз мәпин көпшилик мәпинен зият қойып отырған майда жанлы гөр тышқанлар емес! Екиншиден, сениң путағың соннан ибарат, сен дүнья қумар, жекке

меншиктиң қулы ғапа емес екенсең, мелький шовонист екенсең, сананда қумырысқа құрақым коллективизм руўхы жоқ, ақыры, қумырысқа да тапқанын орталық хорға тартады. Қуры күн көриў ушын емес, биз нағыз коллективтиң руўҳын санасына сиңирген адамды аламыз. Колхоз сениң ушын ойыншық емес, бар, қайқай! — деп жиберди.

Ертеңине, мектептиң үшинши пақсасына Шундый пешманлық етип турса, туў анаў жердеги колхоздың малына орып алармыз деп қойған пишенликке өгизди арқанлап қойып, Назекең жулқынып пишен орып атыр. „Ҳаў!" деди де пақсадан түсти Шундый. „Ҳә, Қудайберген аға, не болып қалды, бир нәрсе көрдиңиз бе?" деген Дәўекеге де жуўап берместен солқылдап келди де өгизди шешип, бас жибин алды да партылдатыппартылдатып айдап салды ҳәм еле ҳеш нәрседен хабарсыз, жулқынып атырған Назарбайдың ыйығанан қағып: „Ту-ур! — деди. — Өгизиңди алып, қайқай үйиңе!"

— Ха, неге! — Назарбай шәртимекленди.

— Сен неге колхоздың малының отын орып атырсаң, жер колхоздики, бар колхоздын шегарасынан шығып кетип бақ! Бар деймен, орағыңнан да айырылмасыннаң бурын! — Қараса, орынында өгиз жоқ, туў анаў беттеги боянлықтың арасында қайықтай жүзип баратыр, жигит Шундыйдың қолынан, бас жибин танығаны да сол, жулып алып қашты. Шундый қуўмағаны менен, аяқ тапылдатып қалды.

„Колхоздың шегарасынан шық" деген менен, шегарасынан шыққан жоқ, шегара қайда, биреў қайда, Шундыйдан тасаланып бағатуғын болды келеси күнлери.

Буған усы Шундый бәле болып тур, бир күни кеште, бир арқа пишенди тырмышлап арқалап, өгизди жетегине алып, жана есигиниң алдына таслай бергени, Шундый келип қалды: „Анаў Мәдиярдың үйи болғаны менен, ол ҳәзирше, кеңсе, ҳа шундыйтип, бизге де бир пайдалы ис ет, ақыры, орып әкелгениң ушын рахымет, енди, кенсениң алдына апарып жаймасаң, қызып кетеди . . ."

— Қыздырып жинлимен бе, усы жерге-ақ жаяманғо, — деп атыр, Назарбай. Кеўилинде ҳеш нәрсе жоқ.

— Жақ, арқала, ҳәзир, колхоздың отын орып келип турсаң . . .

— Билләә, шегарадан шығып кетип ордым . . .

— Буншелли отты ояқтан арқалап келиуиң мүмкин емес, қәне, салмақлап көрейин, — деп, ийинине қағып, салып, кетип баратыр, жигит бир майданнан соң, жибин жалынып алып қайтты.

Үйине сөгинип-сөгинип келсе, еки ала қапшық дәнди киргизе алмай, Есиркеп пенен ҳаялы күшмийтек болып атыр:

— Ойбай, оңып қалдық, Назеке! — дейди Есиркеп, кейпи бәлент. — Мынаў сыбағамызға тийгени, әли „және беремиз“ деп жатыр, кәйтемиз, осы-ақ жетеди ғой! А-ал, мен кеттим, Саңмурын қыпшаққа, кооператип дей ме, түге, дүкени бар қусайды ғой, тағы бирдеңелер беретин көринеди, — деди де Есиркеп кетип қалды. Назарбай үйинде тулланып жатып қалып еди Көзи уйқыға кеткен екен. Орынша шайқап ояты ты да; „Жүр, қәтинек қурдас, жаңалық истегели жағырмыз.“ деди.

Барса, үстине май жағылып писирилген ыссы таба нан дәстүрханға үйилипти, еки чайнек чайды еки жерге қойып:

— Сенсиз бастамайын деп отырғаным, қәтинек қурдас, — Шундыйдың Шундый дегенге қулағы үйренип кеткениндей, адым сайын еситип жүрген лақабына Назарбайдың да ети өлип кеткен, ашыўланбайды, ҳәзир оны да ойлап отырған жоқ, күни менен аш, түсленбеген, сәскелик жарма Базар кеткели-ақ қалған, тамсанып, тамағын ойлап отыр Ҳаял бир таба нанды маңлайына тийгизип, ийискеп көрди де: — Бастап бер, қурдас, ер кисиниң жолы улы ғой, — деп, усынып еди, жигит қайтып оны ҳаялға услатпады.

Чайға әбден қанып, тәўир-ақ дем алғаннан соң бирбир табақ қатыққа да нан туўрап тойғанынша жеп, кетейин деп отыр еди. Есиктен епелеклеп, Есиркеп кирип келди:

— Ойбай, қатын-аў, керемет, керемет! — дей береди қайта қайта. — Осы колхоз дегенди ким шығарса да типти данышпан-аў, әй, я!

Ортаға төрт қос жупқа, еки етиклик қып-қызыл былғары тасланғанда, буннан артық отырыўға дәти шыдамай, Назарбай турып кетти. „Е-е, Назеке, қайда!“ деген Есиркептиң сораўына „тарс“ етип, есик жуўап берди . . .

Ертеңине азанда өгизди мал бағып жүрген жерине Есиркепке Шундыйдан жасырып апарып қосып, дуппа-дуўры, пайыў-пияда. Жаман аўылдағы Базардикине тартты: „ҳаў, көп отырып кеттиң ғой, ғошшым-аў,“ деп, әсте ақырын-ақ баслап еди. Базар жылап-сықлап, буның ғана „тирилей өлтирип жүрген“ қылығын айтқаннан соң, қайин атасы үйинде де қондырмастан: „елиң менен келис, сөйтип кел,“ деп, айдап салды...

38

„... Тап, қаладағыдан абырайсыз емеспен, түсирими де мол, колхозшыға бир бел соғып берсем, қапылғанда бир қораз, қумырасын оңлап берсем, қапылғаны бир аўыз қабақ маек береди, алтын туқымын қаладан шетте жүрип те жыйнаўға болады екен-ғо,“ деп, шағлап жүрген Әметтиң қулағына „Шымбайдағы Балтамурат шарбақшы бир ақшамда өлип шығыпты“ деп хабар таўып келди узақ базардан көмир алып келиўге кеткен Сайыпназар сары. „Бул қалай өзгерер екен,“ деп, бетине қыя қарап турды шәкирти. Қалай өзгерсин, түсине өли ширай урып сала берди: „Үйиң жанғыр, қотырдың „қан шығармай өлтиремен, бир ақшамда дем қыспадан өлген боласаң да қоясаң“ дегени ырас болды-аў! Бүйерде де тыныш қоймас ол мени, енди қайда қашсам екен, айтқанын қылмай, мойынтаўлық етип жүргенниң бири, сол Балтамурат еди, қайткенде жан сақлаўға болады!“ деген ойы етин түршиктирип турғанда:

— Әмет ата, сизиң ГПУға барып өз еркиңиз бенен қамалыўыңыз керек, болмаса сизди де өлтирип кетеди! — деген гәп шәйтанның қолындағы кесасын түсирип жиберди.

— Не деп қамаламан, не жазығым бар!... Жинлимисең, өзиң...

— Ояғын өзиңиз, билесиз, сизди тек қамақ ғана өлимнен қутқарады. Сиз қамақтан шығаман дегенше, ол да усланады...

— Олың ки-им?!...

— Әй, баяғы қотырдағы, — деди бала былай қарап. — Кеше мына Толыбайдың үйине келип кеткенин көрип қалдым, сиз бир жақсы адам едиңиз, бирақ, шатақ болды, — деди де шығып кетти. Әмет не дерин билмей,

аңырайды, Толыбайдикине келгенинен де, бунын менен қатынасы барынан да нәрсе хабары жоқ еди. Толыбайдың: „сатылып кетти шәйтаның, Балалары комсомолға кире жақ,“ деп, ғажағанынан ғой сирә бийхабар.

Арадан үш-төрт күн өткенде устаханаға кисен соқтырыўға келген Толыбай буйымын, әдеп, Сайыпназарға айтты. Сайыпназар устазына силтеди. Әметтиң соңғы еки күн ишинде-ақ, түри андыздай сарғайып, ҳәррийген муртлары салбырап қалған екен.

— Аўырып қалдым, Толеке, — деди „Азып қалыпсаң-ғо!“ деген Тасмаңлайға. Тасмаңлай лийкинли күлип:

— Ҳаўўа, биз-әм үсейтип, жийи-жийи аўырып турамыз, бизики де сендеги жапсақ, — деди. Әметтиң көзи шанағынан шығып кетти:

— Мендеги... — деди ентигип. — Жапсақты... сиз қайдан билесиз..

— Билемен ғой, кеселиң бүгин айныйды сениң, — деди де жән-жағына қарап алып, сыбырлады: — Жапсақ жуқтырып жүрген адамың буйырып кетти: бүгин колхоздын керизиниң бәри күмпә-күмп болыўы керек...

— Жә-ә, мен өйтип, жинлимен бе!...

— Онда сөйдеп жеткеремен, маған тапсырылғаны сол, — деди де суўырылып шығып, тақыл-туқыл шөккиш урып атырған балаларының арасынан: „уай, баўракәллә-ә!“ деп өтип кетти.

Ырасында да шәйтанның кесели сол түни қатты айныды. „Қорқып баратырман, қасымда жатың!“ деп, Сайыпназарға, балаларына, ҳаялына жалына берди.

— Мениң анаў күнги айтқанымды етпесеңиз жинли болып кетесиз, ата деймен! — деди Сайыпназар сарсылып. „О не, не деп един?!“ деди үйдегилер. „Соң билесиз,“ деди де қойды Сайыпназар ҳәм ҳәршеңки жаманлыққа қайымланып, айнаға таманлаў, сақ болып жатты.

Түни менен Әмет бақырып, сандырақлап шықты, лийкин, кериз „күмпая-күмп“ болмады...

Шынында, Толыбайдын кесели оннан да аўыр еди, ол сол ақшамы Әметтен де бес бетер болып шықты. Оның да жанын алқымға тақап кеткен Избасқаннын: „көгерилис жақынлады, Мәдиярды, Сайымбетти атасаң да, дуппа-туўры Тахтаға тартасаң. Балаң менен Жақан Шалтай ханның хызыметинде, атланатуғын, инициниң

қанын алатуғын ўағын келди, аяқтан суў ишетуғын пахталардың бәрин суўға бересен," ... деген тапсырмасы еди. Лийкин, бул орынланыўы қыйын тапсырма.

Жақыннан бери колхозласыў гүжип, Төрткүл, Шорахан жақлардан хатланғанлар буяққа, буяқтики ояққа жер аўдарылғалы аўыл арасында уры-ғар көбейип кетиўине байланыслы күнде аўылма-аўыл сақшы қойылады, бир емес, бир нешше адам, мылтықлысы мылтықлы, мылтықсызы таяқ пенен-ақ арбаның гүпшеги бар ма, түнлерде сабалап: „сақ бол, бек бол!" деп, уйқыны бөлип турады. Жатқалы бери де бир-еки ирет өзгениң емес, өз есигиниң алдында еситкен соң, Толыбайдан бәдәр уйқы қашып, көзи бақырайды да жатты, мийи сылық-сылық...

## 39

... Ыраштың бойында турып, бир-еки бала қаймақ кесекти Кегейлиге зыңғытып ойнар еди. Бир айдар, тулымшақ қойып, оң қулағын тестирип, тесигине шөп тығып қойған қара бала қаймақ кесекти ҳалласлап ағып атырған жармысқа зыңғытып жиберди де: „қайма-ақ, қайма-ақ!" деп бақырды. Кесек бир-еки жерге қанғалап барып соқлығысты да ақыры бир жерге шөкти...

Балалардың мына ойыны суўатта ат суўғарып турған Сайымбеттиң ядына Толыбайдың арзасын түсирип жиберди: „Төрткүлден, Шымбайдан анаў баланың кесегиндей қанғалап келип, ахыры бизге шөкти-аў! Ўақыт өтип баратыр, Төрткүл Шымбайдан, Шымбай бизден жуўап күтип отырған шығар, қарап жиберейин-ши, „қоңысымның кеўилине қарап, балам өзиме усамады" деген екен. Сондай, Мәдиярдың кеўилине қарап, партячейканың секретарына усамай қалып жүрмейик, қарайықшы, бәле болса да!" деп, бирден асықты.

Бул, ойына бир ис алса питкермей тынбайтуғын тынымсыз, биймаза адам еди, сол асығыўдан асығыў, дуппа-дуўры ақсақал аўылына тартса Қунназар истиң бәрин Мурат ҳәккелекке тапсырыпты да Ақтөрени ертип алып, „Орыс жол" дың аржағындағы Бексыйықлардағы бир батрак орта дийханның ҳаялын алып қашқан жесир даўын парахатшылық пенен шешиўге асығып кетипти. Сайымбетти таба алмай қалыпты. Бирақ: „келсе жетсин," деп кеткен екен. Бул да Боқлы қы-

тай, Естек, Ешкили, Сүмбил, Толыс қарағанның большевиклериниң дизимин Муратқа тапсыра сала. „бүгин кеште бизиң үйге жыйналсын, Мәдияр мәселеси қаралады“ деп, қатты ескертти ҳәм өзи ҳәзир ақсақаллардың изинен ат сала жағын айтып, асыққанлық түр билдирди.

— Қойып тур, Сайымбет аға, — деди Мурат аспанға қолын силтеп: — ваапшем, ертең кешке деп айта берейин. Күнге қарайсаң ба, оларға хабар жетемен дегенше ярым ақшам болады, жыйналаман, келемен, дегенше таң атады...

— Не, сен, — деп қуяшқа қараса кем-кемнен шеңбери кеңейип баратырған күн менен көк жийек арасында арқан бойлы-ақ жер қалыпты. Бирақ, Сайымбет пикиринен қайта қойған жоқ: — Сен, не, таң атып кетсе, жыйналыс болмайды деп отырмысаң, бирин бирине тапсыр да өтә шық, Мураттың атынан емес, ячейканың атынан жумса, шап ҳәзир! — дегени менен өзи Мураттан да бурын шаўып кетти.

Қас қарая бергенде Бексыйыққа жақынлап еди. Ақсақаллардың өзи алдынан шықты. Нашар барып Жумагүлдиң қанатының астына тығылған екен, районнан үш-төрт адам менен келип, қашшан шешип, атланып кетипти. „Арман жүре бер, — деди ақсақал қолын Сайымбеттиң киятырған жағына силтеп. — Бизлик даў қалмапты.“ „Жүдә жақсы бопты“ деди Сайымбет, қайтып бул мәселеге бас аўырытқан жоқ. Бүгинги бола жақ партжыйналыс ҳаққында жол-жөнекей сөйлести де:

— Үшеўимиз, мине, усы кәрада бармыз, — деди, „күн кеш болды-ғо, әнтеклик қылыпсаң бүгинге шақыртып,“ деген ақсақалға. — Мәдияр, Шундый аға, Дәўеке. Тағы жыйналса, болды, баслап жиберемиз, „Мәдияр мәселеси қаралады,“ дедим, бул журтты билесиз ғой, биреўдиң мәселеси қаралады десе, табақ толы жармасын ысыра сала жуўырады...

Келсе, Толыбай төсекти қалыңнан салдырып ыңқылдыны урып атырған екен, бүгин жумысқа да шықпапты. Еринлери қаязып, кеўип кеткен. Булардын төрт көз түўел, саў ете қалғанына Толыбай түўе үйинде отырып еситкен Әметтиң жаны „ғылық“ етип, шығып кеге жазлады.

Сайымбет диз бүкпестен келген жумысының мәнжайын түсиндиргеннен кейин барып, жан кирген То-

лыбай: „ет қызыў менен бир жазып салынған екен, мениң Мәдиярлық дым даўым жоқ, қашшан жарасып кеттик“ деп жалына берди. Кеўилине, мәселесин қарап болып, Мәдиярды қамап таслайтуғындай, оннан сон тасқамал түрмеге барып, қапына қан ала алмай қалатуғындай, өйтпейин десе: „қаныңды алмасам анам қатыным болсын!“ деп, инисиниң өлигиниң үстинде отырып ишкен анты, Избасқанның тапсырмасы тағы бар. „Қорқақты көп қуўсаң, батыр етесең,“ дегендей, әри қорқып, бери қорқып, әдеп көкирегин басып, бара-бара қорқпайтуғын болып, енди-енди қанға жерий баслаған еди. Соның ушын, Мәдиярдың аўылда болғаны өлтириўине аңсат. Бирақ, мына суўдыр қояр емес:

— Кеширим берсең, жыйылыста айт соныңды! — деп тепсеп, бүлдирип баратыр. Толыбай булардың арасында ақсақалдын ғана ирейимшил, Ақтөрениң усылардың айтқанынан шықпайтуғынын жақсы биледи:

— Ат үстинде отыра алмайман-аў, Қунназар аға-а, мусылманға бир ирехиминиз түссин-ши! — деп, жыланып қоя берди.

— Қой, қой, қамыға берме, Толыбай, бундай емесең-ғо, онда кеширим хат жаз, — деп еди, „сөзин сындырып, бир өзим бийлей бермей-ақ қойайын“ деди ме, Сайымбет те көне қойды: — Онда сенсиз-ақ қараймыз Мәдиярдың мәселесин. Бул қағазың менен жарылқайды деп ойламай-ақ қой. Қылмысына гөре жазасы! — деди шығып баратырып. Толыбай: „бүгин, большойыныз қалмай бир жерге жыйналады екенсиздағы, қәнекей, енди, бир бомбы болып, үстиңизге таслай қойсам!“ деп тисленип қалды. Сонша ўақыт түсине енсе шоршынып шығатуғын Избасқанды тап усы ўақытта сағына баслады: „Кәнекей, усы ўақытта келе қойса, Әметин ертсе, биз барсақ, өзиниң лағаны бар. Булар ярым ақшамсыз сирә жыйналмайды. Ол ўақытта аралығы ат шаптырым үйлер қоңысысын шалып кетсең де билмейди, от түскир, хәррениң уясындай шоғырланып отырған мына бизиң аўыл-аў! ... Қәнекей, бәри жыйналғанда сыртынан қулпырып, лампамай қуйып, берсең отты, қуўырдақ болса ... жылынсаң „быж-быж“ етип жанып атырған майларына! Бул қотыр келе қоя ма, енди, бул қотыр! . .“ Келсе атлана бериўге қайымласып, сандықтағы омырма қошаны алып, оқлады, сөйтти

де қатарлары менен қоса жүктиң қуўысына тықты ҳәм үстине гөне шапан, тағы бир нәрселер таслады...

Дәўекени мектептен тапты. „Мәселеңди қараймыз," деп гүрин сурландырып, кеңсе-үйинен Мәдиярды да ертип шықты. Үйинде жоқ болып шыққан тек Шундый. Онысыз жыйналыс қызбайтуғын еди. „Бир аяғы мунда болса, бир аяғы бизиң үйде болсын!" деп, зинҳарлап кетти Алламберген шундыйға.

Ат туяғы семген соң: „ал, бардым, қақ басыңды қақ жардым, гөкек бе-ер!" деген балалардың сестине, гүпшекти сабалап: „бек бол, сақ бо-ол!" деп даўыслаған сақшылардың сести түнги тынышлықты бузып турды...

## 40

Кеше кеште қайын атасына тағы бас урып барған Назарбай тағы жыллы сөз еситe алмады: „бизлер де колхоз болдық. Сениң апарып жумсайтуғын колхозың жоқ-ғо, қызымды үйиңде сарғайтып қойып не қыламан, саяда өскен шөптей етип! Жазы менен бир билек болып, керилип, кетпенин урды, енди пахта ашылып атырғанда қайда барады! Мийнет күниң алсын, үсти басын пүтинлесин. Берип атыр кооператив қос-қос айдынлы менен былғары дегенди, мәси-пәсси тиктирип кийсин. Жа-ақ, сени тап усы бүгин колхоз алған күнде де қызымды пахтадан пайын алмай жибермеймен. Қайтаман десең, әне, жол, қонаман десең, әне, төсек," деди өжет әкеси. Қайтып гөрге бара ма, қараңғы түсип кетти. Онын үстине, Базарды да сағынып қалған екен. Иретин таўып: „бөлек жат" деп ымлап, сырттағы пешеханасыз, дағысыз, өзине салынған төсекке барып жатты.

Гә жулдызларға қарап, гә пешеханаға қарап жатыр еди. Көзи илинип кеткен екен, таң қараңғысында яр қушыў қумарлығы менен оянды. Оянбаўы да мүмкин еди ғой, „бек бол, сақ бол!"... деп, алыстан таяқ тоқылдатқан сақшының сести оятып кетти. Қумарлық деген жаман: „Бизиң Базекең, арғы шетте ме екен, берги шетте ме екен, ымлап едим-ғо, түсинбестей нашар ма, берги шетте шығар-аў..." деп, төсегинен жылысып шығып, „өзимниң төсегиме алайын-шы," деген ой бар, көкиреги шапқан аттай дүрсилдеп, ярғанасының басын шайқап оятыў нийети менен пешаханадан қолын созғаны, тәррийген саўсақлары ғаррының жийрен сақал-

ларының арасына сиңип кетти. Сақшының даўысы оятып жиберип, ғаррының да жаңа ғана көзи илинген екен, биреў сақалын жибитип ала жақ шаштәрездей уўқалап атыр:

— Туур-ҳәй кемпир, уры келди! — деген ғаррының тарғылланып шыққан даўысын еситкенин биледи, бир қараса Назарбай өзиниң жалаң аяқ, кийимлерин қушақлап қашып баратырғанын, бир салмалардан диңкдиңк секирип баратырғанын сезди.

Былайлаў шыққаннан соң, питегене дем алып, өзине келди. Кийинип алайын деп қараса сонша жерден қолтықлап қашып жүргени, қайын атасының отын арқалағанда кийетуғын күнлик шапаны, бүрге дағаллап кеткен көйлек-дамбалы! Аяғына қараса, боян шеңге тырнап, қызыл қара қан болып қалыпты. Етиги сонда барып ишин уўдай ашытты.

„Жа-ақ, — деди. — Бул турыста кетиўге болмайды, мениң бир. үйде етигим ҳәйран қалып тур ма, тағы бир қыстан шығаратуғын еди.“ Шапанды, көйлекти кийип алды да дамбалды қолтыққа қысып, таса-таса менен тартып отырды. Күн шыға үйдиң алдындағы бой жүўерилердиң арасына келип, сығалап отырды. Үй иши бағанағы ғаррының қыйғырығынан кейин-ақ оянып, чайсуўын ишип алған болса керек. Көрпе-төсек, пешахана жыйналып тасланыпты. Базардың кийимлерин орастырып, түбине сүзбе қалта керилген геллектиң басына қойғанын да көрип отыр. „Алып қашыўға күтә ғана қолай жерге қойды, ақылы бар-аў өзиниң“ деп ыразы болды жигит ишинен. Буяқтың да бир шундыйы бар екен, диңкилдеп келип, жүрҳа-жүрди салып атыр. Ғаррының үстинде шылт жаңа көйлек-дамбал, ақ бөзден. Енди, кете берейин десе, шапанның иретин таба алмай жүр еди, Назарбайдың шапанының шалғайын көрип қалып, ишиндегилерин орынына қыстырды да жаўырынына тартып алды. „Найсап, пасом болып, көзимди байлаў ушын барын қыстырып келген екен-ә!“ деген ғаррының тоңқылдысына шекем еситип, иши күйип атыр жигиттиң. Келген ғарры да ат үстинен даўыслап:

— Оратуғының колхоз малының бояны, сен бир тойға барамысаң, гөне кийимлериңди кийип шықсаңо! — десе: — Барымыз усы, гөнемиз болмаса не қылайық, — деп, белин буўып, орақты қыстырып кетти ғарры. Изинше кетпенин алып, Базар да бир жақларға кетти.

Азанғы шымшық қорыған балалардың диңгектен турып зыңғытқан кесеклери үстине патыр-патыр төгилип, сәскеге шекем буғып жатты, сәскеде иретин тауып, қолға тийгенин қағы палды да ғаррының дамбалын таслап қашты Назарбай.

Түске шамаласа бергенде, әри аш, әри шөл, бир қаўын аңызлықтың үстинен жолы түсти. Қосқа барса, Назарбайлар емин-еркин кемире беретуғын пәллеге де мейли соқпай, бир ала тана мурынын жыйырып тур. Шамасы, қаўыншы жаңа ғана шықса керек, ешегиниң жаңа тезегине сүйир шыбын да үйелеп үлгермепти. Қостың бир ағашына шаншыўлы турған орақ пенен бир гүрбекти жарып жеп алып еди, қарыны да гүрбектей томпайып сала берди. Гекиринип, ары-бери қарап отырды. Келсе, ой атызы ҳәйран қалып тур ма, бир-еки қаўынды сорап алып, шапанының шалғайына салып арқаламақшы еди. „Бул да колхоздики-ғо, қазнаники урлық болмайды,“ деген Сыдықтың рәўяты ядына түскепи де сол, пошағын аўдарып таслап, ала қапшықты алды да жән-жағына қаранды. Еле адамнан дәрек жоқ. Сары қаўын излеген уры ийттей пәлеклердиң арасын тимискиленип кетти. Қаўын дегенлердиң, сирә, биринен бири зияда, адамның қалай көзи қыйып таслап кетер!... Ала қапшық буўмаға келген ўақытта, тирсеги майысып, таса-таса менен тартып отырды. Батпан жүк бара-бара басып, ҳәр жерде бир дем алып, күн аўа бергенде „Орыс жолға“ желпинип зорға жетти. Күнниң де әри қайта қоймаған, шыжғырып барагыр, қапырық. Бир-екеўин тасламаса болмады. „Таслағанша жеп кетейин“ деп, тағы биреўин жеп алды. Қап питегене жеңилленип, қалған қаўынға қарай-қарай тағы жолға түсти. Өз колхозының шегине келгенде, тағы биреўин таслаўға туўра келди.

Жолдас қараның бағып атырған қаўынының тусына келгенде, басына бир ой келди, әне, усы ойы бәле болды! Қосқа қараса, өзи де, ешеги де жоқ. Күн қызарып батып баратыр еди. „Ендиги жағы жақын“ деп, қалтаның үстин толтырып, мойын тамырлары билеўленип, арба жолға жаңа шыға бергени, алдынан Шундый қақ ете қалды.

Жигит дым билмегендей сәлемлесип, өңменлеп жүре берди, ғарры да атын өкшелестирип киятыр. Назар-

бай дем алса, ол да тоқтайды. „Неғып турсаң, Шундый аға, кете берсең бой ма?!“ десе де кетпейди.

Аўылға дым қараңғы түсип, аспанға жулдызлар бадырайсып шыққан мәҳәлде келди. Енди жигит үйине бурыла бергенде Шундый атын алдына кесе тартты:

— Кеңсеге та-арт! — деп, даўысының брынша бақырып жибергени соншелли, Есиркеп есиктен жуўырып шықты: — Немене, амандық па?!

— Уры тутып киятырман. Қәне, жүремисең, я қамшы жегиң келип тур ма! Қурыдың енди, маңлайы қатсы, өгиз урладың, кеширдик! От урладың, кеширдик, енди колхоздың қаўынын урлап киятырсаң, урлықтың үлкен-кишиси жоқ, ыстатыясы бир, қурыдың маңлайы қатты!...

— Ҳаў, қайын атамнан сорап алып киятырман!

— Өлим, маңлайы қатты, Жаман аўыл қайда, биреў қайда, шуннан бермаған буншелли қаўынды ешек көтерип келе алмайды, ешек! Ким исенеди сениң шу гәпиңе, тарт деймен кеңсеге, барып сөйлесемиз! ...

Есиркептиң де тәўеллеси тыңланбады. Шаўқымға аўылдың еки батрак сақшысы келип қалды. Куниниң қурығанын сонда-ақ билип еди Назарбай. Батракқа Шундыйдың айтқаны-буйрық. Шотанларды таңландырып, Назарбайды қаўын-паўыны менен дырылдатып сүйреп барды да Мәдиярдың жайына қамап, гилтин Шотанның қолына берди. „Жеп қояды“ деп, қаўынды ҳәйўанға шығартып, есикке қайтадан қулып урғызып атырғанда Шотан Мәдияр мәселеси қарала жағын, баласының излеп, бир емес, бир нешше мәртебе келип-кеткенин еситиўи мәтдал, атқа қамшыны басты Шундыйың ердиң үстинде шуқшыйып...

Есиктен кире берип, шетинен қол алыспақ болған Шундыйды:

— Отыра бериң, Қудайберген аға, жыйналыс деғенге ўақтында келиў керек, — деп иркип таслады. Қудайберген де қырсық, айтқанын қылмай, бәриниң қолынан алып шықты да Сайымбеттиң: — Сөйтип, жолдасла-ар, — деп, былай созып атырған қолын қысып болып отырды. Бул, Шундыйдың өзинен басқа он екинши қол алысқан большевиги еди, буны Сайымбеттиң қатесин шығарыў ушын санады Шундый. Жақ, қате емес екен, жигирма бир ағзадан он үши қатынасса болды, аша бериўге болады. Бул, еле, аша бериў жағын ойластырып жүрсе,

Сайымбет жуўмақлаў сөз сөйлеп атырған екен:—Шығып сөйлеген жолдаслар да тастыйықлады, Аллаяр улының бул иси большевиклик ғой, большевиклик, адамгершиликке де жатпайды. Сен өзиң, ыслыўшай, Мәдияр, қызыл отрядта болғансаң, неге билмейсең, ақыры! Қолға түскен жарадар баспашыны да госпитальда емлеп, соң судқа береди, судтың ҳүкими болмай, биреўдиң бир шаппат урыўға ҳақысы жоқ. Әне, бизиң нызамның нағыз адамгершиликке сүйенген жағы, қайда сениң әскерликге тәртипти үйренгениң! Буны ҳәзир контралар пайдаланып жүрипти: „Толыбайды баслық батрағына сабатып, көзин қорқытып киргизипти!" деп сандалап отыр Кегейлиниң аржағындағы Бекполаттың тойында биреўлер. Бунның қорқынышлы жағы со-ол, сояқларын есапқа алып, айта жағым, берилсин қатты сөгис! Райкомнан усыны тастыйық етиў соралсын! Даўысқа қояман, басқа усыныс жо-оқ, „мақул" дегенлер қол көтерсин,—қәлеминиң ушын шошаңлатып шығып:—бул да жүз пырасент. А-ал, Дәўеке, пыртаколын тезлет. Райкомға жөнетейик, Обкомның секретары келейин деп атыр районға. Саған партиялық тапсырма, питкер де районға жөне,—деп, жыйналысты жаўып таслады.

Адамлар да дағысты. Лийкин, таңның қалған жағында да Сайымбат қарсы есик тықылдаған сайын жуўырып:

— Жыйналысқа ўақтында келиў керек, қашшан тарқағаны, о-о, аман бол!—деп, жаўып келсе, тағы биреў тақылдатып, есик пенен төсеги арасында мәкидей қатынаў менен шықты...

## 41

...Райкомға САКУды питкерген бир жаңа хызыметкер келген екен:

— Кимнен алдық деймиз енди буны?—деди протоколды есаптан өткерип атырып.—„Жақсылық" колхозы сол екинши аўылда ғой...

— Мен соның муғаллими, Дәўлетназар Ерназаров боламан, бизден алғаныңызды жазасыздағы.

— Ҳаў,—деди таңланып.—„Дәўеке муғаллим" деген сиз бе?!

— Журт солай дейди ғой, енди...

— Сизге апарып бер деп, „Жақсылықтан" Гүлайша деген қыз хат берип жиберип еди, Ташкенттен...

— Не дейсиз? — Дәўеке өз қулағына өзи исенбеди. Хызыметкердиң бунның таңланғаны менен иси болмады. Бир папкаларды аўдарып, үш мүйешли хатты усынды да телефонға жуўырып кетти. „Алло, алло!“ деп атырып: „Сизиң менен ис питти, кете бериң!“ деген ишаратты билдирди. Дәўекениң жүреги лүпилдеп, атланып кетти. Хатты да ашпады. Бул кәрада ашса, биреў қолынан тартып алатуғындай, Шымбайдан шыққанша зордан шыдап, бир байтеректиң түбине келип, аттан түспестен хатты ашты. Жигит оқытқан қызының дизилген маржандай дүзиў ҳәриплерин таныды: „Ташкенттен сәлем! — деп, астын сызыпты қыз. — Мен билемен, Дәўеке аға, сизлерди қатты қапа қылып кеттим. Соннан соңғы болған ислердиң бәрин соң Жақан әжеағамнан еситтим. Бизлерди Толыбай атам „шашыңды кеседи, арақ ишкизеди“ деп қорқытып, биреўдиң үйине қашырып еди. Ол бир түнегеннен соң, Қоңырат саҳраларындағы Шалтай хан дегенге жоллапты. Зордан таўып келдик. Келип билсем, бул нағыз баспашылар екен. Елибайға мылтық берип, нөкерликке алды. Бизге көшке ертип, аўхат писиртип қойды. Бир күнлери, әжағам келип, жолым болып қалды. Апамның аманлығын билип, пай, қуўандым-аў, бирақ оның, Тасманлайдын үйинде қалғаны еле қаўетерлендиреди мени. Берекет табың, қудайым, апамның бир иләжын ислесин деп жазып отырман буны! Болмаса, әжағам да, Қоңыраттағылар да: „ҳеш жаққа хат жазбайсаң“ деп еди, Шымбайдың мынаў бир жигити САКУды питкерип, кетейин деп атырған екен. Жазбай шыдай алмадым, оны, апамды айтамандағы, тезлеў алмасаңыз, шатақ болады. Толыбай дегениң нағыз барып турған душпан екен! Әжағам бизлерге келип қосылған күниақ: „урыс болса, Елибайды атып өлтиремен, қызылларға қашамыз, аяғыңды шыйрақ бас, бурынғыдай соқырлықты қой“ ... деп ескертти. Демниң арасында буншелли батыр, ақыллы, жол тапқыш бола қалғанына әдеп исенбедим. Бир күни, М..... батыр дегенниң басшылығы менен Қоңыратқа жақын бир аўыл таланатуғын болды. Он бестей жигит бар еди, ишинде Жақан да, Елибай да бар. Қасымда күйеў болмаға жетпегир, Елибай, әжағам болған соң ба, М..... батыр мени ханнан аспазлыққа сорап алды. Кеттик Қоңыратқа жақынлай бергенде сәрдары М..... көлдиң ара-

сындағы қопада адамлардың күни менен уйқылап алыўы кереклигин айтып, маған ет писириўди тапсырды да өзлери „көлге ат жуўамыз“, десип кетти. Бир ўақытлары қарасам, М.... менен әжағам жаў-жарақларын қундақларына байлап, нөкерлердиң қоллары артына байланған, бәрин жалаңаш айдап киятыр, тек дамбаллары ғана бар. Жүрегим суў ете қалды!... „Күйеўиңди атып тасладым, Гүлайша, саған керек емес, ондай бай!“ деп, бақырып жылап жиберди әжағам. Неге жылағанына дым түсинбедим, өзим де жыладым. Күпә-күндиз-ақ Қоныратқа әкелип, нөкерлерди қаматып таслады. М.... өзимиздиң адам екен, сонда билип жүрмен-аў! Ендиги мәселе — мениң мәселем еди, ГПУ дағылардың биреўи: „Қоныратта оқый берсин,“ деп еди, баслығы: „Қоңыратта да, Төрткүлде де булардың қуйрығы көп,“ деп, Хийўаға жиберейин деп атыр еди. Тап, усы ўақытта Қоңыраттан Ташкентке оқыўға қыз соралып, жеткере алмай атырған екен. Меннен сорап, дағы етип атпады, әжағам қашшан ГПУ дың пормасын кийип алыпты.

— Үстирттеги басбашылардың арасындағыдан жаман болмайды. Бара бер, ГПУ жақында мени де „Ташкентке милийсалық оқыўға жиберемиз“ деп қалды. Федотов сол ўәдесинде турса, әлбетте, апамды алып бараман,—дегенде қуўанғанымнан жылап жибериппен, муғаллим, нашар дегенниң қашан көрсең де жүрегинде муң, көзинде жас турады ғой, мениики жетим болып, женшилип өскенлигимнен шығар десем, басқалар да сондай қусайды. Оны жағыста хошласарда билдим.

Шаржаўдан бержағына отарбаға миндик, дәслепки көргендеги таңланғанларымды айтпайсаң ба, ҳәзир қулағымыз үйренисип кетти. Қадыраға тырамбайға минип, күнде қатынап турғаннан соң, айырпаланға да таңланғанды қойып кеттик бул күнде. Аман болып, елге қайтсақ, бир қызық етип айтып беремен.

Буердегилер маған оқытып, жаздырып көрип: „келип атырған қызлардың ҳеш қайсысынан саўатсыз емес, турмыстан тәжирийбеси де көп екен, бирден РабФакқа бара берсин,“ деди. Аз ғана ўақыттын ишинде, әлипбесиз, дағысыз, усындай саўат бере алғаныңызға ҳәйранман, муғаллим. Мен саўатсыз шығарман десем, пәренжени жана таслап, аўылларынан қашып келген өзбек, тәжик қызларының ишинде меннен де

саўатсызлары көп екен. Биз, мың айтсақ та пәренже дегенди биринши мәртебе, Шаржаўдан өткеннен соң көрип жүрмиз. Буяқтың қызларының өтмиши бизикинен де қараңғы болып өткен екен, муғаллим. Не деген менен, көзимиз ашылып киятыр. Аўылды, қатар-қурбыларымды, көзли ғана ғәрип анамды ойлайман, „жүрген жери атыспа, муздай қарыў қўрсанып қалып еди, әжағам аманбекен!“ деп қорқаман. Түнлерде түслеримде ақша булытлардың үстинде жеңил пәрўаз бенен аўылға ушып баратырып, „жеткенше қуламағайман-дә!“ деп, қорқып ояна беремен. Неге жорырымды билмеймен, муғаллим.

Әжағам хат жазғанымды еситсе қатты қапа болатуғын, олардың исине кесенти тийетўғын шығар. „Ҳүкүўмет большевиклерге өз жалаўын исенип тапсырып қойыпты ғой, мен неге аўылдағы большевик устазыма хат жоллаў ушын САКУ ды питкерген саўатлы большевикке исенип, бир жапырақ қағаз бере алмайды екенмен,“ деген ой менен усы хатты жазыўға тәўекел еттим. Сырларымды, ҳәзирше, „қупыя“ деп еди ғой, ҳеш кимге билдирмейсиз. Бизиң де бир ашықтан-ашық хат жазысатуғын күнимиз келер, досларға сәлемди сол хатларымда айтарман. Хәзирше, өтинишим, бизиң апама көз-қулақ болып турың. Әжеағамды да ақыллаңдырың, ол қан қызба болған ба, билмеймен. Көрингенге алып топыла беретуғын әдетти шығарыпты.

Хош, саў болың, муғаллим, бахытлы болың, аманлық пенен дийдар көрискеймиз, оқыўшы қарынласың Гүлайша. Ташкент. 1929-сәне, 11-август. Еле оқыў басланған жоқ, сонда да күнде таярлықтан өткерип, оқытып атыр. Мыжып, көп жазып жибердим-аў, әпиў етерсиз“.

Өз көзине исенбей, қайта-қайта оқыды да хатты партбилетиниң арасына салып, атын қамшылады. Хат урлық заттай, сирә ҳеш жерге сыяр емес. Жол-жөнекей Сайымбетке соғып, айтқанының болғаны:

— Мәдиярды натуўры жазалаппыз, жолдас Айымбетов!

— Сөйдеди ме, райондағылар, о неге, болмаса...

— „О негесин“ жақында көресиз, тезирек Жақанның кемпирин Толыбайдикинен алыў керек...

— О неге! Айтса, түсиндирип?!

— Айтыўға болмайды, шүў!...

## 42

...Алламурат шағалдың хатланып, малы-мүлки „Жаңа талап“ қа өткенин еситкели Толыбай „тезирек жоғалсақ болар еди“, деп, еки күннен бери түни менен уйқыламай сытыр етсе есикке қарайды. Бул, келетуғын Избасқан жоқ. „Таярланып отыра бер, бүгин болмағаны менен ертең Әметти алдымызға салып, колхозының атызларын ғарқәлләзий етип, ауылға от берип кетемиз. Үш-төрт жигит пенен келемен, олар сизлердей сууатақлар емес. Адымына адам алып, ислам ушын жанын пидә еткенлер!“ деп кеткенине де еки күн, ол еле жоқ.

Ел де жатпаған еди, қәпелимде аспаннан түскендей болып, Жақан кирип келди, асығыс, сәлем-әлеми де асығыс.

— Қоңыраттан келип едим. Балаңыз сәлем айтып атыр...

— Сәламат болсын, шырағым, — деди Толыбай елжиреп:—А-ал, ояқта ислер қалай?!...

— Қалайын билмеймен, бир-еки урысқа қатынасып қайттым өзим...

— Ким менен?

— Ким менен болатуғын еди! Балшойлар менендағы. Ал, енди, „дуппа-дуурры өзиме кел“ дегенге барып едим. Изекең сизге жумсады. Жау-жарақлық бир жумысыңыз шығып қалғанға усайма-ау. „Соны тез питкер де қайт, жарақты өзи береди“, деди бизге. Жумысыңызды тез айтпасаңыз, ол киси асығып отыр, „диз бүк те орынлауға кирис“ деп еди маған, бармасам, билесиз-ғо, оның минезиниң қандай екенин!...

— Ҳа-ҳа, билемен, билемен,—деди Толыбай артына айнала берип. — Мына мылтықты асынып ал. Қатарды байла белиңе,—деп аңқылдап атыр „үш-төрт жигитиниң бири усы екен-ау“ деген ой менен. — „Қызылға кетемиз, егинлерди сууға берип, ауылларды өртеп кетемиз“, дегени қашшан! Еки күннен бери күтемен...

— Күтсеңиз келдик ғой, Қызылда не қылады екенбиз, бала,—деди мылтық пенен қатарды қақшып алып атырып.—Өзиңиз не менен атасыз?

— Мениң мылтығым сандықта, ҳәзир аламан. Ал, енди, саған түсиндирип айта жағым, Мәдиярды өзиме аттырасаң. Онда Көлибайдың қаны бар, оны өлтирген

басбашы емес, Мәдияр! Алды менен усы атаңа мың нәлет жаўғардың көзин жой деп жиберсем, өзи жойылып, өлиги келди қарағымның! ...

— Мейли, ким атқанда не, онда Қызылға кетеди екенбиз ғой? ..

— Ҳа-а, бес-алты күн машқы етип, Тахтаны, Шымбайды алыўымыз керек. Ҳаялларға билдирмей-ақ қояйық. Жылап-сықлап, журтқа билдирип қояр. Бул исте тигислигиңди билдирсең, кеттиң биле бер, журт билсе, дәрриў алдын алады. Ал, отыра тур, мен де жарағымды алайын,—деп, гүбирленип сөйлеўи менен сандықтың үстиндеги жүкти зыңғытып атыр еди!

— Артыңа бир қарап жибер, яшуллы. — деген Жақанның даўысы шықты. Қараса, жаңағы Жақан емес, басқа Жақан. Үстиндеги шекпенди, басындағы қатынлардикиндей етип, бүркенген шымшық көз орамалды сыпырып таслаған. Омыраўлары аршынланған қайыс, белинде „баўыр", жылтыр қаснақлы, бес жулдызлы шәпек. Тап Федотовтың өзи болыпты да қалыпты. Жаңа киргенде-ақ: „бул неге орамал бүркенип жүр, журтқа таныльмаў ушын сөйткен-аў, садалықтан айрылайын деген екен" деп ойлап еди, енди геллеси ҳеш нәрсени ойлаўдан да қалып қойғандай, наганның гөзеўли турған үңгысына ҳүрейленип қарады да тарса қаттып қалды. Жақан тилге келди:

— Сен мени жылатып көрдиң, яшуллы. Мен жаңа келиўден қамаққа алыўым мүмкин еди, бирақ, сениң де бир жылағаныңды көрейин дедим...

— Сениң усы айнып турғаның ырас болса, өлсем де жыламайман ғо, атаңа мың нәлет жаўғыр! — Усы мапазада Толыбайға кимниң де болса киргени, ең болмаса, Жақанның кеўилин бөлип, есикке бир қаратқаны керек еди, үстине жолбарыстай атыла жақ. Әттен, қудай да қырсық, сорағанда тилегиңди бере бермейди Анаў жайдағы қатыны да сирә бир басын суқпай атыр.

— Жылатпак түўе, ҳәзир еңиретип беремен сени! Гүлайша Ташкентте оқып атыр, балаңды мына наган менен өзим атып, өлигин көлге зыңғытып кеттим. Және бир адым атласаң, о дүнья деген бар болса, балаңа қосыласаң...

— Жыламайман дедим, әкеңниң аўызын... жыламайман! ...

Есик бет дүсирлесип, Қунназар, соң, Сайымбет кирди. Киргенлер кирген жеринде үрпейисип қалды. Мәдияр көрген менен Жақанды мына формада басқалар көрмеген еди. Мәдиярдың: „Толыбайдикине бара бериң, бир қызықтың үстинен шығасыз“, дегени усы екендағы! Сайымбет Дәўекениң: „Мәдиярды натуўры жазалаппыз“ дегенин де енди түсинип:

— Неғып турыппыз, байлайық-дә буны, — дей бергенде ишке кирген Айханның да аўызы ашылып қалды. Толыбай, „муңласым“ деди ме, Айханды көриўден, қара басының қәўипин де умытып аш бүйирин таянып, саз даўысқа ўай-ўайды салып жиберди. Жақанды көрип, бир нәрседен сезикленген ҳаял, келә байын жулқылады:

— Қара бассыңа болғырр, не бәлә болды, айт деймен, айт!...

— Баламызды мына қутырған ийт, атып келипти-ии, ўай-ўай...

Ҳаял ҳәммениң бетине аңырайып, бирим-бирим үңилип шықтыдағы кела Жақанға бой тасламақшы еди, белинен услап, Сайымбет сыртқа зыңғытып жиберди. Жақанның тасырлы шыққан жаққа жалт қарағаны да сол, бүкленген нәҳән пәр дастық келип созыўлы қолына дүрс етти де пәт пенен наган көшип, ҳәстедеги шыраның шийшесин шылпәрше қылды ҳәм тас қараңғысы шыққан үйдиң ишинде уллы бығырлы бирден басланып, биреў биреўге жабысты, кимниң ким екенин билетуғын ҳеш ким жоқ. Биреўдиң жудырығы Қунназар ақсақалдың шөгирмесин ушырып жиберди. Соның арасынша „ҳәй, қайдасыз! Мынаў тасмаңлайы менен таслап, өлтиретуғын болдығо!“ деген Сайымбеттин даўысы ышқынып шықты: „Келиң, мен устап турман, мине, мунда!“ дегенше болмады, изинше: „Қашты-қашты!“ деген сести шықты, оған қосыла тәмбиниң тақырлап басыылғаны еситилди. Қапталдағы жайдан шығып атырған ашшы даўысынан, анасының Айханнан таяқ жеп атырғанын билди Жақан. Қапыны екеўлеп, үшеўлеп тепкилеўге қарады. Байлық дәўлет пенен мұқыятланып исленген қараман қапы мыық етер емес!... Айнаның алдынан лап етип, жалын шықты, қашшаннан таярланып жүрген Толыбайға бир даңғыр лампамайдың, шырпысы менен қаерде турғаны яд болып қалғанлығы соншелли, қараңғыда қармаланып-ақ таба ала-

туғын еди... Отты берди де атты мине шапты. Лийкин, узаққа бармады. Артынан мылтық па, наган ба, атылып, аттың омақазан атқанын, өзиниң аттың мойынынан озып баратырғанын билди. Көзин ашса Мәдияр геўдесине наганын тақап, гөжек тутқандай бығырлатып басып турған екен. Кудайберген шундый менен Әметтиң Сайыпназар сарысы арқан әкелип, қолын тырыстырып байлады да: „мынаны гүзет, ата!“ деп буйырды Сайыпназар Әметке. Әмет, албырап, үйине зытты, дирр-дирр етеди, ендиги нәўбет өзине қарап қалғандай ..

Көп көпшилигин етип, кими топырақ шашып, кими суў серпип, өртти де өширди, Бийбайшаны да арашалап алды. Соның арасынша ҳаўлығысып, тапсырмаға муўапық, Жақаннан бир мезгил кейин Шымбайдан шыққан финагент пенен милиционер де жетип келди.

Айхан көйлегин парр-парр айырып, путына шаппатлап, қып-қызыл жинли болып шыға келди. „Бунысының жинли болғаны ырас, баяғысиники нағайбыл еди,“ деп атыр адамлар енди жүдә билгишсинип...

Батрачком Ақтөре усыншама кешиккени ушын Сайымбеттен кейиснаманы еситип болғаннан соң ақсақал, Сайымбет, милиционер, финагент, хатланғанның малы-мүлкин колхозына алыўға талабан баслық Мәдияр менен бесеў болып, Қанлы жағысқа тартып отырды.

Ат туяғы сембей-ақ ишке ирген Жақан бағанағы мылтықты қатары менен Алламберген шундыйға қолтықлатып, Сайыпназар сарыға „сандықты буз“ деп буйырды. Еки омырма қоша, төрт қатар оқ, сабындай етип қуйылған алты бөлек корғасын, бир шекийне қалта пытыраны сандықтан шығарып атырған Сайыпназар:

— Ба-ай,—деди өзинен өзи таңланып.—Булар жаў-жарақ арсеналын байытып атырған екен-дә!

— Сен арсеналды қаяқтан билесең, слушай!—Сайыпназар жуўап бермей, Алламбергенге қарады да:—Сандықтағынын болғаны,—деди, ҳарам нәрсе услағандай қолларын қағып-қағып. Жанағы сораўына жуўап бермегени ушын, Жақан тана көзленип бир қарады да:

— Алып шық бәрин!—деп буйырды.—Мылтықты ийиниңе асынып ал.

Ўақыт, аўхат деген менен есапласылмады. Демниң арасында арба қосылып, көкирегине пытара менен

қорғасын. Толыбай жайластырылды. Комсомолға кирмеге талабан болғаннан соң, өзин көрсетпеге жүдә ғана қуштар болып турған Рәмет,—Әметтиң үлкен баласы, алтақтаға минди. Жас көкирек-дағы, душпанды услағанның бири өзи екенин билдирип бармақшы ГПУ ға! Жақанда бағанағы сораўының жуўапсыз қалған дығы еле бар, „буған бир ким екенимди көрсетейинши“ деди ме, ийниндеги мылтықты берип атырған Сайыпназарға:

— Бул жерде мен команда беремен, мениң менен жүресең! — деп буйырды. Сайыпназар да ғырыс өжет екен, жигиттиң жети жинин тырыстырып күлгени менен турмай: „Мен сениң командаңа бағынбайман!“ дей бергени, жағасына шарппа жабысып, былай қарап сүйресе, сол сүйреген жағына Жақанның өзин сүйреп ентелетти Сайыпназар: „мениң өзимниң миссиям бар,— деп сыбырлады жағаласып турып Жақанның қулағына: — Әй, бир ладан екенсең! Федотовқа айтып бар, бизики өз аяғынан барады, әлбетте, олжасы менен...“

— Әкел мылтықты, әй, өзин қорқақ екенсең! — деп жулып алып, арашалаўға келген Алламбергенге услатты да Сайыпназардың көкирегине түйип жиберди: — Жүр, Алламберген, екеўимиз-ақ кетемиз! Ким биледи, жолда шериклери бар ма!...

Арба жөнеп кеткеннен соң, „мени көрип, Толыбай айбарақлап, бир нәрсе деп жүре ме!“ деген ой менен бағанағыдан сыртқа шықпастан ең төрги жайында бир қысым болып отырған Әметке келди де Сайыпназар сарсылды:

— Сизди де усындай етип, я услап кетедидағы, я буның шериклери өлтирип кетеди, сырын айтқан шығар сизге, ақыры! Енди өлтирмесе болмайды, қамалғаныңыз жан сақлаўыңызға жақсы болатуғын еди...

— Не деп былшылдап турсаң өзиң! — деп Әмет айға шапшыды.

— Мен билмеймен, перзентлик парызымды өтедим, енди қайтып ескертпеймен. Сиз ҳүкүўметке душпан емессиз, бир, дүньяқумар адамсыз, Назарбай да бир, сиз де бир, сизге ҳеш нәрсе қылмайды... Алдыңызда үш жол бар, биринщиси, ҳүкиметке өзиңиз барып жарыласыз, екиншиси, жаңағыдай етип әкетсе, жазаңыз аўыр болады, үшиншиси, Толыбай менен Избасқанның шериклериниң өлтириўине қайыл боласыз, ўәссалам,

мен тек сизди биреў өлтирип кетпесин деп қараўыллап жүрмен, сиз жаңағы үш жолдын биреўин таңлаған күни өз алдыма темир дүкан ашып аламан, ўәссалам,— деди де қапыны сарта жаўып кетти...

## 43

...Ҳаялын үш-төрт күнликте жөнетип, үйине бүгин. қараңғыны түсире берип келген Избасқан Әмет пенен Толыбайды алып, егинлерди суўға берип кетиў ушын сақшылардың уйқылаўын, қораздың екинши шақырымын күтип жатырған еди. Көзи илинип кеткен екен, жақынлап келип қалған ат дүбири оятып жиберди. Алты атар қонышта, кийимшең жатырған орынынан түргелип отырды. Сирә албыраў, дағы етиў деген жоқ! Дәрўаза қағылғанда емин-еркин орынынан турып, шыраны жақты да қостаңлап барып, „кимсең" деп те сорамады, тақырлатып дәрўазаны ашты.

Негедур, Жақанға Толыбайды күни бурын қуралсызландырып, қалай болса солай қамай бериў, ал, буны хатлап қамаў тапсырылған еди. Соған муўапық, ҳәмме ис заң менен барып, ҳеш ким зорлыққа жол қоймады.

— Ҳаў, Кунназар аға... Сайымбет аға, сиз де бармедиңиз, ба-а, Мәдияр да келипти,—деп, жүдә алпайымлық пенен күтип алды Избасқан, үйге де өзи баслап кирди:

— Келиниңиз төркинине кетип еди. Қунназар аға,— деп, төрге көрпешелерди де өзи төсестирди.—А-ал, Қунназар аға, әдеп, сизден болсын...

— Жа-ақ, биз қайтамыз иним...

— Сонда да қайтасыз. Ел жаңарған менен, журт жаңарған менен, қарақалпақтың дәстүри еле өзиники. Келген қонақтан, қонақ асысын бермей турып, жол сораў уят болады. Есигине еңкейип кирдиңиз бе, қарекеңниң қонағысыз ..

— Биз қонақ емеспиз,—деп Сайымбет төрлеп кетти.—Келин, Қунназар аға. Бул кисиниң узақ сөйлейтуғын түри бар екен.

— Биз жумыс пенен жүрмиз,—деди Қунназардан соң төрлеп атырған Мәдияр.—Мына жерге шөге қойың, Ақгөре аға?

— Сиз неге төрлемей турсыз?—деди милиционерге.

— Бизин орынымыз усы жер. Домзак ашылғалы биз есикте турып үйренген адамбыз. Сиз төрлей бериң, финагент! Төрлең де жумысқа өтиң, ўарра-ўарраның кереги жоқ...

Өз мақсетине өзи тереӊ исенген, „мусылманлар мәмилекети, улуўма, түркий тиллес халықлар ханлығын дүзиў" ҳаққындағы ойы тисинен тырнағына шекем зәҳәрлеп кеткен бул адам қорқыў-үркиўинди сирә билмейтуғын, қорқақты жети жининен бетер жек көретуғын, лийкин, душпаны болса да батырдың батырлығын қатты сыйлайтуғын, нағыз жүрек жутқан жалмаўыз еди. Ол ҳәзир Толыбайдың усы ўақытқа шекемги сылқымлығына, қарамағанда Толыбайдай сууўатақлардың көплигине ишинен күйинип турғаны менен, қандай жағдайда да күлип сөйлей алатуғын әдетине гөре:

— Финагент инимиз басласа, жылымыз бузаўбас екен, онда,—деп күлди де отыра қалып, ошақтың қапталындағы жас жыңғыларды „барш-барш" сындырып ошаққа тыға берди. „Усы отырған алтаўына оғым жетеди-ғо," деген қыял да сарқылған жулдыздай гелледен ағып барып сөнди. Жөн-жосақты Қунназар ақсақал қәдимги қарақалпақшылығы менен түсиндире баслап еди:

— Несине сыйпалай бересиз, Қунназар аға! — деп қайтырып таслады Сайымбет:—Айтсаң-ә, буны, жүреги жарылса да хатлаймыз!

— Жүрек жарылмайды, Саеке, — Избасқан үплеп атырған шоғынан бас көтерип сурланды: — Ҳүкимет ғарғаса, малын алады. Қудай ғарғаса, жанын алады. Несине оның жүреги жарылады, бирақ, бес күнлик дүнья бул, адам адамға мийман. Ҳәммеңиз де бир елдиң ағасы болған жигитлерсиз. Қатты барған жерине әсте де жетер едидағы адам, ал, баслай бер, финагент иним, — деди, „бул сандалай береди" деген кейипти Сайымбетке көрсетип болып.—Бирақ, бир түсинбей отырған жерим бар, Қунназар аға? Мениң малы-мүлкимди хатлағанда усы Кеңестиң пайдасына бере ме? Я басқа ҳүкиметке тапсыра ма?

— Кеңестиң ишинде басқа ҳүкүўметиңиз болса, айтың, соған-ақ тапсырайық, — деди Сайымбет сазырайып:—Баланың гәпиндей!

— Сиз өйтип ҳәкисленбең, Саеке. Мен жорға сорап отырман. Ҳүкүўмет керек болса, малың түўе,

жанынды алады. Тапқанымды алса, Кеңес алады екен, оның несине мен қыйналаман! Сиз Шымбай сорамы түўе, аты қарақалпақтан ҳүкүўметтиң зәкүни шықпастан бурын дийхан, батракларға мал-ҳалын, жер-суўын үлестирип берген меннен басқа бир байды билезиз бе! „Жасанған жаўдан қайтпаған жүрегим бир түйир майдан қайта ма“ деген. Сонша үйир-үйир малды өз қолынан берген адам, мынаў гөне кесекти қызғанады деп отырсыз ба, Саеке?! — Избасқанның бул айтып отырғаны ырас еди, бунын өйткенин ҳәмме биледи. Хатланыўға қарар шығарарда гедейлер топарының гейпараларының қарсы болып жүргени де, ГПУ дың „хатлаў жолы менен қамаң“ дегени де нәрсе жаман ат тағылмағанның салдары. — Үйимди қарап та көрерсизлер, әшипкели зат шықса оны айтарсызлар,— деп сөзин даўам етти Избасқан: — Қалған жыйған-тергенимниң бәрин ҳәзир де буўыстырып-түйистирип, өз қолым менен алдыларыңызға қояйын Бир чай ишип алың, көрпе-төсекти оннан соң-ақ буўыстырармыз...

— Жақ, биз чайды ишип шықтық. Баслаң, финагент!

— Гедейлер топары сизди кулак деп таўып, хатлаўға қарар еткен, — деди азанлы берли бөксесинде салпылдап жүрген сумкасын алдына айналдырып әкелип финагент. Избаскан, қысық көзлерин жылтыратып, финагентке: „тыңлаўға қуштарман“ деген ырай билдирди. Финагент сумкасын ашып, қағазын алдына жайды да сөзин даўам етти:—Биз бул жерге сизиң барыжоғыңызды бас салып, алайын деп келгенимиз жоқ. Салынған салықты төлесеңиз бар мүлкиңиз өзиңиздики. Төлей алмаған жағдайда малы-мүлкиңиз ҳүкүўмет есабы менен қазнаға өтеди...

— Билемиз ғой, — деди Избасқан сөзди бөлип, түринде нәрсе қыйналғанлықтың, я қорқыныштың әламаты жоқ:—Баяғы үлкен байларды кәмпис еткенде көргенбиз. А-ал, сала бериң, салығыңызды, шамаға қарай көрермиз.

— Әлбетте,—деди де қағаздағыны биримлеп оқыўға киристи:

— Сегиз батпан гүнжи...

— Қырман алынғаннан соң болынбаса, айтпақшы, мениң жәрим жо-ғаў, дақылым да жоқ...

— Жети батпан сары май, он бес батпан шигитли пахта, Шымбай батпанынан он батбан гөш ..

— Әне, буныңыз табылады, ат беремиз, қөрада өгиз де тур...
— Он еки батпан жоңырышқа туқым...
— Сирә, ауыл менен жыйнағанда табылар ма екен!
— Мың мәйек...
— Әстаўпыралла, буны жаздырғанның мийи бармекен?!
— Сегиз батпан жүн, түйениң жүни! — Избасқан кенк-кенк күлди. Финагент итибар бермей оқып атыр: — Алпыс батпан бийдай, бес мың манат ақша, ақ пулдың есабы менен. Сегиз батпан гүриш...
— Қарап жибер-ши, ғошшым, бул да қырмызы салыдан шығар, — деп ызғарлы күлди Избасқан. Сайымбет шырт ете қалды: „маймыл ойнап атыр ма, неге күлесең, тиси ууылған көкжал! Неге ақшыясаң маған, қайрама тисиңди, өтпейди-и! Тиси ууылған көкжалдың таўшан алғанын көргенимиз жоқ, ҳә!... Күлесең-ә“
— Мен ғой, сыпайышылықты бузбай-ақ қояйын деп едим. Сиз ғой, буқурақым айтып қалдыңыз, бирақ бул гәпләрдиң сизиң менен бизиң арамызға түкке кереги жоқ еди, — деди Избасқан сынын бузбастан: — Бирақ, сизиң көзиңиз сол тиси ууылған көкжалдың бир-еки таўшаныңызды шайнамай-ақ „ғылық“ еттирип жута алмайтуғынына жетпейди, ҳаўўа, Саеке, жетпейди көзиңиз!
— Әлбетте, жетеди! — деп шулғынды Саекең. — Жан ҳәўлетинде қақпанда қаңсылаған қасқырды көк жал деп отырған мениң есим жоқ. Оннан көпектиң қаншығы да абзал, қойсаңә Избасқан!
— Енди биз коймай қайтемиз, қоямызз, — деди „з“ ны тисиниң арасынан ызылдатып. — Көп ийттиң ортасына түскен бир ийт қуйрығын путына қыспай ма!
— Өйтип, адамды ийтке теңемең!
— Әдеп өзимди теңеп алып атырман ғой, оған сиз неге шәртимекленесиз, қалаберди, әдеп ҳәйўанға теңеген өзиңиз. Гәптен утылғанын билип, ўәжге туратуғын заман өтти, солай екен, билгениңизди қыла бериң, финагент ғошшым... — Финагент билегине қарап: „Ҳәзир саат үш, — деди. — Белгилеп қоямыз. Салық салынып болынды. Мине, орынлаў қағазымыз, мүддети жигирма төрт саат, әне, яшуллы...“ Избасқан қағазды ықтыятлылық пенен бүклеп салып атырып; шыны менен — ақ билгиси келди ме:

— Ол мәўлетте төлей алмасақ-ше! — деп сорады. Финагент түсиндирди:

— Онда шатақ. төлем еселене береди. Малы-мүлкиңиздиң бәри хатланып, арзан баҳа менен қазынаға алынадыдағы, базарға шығарылып, „ким зият“ қа торгланып сатылады. Әне, хатлаў дегенимиз сол...

— Онда усы көринип турғанын хатлай бериң, шамамызды бир көрейик. Нақ пул жоқ. Мал дегеннен, айттым ғой, „бәрин үлестирдик“ деп. Егер хатланатуғынымды билгенде, сөйтермедим! Соларды дийханнан қайтып алып бер десеңиз, онда жете-ер, аз үлестирилген жоқ, айта берсин...

— Олар тийисли ҳақын алған ғой, барыңызды айтың, яшулы?

— Өзимниң минип жүрген атым, сейисханада тур. Өгизим де сыңар. Арбаның көлиги жоқ. Әлбетте, гүнде-мойынтырық табылады, бары усы.

— Толыс таманда Ҳайтмуратқа бақтырып қойған бир сүриў қой-ше, соны умыттыңыз-ғо, Избасқан, жаз соны! — Бармағын созды Сайымбет Избасқан: „түргелте салып, бойларын көрсембекен“, деген қыял менен барлық ғәҳәр-ғәзебин Сайымбеттен алғысы келгендей жылан көзленип бир қарап еди, Мәдиярдың көзине буннан онлаған жыл арыдағы Тазғарада өзине ғәҳәрленип қамшы тартқан, тап усындай жылан көзли, қызыл шәпек кийген қотыр нөкер келип кеплене қойды... „Әй, яқ, ол емес шығар, ол болғанда усы күнге шекем танымай...“

„Язылдыңыз, мозготресение деген яман. Буннан булай памятыңыз яман ишләй, нийшево, бул не беда...“ деген татар врачтын, госпитальдағыдай-аў тап, сести қулағында қайта жаңғырды. „Ыраспекен, ырасақ умытшақ, шаймий болғаным ба!...“ Бетиндеги тыртығы тырысып баратырғандай сыйпап:

— Қойып турың-шы, бир нәрсе сорайын сизден? — деди, сөйлейин деп атырғанда нәзерин өзине аўдарып: — Мына тыртықты таныйтуғын шығарсыз, Тазғара қырғынның ўағында қайда едиңиз?!

— Үйде, қайда болайын, үйде. — деди Избасқан күлип. — Қарақум ҳәзиреттиң шыбығын жеп-жеп, үйге қашып келип жатыр едим. Егер дорақ болмаса, усы аўылдың қәлеген дийханы айтып береди. Сиз, Саеке,

сөйтип, бизиң бир сүриў қойды ҳәм көрген екенсиздә!—деп, гәпти басқа жаққа бүрып баратыр еди:

— Жолдас милиционер, хатлаўдың кереги жоқ, услай берсеңиз болады, мен бул кисини таныдым, айыбын өзим қойып беремен мойнына! — деп еди, биреў биреўге қарасты. Избасқан таңланды:

— Бир ақсақаллықта жасап, неге танымайды екенсиз! Меннен тыртығыңызды неге сорағаныңызға ҳәйранман?

— Буны жақсы билесиз өзиңиз. Бул, сизди тутып беретуғын биринши гүўа. Көрип турсыз ғой, ҳәр шеңки жара тыртықсыз питпейди екен. Тыртық болса да бул жазылды-ы, лийкин, жүрек жарасын қайтесиз, ол ең болмаса, тыртық болып та жазылмады ғой! Жолдас милиционер, — деди буны қоя берип, милиционерге: — Ақырғы мәртебе ескертемен, ҳәзир байламасаңыз, наганымда еки оғым бар, атаман да алдыңызға өзим түсемен! Буның Тазғарада неше адамды атқанына шекем енди есиме түсип атыр. Байлаң деймен!..

— Тоқтап турың! — деди қайымласып киятырған милиционерге қолларын гөлегейлеп. Хәмме орынынан өрре-өрре турысып, ортада дөңгелектиң ортасындағы бир ноқаттай кишерейип, Избасқанның жалғыз өзи отырды —Мени байлаўдың кәжети жоқ, пәкизе, алдыңызға түсе беремен. Бира-ақ, Мәдияр,—деди бармағын шошайтып:—Усы жалаң тастыйықланбай қалса геллең менен жуўап бересең! — Енди ол келиў пәттен бәрин атып тасламағанына өкинип, орынынан турды...

Таң қулан ийек болып ағара бергенде, еки қолы артында, бирақ, байланбаған Избасқан қос атлының алдында жортып отырды.

Аўылдан тәўир-ақ шыққаннан соң, милиционер финагентке:

— Со, пияда мыймыңлатып жүремиз бе, артыңа мингизип ал, жолды өндирейик, қылт етсе, өзим наганды жаланашлап ерип киятырман ғой, —деген соң, финагент мингестирип алды. Избасқан: „төрели жигитлер екенсизлер ғой,“ деп, марапатын да жеткерип қойды.

Ырасында да жол өнди. „Өтениң соры“ на келгенде қуяш бир шыжғырып берди ме де! Кешеден берги шабыспа, түнимененги уйқысызлық финагент түўе Избасқанды да пәйнекке қашырып-қашырып алады. Ар-

тына қараса, милиционер де қалғып киятыр екен: „атып таслаўға болады-аў, бирақ!..“ Жан-жаққа қаранып алды да финагентти өзи оятты;

— Ҳәй, милийса иним,—милиционер де селк ете қалды;—Дамбалға жиберейин деп кыятырман. Дәрет сындырайын, сизлер әбден, „өзлери билер“ десем, қалғый қалдыңыз-ғо,—деп, аттан сыпырылып түсти. Милиционердиң де, финагенттиң де өзи оятқанға дым исеними артып кетти. Финагент те: „мен де сөйтейин-ши,“ деп аттан түсти. Милиционер де аяғын зәңгиден шығарып: „Пай, мениң де ядыма салдыңызлар-аў!“ деп, атын жетегине алып, қублаға қарап, арқасын Избасқан жаққа каратып турды Буйымын питкерип:

— Тезлеў айдап отырайық, енди,—деп артына айнала бергени, револьбердиң үңирейген уңғысына, ғазеп пенен шатынаған жылан көзлерге көзи түсти. Финагент ҳеш нәрсени ойлап та үлгерген жоқ, анырайды да қалды. Милиционердиң геллесинен бурын қолы иске түсип, наган қапқа шарп етти. Усы шарпылды менен бир мәўритте „гүрп“ еткен сес ҳәзир ғана мүлгип атырған айдаланы жаңғыртып жиберди. Саўсақлары наган қапқа тийген жеринде сиресип қалғандай болды. Көзинин қыйығын жиберсе, көкирегине басқан бармақларының арасынан қап-қара қан қара жыландай жылысып, финагент дүс-төменине қулап баратыр екен. Қула дүзден өлимтик таўып, өзгесин шақырып атырған қузғынның сестиндей ғарқылдап күлгени еситилди душпанының.

– Тарт қолынды наганнан, тарт дейме-ен!—Өлим ойында жоқ. „наганзыз кеңсеге қалай барман!“—Тарт!= деген буйрық тағы еситилди. Изинше „ғарсылды“ тағы бир мәртебе шықты да милиционердиң наган қаптағы қолының тусынан пәтли бир епкин өтип кетти.—Енди қолыңды қамарға апар да наганы менен бери зыңғыт!—Ол жаңа өлимди ҳәм оннан қутылыў жолларын ойлай баслады. Қамарды сәлкемсоқлаў шешип, күтә бир әлпайымлық пенен, созды:

— Мине, керек болса, келип ала қойың, керегиңиз наган ба!—Ойын қараң, баланың ойындай, келсе, қолын артына таўлап жибермекши еди.

Ол үмит те үзилди. Қатты буйрықтан кейин, қамарына, онда салпылдап турған наганына үмитсизлик ҳәм үлкен ҳәсирет пенен қарады да торс еттирип бе-

рилеў таслады. Үмит еле бар еди, қарақшы келип, наганға еңкейгендей болса, үстине қапландай ғарғымақшы. Лийкин, қарақшы наганға қыйсайып та қарамады. Жигит өзин жүзиктен айрылған Сулайман патшадай, әззи сезди.

— Ҳимм, қалай екен азыўы уўылған көкжал? Жута алмаймекен „ғылқ“ еттирип?! Маған сениң түкке керегиң жоқ, кийимлериңди шеш те пияда қайқай! Бол деймен енди, ашыўымды көп келтирсең, айнымағым қыйын емес..

Жан деген татлы. Жигит терис айналып, етигин шешип атырғанда наганға киятырған Избасқанның аяқлары өмир менен өлим арасын адымлап өлшеп киятырғандай туйылды.

Аздан соң тек көйлек, дамбашлаң қалған милиционерлиң қызғыш тартқан аяқлары аппақ кебирге көмилип турды. Еле ҳем үмит үзилген жоқ еди. „Буйтип, тышқан болып тири турғаннан арыслан болып өлген абзал-ғо!“ деген ой жылт етиўи мәттал;

— А-ат, — деп қышқырып жиберди жудырықларын жоқары көтерип.

— Жақ, мен гәпинде турмайтуғын нәмәрт емеспен, турған жериңде отыра қалып, жалынып жыла, жиберемен...

— Анасына артылған ешек! Атамысаң, жоқ па!!— Тислерин ғашырлатып алға жүре берди, биринши оқ! Еле жүрип киятыр. Екинши оқ!. Тентиреклетти. Үшинши оқта шалқасына таслады. Лийкин, жан деген тегинликте қыйыла қоймайды екен ғой! Жақында қосылып, ләплериниң палын да татып жалышытпаған аўылдағы арзыўлысының күлдиргишинде бир тарыдай қал бар еди-аў! Қарагарыдай... Анаў жерден үркип, көкте шырқырап турған жалғыз пошша торғай сол арзыўлысынын қалындай қап-қара болып турды да көзинин алды гиреўленип, кем-кем тумғыйық жутып жибергендей болды торғайды... Мына кең дүньяны кернеген ҳаўа, ешейинде пәтеңге келгиретуғын дүбелей де зымзыя, әтирап демин ишине тартып алғандай, лып еткен бир самал жетиспей атыр, дем жетиспей атыр: “Ҳай...ран дүнияай...“ Аржағына тили гүрмелмей қалды. Жигит симирип тарта алмаған ҳаўасын жулып ала жақтай тислерин сақ-сақ еттирип, аўызын балықтың сағағындай қайта-қайта ашып жума берди, ашып жума берди.

Бул оның усы әлемнен, өзи сонша жыл тырысып-тырмасып, айтысып-шертисип, атысып-шабысып, қызығын енди көрермен деген әлемнен алған ақырғы демлери еди. Саўсақлары әсте-әсте жаздырыла бердидағы, қатты қысылғанлықтан гүртикке айналған кебирдиң ызғар топырағы алақанында қала берди.

Кийимлерди алын атырған Избасқанға жигит тирисиндегиден тәўир-ақ узайып кеткендей көринди. Дуньяның барлық келбетин сиңирип алыўға асыққандай адырая ашылған қумар ала көзлер музлаған булақтай тупжырап, тынып қалыпты...

Бундай атыспадан үрке-үрке ақыры дым үркпейтуғын болып қалған, жал-қуйрығы гүзелген еки ат анадайда ханнан хабарсыз отлап жүр еди. Милиция кийиминде қасына келген жылан көзли қотырды ийесине усатпай жатырқады ма, үркек нәзери менен қыя қарап болып услатты.

Жарақтын биреўи қонышында, биреўи белинде, жетегинде тағы бир арғымақ, изинде бири жалаңаш, бири кийимли, еки өликти қалдырып жортып баратыр сахраның сыртланы...

Күн әдеўир еңкейгенде ГПУдың алдына бир өгиз арба кесе тартылды. Әлле қайдан келип қалған Федотов арбаға жабылған алашаны қамшының ушы менен түре бергени, тамырлары билеўленип кеткен жуп жалаң аяқты, бир жуп етикли аяқты көзи шалғаны да сол, ети бөртип сала берди. Алашаны серпип таслап, жатырғанларға едирейип еңкейди де арбашы ғаррыға: „Қай жерден таптыңыз?!..“ деди, түтигип. „Өтениң сорынан...“

Қас қағымда барлық состав тикештей қақайысты. Қысқа мәсләҳатте барлық „точка“ ларға қыстаўлы хабар жеткериў тапсырылды. Районлардың милиция бөлимлеринен милиция кийиминдегилердиң бәрин, әсиресе, жат жерден келгенлерин пухта тексерип шығыў өтиниш етилди.

Өлиги келгенлердиң қай „точка“ға жиберилгени Федотовқа мәлим. Қашқынды өз ишинен таныйтуғын бирден бир адам-Жақан болғанлықтан, қасына муздай қарыў қурсанған еки хызыметкер қосып, мәжилистен бурын-ақ қашшан атландырған. Федотовтың өзи кеңседен шықпай күтип отыр.

Уақыт өтип атыр. Лийкин, ҳеш жерден дәрек, я ызым-сызым жоқ. Районлардан да: „тексерилди, жат жерден келгенлердиң ишинен ондай документтеги де, ондай сүрейли де милиция нықабындағы адам табылмады“... деген сыяқлы бири бирине жаўын тамшысындай усас хабарлар жаўа берди...

## 44

Хатланғанлардың малы-мулкин сепситпей колхозға алыў ғалмағалы аўыл белсендилерине басқа шаға-шаптың бәрин умыттырып жибере жазлады. Жылдырымдай жылдам жулқынып, тосыннан торс ете қалмаса, қосып қойған жерлериндеги ағайын-туўғанлары хатланғанын еситсе, тамам, жоқ қылып жиберди, оларсызақ хатланғанлардың қай оңғаны бар—уры-ғар, қарақшыбасбашы менен байланыслылар айдатып кетсе де колхоздың тақыр жерди сыйпап қалғаны. Оның үстине, Избасқанның буншелли жаўыз болып шығып, жарыжолдан жырылғаны, таптырмай қойғаны да аўыллардың ғул-ғуласын күшейтип жиберди.

Колхозласатуғын жыйналыстан соң Сапаровтың сурланып: „Айымбетовке ескертилсин, хатлаў ўақтында үлкен ис көрсетилмесе партия оның бунысын кеширмейди“... дегени бар. Не ис болса да талпынып таслап турған Сайымбет: „Тап, өзим ғана барайын, еки бастан таныйман. Ҳайтмуратының қонысын да билемен. Бир, бекиштирип берейин, ҳоо, ойнаған екен...“ деп, Избасқанды таныйтуғын еки батракты жарақландырып кетип еди, кеште ат сабылтып келип, еки алақанын еки жаққа жайды: „Жоқ! Қонысының күлин де дүбелей суўырып кетипти! Сирә, булардан пәнт жей бердикғо, Мәдияр!.“

Адамлар өлегенше басқылады: „Ҳа, бекиштиргениң қәне-е! Пәнт жемегениң қәне-е“... „Әй- сенәм бир, қолыңнан дым келмейди, мәзи жигитлерди сабылтып...“ Гилең усындай әңгиме, „Қолдан келсе, пәнт жемей жақпан-аў, сонда да баплап кете береди! Тап, енди пәнт жесемм...“ деп сөгинип еди, пәнттиң үлкени алдында екен...

Ертеңине сәскеде арқадан ат шаўып киягырған Жақанды көрип Әмет шайтанның сасқалақлағаны соншелли, „үйим“ деп. мектепке қашты.

Дәўеке менен Шундый жай ҳәклеп атырған екен: „ГПУ, ГПУ...“ дан аржағына тили гурмелмеди. „Аманлықпекен!“ Шундый да, Дәўеке де сыртқа жуўыра шықса атын есиктиң алдында тикке шаншылдырып:

— Мәдияр, ҳә, Мөдияр аға, шүйинши!—деп, Жақан бақырып тур. Ай, күниниң питиўине байланыслы Балқуйған жумыстан қалып отыр еди, сол қайықтай аўдаңлап шығып: — Ойбай-аў, айтсаң-шы, амандық па?! — деп атыр.

Толыбай тутылғалы Мәдиярдикинде еди, баласының даўысын таныған Бийбайша да дийўал жағалап шықты.

„Кишем киятыр, кишем!!!“ дегенди еситўи мәтдал, Балқуйған бармақ шошайтылған жаққа аўдаңлап асты да Деўеке менен Шундый келип, жигит пенен амантүўеллик сорасып, атын жайғастырысты.

Жақан бурын қылыш асынбайтуғын еди, мақтаныш бар, қапталына жылыстырыңқырап гардийиңкирейди. „Бир тағып барайын-дә, аға, аўылдың қызлары көрсин,“ деп, Федотовған сорап алып шыққанын жасырғысы келе ме, сорамаса да: „Жигитовкада жүр едик, қасымда кете берипти,..“ деди Дәўекеге.

Балалардың бәри Жақанның, жақ, қылыштың изинде. Мектеп беттен қаңғалап, Әмет те киятыр. Избасқанның тутылмағанын еситип, күнде әжәлди күте-күте сарсылыўдан сарғайып, дизесинде диңке қалмаған, аяғы шалыса береди Оның үстине Жақанның жаў қуўып киятырғандай атты қуйылдырыўы есеңкиретип таслаған. Неге ерип киятырғанын өзи де түсинбейди.

Демниң арасында үйдиң дөгереги абыр жабыр қатынға толып кетти, балалар тайдай шабысып, жүрерге жол бермейди. Тап, баяғы Аллаяр Досназаровтың Шымбайға аэропланлы келгениндей болды да қалды қәпелимде! Ҳаяллар бирим-бирим қушақласып көрисип, гәси күлип, гәси жылап-сықласып атыр. Сирә, баласы Дәниярды бир сүйиўге де пурсат жоқ.

Августың ақырғы күнлери ғой, жумыс сәйге, жүўери, пахта еле писпей атырған мәҳәл аўылда ҳаял-бала-шаға баршылықтағы, еркеклер жоңырышқа, пишен орақта жүр. Қысқы колхоз малларының ғамы-дә. Мәдиярға бир баланы шүйинши соратып жиберип еди, жигит беглигин бузғысы келмеди ме, жуўыра қоймады:

— Кеште бараман, әне, сонда аласаң шүйиншиңди, тәңки мурын, шүиншини сен бер маған, сени оқыта-

тугын муғаллим келипти,—деп қайтарса да иши уллы гүпилди болып, күн батбасган кетги.

Кеште келип те адамлардың көзинше әжик-гүжик болмақ түўе бийгана адамдай тутты өзин:

— Қашып келемен деп един, күнде тәмбини басбай жатаман, қайтпадың-ғо, — деп, күлди де қойды. Қатынлар, тап жаңа қосылгандай „бир басың екеў болыпты, қәдири өткен шығар, енди беккем бол,“ десип атыр.

Айсултан тәўир-ақ өзгерген, басына бир тартар тартып, көкирек бүрме көйлек кийип, пәкизе ғана, порсылдаған, ақ бозлақ, қызға бергисиз келиншек болыпты да қалыпты.

— Ҳәй, кисилер, босатың үйди! Өзлеринизлиң жигитлериңиз оқыўдан келгенде отырарсыз, бул не, үйге сүзе бересиз, түўе!-деп безелекленип жүр бир хаял ойынлы-шынлы:—Бүгин Айсултан бизлердики, көргенбилгенин есите жақпыз, барың Шотаның жайына!

Қатынлар аўхаттан соң да быжылдасып, кеш тарқасты. Қешеги шүйинши сорап барған бала шүйиншиге алған сүўретли китабын қушақлап уйқылап қалған екен Анасы излеп келип, аяғын солтаңлатып көтерип әкетти. Үйде „қутлы болсын“ның бәнеси менен жыйналған аўыл теперишлери ғана қалды.

— Айханда не жазық бар екен, дәрўазаға асқандай,—деди таңланып Сайымбет:—Өзи жинли қатын, „сыр билип, айтып қояды“ деп қорққандай, жинлиниң сөзине сирә ҳүкуўмет исенбейди. Не деп жазыпты дейсең, қайтадан айтшы, Жақан?

— „Ким колхозға кирмесе, тағдиийиры усындай болады. Әллеким Нағайбыл улы Баплағанов“ деп жазыпты..

— Ой, атаңа мың нәлет-оой, ол еле тири екен-аў бир көрсем шайнап таслар едим!—деп қызды Сайымбет.—Қара сен, таўып жүрген жолын, халықты ҳүкуўметке, колхозға қарсы коймақшы ғой, контра деген усы!

— Федотов та соны түсиндирди, „колхозға кирмесек сөйте ме бизде, базар дәрўазасы патша заманында да дарға айналған емес“ деп қышқырып еди биреў, Федотов маған тутгырып әкелди. Қарасақ, бир дийўана! Нашалник сол адамның алақанын, турғанларды биримлеп шақырып: „көриң мына былқылдаған алақанды, буны айтып турған кулак, „Қулактан ҳайўан душ-

панымыз жоқ“ деген бизге Ленин. Бул, жинли ҳаялдың еси дурыс еди, баласы басбашылық етип атылды, қәйниси атылды, байы Толыбай деген тутылып, ҳәзир қамақта жатыр, ол да ҳүкуўметтиң, яғный, пахыр-пухаралар, сизлердиң атайы душпаныңыз болып шықты. Бул ҳаял жаңағы хожалығындағылардың паш болғанына шыдай алмай, жинли болып кеткен еди. Биз буларға исенип, колхозға да алған едик, ал, анаў тахтага жазылып, өлиниң мойынына қыстырылған хатта: „Ким колхозға кирмесе, тағдийиры усындай“ деп жазыпты. Та-ак, сонда колхозға кирген бул ҳаялды ким асқан! Мине,—деди жаңағы адамның қолын көтерип,—усындай колхоздан хатланып қуўылған кулаклар асқан! Биз биреў ушын биреўди жазаламаймыз, байы ушын, баласы ушын бул жуўап бермейтуғын еди. Жолдаслар, мынаў қай жақтан хатланып келгенин хәзир сизлердиң алдыңызда жасырмай айтса, онда кете берсин, егер айтпаса, кеңсеге апарып өзимиз анықлаймыз,“ деп еди, жаңағы киси ҳаўлығып: „Бийбазардан хатландым, несине жасырайын! Бизди кешириң, нашалник? Бул хаялдың кимлигин билмегеннен кейин „кирмесек бизди де асады екен“ деген қорқыныш пенен жаңағы гәп аўыздан шығып кетти,“ деп, қарап тур. „Әне, көрдиңиз-ғо,—деди нашәлник.—Бизиң айтқан өтирикпекен!“ деп еди, „солай шығар-аў, ҳалыққа жер берген ҳүкүўмет, дарханлық берген ҳүкүўмет, бүйтпейди,..“ деп, ғаўқылдасып тарқасты-аў журт. Тас болмаса, бала, сөйтип, көтерилис бола жазлап қалды. Баплағановты услайық десек, түрин көрген ҳеш ким жоқ...

— Мине, кул киси көрге-ен, — деп күлди Сайымбетти көрсетип Мәдияр. Ақсақал бир нәрсе дей жақ еди, „бул да мени силтей жақ“ деп қаўипсинген Сайымбет:

— Сиз көрмеген шығарсыз, жүдә, Қунназар аға,—деди, соң Ақтөреге алып топылды:—Сен неге күлесең, я сен де көрмедең бе!

— Көрдик ғой, Сайымбет жан, қойса, шырағым-аў, мениң айта жағым ол емес еди,—деди Қунназар, соң Жақанға қарап:—Ал, енди, балам, оқыўға кететуғын болсаң, жолың болсын. Биз, ғаррыда буннан артық не сөз болсын, оқыған озар“ дегенди, мине, Айсултан келиннен көрип отырсаң, кеткенде қандай еди, келгенде қандай...

— Түпирип қой әй, Кунназар аға, бул, көзиң тинтинип, келинлерди де жеп баратыр,—деп селк-селк күлди Сайымбет. Айсултан уялып шығып кетти.—Сен, Қунназар аға, пәтиянды бермей тур, мениң еле Жақанлық жумысым бар...

— Мен де соған киятырман ғой, енди, пай, Сайымбет деймен-аў! Сөйтип, Жақан балам, тап усы келгениңнен қалдырмай кемпиринди алып кетпекшимисең...

— Арба ГПУдики, бир күнге ғана, Айсултан кишемниң бәнеси менен сорап алып шықтым.

— Онда, сонша мийнет пенен еккен жазлығыңды мына отырған Қудайберген атаң, пәкизе, қапшықлап, аўыздағы жайына тақлап қойыпты. Ташкентте ғаллә керек болмаса, пул керек болар Сатып кетерсең, „керcharacters жоқ“ депсең бағана Қудайбергенге. Оның балалық болады, қала берди, Қудайбергенниң қалыс хызыметин баҳаламаған, ықласын қайтарған боласаң, алып кет, бул бириншн пәндиў-нәсийҳатым, екинши бир тилегим бар, балам: Толыбайдың қаерге мал қосқаның сенен басқа адам билмейди екен...

— Яқшы, мен таўып беремен, бирақ, мен ГПУдан сорап қайтайын, кешиксем, излейди ғой ..

— Сен олай islеме, арбаны биз бир-еки жигиттен қайтартамыз. Соң сени өзлеримиз, бир күн ерте болмаса, бир күн кеш, арбалы көшире қоямыз, қасыңа кимди аласаң?

— Өзимиз бармыз,—деди Сайымбет.—Басқа адамның кереги жоқ...

Соның менен, Сайымбет екеўи таңнан турып, Кегейлиниң аржағына атлы-жарақлы атланып кеттидағы, ГПУдың арбасын апарып таслаўға Сайыпназар сары жүдә ыштақ болып шығып, сол кетти, Жақанның өзиниң көрсеткени де сол бала еди.

Олар Кегейлиден ат жүздирип өтип, „Жаңа базар“ ақсақалын, партячейкасын таўып алды да олар арқалы Айханның ағасы Оразымбет мурттан сегиз бас өгиз, Бекполат дегеннен алты жылқы, бузаўы өзине тенелип қалған еки басбақлы сыйырды тил хат пенен алып шықты. Ал басқа бир Дәўлетмурат, Мәтмурат деген дайыларына қосып қойғанын Тасмаңлайдың өзи бир жылдан бери базар сайын Кегейли базарына салып, сатып қуртқанын еситип қайтты.

„Жаңа базар“ белсендилери, суў да қайтыў еди, Кегейлиден малларды жүздирип өткизисип: „апарысып қайт“ деп, бир батрағын да қосып жиберип еди, маллардың бас аяғы жыйналып, жолға түспесе де жөнге түсип, былайлаў шыққаннан соң:

— Ал, енди, яшуллылар, бизиң кемпир қатал жатыр еди,батрачком айтқан соң, пәлен дей алмадым, рухсат болса, қайта берсем, башаратпай баратырған дымы жоқ ғой, — деди. „Бара бер, ғошшым, ендиги жағы жақын ғой, мал табылса, айдап қайта аламыз. Бай-боой, бағана-ақ айта қоймайсаң-аў, бүйтип ҳәлекленгенше. Рахымет, иләйым, сизлер де колхозласып, сизлердиң де колхозыңызға хызымет еткеймиз, Жақан, сен баланы мингестирип, дарғаға шекем апарып сал, өзим ысқыртып айдай турайын...“

Бунын енди, „астыңдағы атты таслап кетесең,“ дегенниң сыпайы түри екенин Жақан да, бала да түсинди. Жаңа жалаңаш аттан сыпырылыўға қолайлап атырғанда:

— Түспей-ақ ғой,—деп даўыслады Жақан. – Өзим жағысқа жеткерип, жетеп қайтаман ғой! „Пай, Саекеңәм сум-аў, бала жағыстан өтпей төтеден жүзетуғын болса, ағы менен жибериў керек, соны билип: „дарғаға жеткерип қайт“ деп, тымсаллап турғанын қара, пай, яман-әй!“ деген хыял басынан кешти де батрак пенен патырақласып өрге қарай шабысып кетти. Жағыс булардың өткен жеринен еки шақырымдай сағалаўда еди.

Ҳеш егеленген жоқ, шаўып барып, шаўып қайтты. Келсе, маллар өз байдалына жайылып жүр. „Сайымбет аға, ҳә Сайымбет аға!“ Тоғайдың жаңғырығынан басқа сес-семер жоқ. Жақан дәрриў есин жыйнап алды да малларды, жылқыларды үйирип, алдына салып тасырақлатыўы менен жан ушыра аўылға қарай қуўалады. Күнниң батыўына тәўир-ақ бар, тек мына тоғайлықтан шықса пахталықтағы колхозшылар алыс емес. Тапсырады да изине шаўады..

* *

Жақанның батракты мингизип кеткени де сол, малдың артқы егегин жаңа жыйып, алдына қараса, сирә буны ийтшелли көрип атырған түри жоқ, биреў зоңқ етип шығып атын тепсинип, алдыңғы жылқылардан

бесеўни бөлип алып кете жақ болып атыр. Сайымбеттиң даўысы шаңқ ете қалды:

— Ҳәй, кимсең өзиң!

— Ҳә, нее, танымай турсаң ба, Баплағановпан! — деп, масқаралап күлди де жылықларды да таслай берип өзин тоғайлыққа урды атлы.

— Пай, әкенниң-әй, меңғо, сени түнлерде шыра жағып излеп жүр едим! — Сайымбет мылтығын алғанша болмады, атлыны тоғай тасалады. Соннан урып отырды атқа қамшыны. Алдындағы аттың изи гә тоғайлыққа, гә аланлыққа шығып, қыр арқаға тартып баратыр. Бул кәраларда тоғайдың өзи сондай, шоқ-шоқ үй таллар, торaңғыллықлар менен айдын-айдын боз тақырлықлар алмасып атады. Сайымбет те әйнейи тәнтий емес, жипек жоналап, жыланбаслап, аттың әбден сейдинин минетуғын адам. Жақын аланлықта көзге түскен қараның арасы тәўир-ақ қуўырылайын дегенде: „Ҳәй, тоқтап тур, Баплағанов, — деп, негедур, өтиниш етти. Соң: — Сен өйтип, нәмәрт болма, ўәжге турмасаң, атаман!“ деп бақырды. Не деп ўәжлесе жақ, өзи билмегенди биз қайдан билейик! Билетуғыны тек: Баплағановта көринип баратырған мылтық жоқ... Гүрип еткен сес тоғайды жаңғыргты да атының омақазан атып, өзинин „бәлент пәрўаз“ бенен ҳаўада „соқыр теке“ ойнағандай қармаланып баратырғанын биледи..

* * *

... Аўылдын Кегейли тәрпиндеги пахталыққа Шундый менен Жолдас қара, ўақтылары хош, ишлеринен ыңылдасып, кешки салқында суў ашып жүр еди. Қараса бир үйир малды әлле ким туў ана жақтағы тахталыққа тасырақлатып айдай сала Ешкилиге қарай атын қуйылдырып баратыр.

— Мына биреў жинли ме! — деди дым түсинбей Жолдас. — Ғөреклеп турған пахтаға да мал жая ма, қашыўы неси! — Шундый атына жуўырып, бақырды:

— Шуны да түсинбеймекен! Душпан-ғоо, душпааан!..

Еки атлы пахталық арасындағы аяқ салма менен атларын тепсинисип, беллерин шошаңлатысып, бақырысты: „ә-әҳәй-ҳәй-ғәй, гәл-гәл!,..“

* *
*

Тоғайлықтан „зоңқ“ етип шыға сала дуппа-дуўры Кегейлиге тартқан атлыға: „Тоқта-а, атама-ан!“ десе де тыңламаған соң анық душпан екенин билген Жақан қапталында қылышын салпылдатып, аттың жалына еңкейип шаўа бергени, ушы кесик сүмбе батып баратырған қуяшқа жарқ ете қалады. Мылтық көширилди, лийкин, еле оқ жетим жерде емеслигин биле тура атқаны ушын: „ақымақ!“ деп бақырды Жақан. Араны қуўыра берип, енди өзи үсти-үстине көширди. Биринлиси қашқынның шөгирмесин ушырдыдағы,екинши оғының тийген-тиймегенин билмейди, атлы пәт пенен қалыңға урып кетти де паңқ-паңқ етип, еки мәртебе атылған оқтың биреўи Жақанның қулағының тусынан шүйкилдеп өтип кетти. Ол берзенканың оғының шүйкилдисин таныды. „Батырға да жан керек“, енди қуўыў, әжел сыртпағына мойынды усынған менен барабар. Жигит лаппа артына қайтты. „Узақтан уратуғын берзенка турып, неге алыстан атпады екен!“ деп таңланды, ол кесилген сүмбеден атылған оқтың узаққа ушпайтуғынын да, қараўылсыз болғанлықтан, гөзеп дәл тийгизиўдиң қыйын екенин де еситпеген еди. Енди, ол: Сайымбет аға, ҳа-а, Сайымбет аға-а!“ деп, даўсының жеткенинше тоғайды жаңғыртып, доңыз жатақ бар ма, бүк бар ма, тинтиў менен бола берди,,.

* *
*

Қораздың биринши шақырымында келип жатқан баслықты сырттағы тәмбили қапыны мушлап;

— А-аш, Мәдияр, аш!—деген ашшы даўыс оятты. Жигит кийинемен дегенше Сайымбеттиң даўысы айнадан шықты. Усыннан-ақ бир жерде Саекеңниң қарар таппай жүргени мәлим еди.

— Ашаман, ҳәзир, Сайымбет аға, атыңды байлап келе бер!—деп даўыслады баслық Айсултанның паллыйған гөне геўишиниң сирисин жымқыра баса берип. Сайымбеттиң даўысы ашыўлы шықты:

— Атым ҳәйран қалып турған шығар, жүдә! „Атыңды байла“ дейди-аў! Аш тез. Баплағанов тағы баплап кетти!..— Ишкери кириўден: — Мал келди ме, Жақан қайда?! - деп сорады. Ханнан хабарсыз баслық:

— Мен билмейман. Избесқанның малының хабары шығып, кешқурын Толысқа кетип едим, ол да „дейди-дейди“ хабар екен. Бос қайттым. Катыннан сорап көрейик,—десип, екеўи бирден ишкери сүңгиди. Малдың күн батар алдында Шотанның алдына әкелинип, малға қосылғанын жаңа еситип агырғанда, тәмбисиз қалған қапыдан Жақан кирип, бирине бири әжепленип қарасып қалды.

— Кашып кетти,—деди Жақан басын шайқап.—Сиз тири болсаңыз болар...

— Тири қалғаны қурысын, атаңа нәлеттиң Баплағановы тағы баплап, пияда қалдырды-аў...

— Ҳаў, солмеди еле!

—Ҳа, сол болмаса мен бир, жездемди қуўып жүрип пе едим!

— Ҳаў, Саймбет аға, маған неге жекирнесиз, атыңызды мен аттым ба...

— Әй, шырағым-ай, еттиң ашыўын сорпадан алып атырғаны-ғо, ағаңның! Жатың, бир майдан, азанда жолға шығатуғын болсақ,—деди бағанадан берги хабарды ҳаўлығып тыңлап, Жақанның сести енди еситилмегенде зарлана жазлайын деп жатырған Бийбайша;

Ҳәммеси тарпа-тарпа тасласып еди, соннан силеси қатып қалған екен. Мезгилдиң қай ўақыт екенин билмейди, „ойбай!!“,. деген бийжағдай, бәд даўыстан жуўырыса-жуўырыса есиктен шықса ҳайўанда Балқуйған талып қалыпты. Айсултан бетине суў бүркип, бүлип атыр. „Неўе, неўе!“ дегенге ҳаял тек есикти көрсете береди, тил жоқ.

Еркеклер сыртқа жуўырысты. Мәдиярдың аты менен желке қасысып қара қанға жуўылған бир ат турыпты. Үстинде береў қулашын жайып, шалқасына таслап атыр. Сайымбеттиң саясатты сайрағыш тилин, тутлықпа тутып қалды:

— Бббаплағанов!...—деди бармағын шошайтып.—Баплағановғо!...

Сыртқа шыққан Айсултан да ишке кирип, көкирегине түпирди де „балалар оянып, шығып жүрер-аў, жүреклери жарылды-ғо!“ деп, қоллары қалтырап, тәмбини басыў менен бола берди.

Адамлар жыйналды. Баплағаовтың шапанының ишинен асылып, аттың бир жағындағы салқылдап атырған шолақ сүмбели берзенкадан бурын, ерге өзин шылбыр

менен шандып таслаған өлини жаздырып алды. Шеп ыйықтан тийген оқ арқадан онша из қалдырмаптыдағы, палўан сүйекти сындырып, алдыңғы жақтан жудырық сыйғандай жерди ойып кетипти. Тамырын услап көрген Шундый: „жақында өлипти, қансырап өлген болыўы итимал, ети жаңа суўып баратыр“, деди.

Азан менен Жаққанның ийге тартарлары буўылып, түйилип, бийдай-сыйдайы, бәри, бир арба болдыдағы, екинши арбаға Баплағановтың өлиги тийелди. Тийесиўге гейбиреў қорқып, гей биреў: „түсимизге енер“ десип, бетлерин тасалап жүрсе де Жақанның арбасын ГПУға тапсырып таңда келген Сайыпназар ҳеш нәрседен қорқпайтуғын, бурынан соң қушақлап, өли жуўып жүрген адамдай бир дәўжүрек болып шықты. Бул баланың кимлиги ҳаққында анаў сапары Федоговқа сәлемнамасын тапсырғанда начальниктиң жадырап сала бергенинен бир нәрселерди абайлаған Жақан:

— Хызмет болмаса, бизди бир көширисип қайтсаң, жора,—деп еди, бала Әметке қарады да: „Жақ, болмайды, жумыс көп“ деп устаханасына кетпек болды. Ҳаяллар: „Ҳәй, анаў бир нәрсеңниң өлигин арман алып кет, бизлер Бийбайша менен хошласып қала жақпыз. Мынаў турған Шымбайға қыймай жүрсек, бул, Ташкенттиң атын айтып отыр ғой, шырағым-аў, қайтып көремиз бе, жоқ па“ десип, өли тийелген арбаны Шундыйдан қулағырға жететип жиберди де бирим-бирим хошласа баслады.

Түринде нәрсе қан қалмаған Әмет шайтан, еки баласы еки қапталында, өзинен-өзи ҳаўлығып, албырап келди де журттың көзинше: „Мынаған бек бол. Жақан балам,—деди даўысы дирледеп.—Жойтып қойсаң, алдырып қойсаң саған бердим. Жуўабын өзиң бересең,“ деп, бир қобдыйды услатты да өзи өли тийелген арбаға қарап маңғурланып жүре берди. Балалары да әкесинин изинен қулақтай қыстырылып жүрипти. Жақан салмақлап көрсе, қаралтымы чай қутыдан сәл үлкен болғаны менен оғыры салмақлы бир бәле! Сайымбет мойынын созып: „Әшипкили зат болып жүрмесин, Әметке өли шырай урып кетипти-ғо, үйинде қатыны зарланып отыр дейди, ашып көрсеңә, бала, бир бәле табарсаң!“ деп еди, ҳәмме бирден ғаўырласып сала берди. „Көзинше, ашайық“, деп, тамашаға қарап жүрген Назарбайға ымлаўы мәтдал, колхоздан үмидиўар қатынек баслықтың ийеги

көтерилиўден зытты-аў Әметтин изинен! Шайтанның қарасы көриниўден Сайымбет:

— Бул не жора, берип атырғаның!—деп мойынын созды. Әмет сазырайып:— Бул, алтын, — деди. — Усы ушын Кеңес те мени аңлыйды. Кеңес емеслер де мени аңлыйды. „Алтын үйден жан татлы“, Саеке-е, мениң басыма түскен сениң басына түспесин! Анаў арбадағы созылып атырған жүўернемек, көрген бәлем емес. еки күнликте „алтынды бер“ деп, жанымды алқымға таяп кетти,—деп атыр еди, Сайымбет, қәдимги, пысықлығына салып, салмақлап көрди де:

— Сонда неге өзиң бере салып қашып баратырсаң?! „Узатылайын деп атырғанда қасы күйди“ болмасын, бала Ташкентке кете жақ,—деди, соң гүмансырап қарап, тағы салмақлады:—Бул, бир, зилдей бәле ғой, бомбы болмасын, Жақан, неғып алтынды береди...— Сайымбет гәпиниң артын айта алмай қалды. Әмет жулып алып, қобдыйшаны жоқары кетергени, „бомба“ деген санасына сиңип қалған екен, „қашың, ҳәй, қашың, мынаў бомба таслайын деп атыр“ деп, алды менен өзи, соң басқалар тымтырақай серпилисти. Әмет тартып урып:

— Әне, бомба болса жарыла қойсын!—деди де, „көзиме күйик болмасын“ деди ме, қалгырап бир қапталға кетти. Қайтып, айланбады.

Шашылып кеткен алтын әребек, сырғалар, асықтай-асықтай сом алтынлар қуяшқа шағылысып, журттың көзин қамасгырар еди. Әмет ушын Назарбай еңкилдеп жылап жибере жазлады. Устахана беттен жуўырып келген Сайыпназар: „Сиз, ата, неге өйтесиз, бергиңиз келеди екен, неге өз қолыңыздан апарып тапсырмайсыз!“ деп жекиринди де лал болып қалған аламанға игибар берместен қақпағы ашылып кеткен қобдыйшаға шашылып атырған тиллә теңгелерди, зер буйымларды шөплестирип сала баслады. Бир бәлеси жуғып қалатуғындай, ҳеш ким териспеди де. Тек Назарбай, журт серпилсе де дәрпенбей, бир орында силейип турады да қояды. Сайыпназар қонышына шаппатлап:

— Көтериң, Назарбай аға, табаныңыздың астында асықтай алтын жатыр!—десе де тырп етпейди. Келип, Мдияр кели қойғандай қушақлап алып, мына жаққа диңк еттирип қойып еди, сол қойған жеринде де былай-былай қарамастан, жансыз бир мүсиндей тура бе-

реди, былай апарып көширип қойса, оерде де сондай. Адамлардың ишек-силеси қатып, күлип атыр. Сайыпназар алтынлы қобдыйшаны Әметтиң қолына услатты да: „Өз қолыңыздан тапсырың, ата, сиз жақсы адамсыз, өзим кепил боламан,“ деди ҳәм негедур, бетинен сүйип-сүйип алды да Жақанға: „Жағдай өзгерип қалды, жолдас Мамутов, бизиң миссия питти, мен де бараман. Енди... үш-төрт мылтық керек, Мәдияр аға, бул алтынның аңлыўшысы көп. Жолда басып алып қалмасын. Әне, трактор дейсиз, районға трактор болып келетуғын усы алтынлар, Сайымбет аға, вот, та-ак!“ деп, орысшалап та жиберди. Бир нарсеге түсинген Мәдияр жигитлерди жарақландырыўға киристидағы, Сайымбет мына сары балаға еле ҳайран.

Әллен ўақыттан соң Әметке бир мылтық берип еди, ол услап көриўге қорқып, кейин қарап қашты. „Буяққа бер,“ деди Дәўеке. Устаның еки баласы еки мылтықты алып еди, оның да береўин „мен ҳәм бараман, сизлер ата алмайсыз,“ деп, Шундый алып қойды.

Мәдиярдың наганын есапламағанда, аўылдағының өзи усы еки мылтық, Баплағановтың шонтық берзенкасы еди. Жақан, Сайыпназар, еки баласы Рәмет пенен Сәдет, Әмет, Қудайберген шундый менен алтаў, алты адамға төрт жарақ, „болады, болады,“ десип, еки арба изли изинен жолға түскенде арбада хақы кетип баратырғандай, негедур, Назарбай да жуўыра жазлап, өзин зорға басып қалды...

— Әне е, Назарбай,—деди Қурбан уста.—Уста халқы мәрт келеди. Журт арша толы алтынын орталыққа урып атыр, сен сыңар огизинди сүйреп жүре бер,—дей бергени, иштен ҳаял даўысы еситилип, „толғатты, толғатты, Балқуйған толғатты!“ деп, кейўанылар өзлерин ишкери урысты. Айсултанға: „киндигин кеспей турсыншы, Жақанға кестиремен!“ деп, Мәдияр бир атты жалаңаш мине шапты. Арбаның қарасы еле көринип баратыр еди. Изинен шаўып киятырған Мәдиярды көрип, арбадағылар жылаўды тартысты. Ал, Жақан болса, қапталында қылышын салтылдатып, оған қарсы шапты. „Не болды, ҳа, не болды?!“ деп, танаўын шедирейиткен жигитке „изимнен шап!“ деп қыйғырды да Мәдияр аўылға қуйынлатты.

Булар аттан түсе бергенде жуўырып шыққан Айсултан „жүре қойың!“ деп, асығыс даўыслады.

— Кәне, қылышты суўыр, Жақан! — деп буйырды Мәдияр. — Бөбектиң киндигин кесип қайтасаң! — Жақанның аңырайғанына қаратпай үш-төрт қатын арқасынан ийтерип, ентелетип әкетти.

„Ул туўды, ул туўды! .“ деген, ҳаяллардың жабырлысы еситилип атты. Жақан қылышын қынабына тығып киятырып:

— Пай, аға деймен-аў, — деди нарыйза кейип пенен. — Адамды қатынлардың да исине араластыра бересең...

— Бул, иним, колхозымыз қуралғалы бери колхозымызда туўылған дәслепки перзент! — деди қуўанып Мәдияр. Сайымбет: — Сен жүдә бир журттың ҳаялының етегин аңлып жүрген шығарсаң, — деп күлди.

— Жақ, усы биринши бала, Сайымбет аға, „қайсы қатын бурын туўар екен,“ деп, сер салып жүргеним ырас. Неге күле бересиз, шынымды айтып турман!

— Атын Алтынбай қойсаңыз болады екен...

— Жа-ақ, Жақан иним, аты — Жақсылық. Колхоздың да киндиги жат жамайлар менен қырқыста кесилип атыр, қыз туўылса, „Жақсыбийке болар“ деп жүр едим. Жақсылық болып турса, алтын табылады. Неге қылыш пенен кестиргениме, енди түсингендурсаң, бар, жолың болсын, арбадағыларға айта бар, жолың болсын, азаматым, оқы, өс, өркенле, „Жақсылықта“ табыса бергеймиз!...

## 45

.. Арадан айлар атлады, бири қуўанышлы, бири ҳәсиретли, бири сәәтсиз, бирине бири сирә усамайтуғын өмир күнлери бөбеклердиң жаслығын жақынлатса, егеделерди жаслықтан алыслатып, өз ғалмағалы, өз машғаласы менен көзди ашып жумғанша қыстың да өтип кеткени-ә, өтпейтуғындай болып атыр еди!...

Октябрьдиң орталарында ен алдыңғы арбаға: „Гектарына 10 центнер ақ алтын ушын, алға!“ деген сүренди керип, қуўанышқа шыдамаған Шундый арбаның алтахтасында:

„Атызымыз тахта-тахта,
Тергенимиз мелле пахта,
Колхоз болдық биз бул жақта
Қуп әжеп жайларым мениң!...“

— деген жаңа талқыйынын айтып, соңғы арбадағы Назарбайдың мәширең көзлери күлип: „Ойды-ың, Шундый аға!“ деп, жортаға марапатлап, „Жақсылық“ тың туңғыш зүрәҳәтинен „Педоттын пөнкитине“ жаңалық „таттырып“ қайтпады ма! Сонда булар арқаға сап тартса, ақ қуўлар тодасы қублаға сыңсысып сапар тартып еди-аў! Енди қараң, қайтып киятыр айдынлы көллерине, өскен мәканына қайтып қиятыр, жарқылық... Наўрызлық гөжениң ишилгени қашшан, булар жаңа қайтып киятыр, атлас қанатының екпинине егис мапазын ертип киятыр!..

Ақсақал, Сайымбет, Мәдияр, Ақтөрелер ме! Халқабадта МТС ашыла жақ. Таннан турып, соның салтанатына сазланып кетискен. Дәўеке қала ма!

Колхозшылардың көбиси қазыўдан қайтпай атыр. Ҳаяллар шийбаўырсақларын кеше кеште писирип қойған. 1-Майды түсингени де, түсинбегени де бар. Базардан мал келсе қарақалпақ: „ҳеш қашан маңлайың қара болмасын, ундай ақ болсын!...“ деп, ун жағады. Өзи „тоқта!“ дегенди де еситпейтуғын темир болса, елге келген бул мықлы көликтин маңлайына қалай ун жағасаң! Қатынлар шашыў шаша жақ алыстан! „Қәдемиңе берекет жаўсын, басыңа бахыт шашыў болып шашыла берсин!“ деген тилегин жаңа түскен келиншектиң үстине шашыў етип шашып жүрген қатынлар, тап усы бүгин де жулқынып турып шаша жақ, тилге түсинбей басқандай болса шаша жақ та қаша жақ, найсаплар!..

Аўыл адамларын ғалаба жолға шығарыў үлкен Шундыйға тапсырылған, „өмиримде тапсырылған биринши жеңил исим, усы! Жолға шығарма десе қыйын болар еди,“ деп күлип жүр. Кишкене Шундый ма, Алламберген дей бер, ол Исимет жорасың Ҳәмиўден күтип алыў ушын кеше-ақ кеткен. Әне, Айсултан да балаларын сапқа дизип атыр. Көбиси ақ бөзди қызылға бояп, мойынларына тағып алған...

Қәпелимде, Мәдияр, Сайымбетлер келип қалды. Халкабадтан шыға шапса керек. атлары ақ көбик. Үй алдыларында атларының танаўларын шедирейтип жар қышқырады: „Еситпедим демең аламан! Тахтакөпир топалаңында жаў қолынан жазым болған жолдас Федотовтың шийрин әрманлары киятыр, тракторы киятыр! Социализм киятыр! Атла-ан, атла-аан!!!...“

Жуўыр-ҳа, жуўыр! Желкилдескен жемеликлер... Қақ айырылысқан ақ сақаллар! Тайдай диңк-диңк шабысқан еркетайлар!... Туў алыстан жер силииндирип киятырған гүрилдиге турған шап, турған шап!.. Ат туяқлары,..

— Қоя тур-шыәй Дәў қурдас!!!—Атын кекшийтип жалт қараса ҳәммениң изинен талпынып атырған Жақсылыққа, темир қайшыға көзи түсти. Балқуйған жалынып атыр:—улыстың улы күни Жақсылық жанның тусаўын кестирейин десем, түк бала қалған жоқ. өзиң-ақ кес-ши, көкеси!—Мәдияр аттан ырғып, тусаўды кести де асығыс ерге қонып, қолын созды:—Әкел бери, келиншек, Жақсылықты журттан бурын өзим жеткиземен социализмге!...

Мықлы қоллар Жақсылықты илип алып, ат туяғы орпанды шашыратты...

— Қырдағы қыз қуўыўда ким жетти маған! Жақсылықтан қалсам, оңбағаным!—Ҳаял сейсханадан бир жайдақ атты шығарды да мине шапты...

Шағал тоғайындағы қалғыған қусларды диң аспанга шарықлатып, доңыз жатақлардағы тоң мойын шошқаларды қашырып, меңиреў әтирапларды силкип оятып дабыл қаққан гүрилди менен аламанның арасы қуўырылды...

— Әне, әне Жақсылық, социализм, анаңқара!!—дейди алдындағы қустай талпынған балаға Мәдияр. Қатарласа келип, Балқуйған таңланды:

—Е-е-е жарайды, жарайды. Тырақтыр дегениң, темир екен, социализм дегениң адамның ой-өриси өркендеп, жумыстың бәрин темирге истететин ағыл-тегил, теңдик заман екен ғой, и-яа, уқтым-уқтым ендеше! Солай-аў, ә, Дәў қурдас?!..

*Биринши китаптың соңы.*

*Нөкис, март 1971, январь 1972, март, 1977-жыллар.*